Alkitab
Bahasa Jawa

Edisi Formal 2006

Perjanjian Baru

Matius

1 [1] Iki sarasilahé Yésus Kristus,
tedhaké Daud, tedhaké Abraham.
[2] Abraham peputra Ishak, Ishak
peputra Yakub, Yakub peputra Yéhuda
sasadhèrèké;
[3] Yéhuda peputra Pèrès lan Zérah,
patutan saka Tamar; Pèrès peputra
Hèzron, Hèzron peputra Ram;
[4] Ram peputra Aminadab, Aminadab
peputra Nahason, Nahason peputra
Salmon;
[5] Salmon peputra Boas patutan saka
Rahab; Boas peputra Obèd patutan saka
Rut; Obèd peputra Isai,
[6] Isai peputra Daud, Daud peputra
Salomo, patutan saka tilas bojoné Uria,
[7] Salomo peputra Réhabéam, Réhabéam
peputra Abia, Abia peputra Asa,
[8] Asa peputra Yosafat, Yosafat peputra
Yoram, Yoram peputra Uzia;
[9] Uzia peputra Yotam, Yotam peputra
Akhas, Akhas peputra Hizkia;
[10] Hizkia peputra Manasyé, Manasyé
peputra Amon, Amon peputra Yosia;

11 Yosia peputra Yékhonya sasadhèrèké,
nalika jaman pambuwangan menyang
Babil.
12 Sawusé jaman pambuwangan
menyang Babil, Yékhonya peputra
Séaltièl, Séaltièl peputra Zèrubabél;
13 Zèrubabél peputra Abihud, Abihud
peputra Élyakim, Élyakim peputra Azor;
14 Azor peputra Zadok, Zadok peputra
Akhim, Akhim peputra Éliud;
15 Éliud peputra Éléazar, Éléazar peputra
Matan, Matan peputra Yakub;
16 Yakub peputra Yusuf bojoné Maria,
kang mbabar Yésus, kang sinebut
Kristus.
17 Dadi gunggungé saka Abraham
tumeka Daud iku ana patbelas turunan,
saka Daud tumeka jaman pambuwangan
menyang Babil ana patbelas turunan
lan saka jaman pambuwangan menyang
Babil tumeka Sang Kristus patbelas
turunan.
18 Anadéné wiyosé Yésus Kristus iku
kalakoné mangkéné: Nalika Maria kang
ibu lagi pacangan karo Yusuf, sadurungé
tunggal sapaturon, tinemu wis ngandheg
marga saka Roh Suci.

19 Sarèhné Yusuf bojoné iku wong
mursid sarta ora gelem mirangaké Maria
ana ing ngarepé wong akèh, mulané
sumedya medhot pacangané kanthi
sesidheman.
20 Nanging bareng lagi duwé gagasan
mangkono iku, tumuli ana malaékating
Pangéran ngatingali sajroning
pangimpèn, dhawuhé, "Hé, Yusuf,
tedhaké Daud, aja sumelang anggonmu
ngepèk Maria dadi bojomu, awit Putra
kang kabobotaké iku marga saka Roh
Suci,
21 sarta Maria bakal mbabar putra
kakung, iku namakna Yésus; awit iya
iku kang bakal ngluwari umaté saka ing
dosané."
22 Iku mau kabèh kelakon supaya
katetepan apa kang kapangandikakaké
déning Pangéran lantaran nabi,
mangkéné,
23 "Lah, sang kenya bakal nggarbini
sarta mbabar putra kakung, kang
asmané bakal sinebut Imanuèl, tegesé:
Allah nunggil kalawan kita."
24 Satanginé turu, Yusuf banjur
ngèstokaké kayadéné kang
kadhawuhaké déning malaékating

Pangéran, lan nampani Maria dadi
bojoné,
25 nanging ora diwori turu, nganti
tumekané wus mbabar putra, kang
banjur dinamakaké Yésus.
2 1 Nalika Yésus wus miyos ana ing
Bètlehèm, wilayah Yudéa, yaiku
nalika jamané Raja Hérodès, lah ana
para pandhita saka Wétan padha teka
ing Yérusalèm
2 lan takon-takon, "Rajanipun tiyang
Yahudi ingkang nembé miyos punika
wonten ing pundi? Margi kula sampun
sami sumerep lintangipun wonten
ing Wétan, déné anggèn kula mriki
punika badhé sami sujud wonten ing
ngarsanipun."
3 Bareng miyarsa kang mangkono iku,
Hérodès banget geteré, mangkono uga
wong sakutha Yérusalèm kabèh.
4 Banjur nimbali sakèhé para
pangareping imam lan para ahli Torèt
bangsa Yahudi, lan padha kadangu ana
ngendi Sang Kristus bakal miyos.
5 Unjuké kang padha kadangu, "Wonten
ing Bètlehèm, wilayah Yudéa, awit
ingkang sampun kaserat déning nabi,
makaten:

[6] Anadéné sira, hé Bètlehèm wilayah
Yéhuda, sira iku babar pisan ora kang
cilik dhéwé ana ing antarané para kang
ngasta papréntahan ing wilayah Yéhuda,
amarga saka sira bakal ana panutan
miyos, kang bakal ngengon umatingsun
Israèl."
[7] Hérodès banjur nimbali para pandhita
mau kanthi sesidheman, padha kadangu
kanthi tlesih bab wektu katoning
lintangé;
[8] nuli padha didhawuhi menyang
Bètlehèm sarta kaweling, "Padha
mangkata, titi-priksanen sing tlesih bab
Sang Timur iku, déné samangsa wus
ketemu, énggal padha ngaturana uninga
marang aku, supaya aku iya bisa mrana
nyembah marang Panjenengané."
[9] Para pandhita sawisé ngrungu
dhawuhé raja iku, banjur padha
mangkat. Lah nalika iku, lintang kang
wis kadeleng ana ing Wétan mau, nuntun
lakuné para pandhita nganti tekan papan
kang katuju, lan banjur mandheg ing
sandhuwuré padunungané Sang Timur.
[10] Bareng weruh lintangé, padha
bungah banget.

11 Banjur padha lumebu ing omah lan
ndeleng Sang Timur karo Maria kang
ibu, nuli padha sujud nyembah marang
Panjenengané. Tumuli padha mbukaki
pethiné raja-brana, Padha nyaosaké
pisungsung marang Panjenengané arupa
mas, menyan lan blendok mur.
12 Sabanjuré, sarèhné padha diélingaké
ing sajroning impèn, supaya aja bali
sowan ing ngarsané Hérodès, mula
mulihé menyang tanahé padha metu
dalan liya.
13 Sapungkuré para pandhita mau
tumuli ana malaékating Pangéran, kang
ngatingali marang Yusuf ing sajroning
impèn lan dhawuh, "Tangia, Sang Timur
lan kang ibu ungsèkna menyang Mesir,
sarta manggona ing kana nganti Ingsun
paring pangandika marang sira. Awit
Hérodès bakal nggolèki Sang Timur lan
arep nyédani Panjenengané."
14 Yusuf tangi lan ing bengi iku uga
nambut Sang Timur dalah kang ibu,
tumuli ngungsi menyang Mesir,
15 lan manggon ing kana nganti
sasédané Hérodès. Mangkono dadiné
katetepan apa kang kapangandikakaké
déning Pangéran, lantaran nabi,

"Saka Mesir anggoningsun nimbali
Putraningsun."
16 Bareng Hérodès pirsa yèn
Panjenengané diapusi, banget dukané,
banjur dhawuh matèni sakèhé bocah
lanang ing Bètlehèm lan sakubengé,
sing umur rong taun sapangisor, manut
wektu kang kadangokaké kanthi tlesih
marang para pandhita.
17 Kang mangkono iku, katetepan
kang kapangandikakaké lantaran nabi
Yérémia,
18 "Ana swara kaprungu ing Rama,
panangis lan pangadhuh kang banget;
Rahèl nangisi anak-anaké lan emoh
kalipur, awit anak-anaké wus padha ora
ana."
19 Bareng Hérodès wis séda, ana
malaékating Pangéran kang ngatingali
marang Yusuf ing sajroning impèn ana
ing Mesir, kang dhawuh,
20 "Tangia, Sang Timur lan kang ibu
gawanen bali menyang Israèl, amarga
sing padha ngarah sédané Sang Timur
wus padha mati."
21 Yusuf banjur tangi, nambut Sang
Putra lan kang ibu tumuli mangkat
menyang Israèl.

22 Ananging bareng krungu pawarta,
yèn Arkhélaus nggentosi kang Rama
Hérodès jumeneng raja ing Yudéa, dadi
sumelang yèn mrana. Éwadéné sarèhné
diparingi pitedah ing sajroning impèn,
banjur ngener menyang wilayah Galiléa.
23 Satekané ing kono, tumuli manggon
ing kutha kang aran Nasarèt. Kang
mangkono iku supaya katetepan apa
kang kapangandikakaké déning para
nabi, yèn Yésus bakal kasebut: Wong
Nasarèt.

3 1 Ing nalika samana Yohanes
Pambaptis rawuh ing pasamunan
wilayah Yudéa, nggelaraké piwulang,
pangandikané,
2 "Padha mratobata, amarga Kratoning
Swarga wis cedhak!"
3 Déné satemené iya panjenengané iku
kang kapangandikakaké déning Nabi
Yésaya, mangkéné, "Ana swara kang
nguwuh-uwuh ana ing pasamunan:
Padha nyawisna margining Pangéran,
lurung-lurung kagem Panjenengané
padha lencengna."
4 Yohanes iku agemané kang kagawé
wulu unta, sarta apaningset walulang;
kang kadhahar walang lan madu alas.

5 Banjur diparani déning wong-wong
saka Yérusalèm, saka Yudéa kabèh lan
saka wilayah sakiwatengené Yordan.
6 Wong-wong mau tumuli padha
dibaptisi déning Yohanes ana ing kali
Yordan, kalawan ngakoni dosané.
7 Nanging bareng panjenengané pirsa
para Farisi lan para Saduki padha
teka nyuwun kabaptis, banjur padha
dipangandikani, mangkéné, "Hé,
tetesaning ula bedhudhak, sapa kang
marahi kowé nyingkiri bebendu kang
bakal teka?
8 Yèn mangkono padha metokna woh
kang sembada marang pamratobat.
9 Lan aja padha duwé pikiran,
mangkéné: Aku rak padha duwé Rama
Abraham. Awit aku pitutur marang kowé,
sanadyan saka watu iki Allah kwaos
mijilaké anak kanggo trahé Abraham.
10 Karodéné wadung wis cumawis
ing poking wit-witan; saben wit kang
ora metokaké woh kang becik, mesthi
kategor lan kacemplungaké ing geni.
11 Aku iki mbaptisi kowé kabèh nganggo
banyu amrih patobatmu, nanging kang
bakal rawuh nungka aku, iku luwih
kwasa katimbang aku lan mbok nyopot

agemé trumpah baé aku ora pantes. Iku
bakal mbaptisi kowé kalawan Roh Suci
lan geni.
12 Panjenengané wis ngasta tampah;
panutoné bakal diresiki nganti tapis
sarta gandumé bakal diklumpukaké
ing lumbung, nanging mrambuté bakal
diobong ing geni kang ora kena sinirep."
13 Nalika samana Yésus saka Galiléa
rawuh ing Yordan murugi Yohanes,
karsané supaya dibaptis.
14 Nanging Yohanes menggak, unjuké,
‘Kawula ingkang prelu Paduka baptis, lah
kok Paduka murugi kawula.’
15 Nanging Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Wis ta, cikbèn saiki
mangkono, amarga iya mangkono iku
patuté Aku lan kowé padha netepi
sakèhé karsané Allah." Yohanes tumuli
sumarah.
16 Sawisé kabaptis, Yésus banjur
mentas saka ing banyu, lah ing kono
langit tumuli piyak lan Panjenengané
pirsa Rohing Allah tumedhak pindha
manuk dara, nedhaki Panjenengané.
17 Banjur ana swara saka swarga,
kang ngandika, "Iki Putraningsun,

kang kinasih, kang ndadèkaké
keparengingsun."

4 [1] Sawusé mangkono Yésus
kapurugaké déning Roh menyang
ara-ara samun supaya kagodha déning
Iblis.
[2] Salebaré siyam patang puluh dina
patang puluh bengi, wekasan kraos
luwé.
[3] Juru panggodha banjur marek
ing ngarsané sarta munjuk marang
Panjenengané, mangkéné, "Manawi
Panjenengan Putranipun Allah,
sumangga séla-séla punika Panjenengan
sabdakaken dados roti."
[4] Nanging Panjenengané paring
wangsulan, pangandikané, "Ana tulisan,
mangkéné: Uripé manungsa iku ora
mung saka roti baé, nanging saka
sakèhing sabda kang miyos saka ing
lésaning Allah."
[5] Iblis tumuli nambut Panjenengané
menyang kutha Suci lan dijumenengaké
ana ing ndhuwur payoné Padaleman
Suci,
[6] banjur munjuk marang Panjenengané,
mangkéné, "Manawi Panjenengan
Putranipun Allah, sumangga kula aturi

anjlog mangandhap, awit wonten seratan
makaten: Pangéran bakal ndhawuhi para
malaékaté tumrap sira, sarta sira bakal
ditadhahi ing tangané, supaya sikilira aja
nganti kesandhung ing watu."
7 Pangandikané Yésus, "Ana manèh
tulisan mangkéné: Sira aja nyoba
Pangéran Allahira."
8 Iblis banjur nambut Panjenengané
manèh munggah ing gunung kang
dhuwur banget lan diaturi mirsani
sakèhé kraton ing donya dalah
kamulyané,
9 nuli munjuk mangkéné, "Punika
sadaya badhé kula aturaken dhateng
Panjenengan, anggeripun Panjenengan
karsa sumungkem sujud dhateng kula."
10 Yésus banjur ngandika, "Wis, lungaa,
sétan! Sabab ana tulisan mangkéné:
Pangéran Allahira kang kudu sira sembah
lan Panjenengané Piyambak kang kudu
sira bektèni."
11 Iblis banjur ninggalaké
Panjenengané; lah ing kono tumuli
ana malaékat-malaékat kang padha
marek lan ngladosi Panjenengané.
12 Nanging bareng Yésus miyarsa
pawarta, yèn Yohanes wis kacepeng,

Panjenengané banjur tindak sumingkir
menyang Galiléa,
13 pindhah saka Nasarèt lan dedalem
ana ing Kapèrnaum, ing sapinggiring
sagara wilayah Zébulon lan Naftali,
14 supaya katetepan apa kang
kapangandikakaké déning Nabi Yésaya,
mangkéné,
15 "Tanah Zébulon lan tanah Naftali,
dalan menyang ing sagara, ing sabrangé
Kali Yordan, Galiléa, panggonané
bangsa-bangsa kang ora wanuh marang
Allah.
16 Bangsa kang manggon ing pepeteng,
iku wis ndeleng Pepadhang kang
gedhé, sarta wong kang padha
manggon ing tanah kang kalimputan ing
wewayanganing pati, iku wis kaplethèkan
Pepadhang."
17 Wiwit nalika iku Yésus nggelaraké
piwulang, pangandikané, "Padha
mratobata, amarga Kratoning Swarga
wis cedhak!"
18 Nalika pinuju tindak ing sapinggiring
Tlaga Galiléa, Panjenengané pirsa wong
loro padha sadulur, yaiku Simon kang
karan Pétrus karo Andréas saduluré, lagi

padha nibakaké jala ing tlaga, amarga
padha dadi juru-amèk-iwak.
[19] Panjenengané banjur ngandika
marang wong loro iku, dhawuhé, "Payo,
padha mèlua Aku, kowé bakal padha
dakdadèkaké juru-amèk-wong."
[20] Sanalika banjur padha ninggal jalané,
ndhèrèkaké Panjenengané.
[21] Sabanjuré nalika tindak saka kono,
Panjenengané pirsa wong loro manèh,
uga padha sadulur, yaiku Yakobus
anaké Zébédéus karo Yohanes saduluré,
ana ing prau lagi ngréwangi Zébédéus
bapakné anggoné nyulami jalané.
Panjenengané banjur nimbali wong loro
iku.
[22] Sanalika padha ninggalaké prauné
lan bapakné, nuli padha ndhèrèkaké
Panjenengané.
[23] Yésus tumuli ndlajahi sawilayah
Galiléa kabèh, memulang ana ing papan-
papan pangibadahé wong kono, sarta
nggelaraké Injiling Kraton, apadéné
marasaké sarupané lelara lan sarupané
memala, kang tinemu ing satengahing
bangsa kono.
[24] Pawarta bab Panjenengané iku banjur
sumebar ing wilayah Siria kabèh; sakèhé

wong kang nandhang lelara banjur
padha digawa menyang ngarsané, kang
rupa-rupa lelarané lan sangsarané, wong
kasurupan, wong ayan lan wong lumpuh,
sarta Panjenengané tumuli marasaké
wong-wong iku.
25 Wong golongan akèh padha
gumrudug ndhèrèkaké Panjenengané,
saka Galiléa, Dékapolis, Yérusalèm,
Yudéa sarta saka sabrangé Yordan.
5 1 Bareng Yésus pirsa wong golongan
iku, banjur minggah ing gunung lan
sawisé lenggah, para sakabaté padha
ngadhep ing ngarsané.
2 Panjenengané tumuli medhar sabda,
paring piwulang, pangandikané,
3 "Rahayu wong kang mlarat ing budi,
awit iku kang padha nduwèni Kratoning
Swarga.
4 Rahayu wong kang prihatin, awit iku
kang bakal padha kalipur.
5 Rahayu wong kang lembah-manah,
awit iku kang bakal padha tampa warisan
bumi.
6 Rahayu wong kang kaluwèn lan ngelak
marang karsané Allah, awit iku kang
bakal padha kawaregan.

7 Rahayu wong kang ambek-welasan,
awit iku bakal padha olèh piwelas.
8 Rahayu wong kang resik atiné, awit
iku bakal padha sumurup marang Allah.
9 Rahayu wong kang dhemen gawé
tentrem, awit iku kang bakal padha
kasebut para putraning Allah.
10 Rahayu wong kang kaaniaya marga
nindakaké karsané Allah, awit iku kang
padha nduwèni Kratoning Swarga.
11 Rahayu kowé, menawa kowé
diwewada lan dianiaya sarta didakwa
nindakaké sarupaning piala kang ora
nyata, marga saka Aku.
12 Padha bungaha lan sukarenaa, sabab
gedhé ganjaranmu ana ing swarga, awit
iya kaya mangkono anggoné wong-wong
padha nganiaya para nabi sadurungé
kowé."
13 "Kowé iku uyahing bumi. Lah yèn
uyah iku ilang asiné, arep diasinaké
nganggo apa? Wus ora ana gunané
manèh kajaba mung dibuwang lan
diidak-idak ing wong.
14 Kowé iku pepadhanging jagat. Kutha
kang ana ing ndhuwur gunung iku ora
kaling-kalingan.

15 Lan manèh wong nyumed lampu iku
ora disèlèhaké ing sangisoré genthong,
nanging ditumpangaké ing cagak-lampu,
temah madhangi kabèh kang ana ing
jero omah iku.
16 Samono uga padhangmu iya sorotna
marang wong, temah padha sumurup
marang panggawému kang becik, banjur
padha ngluhuraké Ramamu kang ana ing
swarga."
17 "Kowé aja padha ngira, yèn Aku
teka supaya mbatalaké Torèt utawa
kitabé para nabi. Tekaku iki ora supaya
mbatalaké, nanging nyampurnakaké.
18 Awit satemené Aku pitutur marang
kowé: Nganti langit lan bumi iki sirna,
dadia aksara kang cilik dhéwé utawa titik
siji baé ora ana kang kabuwang saka ing
Torèt, sadurungé iku kabèh kalakon.
19 Mulané sing sapa mbatalaké salah
siji saka pepakoning angger-angger
iki, sanadyan kang cilik dhéwé, sarta
mulangaké mangkono marang wong, iku
bakal kasebut kang cilik dhéwé ana ing
Kratoning Swarga. Nanging sing sapa
nindakaké lan mulangaké pepakoning
Torèt kabèh, iku bakal kasebut kang
gedhé ana ing Kratoning Swarga.

20 Mulané Aku pitutur marang kowé:
Menawa anggonmu netepi karsané Allah
ora ngungkuli para ngulama lan para
Farisi, kowé mesthi ora bakal lumebu ing
Kratoning Swarga."
21 "Kowé wis padha krungu, yèn wus
kapangandikakaké marang para leluhur:
Sira aja mematèni, sing sapa mematèni
kudu diladèkaké marang pangadilan.
22 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Sing sapa nepsu marang saduluré, kudu
diladèkaké marang pangadilan; sing
sapa ngunèkaké saduluré: Kapir, kudu
diukum déning pangadilan agama, lan
sing sapa ngunèkaké: Murtad, kudu
kacemplungaké ing naraka murub.
23 Mulané menawa kowé lagi lumaku
nggawa pisungsung menyang misbyah,
mangka banjur kèlingan yèn sadulurmu
lagi duwé ganjelan ing atiné tumrap
kowé,
24 pisungsungmu tinggalen ana ing
ngarepé misbyah kono, nuli maranana
sadulurmu mau, rukuna dhisik, sawisé
iku banjur balia, nyaosna pisungsungmu.
25 Endang rukuna karo lawananmu
nalika lagi lumaku bebarengan menyang
pangadilan, supaya kowé aja nganti

diladèkaké déning lawananmu mau
marang jaksa, jaksa banjur masrahaké
kowé marang pambantuné, temahan
kowé dilebokaké ing pakunjaran.
26 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Kowé ora bakal metu saka ing kono,
sadurungé kowé nyaur utangmu nganti
sah."
27 "Kowé wis padha krungu pangandika
mangkéné: Sira aja laku jina!
28 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Sing sapa mandeng wong wadon
kalawan derenging napsu marang
dhèwèké, iku wus laku jina sajroning
atiné.
29 Mulané menawa mripatmu tengen
dadi jalaraning piala, cuplaken banjur
buwangen, amarga luwih becik
kélangan salah siji saka péranganing
badanmu katimbang badanmu sakojur
kacemplungaké ing naraka.
30 Lan manèh menawa tanganmu
tengen dadi jalaraning piala, kethoken
banjur buwangen, amarga luwih
becik kélangan salah siji péranganing
badanmu katimbang badanmu sakojur
kacemplungaké ing naraka.

31 Uga ana pangandika mangkéné: Sing
sapa megat bojoné, kudu mènèhi layang
pegat.
32 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Sing sapa megat bojoné ora jalaran saka
laku jina, iku ndadèkaké bojoné laku jina
lan sing sapa ngalap bojo wong wadon
kang kapegat mau, dadi laku jina."
33 "Kowé wis padha krungu, yèn
para leluhur padha tampa pangandika
mangkéné: Aja nglairaké sumpah palsu,
nanging tetepana sumpahira ana ing
ngarsaning Pangéran.
34 Nanging Aku malah pitutur marang
kowé: Aja supata babar pisan, dadia
demi swarga, awit iku dhamparing Allah,
35 dadia demi bumi, awit iku ancik-
anciking sampéyané, dadia demi
Yérusalèm, awit iku kuthané Nata
Agung.
36 Iya aja supata demi sirahmu,
awit kowé ora bisa mutihaké utawa
ngirengaké rambutmu saeler baé.
37 Yèn iya, kandhaa: Iya, yèn ora,
kandhaa: Ora. Saluwihé saka iku, asalé
saka pangawak dursila."

38 "Kowé wis padha krungu pangandika
mangkéné: Mripat winales mripat, untu
winales untu.
39 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Kowé aja nglawan marang wong kang
gawé piala marang kowé, malah sapa
kang napuk pipimu tengen, pipimu kiwa
ulungna pisan.
40 Lan menawa ana wong kang arep
prakaran karo kowé, sedyané ngepèk
klambimu, jubahmu pasrahna pisan.
41 Apadéné menawa kowé dipeksa dikon
ngiringaké lakuné wong samil, iringna
nganti rong mil.
42 Yèn ana wong njejaluk marang kowé,
wènèhana lan aja nulak wong kang arep
utang marang kowé."
43 "Kowé iya wis padha krungu
pangandika: Sira tresnaa marang
sapepadhanira lan sengita marang
mungsuhira!
44 Nanging aku malah pitutur
marang kowé: Padha tresnaa marang
mungsuhmu; wong kang nganiaya kowé
padha dongakna slamet,
45 sarana mangkono kowé padha dadi
putrané Ramamu kang ana ing swarga,
kang mlethèkaké srengéngé marang

wong ala lan wong becik, sarta nurunaké
udan marang wong kang ambek adil lan
kang ora.
46 Déné menawa kowé tresna marang
wong kang nresnani kowé, iku kowé olèh
pituwas apa? Para juru-mupu-béya rak
ya tumindak mangkono, ta?
47 Lan menawa kowé awèh salam
mung marang sadulur-sadulurmu baé,
kaluwihanmu apa? Wong kang ora
wanuh marang Allah rak ya tumindak
mangkono, ta?
48 Mulané kowé padha sampurnaa, kaya
Ramamu ing swarga iya sampurna."
6 1 "Padha diéling, aja padha nglakoni
kamursidanmu ana ing sangareping
wong, supaya katona ing wong iku, awit
yèn mangkono, kowé ora bakal nampa
ganjaran apa-apa saka Ramamu kang
ana ing swarga.
2 Mulané yèn kowé dedana, aja
kokwara-warakaké kaya adaté para
wong lamis ana ing sinagogé-sinagogé
lan ing lurung-lurung, pamrihé supaya
dialem ing wong. Satemené Aku pitutur
marang kowé, iku wus padha tampa
pituwasé.

3 Nanging menawa kowé dedana,
tanganmu kiwa aja nganti sumurup apa
kang ditindakaké tanganmu tengen.
4 Dadi anggonmu dedana iku aja
nganti katon; Ramamu kang nguningani
tindakmu kang ora katon iku, bakal
paring piwales marang kowé."
5 "Déné menawa kowé padha ndedonga,
aja kaya para wong lamis, amarga
wong iku padha seneng ndedonga
adeg-adegan ana ing papan-papan
pangibadah lan ing pojok-pojoking
lurung, pamrihé supaya katona ing
wong. Satemené Aku pitutur marang
kowé: Wong iku wus padha tampa
pituwasé.
6 Nanging menawa kowé ndedonga,
lumebua ing kamarmu, lawangé inebna,
banjur ndedongaa marang Ramamu
kang ora katon. Déné Ramamu kang
pirsa tindakmu kang ora katon iku bakal
paring piwales marang kowé.
7 Apamanèh, sajroné ndedonga, aja
nganggo tembung akèh-akèh kaya adaté
wong kang ora wanuh marang Allah,
awit iku padha nduwèni pangira, yèn
marga saka akèhing tetembungané,
pandongané bakal katrimah.

8 Dadi aja tiru-tiru wong iku, awit
Ramamu pirsa apa sing kokbutuhaké,
sadurungé kowé matur.
9 Marga saka iku ndedongaa mangkéné:
Dhuh, Rama kawula ingkang wonten
ing swarga, Asma Paduka mugi
kasucèkaken.
10 Kraton Paduka mugi rawuh. Karsa
Paduka mugi kalampahan wonten ing
bumi kadosdéné wonten ing swarga.
11 Kawula mugi kaparingan rejeki
kawula sacekapipun ing dinten punika.
12 Saha Paduka mugi ngaputen
kalepatan kawula, kadosdéné kawula
inggih ngapunteni tetiyang ingkang
kalepatan dhateng kawula.
13 Punapa déné kawula mugi sampun
ngantos katandukaken dhateng
panggodha, nanging mugi sami Paduka
uwalaken saking piawon. [Awitdéné
Paduka ingkang kagungan Kraton
saha wisésa tuwin kamulyan ing
salami-laminipun. Amin.]
14 Sabab, menawa kowé padha ngapura
kaluputaning wong, Ramamu ing swarga
iya bakal ngapura marang kowé.

15 Nanging menawa kowé ora ngapura
marang wong, Ramamu iya bakal ora
ngapura kaluputanmu."
16 "Anadéné menawa kowé padha
pasa, ulatmu aja kokgawé aclum
kaya para wong lamis, awit iku padha
nyengungusaké ulaté, supaya wong-
wong padha weruh yèn lagi pasa.
Satemené Aku pitutur marang kowé: iku
wus padha tampa pituwasé.
17 Nanging kowé menawa pasa, sirahmu
lenganana lan raupa,
18 supaya anggonmu pasa aja ketara
marang wong, ngemungna kauningan
ing Ramamu kang ana ing papan
pasingidan. Ramamu kang pirsa
sajroning pasingidan iku bakal paring
piwales marang kowé."
19 "Aja padha nglumpukaké bandha
ana ing donya; ana ing donya bandha
bakal karusak déning renget lan taiyèng,
apadéné dibabah lan dicolong déning
maling.
20 Nanging padha nglumpukna bandha
ing swarga, ana ing swarga bandha
ora karusak dadia déning renget utawa
déning taiyèng, sarta ora dibabah lan
dicolong déning maling.

21 Amarga ing ngendi dunungé
bandhamu, iya ana ing kono dunungé
atimu.
22 Diyaning badan iku mripat; menawa
mripatmu waras, badanmu sakojur
kapadhangan.
23 Nanging menawa mripatmu cacad,
badanmu dadi peteng kabèh. Dadi
menawa pepadhang kang ana ing kowé
dadi peteng, saiba ta petengé iku."
24 "Ora ana wong kang bisa ngawula
marang bendara loro, awit ora wurung
bendarané kang siji bakal disengiti;
sijiné ditresnani, utawa bakal nengenaké
marang kang siji lan nyepèlèkaké
marang sijiné. Kowé ora bisa ngawula
marang Allah lan marang Mamon.
25 Mulané Aku pitutur marang kowé:
Aja padha sumelang ing bab uripmu,
bab apa kang bakal kokpangan utawa
kokombé, lan bab badanmu, apa kang
bakal kokanggo. Ajiné urip iku apa ora
ngungkuli pangan, lan ajiné badan apa
ora ngungkuli sandhangan?
26 Padha delengen manuk-manuk ing
awang-awang, padha ora nyenyebar lan
ora derep, sarta ora tetandho ana ing
lumbung, éwadéné padha kaparingan

pakan déning Ramamu kang ana ing
swarga. Apa kowé ora kinacèk luwih
banget katimbang karo manuk-manuk
iku?
27 Sapa ta panunggalanmu kang bisa
nyambungi umuré saasta baé marga
saka sumelang?
28 Mangkono manèh yagéné kowé padha
sumelang bab sandhang-panganggo?
Padha nyawanga kembang bakung ing
ara-ara anggoné tumuwuh, ora nganggo
nyambut-gawé lan ngantih.
29 Éwadéné Aku pitutur marang kowé:
Sanadyan Salomo sajroné sagunging
kaluhurané, pangagemané ora madhani
salah sijining kembang iku.
30 Mulané yèn suket ing ara-ara kang
dina iki isih ana, sésuk diobong, iku
dipanganggoni nganti kaya mangkono
déning Allah, saya manèh kowé, hèh,
wong kang cupet ing pangandel!
31 Awit saka iku aja padha sumelang
kanthi calathu: Apa kang padha
dakpangan? Utawa: Apa kang padha
dakombé? Lan manèh: Apa kang padha
daksandhang?
32 Awit iku kabèh diupaya déning
bangsa-bangsa kang ora wanuh marang

Allah; kowé aja mangkono, awit Ramamu
ing swarga wus pirsa, yèn iku mau kabèh
dadi kabutuhanmu.
33 Ananging Kratoning Allah lan apa
kang dadi karsané, iku padha upayanen
dhisik, nuli samubarang iku mau kabèh
bakal kaparingaké marang kowé.
34 Mulané aja padha sumelang ing
bab dina sésuk, amarga dina sésuk
iku kadunungan kasusahan dhéwé.
Kasusahan sadina, wus cukup kanggo
sadina."

7 1 "Aja padha netepaké luputing wong,
supaya kowé aja ditetepaké luputmu.
2 Amarga wewaton kang kokanggo
ngukumi, yaiku kang bakal dianggo
ngukumi kowé. Sarta takeran kang
kokanggo nenaker, yaiku kang bakal
dianggo naker kowé.
3 Kepriyé déné kowé weruh tatal kang
ana ing mripaté sadulurmu, mangka
glondhong kang ana ing mripatmu
dhéwé, kowé kok ora weruh?
4 Kepriyé déné kowé kok bisa kandha
karo sadulurmu: Mara, tatal sing ana
ing mripatmu iku dakilangané, mangka
mripatmu dhéwé ana glondhongé?

5 Hé, wong lamis, ilangana dhisik
glondhong sing ana ing mripatmu,
mengko kowé bakal kanthi pramana
anggonmu ngilangi tatal sing ana ing
mripaté sadulurmu."
6 "Barang kang suci aja kokwènèhaké
marang asu, lan mutiyaramu aja
kokuncalaké marang ngarepé babi,
supaya ora diidak-idak sarta banjur
minger nyronggot kowé."
7 "Padha nyenyuwuna, temah bakal
kaparingan. Padha golèk-golèka, temah
bakal nemu. Padha thothok-thothoka,
temah bakal kawenganan.
8 Sabab saben wong kang nyuwun,
tampa, sing golèk, nemu lan sing
thothok-thothok iku kawenganan
lawang.
9 Apa ana panunggalanmu kang dijaluki
roti anaké, kok mènèhi watu,
10 utawa yèn dijaluki iwak, kok mènèhi
ula?
11 Dadiné yèn kowé kang ala padha
mangerti ing bab pawèwèh kang
becik marang anak-anakmu, saya
manèh Ramamu kang ana ing swarga,
mesthi peparing kang becik marang

wong sing padha nyenyuwun marang
Panjenengané."
12 "Mulané sabarang panggawé sing
kokkarepaké ing bab tumindaké wong
marang kowé, iku iya tindakna uga
marang wong, awit iya mangkono iku
surasané Torèt lan kitabé para nabi.
13 Padha lumebua liwat ing lawang kang
ciyut, awit amba lawangé lan jembar
dalané kang anjog ing karusakan,
mangka akèh wong kang padha metu
ing kono.
14 Kosok-baliné ciyut lawangé lan rupit
dalané kang anjog ing urip, mangka
mung sathithik wong kang nemu iku."
15 "Sing waspada marang para nabi
palsu, kang padha nekani kowé nganggo
nylamur kaya wedhus gèmbèl, mangka
sajatiné iku asu ajag kang galak.
16 Bakalé kowé bisa nitik marang
bab mau saka wohé. Apa ana wong
ngundhuh anggur saka thethukulan eri,
utawa woh anjir saka rerungkudan?
17 Dadiné wit kang becik metokaké woh
becik, wit kang geringen wohé iya ora
apik.

18 Wit kang becik ora bisa metokaké
woh kang ala, lan wit kang geringen ora
bisa metokaké woh kang becik.
19 Sarupané wit kang ora metokaké woh
kang becik, mesthi kategor lan banjur
kacemplungaké ing geni.
20 Dadiné wong-wong mau bakal katitik
saka wohé.
21 Kang bakal lumebu ing Kratoning
Swarga iku dudu angger wong kang
ngucap marang Aku: Gusti, Gusti,
nanging mung wong kang nglakoni
karsané Ramaku kang ana ing swarga.
22 Ing dina wekasan bakal akèh wong
kang padha matur marang Aku: Gusti,
Gusti, punapa kawula mboten sampun
medhar wangsit atas asma Paduka,
sarta sampun nundhungi dhemit atas
asma Paduka, punapa malih sampun
ngawontenaken mukjijat kathah atas
asma Paduka?
23 Ing waktu iku bakal padha dakblakani
mangkéné: Aku durung tau wanuh
karo kowé. Padha sumingkira saka
ing ngarepku, hé, wong kang padha
duraka."
24 "Mulané saben wong kang
ngrungokaké tembungku iku mau

lan banjur dilakoni, iku kayadéné wong
wicaksana, kang ngadegaké omahé ana
ing sandhuwuré watu padhas.
[25] Bareng udan deres, banjur banjir
sarta ana angin gedhé, kang nempuh
omah mau, nanging ora ambruk, amarga
katalesan ing watu padhas.
[26] Nanging saben wong kang
ngrungokaké tembungku iku mau
mangka ora dilakoni, iku upamané kaya
wong kang bodho, kang ngadegaké
omahé ana ing sandhuwuré wedhi.
[27] Bareng udan deres, terus banjir, sarta
ana angin gedhé kang nempuh, omah
mau banjur ambruk lan banget rusaké."
[28] Kacarita, bareng Yésus wis mungkasi
pangandikané iku mau, wong kabèh
padha gumun banget marang piwulangé,
[29] jalaran anggoné mulang kaya kang
kagungan pangwasa, ora kaya para ahli
Torèt.

8 [1] Sawisé Yésus tumedhak saka ing
gunung, wong golongan pirang-
pirang padha ngetut buri Panjenengané.
[2] Lah ing kono ana wong lara
kusta marek sarta sujud marang
Panjenengané, unjuké, "Gusti, manawi

Paduka karsa, inggih tamtu saged mbirat
najis kawula."
3 Panjenengané nuli mulungaké astané,
ndemèk wong mau sarta ngandika, "Aku
karsa, birata najismu." Padha sanalika
iku kabirat kustané temahan dadi resik.
4 Yésus banjur ngandika marang wong
mau, dhawuhé, "Poma bab iki aja
kokkandhakaké marang sapa-sapa. Wis
lungaa, awakmu tuduhna marang imam
lan saosa kurban, sing dipréntahaké
déning Musa, minangka paseksi marang
wong."
5 Nalika Yésus lumebet ing kutha
Kapèrnaum, ana sawijining opsir panatus
marek ing ngarsané sarta darbé atur
panyuwun, unjuké,
6 "Gusti, réncang kawula sakit lumpuh,
ngglunting wonten ing griya, langkung
sanget anggènipun ngraosaken sakit."
7 Panjenengané banjur ngandika, "Aku
dakmrana, dakwarasné."
8 Nanging atur wangsulané opsir mau,
unjuké, "Gusti, kawula mboten pantes
nampèni Paduka wonten ing gubug
kawula, mugi karsa ngandika satembung
kémawon, réncang kawula tamtu lajeng
saras.

9 Amargi kawula piyambak punika
tiyang ingkang kaerèh lan inggih
ngerèh prajurit. Manawi kawula akèn
dhateng ingkang satunggal: Lungaa!
lajeng késah; utawi dhateng sanèsipun:
Mrénéa! inggih lajeng dhateng. Tuwin
dhateng réncang-tumbasan kawula: Iku
lakonana! inggih lajeng dipun lampahi."
10 Bareng Yésus miyarsa kang
mangkono iku, Panjenengané kaéraman,
banjur ngandika marang kang padha
ndhèrèkaké, "Satemené Aku pitutur
marang kowé: Pangandel kang saméné
gedhéné iki Aku durung tau tumon ana
ing satengahing bangsa Israèl.
11 Aku pitutur marang kowé: Bakal akèh
wong kang teka saka ing wétan lan ing
kulon kang padha mèlu kembul bujana
karo Abraham, Ishak lan Yakub ana ing
Kratoning Swarga,
12 mangka para putraning Kraton bakal
padha kabuwang menyang pepeteng
ing jaba, ing kono bakal ana tangis lan
keroting untu."
13 Yésus banjur ngandika marang opsir
panatus mau, "Wis, mundura, katekana
kaya kang dadi pangandelmu." Sanalika
iku uga abdiné waras.

14 Bareng Yésus rawuh ing omahé
Pétrus, Panjenengané pirsa embokné
maratuwa nggluntung ana ing paturon,
lara panastis.
15 Tumuli didemèk tangané, panasé
banjur ilang, nuli ngladèni tamuné.
16 Soréné akèh wong kang padha
kesurupan sétan kang padha digawa
menyang ngarsané Yésus. Sétané padha
ditundhungi sarana pangandika lan
sarupané wong kang nandhang lelara
padha disarasaké.
17 Bab iki kelakoné supaya katetepana
apa kang kapangandikakaké déning Nabi
Yésaya, "Panjenengané wus ngrembat
karingkihan kita lan nyanggi lelara kita."
18 Bareng Yésus pirsa wong golongan
padha ngrubung Panjenengané, banjur
dhawuh supaya padha nyabrang.
19 Nuli ana sawijining ahli Torèt kang
marek sarta munjuk, "Guru, kula badhé
ngetut wingking Panjenengan dhateng
pundia kémawon tindak Panjenengan."
20 Yésus ngandika, "Asu-wawar padha
duwé rong, lan manuk ing awang-awang
padha duwé susuh, nanging Putraning
Manungsa ora duwé panggonan kanggo
nyèlèhaké sirahé."

21 Wong liyané, yaiku salah sijining
muridé, matur marang Panjenengané,
"Gusti, kawula mugi Paduka parengaken
késah rumiyin badhé ngubur bapa
kawula."
22 Nanging Yésus ngandika, "Kowé
mèlua Aku, déné wong mati cikbèn
padha ngubur wong mati panunggalané."
23 Yésus banjur minggah ing prau, para
sakabaté padha ndhèrèk.
24 Dumadakan ana prahara ing sagara
kono, prauné nganti ketungkeban ing
ombak, nanging Yésus saré.
25 Para sakabaté tumuli padha marek
mungu, unjuké, "Dhuh, Gusti, nyuwun
tulung, kawula sami katiwasan."
26 Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabat, dhawuhé, "Yagéné
kowé padha wedi, hé, wong kang cupet
ing pangandel?" Panjenengané banjur
jumeneng lan ndukani angin sarta
sagara, tumuli sirep.
27 Wong-wong padha gumun,
pangucapé, "Iki wong apa ta, déné
dalah angin lan sagara kok iya padha
ngéstokaké dhawuhé!"
28 Bareng Panjenengané wis mentas
ing sabrang, yaiku ing wilayahé wong

Gadhara tumuli dipethukaké wong
loro kang padha kasurupan dhemit,
tekané saka ing pakuburan sarta banget
mutawatiri, nganti ora ana wong siji-sijia
sing wani liwat ing dalan kono.
29 Lah tumuli sakaroné padha nguwuh
seru, unjuké, "Prekawisipun punapa
ta Panjenengan kaliyan kawula, dhuh,
Putranipun Allah? punapa rawuh
Panjenengan badhé misakit kawula
sadèrènging mangsanipun?"
30 Sawatara adoh saka ing kono ana
babi sapantha gedhé, kang lagi diengon.
31 Dhemité nuli padha duwé panyuwun
marang Panjenengané, unjuké, "Manawi
kawula sami Paduka dhawuhi késah,
mugi kawula kadhawuhana manjing ing
babi sapantha punika."
32 Panjenengané banjur ngandika,
"Padha lungaa!" Banjur padha metu
lan manjing ing babi-babi mau. Babi
sapantha iku kabèh nuli padha mlayu
gumrudug medhun saka ing èrèng-
èrènging jurang, ambyur ing sagara
temahan padha mati klelep ana ing
banyu.
33 Kang padha ngengon babi mau padha
mlayu sarta bareng wis tekan kutha,

padha nyritakaké lelakon iku mau kabèh,
uga bab wong-wong kang kapanjingan
dhemit mau.
34 Lah ing kono wong sakutha padha
metu methukaké Yésus lan bareng
wis padha weruh Panjenengané,
padha nyuwun kanthi adreng, supaya
Panjenengané karsa nilar wilayahé.
9 1 Yésus tumuli minggah ing prau
banjur nyabrang lan rawuh ing
kuthané piyambak.
2 Banjur ana wong lumpuh nggluntung
ing paturon diusung menyang ngarsané.
Bareng Yésus pirsa pangandelé wong-
wong iku, nuli ngandika marang kang
lumpuh, "Hé, nggèr, diteguh atimu,
dosamu wis kaapura."
3 Lah tumuli ana ahli Torèt sawatara
sing padha ngunandika, "Wong iku
nyenyamah marang Allah."
4 Nanging Yésus pirsa kang dadi
panggraitané wong-wong mau, mulané
banjur ngandika, "Yagéné kowé padha
duwé panggraita kang ala ana ing atimu?
5 Gampang endi kandha: Dosa-dosamu
wis diapura, karo kandha: Ngadega lan
lumakua?

[6] Nanging supaya kowé padha mangerti,
yèn Putraning Manungsa duwé pangwasa
ngapura dosa ana ing bumi iki,"
banjur ngandika marang kang lumpuh
"Ngadega, paturonmu angkaten lan
muliha!"
[7] Wongé iya banjur ngadeg lan mulih.
[8] Wong golongan bareng padha ndeleng
bab iku, padha wedi lan banjur padha
ngluhuraké Allah, kang wis paring
pangwasa nganti samono marang
manungsa.
[9] Sawusé Yésus jengkar saka ing
kono, banjur pirsa wong kang jenengé
Matius linggih ing pabéyan iku,
nuli dipangandikani, "Mèlua Aku!"
Matius banjur ngadeg lan ndhèrèkaké
Panjenengané.
[10] Kacarita nalika Yésus lenggah dhahar
ana ing omahé, ana juru-narik-pajeg
akèh lan wong-wong dosa kang padha
teka ndhèrèk dhahar kalawan Yésus
dalah para sakabaté.
[11] Bareng para Farisi weruh kang
mangkono iku, banjur kandha marang
para sakabaté "Yagéné gurumu kok
mangan bebarengan karo juru-narik-
pajeg lan wong dosa?"

12 Yésus midanget, nuli ngandika,
"Wong waras iku ora butuh dhokter, sing
butuh iku wong sing lara.
13 Wis, padha sumingkira, padha
sinaua ngerti isining pangandika, kang
surasané: Kang sunkarsakaké iku dudu
kurban, nanging kawelasan. Sabab
tekaku iki ora ngundang wong mursid,
nanging wong dosa."
14 Kacarita para sakabaté Yohanes
padha sowan ing ngarsané Yésus, lan
munjuk, "Kawula kaliyan tiyang Farisi
sami netepi siyam, nanging para sakabat
kok mboten?"
15 Yésus banjur paring wangsulan
marang wong-wong iku, "Apa iya bisa
para dhayohé bawahan manton padha
susah-susah sasuwéné pengantèné
isih ana? Nanging bakal ana wektuné,
pengantèn iku kabedhol, ing kono bakal
padha pasa.
16 Lan uga ora ana wong nambal
sandhangan lawas nganggo suwèkan
anyar, awit tambalané iku bakal
nyuwèkaké sandhangan mau, temahan
malah saya amba bedhahé.
17 Mangkono anggur kang anyar iku iya
ora diwadhahi ing kanthong kulit kang

lawas, amarga yèn mangkono kanthong
kulité mesthi bedhah, angguré banjur
wutah, kanthong kulité rusak. Nanging
anggur kang anyar iku diwadhahi ing
kanthong kulit anyar, dadi loro-loroné
tetep kanggo ing gawé."
18 Sajroné Yésus ngandika mangkono
iku, nuli ana lelurahing papan
pangibadah kang marek sujud lan matur,
"Anak kawula èstri saweg kémawon tilar
donya éwasemanten mugi Paduka karsa
rawuh saha numpangi asta, tamtu badhé
gesang malih."
19 Yésus banjur jumeneng sarta tedhak
bebarengan karo lurah mau kanthi para
sakabaté.
20 Nalika iku ana wong wadon kang lara
nggrajag getih wus rolas tahun lawasé,
kang nyedhaki Panjenengané saka ing
buri lan ndemèk gombyoking jubahé.
21 Amarga duwé osik mangkéné,
"Angger aku bisa ndemèk jubahé, mesthi
waras."
22 Nanging Yésus banjur minger, mirsani
wong wadon iku mau sarta ngandika,
"Diteteg atimu, nggèr, pracayamu kang
mitulungi kowé." Wiwit ing nalika iku
wong wadon mau dadi waras.

23 Bareng Yésus rawuh ing omahé
lelurah mau, sarta pirsa panyuling lan
wong golongan kang padha ribut,
24 banjur ngandika, "Wis, padha
sumingkira; bocahé ora mati, mung
lagi turu." Nanging wong-wong padha
nggeguyu Panjenengané.
25 Sawisé wong golongan iku padha
sumingkir, Panjenengané nuli lumebet
sarta ngasta tangané si bocah. Bocahé
banjur tangi.
26 Pawartané lelakon iku banjur
sumebar ing satanah kono kabèh.
27 Nalika Yésus nglajengaké tindaké
saka ing kono, ana wong wuta loro
padha nututi lan nywara sora, unjuké,
"Dhuh, tedhakipun Daud, kawula mugi
Paduka welasi."
28 Bareng Panjenengané wis lumebet
ing dalem, wong wuta mau padha marek
ing ngarsané, Yésus banjur ngandika
marang wong-wong mau, "Apa kowé
padha ngandel yèn Aku bisa nindakaké
mangkono?" Atur wangsulané, "Inggih,
Gusti, kawula sami pitados."
29 Panjenengané banjur ndhumuki
mripaté wong-wong mau sarta ngandika,

"Padha katekana kaya kang dadi
pangandelmu."
30 Mripaté banjur kaelèkaké. Yésus
banjur manti-manti marang wong-
wong mau, "Poma, aja nganti bab iki
kaweruhan ing wong."
31 Éwasamono saunduré tumuli padha
nyuwuraké Panjenengané ana ing
sawratané wilayah kono kabèh.
32 Saunduré wong-wong mau banjur
ana wong bisu kapanjingan sétan kang
kairid ing ngarsané Yésus.
33 Bareng sétan wis ditundhung, kang
bisu mau bisa guneman. Wong-wong
padha kaéraman kabèh, pangucapé,
"Kang kaya mangkono iku durung tau
kelakon ana ing Israèl."
34 Nanging ujaré para Farisi, "Anggoné
nundhungi sétan iku kanthi pangwasané
panggedhéning para dhemit."
35 Yésus tumuli tindak ndlajahi sakèhing
kutha lan désa, memulang ana ing
papan-papan pangibadahé sarta
nggelaraké Injilé Kraton, apadéné
nyarasaké sakèhing lelara lan memala.
36 Bareng Panjenengané pirsa wong
golongan iku, trenyuh banget panggalihé
marga saka welas; awit wong-wong mau

padha katon sayah lan ora kopèn kaya
wedhus kang ora ana pangoné.
37 Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabaté, "Panèné gedhé,
nanging kang derep mung sathithik.
38 Mulané padha nyuwuna marang Gusti
kang kagungan panèn, supaya karsa
maringi wong derep kanggo panènané
iku."

10 1 Yésus tumuli nimbali sakabaté
rolas sarta padha diparingi
pangwasa nundhungi sétan lan
nyarasaké sarupaning lelara lan
sarupaning memala.
2 Déné jenengé para rasul rolas mau
yaiku: Kang wiwitan Simon kang karan
Pétrus, lan Andréas saduluré, Yakobus
anaké Zébédéus, lan Yohanes saduluré,
3 Filipus lan Bartoloméus, Tomas lan
Matius juru-narik-pajeg, Yakobus anaké
Alféus, lan Tadéus,
4 Simon wong Zélot lan Yudas Iskariot,
kang ngulungaké Panjenengané.
5 Wong rolas mau padha diutus déning
Yésus sarta diparingi piweling mangkéné,
"Kowé aja padha nyimpang menyang
dalané wong kang ora wanuh marang

Allah lan aja lumebu ing kuthané wong
Samaria,
6 nanging luwih becik padha maranana
wedhus-wedhusé Banisraèl kang padha
ketriwal.
7 Padha mangkata lan padha
memulanga mangkéné: Kratoning
Swarga wus cedhak.
8 Wong lara padha warasna, wong
mati tangèkna, biraten najisé wong lara
kusta; sétan-sétan padha tundhungana.
Kowé wis padha nampani kanthi
lelahanan, mulané wènèhna kanthi
lelahanan uga.
9 Aja padha nggawa emas utawa salaka
lan tembaga ana ing sabukmu.
10 Aja padha nggawa sangu kanggo
ana ing dalan; aja nggawa kotang
rangkep utawa trumpah. Sabab wong
nyambut-gawé iku wis sapantesé yèn
tampa pituwas.
11 Menawa kowé lumebu ing kutha
utawa ing désa, golèka wong kang
pantes, banjur manggona ana ing kono
nganti salungamu.
12 Menawa kowé lumebu ing omahé
wong, ulukana salam.

13 Menawa kanthi pantes nampani
salammu, salammu tumanduk marang
wong-wong iku, nanging menawa ora
pantes, salammu iku bali marang kowé
manèh.
14 Déné yèn ana wong kang ora
nampani kowé lan ora ngrungokaké
tetembunganmu, endang lungaa lan
metua saka omah utawa kutha kono,
sarta ketabna lebuné sikilmu.
15 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Bésuk ing dina pangadilan kang sinangga
déning Sodom lan Gomora bakal luwih
ènthèng katimbang karo kutha iku."
16 "Lah kowé padha dakutus kayadéné
wedhus gèmbèl menyang ing
satengahing asu ajag, mulané
dingati-ati kaya ula lan dibarès kaya
manuk dara.
17 Nanging sing waspada marang
wong kabèh; sabab ana kang bakal
ngladèkaké kowé marang pradata
agama, kang banjur nggitiki kowé ana
ing papan-papan pangibadahé.
18 Lan marga saka Aku, kowé bakal
padha diirid menyang ngarsané para
kang padha ngasta pangwasa lan
para raja, minangka paseksi tumrap

wong-wong mau lan tumrap para wong
kang ora wanuh marang Allah.
19 Anadéné menawa kowé padha
kelakon diladèkaké, aja padha sumelang
ing bab kepriyé lan apa kang bakal
kokaturaké, amarga ing sanalika iku uga
kowé bakal kaparingan apa kang prelu
kokaturaké.
20 Awit dudu kowé kang celathu,
nanging Rohé Ramamu kang ngandika
lantaran kowé.
21 Sadulur bakal masrahaké padha
sadulur marang paukuman pati, samono
uga bapa masrahaké anaké, lan
anak-anak bakal padha wani marang
wong-tuwané lan banjur dipatèni.
22 Lan kowé bakal disengiti ing wong
kabèh marga saka Aku; nanging sing
sapa mantep tumeka ing wekasan, bakal
slamet.
23 Menawa kowé dianiaya ana ing
sawijining kutha, padha ngungsia
menyang kutha liyané; awit satemené
Aku pitutur marang kowé: Sadurungé
kowé ndlajahi kutha-kutha Israèl kabèh,
Putraning Manungsa wus rawuh.

24 Mungguh sakabat iku ora ngungkuli
guruné, utawa abdi iya ora ngungkuli
bendarané.
25 Tumraping sakabat wis cukup, yèn
nganti karengkuh padha kaya guruné,
lan tumrap abdi, yèn karengkuh padha
kaya bendarané. Menawa kang duwé
omah disebut Bèèlzebul, apa manèh
brayaté saomah.
26 Mulané wong iku aja padha
kokwedèni, awit ora ana barang kang
kasasaban, kang ora bakal kawiyak, lan
ora ana barang kang kadhelikaké, kang
bakal ora kaweruhan.
27 Apa kang dakpituturaké ana ing
petengan, iku kandhakna ana ing
padhangan; lan apa kang kokrungokaké
kanthi bisik-bisik, iku padha wartakna
saka ing payon-payon.
28 Aja wedi marang wong-wong kang
bisa matèni raga, nanging ora bisa
matèni nyawa, aluwung wedia marang
Panjenengané, kang bisa ngrusak
karo-karoné ana ing naraka, iya jiwamu
iya ragamu.
29 Manuk glathik loro apa ora mung
payu saasarion? Éwadéné siji baé ora

ana kang tiba ing lemah, yèn ora saka
karsané Ramamu.
30 Mangka kowé iku, malah dalasan
rambutmu wis padha diétung kabèh.
31 Mulané aja padha wedi, amarga
ajimu iku ngluwihi manuk glathik
pirang-pirang.
32 Saben wong kang ngakoni Aku ana
ing ngarepaning manungsa, iku iya bakal
dakakoni ana ing ngarsané Ramaku kang
ana ing swarga.
33 Nanging sing sapa nyélaki Aku ana
ing ngarepaning manungsa, iku iya bakal
daksélaki ana ing ngarsané Ramaku
kang ana ing swarga."
34 "Kowé aja padha ngira, yèn tekaku
nggawa pirukun ana ing bumi. Tekaku iku
ora nggawa pirukun nanging pedhang.
35 Sabab tekaku iku njalari wong
crah karo bapakné, anak wadon karo
embokné; mantu wadon karo embokné
maratuwa,
36 karodéné mungsuhé wong yaiku para
kang nunggal saomah kabèh.
37 Sing sapa nresnani bapa utawa
biyungé nganti ngungkuli Aku, iku ora
pantes tumraping Aku, lan sing sapa
nresnani anaké lanang utawa wadon

ngungkuli Aku, iku ora pantes tumraping
Aku.
38 Sing sapa nampani ora manggul
salibé lan ngetut-buri marang Aku, iku
ora pantes tumraping Aku.
39 Sing sapa ngéman nyawané, bakal
kélangan nyawané, lan sing sapa
kélangan nyawané marga saka Aku, iku
bakal olèh nyawané.
40 Sing sapa nampani kowé, iku dadi
Aku sing ditampani. Lan sing sapa
nampani Aku, iku dadi nampani kang
ngutus Aku.
41 Sing sapa nampani nabi marga
saka anggoné dadi nabi, bakal tampa
pituwasing nabi, lan sing sapa nampani
wong mursid, marga saka anggoné
mursid, bakal tampa pituwasing wong
mursid.
42 Apadéné sing sapa awèh banyu
adhem sacangkir baé marang salah
sawijining wong cilik iki, marga iku
sakabatku, Aku pitutur marang kowé
satemené: wong iku mesthi bakal tampa
pituwasé."

11 1 Sawisé Yésus mungkasi
piwelingé marang sakabaté rolas,
Panjenengané banjur tindhak saka ing

kono, bakal memulang lan nggelaraké
Injil ana ing kutha-kuthané.
[2] Kacarita ana ing pakunjaran Yohanes
midhanget pawarta bab pakaryané
Kristus,
[3] banjur ngutus sakabaté supaya
munjuk marang Panjenengané,
mangkéné, "Punapa Paduka punika
ingkang pinasthi rawuh, punapa kawula
kedah sami ngentosi sanèsipun?"
[4] Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Wis, padha mundura,
wartakna marang Yohanes apa kang
kokrungu lan kokdeleng:
[5] wong picak padha ndeleng, wong
lumpuh padha lumaku, wong lara kusta
padha kabirat najisé, wong budheg
padha krungu, wong mati padha
katangèkaké lan wong mlarat padha
kawartanan kabar kabungahan.
[6] Rahayu wong kang ora rumangsa isin
ngakoni Aku."
[7] Saunduré para utusan mau, Yésus
wiwit medhar pangandika marang wong
golongan iku bab Yohanes, mangkéné,
"Kowé padha menyang pasamunan arep
ndeleng apa? Arep ndeleng glagah sing
diobat-abitaké déning angin?

8 Utawa arep apa kowé mrana? Arep
ndeleng wong kang nganggo sandhangan
kang sarwa alus? Wong kang manganggo
sarwa alus iku panggonané ana ing
kraton.
9 Dadi arep apa kowé mrana? Arep
ndeleng nabi? Iya, bener, lan Aku pitutur
marang kowé, malah kang ngungkuli
nabi.
10 Awit iya iku kang kapratélakaké
ing Kitab, mangkéné: Lah, Ingsun
ngutus malaékatingsun lumaku ndhisiki
Sira, arep nyawisaké dalanira ana ing
ngarepira.
11 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Ing antarané wong-wong kang lair saka
wong wadon, ora ana tokoh kang luwih
gedhé katimbang Yohanes Pambaptis,
éwasamono wong kang cilik dhéwé ana
ing Kratoning Swarga, iku luwih gedhé
katimbang Yohanes Pambaptis.
12 Sabab wiwit nalika Yohanes
Pambaptis tumapak ing gawé nganti
sapréné, Kratoning Swarga iku karuda-
peksa lan para kang ngruda-peksa iku
mbudidaya arep ngrebut pangwasa.

13 Sabab sakèhing nabi lan kitab
Torèt iku padha meca nganti satekané
Yohanes.
14 Sarta, -- menawa kowé padha gelem
nganggep mangkono--, iya wong mau
iku Élia kang bakal rawuh.
15 Sing sapa duwé kuping, ngrungokna.
16 Dakpadhakaké apa wong golongan
iki? Upamané kaya bocah-bocah kang
lelungguhan ana ing pasar, cluluk
marang kancané mangkéné:
17 Aku wis padha nyuling kanggo kowé,
nanging kowé ora padha njogèd. Aku wis
padha ngidungaké kidung pangadhuh,
nanging kowé ora padha tangisan.
18 Sarèhning Yohanes iku teka tanpa
mangan tanpa ngombé, mulané
wong-wong padha ngucap: Wong iku
kepanjingan sétan.
19 Tekané Putraning Manungsa nganggo
mangan lan ngombé, lan wong-wong
padha ngucap: Delengen kuwi, wong
grangsangan lan seneng ngombé anggur,
kancané para juru-narik-pajeg lan wong
dosa. Nanging kawicaksananing
Pangéran iku anggoné kabeneraké
marga saka pandamelé."

20 Panjenengané banjur wiwit nenetah
marang kutha-kutha awit padha ora
mratobat, mangka ana ing kono
Panjenengané nindakaké mukjijat kang
akèh dhéwé,
21 "Bilai kowé Khorazin, bilai kowé
Bètsaida, sabab menawa ing Tirus lan ing
Sidon iya kalakon ana mukjijat-mukjijat
kaya kang wus kalakon ana ing tengah-
tengahmu, mesthi wis biyèn-biyèn
anggoné padha mratobat lan sedhih
banget.
22 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Bésuk ing dina pangadilan kang
kasangga déning Tirus lan Sidon bakal
luwih ènthèng katimbang kowé.
23 Apadéné kowé Kapèrnaum, apa kowé
bakal kaluhuraké nganti sundhul ing
langit? Ora, kowé bakal kacemplungaké
ing teleng palimenganing pati. Sabab
menawa ing Sodom kalakon ana
mukjijat-mukjijat sing tumindhak ana
ing tengah-tengahmu, kutha iku mesthi
lestari tekan sapréné.
24 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Bésuk ing dina pangadilan kang
kasangga déning tanah Sodom bakal
luwih ènthèng katimbang karo kowé."

25 Ing wektu iku Yésus munjuk, "Dhuh,
Rama, Pangéraning swarga lan bumi,
kawula ngaturaken agenging panuwun,
déné bab punika sadaya Paduka damel
wados tumrap tiyang wicaksana saha
tiyang wasis, nanging Paduka lairaken
dhateng laré-laré.
26 Inggih, Rama, pancèn makaten karsa
Paduka."
27 "Samubarang kabèh wus
kapasrahaké marang Aku déning
Ramaku, lan ora ana wong kang
mangerti marang Sang Putra, aliya Sang
Rama, lan ora ana wong kang mangerti
marang Sang Rama, aliya Sang Putra lan
wong kang wus jinatènan saka karsané
Sang Putra.
28 Hé, para wong kang kesayahan lan
kamomotan, padha mrénéa, Aku bakal
gawé ayemmu.
29 Pasanganku padha tampanana
ing pundhakmu lan padha nggegurua
marang Aku, awit Aku iki alus lan
lembah-manah, satemah kowé bakal
padha olèh ayeming nyawamu.
30 Amarga pasanganku iku kapénak lan
momotanku iku ènthèng."

12 [1] Ing nalika samana, mbeneri dina
Sabat, Yésus tindak nglangkungi
paganduman. Para sakabaté padha luwé,
mulané banjur padha nyethuti wewulèn
sarta dipangan.
[2] Para Farisi bareng weruh, padha
munjuk marang Panjenengané, "Lah,
sakabat Panjenengan sami nindakaken
prakawis ingkang mboten pareng
katindakaken ing dinten Sabat."
[3] Nanging Panjenengané ngandika
marang wong-wong mau, "Apa kowé ora
maca bab tumindaké Daud dalah para
pandhèrèké nalika padha kaluwèn?
[4] Bab anggoné banjur padha lumebu ing
Padalemaning Allah lan anggoné padha
mangan roti sesaosan, kang pancèné
ora kena kapangan déning Daud utawa
déning pandhèrèké, kajaba déning para
imam?
[5] Mangkono uga apa kowé ora maca
ing Torèt, yèn ing dina Sabat para
imam padha nerak pranataning Sabat
ana ing Padaleman Suci, lan ora padha
kaluputan?
[6] Aku pitutur marang kowé: Ing kéné
ana kang ngluwihi Padaleman Suci.

7 Menawa kowé pancèn mangerti
apa karsané pangandika iki: Kang
sunkarsakaké iku kawelasan, dudu
kurban, mesthi kowé ora ngukum wong
kang ora kaluputan.
8 Amarga Putraning Manungsa iku iya
Gustiné dina Sabat."
9 Sawusé tindak saka ing kono, Yésus
banjur lumebet ing papan pangibadahé
wong-wong mau.
10 Ing kono ana wong kang tangané
mati sasisih. Wong-wong banjur padha
matur marang Panjenengané, "Ing
dinten Sabat punapa dipun parengaken
nyarasaken tiyang?" Pamurihé supaya
bisa nggugat Panjenengané.
11 Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong iku, "Menawa
panunggalanmu duwé wedhus siji,
mangka wedhusé iku kacemplung ing
luwangan pinuju dina Sabat, apa ora
banjur dicekel lan dientasaké?
12 Iba ta kacèké ajiné manungsa
katimbang karo wedhus? Mulané kalilan
baé nindakaké kabecikan ing dina
Sabat."
13 Panjenengané banjur dhawuh
marang kang tangané mati sasisih mau,

"Tanganmu athungna." Wong mau tumuli
ngathungaké, temah dadi waras pulih
kaya tangan sijiné.
14 Ananging para Farisi banjur padha
metu sarta padha rerembugan bab
anggoné bakal nyédani Panjenengané.
15 Bareng Yésus miyarsa bab iku,
banjur tedhak saka ing kono. Akèh wong
golongan kang padha ndhèrèkaké, lan
Panjenengané nyarasaké wong-wong
mau kabèh.
16 Nanging klawan kenceng padha ora
diparengaké nyuwuraké Panjenengané,
17 supaya katetepan pangandika kang
dilantaraké déning Nabi Yésaya,
18 "Lah iku Abdiningsun, pilihaningsun,
kekasihingsun, kang ndadèkaké
keparenging galihingsun, Ingsun
bakal maringaké Rohingsun
marang Panjenengané, sarta bakal
ngundhangaké pangadilan marang
sakèhing bangsa.
19 Panjenengané ora bakal nganakaké
padudon lan ora bakal alok-alok. Siji
baé ora ana wong krungu swarané ing
lurung-lurung.
20 Glagah kang pepes ora bakal dikethok
lan uceng-uceng kang urubé melik-melik

ora dipatèni nganti Panjenengané wus
ndadèkaké menangé kabeneran.
21 Apadéné bangsa-bangsa bakal padha
ngarep-arep marang Panjenengané."
22 Sawusé iku wong-wong mau banjur
nggawa wong kang kasurupan, tur
picak lan bisu, menyang ngarsané,
Panjenengané banjur marasaké wong
iku, satemah kang picak lan bisu mau
banjur bisa guneman lan ndeleng.
23 Wong-wong golongan kabèh padha
kaéraman sarta padha calathu, "Wong
iku sajaké tedhaké Daud."
24 Nanging bareng para Farisi krungu
bab iku, banjur padha ngucap,
mangkéné, "Wong iku anggoné
nundhungi dhemit nganggo pangwasané
Béèlzebul, panggedhéning para dhemit."
25 Sarèhné Yésus pirsa pikirané
wong-wong iku, Panjenengané banjur
ngandika marang wong-wong mau,
"Saben kraton, kang ora manunggal iku
mesthi ambruk lan saben kutha utawa
omah kang ora manunggal iku ora bisa
lestari.
26 Menawa Iblis nundhung Iblis, iku
dadi dredah karo awaké dhéwé; menawa

mangkono kratoné bisané lestari
kepriyé?
27 Dadiné yèn Aku nundhungi sétan
nganggo jenengé Béèlzebul, lah nganggo
jenengé sapa anak-anakmu olèhé
nundhungi? Mulané anak-anakmu iku
kang bakal padha ngadili kowé.
28 Nanging menawa anggonku
nundhungi sétan iku kanthi pangwasané
Rohing Allah, satemené Kratoning Allah
wis ana ing kowé.
29 Utawa kepriyé bisané wong lumebu
ing omahé wong kang rosa lan njarah
rayah barang darbèké, yèn wong sing
rosa iku ora dibanda dhisik? Menawa
uwis, lagi bisa ngrampog omah mau.
30 Sing sapa ora ngrujuki marang Aku,
iku nglawan marang Aku, lan sing sapa
ora mèlu ngumpulaké karo Aku, iku
mbuyaraké.
31 Mulané Aku pitutur marang kowé:
Sakèhing dosa lan panyenyamahing
wong bakal kaapura, nanging
panyenyamah marang Roh Suci
iku bakal ora diapura.
32 Yèn ana wong nglawan Putraning
Manungsa, iku bakal kaapura, nanging
menawa nglawan Roh Suci, iku bakal ora

kaapura, dadia jaman saiki, samono uga
ing jaman bésuk.
33 Menawa uwité becik. wohé iya becik;
menawa uwité ora becik, wohé iya ora
becik. Amarga ketitiking wit iku marga
saka wohé.
34 Hé, tetesaning ula bedhudhak,
kepriyé anggonmu bisa ngucapaké
barang-barang kang becik, lah wong
kowé dhéwé ala? Sabab apa kang
kaucapaké ing cangkem iku saka
bludaging ati.
35 Wong becik iku metokaké barang-
barang kang becik saka simpenané
kang becik lan wong ala metokaké
barang-barang kang ala saka simpenané
kang ala.
36 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Saben tembung kang tanpa guna, kang
diucapaké déning wong, iku bésuk ing
dina pangadilan kudu kapratélakaké
kanthi tanggung jawab.
37 Awit anggonmu bakal kabeneraké iku
adhedhasar tembungmu lan anggonmu
bakal kapatrapan paukuman iku iya
adhedhasar tembungmu."
38 Nalika samana ana ahli Torèt lan
para Farisi sawatara, kang padha matur,

"Guru, kula sami kapéngin sumerep
pratandha saking Panjenengan."
39 Nanging paring wangsulané,
"Golongan kang ala lan ora setya iki
njaluk pratandha, nanging bakal ora
kaparingan, kajaba mung pratandhané
Nabi Yunus.
40 Awit padha kaya Yunus anggoné
ana ing wetengé iwak telung dina
telung bengi, mangkono uga Putraning
Manungsa bakal ana ing jeroné telenging
bumi telung dina telung bengi.
41 Bésuk ana ing pangadilan wong-wong
Niniwé bakal tangi bareng karo golongan
iki lan bakal ngadili golongan iki.
Sabab wong-wong Niniwé iku sawusé
ngrungokaké piwulangé Yunus, banjur
padha mratobat, lah satemené kang ana
ing kéné iki ngungkuli Yunus.
42 Bésuk ing wektu pangadilan,
Raja saka Kidul bakal kawungokaké
bareng karo golongan iki lan bakal
ngadili golongan iki, awit rawuhé saka
pungkasaning bumi, banjur mirengaké
bab kawicaksanané Salomo, lah mangka
ing kéné ana kang ngungkuli Salomo."
43 "Mungguh roh jahat iku menawa wus
metu saka ing wong, banjur nglembara

golèk panggonan menyang papan-papan
kang cengkar lan suwung. Nanging ora
olèh.
44 Tumuli ngucap mangkéné: Aku
dakbali menyang omah sing daktinggal
kaé. Banjur bali, omahé tinemu suwung,
wus resik kasaponan lan katata becik.
45 Roh jahat mau banjur lunga ngajak
roh pepitu liyané kang luwih ala
katimbang roh iku, tumuli padha
lumebu sarta manggon ana ing kono.
Wekasan wong mau alané ngluwihi sing
uwis. Mangkono uga bakal kadadéané
golongan kang ala iki."
46 Nalika Panjenengané lagi ngandika
marang wong golongan iku, ingkang ibu
lan sadhèrèk-sadhèrèké padha ana ing
jaba, nedya ketemu karo Panjenengané.
47 Banjur ana kang munjuk marang
Panjenengané, "Lah punika ingkang ibu
tuwin sadhèrèk-sadhèrèk Panjenengan
sami wonten jawi saha ngangkah
sagedipun kapanggih kaliyan
Panjenengan."
48 Nanging, Yésus paring wangsulan
marang kang munjuk, pangandikané,
"Sapa ta Ibuku? lan sapa ta sadulur-
sadulurku?"

49 Panjenengané banjur mulungaké
astané marang para sakabaté sarta
ngandika, "Iki ibuku lan sadulur-
sadulurku!
50 Sabab sing sapa nglakoni karsané
Ramaku kang ana ing swarga, yaiku
sadulurku lanang lan wadon sarta
ibuku."

13 1 Ing dina iku Yésus miyos saka
ing omah mau lan banjur lenggah
ing pinggir tlaga.
2 Tumuli ana wong akèh padha
gumrudug marek lan ngrubung
Panjenengané, mulané Panjenengané
banjur minggah ing prau lan lenggah
ing kono, déné wong akèh mau padha
ngadeg ana ing gegisik.
3 Panjenengané banjur ngandika
akèh-akèh marang wong-wong mau
nganggo pasemon, dhawuhé, "Ana juru
nyebar wiji metu arep nyebar wiji.
4 Sajroné nyebar iku wijiné ana kang
tumiba ing pinggir dalan, banjur ana
manuk kang padha teka, nucuki.
5 Ana kang tumiba ing watu padhas,
kang ora akèh lemahé. Wiji mau énggal
thukul, amarga lemahé tipis.

6 Nanging bareng srengéngé wus saya
dhuwur, banjur alum, wekasan dadi
garing, sabab ora ana oyodé.
7 Ana manèh kang tumiba ing
satengahing thethukulan eri. Bareng
eri-eriné saya gedhé, wijiné kelindhih
banget temahan ora ngetokaké woh.
8 Lan ana manèh kang tumiba ing
lemah becik; iku banjur metu wohé, ana
kang tikel satus, ana kang tikel sawidak
lan ana kang tikel telung puluh.
9 Sapa kang duwé kuping ngrungokna."
10 Para sakabaté tumuli padha
ngadhep lan matur, "Punapa sababipun,
déné anggèn Panjenengan ngandika
dhateng tiyang-tiyang punika kok mawi
pasemon?"
11 Paring wangsulané Yésus, "Kowé
padha kaparingan kamurahan
diparengaké mangretèni wadi-wadining
Kraton Swarga, nanging wong-wong iku
padha ora kaparingan.
12 Amarga sapa kang duwé, iku bakal
kaparingan, malah nganti lubèr, nanging
sing sapa ora duwé, apa baé kang
kaduwé, bakal dipundhut.
13 Iya iku sababé anggonku paring
pangandika marang wong-wong iku

nganggo pasemon, awit sanadyan
mripaté padha ndeleng, nanging
ora weruh, lan sanadyan padha
ngrungokaké, nanging padha ora krungu
lan ora ngerti.
14 Lah ana ing wong-wong iku katetepan
pamecané Yésaya, kang ngandikakaké:
Sira bakal krungu lan krungu, nanging
ora mangerti, sira bakal ndeleng lan
ndeleng, nanging ora sumurup.
15 Amarga atiné bangsa iki ndableg
lan kupingé jampeng sarta mripaté
dieremaké, supaya aja padha ndeleng
kalawan mripaté lan krungu kalawan
kupingé sarta atiné bisa mangerti banjur
mratobat, satemah sunwarasaké.
16 Nanging rahayu mripatmu, jalaran
bisa ndeleng lan kupingmu, amarga bisa
krungu.
17 Awit satemené Aku pitutur marang
kowé: Akèh para nabi lan wong mursid
kang padha kepéngin ndeleng apa kang
padha kokdeleng, nanging ora kelakon
ndeleng, lan padha kapéngin krungu apa
kang kokrungu, nanging ora kelakon
krungu.
18 Mulané rungokna maknané pasemon
bab juru nyebar iku.

19 Menawa ana wong kang krungu
pangandika bab Kratoning Swarga,
mangka ora mangerti, banjur si
pangawak dursila teka ngrebut apa
kang kasebar ing atiné; yaiku wiji kang
kasebar ing pinggir dalan.
20 Déné wiji kang kasebar ing watu
padhas, yaiku wong kang ngrungokaké
pangandika sarta énggal-énggal
nampani pangandika mau kanthi
bungah,
21 nanging ora ana oyodé ing batiné,
dadi ora antepan. Bareng tuwuh
panyiya-nyiya utawa panganiaya marga
saka pangandika iku, wong mau banjur
énggal murtad.
22 Sabanjuré kang kasebar ing
satengahing eri, yaiku wong kang
ngrungokaké pangandika, banjur
sumelanging donya lan daya
pamblithuking kasugihan padha
ngendhih pangandika mau, satemah ora
metu wohé.
23 Nanging kang kasebar ing lemah
becik iya iku wong kang ngrungokaké
pangandika lan mangerti, mulané iya
banjur metu wohé, ana sing tikel satus,

ana sing tikel sawidak, ana sing tikel
telung puluh."
24 Panjenengané medharaké pasemon
liyané marang wong-wong mau,
pangandikané, "Kratoning Swarga iku
umpamané kaya wong kang nyebar wiji
becik ing pategalané.
25 Nanging nalika wong-wong padha
turu kabèh, satruné teka nyebar wiji
alang-alang ing tengahé gandum, banjur
lunga.
26 Bareng gandumé thukul lan wiwit
metu wewulèné, alang-alangé iya katon.
27 Batur-baturé sing duwé pategalan
padha marani lurahé lan matur:
Bendara, punapa sanès wiji saé ingkang
panjenengan sebar ing pategilan
panjenengan? Saking pundi kambengan
punika?
28 Wangsulané lurahé: Iku panggawéné
satru. Batur-baturé matur manèh:
Punapa panjenengan ngersakaken,
supados kula sami mbedholi kambengan
punika?
29 Nanging wangsulané: Aja, sabab
anggonmu padha mbedholi alang-alang
iku, bisa uga ngatutaké gandumé.

30 Cikbèn padha thukul bebarengan
nganti mangsané panèn. Ing wektu
iku aku bakal tutur marang sing padha
derep: Klumpukna dhisik alang-alangé
lan bentèlana, banjur obongen,
sawusé iku gandumé klumpukna ing
lumbungku."
31 Panjenengané medharaké pasemon
liyané manèh marang wong-wong mau,
pangandikané, "Kratoning Swarga iku
upamané kaya wiji sawi kang kajupuk
lan kasebar déning wong ana ing
pategalané.
32 Padha-padha wiji, wiji sawi iku
pancèn cilik dhéwé, nanging yèn wus
thukul, gedhéné ngluwihi janganan
liya-liyané, malah banjur dadi wit-witan,
nganti manuk-manuk ing awang-awang
padha saba mrono lan nusuh ing
pang-pangé."
33 Panjenengané medharaké pasemon
liyané manèh marang wong-wong mau,
pangandikané, "Kratoning Swarga iku
upamané kaya ragi kang kajupuk ing
wong wadon, kacarubaké ing glepung
trigu patang puluh liter nganti mumbluk
kabèh."

34 Sakèhé prakara iku mau kabèh
didhawuhaké déning Yésus marang
wong akèh kanthi pasemon lan ora
ana kang kapangandikakaké kang ora
dhapur pasemon,
35 supaya ketetepana kang
kapangandikakaké déning nabi,
mangkéné, "Ingsun bakal ngangapaké
tutukingsun lan mangandikakaké
pasemon. Ingsun bakal ngucapaké
prakara kang kineker wiwit jagat
tinalesan."
36 Yésus banjur nilar wong golongan
mau sarta banjur kondur. Para sakabaté
tumuli padha marek lan matur, "Pasemon
kambengan ing pategilan punika mugi
Panjenengan terangaken dhateng
kawula."
37 Yésus banjur maringi wangsulan,
pangandikané, "Wong kang nyebar wiji
becik iku Putraning Manungsa.
38 Pategalan iku jagat. Wiji kang
becik iku para putraning Kraton, déné
alang-alangé iku para anaké si pangawak
dursila.
39 Satru kang nyebar wiji alang-alang
iku Iblis. Wektu panèn iku wekasaning

jaman lan kang padha derep iku
malaékat.
40 Kang iku kayadéné alang-alang
banjur kaklumpukaké lan kaobong ing
geni, mangkono uga ing wekasaning
jaman,
41 Putraning Manungsa bakal ngutus
para malaékaté kadhawuhan
nglumpukaké saka ing Kratoné
samubarang kabèh kang dadi
sandhungan lan sakèhing wong
kang nglakoni duraka,
42 padha kacemplungaké ing pawon
murub; ing kono kang bakal tinemu
panangis lan keroting untu.
43 Lah ing nalika iku para wong
sampurna bakal padha mancorong kaya
srengéngé ana ing Kratoning Ramané.
Wong kang duwé kuping, ngrungokna."
44 "Kratoning Swarga iku umpamané
kaya raja-brana kang kependhem ing
pategalan, kang ketemu déning wong
banjur dipendhem manèh. Marga saka
bungahé, wong mau banjur lunga
ngedoli barang-darbèké kabèh, lan nuku
petegalan mau.

45 Mangkono manèh Kratoning Swarga
iku umpanané kayadéné wong dagang
kang golek mutiyara kang adi.
46 Bareng wis olèh mutiyara kang
banget ajiné, banjur lunga ngedoli
barang-darbèké kabèh, lan nuku
mutiyara iku mau."
47 "Karodéné manèh Kratoning
Swarga iku upamané kaya krakad
kang ditibakaké ing sagara, banjur
ngumpulaké iwak warna-warna.
48 Bareng wus kebak banjur digèrèd
mentas menyang ing gegisik, wongé
tumuli padha linggih milihi iwak-iwak
kang becik sarta diwadhahi, déné iwak
kang ora becik dibuwang.
49 Iya kaya mangkono kaanané bésuk
ing wekasaning jaman. Malaékat-
malaékat bakal padha teka misahaké
para wong kang ala saka tengahé para
wong mursid,
50 padha kacemplungaké ing pawon
murub; ing kono kang tinemu panangis
lan keroting untu.
51 Kowé apa padha mangerti iku mau
kabèh?" Atur wangsulané para sakabat,
"Inggih, Gusti."

52 Yésus banjur ngandika, "Mulané
saben ahli Torèt kang nampani piwulang
bab Kratoning Swarga iku upamané kaya
wong kang duwé omah, kang metokaké
barang anyar lan barang lawas saka ing
pasimpenané."
53 Sawisé rampung anggoné paring
pasemon-pasemon mau, Yésus banjur
tindak saka ing kono.
54 Sarawuhé ing kutha asalé, wong-
wong ing kono padha diparingi piwulang
ana ing sinagogé. Wong-wong mau
padha kaéraman, pangucapé, "Wong
iku olèhé kawicaksanan lan pangwasa
nindakaké mukjijat saka ing ngendi?
55 Apa iku dudu anaké tukang kayu?
Embokné jenengé rak Maria, lan sadulure
Yakobus, Yusuf, Simon lan Yudas?
56 Lan sadulur-sadulure wadon rak
padha ana ing kéné kabèh? Dadi olèhé
iku kabèh saka ing ngendi?"
57 Wong-wong mau satemah padha
serik atiné marang Panjenangané. Yésus
banjur ngandika marang wong-wong
mau, "Kang jenengé nabi iku ana ing
ngendi-endi kajèn, kajaba ana ing papan
asalé lan ing omahé dhéwé."

58 Mulané Panjenengané ora nindakaké
mukjijat akèh ana ing kono, jalaran saka
anggoné padha ora pracaya iku.

14 1 Nalika samana Hérodès, raja-
wilayah, midhanget pawarta bab
Yésus,
2 banjur ngandika marang para abdiné,
"Iku Yohanes Pambaptis; wus wungu
saka ing antarané wong mati, mulané
pangwasa kang ngéram-éramaké iku
makarya ana ing Panjenengané kaya
mangkono."
3 Amarga Hérodès pancèn biyèn wus
dhawuh nyepeng Yohanes, banjur
dibesta lan dilebokaké ing pakunjaran,
gegayutan karo lelakoné Hérodias,
garwané Filipus, sadhèrèké.
4 Jalaran Yohanes ngèngetaké Herodès,
"Mboten kénging panjenengan mundhut
garwa Hérodias!"
5 Sanadyan Hérodès kagungan karsa
nyédani Yohanes, nanging ajrih karo
wong akèh, amarga iku padha nganggep
nabi marang panjenengané.
6 Éwadéné bareng pinuju wiyosané
Hérodès, putriné Hérodias, mbeksa ana
ing satengahing pahargyan, nengsemaké
panggalihé Hérodès,

7 nganti Hérodès nglairaké sumpah
bakal maringi apa baé, sing disuwun.
8 Wasana, marga saka wus diajani
ingkang ibu, putri mau banjur munjuk,
"Keparenga kula nyuwun sirahipun
Yohanes Pambaptis wonten ing ngriki,
linambaran baki."
9 Raja dadiné sungkawa panggalihé,
nanging marga saka wus supaos lan
marga saka anané para tamu, banjur
dhawuh maringaké,
10 sarta utusan nigas janggané Yohanes
ana ing pakunjaran
11 lan mustakané digawa ana ing talam
kapasrahaké marang putri mau, banjur
disaosaké marang ibuné.
12 Sawusé iku para sakabaté Yohanes
tumuli teka ngukup layoné, disarèkaké,
banjur padha lunga ngaturaké pawartané
marang Yésus.
13 Bareng Yésus midhanget pawarta iku,
banjur tindak sumingkir saka ing kono,
nitih prau, arep miyambak menyang
panggonan kang sepi. Nanging bareng
wong golongan padha krungu bab iki,
tumuli padha nusul, lumaku ing dharatan
saka ing kutha-kuthané.

14 Nalika Panjenengané minggah ing
dharatan, lan pirsa wong golongan kang
akèh banget cacahé, panggalihé trenyuh
marga saka welasé marang wong-wong
mau. Panjenengané banjur marasaké
sing padha lara.
15 Soréné para sakabaté padha sowan
ing ngarsané lan matur, "Panggénan
punika sepi tur wancinipun sampun
lungsé. Pramila tiyang kathah punika
Panjenengan parengaken supados sami
késah dhateng dhusun-dhusun tumbas
tedha piyambak-piyambak."
16 Nanging Yésus ngandika marang para
sakabat, "Ora usah padha lunga, kowé
baé padha mènèhana mangan."
17 Unjuké para sakabat, "Ing ngriki
kawula sami mboten gadhah punapa-
punapa, kejawi roti gangsal lan ulam
toya kalih."
18 Dhawuhé Yésus, "Gawanen mréné,
wènèhna Aku."
19 Panjenengané banjur paring dhawuh
marang wong golongan supaya padha
linggih ana ing pasuketan. Lan sawisé
nampani roti lima karo iwak loro
mau, Yésus banjur tumenga ing langit
ndedonga nyuwun berkah, tumuli

nyuwil-nyuwil roti lima karo iwak loro
mau, diparingaké marang para sakabat,
lan para sakabat banjur padha ngedum
marang wong golongan mau.
20 Kabèh banjur padha mangan nganti
wareg. Sawisé mangkono wong-wong
nuli padha ngumpulaké cuwilan-cuwilan
turahané nganti rolas wakul kebak,
21 sing mèlu mangan mau cacahé wong
lanang kira-kira limang èwu, iku wong
wadon lan bocah-bocah ora kapétung.
22 Sawisé iku Yésus banjur meksa
marang para sakabaté, supaya padha
nunggang prau, ndhisiki tindaké
menyang sabrang, déné wong golongan
padha kadhawuhan mulih.
23 Bareng wong golongan wis padha
kadhawuhan mulih, Yésus banjur
minggah ing gunung piyambakan, arep
ndedonga. Bengi iku Panjenengané
piyambakan baé ana ing kono.
24 Nalika iku lakuné prauné para
sakabat wis sawatara stadi saka pinggir
lan lagi montang-manting katempuh ing
ombak, amarga anginé nampek.
25 Bareng wayah giliraning rondha
kaping pat Yésus tindak nusul para
sakabaté, tindaké napak ing sagara.

26 Nalika para sakabat weruh
Panjenengané tindak ing sandhuwuring
banyu iku, padha kagèt lan alok, "Ana
memedi!" banjur padha jerit-jerit, marga
saka wediné.
27 Nanging Yésus tumuli ngandika
marang para sakabat, dhawuhé, "Padha
ditatag atimu! Iki Aku, aja wedi!"
28 Pétrus banjur munjuk marang
Panjenengané kalawan mbengok,
"Gusti, manawi saèstu Panjenengan,
mugi andhawuhana kawula murugi
Panjenengan kaliyan napak ing
sanginggiling toya."
29 Panjenengané banjur dhawuh,
"Mrénéa!" Pétrus banjur mudhun saka
ing prau, lumaku napak ing banyu,
marani Yésus.
30 Nanging bareng kena angin gedhé,
banjur wedi, satemah wiwit ambles,
tumuli mbengok, "Gusti, nyuwun
tulung!"
31 Yésus énggal-énggal mulung astané,
nyepeng Pétrus sarta ngandika, "Hé,
wong kang cupet ing pangandel, yagéné
kowé mangu-mangu?"
32 Banjur padha munggah ing prau,
anginé tumuli mendha.

33 Wong saisiné prau padha sujud ana
ing ngarsané lan matur, "Panjenengan
punika saèstu Putranipun Allah."
34 Sawisé nyabrang, padha mentas ana
ing Genesarèt.
35 Bareng wong-wong ing panggonan
kono wis padha ora pangling marang
Yésus, banjur padha awèh weruh marang
sawewengkon kono kabèh. Wong-wong
banjur padha ngirid sakèhing wong lara,
digawa marang ngarsané.
36 Kalawan matur, keparenga mung
ndemèk gombyoking jubahé waé, déné
sapira kang ndemèk jubahé, padha dadi
waras.

15 1 Sawisé iku banjur ana para Farisi
lan ahli Torèt sawatara saka ing
Yérusalèm kang padha marek marang
ngarsané Yésus sarta matur,
2 "Punapa sababipun, déné sakabat
Panjenengan kok sami nerak adat-tata-
caranipun para leluhur kita? Manawi
badhé nedha kok sami mboten wisuh
tangan rumiyin?"
3 Nanging Panjenengané paring
wangsulan marang wong-wong mau,
pangandikané "Yagéné kowé kok uga
padha nerak angger-anggeré Allah

kanggo nuhoni adat-tata-caramu
dhéwé?
4 Sabab Allah ngandika: Sira ngajènana
bapa biyungira; lan manèh: Sing sapa
ngipat-ipati bapa utawa biyungé kudu
mati.
5 Éwadéné kandhamu: sing sapa
kandha marang bapa utawa biyungé:
Punapa ingkang maédahi tumraping
panjenengan ingkang mesthinipun kula
aturaken, punika sampun kanggé kurban
pisungsung,
6 lah wong iku banjur wis ora kuwajiban
ngajèni bapakné utawa biyungé manèh.
Dadiné kowé wis ngorakaké pepakoning
Allah kanggo nuhoni adat-tata-caramu
dhéwé.
7 Hé, wong lamis, cèples temen
pamecané Yésaya tumrap kowé:
8 Bangsa iki anggoné ngluhuraké Ingsun
kanthi lambéné, déné atiné adoh karo
Ingsun.
9 Tanpa guna anggoné padha ngabekti
marang Ingsun, déné piwulang kang
diwulangaké iku pepakoning manungsa."
10 Yésus banjur nimbali wong golongan,
kang dipangandikani mangkéné,

11 "Padha ngrungokna lan mangertia:
Kang njemberi wong iku dudu kang
mlebu ing cangkem, nanging kang metu
saka ing cangkem, iku kang njemberi
wong."
12 Ing nalika iku para sakabaté padha
marek ing ngarsané lan munjuk,
"Punapa Panjenengan pirsa, bilih para
Farisi sareng mireng pangandika punika
wau lajeng sami serik manahipun?"
13 Panjenengané paring wangsulan,
"Sadhéngaha thethukulan kang dudu
tanemané Ramaku ing swarga iku bakal
kabedhol saoyod-oyodé.
14 Jarna baé wong-wong iku, iku
wong picak nuntun padha wong picak.
Yèn wong picak nuntun wong picak,
loro-loroné mesthi padha kecemplung
ing luwangan."
15 Pétrus tumuli munjuk marang
Panjenengané, "Pasemon punika mugi
Panjenengan terangaken."
16 Panjenengané banjur ngandika, "Dadi
kowé iya padha durung mangerti?
17 Apa kowé padha ora mangerti, yèn
samubarang kang lumebu ing cangkem,
iku parané menyang weteng banjur
dibuwang ing pakiwan?

18 Nanging samubarang kang metu saka
ing cangkem iku asalé saka ing ati sarta
iya iku kang njemberi marang wong.
19 Amarga saka ing ati iku kawetu
pikiran kang ala, gawé pepati, laku jina,
cabul, nyenyolong, sumpah palsu lan
pitenah.
20 Lah iya iku kang gawé jembering
wong. Nanging mangan ora nganggo
wisuh iku ora njemberi wong."
21 Yésus banjur jengkar saka ing kono
tindak menyang wilayahé Tirus lan
Sidon.
22 Tumuli ana wong Kanaan saka
ing jajahan kono kang teka kanthi
nguwuh-uwuh, "Dhuh, Gusti, tedhakipun
Daud, mugi melasi kawula, anak kawula
èstri kapanjingan dhemit, mesakaken
sanget."
23 Nanging Panjenengané ora maringi
wangsulan babar pisan. Para sakabaté
padha marek lan nyuwun marang
Panjenengané, unjuké, "Tiyang
punika kadhawuhana késah, déné kok
ngetutaken kita kaliyan bengok-bengok."
24 Panjenengané banjur paring
wangsulan, pangandikané, "Aku mung

kautus marani wedhus-wedhus Banisraèl
kang padha ilang."
25 Nanging wong wadon mau banjur
marek lan sujud marang Panjenengané
sarta matur, "Dhuh, Gusti, nyuwun
tulung!"
26 Nanging Panjenengané paring
wangsulan, pangandikané, "Ora becik,
wong njupuk rotiné bocah-bocah banjur
diuncalaké marang asu."
27 Atur wangsulané wong wadon mau,
"Kasinggihan Gusti, nanging segawon
rak inggih sami nedha cuwil-cuwilan
ingkang dhawah saking méjaning
bendaranipun."
28 Ing kono Yésus tumuli paring
wangsulan, pangandikané, "Hèh, wong
wadon, gedhé pangandelmu, mulané
katekana apa kang dadi karepmu." Wiwit
nalika iku uga, anaké wong wadon mau
dadi waras.
29 Yésus sawisé jengkar saka
papan kono, banjur tindak menyang
sapinggiring sagara Galiléa lan minggah
redi, tumuli lenggah ing kono.
30 Banjur ana wong golongan kang
padha gumrudug marek ing ngarsané
nggawa wong lumpuh, wong pincang,

wong picak, wong bisu lan liya-liyané
akèh, padha kaaturaké ing ngarsané
Yésus, lan Panjenengané banjur
marasaké wong mau kabèh.
31 Satemah wong golongan padha
kaéraman ndeleng wong bisu padha
guneman, wong pincang padha waras,
wong lumpuh padha lumaku, wong picak
bisa ndeleng, lan kabèh banjur padha
ngluhuraké Allahé Israèl.
32 Sawusé iku Yésus tumuli nimbali
para sakabaté, padha dipangandikani
mangkéné, "Atiku trenyuh banget saka
welasku marang wong golongan iki. Wis
telung dina anggoné padha ngetutaké
Aku, mangka padha ora duwé apa kang
kena dipangan. Aku ora bakal akon mulih
wong-wong iku, kanthi padha kaluwèn,
gèk-gèk padha ambruk ana ing dalan."
33 Para sakabaté banjur padha munjuk
marang Panjenengané, "Wonten ing
papan ingkang sepi punika saking pundi
kita angsal roti ingkang kathah, ngantos
nuwuki tiyang kathah ingkang samanten
cacahipun?"
34 Pangandikané Yésus marang para
sakabat, "Kowé padha duwé roti pira?"

"Pitu," atur wangsulané para sakabat,
"sarta wonten ulam alit-alit sawatawis."
35 Yésus banjur dhawuh marang wong
golongan iku, supaya padha lungguh ing
lemah.
36 Sawisé mangkono Panjenengané
banjur mundhut roti pitu lan iwak-iwak
mau, sawisé saos sokur, banjur padha
dicuwil-cuwil lan diparingaké marang
para sakabat, sarta para sakabat padha
ngedum marang wong golongan.
37 Wong kabèh banjur padha mangan
nganti wareg. Sawisé mangkono
turahané diklumpukaké, nganti dadi
pitung kranjang kebak.
38 Anadéné kang mangan wong patang
èwu cacahé, mung wong lanang baé, ora
kapétung wong wadon lan bocah-bocah.
39 Sawisé dhawuh marang wong
golongan, supaya padha mulih.
Panjenengané banjur nitih prau tindak
menyang wilayah Magadan.

16 1 Para Farisi lan Saduki padha
marek arep nyoba marang Yésus.
Wong-wong iku padha nyuwun marang
Panjenengané, supaya ngatingalaké
pratandha saka ing swarga.

2 Panjenengané paring wangsulan
marang wong-wong iku, pangandikané,
"Ing wayah soré kowé kandha, ‘Iki bakal
terang’, marga langité abang sumilak;
3 lan ing wayah ésuk kowé kandha,
‘Dina iki ora becik’, marga langité abang
surem. Kowé bisa mbédakaké rupaning
langit, nanging tandha-tandhaning
jaman ora ngerti.
4 Golongan kang ala lan ora setya iki
njaluk pratandha, nanging bakal ora
kaparingan, kajaba mung pratandhané
Nabi Yunus." Panjenengané banjur
tindak nilar wong-wong mau.
5 Nalika para sakabat padha nyabrang
sagara, padha lali ora nggawa roti.
6 Yésus ngandika marang para sakabat,
"Padha diawas, padha kang waspada
marang raginé para Farisi lan Saduki!"
7 Para sakabat padha rerembugan bab
pangandika iku, pangucapé, "Anggoné
ngandika mangkono iku rak marga kita
padha ora sangu roti."
8 Bareng Yésus pirsa apa sing padha
dirembug iku, tumuli ngandika, "Yagéné
kowé padha rerembugan bab ora ana
roti, hé, wong kang cupet ing pangandel?

9 Apa kowé durung padha mangerti?
Apa padha ora kèlingan bab roti lima
kanggo wong limang èwu lan pirang
kranjang sing kokklumpukaké?
10 Mangkono uga bab roti pitu kanggo
wong patang èwu lan pirang kranjang
kang kokklumpukaké?
11 Kepriyé ta déné kowé kok padha ora
mangerti, yèn kang dakkarepaké iku
dudu roti. Nanging padha diwaspada
marang raginé para Farisi lan Saduki!"
12 Ing kono para sakabat lagi padha
mangerti, yèn dhawuhé Gusti iku mau,
ora supaya waspada marang ragining
roti, nanging marang piwulangé para
Farisi lan Saduki.
13 Bareng Yésus rawuh ing wilayah
Kaisaréa Filipi, banjur ndangu marang
para sakabaté, "Wong-wong ngarani,
Putraning Manungsa iku sapa?"
14 Atur wangsulané para sakabat,
"Wonten ingkang cariyos: Yohanes
Pambaptis, wonten ugi ingkang mastani:
Élia; wonten malih ingkang mastani:
Yérémia utawi salah satunggaling nabi."
15 Panjenengané banjur ndangu,
"Nanging kowé dhéwé padha ngarani
Aku iki sapa?"

16 Déné Simon Pétrus ngaturi
wangsulan, aturé, "Paduka punika
Mésias, Putranipun Allah ingkang
gesang!"
17 Nanggapi aturé Pétrus, Yésus banjur
ngandika, "Rahayu kowé! Simon anaké
Yunus, amarga kang medharaké marang
kowé iku dudu manungsa, nanging
Ramaku kang ana ing swarga.
18 Lan Aku dhawuh marang kowé:
Kowé iku Pétrus, lan ing sandhuwuring
watu karang iki, Aku bakal mbangun
pasamuwanku, lan pangwasané alam
pati ora bakal ngalahaké.
19 Kowé bakal dakpasrahi soroging
Kraton Swarga. Apa kang koktalèni
ana ing donya bakal katalènan ana ing
swarga, lan apa kang kokuculi, bakal
kauculan ana ing swarga."
20 Panjenengané banjur ngawisi para
sakabaté, supaya ora ngandhakaké
marang sapa baé, yèn Panjenengané iku
Kristus.
21 Wiwit nalika iku Yésus mratélakaké
marang para sakabaté, yèn
Panjenengané kudu tindak menyang
Yérusalèm, lan bakal nandhang sangsara
warna-warna marga saka panggawéné

para pinituwa, para pangareping imam
lan para ahli Torèt sarta banjur disédani,
lan ing telung dinané kawungokaké.
22 Nanging Pétrus narik Panjenengané,
karo munjuk, "Gusti, mugi Gusti Allah
nebihaken bab punika! Sampun pisan-
pisan Gusti ngantos kataman ingkang
makaten punika."
23 Nanging Panjenengané banjur
méngo sarta ngandika marang Pétrus,
"Hé, sétan, sumingkira. Kowé iku dadi
sandhunganku, sabab kowé ora mikir
apa kang kagalih déning Allah, nanging
mung manut pikiraning manungsa."
24 Yésus banjur ngandika marang para
sakabaté, "Menawa ana wong kang arep
ngetut-buri Aku, iku nyingkura awaké
dhéwé sarta manggula salibé lan mèlua
Aku.
25 Amarga sing sapa kumudu-kudu
nylametaké nyawané, iku bakal kélangan
nyawané, nanging kang kélangan
nyawané marga saka Aku, iku bakal
nemu.
26 Apa gunané wong olèh donya iki
kabèh, yèn kélangan nyawané? Lan apa
kang bakal dipasrahaké minangka ijolé
nyawané?

27 Awit Putraning Manungsa bakal
rawuh ngagem kamulyané Ingkang
Rama, ginarebeg ing para malaékaté;
ing nalika iku Panjenengané bakal
ngganjar marang sawiji-wijining wong
manut panggawéné.
28 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Wong-wong kang padha ana ing kéné
iki ana kang ora bakal padha mati,
sadurungé weruh Putraning Manungsa
rawuh ing Kratoné."

17 1 Nem dina sawisé iku Yésus
ngajak Pétrus lan Yakobus sarta
Yokanan saduluré, miggah ing gunung
kang dhuwur, prelu miyambak.
2 Panjenengané banjur katon santun
cahya ana ing ngarepé para sakabat
mau, pasuryané mancorong kaya
srengéngé, sarta pangagemané putih
sumorot.
3 Tumuli padha dikatingali Musa lan
Élia, kang padha ngandikan karo
Panjenengané.
4 Pétrus banjur matur marang Yésus,
"Gusti, iba saénipun, bilih kawula
sadaya wonten ing ngriki. Manawi Gusti
marengaken, kawula badhé damel tarub
tiga, satunggal kagem Gusti, satunggal

kagem Musa saha satunggalipun malih
kagem Élia."
5 Sajroné lagi matur, dumadakan
ana méga padhang kang ngayomi
wong golongan, sarta banjur ana
swara kaprungu saka sajroning méga,
pangandikané, "Iki Putraningsun,
kang kinasih, kang damel renaning
penggalihingsun. Iku sira rungokna!"
6 Krungu kang mangkono iku para
sakabat padha sumungkem ing bumi lan
banget wediné.
7 Yésus banjur nyelak njawili para
sakabaté, sarta ngandika, "Padha
ngadega, aja wedi."
8 Lan bareng padha melèk, mandeng
mendhuwur, para sakabat padha
ora weruh sapa-sapa, kajaba mung
Panjenengané, Yésus piyambak, ora ana
wong liyané manèh.
9 Nalika padha mudhun saka ing
gunung, Yésus paring piweling marang
para sakabaté mau, pangandikané,
"Tetingalan iku mau aja kokkandhak-
kandhakaké marang sapa baé, nganti
Putraning Manungsa kawungokaké saka
ing antarané wong mati."

10 Para sakabaté tumuli padha matur
pitakon, "Manawi makaten, punapaa
déné para ahli Torèt sami cariyos, bilih
Élia pinasthi rawuh rumiyin?"
11 Panjenengané paring wangsulan,
"Pancèn Élia bakal teka mbenakaké
samubarang kabèh,
12 nanging Aku pitutur marang kowé:
Élia wis teka, mung baé wong-wong ora
wanuh marang wong iku, malah digawé
sawenang-wenang. Mangkono uga
Putraning Manungsa iya bakal nandhang
sangsara marga saka panggawéné
wong-wong mau."
13 Nalika iku para sakabaté padha
mangerti, yèn kang kapangandikakaké
iku Yohanes Pambaptis.
14 Bareng wis padha bali tekan
panggonané wong golongan, ana wong
kang marek sujud ing ngarsané Yésus,
15 lan matur, "Gusti, anak kawula mugi
Panjenengan welasi. Piyambakipun
sakit ayan, lan sangsara sanget. Asring
dhawah ing latu lan inggih asring dhawah
ing toya.
16 Sampun kawula bekta dhateng
ngajenging para sakabat Panjenengan,

nanging sami mboten saged
nyarasaken."
17 Yésus banjur ngandika, "Hé, golongan
kang ora duwé pangandel lan kang
keblinger, nganti pira lawasé anggonku
isih kudu tetunggalan karo kowé kabèh?
Nganti pira lawasé anggonku isih kudu
tahan ana ing antaramu? Bocahé
gawanen mréné!"
18 Yésus banjur nggertak dhemité
klawan sereng, satemah metu saka ing
bocah iku lan wiwit nalika iku bocahé
dadi waras.
19 Para sakabat tumuli padha marek
marang ngarsané Yésus lan bareng wis
karo Panjenengané piyambakan, banjur
padha matur, "Punapa sababipun déné
kawula sami mboten saged nundhung
dhemit wau?"
20 Panjenengané banjur ngandika,
"Jalaran kowé padha kurang
pangandelmu. Sabab satemené
Aku pitutur marang kowé: Saupama
kowé duwé pangandel sawiji sawi baé,
kowé bisa akon gunung: Sumingkira
saka ing kéné mrana. Gunungé iku
mesthi ngalih, sarta ora ana barang kang
mokal tumraping kowé.

21 [Jinis iki ora bisa katundhung yèn ora
sarana ndedonga lan pasa]."
22 Nalika padha ngumpul ana ing
Galiléa, Yésus ngandika marang para
sakabat, "Putraning Manungsa bakal
dipasrahaké marang tangané manungsa,
23 sarta bakal padha nyédani
Panjenengané lan ing telung dinané
Panjenengané bakal kawungokaké." Para
sakabat banjur padha susah banget.
24 Bareng padha lumebu ing
Kapèrnaum, para juru-mupu-pajegé
Padaleman Suci padha marani Pétrus
lan calathu, "Guru, Panjenengan punapa
mboten asok paos Padaleman Suci kalih
drakhma?"
25 Wangsulané Pétrus, "Inggih asok!"
Nalika Pétrus lumebu ing omah,
Yésus ngrumiyini kalawan ndangu,
"Simon, panemumu kepriyé? Sapa sing
dipundhuti béya utawa pajeg déning
para raja ing donya iki, para rakyaté apa
wong manca?"
26 Aturé Pétrus, "Tiyang manca!"
Yésus ngandika marang Pétrus, "Dadiné
rakyaté ora.
27 Nanging supaya aku kabèh aja dadi
sandhungan tumrap wong-wong iku,

kowé mancinga menyang sagara. Iwak
kang kena kokpancing dhisik dhéwé
iku cekelen, angapna cangkémé, kowé
bakal nemu dhuwit patang drakhma ana
ing jeroné.Jupuken bayarna marang
wong-wong iku, kanggo Aku lan kowé."

18 1 Ing nalika iku para sakabat
padha marek ing ngarsané Yésus
lan matur pitakon, "Sinten ta ingkang
pinunjul wonten ing Kratoning Swarga
punika?"
2 Yésus banjur nimbali bocah cilik
siji, diadegaké ana ing satengahé para
sakabat,
3 lan ngandika, "Satemené Aku pitutur
marang kowé: Menawa kowé ora
mratobat lan dadi kaya bocah cilik iki,
kowé ora bakal lumebu ing Kratoning
Swarga.
4 Dadi sing sapa ngesoraké awak lan
dadi kaya bocah cilik iki, yaiku kang
pinunjul ana ing Kratoning Swarga.
5 Karodéné sing sapa nampani bocah
pepadhané iki atas saka jenengku, iku
Aku kang ditampani.
6 Nanging sing sapa dadi sandhungan
tumrap salah sijiné bocah cilik saka ing
antarané bocah-bocah cilik iki, kang

pracaya marang Aku, iku luwih becik
dikalungi watu panggilingan banjur
dicemplungaké ing sagara baé.
7 Bilai jagat karana sakèhing
sesandhungané. Sandhungan iku
pancèn kudu ana, nanging bilai wong
kang njalari tekané.
8 Menawa tanganmu utawa sikilmu dadi
sandhungan tumrap kowé, kethoken
lan buwangen, amarga luwih becik
tumraping kowé, urip kanthi tangan
kuthung utawa buntung, katimbang
karo tanganmu lan sikilmu karo-karoné
wutuh nanging kacemplungaké ing geni
langgeng.
9 Sarta menawa mripatmu dadi
sandhungan tumrap kowé, cuplaken lan
buwangen saka ing awakmu, amarga
luwih becik tumrap kowé lumebu
ing urip kalawan pécé katimbang
kacemplungaké ing geni naraka kalawan
ganep mripatmu.
10 Poma, aja nganti ngrèmèhaké
salah sijiné bocah saka ing antarané
bocah-bocah cilik iki. Amarga Aku
pitutur marang kowé: Malaékaté ing
swarga tansah padha mandeng marang
pasuryané Ramaku kang ana ing swarga.

11 [Déné rawuhé Putraning Manungsa
iku prelu nylametaké kang ketriwal]."
12 "Panemumu kepriyé? Menawa ana
wong duwé wedhus satus, banjur
ana siji kang ketriwal, apa ora bakal
ninggal sing sangang puluh sanga ana
ing pagunungan tumuli lunga nggolèki
wedhus kang ketriwal mau?
13 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Menawa bisa ketemu, kabungahané
tumrap wedhus sing siji iki ngluwihi
katimbang wedhus sangang puluh sanga
kang ora ketriwal.
14 Mangkono uga dudu karsané
Ramamu kang ana ing swarga, yèn salah
siji bocah saka ing antarané bocah-bocah
cilik iki ilang."
15 "Menawa sadulurmu gawé dosa,
paranana lan élingna dhedhèwèkan.
Menawa nggugu marang kandhamu, iku
tegesé kowé wus ngentas sadulurmu.
16 Déné yèn ora nggugu, kowé ngajaka
wong siji utawa loro engkas, supaya
marga saka katrangané seksi loro utawa
telu, prakarané banjur rampung.
17 Éwadéné yèn ora gelem manut,
aturna marang pasamuwan. Lan yèn
meksa ora manut karo pasamuwan,

anggepen wong kang ora wanuh marang
Allah utawa juru-narik-pajeg.
18 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Samubarang kang koktalèni ana ing
donya iku bakal katalènan ana ing
swarga lan apa kang kokuculi ana
ing donya iku bakal kauculan ana ing
swarga.
19 Lan manèh Aku pitutur marang kowé:
Menawa panunggalanmu ing donya ana
wong loro kang saiyeg nyuwun apa baé,
panyuwuné iku bakal dikabulaké déning
Ramaku kang ana ing swarga.
20 Sabab ing ngendi ana wong loro
utawa telu padha nglumpuk kalawan
nganggep marang jenengku, ing kono
Aku ana ing tengahé."
21 Sawisé iku Pétrus nuli marek lan
munjuk marang Panjenengané, "Gusti,
manawi sadhèrèk kawula gadhah
kalepatan dhateng kawula, ngantos
kaping pinten anggèn kawula kedah
ngapunten? Punapa ngantos kaping
pitu?"
22 Yésus paring wangsulan, "Aku pitutur
marang kowé: Aja mung ping pitu,
malah ngantia kaping pitung puluh ping
pitu.

23 Kang iku bab Kratoning Swarga kena
kaupamakaké kaya raja kang karsa
étang-étangan karo abdiné.
24 Bareng wiwit étang-étangan, ana
wong siji kang duwé utang saleksa
talènta kasowanaké.
25 Sarèhné wong iku ora bisa ngesahi
utangé, rajané banjur dhawuh, supaya
wong iku dalah anak-bojoné lan sakèhé
barang-darbèké padha didoli kanggo
nglunasi utangé.
26 Abdi mau tumuli sumungkem sujud
ana ing ngarsané raja lan munjuk: Dhuh,
Gusti, mugi wontena kasabaran dhateng
kawula, sedaya sambutan kawula badhé
kawula lunasi.
27 Rajané trenyuh ing galih marga saka
welasé marang abdi iku, mulané abdiné
banjur diluwari, utangé dililakaké.
28 Nanging saunduré abdi mau banjur
kepethuk karo kanca abdi liyané kang
utang marang abdi iku satus dinar,
tumuli dicekel lan ditekak guluné,
calathuné: Utangmu sauren!
29 Kanca abdi mau banjur sumungkem
kanthi ngucap: Kula aturi sabar rumiyin,
sambutan kula badhé kula lunasi.

30 Nanging kang motangaké ora
ngrèwès, malah kancané mau banjur
kapasrahaké marang pakunjaran nganti
salunasé utangé.
31 Bareng kanca-kancané padha déné
abdi weruh apa kang kalakon, temah
padha banget sedhihé, banjur padha
marek marang gustiné, nglapuraké
kabèh apa kang wis kelakon.
32 Gustiné nuli dhawuh nimbali wong
mau sarta banjur dipangandikani: Hé,
abdi kang ala, utangira kang semana
akèhé wus sunlilakaké kabèh, marga sira
matur memelas marang Ingsun.
33 Apa sira ora wajib melasi marang
kancanira padha déné abdi, kayadéné
Ingsun iya wus melasi marang sira?
34 Gustiné duka banget. Abdi mau
banjur kapasrahaké marang juru
panyiksa, nganti sapundhaté utangé
kabèh.
35 Samono uga Ramaku kang ana ing
swarga iya bakal tumindak mangkono
tumraping kowé, menawa kowé siji
lan sijiné ora gelem ngapura marang
kaluputané sadulurmu kanthi trusing
ati."

19 [1] Bareng Yésus wis mungkasi
pangandika iku mau,
Panjenengané banjur tindak saka
Galiléa menyang wilayah Yudéa ing
sabrangé Yardèn.
[2] Wong golongan padha gumrudug
ndhèrèkaké tindaké, Panjenengané nuli
nyarasaké wong-wong iku ana ing kono.
[3] Para Farisi banjur marek ing ngarsané,
sumedya nyoba Panjenengané, aturé,
"Tiyang punapa dipun parengaken megat
sémahipun awit saking sadhèngaha
sabab?"
[4] Panjenengané paring wangsulan,
"Apa kowé padha ora maca, yèn Kang
Nitahaké anggoné nitahaké manungsa
wiwit wiwitan mula wus arupa lanang lan
wadon?
[5] Lan pangandikané: Mulané wong
lanang iku kudu ninggal bapa-biyungé
sarta banjur manunggal karo rabiné,
temah loro-loroné dadi daging siji.
[6] Mulané wus mari dadi loro, mung
daging siji. Awit saka iku, apa kang
wis katunggilaké déning Allah, aja ana
manungsa kang misahaké."
[7] Para Farisi mau nuli munjuk marang
Panjenengané, "Manawi makaten,

punapaa déné Musa dhawuh supados
nyukani serat pegat manawi megat
sémahipun?"
8 Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong iku, "Marga saka
wangkoting atimu, Musa marengaké
kowé megat bojomu, nanging wiwitan
mula ora mangkono.
9 Malah Aku pitutur marang kowé: Sing
sapa megat rabiné, kejaba jalaran saka
laku jina lan banjur rabi karo liyané, iku
dadi laku bandrèk."
10 Para sakabat tumuli padha munjuk
marang Panjenengané, "Manawi kados
makaten punika kawontenanipun tiyang
ingkang sesémahan, langkung saé
mboten émah-émah."
11 Nanging Panjenengané ngandika
marang para sakabat, "Ora kabèh wong
nyandhak marang tembungku, mung
kang wis padha kaparingan bisa ngerti.
12 Ana wong kang ora bisa omah-omah,
awit wiwit lair saka ing guwa-garbané
ibuné, kaanané wis kaya mangkono lan
ana wong kang didadèkaké mangkono
déning wong liya lan ana manèh kang
nggawé awaké dhéwé mangkono saka
karepé dhéwé marga saka Kratoning

Swarga. Sing sapa bisa ngerti, iku
mangertia."
13 Tumuli ana wong kang padha nggawa
bocah cilik-cilik marang ngarsané
Yésus, supaya ditumpangana asta sarta
didongakaké; nanging banjur padha
disrengeni déning para sakabat.
14 Nanging Yésus ngandika, "Cikbèn
bocah-bocah iku, aja kokalang-alangi
anggoné padha marek ing ngarsaku,
sabab Kratoning Swarga iku duwèké
wong-wong kang kaya mangkono iku."
15 Panjenengané nuli numpangi asta
marang bocah-bocah mau, banjur tindak
saka ing kono.
16 Lah tumuli ana wong anom marek
ing ngarsané Yésus lan matur, "Gusti,
kasaénan kados punapa ingkang kedah
kula lampahi, supados kula ngalami
gesang langgeng?"
17 Panjenengané ngandika marang
wong iku, "Apa sababé, déné kowé
takon marang Aku bab apa kang becik?
Kang becik iku mung Siji. Éwadéné
menawa kowé kepéngin lumebu ing urip,
tetepana sakèhing pepakon."
18 Unjuké wong mau, "Pepakèn ingkang
pundi?" Yésus tumuli dhawuh, "Sira aja

mematèni, sira aja laku jina, sira aja
nyenyolong, sira aja ngucapaké paseksi
goroh.
19 Sira ngajènana bapa-biyungira lan
sira tresnaa marang sapepadhanira kaya
marang awakira dhéwé."
20 Unjuké wong anom iku marang
Panjenengané, "Punika sadaya sampun
kula tetepi, kula taksih kirang punapa
malih?"
21 Yésus ngandika marang wong iku,
"Yèn kowé arep sampurna, wis lungaa,
barang darbèkmu kabèh dolana, lan
pepayoné kabèh wènèhna marang wong
miskin, satemah kowé oléh bandha ana
ing swarga, banjur mrénéa, mèlua Aku."
22 Bareng krungu pangandika kang
mangkono iku, banjur mundur kalawan
sedhih, amarga wong anom mau duwé
bandha akèh.
23 Yésus tumuli ngandika marang
para sakabaté, "Satemené Aku pitutur
marang kowé, yèn wong sugih iku angèl
banget bisané lumebu ing Kratoning
Swarga.
24 Sapisan manèh Aku pitutur marang
kowé, luwih gampang unta lumebu ing

bolonganing dom katimbang wong sugih
lumebu ing Kratoning Allah."
25 Para sakabaté bareng krungu
kang kaya mangkono iku, padha ilang
babar pisan semangaté sarta padha
ngunandika, "Yèn mangkono iku, sapa
kang bisa kaslametaké?"
26 Yésus banjur mandeng marang para
sakabat sarta ngandika, "Tumraping
manungsa bab iku mokal, nanging
mungguhing Allah samubarang kabèh
bisa kelakon."
27 Pétrus tumuli matur, unjuké, "Kawula
sadaya punika sampun sami nilar
samukawis lajeng ndhèrèk Panjenengan;
ingkang punika kawula sami badhé
angsal punapa?"
28 Yésus banjur ngandika, "Satemené
Aku pitutur marang kowé, bésuk
ing waktuning pamulihan, menawa
Putraning Manungsa lenggah ing
dhampar kamulyan, kowé kang wis
padha ndhèrèk Aku, iya bakal linggih ing
dhampar rolas sarta ngadili taler Israèl
rolas.
29 Lan saben wong kang marga saka
jenengku wus ninggal omahé, saduluré
lanang utawa wadon, bapa-biyungé,

anak-anaké apadéné palemahané, iku
bakal tampa sembulih tikel satus lan
bakal olèh warisan urip langgeng.
30 Ananging akèh pangarep kang bakal
dadi pamburi lan para pamburi bakal
dadi pangarep."

20 1 "Anadéné bab Kratoning Swarga
iku kena diupamakaké kaya
bendara kang ing wayah ésuk umun-
umun metu arep mburuhaké pagawéan
ing kebon angguré.
2 Bareng wis mupakat karo para buruh
iku bab opah sadina sedinar, bendara iku
banjur akon para buruh menyang kebon
angguré.
3 Kira-kira jam sanga bendara mau
metu manèh, nuli weruh wong-wong
kang padha nganggur ana ing pasar.
4 Tumuli kandha marang wong-wong
mau: Kowé iya padha menyanga ing
kebon anggur lan aku bakal mènèhi
kowé ing sapatuté. Wong-wong mau uga
banjur padha mangkat.
5 Kira-kira jam rolas lan jam telu awan
metu manèh lan iya nindakaké kaya ing
ngarep mau.
6 Lan watara jam lima soré iya metu
manèh sarta mrangguli wong-wong

liyané kang padha nganggur, banjur
kandha marang wong-wong iku: Yagéné
kowé padha nganggur ana ing kéné
sadina muput tanpa gawéan?
7 Wangsulané wong-wong marang
bendara mau: Awit mboten wonten
tiyang ingkang mberahaken padamelan
dhateng kula. Wong iku tumuli
dikandhani: Kowé iya padha menyanga
ing kebon anggurku.
8 Bareng wus surup sing duwé kebon
anggur kandha karo mandhoré: Buruh-
buruh mau padha undangen, padha
wènèhana buruhané, wiwit sing mlebu
kèri dhéwé nganti tekan sing mlebu
dhisik dhéwé.
9 Wong-wong kang kira-kira jam lima
wiwit nyambut-gawé padha teka, lan
diopahi nyadinar.
10 Sawusé iku kang mlebuné ésuk
dhéwé padha mara, iku padha ngira
bakal tampa opah luwih akèh, mangka
iku iya tampa sedinar wong siji.
11 Nalika padha nampani opahé, padha
protès marang kang duwé kebon anggur.
12 Tembungé: Tiyang-tiyang punika
mlebetipun kantun piyambak, dados
namung nyambut-damel sajam, mangka

lajeng panjenengan damel sami kaliyan
kula ingkang nyambut-damel awrat
sadinten muput saha sami kebentèren.
13 Nanging kang duwé kebon anggur
mangsuli marang wong mau: Aku rak
ora luput karo kowé. Kowé karo aku rak
wis padha mupakat nyadinar sadina?
14 Tampanana bagéanmu, banjur
lungaa. Iki wis dadi karepku mènèhi
wong kang mlebu kèri dhéwé padha karo
kowé.
15 Apa aku ora wenang nindakaké apa
kang dakkarepaké nganggo duwèkku
dhéwé? Utawa, apa kowé mèri, déné aku
iki loma?
16 Iya kaya mangkono iku, kang dadi
pamburi bakal dadi pangarep lan kang
dadi pangarep bakal dadi pamburi."
17 Nalika Yésus arep tindak menyang
Yérusalèm, Panjenengané nimbali
sakabat rolas ndhéwé sarta ana ing
dalan Panjenengané ngandika marang
para sakabat iku,
18 "Lah, Aku lan kowé padha menyang
Yérusalèm lan Putraning Manungsa bakal
diulungaké marang para pangarepé
imam lan para ahli Torèt; wong iku

bakal nibakaké paukuman pati marang
Panjenengané,
19 sarta masrahaké Panjenengané
marang wong-wong kang ora wanuh
marang Allah, supaya dipoyoki lan
disapu banjur disalib, sarta ing telung
dinané bakal kawungokaké."
20 Nuli ibuné anak-anaké Zébédéus
marek ing ngarsané Yésus karo anak-
anaké, lan kanthi sujud sarta arep
ngaturaké panyuwunan.
21 Panjenengané banjur ngandika
marang wong wadon iku, "Apa sing
kokkarepaké?" Aturé wong wadon iku,
"Gusti mugi ndhawuhaken supados
anak kawula kekalih punika mbénjing
sami linggiha ingkang satunggal wonten
ing tengen lan satunggalipun ing
kiwa Panjenengan wonten ing Kraton
Panjenengan."
22 Nanging Yésus mangsuli, "Kowé iku
padha ora ngerti kang koksuwun. Apa
kowé bisa ngombé ing tuwung, kang
kudu dakombé?" Karo-karoné padha
munjuk marang Panjenengané, "Inggih
saged."
23 Panjenengané paring pangandika
marang sakabat loro iku, "Tuwungku

pancèn bakal kokombé, nanging bab
linggih ing tengenku utawa ing kiwaku,
iku Aku ora wenang nglilani. Iku bakal
kaparingaké marang wong-wong, kang
wus cinadhang déning Ramaku."
24 Sakabat kang sapuluh, bareng
krungu kang mangkono iku, padha
nepsu marang sadulur loro mau.
25 Éwasamono Yésus banjur nimbali
marek para sakabat lan ngandika,
"Kowé padha ngerti, yèn para pangrèhé
bangsa-bangsa iku tumindaké kaya
bendara marang rakyaté, lan para
panggedé padha nindakaké pangwasa
kanthi sawenang-wenang marang kang
kabawah ing pangwasané.
26 Déné ana ing antaramu aja kaya
mangkono, nanging sapa sing ngangkah
dadi gedhé ana ing antaramu, iku dadia
peladènmu,
27 lan sing sapa kepéngin dadi pangarep
ana ing antaramu, iku dadia budhakmu.
28 Kayadéné Putraning Manungsa
rawuhé, ora supaya diladosi, nanging
supaya ngladosi sarta masrahaké
nyawané minangka tebusan kanggo
wong akèh."

[29] Nalika padha metu saka Yèrikho,
wong sagolongan gedhé padha
ndhèrèkaké Panjenengané.
[30] Ana wong picak loro linggih ing
pinggir dalan krungu yèn Yésus
langkung, banjur padha nywara sora,
"Gusti, mugi karsa melasi kawula, dhuh
Putranipun Daud!"
[31] Wong golongan banjur padha
nyendhu supaya padha meneng.
Éwasamono malah saya seru anggoné
padha nywara aturé, "Dhuh, Gusti, mugi
melasi kawula, dhuh Putranipun Daud!"
[32] Yésus banjur kèndel anggoné tindak
sarta nimbali wong loro mau, lan
ngandika, "Apa sing padha kokkarepaké
supaya daktindakaké marang kowé?"
[33] Wong loro mau ngaturi wangsulan
marang Panjenengané, "Dhuh Gusti,
supados mripat kawula sageda
sumerep."
[34] Klawan trenyuh ing galih awit saka
welasé, Panjenengané banjur ndumuki
mripaté wong loro mau, lan sanalika
padha bisa ndeleng, banjur padha
ndhèrèkaké Panjenengané.

21 [1] Bareng tindaké wis cedhak
Yérusalèm, wis tekan ing Bètfagé

ing Gunung Zaitun, Yésus banjur utusan
sakabaté loro,
2 dhawuhé marang para sakabaté
mau, "Padha menyanga ing désa
ngarepmu iku, ing kono kowé bakal
énggal mrangguli kuldi wadon kacancang
karo beloné ana ing sandhingé, padha
uculana padha gawanen mréné.
3 Déné menawa ana wong aruh-aruh
marang kowé, padha kandhaa: Gusti
kang ngarsakaké. Panjenengané bakal
énggal mbalèkaké."
4 Bab iku kalakoné supaya katetepana
apa kang kawedharaké déning nabi,
pangandikané,
5 "Tutura marang putri Sion: Delengen,
Rajanira ngrawuhi sira, alus ing
panggalih, lan klawan nitih kuldi wadon,
sarta beloning kuldi momotan."
6 Sakabat-sakabat mau banjur mangkat
lan nindakaké kaya kang kadhawuhaké
déning Yésus.
7 Kuldiné karo beloné digawa, banjur
dilarabi sandhangané. Panjenengané
tumuli nitih.
8 Wong golongan kang akèh cacahé iku
padha njèrèng panganggoné ana ing
dalan, ana maméh kang padha mecoki

pang-panging wit-witan, padha disebar
ana ing dalan.
9 Lan wong golongan kang padha
lumaku ana ing sangareping
Panjenengané lan kang lumaku
ana ing saburiné padha nguwuh-uwuh
pangucapé, "Hosana konjuk ing
Putranipun Daud, binerkahana ingkang
rawuh atas asmanipun Pangéran. Hosana
wonten ing ngaluhur."
10 Nalika Panjenengané lumebet ing
Yérusalèm, wong sakutha kabèh padha
horeg, lan padha ngucap, "Sapa ta wong
iki?"
11 Wong golongan padha mangsuli, "Iku
Nabi Yésus saka Nasarèt ing Galiléa."
12 Yésus banjur lumebet ing Padaleman
Suci sarta nundhungi wong kang padha
adol-tinuku ana ing Padaleman Suci,
méja-méjané wong juru-tukar dhuwit
lan bangku-bangkuné wong adol manuk
dara padha digolingaké,
13 Panjenengané ngandika marang
wong-wong iku, "Wus tinulis,
Padalemaningsun bakal kasebut
dalem pamujan, nanging kokdadèkaké
guwaning bégal."

14 Tumuli ana wong wuta lan wong
pincang padha marek ing ngarsané
Yésus ana ing Padaleman Suci lan
Panjenengané banjur nyarasaké wong
loro iku.
15 Éwadéné bareng para pangarepé
imam lan para ahli Torèt padha weruh
mukjijat-mukjijat kang katindakaké,
sarta bocah-bocah kang padha nguwuh-
uwuh ana ing Padaleman Suci, "Hosana
konjuk ing Putranipun Daud!", atiné
padha jèngkèl banget,
16 banjur matur marang Panjenengané,
"Panjenengan punapa mireng ingkang
dipun cariyosaken laré-laré punika?"
Yésus ngandika marang wong-wong
iku, "Iya, krungu; apa kowé durung tau
maca: Paduka sampun nyawisaken puji
lantaran cangkemipun laré-laré saha
bayi-bayi?"
17 Panjenengané banjur nilar wong-
wong mau, miyos saka kutha menyang
Bètania lan nyaré ana ing kono.
18 Ing wayah bangun ésuk nalika
wangsul menyang kutha, Yésus kraos
kerapan.
19 Bareng pirsa wit anjir ana ing pinggir
dalan, Panjenengané tumuli murugi,

nanging ora manggih apa-apa ana ing
wit iku, kajaba mung godhong thok,
banjur ngandika, "Ora bakal metu
wohmu manèh ing salawas-lawasé!"
Padha sanalika wit anjir mau dadi garing.
20 Weruh kang kaya mangkono iku para
sakabat padha kaéraman sarta munjuk,
"Kadospundi, déné wit anjir punika
lajeng dados garing sanalika?"
21 Nanging Yésus paring wangsulan
lan ngandika marang para sakabat,
"Satemené Aku pitutur marang kowé,
menawa kowé pracaya lan ora mangu-
mangu, kowé bakal ora mung nindakaké
apa kang wus kelakon tumraping wit
anjir iku, nanging malah saupama kowé
guneman marang gunung iki, ‘Kaangkata
lan kajegurna ing sagara’, iku bakal
kelakon.
22 Lan apa baé kang koksuwun ing
pandonga kalawan pracaya, kowé bakal
kaparingan."
23 Yésus lumebet ing Padaleman
Suci, lan nalika Panjenengané lagi
memulang para pangarepé imam
lan pinituwané bangsa Yahudi padha
marek ing ngarsané, lan padha matur,
"Atas pangwaos punapa Panjenengan

nindakaken sedaya punika? Saha sinten
ingkang maringi pangwaos punika
dhateng Panjenengan?"
24 Yésus paring wangsulan, "Aku iya
arep takon marang kowé lan yèn kowé
wis mangsuli Aku, Aku iya bakal kandha
marang kowé, Aku tumindak mangkono
iku atas pangwasa saka ngendi.
25 Pambaptisé Yohanes iku saka ngendi?
Saka swarga apa saka manungsa?"
Wong-wong mau banjur padha nimbang-
nimbang lan padha rembugan, "Yèn aku
padha kandha: saka swarga. Wong iku
bakal kandha: yèn mangkono yagéné
kowé ora pracaya?
26 Nanging menawa aku kandha: Saka
manungsa, aku padha wedi karo wong
golongan iku, awit wong iku kabèh
padha nganggep Yohanes iku nabi."
27 Banjur padha ngaturi wangsulan
marang Yésus, "Kula sami mboten
sumerep." Yésus tumuli ngandika
marang wong-wong mau, "Yèn
mangkono Aku iya ora kandha marang
kowé atas pangwasa saka ngendi kabèh
iku daktindakaké."
28 "Nanging kepriyé panemumu? Ana
wong duwé anak lanang loro. Wong mau

marani kang pambarep lan kandha:
Nggèr, dina iki kowé nyambuta gawé ana
ing kebon anggur.
29 Anaké mangsuli: Inggih, pak.
Nanging ora mangkat.
30 Wong mau banjur marani anaké
lanang kang angka loro sarta dikandhani
mangkono uga, nanging anaké
mangsuli: Kula mboten purun. Sawusé
iku kaduwung, nuli mangkat.
31 Anak loro mau endi sing nindakaké
karepé bapakné?" Atur wangsulané
wong-wong mau, "Ingkang kantun."
Pangandikané Yésus, "Satemené Aku
pitutur marang kowé: para juru-mupu-
béya lan para wanita tuna-susila bakal
ndhisiki kowé lumebu ing Kratoning
Allah.
32 Sabab Yohanes nekani kowé kanthi
ngambah margining Allah, nanging
kowé padha ora pracaya, mangka
para juru-mupu-béya lan para wanita
tuna-susila padha pracaya. Déné kowé
kabèh sanadyan padha weruh, ora
keduwung lan sabanjuré pracaya marang
panjenengané."
33 "Kowé padha ngrungokna pasemon
liyané. Ana sawijining bendara kang

nanduri kebon-angguré lan masang
pager ngubengi kebon-anggur iku sarta
ngedhuk jugangan pamipitan anggur
sajroné pakebonan anggur iku, apadéné
mbangun panggung pajagan, banjur
nyéwakaké keboné marang tani-tani
kang nggarap séwan, tumuli lelungan
menyang nagara liya.
34 Bareng mangsané ngundhuh wus
cedhak, bendara iku kongkonan
réwang-réwangé menyang anggoné para
kang nyéwa, njupuk pametu kang dadi
pandumané.
35 Nanging para kang nyéwa iku padha
nyekel réwang-réwangé bendara mau;
nggebugi kang siji, matèni sijiné, lan
mbenturi watu sijiné manèh.
36 Bendara iku banjur kongkonan
manèh réwang-réwang liyané, luwih
akèh katimbang kang dhisik, nanging
para kang nyéwa iku nggawé para
réwang mau padha kaya kang dhisik.
37 Wasana banjur kongkonan anaké,
celathuné: Bakal padha éring marang
anakku.
38 Nanging bareng wong-wong kang
nyéwa weruh anaké mau, banjur padha
rasanan mangkéné: Iku ahli warisé,

payo padha kita patèni lan kita padha
ndarbèni warisané.
39 Anaké mau banjur dicekel lan
diuncalaké menyang sanjabaning kebon
anggur, sarta dipatèni.
40 Mulané samangsa kang duwé
kebon anggur mau wus teka, iku bakal
nindakaké apa marang kang padha
nyéwa iku?"
41 Kang padha kadangu munjuk,
"Bendara wau badhé nyirnakaken
tiyang-tiyang duraka punika lan
nyéwakaken kebon angguripun dhateng
tiyang-tiyang sanèsipun ingkang
badhé ngladosaken pamedalipun ing
mangsanipun."
42 Yésus ngandika marang wong-wong
iku "Apa kowé durung tau maca ing Kitab
Suci mangkéné: Watu kang ditampik
déning tukang-tukang gawé omah,
iku wis dadi watu pojokan. Kadadéan
iki saka Pangéran, sarta élok ana ing
pandeleng kita.
43 Mulané Aku pitutur marang kowé,
yèn Kratoning Allah bakal kapundhut
saka ing kowé lan bakal kaparingaké
marang sawenèhing bangsa kang bakal
metokaké wohé.

44 [Lan sing sapa tiba ing watu iku, bakal
ajur mumur lan sing sapa katibanan
bakal remuk.]"
45 Bareng para pangareping imam lan
para Farisi krungu pasemon-pasemon
mau, padha rumangsa yèn Panjenengané
iku ngandika bab awaké.
46 Lan nalika padha mbudi-daya nyekel
Panjenengané, wong-wong iku padha
wedi marang wong golongan, amarga
iku padha nganggep nabi marang
Panjenengané.

22 1 Yésus tumuli medhar pangandika
manèh marang wong-wong mau
nganggo pasemon, pangandikané,
2 "Kratoning Swarga upamané kaya
ratu kang nganakaké pahargyan nikah
kanggo putrané.
3 Banjur utusan abdi-abdiné nimbali
para kang kauleman, ana ing pahargyan
iku, nanging padha ora gelem nekani.
4 Nuli utusan manèh abdi-abdi
liyané, dhawuhé: Sing padha diulemi
kandhanana mangkéné: Lah Ingsun wus
nyawisaké bujananingsun, sapiningsun
lan kéwaningsun lemon wis padha
kasembelèh, sarta samubarang wus
cumepak, padha tekaa ing pahargyan.

5 Éwadéné iku padha ora maèlu
lan lunga sumingkir. Sawenèh
menyang pategalané, sawenèh ngurusi
dagangané,
6 déné liyané padha nyekel, nganiaya
lan matèni para abdiné ratu iku.
7 Mulané ratu iku duka lan banjur
utusan wadyabalané kadhawuhan
numpes para kang gawé pepati iku lan
ngobongi kuthané.
8 Sawisé iku nuli ngandika marang para
abdiné: Bujana manton wis cumawis,
nanging wong-wong sing diulemi padha
ora pantes.
9 Mulané padha menyanga simpangan-
simpanganing dalan, lan saben wong
kang kokprangguli ing kono padha
ulemana menyang pahargyan manton
iki.
10 Para abdi tumuli padha metu
menyang dalan-dalan, padha
ngumpulaké kabèh wong kang
diprangguli, dadia wong ala, mangkono
uga wong becik, nganti papan pahargyan
manton dikebaki wong kang padha
lungguh kembul bujana.
11 Nalika ratu lumebet karsa manggihi
kang padha kembulan, panjenengané

pirsa ing kono wong siji kang ora
manganggo sandhangan pésta.
12 Panjenengané banjur ngandika
marang wong mau: Hé, kanca, kepriyé
déné kowé lumebu ing kéné ora nganggo
sandhangan pésta? Wong mau meneng
baé.
13 Raja iku banjur ngandika marang
para abdiné: Bandanen tangané lan
sikilé, nuli uncalna menyang panggonan
kang peteng dhéwé, ing kono kang bakal
ana panangis lan keroting untu.
14 Sabab akèh kang katimbalan,
nanging mung sathithik kang pinilih."
15 Para Farisi banjur lunga, ngrancang
kepriyé carané njiret Panjenengané.
16 Nuli kongkonan murid-muridé marek
marang Panjenengané bebarengan karo
wong-wong Hérodian, matur, "Guru,
kula sami sumerep, bilih Panjenengan
punika jujur saha mulang bab margining
Allah kanthi jujur, punapa déné
Panjenengan mboten preduli dhateng
sinten kémawon, amargi Panjenengan
mboten mawang tiyang.
17 Ingkang punika mugi Panjenengan
ngandika dhateng kula sadaya,
kadospundi penggalih Panjenengan,

menggah mbayar paos dhateng Kaisar
punika kénging punapa mboten?"
18 Nanging Yésus pirsa alaning sedyané
wong-wong mau, banjur ngandika,
"Yagéné kowé padha nyoba marang Aku,
hé wong-wong lamis?
19 Aku tuduhana dhuwit kang kanggo
pajeg iku!" Wong-wong mau banjur
ngaturi Panjenengané dhuwit dhinar siji.
20 Panjenengané nuli ngandika, "Iki
gambaré lan tulisané sapa?"
21 Atur wangsulané, "Gambar saha
seratanipun Kaisar." Panjenengané
banjur ngandika, "Mulané saosna
marang Kaisar apa kang dadi kagungané
Kaisar lan marang Allah apa kang dadi
kagungané Allah."
22 Bareng wong-wong mau krungu
pangandika mangkono iku padha
kaéraman, tumuli ninggal Panjenengané
lan lunga bablas.
23 Ing dina iku ana para Saduki kang
padha ngarani yèn ora ana tanginé wong
mati, padha marek ing ngarsané Gusti
Yésus lan padha matur pitakon,
24 tembungé, "Guru, Musa ngandika,
menawi wonten tiyang pejah mboten
tilar anak, sadhèrèkipun tiyang

wau mendheta wulanjaripun dados
sèmahipun, supados nyukani turun
dhateng sadhèrèkipun punika.
25 Kelampahan ing satengah kula
sadaya wonten sadhèrèk jaler pitu;
lan ingkang kapisan sasampunipun
émah-émah lajeng pejah. Sarèhné
mboten nilar anak, dados nilaraken
wulanjaripun dhateng sadhèrèkipun.
26 Makaten ugi ingkang kaping kalih
saha ingkang kaping tiga, ngantos
dumugi ingkang kaping pitu pisan.
27 Wasana sapengkeripun sadaya
punika wau ingkang èstri inggih lajeng
pejah.
28 Ingkang punika bénjing ing dinten
patangèn, tiyang pitu wau pundi
ingkang dados sémahipun tiyang èstri
punika, sadaya rak sampun naté gesang
sesarengan kaliyan piyambakipun."
29 Yésus mangsuli, pangandikané
marang wong-wong iku, "Kowé iku
padha kesasar, jalaran kowé padha
ora ngerti bab Kitab Suci lan bab
pangwasané Allah.
30 Awit bésuk ing jaman patangèn
ora ana wong kang omah-omah utawa

diomah-omahaké, nanging padha kaya
malaékat kang ana ing swarga.
31 Apadéné bab tanginé wong
mati apa kowé ora maca apa kang
kapangandikakaké marang kowé déning
Allah, nalika Panjenengané ngandika:
32 Ingsun iki Allahé Abraham, Allahé
Iskak lan Allahé Yakub? Panjenengané
iku dudu Allahé wong mati, nanging
Allahé wong urip."
33 Wong golongan kang padha
ngrungokaké, padha kaéraman ing bab
piwulangé.
34 Para Farisi bareng krungu, yèn Yésus
wis mbungkem cangkemé para Saduki,
banjur padha nglumpuk.
35 Nuli salah siji saka panunggalané
wong-wong iku, yaiku ahli Torèt,
matur pitakon kanggo nyoba marang
Panjenengané,
36 "Guru, angger-angger ing salebeting
Torèt punika ingkang ageng piyambak
ingkang pundi?"
37 Panjenengané ngandika marang
wong iku, "Sira tresnaa marang
Pangéran Allahira kalawan gumolonging
atinira, lan gumolonging nyawanira,
sarta gumolonging budinira.

38 Yaiku angger-angger kang gedhé lan
luhur dhéwé.
39 Déné angger-angger kang kapindho
kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa
ing sapepadhanira dikaya marang
awakira dhéwé.
40 Kabèh isining Torèt lan kitabé para
nabi iku gumantung ing angger-angger
loro mau."
41 Nalika para Farisi lagi padha
nglumpuk, Yésus ndangu marang
wong-wong mau, pangandikané,
42 "Kepriyé panemumu bab Kristus? Iku
tedhaké sapa?" Wangsulané kang padha
kadangu, "Tedhakipun Daud."
43 Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong iku, "Yèn mangkono,
kepriyé déné Daud marga saka katuntun
déning Roh kok nyebut Gustiné, yaiku
nalika ngandika:
44 Pangéran wis dhawuh marang
Gustiku: Sira linggiha ana ing
tengeningsun, nganti sakèhing
mungsuhira wus Sunpapanaké ing
sangisoring tlapakanira.
45 Dadi yèn Daud nyebut Panjenengané
iku Gusti, kepriyé déné Panjenengané
iku dadi tedhaké?"

46 Ora ana siji baé kang bisa mangsuli
Panjenengané, lan mangkono uga wiwit
ing dina iku ora ana kang wani matur
pitakon manèh marang Panjenengané.

23 1 Yésus banjur ngandika marang
wong golongan lan marang para
sakabaté, pangandikané,
2 "Para ahli Torèt lan para Farisi iku
padha nglinggihi palenggahané Musa.
3 Mulané apa kang dituturaké marang
kowé iku padha lakonana kabèh lan
padha tetepana, nanging aja padha
tumindak nulad tindak-tanduké, awit
wong-wong iku padha memulang,
nanging ora padha nglakoni dhéwé.
4 Mula mangkono, awit padha
mbongkoki momotan-momotan kang
abot lan rekasa olèhé nggawa, banjur
ditumpangaké ing pundhaké wong,
mangka awaké dhéwé nyénggol baé ora
gelem.
5 Panggawéné kabèh iku padha
katindakaké supaya disawang déning
wong, awit padha ngambakaké sabuk-
sabuk sembahyangané lan nggedhèkaké
gombyok-gombyoking jubahé;
6 Padha seneng lungguh ing papan kang
kajèn ana ing pésta-pésta, lan marang

palungguhan kang nomer siji ana ing
papan pangibadah,
7 apadéné seneng nampa pakurmatan
ana ing pasar-pasar lan disebut déning
wong, ‘Rabbi’.
8 Nanging kowé aja disebut ‘Rabbi’,
amarga mung siji Rabbimu lan kowé
kabèh padha-padha sadulur.
9 Apamanèh kowé aja nyebut sapa
baé ing bumi iki ‘rama’, awit mung siji
Ramamu, yaiku Panjenengané kang ana
ing swarga.
10 Kowé aja gelem disebut panutan,
amarga mung siji Panutanmu, yaiku
Kristus.
11 Sing sapa gedhé dhéwé ana ing
satengahmu iku dadia paladènmu.
12 Lan sing sapa ngluhuraké awaké
dhéwé, bakal kaasoraké, déné kang
ngasoraké awaké dhéwé bakal
kaluhuraké."
13 "Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan
para Farisi, wong-wong lamis, awit kowé
nutup lawang-lawang Kratoning Swarga
tumraping wong, sabab kowé dhéwé ora
mlebu lan wong-wong kang arep lumebu
kokalang-alangi.

14 [Bilai kowé, hé, para ahli Torèt
lan para Farisi, wong-wong lamis,
amarga kowé padha ngemplok omahé
randha-randha nganti entèk, ngapusi
nganggo padonga dawa-dawa, mulané
kowé mesthi bakal tampa paukuman
kang luwih abot.]
15 Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan
para Farisi, wong-wong lamis, sabab
kowé padha ngambah segara lan ndlajah
dharatan, supaya kowé olèh wong
sing mlebu ing panunggalanmu, lan
menawa kalakon mangkono, wong iku
kokgadhang mlebu naraka, kang alané
tikel loro katimbang karo kowé.
16 Bilai kowé, hé, para panuntun kang
picak, kang clathu: Sing sapa supata
demi Padaleman Suci, supatané iku ora
absah; nanging sing sapa supata demi
emasé Padaleman Suci, supatané iku
katemahan.
17 Hé, kowé wong-wong bodho lan
picak, endi sing luwih gedhé maknané,
emas apa Padaleman Suci sing nucèkaké
emasé?
18 Apamanèh sing sapa supata demi
misbyah, supatané iku ora absah,
nanging sing sapa supata demi

pisungsung kang ana ing misbyah,
supatané iku katemahan.
[19] Hé, wong-wong picak, endi sing
luwih gedhé maknané, pisungsungé apa
misbyah kang nucèkaké pisungsungé?
[20] Mulané sing sapa supata demi
misbyah, iku supatané demi misbyah
lan uga demi barang-barang kang
tumumpang ing kono.
[21] Lan sing sapa supata demi Padaleman
Suci, iku iya supata demi Padaleman
Suci lan uga demi Panjenengané kang
adedalem ing kono.
[22] Apadéné sing sapa supata demi
swarga, iku iya supata demi dhamparing
Allah lan iya demi Panjenengané kang
lenggah ing kono.
[23] Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan
para Farisi, wong-wong lamis, awit
dalah godhong slasih lan adas tuwin
jinten iku kokbayar prasapuluhané,
nanging prekara-prekara kang luwih
gedhé boboté mungguhing angger-
angger, yaiku: kaadilan, kawelasan lan
kasetyan iku koklirwakaké. Sing siji kudu
ditindakaké, sijiné aja dilirwakaké.

24 Hé, kowé, pemimpin-pemimpin
kang picak, lemud koksaring saka ing
ombèn-ombènmu, nanging unta kokulu.
25 Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan
para Farisi, wong-wong lamis, sabab
njabané tuwung lan pinggan padha
kokresiki, mangka ing njeroné kebak
isi rampasan lan kamurkan kang tanpa
kendhali.
26 Hé, wong Farisi kang picak, resikana
dhisik njeroné tuwung iku, temah
njabané iya bakal dadi resik.
27 Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan
para Farisi, wong-wong lamis, sabab
kowé iku padha kaya kuburan, kang
dilabur putih; njabané pancèn katon
apik, nanging njeroné kebak isi balungé
wong mati lan rereged warna-warna.
28 Samono uga kowé, lairmu katon
mursid ana ngareping wong, nanging ing
batinmu kebak isi lelamis lan duraka.
29 Bilai kowé, hé, para ahli Torèt lan
para Farisi, wong-wong lamis, awit
kowé, mbangun pasaréané para nabi
lan ngrengga-ngrengga tugu-tuguné
wong-wong mursid ing pakuburan,
30 lan ngucap: Saupama aku padha
urip ing jamané para leluhurku, mesthi

aku ora padha mèlu sekuthon karo
wong-wong iku ing bab ngwutahaké
getihé para nabi.
31 Nanging marga kang mangkono iku,
kowé padha dadi seksi tumrap awakmu
dhéwé, yèn kowé kabèh iku padha
turuné wong-wong kang nyédani para
nabi.
32 Dadi kowé padha ngganepi lelakoné
leluhurmu!
33 Hé, ula, hé para tetesaning ula
bedhudhak, kepriyé anggonmu bisa
oncat saka paukumaning naraka?"
34 "Mulané, delengen, Aku ngutus nabi-
nabi lan wong-wong wicaksana sarta
ahli-ahli Torèt nekani kowé, mangka
kowé bakal padha matèni lan nyalib
wong sawatara saka panunggalané
kang dakutus iku, lan tumrap sawatara
liyané saka panunggalané iku bakal
padha koksapu ana ing papan-papan
pangibadahmu, lan kokoyak-oyak saka
ing kutha kang siji menyang kutha sijiné,
35 supaya padha katempuhna marang
kowé sakèhé getih resik kang wus
kawutahé ana ing bumi, wiwit saka
getihé Abil kang mursid iku, nganti tekan
getihé Zakharia anaké Bérékhya, kang

kokpatèni ana ing antarané pasucèn lan
misbyah.
36 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Kabèh iku bakal katempuhaké marang
golongan iki.
37 Yérusalèm, Yérusalèm kang matèni
para nabi lan mbenturi watu marang
wong-wong kang kautus nemoni kowé,
wus nganti ping pira anggonku kepéngin
nglumpukaké anak-anakmu, kaya babon
anggoné nglumpukaké kuthuk-kuthuké
ing sangisoring swiwiné, nanging kowé
padha ora gelem.
38 Titènana, omahmu iki bakal
ditinggalaké dadi suwung.
39 Lan Aku pitutur marang kowé: Wiwit
saiki kowé ora bakal padha ndeleng Aku
manèh, nganti kowé padha kandha:
Binerkahana Ingkang rawuh atas
asmanipun Pangéran."

24 1 Sawisé iku Yésus miyos saka
Padaleman Suci lan tindak saka
ing kono. Para sakabaté tumuli padha
marek ngaturi Panjenengané mirsani
tata pangrakiting bangunan Padaleman
Suci.
2 Panjenengané ngandika marang para
sakabat, "Apa kowé padha ndeleng iku

kabèh? Satemené Aku pitutur marang
kowé, ing kéné bakal ora ana watu siji
baé kang lestari tumumpang ing watu
liyané, kabèh bakal dijugrugaké."
3 Nalika Panjenengané lenggah ing
Gunung Zaitun, para sakabat padha
sowan ing ngarsané piyambakan lan
matur, "Gusti mugi ngandika dhateng
kawula, bénjing punapa punika sedaya
badhé kalampahan, saha punapa
pratandhanipun rawuh Paduka saha
pratandhanipun wekasaning jaman?"
4 Yésus paring wangsulan lan ngandika
marang para sakabat, "Padha diawas,
aja nganti ana wong kang nasaraké
kowé!
5 Amarga akèh wong kang bakal teka
nganggo jenengku lan ngucap: Aku iki
Sang Kristus, sarta bakal nasaraké wong
akèh.
6 Kowé bakal krungu swaraning perang
utawa kabar-kabar bab perang. Nanging
diawas, aja padha kagèt, sabab iki kudu
kelakon, éwadéné iku durung wekasané.
7 Sabab bangsa bakal nempuh nglawan
bangsa, kraton nglawan kraton. Bakal
ana pailan lan lindhu, ing pirang-pirang
panggonan.

8 Nanging iku kabèh mung lagi
wiwitaning sangsara ngarepaké jaman
anyar.
9 Ing nalika iku kowé bakal padha
kaulungaké marang panganiaya lan
kowé bakal dipatèni, sarta kowé bakal
disengiti déning sakèhing bangsa marga
saka jenengku.
10 Ing kono bakal akèh wong kang
ninggal pangandelé sarta padha
ulung-ingulungaké lan sengit-sinengitan.
11 Lan manèh bakal akèh nabi palsu
kang muncul lan nasaraké wong
pirang-pirang.
12 Apamanèh marga saka saya wuwuhé
duraka, satemah katresnané wong akèh
padha dadi ngabar.
13 Nanging sing sapa mantep tekan ing
wekasan, iku bakal kaslametaké.
14 Sarta Injiling Kraton iki bakal
kawartakaké ing saindenging jagat
minangka paseksi marang sakèhing
bangsa. Sawisé iku bakal tekané dina
wekasan."
15 "Anadéné samangsa kowé padha
weruh ‘ambeksiyaning juru pangrusak’
ngadeg ing panggonan suci, kang

kapangandikakaké lantaran Danièl --
sing sapa maca siyagaa --
16 wong-wong ing Yudéa padha
ngungsia menyang pagunungan.
17 Wong kang lagi ana ing payon aja
mudhun njupuk barang-barang saka ing
omahé.
18 lan wong sing lagi ana ing pategalan
aja mulih njupuk sandhangané.
19 Cilaka wong kang lagi ngandheg lan
kang lagi nusoni ing wektu iku.
20 Padha ndedongaa, supaya anggonmu
padha ngungsi ora kelakon ing mangsa
bedhidhing utawa ing dina Sabat.
21 Amarga ing wektu iku bakal ana
sangsara gedhé; kang durung tau
kalakon wiwit wiwitaning jagat nganti
sapréné lan uga ora bakal kalakon
manèh.
22 Lan saupama dina-dinané sangsara
iku ora dicepetaké, sarupaning wong
ora tulus slamet; nanging marga
wong-wong kang pinilih, dina-dina iku
bakal dicepetaké.
23 Ing wektu iku, menawa ana wong
kang kandha marang kowé: Delengen
Mésias ana ing kéné, utawa Mésias ana
ing kana, kowé aja padha ngandel.

24 Sabab Mésias-mésias palsu lan
nabi-nabi palsu bakal muncul sarta
padha gawé pratandha-pratandha gedhé
lan kaélokan-kaélokan kanggo nasaraké,
saupama bisa iya tumrap para kang
pinilih.
25 Lah Aku wus ngandhakaké iku
marang kowé sadurungé kelakon.
26 Mulané yèn ana wong kandha
marang kowé: Lah Panjenengané ana
ing pasamunan, kowé aja banjur mrana;
utawa: Panjenengané ana ing kamar
singidan, kowé aja padha ngandel.
27 Sabab kayadéné kilat muncul saka
ing wétan sumunar nganti tumeka ing
kulon, iya mangkono iku bésuk bakal
rawuhé Putraning Manungsa.
28 Ing ngendi ana bathang, ing
kono manuk garudha bakal padha
gegrombolan."
29 "Sawisé kasangsaran ing wektu
iku, banjur sanalika srengéngé bakal
dadi peteng lan rembulan bakal ora
nyunaraké padhangé sarta lintang-
lintang bakal padha runtuh saka ing
langit, apadéné pikukuh-pikukuhing
langit bakal padha gonjang-ganjing.

30 Ing nalika iku bakal katon
pratandhané Putraning Manungsa ana
ing langit lan sakèhing bangsa ing
salumahing bumi bakal padha ngadhuh-
adhuh, banjur padha ndeleng Putraning
Manungsa rawuh nitih méganing langit,
ngagem pangwasa lan kamulyan gedhé.
31 Panjenengané tumuli bakal ngutus
para malaékaté kanthi swaraning
kalasangka kang banter banget, lan iku
bakal padha ngumpulaké wong-wong
pilihané saka ing kéblat papat, saka
tepining langit tekan ing tepi sisihé."
32 Padha sinaua saka wit anjir, kang
mangkéné: Menawa pang-pangé memes
lan wiwit semi, kowé padha ngerti, yèn
wis mèh mangsa panas.
33 Samono uga, menawa kowé padha
weruh lelakon iku mau kabèh, padha
mangertia, yèn wus cedhak, wus ana ing
ngarep lawang.
34 Satemené Aku pitutur marang kowé,
golongan iki ora bakal sirna, nganti iku
mau kabèh kelakon.
35 Langit lan bumi bakal sirna, nanging
tembung-tembungku ora bakal sirna
pisan-pisan.

36 "Mung baé, mungguh dina lan
waktuné iku, ora ana wong siji-sijia
kang mangerti, dadia para malaékat
ing swarga ora, mangkono uga Sang
Putra, iya ora, kajaba mung Sang Rama
piyambak.
37 Sabab kayadéné nalika jamané
Nuh, iya mangkono uga bakalé rawuhé
Putraning Manungsa.
38 Marga padha kaya dhèk jaman
sadurungé banjir patopan, wong-wong
padha mangan lan ngombé, omah-omah
lan ngomah-omahaké, nganti dina
anggoné Nuh lumebet ing prau,
39 lan padha ora nglegéwa nganti tekané
banjir kang nyirnakaké wong-wong mau
kabèh, mangkono uga bésuk ing dina
rawuhé Putraning Manungsa.
40 Ing wektu iku bakal ana wong loro
ana ing pategalan, kang siji bakal
kapulung, sijiné bakal katinggal.
41 Bakal ana wong wadon loro
kang padha nggiling nganggo watu
panggilingan, siji bakal kapulung sijiné
katinggal.
42 Mulané padha rumantia, amarga
kowé ora ngerti ing dina apa Gustimu
bakal rawuh.

43 Nanging iki kawruhana: Saupama
kang duwé omah ing wayah bengi
ngerti wayahé tekané maling, mesthi
banjur jaga-jaga, ora bakal olèh omahé
dibabah.
44 Awit saka iku, kowé uga padha
rumantia, amarga Putraning Manungsa
iku rawuh ing wayah kang ora koknyana."
45 "Sapa abdi kang setya lan pinter, kang
tinanggenah déning bendarané nglurahi
para kalèrèhané, kapasrahan nyadhongi
pangan marang para kalèrèhané ing
wektu kang katemtokaké?
46 Rahayu abdi kang nalika bendarané
rawuh ketemu nindakaké mangkono.
47 Satemené Aku pitutur marang kowé,
bendara iku bakal netepaké abdi mau
mengku sabarang kagungané kabèh.
48 Nanging menawa abdi iku ala lan
nggagas ing sajroning atiné, mangkéné:
49 Bendaraku nyumenékaké rawuhé,
banjur wiwit nggitiki kanca-kancané
padha déné abdi lan mangan ngombé
bebarengan karo wong-wong kang
dhemen mendem,
50 bendarané abdi iku mau nuli rawuh
ing dina kang ora kanyana lan ing wayah
kang ora disumurupi,

51 abdi mau bakal dipatèni sarta
dipatrap padha karo para wong lamis.
Ing kono bakal ana tangis lan keroting
untu."

25 1 "Ing wektu iku bab Kratoning
Swarga kaupamakaké kaya
prawan sapuluh, kang njupuk lampuné
tumuli mangkat methuk pangantèn
lanang.
2 Lima saka kang sepuluh iku bodho,
déné kang lima wicaksana.
3 Kang bodho mau nggawa lampuné ora
nganggo nggawa lenga sèrepan,
4 déné kang wicaksana, nggawa lampu
lan lenga ing wadhahé.
5 Nanging sarèhné pangantèné suwé
ora teka-teka, prawan-prawan mau
padha ngantuk lan banjur turu.
6 Bareng wayah tengah wengi ana wong
alok-alok: Lah iku pengantèné! Padha
pethukna!
7 Prawan-prawan mau padha tangi lan
nata lampu-lampuné.
8 Prawan-prawan kang bodho banjur
nembung marang kang wicaksana: Aku
padha wènèhana lengamu sathithik, awit
lampuku padha arep mati.

9 Nanging prawan-prawan kang
wicaksana padha mangsuli klawan
celathu: Aja, mbokmenawa ora nyukupi
kanggo aku lan kowé. Aluwung padha
lungaa menyang enggoné sing adol lan
tukua kanggo awakmu dhéwé.
10 Nanging nalika lagi padha lunga
arep tuku, pengantèné teka, lan kang
wis miranti padha bareng pengantèné
lumebu ing pahargyan, lawangé banjur
dikancing.
11 Sawusé mangkono prawan-prawan
liyané iya teka lan matur: Bendara,
bendara, kawula nyuwun kori!
12 Nanging pangantèné mangsuli,
tembungé: Satemené Aku pitutur
marang kowé: Aku ora wanuh karo
kowé.
13 Mulané padha melèka, awit kowé
padha ora weruh iya dinané lan wayahé."
14 "Awit bab iku kayadéné wong kang
arep lelungan marang ngamanca, banjur
ngundangi abdi-abdiné, lan mitayakaké
barang darbèké marang abdi-abdiné
mau.
15 Marang kang siji bendara iku mènèhi
limang talènta, marang sijiné rong
talènta, lan marang sijiné manèh

satalènta, siji lan sijiné miturut kabisané
dhéwé, lan bendara mau banjur énggal
mangkat.
16 Kang tampa limang talènta banjur
lunga, laku dagang nganggo dhuwité iku
lan olèh bathi limang talènta.
17 Mangkono uga kang tampa rong
talènta iya olèh bathi rong talénta.
18 Nanging kang tampa satalènta iku
lunga ndhudhuk lemah gawé luwangan,
lan nyimpen dhuwité bendarané.
19 Sawusé watara lawas bendarané
abdi-abdi mau teka, banjur étung-
étungan karo abdi-abdiné.
20 Kang tampa limang talènta ngaturaké
bebathèn limang talènta, klawan matur:
Bendara, panjenengan mitadosaken
gangsal talènta dhateng kula; lah punika
kula angsal bathi gangsal talènta.
21 Bendarané kandha marang batur
iku: Prayoga hé abdi kang becik
lan tumemen; kowé wus tumemen
tumrap prakara kang cilik, kowé bakal
dakpitayani prakara kang gedhé; mara
lumebua mèlu ngrasakaké kabungahané
bendaramu.
22 Kang tampa rong talènta uga maju,
klawan matur: Bendara, panjenengan

mitadosaken kalih talènta dhateng kula;
lah kula angsal bathi kalih talènta.
23 Bendarané kandha marang batur
iku: Prayoga hé abdi kang becik
lan tumemen; kowé wis tumemen
tumrap prakara kang cilik, kowé bakal
dakpitayani prakara kang gedhé; mara
lumebua mèlu ngrasakaké kabungahané
bendaramu.
24 Kang tampa satalènta uga banjur
maju klawan matur: Bendara, kula
ngertos, bilih panjenengan punika tiyang
kereng ingkang ngenèni ing papan
ingkang mboten panjenengan sebari lan
ngempal-ngempalaken saking papan
ingkang mboten panjenengan tanemi.
25 Mila kanthi ajrih, kula lajeng késah
nyimpen talènta panjenengan ing
salebeting siti. Lah mangga panjenengan
tampèni punapa ingkang dados
kagungan panjenengan!
26 Bendarané banjur mangsuli: Hé, abdi
kang ala lan kesèd, kowé wis ngerti,
yèn aku ngenèni ing papan kang ora
daksebari lan ngumpul-ngumpulaké
saka papan kang ora daktanduri.
27 Yèn mangkono, kowé kuduné
masrahaké dhuwitku marang wong

kang nglakokaké dhuwit, lan samangsa
aku teka aku nampani bali, iku dalah
saanakané.
28 Mulané talèntané iku jaluken, banjur
wènèhna marang kang duwé sapuluh
talènta iku.
29 Sabab sing sapa duwé, bakal
kaparingan, lan bakal duwé nganti
lubèr-lubèr. Nanging saka wong kang
ora duwé, bakal kapundhutan sabarang
darbèké kabèh.
30 Anadéné abdi kang tanpa guna iku
uncalna menyang pepeteng kang peteng
dhéwé. Ing kono bakal ana tangis lan
keroting untu."
31 "Bésuk menawa Putraning Manungsa
rawuh ngagem kamulyané lan
sakèhing malaékat padha ndhèrèkaké,
Panjenengané banjur lenggah ing
dhampar kamulyané.
32 Sakèhing bangsa nuli bakal
kaklumpukaké ana ing ngarsané
lan Panjenengané bakal misah-
misahaké bangsa-bangsa iku siji lan
sijiné, kayadéné pangon anggoné
misah-misahaké wedhus-gèmbèl karo
wedhus-bérok,

33 lan pangon iku mapanaké wedhus
gèmbèl ana ing tengené, déné wedhus
jawa ana ing kiwané.
34 Tumuli Sang Nata bakal ngandika
marang kang ana tengené: Hé, para
kang binerkahan déning Ramaningsun,
mara, padha tampanana warisan Kraton,
kang wus kacawisaké marang sira wiwit
dumadining jagat.
35 Awitdéné nalika Ingsun kerapan, sira
nyaosi dhahar Ingsun; nalika Ingsun
kasatan, sira nyaosi kang kanggo
ngunjuk; nalika Ingsun neneka, sira
nyaosi palereban;
36 nalika Ingsun kelukaran, sira
ngagem-ngagemi Ingsun, nalika Ingsun
gerah, sira niliki Ingsun; nalika Ingsun
kinunjara, sira mara nemoni Ingsun.
37 Ing kono para wong kang lakuné
bener iku bakal padha munjuk: Gusti,
kala punapa kawula sumerep Paduka
kerapan lajeng kawula nyaosi dhahar,
utawi kasatan lajeng kawula nyaosi
ngunjuk?
38 Kala punapa kawula sumerep Paduka
neneka lajeng kawula nyaosi palereban,
utawi kelukaran kawula agem-agemi?

39 Kala punapa kawula sumerep Paduka
gerah utawi kinunjara, lajeng kawula
marek manggihi Paduka?
40 Sang Nata bakal paring wangsulan,
pangandikané marang wong-wong iku:
Satemené Ingsun pitutur marang sira:
Sepira kang sira tindakaké marang salah
siji saka sedulur-seduluringsun kang
cilik dhéwé iki, iku sira tindakaké kagem
Ingsun.
41 Sawusé mangkono Panjenengané
iya bakal ngandika marang kang ana
ing kiwané: Hé wong kang padha
kena ing laknat, sumingkira saka ing
ngarsaningsun, menyang ing geni
langgeng, kang wis kacawisaké kanggo
Iblis lan para malaékaté.
42 Awit nalika Ingsun kerapan, sira ora
nyaosi dhahar Ingsun; nalika Ingsun
kasatan, sira ora nyaosi ngunjuk;
43 nalika Ingsun neneka, sira ora
nampani Ingsun ing brayatira; nalika
Ingsun kelukaran sira ora ngagem-agemi
Ingsun; nalika Ingsun gerah lan ana ing
kunjara, sira ora niliki Ingsun.
44 Ing kono wong-wong mau iya bakal
padha mangsuli klawan munjuk: Gusti,
kala punapa kawula sumerep Paduka

kerapan, utawi kasatan, utawi neneka,
utawi kelukaran utawi gerah, utawi
kinunjara lan kawula mboten ngladosi
Paduka?
45 Panjenengané banjur bakal mangsuli
wong-wong mau klawan ngandika:
Satemen-temené Ingsun pitutur marang
sira, sepira kang ora sira tindakaké
marang kang cilik dhéwé iki, iku iya ora
sira tindakaké kagem Ingsun.
46 Anadéné wong-wong iku bakal padha
lumebu ing paukuman langgeng, déné
para wong kang lakuné bener bakal
lumebu ing urip langgeng."

26 1 Sawisé Yésus mungkasi
pangandikané kabèh iku mau,
banjur ngandika marang para sakabaté,
2 "Kowé padha mangerti, yèn rong
dina manèh nyandhak dinané riyaya
Paskah, lan Putraning Manungsa bakal
kaulungaké supaya kasalib."
3 Ing nalika samana para pangareping
imam lan para pinituwaning bangsa
padha nglumpuk ana ing padalemané
Imam Agung kang asma Kayafas,
4 pirembugan bab anggoné arep
nyekel Yésus kanthi paékan lan nyédani
Panjenengané.

5 Nanging padha celathu, "Aja pinuju
ing riyaya, supaya aja ndadèkaké gègèr
ing satengahé umat."
6 Nalika Yésus ana ing Bétania, ana ing
omahé Simon kang lara kusta iku,
7 ana wong wadon kang marek ing
ngarsané Yésus, nggawa guci watu isi
lenga jebad kang larang regané, banjur
diesokaké ing mustakané Yésus, nalika
lagi lenggah dhahar.
8 Nanging para sakabat bareng weruh
padha muring-muring, pangucapé, "Apa
karepé pangecèh-ecèh iku?
9 Sabab lenga iku rak kena didol
payu larang, lan didanakaké marang
wong-wong miskin."
10 Nanging Yésus pirsa, banjur ngandika
marang para sakabat, "Yagéné kowé
padha ngganggu-gawé wong wadon iki?
Awit panggawé becik kang katandukaké
marang Aku.
11 Wong-wong miskin iku salawasé ana
ing kowé, nanging ora salawasé Aku ana
ing kowé.
12 Amarga anggoné ngesokaké lenga
ing awakku iku, kanggo nyawisaké
anggonku bakal kakubur.

13 Sanyatané Aku pitutur marang
kowé, ana ing ngendi baé Injil iki
diwartakaké ing saindenging jagat, apa
kang katindakaké iku bakal kacaritakaké
uga minangka pangéling-éling marang
wong wadon iku."
14 Sawisé iku salah sawijining sakabat
rolas, kang jenengé Yudas Iskariot,
marani para pangareping imam,
15 lan matur, "Panjenengan badhé
maringi punapa dhateng kula, supados
kula masrahaken tiyang punika dhateng
panjenengan?" Para pangareping imam
banjur ngulungaké telung puluh sèkel
pérak marang Yudas.
16 Lan wiwit nalika iku Yudas golèk
wektu kang cocog kanggo masrahaké
Yésus.
17 Ing dina wiwitaning riyaya Roti
Tanpa Ragi, para sakabat padha marek
ing ngarsané Yésus lan matur, "Gusti
ngersakaken wonten ing pundi anggèn
kawula nyawisaken papan kagem dhahar
Paskah?"
18 Panjenengané ngandika, "Padha
menyanga kutha, menyang enggoné
si Anu lan kandhaa: Dhawuhipun
Guru: Wektuku wus cedhak, Aku arep

mahargya Paskah karo para sakabatku
ana ing omahmu."
19 Para sakabat banjur nindakaké kaya
kang kadhawuhaké déning Yésus lan
nyawisaké Paskah.
20 Bareng wus soré, Panjenengané
lenggah dhahar bebarengan karo para
sakabaté rolas.
21 Lan sajroné padha mangan,
Panjenengané ngandika, "Satemené Aku
pitutur marang kowé, yèn salah siji saka
ing antaramu bakal ngiyanati Aku."
22 Para sakabat padha sedhih banget
sarta wiwit padha munjuk mbaka siji
genti-genti, "Rak sanès kawula, ta,
Gusti?"
23 Déné minangka wangsulan,
Panjenengané ngandika, "Sing
bebarengan karo Aku nyelupaké tangan
ing mangkok iki, iya iku kang bakal
ngulungaké Aku.
24 Putraning Manungsa pancèn bakal
jengkar, kaya kang katulis tumrap
Panjenengané, nanging bilai wong
kang awit saka pokal-gawéné Putraning
Manungsa kaulungaké. Saupama wong
iku ora kalairaké, iku luwih becik."

25 Yudas kang bakal ngulungaké
Panjenengané banjur matur, "Rak
sanès kawula, ta, Guru?" Panjenengané
ngandika marang Yudas, "Kowé wus
kandha dhéwé!"
26 Nalika padha mangan, Yésus
mundhut roti, lan sawusé saos-sokur,
banjur nyuwil-nyuwil roti iku sarta
maringaké marang para sakabat lan
ngandika, "Padha tampanana, panganen,
iki badanku."
27 Panjenengané nuli mundhut tuwung
lan sawusé saos-sokur banjur maringaké
marang para sakabaté, pangandikané,
"Padha ngombéa kabèh saka ing tuwung
iki.
28 Sabab iki getihku, getihing prajanjian
kang kawutahaké kanggo wong akèh,
murih apuraning dosa.
29 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Wiwit saiki Aku ora bakal ngombé manèh
pametuning wit anggur iki, nganti tekan
wektuné Aku lan kowé padha ngombé
kang anyar ana ing Kratoning Ramaku."
30 Sawisé padha ngunjukaké kidung
pamuji, banjur padha mangkat menyang
Gunung Zaitun.

31 Yésus banjur ngandika marang para
sakabat, "Ing bengi iki kowé kabèh
bakal padha kecuwan marga saka
Aku. Sabab wis tinulis, mangkéné:
Ingsun bakal nggebag juru pangoné lan
wedhus-wedhusé ing pepanthané bakal
kabuyaraké.
32 Nanging sawisé Aku tangi, Aku bakal
ndhisiki kowé kabèh menyang Galiléa."
33 Pétrus tumuli matur marang
Panjenengané, "Sanadyan sadaya sami
kecuwan dhateng Gusti babar pisan
kawula mboten badhé kecuwan."
34 Pangandikané Yésus marang Pétrus,
"Satemené Aku pitutur marang kowé:
Ing bengi iki, sadurungé jago kluruk,
kowé bakal nyélaki Aku kaping telu."
35 Pétrus matur marang Panjenengané,
"Sanadyan kawula kedah pejah sareng
kaliyan Gusti, kawula mboten badhé
nyélaki Gusti." Para sakabat kabèh iya
padha matur kaya mangkono.
36 Yésus banjur tindak karo para
sakabat menyang ing panggonan kang
aran Gètsémani, lan Panjenengané
ngandika marang para sakabat, "Padha
linggiha ing kéné, sasuwéné Aku lunga
mrana prelu ndedonga."

37 Panjenengané ngajak Pétrus lan
anaké Zébédéus loro, Panjenengané
banjur wiwit sungkawa ing galih lan
gorèh.
38 Panjenengané nuli ngandika marang
sakabat telu mau, "Atiku sedhih banget,
nganti kaya arep tumeka ing pati. Padha
tetepa ana ing kéné lan padha melèka
ngancani Aku."
39 Panjenengané banjur tindak maju
sethithik sumungkem wedanané lan
ndedonga, klawan matur, "Dhuh, Rama
Kawula, manawi kepareng, mugi tuwung
punika sumingkira saking Kawula,
nanging mboten awit saking pikajeng
Kawula, nanging karana karsa Paduka."
40 Panjenengané banjur murugi
sakabat mau lan padha ketemu turu.
Panjenengané ngandika marang Pétrus,
"Apa kowé padha ora kuwat melèk
ngancani Aku sajam baé?
41 Padha melèka lan ndedongaa, supaya
kowé aja kena ing panggodha. Roh iku
pancèn cumadhang, nanging sipating
manungsa iku ringkih."
42 Kang kaping pindhoné Panjenengané
tindak manèh lan ndedonga, "Dhuh,
Rama Kawula, manawi tuwung punika

mboten saged sumingkir, kajawi Kawula
ombé, lah kalampaha ing sakarsa
Paduka."
43 Lan nalika Panjenengané wangsul
manèh, para sakabat ketemu padha
turu, sabab mripaté mbliyut.
44 Panjenengané banjur nilar para
sakabaté manèh tindak ndedonga kaping
teluné, pandongané padha kaya kang
uwis.
45 Sawisé mangkono banjur murugi
para sakabaté lan ngandika, "Apa kowé
isih padha turu lan ngaso? Lah wis
tekan wektuné Putraning Manungsa
kaulungaké marang tanganing wong-
wong dosa.
46 Padha tangia, payo padha lunga,
kang ngulungaké Aku wus cedhak."
47 Nalika Yésus isih ngandika, Yudas,
yaiku salah sawijining sakabat rolas,
teka bebarengan karo wong golongan
gedhé kongkonané para pangarepé
imam lan para pinituwané bangsa, kanthi
nggawa pedhang lan penthung.
48 Déné kang ngulungaké Panjenengané
wis awèh tandha marang wong-wong
mau klawan ngucap, "Kang bakal

dakcucup, yaiku wongé, cekelen wong
iku!"
49 Lan Yudas tumuli marek ing ngarsané
Yésus sarta matur, "Ngaturaken salam,
Rabbi," sarta nyucup Panjenengané.
50 Yésus tumuli ngandika marang Yudas,
"Hé, kanca, prelumu apa kowé teka
mréné?" Wong-wong mau banjur padha
ngangseg lan nyepeng Panjenengané.
51 Salah siji saka kang padha ndhèrèk
Yésus gumragèh tangané ngunus
pedhangé lan nyabet abdiné Imam
Agung, merung kupingé.
52 Yésus tumuli ngandika marang kang
medhang iku, "Pedhangmu balèkna
ing rangkané, awit kabèh wong kang
olah-pedhang, bakal tiwas déning
pedhang.
53 Utawa apa kokkira yèn Aku ora
bisa nyuwun marang Ramaku lan
Panjenengané sanalika bakal ngirimaké
marang Aku malaékat luwih saka rolas
legiun?
54 Yèn mangkono, banjur kepriyé
anggoné katetepan tulisan-tulisan kang
mratélakaké yèn pancèn kudu kalakon
kaya mangkono iku?"

55 Ing nalika iku Yésus ngandika marang
wong akèh mau, "Kowé padha teka arep
nyekel Aku kok kaya ngadhepi bégal
kanthi nganggo pedhang lan penthung?
Mangka saben dina Aku linggih lan
memulang ana ing Padaleman Suci lan
kowé ora nyekel Aku.
56 Nanging kabèh iki kelakon supaya
katetepan tulisan-tulisané para nabi."
Para sakabat kabèh banjur padha
ninggal Panjenengané lan padha lumayu
sumingkir.
57 Para kang nyekel Yésus banjur ngirid
Panjenengané menyang dalemé Imam
Agung Kayafas. Ing kono para ahli Torèt
lan para pinituwa wus padha nglumpuk.
58 Pétrus ngetutaké Panjenengané
saka kadohan nganti tekan ing plataran
dalemé Imam Agung, lan bareng wis
mlebu banjur linggih ing antarané para
abdi, arep nyumurupi kepriyé kedadéané
prakara.
59 Para pangareping imam, malah
sapepaké Pradata Agama padha golèk
seksi palsu kang nglawan Yésus, supaya
bisa nyédani Panjenengané,

60 nanging padha ora bisa nemu,
sanadyan akèh seksi palsu kang padha
maju. Wasana ana loro kang maju,
61 lan matur, "Tiyang punika naté
cariyos: Aku bisa mbubrah Padalemané
Allah lan bisa mbangun manèh sajroning
telung dina."
62 Imam Agung banjur jumeneng lan
ngandika marang Panjenengané, "Apa
kowé ora mangsuli apa-apa marang
pandakwané seksi-seksi iki?"
63 Nanging Yésus kèndel baé. Imam
Agung banjur ngandika marang
Panjenengané, "Demi Allah kang asipat
gesang, kowé kandhaa marang aku
kabèh, apa kowé iku Kristus, Putraning
Allah?"
64 Yésus ngandika marang Imam Agung,
"Kowé wus nyebutaké. Éwasamana
Aku pitutur marang kowé kabèh: Wiwit
saiki kowé padha ndeleng Putraning
Manungsa lenggah ing satengené Kang
Mahakwasa lan rawuh nitih méganing
langit."
65 Ing kono Imam Agung banjur nyuwèk
pangagemané lan ngandika, "Wong iki
ngucapaké panyenyamah. Yagéné kita
kok isih mbutuhaké seksi-seksi? Lah

sapunika panjenengan sampun mireng
anggènipun nyenyamah.
66 Kadospundi panimbang
panjenengan?" Wong-wong padha
mangsuli klawan celathu, "Tiyang punika
kedah kaukum pejah."
67 Banjur padha ngidoni pasuryané
lan njotosi Panjenengané; déné liyané
napuki.
68 kanthi ngucap: "Hé, Kristus, coba
kandhakna marang aku kabèh, sapa
kang napuk kowé?"
69 Nalika samana Pétrus linggih ana
ing jaba, ana ing plataran. Banjur ana
sawijining abdi wadon kang nekani lan
alok, "Sampéyan inggih tumut kaliyan
Yésus, tiyang Galiléa niku?"
70 Nanging Pétrus sélak ana ing ngarepé
wong kabèh, pangucapé, "Kula mboten
ngerti sampéyan niku kandha napa."
71 Bareng dhèwèké menyang ing régol,
ana abdi liyané kang weruh, banjur
kandha karo wong-wong kang ana ing
kono, "Wong iki iya mèlu Yésus, wong
Nasarèt iku."
72 Nanging Pétrus sélak manèh kanthi
sumpah, "Kula mboten wanuh kalih
tiyang niku."

[73] Ora let suwé wong-wong sing padha
ngadeg ana kono padha marani Pétrus
lan celathu, "Satemen-temené kowé iya
panunggalané wong iku, omonganmu
kanthi cetha mratélakaké kowé iku
sapa."
[74] Pétrus banjur wiwit nyupatani awaké
dhéwé lan sumpah, "Kula mboten wanuh
kalih tiyang niku." Ing nalika iku uga
banjur ana jago kluruk.
[75] Pétrus nuli kèlingan pangandikané
Yésus marang dhèwèké, "Sadurungé
jago kluruk, kowé wus nyélaki Aku ping
telu." Mulané banjur metu lan nangis
kelara-lara.

27 [1] Bareng wis ésuk, pangareping
imam kabèh lan pinituwaning
bangsa padha nglumpuk lan gawé
keputusan tumrap Yésus nedya nyédani
Panjenengané.
[2] Lan sawisé mbanda Panjenengané,
wong-wong iku banjur ngirid
Panjenengané lan masrahaké marang
Pilatus, Gubernur ing wilayah kono.
[3] Nalika Yudas, sakabat kang
ngulungaké iku weruh Panjenengané
bakal kasédanan, temah kanthi
keduwung, banjur mbalèkaké dhuwit

telung puluh sèkel pérak marang para
pangarepé imam lan pinituwa,
4 kalawan matur, "Kula damel dosa,
kanthi ngulungaken rah resik." Nanging
wong-wong iku padha mangsuli,
"Apa urusané iku karo aku sakkanca?
Mesthiné kowé dhéwé kang ngrampungi
prekara iku!"
5 Lan karo nguncalaké dhuwité iku
ana sajroning Padaleman Suci, Yudas
sumingkir saka kono lan nggantung.
6 Para pangareping imam padha njupuki
dhuwit mau lan padha kandha, "Dhuwit
iki ora kena kalebokaké ing pethi
pisungsung, sabab iki dhuwit getih."
7 Sawisé padha rembugan banjur tuku
palemahané kundhi nganggo dhuwit
iku minangka pakuburané wong-wong
manca.
8 Mulané palemahan mau sapréné
diarani: Palemahan Getih.
9 Kang mangkono iku dadi wus
katetepan pangandika lantaran Yérémia
kang dhawuh, "Padha nampani dhuwit
telung puluh sèkel pérak, yaiku ajiné
wong manut katetepaning rega ing
satengahé bani Israèl,

10 lan dhuwit mau banjur katukokaké
palemahané kundhi, kaya anggoné
Pangéran dhawuh marang aku."
11 Yésus banjur kaadhepaké ing
ngarsané gubernur, lan gubernur nuli
ndangu Panjenengané klawan ngandika,
"Punapa panjenengan rajanipun tiyang
Yahudi?" Yésus ngandika, "Panjenengan
piyambak mastani makaten."
12 Déné tumrap panggugat marang
Panjenengané déning para pangarepé
imam lan para pinituwa, Panjenengané
ora paring wangsulan apa-apa.
13 Pilatus banjur ngandika marang
Panjenengané, "Punapa Panjenengan
mboten mirengaken gugatanipun para
seksi ingkang samanten kathahipun
punika?"
14 Panjenengané ora paring wangsulan,
nganti ndadèkaké gumuné Pilatus.
15 Anadéné ing saben mangsa riyaya,
adaté gubernur nglilani luwaré tawanan
siji kang dikarepaké wong akèh.
16 Mangka ing nalika iku ana wong siji
kang kawentar alané, jenengé (Yésus)
Barabbas.
17 Sarèhné wong-wong wus padha
nglumpuk, Pilatus ngandika marang

wong-wong iku, "Sapa sing kokkarepaké
supaya dakluwari, (Yésus) Barabbas,
apa Yésus kang kasebut Kristus?"
18 Sabab Pilatus wus pirsa, yèn
wong-wong iku padha masrahaké
Panjenengané awit saka drengkining ati.
19 Nalika Panjenengané lagi lenggah
ing kursi pangadilan, garwané utusan
matur, "Sampun ngantos panjenengan
tumut-tumut ing prekawisipun tiyang
mursid punika, awit wau dalu damel
sisah kula salebetipun ngimpi karana
Panjenenganipun."
20 Nanging para pangarepé imam lan
para pinituwa, padha ngojok-ojoki wong
golongan supaya nyuwun Barabbas
kaluwarana lan Yésus diukum pati.
21 Gubernur banjur mangsuli lan
ngandika marang wong golongan
iku, "Saka ing antarané wong loro
iku sapa kang kokkarepaké supaya
dakluwari?" Wong golongan tumuli
matur, "Barabbas!"
22 Pilatus ndangu manèh, "Yèn
mangkono apa kang kudu daktindakaké
tumrap Yésus kang kasebut Kristus iku?"
Kabèh padha matur, "Tiyang punika
kasaliba!"

23 Éwadéné Pilatus ngandika, "Iku
awit saka kadurakan apa kang wus
katindakaké?" Nanging wong golongan
iku sangsaya seru pambengoké,
tembungé, "Tiyang punika kasaliba!"
24 Bareng Pilatus pirsa, yèn
pambudidayané bakal tanpa guna,
nanging malah wiwit gègèran,
panjenengané tumuli mundhut banyu
sarta wijik asta ana ing ngarepé wong
golongan iku karo ngandika, "Aku ora
kaluputan tumrap getihé wong iki; padha
rampungana dhéwé!"
25 Lan wong kabèh padha mangsuli
klawan matur, "Rahipun dhumawaha ing
kawula lan anak-anak kawula."
26 Pilatus banjur ngluwari Barabas
nuruti karebé wong akèh iku, lan sawisé
nindakaké paukuman sapu marang
Yésus, panjenengané banjur masrahaké
Yésus supaya kasalib.
27 Para prajurité gubernur banjur ngirid
Yésus mlebu ing gedhong pangadilan lan
nglumpukaké prajurit sabataliyon wutuh
ngepung Panjenengané.
28 Lan sawusé ngrucat jubah agemané,
para prajurit iku banjur ngagemaké
jubah wungu marang Panjenengané,

29 sarta padha nganam makutha eri
diagemaké ing mustakané, apadéné ing
astané tengen dicepengi glagah. Tumuli
padha jèngkèng ana ing ngarsané kambi
moyoki, pangucapé, "Ngaturaken salam
bekti, dhuh Rajanipun tiyang Yahudi!"
30 Lan karo ngidoni Panjenengané,
banjur padha njupuk glagahé iku mau
sarta kagebagaké ing mustakané.
31 Sawusé padha moyoki Panjenengané,
tumuli padha ngrucat jubahé lan
ngagemaké pangagemané piyambak,
banjur nglarak Panjenengané metu arep
disalib.
32 Nalika padha lumaku metu menyang
njaban kutha, kepethuk wong saka ing
Kiréné, jenengé Simon. Para prajurit
meksa wong iku supaya manggul salibé
Yésus.
33 Lakuné banjur tekan ing
panggonan kang aran Golgota,
tegesé pacumplungan.
34 Padha nyaosi ngunjuk Panjenengané
anggur kang dicampur rempelu; lan
bareng ngedhapi, Panjenengané ora
karsa ngunjuk.

35 Sawisé padha nyalib Panjenengané,
para prajurit banjur padha ngedum-
edum pangagemané sarana dilotré.
36 Para prajurit nuli padha lungguh,
njaga Panjenengané.
37 Sarta padha masang pandakwa bab
kaluputané Panjenengané sarana tulisan
ana ing sandhuwuré mustakané, uniné,
"Iki Yésus rajané wong Yahudi."
38 Nalika samana ana bégal loro kasalib
bareng karo Panjenengané, siji ana ing
tengen, sijiné ana ing kiwa.
39 Anadéné wong-wong kang padha
liwat, padha ngala-ala marang Yésus,
kambi gèdhèg-gèdhèg
40 lan padha ngucap, "Hé, kowé, kang
arep mbubrah Padaleman Suci lan
mbangun sajroné telung dina, luwarana
awakmu dhéwé: Déné menawa kowé iku
Putrané Allah, mudhuna saka ing salib!"
41 Mangkono uga para pangarepé imam
padha moyoki bareng karo para ahli
Torèt sarta para pinituwa, pangucapé,
42 "Wong iku wis nylametaké wong liya,
nanging nylametaké awaké dhéwé ora
bisa! Menawa wong iku rajané Israèl,
saiki karebèn mudhun saka ing salib lan
aku bakal padha pracaya.

43 Wong iku wis kumandel marang
Allah, déné saiki karebèn Allah sing
nylametaké, yèn pancèn Allah kepareng
ing penggalih, sabab wong iku rak wus
kandha: Aku iku Putrané Allah."
44 Dalah bégal-bégal kang bareng
disalib iya ngala-ala Panjenengané
mangkono.
45 Wiwit jam rolas nganti tekan jam telu
ana pepeteng kang nglimputi satanah
kabèh.
46 Kira-kira jam telu, Yésus nywanten
sora, "Éli, Éli, lama sabakhtani?" Tegesé:
Dhuh Allah Kawula, Allah Kawula,
punapaa déné Paduka nilar Kawula?
47 Krungu kang mangkono iku wong
sawatara kang padha ngadeg ana ing
kono padha ngucap, "Wong iki ngundang
Elia."
48 Sanalika ana wong siji saka antarané
wong-wong iku mlayu, njupuk jamur
karang, lan sawisé dicelupaké anggur
kecut, diubetaké ing glagah banjur
kacaosaké Panjenengané supaya
kaunjuk.
49 Nanging wong-wong liyané padha
ngucap, "Wis ta enengna baé, kita arep

padha weruh, apa Élia rawuh nylametaké
wong kuwi."
50 Yésus banjur nywanten sora, nuli
masrahaké nyawané.
51 Ing kono geberé Padaleman Suci
suwèk dadi loro wiwit saka ndhuwur
nganti tekan ngisor, lan ana lindhu, sarta
parang-parang padha bengkah,
52 apadéné kubur-kubur padha menga,
lan akèh para suci kang wus padha mati,
padha katangèkaké.
53 Bareng wis padha metu saka
ing kubur, lan sawisé wunguné
Panjenengané, para suci kang
katangèkaké iku padha lumebu ing
kutha suci sarta padha ngaton marang
wong akèh.
54 Panggedhéning prajurit lan para
kang njaga Yésus bebarengan padha
ngrasakaké lindhu lan nyipati apa kang
wus kelakon, padha banget wediné,
lan padha ngucap mangkéné, "Sanyata
Panjenengané iku Putraning Allah."
55 Ing kono ana wong wadon akèh
kang padha ngawasaké saka kadohan,
yaiku wong-wong wadon kang padha
ndhèrèkaké Yésus saka ing Galiléa prelu
ngladosi Panjenengané.

56 Ing antarané yaiku: Maria Magdaléna,
lan Maria ibuné Yakobus lan Yusuf, sarta
ibuné anak-anaké Zébédéus.
57 Bareng soré ana wong sugih teka
saka Arimatéa, jenengé Yusuf, kang uga
wus dadi muridé Yésus,
58 wong iku séba ing ngarsané Pilatus
nyuwun layoné Yésus. Pilatus banjur
dhawuh maringaké marang wong mau.
59 Bareng Yusuf wis njupuk layoné,
tumuli ngulesi layon iku nganggo mori
putih kang resik,
60 lan banjur nyarèkaké layon iku
ana ing pakuburané kang anyar, kang
tinatah ana ing padhas, lan sawisé
ngglundungaké watu gedhé ana ing
lawangé pasaréan, nuli mulih.
61 Maria Magdaléna lan Maria sijiné
padha ana ing kono padha linggih ing
ngarep pasaréan.
62 Ésuké, yaiku sawisé dina pacawisan,
para pangareping imam lan para Farisi
padha nglumpuk ing ngarsané Pilatus
63 lan padha matur, "Tuwan, kula sami
ènget, bilih juru panasaran punika nalika
taksih gesang, cariyos makaten: Sawisé
telung dina Aku bakal tangi.

64 Awit saking punika, mugi
panjenengan ndhawuhaken, supados
kuburipun kajagi ngantos dumugi
tigang dintenipun. Manawi mboten
mekaten, saged ugi para sakabatipun
lajeng dhateng mandung Piyambakipun,
nunten cariyos dhateng tiyang kathah,
Panjenengané wus wungu saka ing
antarané wong mati, satemah juru
panasaran ingkang kantun badhé
langkung awon katimbang ingkang
rumiyin."
65 Pangandikané Pilatus marang
wong-wong mau, "Kowé padha daklilani
nggawa prajurit, padha mangkata,
padha jaganen kaya kang kokkarepaké."
66 Sawisé padha mangkat, wong-wong
iku padha njaga pasaréan, sarta kabantu
déning para prajurit nyègel watuné.

28 1 Bareng dina Sabat wis kliwat, ing
wayah bangun ésuk, ngarepaké
dina kapisan ing minggu iku, Maria
Magdaléna karo Maria sijiné padha lunga
niliki pasaréan.
2 Lah tumuli ana lindhu gedhé, awit
ana malaékating Pangéran tumedhak
saka langit lan nyelak ngglundhungaké
watuné, nuli dilenggahi.

3 Pasuryané katon kaya kilat,
pangagemané putih kaya salju.
4 Awit saka wediné marang malaékat,
sing padha jaga gumeter wedi banget
nganti kaya wong mati.
5 Ananging malaékat mau ngandika
marang wong-wong wadon iku, "Kowé
aja padha wedi, sabab aku ngerti, kowé
padha nggolèki Yésus kang disalib iku.
6 Panjenengané ora ana ing kéné,
awit wis wungu, kaya kang wus
kapangandikakaké. Padha mrénéa,
delengen papan panggonané sumaré.
7 Lan diénggal padha lungaa sarta
kandhakna marang para sakabaté,
yèn Panjenengané wis wungu saka ing
antarané wong mati lan mangertia,
Panjenengané ndhisiki kowé tindak
menyang Galiléa. Ana ing kana, kowé
bakal padha ndeleng Panjenengané. Lah
mangertia, Aku wis tutur marang kowé."
8 Wong-wong wadon iku banjur énggal-
énggal padha lunga saka ing pasaréan
klawan wedi lan kanthi kabungahan
gedhé, padha lumayu arep awèh warta
marang para sakabaté Yésus.
9 Lah sanalika Yésus methukaké wong-
wong wadon iku lan ngandika, "Bagéa!"

banjur padha nyedhaki Panjenengané
lan nyandhak sampéyané sarta nyembah
Panjenengané.
10 Yésus tumuli ngandika marang
wong-wong wadon iku, "Aja padha
wedi. Padha lungaa, awèh pawarta
marang sadulur-sadulurku supaya padha
menyang Galiléa, ana ing kana bakal
padha ndeleng Aku."
11 Nalika wong-wong wadon iku padha
mangkat, lah wong sawatara sing padha
njaga padha lumebu ing kutha, ngaturi
pawarta marang para pangarepé imam,
bab kabèh kang kalakon.
12 Lan sawusé ngumpul karo para
pinituwa sarta gawé putusan, banjur
padha mènèhi dhuwit akèh marang para
prajurit,
13 sarta dhawuhé, "Kowé padha
kandhaa mangkéné, ‘Ing wayah bengi
para sakabaté padha teka nyolong
layoné, nalika aku padha turu.’
14 Déné menawa prekara iki kapireng
déning gubernur, aku bakal padha matur
panjenengané, supaya kowé ora nemu
reruwed."
15 Bareng wis padha nampani dhuwité,
para prajurit banjur padha nglakoni kaya

anggoné padha kawarah. Lan carita iku
sumebar ana ing antarané wong Yahudi
nganti sapréné.
16 Para sakabat sawelas nuli padha
mangkat menyang Galiléa, menyang
gunung kang wus kadhawuhaké Yésus
marang para sakabat mau.
17 Bareng padha ndeleng Panjenengané
banjur padha sujud, nanging sakabat
sawatara padha mangu-mangu.
18 Yésus banjur nyelaki para sakabat
lan ngandika, "Sakèhé pangwasa ana
ing swarga lan ing bumi wis kaparingaké
marang Aku.
19 Mulané padha lungaa, sakèhing
bangsa padha dadèkna muridku, klawan
dibaptisi ing asmané Sang Rama, Sang
Putra lan Sang Roh Suci,
20 lan padha diwulanga netepi sabarang
kang wis dakdhawuhaké marang kowé
kabèh. Lah, Aku nunggal karo kowé
ing sadina-dina, nganti tumeka ing
wekasaning jaman."

Markus

1 [1] Iki wiwitaning Injilé Yésus Kristus,
Putrané Allah.
[2] Kaya kang wis katulis ana ing kitabé
Nabi Yésaya, "Lah, Ingsun ngutus
utusaningsun ana ing ngarsanira, kang
bakal nyawisaké marginira;
[3] ana swarané wong kang nywara sora
ana ing pasamunan: Padha nyawisna
margining Pangéran, lencengna
lurung-lurungé."
[4] Mangkono Yohanes Pambaptis rawuhé
ana ing pasamunan sarta ngundhangaké
baptising pitobat murih apuraning dosa.
[5] Wong saisiné wilayah Yudéa kabèh
lan sakèhé wong kang manggon ing
Yérusalèm, padha sowan panjenengané
sarta padha dibaptisi ana ing Kali Yordan
kalawan padha ngakoni dosané.
[6] Yohanes ngagem ageman wulu unta
lan ing lambungé ngagem sabuk lulang,
apadéné dhaharané walang lan madu
alas.
[7] Déné panjenengané iku ngundhangaké
pawarta klawan ngandika, "Ing

sapungkurku, Panjenengané kang luwih
kwasa tinimbang aku rawuh; tumungkul
nguculi talining trumpahé baé aku ora
pantes.
8 Aku mbaptis kowé sarana banyu,
nanging Panjenengané iku bakal mbaptis
kowé sarana Roh Suci."
9 Nalika samana Yésus rawuh saka
Nasarèt ing wilayah Galiléa, lan
Panjenengané banjur dibaptis déning
Yohanes ana ing Kali Yordan.
10 Bareng Panjenengané mentas saka
ing banyu, sanalika pirsa langit piyak,
sarta Roh kang pindha manuk dara
nedhaki Panjenengané.
11 Nuli ana swara saka swarga, "Sira
iku Putraningsun kang kinasih, kang
ndadèkaké renaning galihingsun."
12 Sawisé iku, Roh tumuli nuntun
Panjenengané menyang pasamunan.
13 Sajroné patang puluh dina,
Panjenengané ana ing kono kagodha
déning Iblis. Pamanggèné sesarengan
karo kéwan alas, déné malaékat-
malaékat padha ngladosi.
14 Sawisé Yohanes katangkep, Yésus
rawuh ing Galiléa, nggelaraké Injilé
Allah,

15 lan ngandika, "Wis tekan waktuné,
Kratoné Allah wis cedhak, padha
mratobata, lan pracayaa marang Injil!"
16 Nalika pinuju tindak urut pinggiré
Tlaga Galiléa, Yésus pirsa Simon karo
Andréas saduluré Simon, lagi padha
nibakaké jala ing tlaga, amarga wong
iku padha tukang golèk iwak.
17 Yésus banjur ngandika marang
wong-wong iku, "Ayo, padha mèlua Aku.
Aku bakal ndadèkaké kowé tukang golèk
wong."
18 Sanalika banjur padha ninggal jalané,
ndhèrèkaké Panjenengané.
19 Bareng nglajengaké tindak sawatara,
Panjenengané pirsa Yakobus anaké
Zébédéus lan Yohanes saduluré, lagi
padha ana ing prau ndandani jalané.
20 Panjenengané banjur nimbali wong-
wong iku, lan tumuli padha ninggal
Zébédéus, bapakné, ana ing prau karo
para buruhé, lan padha ngetut-buri
Panjenengané.
21 Yésus lan para sakabaté banjur
padha tekan ing Kapèrnaum. Bareng
dina Sabat, Panjenengané énggal-énggal
mlebet ing papan pangibadah sarta
memulang.

22 Wong-wong padha gumun banget
marang piwulangé, awit Panjenengané
iku maringaké piwulang kayadéné kang
kagungan pangwasa, lan ora kaya para
ahli Torèt.
23 Ing papan pangibadah kono,
dumadakan ana wong kang kepanjingan
roh jahat, lan bengok-bengok,
24 "Punapa prekawis kawula sadaya
kaliyan Panjenengan, dhuh Yésus saking
Nasarèt! Panjenengan rawuh punika
punapa badhé numpes kawula? Kawula
ngertos Panjenengan punika sinten:
Inggih Panjenenganipun ingkang suci,
pinangkanipun saking Allah."
25 Nanging Yésus tumuli ndukani roh
jahat iku klawan ngandika, "Menenga,
metua saka wong iku!"
26 Roh jahat iku ngontang-antingaké
wong mau sarta njerit kanthi swara sora
banjur metu saka wong mau.
27 Wong kabèh padha gumun, temah
padha takon-tinakon, kalawan ngucap,
"Apa ta iki? Piwulang anyar mawa
pangwasa. Apadéné paring dhawuh
marang roh-roh jahat lan iku iya padha
manut marang Panjenengané."

28 Pawarta bab Panjenengané banjur
sumebar ing endi-endi nyrambahi
wilayah Galiléa kabèh.
29 Lan sawisé medal saka ing papan
pangibadah, Yésus karo Yakobus lan
Yohanes banjur énggal-énggal tindak
menyang omahé Simon lan Andréas.
30 Ibuné maratuwa Simon nggléthak
nandhang lara panas. Para sakabat
mau tumuli padha matur marang
Panjenengané bab kang lara iku.
31 Panjenengané nuli nyelaki ibu mau,
sarta nangèkaké klawan narik tangané;
lan panasé tumuli ilang, banjur ngladèni
tamu-tamuné.
32 Bareng soré, nalika srengéngé
wus surup, wong-wong padha nggawa
sakèhé wong kang padha nandhang lara
lan kesurupan sétan kaaturaké marang
Panjenengané.
33 Wong sakutha kabèh padha
uyel-uyelan ngumpul ana ing ngarep
lawang.
34 Panjenengané banjur nyarasaké
wong akèh kang padha nandhang
lara warna-warna sarta nundhungi
sétan akèh; lan Panjenengané ora
marengaké sétan-sétané padha kandha-

kandha, awit wis padha wanuh marang
Panjenengané.
35 Ésuk umun-umun, nalika isih peteng,
Panjenengané wungu banjur miyos,
tumuli tindak menyang papan kang sepi
lan ndedonga ana ing kono.
36 Simon lan sakancané padha nusul
nggolèki Panjenengané.
37 Bareng wis ketemu Panjenengané,
banjur padha matur, "Tiyang sadaya
sami madosi Panjenengan."
38 Panjenengané paring wangsulan
marang Simon sakancané, "Ayo padha
menyang panggonan-panggonan liyané,
menyang kutha-kutha sakiwa-tengené
kéné supaya Aku iya nggelaraké
piwulang ana ing kono, awit iya iku
preluné anggonku rawuh ing donya."
39 Panjenengané banjur nggelaraké
piwulang ing sawilayah Galiléa kabèh,
ana ing papan-papan pangibadahé
wong-wong ing kono sarta nundhungi
sétan-sétan.
40 Ana wong kang nandhang lara kusta
sowan ing ngarsané Yésus nyuwun
pitulungan marang Panjenengané
kalawan jèngkèng, matur, "Manawi

Panjenengan karsa, Panjenengan saged
mbirat najis kawula."
41 Karana trenyuh déning welasé,
Panjenengané mulung astané lan
ndemèk wong mau sarta ngandika, "Aku
karsa, birata najismu!"
42 Sanalika kustané ilang, temahan
wong iku birat najisé.
43 Panjenengané banjur énggal
ndhawuhi wong iku sumingkir lan
diwanti-wanti kanthi pangandika,
44 "Kowé aja nganti kandha-kandha
apa baé marang sapa baé, nanging
lungaa, tuduhna awakmu dhéwé marang
imam, sarta nyaosna kurban, kaya kang
wis kadhawuhaké déning Musa kanggo
pasucèné awakmu, minangka paseksi
marang wong-wong."
45 Éwadéné sapungkuré saka kono,
wong mau wiwit martak-martakaké lan
nyebar-nyebaraké lelakon mau menyang
ngendi-endi, satemah Panjenengané
ora bisa lumebet ing kutha kanthi
terang-terangan, nanging lereb ana ing
njaba, ing panggonan-panggonan kang
sepi, lan wong saka ing endi-endi padha
terus marani marek ing ngarsané.

2 [1] Let sawatara dina, sawisé
Panjenengané rawuh manèh ing
Kapèrnaum, wong-wong wus padha
krungu wartané yèn Panjenengané ana
ing dalem.
[2] Banjur akèh wong kang padha teka
nglumpuk nganti ora ana enggon
manèh, dalah ing ngarep lawang baé
iya ora ana; lan Panjenengané banjur
medhar pangandika marang kang padha
nglumpuk iku.
[3] Ana wong-wong teka karo nggawa
wong lumpuh, digotong wong papat,
disowanaké marang Panjenengané.
[4] Sarèhné padha ora bisa nggawa
marang ngarsané Panjenengané
marga anané wong golongan, wong-
wong iku padha mbukak payon ing
sandhuwuré Panjenengané; lan sawusé
mbukak payon, wong-wong iku banjur
ngudhunaké paturon panggonané kang
lumpuh iku nggléthak.
[5] Bareng Yésus nguningani pangandelé
wong-wong mau, banjur ngandika
marang kang lumpuh, "Nggèr, dosa-
dosamu wus kaapura!"

[6] Nanging ana ahli Torèt sawatara kang
padha lungguh ana ing kono, lan iku
padha mikir,
[7] "Yagéné wong iku kok kandha
mangkono? Wong iku nyenyamah
marang Allah. Sapa kang kwasa ngapura
dosa kajaba mung Allah piyambak?"
[8] Sarèhné panggalihé Yésus pirsa yèn
kaya mangkono iku anggoné padha
mikir, Panjenengané banjur ngandika
marang para ahli Torèt iku, "Yagéné
kowé padha duwé pikiran kang kaya
mangkono ing sajroning atimu?
[9] Endi kang luwih gampang, kandha
marang kang lumpuh iku: Dosamu
wus kaapura, apa kandha: Tangia,
paturonmu angkaten lan lumakua?
[10] Nanging supaya kowé padha ngerti,
yèn Putrané Manungsa iku duwé
pangwasa kanggo ngapura dosa ing
bumi," Panjenengané banjur ngandika
marang kang lumpuh,
[11] "Aku kandha marang kowé, ngadega,
paturonmu angkaten lan muliha
menyang omahmu!"
[12] Kang lumpuh iku banjur ngadeg,
tumuli ngangkat paturoné sarta
sumingkir liwat ing sangarepé wong-

wong, nganti wong kabèh padha
kaéraman lan banjur ngluhuraké Allah,
klawan padha ngucap, "Kang kaya
mangkono iku kita padha durung tau
weruh."
13 Yésus banjur tindak manèh menyang
pinggir tlaga; lan wong golongan iku
kabèh padha sowan ing ngarsané.
Panjenengané banjur memulang marang
wong-wong iku.
14 Bareng langkung ing kono,
Panjenengané pirsa Lèwi anaké
Alféus lungguh ana ing kantor pajeg.
Panjenengané banjur ngandika marang
Lèwi, "Mèlua Aku!" Lèwi tumuli ngadeg
lan ndhèrèkaké Panjenengané.
15 Kacarita Panjenengané dhahar ana
ing omahé Lèwi; akèh juru-tagih-pajeg
lan wong dosa padha mangan bareng
karo Yésus lan para sakabaté, sabab
pancèn ana wong akèh kang padha
ndhèrèkaké Panjenengané.
16 Para ahli Torèt saka golongan
Farisi bareng weruh yèn Panjenengané
dhahar karo wong-wong dosa lan
para juru-tagih-pajeg, banjur padha
kandha marang para sakabaté, "Yagéné

wong iku kok mangan awor karo para
juru-tagih-pajeg lan wong-wong dosa?"
17 Bareng Yésus midhanget,
Panjenengané banjur ngandika
marang para ahli Torèt iku, "Wong-wong
waras ora mbutuhaké dhokter, nanging
wong-wong lara iku kang mbutuhaké.
Aku teka ora supaya ngundang wong-
wong kang mursid, nanging supaya
ngundang wong-wong dosa."
18 Nalika para sakabaté Yohanes
lan para Farisi pinuju padha pasa;
padha sowan sarta matur marang
Panjenengané, "Sabab punapa déné
para sakabatipun Yohanes lan murid-
muridipun para Farisi sami siyam,
nanging sakabat-sakabat Panjenengan
kok sami mboten siyam?"
19 Yésus ngandika marang wong-wong
mau, "Rak ora bisa ta tamu-tamu kang
mahargya pangantèn padha pasa,
nalika pangantèn lanang isih lungguhan
bareng karo para tamu? Sasuwéné
isih nyandhing pangantèn lanang,
tamu-tamu ora kena pasa.
20 Nanging bakal tumeka ing waktu,
nalika pangantèn kabedhol saka ing

antarané para tamu, lan ing waktu iku
wong-wong iku bakal padha pasa.
[21] Ora ana wong nambalaké potongan
kain anyar kang durung mengkered
marang sandhangan lawas; déné
menawa mangkono tambalané kain
anyar mau bakal nyuwèkaké, kang anyar
nyuwèk kang lawas, lan suwèké dadi
luwih banget.
[22] Lan ora ana wong ngisèkaké anggur
anyar ing kanthong kulit lawas; awit
menawa mangkono angguré bakal
ngrusak kanthongé, satemah dadia
angguré apadéné kanthongé bakal dadi
rusak lan muspra; nanging anggur anyar
kuduné diwadhahi ing kanthong kulit
kang anyar."
[23] Kacarita ing sawijiné dina Sabat,
Yésus tindak langkung pategalan
gandum; lan para sakabaté padha
methiki wulèn gandum.
[24] Wong-wong Farisi banjur padha matur
marang Panjenengané, "Panjenengan
pirsani, sabab punapa tiyang-tiyang
punika sami nindakaken padamelan
ingkang mboten dipun parengaken ing
dinten Sabat?"

[25] Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong Farisi iku, "Apa
kowé padha ora tau maca apa kang
katindakaké déning Daud lan para
pandhèrèké, nalika ngalami kekurangan
lan kaluwèn,
[26] kepriyé anggoné padha mlebu ing
Padalemané Allah, nalika jamané imam
agung Abyatar lan dhahar roti caosan --
kang ora pareng dipangan kejaba mung
déning para imam -- lan iya maringaké
roti iku marang para pandhèrèké?"
[27] Apadéné Panjenengané ngandika
marang wong-wong Farisi, "Dina Sabat
iku dianakaké kanggo manungsa, ora
kok manungsa kanggo dina Sabat;
[28] mula, Putrané Manungsa iku malah
iya Gustiné dina Sabat."

3 [1] Yésus banjur mlebet manèh ing
papan pangibadah. Ing kono ana
wong kang tangané mati sasisih.
[2] Wong-wong padha ngawasaké
Panjenengané apa iya arep marasaké
wong iku ing dina Sabat, supaya bisa
padha nggugat Panjenengané.
[3] Panjenengané banjur ngandika
marang wong kang tangané mati sasisih
iku, "Mara, ngadega ing tengah kéné!"

4 Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong kang padha
ngawasaké iku, "Ing dina Sabat iku wong
diparengaké nindakaké kabecikan apa
nindakaké piala, nylametaké nyawa apa
matèni?" Nanging wong-wong iku padha
meneng baé.
5 Panjenengané tumuli mirsani wong-
wong ing sakiwa-tengené kalawan
duka lan kanthi sekel ing galih karana
wangkoting atiné. Panjenengané
ngandika marang kang tangané mati
sasisih iku, "Tanganmu athungna!" Wong
iku banjur ngathung, lan tangané wus
kapulihaké.
6 Wong-wong Farisi iku, bareng wus
padha metu, nuli padha sekongkelan
karo para golongané Hérodès gawé
rancangan, kepriyé bisané nyédani
Panjenengané.
7 Yésus lan para sakabaté banjur
sumingkir tindak menyang tlaga; sarta
kumpulaning wong akèh cacahé saka
Galiléa padha ndhèrèkaké, samono uga
saka Yudéa,
8 saka Yérusalèm, saka Iduméa lan
sabrangé Yordan, apadéné saka wilayahé
Tirus lan Sidon. Kumpulaning wong

kang akèh cacahé iku padha sowan ing
ngarsané, marga wus padha krungu bab
samubarang kang katindakaké déning
Panjenengané.
9 Panjenengané banjur dhawuh marang
para sakabaté supaya nyawisaké prau
kagem Panjenengané marga anané
wong golongan, supaya wong golongan
iku ora ngesuk-esuk Panjenengané.
10 Amarga Panjenengané wus nyarasaké
wong akèh, mula sakèhé wong kang
nandhang lelara padha dhesek-dhesekan
ngangseg nyedhak, murih bisané
ndemok Panjenengané.
11 Roh-roh jahat iku saben-saben
ndeleng Panjenengané, banjur padha
sujud ana ing ngarsané sarta ngucap
klawan sora, "Panjenengan punika
Putranipun Allah!"
12 Nanging kanthi wanti-wanti
Panjenengané menging roh-roh jahat
supaya ora padha ngandhakaké bab
Panjenengané.
13 Yésus tumuli minggah ing gunung
sarta nimbali wong-wong kang
dikarsakaké lan wong-wong iku padha
sowan ing ngarsané.

14 Panjenengané netepaké wong
rolas, kang kasebut rasul-rasul déning
Panjenengané, supaya ndhèrèkaké
tindaké, lan kautus nggelaraké Injil,
15 sarta padha diparingi pangwasa
nundhungi sétan.
16 Panjenengané netepaké wong rolas
iku, yaiku: Simon, kang diparingi jeneng
Pétrus,
17 lan Yakobus, anaké Zébédéus,
lan Yohanes saduluré Yakobus, lan
Panjenengané maringi jeneng marang
karo-karoné Boanèrges, kang tegesé
anaking gludhug,
18 sarta Andréas, Filipus, Bartoloméus,
Matius, Tomas, Yakobus anaké Alféus,
Tadéus, Simon golongané wong Zélot,
19 apadéné Yudas Iskariot, kang
ngiyanati Panjenengané.
20 Yésus tumuli mlebet ing sawijining
omah, lah wong golongan banjur teka
manèh bareng-bareng, nganti padha ora
kober dhahar.
21 Bareng para sadhèrèké padha
krungu, banjur padha marani arep
ngajak Panjenengané sumingkir, marga
Panjenengané iku diarani éwah.

22 Déné para ahli Torèt kang teka
saka Yérusalèm padha ngucap,
"yèn Panjenengané iku kepanjingan
Bèèlzebul," lan "anggoné nundhungi
sétan kanthi pitulungané panggedhéning
sétan."
23 Panjenengané banjur nimbali lan
ngandikani wong-wong mau kanthi
upama, "Kepriyé bisané Iblis nundhung
Iblis?
24 Menawa ana kraton nglawan awaké
dhéwé, kraton iku ora bisa lestari madeg,
25 lan menawa ana brayat pecah
nglawan awaké dhéwé, brayat iku ora
bisa lestari.
26 Mangkono uga menawa Iblis brontak
nglawan awaké dhéwé sarta kapecah-
pecah, Iblis ora bakal tetep ana, nanging
wus tumeka ing pungkasané.
27 Nanging ora ana wong bisa mlebu ing
omahé wong kang rosa lan njarah-rayah
barang darbèké, menawa ora mbanda
dhisik wong kang rosa iku. Sawusé
mangkono lagi bisa njarah rayah omahé.
28 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Sakèhing dosa lan panyenyamah kang
kaucapaké déning anaké para manungsa
bakal kaapura.

29 Nanging, sapa baé kang nyenyamah
marang Roh Suci, ora bakal olèh
pangapura ing salawas-lawasé, nanging
kaluputan marga anggoné nindakaké
dosa kang langgeng."
30 Panjenengané ngandika mangkono,
jalaran wong-wong mau padha ngarani
menawa Panjenengané kapanjingan roh
jahat.
31 Ibu lan sadhèrèk-sadhèrèké tumuli
padha teka; sasuwéné ngadeg ana ing
jaba, padha kongkonan wong ngaturi
Panjenengané.
32 Wong akèh padha lungguh ngupengi
Panjenengané lan padha matur, "Lah
punika ibu sarta sadhèrèk-sadhèrèk
Panjenengan sami wonten ing jawi
madosi Panjenengan."
33 Panjenengané banjur paring
wangsulan marang wong-wong iku,
"Sapa ibuku lan sadulur-sadulurku?"
34 Kanthi mirsani wong-wong kang
padha lungguh ngupengi Panjenengané,
banjur ngandika, "Iya iki ibuku lan
sadulur-sadulurku!
35 Awit sing sapa nindakaké karsané
Allah, iya iku sadulurku lanang, lan
sadulurku wadon apadéné ibuku."

4 [1] Yésus wiwit memulang manèh ana
ing pinggiring tlaga. Wong golongan
kang luwih déning akèh padha nglumpuk
ana ing ngarsané, nganti Panjenengané
minggah ing prau kang lagi labuh,
banjur lenggah ing kono; déné wong
golongan kabèh padha ana ing dharatan
sapinggiring tlaga.
[2] Panjenengané banjur mulangaké
prakara akèh marang wong golongan
iku ngagem pasemon. Ing piwulangé
iku, Panjenengané ngandika marang
wong-wong mau,
[3] "Padha rungokna! Ana wong metu
arep nyebar wiji.
[4] Nalika nyebar, sebarané iku sebagéan
tiba ing sapinggiring dalan, lan manuk-
manuk banjur teka sarta nuthuli wiji-wiji
iku nganti entèk.
[5] Liyané tiba ing palemahan kang
campur watu, ing kono lemahé ora akèh;
wiji-wiji iku énggal thukul, awit lemahé
tipis.
[6] Nanging bareng srengéngé saya
dhuwur, banjur mati déning panas lan
marga ora duwé oyod, temah dadi
garing.

7 Ana manèh kang tiba ing erèn, lan
eriné tuwuh dadi dhuwur sarta sebarané
kelindhih banget, temahan mati lan ora
ngetokaké woh.
8 Déné liyané tiba ing lemah kang becik,
lan banjur ngetokaké woh; marga tuwuh
subur, temahan ngetokaké woh; ana
kang tikel telung puluh, ana kang tikel
sawidak, ana kang tikel satus."
9 Panjenengané banjur ngandika, "Sapa
kang duwé kuping kanggo ngrungokaké,
iku ngrungokna!"
10 Nalika Panjenengané piyambakan,
para pandhèrèké karo sakabaté rolas iku
padha nyuwun katrangan bab pasemon
mau.
11 Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong iku, "Kowé kabèh
wus padha kaparingan wewadining
Kratoné Allah, nanging tumrap wong-
wong jaba samubarang kapratélakaké
nganggo pasemon,
12 supaya: Sanadyan pancèn ndeleng,
nanging padha ora weruh; sanadyan
pancèn ngrungokaké, nanging padha
ora ngerti, supaya sarana mangkono
iku ora padha mratobat lan kaparingan
pangapura."

13 Panjenengané tumuli ngandika
marang wong-wong iku, "Kowé apa
padha ora ngerti pasemon iki? Banjur
kepriyé anggonmu ngerti sakèhing
pasemon liyané?
14 Wong kang nyebar iku nyebar
pangandika.
15 Déné wong-wong kang ana ing
sapinggiring dalan, papan kasebaré
pangandika, yaiku wong-wong kang
padha ngrungokaké pangandika; Iblis
banjur énggal-énggal teka nyirnakaké
pangandika kang lagi baé kasebar.
16 Mangkono uga, kang kasebar ing
palemahan kang campur watu-watu,
yaiku wong-wong kang nalika krungu
pangandika, banjur énggal-énggal
nampani pangandika iku kalawan
bungah.
17 Nanging pangandika iku ora ngoyod
ing atiné; dadi panampané pangandika
mau mung tahan sadhéla baé; kanthi
mangkono, bareng kelakon ana
panganiaya lan panguya-uya kang awit
saka pangandika iku, wong-wong mau
énggal padha murtad.

18 Déné liya-liyané, yaiku kang kasebar
ing erèn, iku wong-wong kang padha
ngrungokaké pangandika,
19 nanging sumelanging urip ing
donya lan godhaning kasugihan tuwin
kamélikan marang prakara-prakara
liyané banjur nlusup lan nglindhih
pangandika iku, temah dadi tanpa woh.
20 Mungguh kang kasebar ing lemah
kang becik, yaiku wong-wong kang
ngrungokaké sarta nampani pangandika,
apadéné ngetokaké woh, kang siji tikel
telung puluh, lan sijiné tikel sewidak,
sarta sijiné manèh tikel satus."
21 Yésus banjur ngandika marang
wong-wong mau, "Anané lampu iku rak
ora supaya dipapanaké ing sangisoré
genthong utawa dipapanaké ing longan
ta? Apa ora supaya ditumpangaké ing
cagak lampu?
22 Sabab ora ana barang kang sinamar
kajaba supaya kawiyak, lan ora ana
barang kang winadi kejaba supaya
kawedharaké.
23 Sapa kang duwé kuping kanggo
ngrungokaké iku ngrungokna!"
24 Panjenengané banjur ngandika
manèh, "Padha titènana, apa kang

padha kokrungu. Ukuran kang kokanggo
ngukur, bakal kanggo ngukur kowé;
malah tumrap ing kowé ukurané bakal
ditambahi.
25 Sabab sapa kang duwé, bakal
kaparingan, lan sapa kang ora duwé,
dalah apa kang diduwèni bakal
kapundhut."
26 Yésus banjur ngandika, "Bab Kratoné
Allah iku kaya mangkéné: Upamané
kaya wong kang nyebar wiji ing lemah,
27 ing wayah bengi wong mau turu,
lan ing wayah awan tangi, déné wiji iku
thukul sarta tuwuh, lan wongé iku dhéwé
ora ngerti kepriyé kelakoné.
28 Bumi iku tan kena ora mesthi
ngetokaké woh, wiwitané arupa gagang,
banjur wewulèné, nuli gandumé kang
mentes ana ing wulèné.
29 Samangsa wohé wus tuwa, wong iku
énggal ngeriti, awit wus tekan wayahé
panèn."
30 Yésus banjur ngandika, "Kratoné
Allah iku beciké kita upamakaké apa,
utawa beciké kita gambaraké nganggo
pasemon apa?

31 Iku kayadéné wiji sesawi kang nalika
disebar ing lemah, iku wujudé cilik
dhéwé saka sakèhing wiji ing bumi.
32 Nanging bareng wis disebar, banjur
tuwuh lan dadi gedhé dhéwé saka
sakèhing sayuran sarta ngetokaké pang
kang gedhé-gedhé, nganti manuk-
manuk ing awang-awang padha bisa
nusuh ana ing ayomané."
33 Ngagem pasemon akèh kang kaya
mangkono iku, Panjenengané mbabaraké
pangandika marang wong-wong iku,
saukur karo sagaduking pangertèné,
34 lan Panjenengané ora ngandika
tanpa pasemon marang wong-wong
iku, nanging yèn marang para sakabaté
piyambak, Panjenengané nerangaké
samubarang kanthi kusus.
35 Ing dina iku bareng wus surup, Yésus
ngandika marang para sakabaté, "Ayo
padha mangkat nyabrang."
36 Karo ninggal wong golongan, para
sakabat banjur padha ndhèrèkaké
Panjenengané kang wus ana ing prau
bebarengan karo prau-prau liyané.
37 Tumuli ana prahara kang gedhé, lan
ombaké ngebyuki prau, nganti prauné
mèh kebak banyu.

38 Déné Yésus ana ing buritan saré
ngagem bantal. Para sakabat banjur
mungu Panjenengané lan matur, "Guru,
punapa Panjenengan mboten menggalih,
bilih kawula sami katiwasan?"
39 Sawisé wungu, Panjenengané
banjur ndukani anginé kanthi sereng
sarta ngandika marang tlaga, "Sirepa!
Antenga!" Anginé nuli sirep lan tlagané
dadi anteng.
40 Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabaté, "Yagéné kowé
padha wedi? Apa kowé padha ora
pracaya?"
41 Para sakabat dadi wedi banget,
sarta padha rerasanan, "Sejatiné
Panjenengané iku sapa ta, déné angin
lan tlaga baé padha mbangun turut
marang dhawuhé?"
5 1 Nuli Yésus lan para sakabaté padha
tekan sabranging tlaga, ing wilayahé
wong Gerasa.
2 Lagi baé Panjenengané mandhap saka
ing prau, ana wong kang kerasukan roh
jahat saka ing pakuburan, methukaké.
3 Wong mau manggon ana ing
pakuburan lan ora ana wong siji baé

kang bisa mbanda wong mau, sanadyan
nganggo ranté pisan,
4 amarga wong iku sikil lan tangané wus
kerep diranté, nanging ranténé dipedhot
lan dibedhat, mangka ora ana siji baé
wong kang bisa nelukaké.
5 Rina-wengi wong iku terus ana ing
pakuburan-pakuburan lan gunung-
gunung karo bengak-bengok sarta
ngantemi awaké dhéwé nganggo watu.
6 Bareng weruh Yésus saka ing kadohan,
wong mau banjur mlayu lan nyembah
Panjenengané,
7 sarta mbengok klawan sora, "Punapa
urusan Panjenengan kaliyan kula,
dhuh, Yésus, Putranipun Allah ingkang
Mahaluhur? Demi Allah, sampun ngantos
nyiksa kula!"
8 Wong mau matur mangkono, jalaran
Panjenengané ngandika, "Metua saka
wong iku, hé, roh jahat!"
9 Panjenengané banjur ndangu marang
wong iku, "Sapa jenengmu?" Wong iku
tumuli matur, "Nama kula Legion, awit
kula punika kathah."
10 Wong iku kanthi adreng nyuwun
supaya Panjenengané ora nundhung
roh-roh jahat iku saka ing wilayah kono.

11 Ing kono ana babi sapantha gedhé
lagi padha golèk pangan ana ing
èrèng-èrèngé gunung.
12 Roh-roh jahat iku banjur padha
nyuwun marang Panjenengané karo
matur, "Panjenengan ndhawuhana kula
supados sami pindhah ing babi-babi
punika, babi-babi punika badhé kula
lebeti."
13 Yésus marengaké roh-roh jahat iku;
lan roh-roh jahat mau tumuli padha
metu banjur mlebu ing babi-babi iku;
pepanthan babi mau tumuli gumrudug
mudhun liwat èrèng-èrèng kang njuleg
ambyur ing tlaga, cacahé wetara rong
èwu, lan padha klelep ing kono.
14 Para kang angon babi-babi mau
banjur padha mlayu awèh warta marang
wong-wong ing kutha lan ing kampung-
kampung sakiwa-tengené. Wong-wong
banjur padha metu arep weruh apa kang
wis kelakon.
15 Wong-wong mau padha sowan ing
ngarsané Yésus lan padha ndeleng
wong kang kapanjingan sétan Legion
iku lungguh ana ing kono, wis nganggo
sandhangan sarta waras budiné,
satemah wong-wong iku padha wedi.

16 Wong-wong kang padha weruh
lelakon mau banjur padha nyritakaké
marang wong-wong kang padha teka
iku, apa kang tumanduk ing wong kang
kapanjingan sétan lan bab babi-babi
mau.
17 Wong-wong banjur padha nyuwun,
supaya Panjenengané jengkar saka ing
wilayahé.
18 Nalika Yésus minggah ing prau,
wong kang kapanjingan sétan mau
nyuwun marang Panjenengané supaya
diparengaké ndhèrèk.
19 Yésus ora marengaké, nanging
ngandika marang wong iku, "Muliha
menyang omahmu, menyang krabatmu
lan kandhakna marang wong-wong
mau sabarang kang katindakaké déning
Allah marang kowé sarta anggoné
Panjenengané melasi kowé!"
20 Wong iku banjur lunga sarta wiwit
martakaké ana ing tanah Dékapolis
samubarang kang wis katindakaké
déning Yésus marang wong mau, temah
wong kabèh padha gumun.
21 Nalika Yésus nyabrang manèh
kalawan nitih prau, wong golongan
kang akèh cacahé teka padha ngrubung

Panjenengané. Nalika Panjenengané ana
ing pinggir tlaga,
22 tumuli ana wong saka panunggalané
para pangareping papan pangibadah
teka, jenengé Yairus. Bareng weruh
Panjenengané, wong iku banjur sujud
ing ngarsané,
23 lan kanthi adreng nyuwun marang
Panjenengané lan matur, "Anak kawula
èstri saweg sakit mèh pejah, mugi Gusti
rawuh saha numpangi asta dhateng
anak kula wau, supados wilujeng lan
lestantun gesang."
24 Yésus banjur tindak bareng karo
pangareping papan pangibadah mau.
Lan wong golongan kang akèh cacahé
ndhèrèkaké Panjenengané.
25 Ana wong wadon kang lara
nggrajag-getih wus rolas taun lawasé,
26 sing banget anggoné nandhang
sangsara, wis bola-bali ditambani
dhokter pirang-pirang, nganti
ngentèkaké barang darbèké kabèh,
mangka iku ora mitulungi, nanging
larané malah dadi luwih nemen.
27 Marga wus krungu pawarta bab
Yésus, wong wadon iku tumuli teka
nrambul ing satengahé wong golongan,

banjur ndemèk jubahé Panjenengané
saka ing buri.
28 Sabab pamikiré, "Yèn aku ndemèk,
sanadyan ta mung jubahé Panjenengané,
aku bakal kawarasaké."
29 Sanalika nggrajag-getihé banjur dadi
mampet, apadéné iya ngrasakaké yèn
awaké wus waras.
30 Sanalika iku uga Yésus ngraosaké
saka ing sarirané piyambak ana daya
kang metu, Panjenengané banjur
minger ing satengahé wong golongan lan
ngandika, "Sapa kang ndemèk jubahku?"
31 Para sakabaté banjur padha matur
marang Panjenengané, "Gusti pirsa
tiyang golongan sami ndhesek-ndesek
Gusti, éwasemanten Gusti ngandika:
Sapa kang ndemèk Aku?"
32 Panjenengané banjur mirsani
mubeng, nedya nguningani wong kang
tumindak mengkono.
33 Déné wong wadon mau sarèhné
nyumurupi apa kang kelakon tumrap
awaké, banjur kanthi wedi lan gumeter
marek sarta sujud ing ngarsané Yésus,
apadéné ngaturaké kabèh ing sanyatané
marang Panjenengané.

34 Panjenengané tumuli ngandika
marang wong wadon iku, "Hé, nggèr,
pracayamu wus mitulungi kowé.
Mundura kanthi tentrem-rahayu, lan
warasa saka lelaramu."
35 Nalika Panjenengané isih ngandika,
wong sawatara saka ing omahé
pangareping papan pangibadah mau
nusul teka lan matur, "Putra putri
panjenengan sampun tilar, punapa
ginanipun panjenengan taksih ngribedi
Guru?"
36 Nanging Yésus, kanthi ora nggatosaké
marang tetembungan kang kaucapaké
iku, ngandika marang pangarepé papan
pangibadah iku, "Aja wedi, pracayaa
baé!"
37 Yésus ora marengaké ana wong kang
ndhèrèk Panjenengané kejaba Pétrus,
Yakobus lan Yohanes, saduluré Yakobus.
38 Bareng wus padha tekan omahé
pangareping papan pangibadah iku,
Panjenengané pirsa kaributan, wong-
wong kang nangis lan sesambat kalawan
sora.
39 Bareng wis mlebet, Panjenengané
banjur ngandika marang wong-wong iku,

"Yagéné kowé padha ribut lan nangis?
Bocahé ora mati, nanging turu."
40 Wong-wong iku banjur padha
nggeguyu Panjenengané. Sawisé
ndhawuhi metu wong-wong iku kabèh,
Panjenengané tumuli ngajak bapak lan
ibuné bocah mau sarta kang padha
ndhèrèk Panjenengané, banjur mlebet
ing papané bocah mau.
41 Kanthi ngasta tangané, Panjenengané
ngandika marang bocah iku, "Talita
kum," kang ateges, "Hé, gendhuk, Aku
dhawuh marang kowé, tangia!"
42 Sanalika bocah wadon iku tangi sarta
mlaku mrana-mréné; bocah iku umuré
rolas taun. Wong kabèh tumuli padha
banget kaéraman.
43 Panjenengané paring dhawuh
wanti-wanti marang wong-wong iku, aja
nganti ana wong kang ngerti bab mau,
sarta ndhawuhi supaya bocahé diparingi
mangan.

6 1 Yésus banjur jengkar saka kono
lan rawuh ing papan asalé, déné
para sakabaté padha ndhèrèkaké
Panjenengané.
2 Ing dina Sabat, Panjenengané wiwit
memulang ana ing papan pangibadah,

lan wong akèh kang padha ngrungokaké
gumun banget, klawan ngucap, "Wong
iku anggoné olèh iku kabèh saka ngendi?
Lan kawicaksanan apa kang kaparingaké
marang wong iku? Sarta kepriyé déné
pangwasa kang ngéram-éramaké kang
kaya mangkono iku bisa katindakaké
sarana tangané?
3 Apa wong iku dudu tukang kayu,
anaké Maria, saduluré Yakobus, Yosès,
Yudas lan Simon? Lan apa sadulur-
saduluré wadon ora padha manggon ing
kéné ing satengah kita?" Wong-wong iku
temah padha nampik Panjenengané.
4 Yésus banjur ngandika marang wong-
wong iku, "Nabi iku mesthi kajèn ana ing
ngendi-endi, kejaba ana ing papan asalé
lan ing satengahé kulawargané sarta ing
omahé dhéwé."
5 Ana ing kono Panjenengané ora
saged nindakaké pangwasa kang
ngéram-éramaké liyané, kajaba mung
nyarasaké wong lara sawatara sarana
numpangi asta.
6 Panjenengané gumun banget awit
saka anggoné wong-wong mau padha
ora pracaya. (6-6b) Yesus banjur tindak
ndlajahi desa-desa karo memulang.

7 Panjenengané nimbali marek sakabat
rolas iku sarta wiwit ngutus para sakabat
mau ngloro-ngloro. Panjenengané
maringi pangwasa marang para sakabat
tumrap roh-roh jahat,
8 apadéné ndhawuhi para sakabat
supaya ora sangu apa-apa kanggo ana
ing dalan, kejaba mung teken; aja padha
nggawa roti, aja nggawa kanthong,
dhuwit ing sabuk iya ora,
9 nanging kena nganggo trumpah, lan
aja padha nggawa sandhangan rangkep.
10 Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabat, "Ing endi baé, yèn
kowé padha mlebu ing sawijining omah,
kowé padha manggona ana ing kono
nganti salungamu.
11 Déné menawa ana panggonan
kang ora nampa kowé lan uga ora
ngrungokaké kandhamu, nalikané kowé
padha ninggal papan kono, ketabna
lebu kang tumèmpèl ing tlapakanmu
minangka paseksi marang wong-wong
mau."
12 Para sakabat banjur padha lunga
martakaké supaya wong padha
mratobat,

13 lan padha nundhungi sétan akèh,
apadéné medhaki wong pirang-pirang
nganggo lenga dadi lan warasé.
14 Raja Hérodès iya midhanget bab
Yésus, awit asmané wus misuwur, lan
wong padha ngandhakaké, "Yohanes
Pambaptis wus kawungokaké saka ing
antarané wong mati, mulané pangwasa
kang ngéram-éramaké iku makarya ana
ing Panjenengané."
15 Déné wong-wong liyané padha
ngucap, "Iku Élia!" Nanging wong-wong
liyané padha nuturaké, "Iku nabi
kayadéné nabi-nabi ing jaman biyèn."
16 Nalika Hérodès midhanget prakara
iku, banjur ngandika, "Dudu, iku
Yohanes, kang wus daktigas guluné, iku
wus katangèkaké."
17 Amarga Hérodès piyambak wis
dhawuh supaya nangkep Yohanes
lan mbanda panjenengané ana ing
kunjara, awit Hérodès ngalap Hérodias,
garwané Filipus sadhèrèké Hérodès, dadi
garwané.
18 Yohanes pancèn naté ngèngetaké
marang Hérodès, "Mboten wenang
panjenengan mengku sémahipun
sadhèrèk panjenengan!"

19 Mulané Hérodias ngendhem serik
marang Yohanes lan ngudi bisané
nyédani panjenengané, nanging ora
bisa,
20 sabab Hérodès éring marang
Yohanes, amarga pirsa yèn Yohanes iku
priya mursid lan suci, mulané Hérodès
ngayomi panjenengané. Lan manèh,
samangsa midhanget pangandikané
Yohanes, Hérodès kuwur panggalihé,
éwadéné remen midhangetaké.
21 Wusana ana wewengan kang becik
tumrap Hérodias, nalika Hérodès ing
dina wiyosané damel bujana kanggo
para panggedhéné lan para opsiré sarta
para wong kang kajèn-kéringan ing
Galiléa.
22 Nalika putrané putri Hérodias mlebu
sarta banjur mbeksa, iku gawé renané
Hérodès lan para tamuné. Raja Hérodès
banjur ngandika marang putriné iku,
"Kowé nyuwuna marang aku apa kang
kokkarepaké, mesthi bakal dakparingi!"
23 Panjenengané nuli sumpah marang
putri iku, "Apa baé kang koksuwun
marang aku bakal dakparingaké marang
kowé, sanadyan nganti separoning
kratonku pisan!"

24 Putri mau banjur metu sarta matur
marang ibuné, "Prayoginipun kula
nyuwun punapa?" Déné ibuné mangsuli,
"Sirahé Yohanes Pambaptis."
25 Putri iku banjur énggal baé mlebu
kanthi rerikatan marek ing ngarsané
raja sarta nyuwun kalawan matur, "Ing
wekdal punika ugi, kawula kepéngin
bilih panjenengan maringaken dhateng
kawula, sirahipun Yohanes Pambaptis
wonten ing baki!"
26 Raja Hérodès dadi banget sungkawa
ing galih, nanging marga saka sumpahé
lan karana para tamuné, panjenengané
ora karsa nulak panyuwuné putri iku.
27 Panjenengané banjur énggal ngutus
prajurit lan dhawuh supaya nggawa
mustakané Yohanes. Prajurit iku tumuli
mangkat, banjur nigas janggané Yohanes
ing pakunjaran.
28 Nuli nggawa mustakané Yohanes
ana ing baki sarta masrahaké marang
putri iku, kang banjur ngaturaké marang
ibuné.
29 Bareng para sakabaté Yohanes
krungu prakara iku, banjur padha
teka sarta ngukup layoné, kang nuli
kasarèkaké ana ing pakuburan.

30 Para rasul tumuli padha ngumpul ana
ing ngarsané Yésus lan padha ngaturaké
marang Panjenengané apa kang wus
padha katindakaké lan kawulangaké.
31 Panjenengané banjur ngandika
marang para rasul, "Ayo padha menyang
panggonan kang sepi lan padha ngasoa
sadhéla." Amarga wong akèh padha
lunga-teka, temah padha ora kober
mangan.
32 Banjur padha mangkat numpak prau
ndhéwé menyang panggonan kang sepi.
33 Nanging nalika padha mangkat,
wong akèh padha weruh lan iya padha
ngerti tujuané. Tumuli wong akèh saka
sakèhing kutha, kanthi laku dharat
padha nusul rerikatan mrana lan padha
tekan panggonan kono, ndhisiki para
rasul lan Yésus.
34 Nalika wus ndharat, Yésus pirsa wong
golongan kang akèh cacahé, banjur
tuwuh welasé marang wong golongan
iku, awit padha kayadéné wedhus
kang ora duwé pangon. Panjenengané
nuli wiwit mulang wong golo ngan iku
pirang-pirang prakara.
35 Bareng wayahé wus wiwit peteng,
para sakabaté padha sowan ing ngarsané

lan matur, "Panggènan punika sepen,
mangka wancinipun sampun wiwit
peteng.
36 Tiyang-tiyang punika kadhawuhana
sami késah dhateng kampung-kampung
tuwin dhusun-dhusun ing sakubengipun
panggènan punika, supados sami
tumbas tedha piyambak."
37 Nanging Panjenengané paring
wangsulan, "Kowé padha mènèhana
mangan!" Para sakabat banjur padha
munjuk marang Panjenengané, "Kawula
punapa kedah sami késah tumbas roti
pengaos kalih atus dinar, lajeng kawula
sukakaken dhateng tiyang-tiyang punika
supados sami nedha?"
38 Panjenengané tumuli ngandika,
"Kowé padha duwé roti pira? Padha
delengen!" Bareng wus padha cetha
cacahé, banjur padha matur, "Wonten
roti gangsal, sarta ulam loh kalih."
39 Panjenengané tumuli dhawuh marang
wong-wong mau, supaya kabèh padha
lungguh sakrompol-sakrompol ana ing
pasuketan kang ijo.
40 Wong-wong banjur padha lungguh
krompol-krompolan kira-kira nyatus lan
nyèket.

41 Sawusé mendhet roti lima lan iwak
loro iku, Panjenengané nuli tumenga
ing langit ngucap sokur, banjur nyuwil-
nyuwil rotiné lan maringaké marang
para sakabaté supaya padha ngladèkaké
marang wong-wong mau, apadéné
Panjenengané ngedum-edum iwak loro
iku marang wong-wong mau kabèh.
42 Wong kabèh mau banjur padha
mangan nganti wareg.
43 Lan para sakabat tumuli padha
ngukupi cuwilan-cuwilan sisané roti dadi
rolas wakul lan uga turahan-turahané
iwak.
44 Déné wong lanang kang padha mèlu
mangan roti iku cacahé limang èwu.
45 Yésus banjur ndhawuhi para
sakabaté, munggah ing prau lan
mangkat ndhisiki nyabrang menyang
Bètsaida; déné wong golongan didhawuhi
mulih.
46 Sawusé pisah saka wong golongan,
Panjenengané banjur minggah ing
gunung ngarsakaké ndedonga.
47 Bareng wengi prauné wus ana ing
tengahé tlaga, déné Panjenengané
piyambakan ana ing dharatan.

48 Nanging bareng pirsa para sakabat
rekasa anggoné ndhayung, marga
anginé nampek, watara jam telu bengi
Panjenengané nusul para sakabat
kalawan tindak napak ing banyuné tlaga,
karsa nglancangi para sakabat.
49 Bareng para sakabat padha weruh
Panjenengané tindak napak ing banyuné
tlaga, padha ngira yèn Panjenengané iku
memedi, banjur padha bengok-bengok,
50 sabab kabèh padha meruhi
Panjenengané, temah padha wedi
banget. Nanging Panjenengané banjur
énggal ngandika marang para sakabat,
"Padha ditatag atimu! Iki Aku, aja wedi!"
51 Panjenengané banjur minggah ing
prau murugi para sakabat, lan anginé
tumuli sirep. Para sakabat padha banget
gumuné,
52 awit padha durung ngerti, sanadyan
wis ngalami lelakon bab roti mau, jalaran
saka wangkoting atiné.
53 Bareng wus padha nyabrang, Yésus
lan para sakabaté padha ndharat sarta
labuh ing Génésarèt.
54 Sawusé padha mentas saka prau,
sanalika wong-wong padha weruh
Panjenengané.

55 Mulané banjur padha mlaku rerikatan
ndlajahi sawilayah kono kabèh sarta
wiwit padha nggotongi wong-wong
lara kang nggléthak ana ing paturoné,
menyang panggonan kang kaprungu
dadi paleremané Panjenengané.
56 Ana ing ngendi baé Panjenengané
rawuh, ing désa-désa, ing kutha-kutha,
utawa ing kampung-kampung, wong-
wong padha nyèlèhaké kang lara iku
ana ing pasar lan nyuwun marang
Panjenengané, kalilanana ndemèk
sanadyan mung gombyoking jubahé
baé. Déné sakèhing wong kang padha
ndemèk Panjenengané iku padha dadi
waras.

7 1 Nalika Para Farisi lan wong sawatara
saka golonganing ahli Torèt kang
teka saka Yérusalèm, padha nglumpuk
sowan ing ngarsané Yésus.
2 Wong-wong mau padha weruh para
sakabat sawatara padha mangan
nganggo tangan kang najis, yaiku ora
wisuh dhisik.
3 Sabab para Farisi, kayadéné wong-
wong Yahudi liyané, ora mangan yèn ora
ngwisuhi tangané dhisik, amarga padha
netepi padatan warisané para leluhuré;

4 lan samangsa mulih saka pasar, iya
padha ora mangan yèn ora nucèkaké
awak. Sarta akèh manèh padatan
liyané kang diwarisi supaya ditetepi,
kayata: bab ngumbah tuwung lan kendhi
sarta piranti-piranti prunggu, apadéné
paturon.
5 Para Farisi lan para ahli Torèt mau
banjur padha munjuk pitakon marang
Panjenengané, "Kènging punapa déné
sakabat-sakabat Panjenengan kok
mboten sami nindakaken padatan
warisanipun para leluhur, nanging sami
nedha mawi tangan najis?"
6 Panjenengané ngandika marang
wong-wong mau, "Cocog banget Yésaya
anggoné meca bab kowé, hé wong-wong
lamis! Kaya kang wus katulis: Bangsa
iki ngurmati Ingsun kalawan lambé,
nanging atiné adoh saka Ingsun.
7 Dadi, tanpa teges anggoné ngluhuraké
Ingsun, déné kang diwulangaké iku
pepakoné manungsa.
8 Kalawan ninggal pepakèné Allah, kowé
padha netepi padatané manungsa."
9 Panjenengané mbacutaké
pangadikané marang wong-wong
mau, "Pinter tenan anggonmu nyisihaké

pepakènè Allah, murih kowé padha
nglestarèkaké padatané leluhurmu.
10 Amarga Musa wus dhawuh: Kowé
ngajènana bapakmu lan ibumu! Lan uga:
Sing sapa ngipat-ipati bapakné utawa
ibuné, iku kudu kaukum pati.
11 Nanging kowé padha memulang:
Menawa ana wong kang matur
bapaké utawa ibuné: Sadaya bantuan
ingkang mesthinipun dados wewenang
panjenengan saking kula, sampun kula
dadosaken kurban, -- yaiku pisungsung
katur marang Allah, --
12 dadiné, kowé ora ngolèhaké wong
iku nindakaké apa-apa manèh kanggo
bapaké utawa ibuné.
13 Kang mangkono iku, sarana
nglestarèkaké padatané leluhurmu iku,
kowé padha nggawé pangandikané
Allah batal. Kejaba iku kowé isih padha
nindakaké prakara rupa-rupa kang iya
kaya mangkono iku."
14 Yésus banjur nimbali marek manèh
wong golongan sarta ngandika, "Kowé
kabèh padha ngrungokna marang Aku
lan padha nggatèkna.
15 Ora ana barang saka sajabané wong
kang mlebu ing sajroné awaké, iku bisa

gawé najisé wong mau, nanging apa-apa
kang metu saka ing wong, iku kang
gawé najisé wong iku."
16 [Sapa baé kang duwé kuping kanggo
ngrungokaké, ngrungokna!]
17 Bareng Panjenengané wis lumebet
ing sawijiné omah, sumingkir saka wong
golongan, para sakabaté banjur munjuk
pitakon marang Panjenengané bab
pasemon mau.
18 Panjenengané tumuli ngandika
marang para sakabat, "Dadi, kowé apa
iya padha ora nyandhak? Apa kowé
padha ora nggatèkaké, yèn samubarang
kang saka ing jaba mlebu ing wong, iku
ora bisa gawé najisé wong mau,
19 amarga iku ora mlebu ing atiné,
nanging ing wetengé, apadéné banjur
metu dibuwang ana ing pakiwan?"
Kaya mangkono anggoné Panjenengané
mratélakaké, yèn sakèhing pangan iku
kalal.
20 Panjenengané ngandika manèh, "Apa
kang metu saka ing wong, iya iku kang
gawé najisé wong mau,
21 sabab iya saka ing njero kono,
saka ing atiné wong, kawetu gagasan-

gagasan ala, laku cabul, colong-jupuk,
gawé pati,
22 laku jina, srakah, tingkah dursila,
pokal culika, laku rusuh, kumèrèn,
panyenyamah, umuk, tindak-tanduk
tanpa budi.
23 Sakèhé piala iku asalé saka ing jero
lan gawé najisé wong."
24 Yésus jumeneng banjur tindak
saka kono menyang wilayah Tirus.
Bareng wis lumebet ing sawijiné omah,
Panjenengané ngarsakaké aja ana wong
siji baé kang ngerti, éwasamono rawuhé
tetep ora bisa kasidhem.
25 Malah nalika iku uga, ana wanita
kang anaké wadon kepanjingan roh
jahat; bareng krungu bab Panjenengané,
banjur agé-agé sowan ngrungkebi
sampéyané.
26 Wanita iku wong Yunani, keturunan
Siro-Fénisia. Wong mau banjur nyuwun
marang Yésus, supaya karsa nundhung
sétané metu saka anaké wadon.
27 Yésus nuli ngandika marang wanita
iku, "Bocah-bocah iku dhisik karebèn
padha wareg, awit rak ora patut
njupuk rotiné bocah-bocah mau banjur
diuncalaké marang asu."

28 Éwadéné wanita iku matur,
"Kasinggihan, Gusti. Nanging segawon
ing ngandhap méja menika rak inggih
sami nedha rontoganing rotinipun
laré-laré wau."
29 Yésus banjur ngandika marang wanita
iku, "Marga saka pitembunganmu, kowé
muliha, sétané wus metu saka anakmu
wadon."
30 Nalika mulih tekan omahé, wanita iku
mrangguli anaké teturon ing ambèn lan
sétané wis lunga.
31 Sawisé iku Yésus jengkar saka
wilayah Tirus lan tindak langkung Sidon
menyang tlaga Galiléa, nratas tanah
Dékapolis.
32 Wong-wong tumuli nggawa wong
kang budheg lan angèl guneman
sowan ing ngarsané, nyuwun supaya
Panjenengané numpangi asta marang
wong iku.
33 Sawusé wong mau kadhèwèkaké
saka wong golongan, dadi mung kari
karo Yésus, Panjenengané banjur
nglebetaké drijiné ing kupingé wong iku,
sawusé kecoh banjur ndumuk ilaté wong
mau.

34 Sawisé mangkono, kanthi tumenga
ing langit Panjenengané unjal ambekan,
banjur ngandika marang wong mau,
"Éfata!" tegesé: Mengaa!
35 Sanalika kupingé padha kabukak,
apadéné bundhelaning ilaté udhar,
banjur bisa guneman kanthi cetha.
36 Panjenengané tumuli meling wong
golongan, aja padha kandha-kandha
marang sapa baé. Nanging sangsaya
keras Panjenengané meling wong-wong
golongan iku, sangsaya mempeng
anggoné padha martak-martakaké.
37 Déné wong golongan kabèh padha
kaéraman banget lan padha ngucap,
"Panjenengané iku wus nggawé
samubarang dadi becik, wong-wong
kang budheg padha dadi bisa krungu,
lan wong-wong kang bisu padha dadi
bisa guneman."

8 1 Ing nalika iku, ana manèh wong
golongan kang akèh cacahé lan
marga padha ora duwé pangan,
Panjenengané banjur nimbali para
sakabat sarta ngandika,
2 "Atiku kok welas marang wong
golongan iki, awit wus telung dina iki

padha ngetutaké Aku terus, mangka
padha ora duwé pangan.
3 Menawa dakkon padha bali menyang
omahé kanthi weteng luwé, rak iya bakal
padha ambruk ana ing dalan, sabab
ing antarané wong golongan iki ana
sawatara kang adoh asalé."
4 Para sakabaté padha munjuk marang
Panjenengané, "Wonten ing pasamunan
punika, saking pundi tiyang sagedipun
angsal roti kanggé nuwuki tiyang-tiyang
punika?"
5 Panjenengané banjur ndangu para
sakabat, "Kowé padha duwé roti pira?"
Para sakabat tumuli padha matur,
"Wonten pitu."
6 Panjenengané nuli ndhawuhi wong
golongan iku lungguh ana ing lemah.
Sawisé mangkono, Panjenengané banjur
mundhut roti pitu mau, lan sawisé saos
sokur, nuli nyuwil-nyuwil roti iku sarta
maringaké marang para sakabat supaya
ngedum-dumaké, lan tumuli padha
mbagé roti iku kanthi rata marang wong
golongan.
7 Para sakabat uga duwé iwak loh
cilik-cilik sawatara, lan sawusé saos

sokur, Panjenengané banjur dhawuh
supaya iku iya didum-dumaké.
8 Wong-wong tumuli padha mangan,
nganti wareg. Para sakabat banjur padha
ngukupi cuwilan-cuwilan sisané roti, dadi
pitung wakul.
9 Anadéné wong golongan iku cacahé
watara patang èwu. Banjur padha
didhawuhi mulih.
10 Panjenengané nuli énggal minggah
ing prau bareng karo para sakabaté lan
tindak menyang wilayah Dalmanuta.
11 Para wong Farisi tumuli padha
sowan, banjur wiwit bebantahan karo
Yésus. Kanggo nguji, wong-wong mau
nyuwun pratanda saka swarga marang
Panjenengané.
12 Kalawan ngresula penggalihé,
Panjenengané ngandika, "Généya
wong-wong jaman iki padha nyuwun
pratandha? Satemen-temené Aku pitutur
marang kowé, wong-wong iki babar
pisan ora bakal kaparingan pratandha."
13 Panjenengané banjur nilar wong-
wong iku lan minggah manèh ing prau
tindak menyang sabrang.

14 Para sakabat lali ora nggawa roti,
kejaba mung duwé roti siji kang ana ing
prau.
15 Yésus banjur ngèngetaké marang
para sakabaté, pangandikané, "Padha
diawas, lan dingati-ati marang raginé
wong Farisi lan raginé Hérodès."
16 Para sakabat banjur rerasan anggoné
padha ora duwé roti.
17 Bareng Yésus pirsa, banjur ngandika,
"Yagéné kowé padha rerasan bab
anggonmu ora duwé roti? Apa kowé
padha durung paham lan uga durung
ngerti? Apa atimu wus dadi kethul?
18 Kowé iku duwé mripat apa padha ora
ndeleng, lan kowé iku duwé kuping apa
padha ora ngrungu? Apa kowé padha ora
kèlingan,
19 nalika Aku nyuwil-nyuwil roti lima
kanggo wong limang èwu; kowé padha
ngukupi cuwil-cuwilan roti dadi pirang
wakul kebak?" Para sakabat padha
matur marang Panjenengané, "Kalih
welas wakul."
20 "Lan nalika roti pitu kanggo wong
patang èwu, kowé padha ngukupi
cuwil-cuwilan roti pirang wakul kebak?"

Para sakabat banjur matur marang
Panjenengané, "Pitung wakul."
21 Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabat, "Apa kowé isih
padha durung ngerti?"
22 Yésus lan para sakabaté banjur
rawuh ing Bètsaida. Wong-wong tumuli
nggawa wong wuta sowan ing ngarsané
Yésus, sarta padha nyuwun supaya
Panjenengané karsa ndemèk wong wuta
mau.
23 Panjenengané tumuli ngasta tangané
kang wuta mau lan nuntun wong iku
menyang sajabané désa. Bareng wus
ngecohi mripaté apadéné numpangi asta
wong iku, Panjenengané banjur ndangu,
"Apa kowé weruh apa-apa?"
24 Bareng wong wuta mau wiwit bisa
weruh banjur munjuk, "Kawula ningali
tiyang-tiyang kadosdéné wit-witan
nanging ketingalipun sami mlampah."
25 Yésus banjur numpangaké astané
manèh ing mripaté wong iku, lan wong
mau bisa ndeleng temenan sarta wis
waras, temahan bisa ndeleng apa baé
kanthi cetha.
26 Panjenengané tumuli ndhawuhi
wong mau mulih menyang omahé, karo

dingandikani, "Aja mampir ing désa
kono!"
[27] Yésus dalah para sakabaté banjur
tindak menyang désa-désa sakiwa-
tengené Kaisaréa Filipi. Ana ing dalan,
Panjenengané ndangu marang para
sakabat, "Wong-wong padha ngarani
Aku iki sapa?"
[28] Para sakabat padha ngaturi
wangsulan marang Panjenengané, aturé,
"Wonten ingkang mastani Yohanes
Pambaptis, wonten ugi ingkang mastani
Élia, sanèsipun malih mastani salah
setunggalipun para nabi."
[29] Panjenengané banjur ndangu marang
para sakabat, "Nanging kowé padha
ngarani Aku iki sapa?" Petrus nuli matur,
"Panjenengan punika Mésias!"
[30] Panjenengané banjur wanti-wanti
anggoné meling para sakabat supaya
aja martakaké marang sapa baé bab
Panjenengané.
[31] Yésus tumuli wiwit mulang marang
para sakabaté, yèn Putraning Manungsa
iku kudu nglampahi sangsara akèh, sarta
ditampik déning para pinituwa lan para
pangareping imam tuwin para ahli Torèt,

apadéné disédani lan sawisé telung dina
wungu manèh.
32 Bab iki dingandikakaké kanthi
ngeblak. Nanging Pétrus banjur narik
Panjenengané minggir sarta ngèngetaké
kanthi temenan.
33 Nanging Panjenengané banjur
minger lan kalawan mirsani para
sakabaté, ndukani Pétrus kanthi keras,
"Sumingkira, hé Iblis, sabab kowé
ora mikir apa kang digalih déning
Allah, nanging apa kang dipikir déning
manungsa."
34 Yésus tumuli nimbali wong akèh karo
para sakabaté sarta ngandika marang
wong iku kabèh, "Saben wong kang arep
ngetut-buri Aku, iku nyingkura awaké
dhéwé, manggula salibé lan mèlua Aku.
35 Awit sing sapa arep nylametaké
nyawané, iku bakal kélangan nyawané,
nanging sing sapa kélangan nyawané
marga saka Aku lan marga saka Injil, iku
bakal nylametaké nyawané.
36 Apa gunané wong olèh jagat iki
kabèh, nanging kélangan nyawané?
37 Awit apa ta kang kena diwènèhaké
kanggo ngijoli nyawané?

38 Sabab sing sapa isin karana Aku lan
marga saka tetembunganku ana ing
ngarepé wong-wong kang ora setya lan
dosa iki, Putraning Manungsa iya bakal
lingsem marga saka wong iku, menawa
bésuk Panjenengané rawuh ngagem
kamulyané Ingkang Rama, bareng karo
para malaékat suci."

9 1 Panjenengané ngandika manèh
marang wong-wong iku, "Aku pitutur
marang kowé, satemené wong kang ana
ing kéné iki ana kang bakal ora mati,
sadurungé padha ndeleng Kratoning
Allah rawuh kalawan pangwasa."
2 Nem dina sawisé iku, Yésus ngajak
Pétrus, Yakobus lan Yohanes, supaya
padha ndhèrèkaké Panjenengané
minggah ing gunung kang dhuwur,
miyambak. Yésus tumuli santun rupi ana
ing ngarepé sakabat telu mau.
3 Pangagemané dadi putih gilap; gawé
putih kang kaya mangkono iku, tukang
cuci ing donya iki ora ana kang bisa.
4 Para sakabat telu padha weruh
Élia karo Musa, lagi padha wawan-
pangandika karo Yésus.
5 Pétrus nuli matur marang Yésus,
"Rabbi, saiba prayoginipun kita sami

wonten ing ngriki. Keparenga kawula
sami damel tarub tiga; kagem Gusti,
kagem Musa, sarta kagem Élia."
6 Anggoné matur mangkono iku,
amarga Pétrus ora ngerti kudu matur
apa, sabab para sakabat iku padha dadi
wedi banget.
7 Banjur ana méga nglimputi kang
padha ana ing papan kono, lan ana
swara saka sajroning méga iku, "Iki
Putraningsun kekasih; padha èstokna
dhawuhé."
8 Dumadakan, nalika sakabat telu iku
ndeleng sakubengé, padha ora weruh
wong liyané kang bareng karo para
sakabat mau, kajaba mung Yésus
piyambak.
9 Anadéné nalika padha mudhun saka
ing gunung, Panjenengané paring
piweling marang sakabat telu iku,
supaya ora nyritakaké marang sapa
baé apa kang wus padha dialami mau,
sadurungé Putrané Manungsa wungu
saka ing antarané wong mati.
10 Para sakabat telu iku padha ngugemi
pangandikané kalawan padha rerasan,
apa tegesé, "wungu saka ing antarané
wong mati".

11 Banjur padha munjuk pitakon marang
Panjenengané, "Kénging punapa para
ahli Torèt sami cariyos bilih Élia kedah
rawuh rumiyin?"
12 Panjenengané banjur ngandika, "Mula
pancèn mangkono, Élia rawuh dhisik
prelu mulihaké samubarang. Nanging
kepriyé déné kok katulis mungguh
Putrané Manungsa yèn Panjenengané
iku kudu nandhang sangsara akèh sarta
disawiyah?
13 Nanging Aku pitutur marang kowé:
Élia uga wis rawuh, lan wong-wong iya
tumindak sawenang-wenang marang
Élia kaya kang wis katulis tumrap
panjenengané iku."
14 Nalika Yésus, Pétrus, Yakobus
lan Yohanes rawuh ing panggonané
sakabat-sakabat liyané, Panjenengané
lan sakabaté telu mau pirsa wong
golongan akèh padha ngrubung para
sakabat lan ahli-ahli Torèt kang lagi
padha bebantahan.
15 Bareng wong golongan weruh
Panjenengané, padha gumun banget,
banjur énggal-énggal padha methukaké
Panjenengané.

16 Yésus banjur ndangu marang para
sakabat, "Kowé iku padha bebantahan
prekara apa karo wong-wong iku?"
17 Ana wong siji saka antarané wong
golongan iku, matur, "Guru, punika
kawula nyowanaken anak kawula,
jalaran laré punika kapanjingan roh
ingkang damel bisu.
18 Saben-saben roh punika nyerang
laré punika, lajeng mbanting ing
siti; cangkemipun lajeng muruh,
untunipun kerot-kerot, badanipun dados
kaken. Kawula sampun matur dhateng
para sakabat Panjenengan, supados
nundhung roh punika, nanging sami
mboten saged."
19 Yésus banjur ngandika, "Hé,
golongan kang ora pracaya, nganti kapan
anggonku bakal padha tetunggalan karo
kowé? Nganti kapan anggonku kudu
nyabari kowé? Bocahé gawanen mréné!"
20 Wong-wong banjur nggawa bocahé
diaturaké Panjenengané. Bareng roh iku
weruh Yésus, sanalika iku uga banjur
ngobat-abitaké bocahé nganti tiba ing
lemah, nggulung-nggulung kalawan
muruh cangkemé.

21 Panjenengané banjur ndangu marang
bapaké bocah mau, "Wis pira lawasé
anggoné kataman mangkéné iki?" Atur
wangsulané, "Sampun wiwit alit mila.
22 Sarta roh punika asring nguncalaken
laré wau dhateng latu utawi dhateng
toya, kanthi sedya badhé nyirnakaken.
Éwadéné manawi Panjenengan saged
nindakaken punapa-punapa, mugi
Panjenengan karsa mitulungi kawula lan
paring piwelas dhateng kawula."
23 Yésus banjur ngandika marang
bapaké bocah iku, "Kandhamu: Manawi
Panjenengan saged? Tumrap wong kang
pracaya samubarang bisa kelakon!"
24 Sanalika bapakné bocah iku banjur
matur kalawan sora, "Kawula pitados.
Mugi karsa paring pitulungan dhateng
kawula ingkang kirang pitados punika!"
25 Bareng Yésus pirsa yèn wong
golongan padha gumrudug,
Panjenengané banjur ndukani roh
jahat iku, pangandikané, "Hé, roh kang
nggawé bisu lan budheg, Aku dhawuh
marang kowé: Metua saka bocah iki lan
aja manjingi manèh!"
26 Roh iku banjur metu kalawan
jerit-jerit sarta ngobat-abitaké bocahé,

déné bocahé dadi kaya mati, nganti
wong akèh padha ngarani, "Bocahé wus
mati."
27 Nanging Yésus banjur ngasta
tangané bocah mau lan ngadegaké,
bocahé banjur ngadeg.
28 Bareng Yésus wis lumebet ing
sawijining omah, para sakabaté padha
munjuk pitakon marang Panjenengané
nalika ora ana wong liya, "Sabab punapa
kawula mboten saged ngésahaken roh
punika?"
29 Panjenengané banjur ngandika, "Jinis
iki ora bisa katundhung kajaba mung
sarana pandonga."
30 Yésus lan para sakabaté banjur
padha bidhal saka kono, nglangkungi
Galiléa; déné Panjenengané ngarsakaké
supaya ora ana wong kang ngerti;
31 awit Panjenengané lagi mulang
marang para sakabaté. Panjenengané
banjur ngandika, "Putrané Manungsa
bakal kapasrahaké marang tangané
manungsa lan iku bakal nyédani
Panjenengané, sarta telung dina sawisé
disédani Panjenengané bakal wungu
manèh."

32 Para sakabat padha ora ngerti
marang pangandika mau, nanging
padha ora wani nyuwun pirsa marang
Panjenengané.
33 Yésus lan para sakabaté banjur tekan
Kapèrnaum. Bareng wus ana ing dalem,
Panjenengané banjur ndangu para
sakabat, "Apa kang padha kokrembug
ana ing dalan mau?"
34 Nanging kabèh padha meneng baé,
sabab nalika ana ing dalan mau padha
bebantahan bab sapa kang pinunjul ing
antarané para sakabat iku.
35 Yésus banjur lenggah lan nimbali
sakabat rolas iku sarta ngandika,
"Menawa wong kepéngin dadi kang
dhisik dhéwé, iku dadia kang kèri dhéwé
saka antarané wong kabèh lan dadia
paladèné wong kabèh."
36 Panjenengané mundhut bocah,
mapanaké ing satengahé para sakabat,
sarta kalawan mbopong banjur mangku
bocah mau lan ngandika marang para
sakabat,
37 "Sing sapa nampa bocah iki demi
jenengku, iku Aku kang ditampani. Sing
sapa nampa Aku, iku dudu Aku kang

ditampani, nanging Panjenengané kang
ngutus Aku."
38 Yohanes matur marang Yésus, "Guru,
kawula sami sumerep wonten tiyang
ingkang sanès golongan kawula sadaya,
nundhung sétan atas asmanipun Gusti;
tiyang punika lajeng kawula penging,
amargi sanès golongan kawula sadaya."
39 Nanging Yésus banjur ngandika,
"Iku aja kokpenging, awit ora ana wong
kang nindakaké mukjijat atas jenengku,
sanalika iku uga banjur nyenyamah Aku.
40 Sapa baé kang ora nglawan kita, iku
ana ing pihak kita.
41 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Sapa baé kang mènèhi ngombé marang
kowé banyu sacangkir, marga kowé iku
pandhèrèké Kristus, wong iku mesthi ora
bakal kélangan ganjarané."
42 "Sapa baé kang njalari siji saka
antarané bocah-bocah cilik kang
pracaya marang Aku iki gawé dosa,
wong iku luwih becik menawa guluné
dikalungi watu panggilingan, banjur
kacemplungaké ing sagara.
43 Menawa tanganmu njalari kowé
nindakaké dosa, iku kethoken; luwih
becik kowé lumebu ing urip kalawan

kuthung, katimbang kalawan ganep
tanganmu nanging dibuwang menyang
naraka, ing geni kang ora kena disirep;
44 [ing papan kang singgaté ora mati,
lan geniné ora kena kasirep.]
45 Menawa sikilmu dadi sandhungan
tumrap kowé, kethoken, awit luwih becik
kowé lumebu ing urip kalawan buntung,
katimbang kalawan ganep sikilmu,
nanging kacemplungaké ing naraka;
46 [ing papan kono singgaté ora mati,
lan geniné ora kena kasirep.]
47 Menawa mripatmu njalari kowé
gawé dosa, iku cuplaken; awit luwih
becik kowé lumebu ing Kratoning Allah
kalawan pécé, katimbang karo ganep
mripatmu, nanging kacemplungaké ing
naraka,
48 ing papan kang singgaté ora mati
sarta geniné ora kena kasirep.
49 Awitdéné saben wong bakal diuyahi
sarana geni.
50 Uyah iku becik; nanging menawa
uyah dadi tawar, nganggo apa anggonmu
bakal mulihaké asiné? Kowé padha
duwéa uyah ana ing batinmu sarta
padha tansah rukuna siji lan sijiné."

10 [1] Saka ing kono, Yésus banjur
tindak menyang wilayah Yudéa lan
menyang wilayah sabrangé Kali Yordan,
sarta wong golongan banjur gumrudug
menyang ngarsané; tuwin kaya kang
wis dadi padatan, Panjenengané tumuli
mulang manèh marang wong golongan.
[2] Para Farisi banjur padha nyedhak,
lan kanggo nyoba Panjenengané,
wong-wong iku banjur padha munjuk,
"Punapa tiyang jaler dipun kéngingaken
megat sémahipun?"
[3] Nanging Panjenengané banjur paring
wangsulan marang wong-wong mau,
"Musa wis ndhawuhi apa marang kowé?"
[4] Déné wong-wong iku matur, "Musa
marengaken tiyang jaler damel
serat-pegat kanggé megat sémahipun."
[5] Yésus banjur ngandika marang
wong-wong iku, "Musa nyerat dhawuh
iku tumrap kowé marga saka wangkoting
atimu.
[6] Mangka saka wiwitaning tumitah,
Allah nitahaké manungsa lanang lan
wadon.
[7] Mulané wong lanang iku bakal ninggal
bapa lan biyungé, rumaket karo rabiné,

[8] sarta wong loro iku banjur dadi daging
siji, wis ora loro manèh, nanging dadi
daging siji.
[9] Kang iku, apa kang wis katunggilaké
déning Allah, aja dipisahaké déning
manungsa."
[10] Sawisé tekan omah, para sakabat
padha miterang manèh marang Yésus
bab iku mau.
[11] Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabat, "Sapa baé kang
megat somahé banjur ngrabèni wong
wadon liyané, iku laku jina tumrap
rabiné.
[12] Lan menawa sing wadon mau megat
somahé, banjur ningkah karo wong
lanang liyané, iku iya laku jina."
[13] Wong-wong banjur padha nyowanaké
bocah-bocah cilik menyang ngarsané
Yésus, pamrihé supaya Panjenengané
ngasta bocah-bocah iku; nanging para
sakabaté nyrengeni wong-wong iku.
[14] Bareng Yésus pirsa, Panjenengané
duka, tumuli ngandika marang para
sakabat, "Cikbèn bocah-bocah iku padha
sowan marang Aku, kowé aja padha
ngalang-alangi, awit iya wong kang kaya

mangkono iku kang nduwèni Kratoné
Allah.
15 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Sapa baé kang ora nampani Kratoning
Allah kaya bocah cilik, iku ora bakal
lumebu ing kono."
16 Panjenengané banjur ngrangkuli
bocah-bocah iku apadéné padha
dibarkahi kalawan katumpangan asta.
17 Nalika Yésus nglajengaké tindaké,
ana wong kang lumayu sowan ing
ngarsané, banjur sujud lan matur,
"Dhuh, Guru ingkang utami, punapa
ingkang kedah kawula lampahi, supados
angsal gesang langgeng?"
18 Yésus tumuli ngandika marang wong
iku, "Yagéné kowé ngarani Aku utama?
Siji baé ora ana kang utama, kejaba
mung Allah.
19 Kowé mesti wus ngerti pepakon-
pepakon iki: Sira aja mematèni, sira
aja laku jina, sira aja nyenyolong, sira
aja ngucapaké paseksi goroh, sira aja
ngapusi wong liya; sira ngajènana bapa
lan biyungira!"
20 Wong mau banjur matur marang
Panjenengané, "Guru, kawula sampun

netepi sadaya punika wiwit kawula taksih
anèm."
21 Sajroné mandeng wong iku, Yésus
ketuwuhan rasa tresna marang wong
mau, Panjenengané banjur ngandika,
"Mung kari saprakara kakuranganmu:
Lungaa, dolen kabèh apa kang
kokduwèni, lan iku wènèhna marang
wong-wong miskin, temahan kowé bakal
duwé bandha ing swarga; banjur balia
mréné, lan mèlua Aku!"
22 Bareng krungu pangandika kang
mangkono iku, wong mau dadi peteng
polatané, banjur sumingkir kalawan
sedhih, awit wong iku barang darbé
akèh.
23 Kalawan mirsani para sakabaté
kang ana ing sakubengé, Yésus banjur
ngandika, "Saiba angèlé wong kang
duwé bandha akèh olèhé bakal lumebu
Kratoning Allah."
24 Para sakabat padha kagèt awit
saka pangandikané Yésus iku.
Nanging Panjenengané nglajengaké
pangandikané iku, "Hé, bocah-bocah,
iba angèlé lumebu Kratoning Allah.

25 Luwih gampang unta nlusup ing
bolonganing dom, katimbang wong sugih
lumebu Kratoning Allah."
26 Para sakabat sangsaya kagèt, nuli
padha rasanan, "Banjur sapa kang bisa
kaslametaké?"
27 Yésus mirsani para sakabat, sarta
ngandika, "Tumraping manungsa iku
pancèn mokal, nanging tumraping Allah
ora, sebab tumraping Allah samubarang
bisa kelakon."
28 Pétrus banjur matur marang
Panjenengané, "Kawula sampun sami
nilar samukawis lan sami ndhèrèk Gusti."
29 Yésus ngandika, "Satemené Aku
pitutur marang kowé, wong kang krana
saka Aku lan krana saka Injil, wus
ninggal omahé, utawa sedulur-seduluré
lanang, apa sedulur-seduluré wadon,
utawa ibuné, apa bapakné, utawa
anak-anaké, apa palemahané,
30 saiki uga bakal tampa pituwas tikel
satus: Omah, sedulur-sedulur lanang,
sedulur-sedulur wadon, ibu apadéné
anak-anak dalah palemahan, sanadyan
kanthi panganiaya rupa-rupa, lan urip
langgeng ing jaman kang bakal kelakon.

31 Nanging akèh wong kang dhisik
dhéwé bakal padha dadi kèri dhéwé lan
kang kèri dhéwé bakal padha dadi kang
dhisik dhéwé."
32 Yésus lan para sakabat lagi ana ing
dalan, munggah menyang Yérusalèm;
lan Yésus tindak ana ing ngarep. Para
sakabat padha kagèt, déné wong-wong
kang ndèrèkaké padha wedi. Yésus
nimbali marek manèh para sakabat rolas,
banjur wiwit ngandikakaké apa kang
bakal kelakon tumrap Panjenengané,
33 "Kita padha munggah menyang
Yérusalèm, lan Putrané Manungsa bakal
kaulungaké marang para pangarepé
imam lan para ahli Torèt, lan iku bakal
padha netepaké paukuman pati tumrap
Panjenengané, sarta bakal padha
ngulungaké Panjenengané marang
bangsa-bangsa liya;
34 Panjenengané bakal dipoyoki,
sarta diidoni, apadéné digebagi lan
disédani; nanging sawusè telung dina
Panjenengané bakal wungu."
35 Yakobus lan Yohanes, anak-anaké
Zébédéus, banjur padha nyedhaki Yésus
sarta matur marang Panjenengané,
"Guru, karsaa Panjenengan ngabulaken

punapa kémawon ingkang sami kawula
suwun!"
36 Panjenengané tumuli ngandika
marang wong loro iku, "Apa kang padha
kokkarepaké supaya daktindakaké?"
37 Wong loro mau banjur padha
munjuk marang Panjenengané, "Mugi
marengaken kawula, bénjing wonten
ing kamulyan Panjenengan, ingkang
satunggal linggih ing sisih tengen
lan setunggalipun ing sisih kiwa
Panjenengan."
38 Nanging Yésus ngandika, "Kowé iku
ora ngerti apa kang padha koksuwun.
Kowé apa bisa ngombé tuwung kang
dakombé, utawa dibaptis srana baptisan
kang kabaptisaké ing Aku?"
39 Atur wangsulané wong loro mau
marang Panjenengané, "Kawula saged."
Yésus banjur ngandika, "Kowé pancèn
bakal padha ngombé tuwung kang
dakombé lan kabaptis srana baptisan
kang kabaptisaké ing Aku;
40 Nanging bab lungguh ing sisih
tengenku utawa ing sisih kiwaku iku
dudu wewenangku mènèhaké; nanging
iku diparingaké marang para kang wis
cinadhangaké."

41 Anadéné sakabat kang sapuluh
bareng krungu iku mau, banjur padha
nepsu marang Yakobus lan Yohanes.
42 Yésus tumuli nimbali para sakabat
mau lan ngandika, "Kowé padha ngerti,
yèn kang kaanggep pamaréntahé
bangsa-bangsa, iku padha tumindak
kaya bendara tumrap bangsa iku, lan
para panggedéné padha tumindaké
sawenang-wenang.
43 Nanging ing antaramu aja kaya
mangkono; sing sapa kepéngin dadi
wong gedhé, iku dadia paladènmu,
44 sing sapa ngangkah dadi pangarep
ana ing antaramu, iku dadia abdiné
wong kabèh.
45 Awit Putrané Manungsa iku anggoné
rawuh ora supaya diladosi, nanging
supaya ngladosi, apadéné supaya
masrahaké nyawané minangka
panebusé wong akèh."
46 Yésus lan para sakabaté tumuli padha
tekan Yérikho. Nalika Panjenengané
tindak medal saka ing Yérikho,
kadhèrèkaké para sakabaté lan wong
golongan gedhé; ana wong ngemis
wuta, jenengé Bartiméus, anaké Timéus,
ndhéprok ing pinggir dalan.

47 Bareng krungu, yèn iku Yésus saka
Nasarèt, banjur wiwit nywara sora,
"Dhuh, Yésus, Putranipun Daud, mugi
melasi kawula!"
48 Wong akèh banjur padha menging,
supaya meneng. Nanging malah
sangsaya sora anggoné mbengok,
"Dhuh, Putranipun Daud, mugi melasi
kawula!"
49 Yésus banjur kèndel, sarta ngandika,
"Undangen wong iku!" Wong-wong
banjur padha ngundang wong wuta
iku lan dingandikani, "Diteteg atimu,
ngadega, Panjenengané nimbali kowé."
50 Wong iku banjur nguculi jubahé,
tumuli ngadeg lan énggal-énggal sowan
Yésus.
51 Yésus ndangu marang wong iku,
pangandikané, "Karepmu, kowé nyuwun
dakkapakaké?" Wong wuta mau banjur
munjuk, "Rabuni, kawula nyuwun sageda
sumerep!"
52 Yésus banjur ngandika, "Lungaa,
pangandelmu wus mitulungi kowé!"
Sanalika iku uga wong wuta mau bisa
weruh, banjur ndhèrèkaké tindaké
Yésus.

11 [1] Bareng Yésus lan kang
padha ndhèrèkaké wis nyelaki
Yérusalèm, ing sacedhaké Bètfagé lan
Bétania, kang dumunung ing gunung
Zaitun, Yésus ngutus sakabaté loro,
[2] Pangandikané, "Padha menyanga désa
ngarep iku. Satekamu ing kono kowé
bakal mrangguli beloning kuldi kang
kacancang, kang durung tau ditunggangi
wong. Iku uculana banjur tuntunen
mréné.
[3] Menawa ana wong aruh-aruh marang
kowé, Yagéné kowé padha nindakaké
iku? Kowé kandhaa: Gusti kang
ngarsakaké; Panjenengané bakal énggal
mbalèkaké mréné"
[4] Sakabat loro iku banjur padha lunga,
tumuli nemokaké beloné kuldi kacancang
ing jaban lawang ing pinggir dalan;
beloné banjur diuculi.
[5] Ana wong kang ngadeg ing kono
ngaruh-aruhi sakabat loro iku, "Apa
kang padha kok tindakaké; généya kowé
padha nguculi belo iku?"
[6] Sakabat loro iku banjur ngandakaké
kaya kang wis kapangandikakaké déning
Yésus; temah wong-wong iku ngejaraké
sakabat loro iku.

7 Sakabat loro mau banjur nuntun
beloning kuldi, menyang ngarsané
Yésus, sarta nglambari belo iku nganggo
sandhangané dhéwé; Panjenengané
banjur nitihi.
8 Akèh wong kang padha nggelar
sandhangané ing dalan, déné wong-
wong liyané padha nggelar pang-pang
sagodhongé olèhé mancasi saka ing
pategalan.
9 Déné kang padha mlaku ana ing
ngarep dalah kang padha ngetutaké,
padha giyak-giyak, "Hosana! Pinujia
Panjenenganipun ingkang rawuh ing
asmaning Pangéran.
10 Pinujia Kraton ingkang rawuh,
Kratonipun rama kita Daud, Hosana
wonten ing ngaluhur!"
11 Sarawuhé ing Yérusalèm,
Panjenengané banjur lumebet ing
Padaleman Suci. Ana ing kono
Panjenengané mirsani samubarang,
nanging sarèhné wis surup, banjur
tindak menyang Bétania, kadhèrèkaké
sakabaté rolas.
12 Ésuké nalika Yésus lan para sakabaté
rolas padha bidhal saka Bétania, Yésus
kraos luwé.

13 Saka kadohan Panjenengané pirsa
wit anjir kang wis ana godhongé.
Panjenengané tindak nyelaki,
mbokmenawa bisa manggih apa-apa ana
ing wit iku. Nanging sarawuhé ing kono,
Panjenengané ora manggih apa-apa
kajaba mung godhong-godhong, amarga
pancèn durung mangsané anjir awoh.
14 Panjenengané ngandika marang
wit anjir iku, "Aja nganti ana wong
kang mangan wohmu manèh ing
salawas-lawasé!" Para sakabaté padha
krungu pangandikané iku.
15 Sabanjuré Yésus lan para sakabaté
padha rawuh ing Yérusalèm. Sawusé
Yésus lumebet ing Padaleman
Suci, Panjenengané nuli wiwit
nundhungi wong-wong kang padha
dol-tinuku ing plataraning Padaleman
Suci. Panjenengané ngglimpang-
ngglimpangaké méja-méjané juru-tukar
dhuwit dalah bangku-bangkuné wong
adol manuk dara,
16 sarta Panjenengané uga ora
marengaké wong nggegawa barang liwat
plataraning Padaleman Suci.
17 Panjenengané banjur paring piwulang
sarta ngandika marang wong-wong iku,

"Apa ora wus tinulis: Padalemaningsun
bakal kasebut dalem pamujan kanggo
sakèhing bangsa? Nanging kowé wus
padha ndadèkaké guwaning bégal!"
18 Para pangareping imam lan para ahli
Torèt padha mireng anané lelakon iku,
banjur padha golèk akal anggoné arep
nyirnakaké Yésus; marga wong-wong iku
padha wedi marang Panjenengané, awit
wong golongan kabèh padha kaéraman
marang piwulangé.
19 Bareng wis soré, Yésus lan para
sakabat banjur bidhal saka kutha.
20 Ing wayah ésuk umun-umun, Yésus
lan para sakabaté nalika padha langkung
ing panggonané wit anjir mau, pirsa
yèn wité anjir wis garing saoyod-oyodé
pisan.
21 Pétrus banjur kèlingan, tumuli matur
marang Panjenengané, "Rabbi, kula aturi
mirsani, wit anjir ingkang Panjenengan
supaosi punika sampun garing."
22 Yésus paring wangsulan marang para
sakabat, "Padha pracayaa marang Allah!
23 Satemen-satemené Aku pitutur
marang kowé: Sapa baé kang ngucap
marang gunung iki: Kaangkata lan
kauncalna ing sagara, angger ora

mangu-mangu ing sajroning atiné,
nanging pracaya yèn apa kang
kaucapaké iku mesthi kelakon, iku
mesthi iya bakal kelakon.
24 Mulané Aku pitutur marang kowé:
Apa baé kang kokdongakaké lan
koksuwun, padha pracayaa yèn kowé
wis padha tampa, iku mesthi iya bakal
padha kelakon tumrap kowé.
25 Samangsa kowé padha ngadeg
ndedonga, menawa ana wong kang
kaluputan marang kowé, apuranen
dhisik, supaya Ramamu kang ana
ing swarga iya ngapura kaluputan-
kaluputanmu.
26 [Nanging menawa kowé padha
ora ngapura, Ramamu kang ana
ing swarga iya bakal ora ngapura
kaluputan-kaluputanmu."]
27 Yésus lan para sakabaté banjur
rawuh ing Yérusalèm manèh. Nalika
Panjenengané tindak ing plataraning
Padaleman Suci, pangareping imam,
ahli-ahli Torèt lan pinituwa-pinituwa
padha sowan ing ngarsané,
28 lan padha matur marang
Panjenengané, "Mawi pangwaos
punapa anggèn Panjenengan nindakaken

pandamel-pandamel punika? Tuwin
sinten ingkang maringi pangwaos
kanggé nindakaken pandamel-pandamel
wau?"
29 Yésus ngandika marang wong-wong
iku, "Aku arep takon saprakara marang
kowé kabèh. Iku wangsulana dhisik,
mengko Aku iya bakal ngandhakaké
marang kowé, sarana pangwasa
apa anggonku nindakaké panggawé-
panggawé iku.
30 Pambaptisé Yohanes iku saka swarga
apa saka manungsa? Coba, padha
wangsulana."
31 Wong-wong mau banjur padha
rembugan dhéwé, kalawan ngucap,
"Upama aku padha kandha: Saka
ing swarga, mesthi diwangsuli: Yèn
mangkono, yagéné kowé padha ora
pracaya marang Yohanes?
32 Nanging apa iya aku arep padha
kandha: Saka manungsa!" Wong-wong
iku padha wedi marang wong golongan,
awit kabèh padha nganggep Yohanes iku
nabi sejati.
33 Dadiné banjur padha mangsuli
marang Yésus, kalawan matur,
"Kula sami mboten ngertos." Yésus

tumuli ngandika marang wong-wong
iku, "Yèn mangkono, Aku iya ora
bakal kandha marang kowé, sarana
pangwasa apa anggonku nindakaké
panggawé-panggawé iku."

12 [1] Yésus banjur wiwit ngandika
marang wong-wong mau sarana
pasemon, "Ana wong gawé pakebonan
anggur lan dipageri mubeng. Wong
iku banjur ndhudhuk jugangan papan
kanggo meres angguré sarta ngadegaké
panggung pajagan. Sawisé mangkono
pakebonan iku diséwakaké marang
wong-wong kang bakal padha nggarap,
banjur lelungan menyang papan kang
adoh.
[2] Bareng wis tekan mangsané, wong
mau kongkonan abdi marani wong-wong
kang padha nggarap, supaya nampa
sapéranganing pametuné pakebonan
mau.
[3] Nanging abdi iku dicekel déning
wong-wong mau lan digebugi banjur
dikon bali tanpa gawé.
[4] Wong kang duwé pakebonan tumuli
kongkonan abdi liyané. Abdi iku
dipenthungi déning wong-wong mau

nganti tatu sirahé sarta diwirang-
wirangaké.
5 Wong mau banjur kongkonan abdi
siji manèh, lan abdi iki malah dipatèni.
Mangkono uga, isih akèh manèh liyané,
ana kang digebugi lan ana kang dipatèni.
6 Isih ana wong siji manèh, yaiku anaké
kang ditresnani. Wasana wong kang
duwé pakebonan anggur iku kongkonan
anakké mau, supaya marani wong-wong
kang padha nggarap, pamikiré: Anakku
mesthiné diéringi.
7 Nanging wong-wong iku padha
rasanan: Lah iki ahli warisé. Payo padha
dipatèni baé, supaya warisané dadi
duwèk kita.
8 Wong-wong mau tumuli nangkep lan
matèni anaké kang duwé pakebonan
anggur iku sarta banjur padha mbuwang
menyang sajabané pakebonan anggur.
9 Saiki apa kang bakal katindakaké
déning kang duwé pakebonan anggur
iku? Wong mau bakal teka lan numpes
wong-wong kang nggarap kebon
angguré, nuli masrahaké pakebonané
anggur mau marang wong-wong liya.

10 Kowé apa padha ora maca tulisan iki,
Watu kang ditampik déning para juru
gawé omah, iku wus dadi watu pojokan.
11 Kelakoné iku déning Pangéran, lan
dadi prakara kang ngéram-éramaké ing
pandeleng kita."
12 Wong-wong mau banjur padha
mbudi-daya bisané nangkep
Panjenengané, nanging padha
wedi marang wong golongan, awit
padha ngerti yèn kang dingandikaké
ngagem pasemon iku wong-wong
mau; mula banjur padha lunga ninggal
Panjenengané.
13 Wong-wong mau banjur kongkonan
wong Farisi lan wong Hérodian sawatara
sowan ing ngarsané Yésus, sedyané arep
njiret Panjenengané sarana pitakonan.
14 Kongkonan mau padha sowan lan
matur, "Guru, kula sami sumerep bilih
Panjenengan punika jujur, tuwin mboten
ajrih dhateng sinten kémawon, amargi
Panjenengan mboten mawang tiyang,
nanging kanthi leres mulangaken bab
marginipun Allah. Ingkang punika,
mbayar pajeg dhateng Kaisar punika
kénging punapa mboten? Kula sami
kedah mbayar punapa mboten?"

15 Nanging sarèhné Yésus pirsa marang
lamisé wong-wong iku, banjur ngandika
marang kongkonan mau, "Yagéné kowé
padha nyoba marang Aku? Aku jupukna
dhuwit dinar siji, dakdelengé!"
16 Wong-wong iku iya banjur ngaturaké
dhuwit dinar siji. Panjenengané nuli
ndangu marang wong-wong mau, "Iki
gambaré sapa lan iki tulisané sapa?" Atur
wangsulané, "Gambar tuwin seratanipun
Kaisar."
17 Yésus banjur ngandika marang
wong-wong iku, "Aturna marang Kaisar
apa kang wajib kaaturaké marang
Kaisar lan marang Allah apa kang wajib
kaaturaké marang Allah." Wong-wong
mau padha banget kaéraman marang
Panjenengané.
18 Wong-wong Saduki kang duwé
panemu yèn ora ana patangèn saka ing
antarané wong mati; ana sawatara kang
sowan ing ngarsané Yésus lan padha
matur pitakon,
19 "Guru, Musa sampun nyerat
dhawuhipun dhateng kita, manawi
wonten tiyang ingkang gadhah sadhèrèk
jaler tilar donya, nilar sémah mboten
tilar anak, tiyang punika kedah mendhet

sémah randhanipun wau punapadéné
nuwuhaken turun kanggé sadhèrèkipun
ingkang tilar wau.
20 Wonten sadhèrèk jaler pitu; ingkang
nomer satunggal émah-émah, nanging
tilar donya mboten nilar anak.
21 Ingkang nomer kalih lajeng mendhet
sémah randha punika, lan ugi lajeng
pejah tanpa nilar anak; lan semanten
ugi ingkang nomer tiga.
22 Makaten ing salajengipun, pitu-
pitunipun sami mboten nilar anak.
Wasana, sasampunipun punika, tiyang
èstri wau inggih lajeng pejah.
23 Ing dinten patangèn, nalika tiyang-
tiyang wau sami tangi, tiyang èstri
punika badhé dados sémahipun sinten?
Amargi pitu-pitunipun sampun naté sami
dados sémahipun."
24 Yésus ngandika marang wong-wong
iku, "Apa dudu iki kang njalari kowé
padha keblinger, marga anggonmu
padha ora ngerti Kitab Suci apadéné
pangwasané Allah?
25 Awit samangsa padha tangi saka ing
antarané wong mati, wong-wong iku
padha ora sesomahan, nanging uripé
padha kaya para malaékat ing swarga.

26 Déné prakara patangèné wong mati,
apa kowé padha ora maca ing kitab
Musa, bab grumbul eri, kepriyé Allah
olèhé ngandika marang Musa: Ingsun iki
Allahé Abraham, Allahé Ishak, lan Allahé
Yakub?
27 Panjenengané iku dudu Allahé wong
mati, nanging Allahé wong urip. Banget
anggonmu keblinger!"
28 Ing antarané para ahli Torèt, ana siji
kang sawisé krungu anggoné wong-wong
Saduki lan Yésus padha bebantahan,
apadéné neksèni yèn Yésus olèhé paring
wangsulan marang wong-wong iku
trep banget, banjur sowan marang
Panjenengané nyuwun pirsa, "Saking
sadaya pepakènipun Allah, pepakèn
pundi ingkang utami?"
29 Yésus paring wangsulan, "Kang
utama yaiku: Rungokna, hé Israèl,
Pangéran iku Allah kita, Pangéran iku
siji.
30 Lan kowé, tresnaa marang Pangéran
Allahmu kalawan gumolonging atimu, lan
kalawan gumolonging nyawamu, sarta
kalawan gumolonging budimu, apadéné
kalawan gumolonging kekuwatanmu.

31 Déné pepakon kang kapindho, yaiku:
Kowé tresnaa marang pepadhamu
kaya marang awakmu dhéwé. Ora ana
pepakon liyané kang ngungkuli pepakon
loro mau."
32 Ahli Torèt mau banjur matur marang
Panjenengané, "Kasinggihan, Guru,
pangandika Panjenengan, bilih Allah
punika setunggal, mboten wonten
sanèsipun kajawi Panjenenganipun,
punika leres.
33 Pancèn, tresna dhateng Allah
kalawan gumolonging manah, kalawan
gumolonging pengertosan, tuwin
kalawan gumolonging kakiyatan, punapa
déné nresnani sasami kados dhateng
awakipun piyambak, punika langkung
utami katimbang sakathahing kurban
obaran lan kurban sanèsipun."
34 Yésus pirsa, menawa wong iku
anggoné ngaturi wangsulan kanthi
wicaksana, mulané Panjenengané banjur
ngandika, "Kowé iku ora adoh saka
Kratoné Allah!" Sabanjuré ora ana wong
kang wani nyuwun pirsa apa-apa manèh
marang Panjenengané.
35 Nalika Yésus paring piwulang ana
ing Padaleman Suci, Yésus ngandika,

"Kepriyé déné para ahli Torèt bisa
mratélakaké, yèn Kristus iku Putrané
Daud?
36 Daud piyambak marga saka katuntun
déning Roh Suci ngandika mangkéné:
Pangéran ngandika marang Gustiku:
Lenggaha ing tengeningsun, nganti
Ingsun nyèlèhaké mungsuh-mungsuhira
ing sangisoring tlapakanira.
37 Daud piyambak nyebut Panjenengané
iku Gusti, banjur kepriyé anggoné
Panjenengané iku dadi putrané?" Déné
wong golongan kang akèh cacahé iku
padha ngrungokaké Panjenengané
kanthi seneng.
38 Ing sajroning piwulangé, Yésus
ngandika, "Padha diwaspada marang
para ahli Torèt, kang padha dhemen
mlaku mider-mider nganggo jubah dawa
lan seneng nampa pakurmatan ing
pasar-pasar,
39 kang padha dhemen lenggah ing
panggonan kang utama ana ing papan
pangibadah sarta palenggahan kang
kinurmatan ing pésta-pésta,
40 kang padha nyaplok omah-omahé
para randha, lan seneng ndedonga kang
dawa-dawa kanggo ngapusi. Wong-wong

iku mesthi bakal padha olèh paukuman
luwih abot."
41 Nalika Yésus lenggah ngajengaké
pethi pisungsung, Panjenengané banjur
nggatosaké wong golongan anggoné
padha nglebokaké dhuwit ing pethi
mau. Akèh wong kang sugih padha
nyemplungaké pisungsung gedhé.
42 Banjur ana randha miskin kang uga
teka, nglebokaké wang tembaga rong
kèpèng, pengajiné sadhuwit, yaiku
dhuwit rècèh kang cilik dhéwé.
43 Yésus nimbali para sakabat,
Panjenengané banjur ngandika,
"Satemené Aku pitutur marang kowé,
menawa randha miskin iku nyaosaké
luwih akèh katimbang karo wong-wong
kabèh kang wis padha nglebokaké
dhuwit ing pethi pisungsung.
44 Awit wong-wong iku padha nyaosaké
saka kalubèrané, déné randha iku
nyaosaké saka kamlaratané, apa kang
diduwèni kabèh, yaiku kang dadi
nafkahé."
13 1 Nalika Yésus jengkar saka
Padaleman Suci, ana sakabaté
siji kang matur marang Panjenengané,
"Guru, sumangga Panjenengan pirsani;

saiba anggènipun ngébat-ébati séla-séla
sarta éndahing bangunan-bangunan
punika!"
2 Yésus banjur paring wangsulan,
pangandikané, "Kowé weruh bangunan-
bangunan kang ngébat-ébati iki? Bakal
ora ana watu kang isih tumumpang ing
watu liyané, kabèh bakal kajugrugaké."
3 Nalika Yésus lenggah ing pèrènging
Gunung Zaitun ngadhepaké Padaleman
Suci, Pétrus, Yakobus, Yohanes lan
Andréas padha matur dhéwékan marang
Panjenengané,
4 "Gusti mugi ngandika dhateng kawula
sadaya, bénjing punapa punika wau
badhé kelampahan, sarta punapa
pratandhanipun samangsa sadaya
punika dumugi ing pungkasanipun?"
5 Yésus banjur wiwit ngandika marang
sakabat papat, "Kowé padha diwaspada
supaya aja ana kang nasaraké kowé!
6 Bakal ana wong akèh kang padha
teka nganggo jenengku, karo kandha:
Iya aku iki Panjenengané, sarta bakal
nasaraké wong pirang-pirang.
7 Menawa kowé padha krungu
swaraning perang utawa kabar-kabar
perang, aja geter atimu. Iku kabèh kudu

kelakon, éwadéné iku durung tekan
pungkasané.
8 Awit bangsa siji bakal nempuh marang
bangsa liyané, lan kraton siji marang
kraton liyané. Ing endi-endi bakal ana
lindhu sarta paceklik. Kabèh iku dadi
wiwitaning kasangsaran, ngarepaké
jaman anyar.
9 Nanging kowé, padha dingati-ati
marang awakmu dhéwé! Kowé bakal
padha diladèkaké marang pradata
agama; kowé bakal padha digebugi ana
ing papan pangibadah sarta bakal padha
diadhepaké ing ngarsané para pangwasa
lan para raja marga saka Aku, minangka
paseksi tumrap wong-wong iku.
10 Nanging Injil kudu diwartakaké dhisik
marang sakèhing bangsa.
11 Déné samangsa wong-wong iku
padha nggiring kowé, nedya masrahaké
kowé, kowé aja padha sumelang, bab
apa kang kudu kokucapaké, nanging
padha ngucapna apa baé kang nalika iku
kaparingaké marang kowé, awit dudu
kowé kang padha kandha, nanging Roh
Suci kang ngandika.
12 Sadulur bakal masrahaké saduluré
supaya dipatèni, samono uga bapa

masrahaké anaké sarta anak-anak bakal
padha nglawan lan matèni wong tuwané.
13 Kowé bakal padha disengiti déning
wong kabèh marga saka jenengku.
Nanging sing sapa tahan nganti tumeka
ing wekasan, iku bakal kapitulungan."
14 "Samangsa kowé padha weruh
‘Pangrusak kang ambeg siya’ mapan ana
panggonan kang ora samestiné -- sing
sapa padha maca, iku mangerti - para
kang manggon ana ing Yudéa padha
ngungsia menyang pagunungan.
15 Kang pinuju ana ing payon, aja
mudhun njupuk barang saka omahé,
16 lan kang lagi ana ing pategalan aja
mulih njupuk sandhangané.
17 Nanging cilaka banget para ibu kang
lagi ngandheg lan kang padha nusoni ing
waktu iku.
18 Padha ndedongaa, supaya iku ora
kelakon ing mangsa adhem.
19 Amarga ing dina-dina iku bakal ana
panyiksa kaya kang durung tau kelakon,
wiwit wiwitaning donya kang dititahaké
déning Allah nganti sepréné, lan iya ora
bakal kelakon manèh.
20 Lan saupama Pangéran ora nyepetaké
wektuné, ora ana wong siji baé kang

bakal kapitulungan; nanging marga
saka para wong pilihan, kang wus
kapilih déning Panjenengané, wektuné
kacepetaké.
21 Ing nalika iku menawa ana wong
kang kandha marang kowé: Delengen,
Mésias ana ing kéné, utawa: Delengen,
Panjenengané ana ing kana, kowé aja
padha ngandel.
22 Sabab bakal ana Mésias-mésias palsu
lan nabi-nabi palsu bakal padha muncul
lan bakal padha gawé pratandha-
pratandha sarta mukjijat-mukjijat,
karepé, bisaa kanggo nasaraké para
wong pilihan.
23 Déné kowé padha diawas! Aku wus
ngandhakaké iki kabèh marang kowé
sadurungé."
24 "Nanging ing dina-dina iku, sawisé
panyiksa mau, srengéngé bakal dadi
peteng lan rembulan ilang padhangé
25 sarta lintang-lintang bakal padha
rontog saka ing langit, apadéné para
pangwasa kang ana ing langit bakal
padha guncang.
26 Ing nalika iku wong-wong bakal
padha weruh Putraning Manungsa

rawuh sarana méga ngagem sakèhing
pangwasa lan kamulyané.
27 Apadéné Panjenengané banjur
bakal ngutus malaékat-malaékat sarta
bakal nglumpukaké para wong pilihan
kagungané saka kéblat papat, saka
pungkasané bumi tekan pungkasané
langit.
28 Padha sinaua saka kaanané bab wit
anjir: Samangsa pangé wiwit lemes lan
semi, kowé padha ngerti, yèn wus mèh
mangsa panas.
29 Uga samangsa kowé padha weruh
prakara-prakara iku kelakon, kowé
padha ngertia, yèn wis mèh tekan
waktuné, wus ana ing ngarep lawang.
30 Satemené Aku pitutur marang
kowé yèn angkatan iki ora bakal sirna
sadurungé iku mau kabèh kelakon.
31 Langit lan bumi bakal sirna, nanging
tetembunganku ora bakal sirna.
32 Déné mungguh dinané utawa
waktuné, iku ora ana wong siji baé kang
sumurup, mangkono uga para malaékat
ing swarga, dalah Sang Putra iya ora,
kajaba Sang Rama."

33 "Kowé padha jaga-jagaa, tansah
padha melèka! awit kowé padha ora
sumurup kapan waktuné.
34 Iku upamané kaya wong kang
lelungan, ninggal omahé lan
dipasrahaké marang para abdiné,
padha kabubuhan ayahané dhéwé-
dhéwé; sarta mréntahaké marang kang
jaga régol supaya melèk.
35 Mulané padha melèka, awit kowé
padha ora sumurup, kapan kang duwé
omah iku arep teka, apa ngarepaké
wengi, apa tengah wengi, apa wayah
jago kluruk, apa bangun ésuk,
36 supaya samangsa kang duwé omah
iku dumadakan teka, ora mrangguli
kowé lagi padha turu.
37 Anadéné kang dakkandhakaké
marang kowé, iku dakkandhakaké
marang wong kabèh: Padha melèka!"

14 1 Rong dina manèh ana riyaya
Paskah lan riyaya Roti tanpa
Ragi. Para pangarepé imam lan para
ahli Torèt padha ngrancang kepriyé
anggoné nangkep lan nyédani Yésus
kanthi réka-daya jahat,
2 awit padha rasanan, "Aja sajroning
riyaya, supaya ora gawé ributé rakyat."

3 Nalika Panjenengané ana ing Bètania,
ana ing omahé Simon kang wis tau lara
kusta, lagi pinarak dhahar, ana wong
wadon teka nggawa botol marmer isi
lenga jebad narwastu tulèn, kang larang
regané. Sawisé mecah guluné botol iku,
wong mau banjur ngesokaké lengané
ing mustakané Yésus.
4 Ana wong sawatara kanthi rasa ora
trima padha rasanan, "Apa gunané
mbuang-buang lenga jebad narwastu
iku?
5 Sabab lenga iku rak kena diedol
luwih saka telung atus dinar, lan kena
diwènèhaké marang wong-wong miskin."
Wong-wong iku banjur nyrengeni wong
wadon mau.
6 Nanging Yésus ngandika, "Enengna
baé wong iku. Yagéné kowé padha
gawé répoté? Wong iku wus nindakaké
panggawé becik marang Aku.
7 Sabab wong-wong miskin rak tansah
ana ing antaramu, lan samangsa-
mangsa kowé duwé karep, kowé bisa
nindakaké panggawé becik marang
wong-wong miskin; balik Aku iki ora
salawasé bebarengan karo kowé.

8 Wong wadon iku wis nindakaké
apa kang bisa dilakoni. Sarta wis
njebadi badanku kanggo pacawisané
panguburanku.
9 Satemené Aku pitutur marang kowé,
Ana ing ngendi baé Injil kawartakaké
ing saindenging jagat, apa kang wis
katindakaké déning wong wadon
iku bakal kacaritakaké minangka
pangéling-éling."
10 Yudas Iskariot, panunggalané
sakabat rolas, tumuli menyat marani
para pangarepé imam, kanthi sedya
masrahaké Panjenengané.
11 Bareng krungu, wong-wong iku
padha bungah lan janji bakal mènèhi
dhuwit marang Yudas. Déné Yudas tumuli
golèk cara anggoné arep masrahaké
Yésus ing waktu kang cocog.
12 Ing dina wiwitané riyaya Roti Tanpa
Ragi, wayahé nyembelèh cempéning
Paskah, para sakabaté padha matur
marang Yésus, "Gusti ngarsakaken kula
sami késah cecawis wonten ing pundi
kagem dhahar Paskah Gusti?"
13 Panjenengané banjur ngutus
sakabaté loro, lan ngandika marang
utusan iku, "Padha menyanga ing kutha;

ing kana ana wong kang nggawa jun
isi banyu bakal methukaké kowé. Kowé
padha ngetutna wong iku,
14 lan ana ing omah kang dileboni,
kowé kandhaa marang kang duwé omah
mau: Guru meling: Kamar endi kang
bakal kanggo mangan Paskah karo para
sakabatku?
15 Wong iku banjur bakal nuduhaké
marang kowé kamar lotèng, kang jembar
kang wis kacawisaké. Iya ing kono iku
kowé padha nyawisna bujana Paskah
kanggo Aku lan kowé kabèh!"
16 Sakabat iku banjur padha mangkat,
lan bareng tekan kutha padha ngalami
kabèh kaya kang dingandikakaké déning
Yésus mau; tumuli padha nyawisaké
Paskah.
17 Bareng wis soré Panjenengané rawuh
bareng karo sakabat rolas.
18 Nalika padha lungguh sarta padha
mangan, Yésus ngandika, "Satemené
Aku pitutur marang kowé, ana siji saka
panunggalanmu kang bakal ngiyanati
Aku, iya kang lagi mangan karo Aku."
19 Para sakabat banjur wiwit padha
sedhih sarta siji-siji padha matur marang

Panjenengané, "Rak sanès kawula ta,
Gusti?"
[20] Panjenengané tumuli ngandika
marang para sakabat, "Wong iku iya
salah siji saka panunggalanmu wong
rolas, kang nyelupaké roti ing mangkok
bebarengan karo Aku.
[21] Sabab Putraning Manungsa
bakal jengkar kaya kang wis tinulis
mungguhing Panjenengané, éwadéné
bilai wong kang dadi margané Putraning
Manungsa kaulungaké. Luwih becik,
saupama wong iku ora lair."
[22] Nalika Yésus lan para sakabaté lagi
padha dhahar, Panjenengané mundhut
roti, saos sokur, nyuwil-nyuwil roti mau
banjur maringaké marang para sakabat,
kalawan ngandika, "Padha tampanana,
iki badanku."
[23] Panjenengané banjur mundhut
tuwung, ngaturaké panuwun lan
maringaké tuwung iku marang para
sakabat. Kabèh banjur padha ngombé
saka tuwung mau.
[24] Apadéné Panjenengané ngandika
marang para sakabat, "Iki getihku,
getihing prajanjian, kang kawutahaké
kanggo wong akèh.

25 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Aku bakal ora ngombé manèh wohing
wit anggur, nganti tumekaning dinané
Aku bakal ngombé kang anyar ana ing
Kratoné Allah."
26 Sawisé padha ngunjukaké kidung
pamuji, banjur padha lunga menyang
Gunung Zaitun.
27 Yésus nuli ngandika marang para
sakabat, "Kowé kabèh, bakal gonjing
imanmu, awit wis tinulis: Ingsun
bakal nggebag juru pangoné, lan
wedhus-wedhusé bakal padha buyar.
28 Nanging samangsa Aku wis
katangèkaké, Aku bakal ndhisiki kowé
menyang Galiléa."
29 Pétrus banjur matur marang
Panjenengané, "Sanadyan sadaya sami
gonjing imanipun, kawula mboten."
30 Yésus banjur ngandika marang
Pétrus, "Satemené Aku pitutur marang
kowé, ing dina iki, ing wayah bengi
iki uga, sadurungé jago kluruk kaping
pindho, kowé wus nyélaki Aku rambah
kaping telu."
31 Éwadéné kalawan luwih nandhes
Pétrus matur, "Manawi kawula kedah
pejah sareng-sareng kaliyan Gusti,

kawula mboten badhé nyélaki Gusti."
Liya-liyané kabèh iya padha munjuk
mangkono.
32 Yésus lan para sakabaté banjur
rawuh ing panggonan kang jenengé
Gètsémani. Yésus ngandika marang
para sakabaté, "Padha lungguha ana ing
kéné, sajroné Aku ndedonga."
33 Panjenengané ndhawuhi Pétrus lan
Yakobus sarta Yohanes ndèrèk. Yésus
wiwit kraos sungkawa banget sarta giris
ing galih.
34 Panjenengané nuli ngandika marang
sakabat telu iku, "Atiku sedhih banget,
nganti kaya arep mati. Kowé padha ana
ing kéné lan padha meléka"
35 Sawisé majeng sawatara, Yésus
banjur sumungkem ing bumi sarta
ndedonga, supaya yèn bisa waktu iku
sumingkira saka Panjenengané,
36 sarta matur, "Dhuh Abba, dhuh
Rama, tumrap Paduka samukawis saged
kelampahan; tuwung punika mugi
Paduka singkiraken saking Kawula,
namung kémawon sampun pikajeng
Kawula, nanging karsa Paduka."
37 Yésus banjur wangsul lan
manggih sakabat telu iku padha

turu. Panjenengané nuli ngandika
marang Pétrus, "Simon, apa kowé turu?
Apa kowé ora kuwat melèk sajam baé?
38 Padha melèka lan ndedongaa, supaya
kowé ora kena ing panggodha; roh iku
pancèn becik niyaté, nanging sipating
manungsa, ringkih."
39 Panjenengané banjur tindak manèh
lan ndedonga nganggo tembung-
tembung kang padha.
40 Nalika rawuh manèh, Yésus manggih
sakabat telu iku lagi padha turu, awit
mripaté mbliyut, apadéné padha ora
ngerti apa kang kudu diaturaké marang
Panjenengané.
41 Panjenengané rawuh kang kaping
teluné banjur ngandika marang sakabat
telu iku, "Apa isih padha turu lan ngaso?
Wis cukup, wis tekan waktuné, delengen,
Putraning Manungsa kaulungaké marang
tangané para wong dosa.
42 Padha tangia, ayo padha lunga. Kang
ngulungaké Aku wus cedhak."
43 Nalika Yésus isih ngandika, Yudas
panunggalané sakabat rolas, dumadakan
teka bareng karo wong golongan kang
padha nggawa pedhang lan penthung

atas préntahé para pangarepé imam, lan
para ahli Torèt sarta para pinituwa.
44 Wong kang ngiyanati Panjenengané
wis awèh sasmita marang wong-wong
mau, "Wong kang bakal dakcucup, yaiku
wongé, iku tangkepen, jaganen sing
kuwat."
45 Sawisé teka, Yudas énggal-énggal
nyelaki Panjenengané, banjur matur,
"Rabbi," lan nyucup Panjenengané.
46 Wong-wong mau banjur nyandhak
lan nangkep Panjenengané.
47 Saka ing antarané wong-wong kang
ana ing kono iku ana kang ngunus
pedhang, lan nyabetaké pedhangé
marang abdiné Imam Agung, lan merung
kupingé.
48 Yésus nuli ngandika marang wong-
wong iku, "Kowé kok kaya ngadhepi
bégal, padha teka karo nggawa pedhang
lan penthung kanggo nangkep Aku?
49 Saben dina Aku rak iya nunggal karo
kowé, memulang ana ing Padaleman
Suci; lan kowé ora padha nangkep Aku.
Nanging supaya kelakona kang tinulis
ing Kitab Suci."
50 Para sakabat banjur ninggal
Panjenengané, padha mlayu kabèh.

51 Ana nom-noman ndhèrèkaké
Panjenengané, nutupi badané mung
nganggo kemul lawon. Wong-wong
padha arep nangkep nom-noman iku,
52 nanging nom-noman mau ninggal
lawoné, mlayu wuda.
53 Yésus banjur kairid menyang dalemé
Imam Agung. Para pangareping imam,
pinituwa lan ahli Torèt padha nglumpuk
ana ing kono.
54 Déné Pétrus ndhèrèkaké
Panjenengané saka kadohan nganti
tekan plataraning Imam Agung, banjur
lungguh awor para pengawal, sinambi
gegeni.
55 Para pangarepé imam dalah
warganing Pradata Agama kabèh, padha
golèk paseksi kang nglawan Yésus,
supaya Panjenengané bisa dipatrapi
paukuman pati, nanging ora olèh.
56 Sabab akèh wong kang awèh
paseksi palsu nglawan Yésus, nanging
paseksi-paseksi iku siji lan sijiné ora
cocog.
57 Banjur ana wong sawatara kang
ngaturaké paseksi palsu, nglawan
Panjenengané kalawan pandakwa,
mangkéné,

58 "Kula sampun sami mireng tiyang
punika wicanten makaten: Aku bakal
ngrubuhakaé Padaleman Suci kang
kagawé srana tanganing manungsa
iki lan sajroné telung dina Aku bakal
mbangun liyané, kang dudu gawéané
tanganing manungsa."
59 Bab iki, paseksiné wong-wong iku
uga cengkah karo liyané.
60 Imam Agung banjur jumeneng
ana ing satengahing parepatan, nuli
ndangu marang Yésus, "Apa kowé ora
mangsuli babar pisan? Kepriyé mungguh
paseksiné wong-wong kang ndakwa
kowé iku?"
61 Nanging Panjenengané kèndel
baé, ora paring wangsulan apa-apa.
Imam Agung ndangu Yésus manèh,
pangandikané, "Apa kowé iku Mésias,
Putrané Kang Pinuji?"
62 Paring wangsulané Yésus, "Iya Aku
iki Panjenengané, lan kowé bakal padha
weruh Putrané Manungsa lenggah ing
satengené Kang Mahakwasa lan rawuh
ana ing méganing langit."
63 Imam Agung banjur nyuwèk-nyuwèk
agemané lan ngandika, "Kanggé punapa
kita taksih mbetahaken seksi malih?

64 Panjenengan sampun sami midhanget
panyenyamahipun dhateng Allah.
Kadospundi pamanggih panjenengan?"
Wong-wong kabèh saiyeg padha
netepaké Yésus kudu kaukum pati.
65 Wong sawatara banjur wiwit
ngidoni Panjenengané, lan nutupi
pasuryané sarta njotosi kalawan kandha
marang Panjenengané, "Hé, nabi, coba
bedhèken!" Dalah para pengawal iya
mèlu padha ngantemi Yésus.
66 Nalika iku Pétrus isih ana ngisor, ana
ing plataran. Banjur ana wong wadon,
abdiné Imam Agung, kang teka,
67 lan bareng weruh Pétrus gegeni,
banjur namataké rainé, lan ngucap,
"Sampéyan niku rak enggih tansah
sareng kalih Yésus, tiyang Nasarèt niku."
68 Nanging Pétrus sélak, wangsulané,
"Kula mboten ngerti lan enggih mboten
mudheng napa sing mang karepké niku."
Pétrus banjur pindhah menyang èmpèr
ngarep. (Nuli ana jago kluruk.)
69 Bareng wong wadon mau weruh
Pétrus manèh, banjur iya kandha-
kandha marang wong-wong kang ana
ing kono, "Tiyang niku enggih saking
panunggalané."

[70] Nanging Pétrus sélak manèh. Ora
let suwé wong-wong kang ana ing kono
padha calathu manèh marang Pétrus,
"Sampéyan niku genah tunggalé, napa
malih sampéyan tiyang Galiléa!"
[71] Nanging Pétrus banjur wiwit supata
lan sumpah-sumpah, "Kula mboten
kenal tiyang sing mang kandhakké niku!"
[72] Sanalika iku uga jago kluruk kaping
pindhoné. Pétrus banjur kèlingan marang
pangandikané Yésus, "Sadurungé jago
kluruk ping pindho, kowé wus nyélaki
Aku kaping telu." Banjur nangis
sesenggrukan.

15 [1] Bareng wayah bangun ésuk
para pangarepé imam, karo
para pinituwa lan para ahli Torèt sarta
warganing Pradata Agama liyané kabèh
padha nglumpuk rembugan. Wong-wong
iku banjur mbanda lan ngirid Yésus sarta
ngladèkaké marang ngarsané Pilatus.
[2] Pilatus nuli ndangu Panjenengané,
"Punapa Panjenengan rajanipun tiyang
Yahudi?" Yésus paring wangsulan,
ngandikané, "Panjenengan piyambak
ingkang ngandika makaten."

3 Para pangarepé imam banjur padha
ngaturaké pandakwa akèh tumrap
Yésus.
4 Pilatus ndangu manèh marang
Panjenengané, pangandikané, "Punapa
Panjenengan mboten mangsuli punapa-
punapa? Kula aturi menggalih, kathah
sanget pandakwanipun tiyang-tiyang
punika dhateng Panjenengan."
5 Nanging Yésus tetep ora mangsuli
apa-apa, temah Pilatus nganti gumun
banget.
6 Ing dina riyaya wis dadi padatan,
Pilatus ngluwari wong tawanan siji, sing
dikarepaké déning wong akèh.
7 Nalika iku ana wong, jenengé
Barabas, kang ditawan bareng karo para
pemberontak kang sajroné keributan
padha gawé pati.
8 Wong akèh banjur munggah lan
wiwit padha nyuwun kanthi banget,
supaya Pilatus nindakaké kaya kang dadi
padatan kanggo wong akèh.
9 Déné Pilatus nanggapi wong akèh
kalawan ngandika, "Apa kowé padha
kepéngin supaya aku ngluwari rajané
wong Yahudi iki?"

10 Jalaran Pilatus ngerti, yèn para
pangarepé imam padha ngulungaké
Panjenengané marga saka drengkiné.
11 Nanging para pangarepé imam padha
ngojok-ojoki wong akèh supaya Pilatus
ngluwari Barabas.
12 Pilatus nanggapi manèh lan ngandika
marang wong akèh, "Banjur aku kudu
nindakaké apa marang wong kang padha
koksebut rajané wong Yahudi iku?"
13 Wong akèh nuli padha mbengok
manèh, "Kasaliba kémawon!"
14 Pilatus banjur ngandika manèh
marang wong-wong iku, "Banjur dosané
apa, ta?" Nanging wong akèh sangsaya
sora mbengoké, "Kasaliba tiyang
punika!"
15 Sarèhné Pilatus nedya gawé
mareming atiné wong akèh, mulané
iya ngluwari Barabas kanggo wong
akèh mau; Yésus banjur digebagi sarta
dipasrahaké supaya disalib.
16 Para prajurit tumuli ngirid Yésus
menyang plataran wewengkon dalem
gubernuran; sarta banjur padha
ngundang prajurit kabèh supaya
nglumpuk.

17 Wong-wong iku banjur ngagem-
agemi Panjenengané jubah wungu, lan
sawusé nganam-anam makutha eri,
banjur diagemaké ing mustakané.
18 Sawusé mangkono banjur padha
ngucapaké salam marang Yésus,
pangucapé, "Ngaturaken kasugengan,
rajanipun tiyang Yahudi!"
19 Banjur padha menthungi mustakané
nganggo glagah lan padha ngidoni nuli
padha jèngkèng nyembah Panjenengané.
20 Sawusé padha moyoki Panjenengané,
para prajurit banjur padha nglukari
agemané jubah wungu mau lan
ngagemaké agemané piyambak. (15-
20b) Para prajurit tumuli padha ngirid
Yésus metu arep nyalib Panjenengané.
21 Nalika samana ana wong liwat
jenengé Simon, wong Kiréné, bapakné
Aleksander lan Rufus, kang lagi bali saka
njaban kutha. Wong iku dipeksa supaya
manggul salibé Yésus.
22 Para prajurit iku nuli ngirid
Panjenengané menyang panggonan
kang aran Golgota, kang ateges:
pacumplungan.

23 Tumuli padha nyaosi Panjenengané
anggur kang dicampuri mur, nanging
Panjenengané ora karsa.
24 Wong-wong iku banjur padha nyalib
Panjenengané sarta ngedum-edum
pangagemané sarana kalotré kanggo
nemtokaké pandumané dhéwé-dhéwé.
25 Wayah jam sanga ésuk para prajurit
padha nyalib Panjenengané.
26 Ana tulisan kang nélakaké kaluputané
Yésus, uniné, "Rajané wong Yahudi."
27 Bareng karo Panjenengané, para
prajurit iya nyalib bégal loro, kang siji
ing satengené, sijiné ing sakiwané.
28 [Sarana mangkono, kayektènan apa
kang katulis ing Kitab Suci kang muni,
"Panjenengané kaétang golongané para
durjana."]
29 Wong-wong kang padha liwat ing
kono, padha ngala-ala Yésus, kanthi
gèdhèg-gèdhèg padha ngucap, "Hé,
kowé kang arep ngrubuhaké Padaleman
Suci lan arep mbangun manèh sajroné
telung dina,
30 luwarana awakmu dhéwé lan
mudhuna saka salib!"
31 Mangkono uga para pangarepé imam
karo para ahli Torèt, iya padha moyoki

karo rasanan, "Wong iku wus mitulungi
wong liya, nanging mitulungi awaké
dhéwé ora bisa!
32 Saiki Mésias, Rajané Israèl iku
karebèn mudhun saka salib, supaya kita
padha weruh lan pracaya." Dalah kang
padha kasalib bareng karo Yésus iku iya
padha moyoki Panjenengané.
33 Bareng wus jam rolas, ana pepeteng
kang nglimputi satanah kabèh nganti
jam telu.
34 Ing wayah jam telu iku Yésus
nywanten kalawan sora, "Éloi, Éloi,
lama sabakhtani?" Kang tegesé, "Allah
kawula, Allah kawula, kenging punapa
Paduka nilar kawula?"
35 Sawatara wong kang padha ngadeg
ana ing kono bareng krungu kang
mangkono mau, padha ngucap,
"Delengen, wong iku ngundang Élia."
36 Banjur ana wong kang énggal-énggal
teka, nyelupaké spons ing anggur kecut,
dituncepaké ing glagah, tumuli ngaturi
ngunjuk marang Yésus, sarta ngucap,
"Ayo padha dientèni lan dideleng, apa
Élia teka ngudhunaké wong iku."
37 Yésus banjur nywanten sora lan séda.

38 Nalika iku geberé Padaleman Suci
suwèk dadi loro, saka ndhuwur tekan
ngisor.
39 Panggedhéné prajurit kang ngadeg
adu-arep karo Yésus, bareng nyumurupi
kaya mangkono anggoné séda, banjur
ngucap, "Sanyata, wong iku Putraning
Allah."
40 Ana uga wong wadon sawatara
kang padha ngawasaké saka kadohan,
yaiku Maria Magdaléna, Maria ibuné
Yakobus-nom lan Yosès, sarta Salomé.
41 Wong-wong iku kabèh wis
ndhèrèkaké Yésus lan ngladosi
Panjenengané nalika ana ing Galiléa.
Ing kono iya isih ana wong wadon
liyané kang akèh cacahé, kang padha
teka ing Yérusalèm bebarengan karo
Panjenengané.
42 Bareng wayahé wis soré, sarèhné iku
dina pacawisan, yaiku dina ngarepaké
Sabat,
43 mulané Yusuf, wong Arimatéa,
warganing Pradata Agama kang kajèn
kèringan, kang iya nganti-anti marang
Kratoning Allah, nékad sowan Pilatus
sarta nyuwun layoné Yésus.

44 Pilatus gumun nalika midhanget
menawa Yésus wis séda. Banjur nimbali
panggedhéné prajurit lan ndangu, apa
Panjenengané wus séda.
45 Sawisé midhanget aturé
panggedhéning prajurit mau, Pilatus
banjur maringaké layoné marang Yusuf.
46 Yusuf nuli tuku mori alus, lan
ngudhunaké layoné Yésus sarta ngulesi
layon mau nganggo mori iku. Sawisé
mangkono, banjur nyarèkaké layoné ana
ing kubur kang tatahan ing watu. Banjur
ngglundhungaké watu nutup lawanging
kuburan.
47 Maria Magdaléna lan Maria ibuné
Yosès padha namataké papan anggoné
nyarèkaké layon mau.

16 1 Bareng dina Sabat wis keliwat,
Maria Magdaléna lan Maria ibuné
Yakobus apadéné Salomé padha tuku
rempah-rempah wangi kanthi sedya bali
manèh menyang pasaréan arep njebadi
Yésus.
2 Wayah bangun ésuk ing dina kapisan
ing minggu iku, sawisé srengéngéné
mlethèk, wong-wong wadon mau padha
lunga menyang pasaréan.

3 Banjur padha rasanan, "Sapa kang
bakal ngglundhungaké watuné kanggo
kita saka lawanging pasaréan?"
4 Nanging bareng padha ndeleng saka
cedhakan, banjur padha weruh yèn
watuné wis ngglundhung, mangka watu
mau gedhé banget.
5 Nuli padha lumebu ing pasaréan lan
padha weruh priya nom-noman lenggah
ing sisih tengen ngagem jubah putih,
mulané padha kagèt.
6 Nanging priya nom-noman mau tumuli
ngandika marang para wong wadon iku,
"Aja padha wedi! Kowé padha nggolèki
Yésus saka Nasarèt, kang wus kasalib
iku. Panjenengané wus wungu. Ora ana
ing kéné. Padha delengen! Iki panggonan
kang kanggo nyarèkaké Panjenengané.
7 Nanging saiki padha lungaa, kandhaa
marang para sakabaté lan Pétrus:
Panjenengané tindak ngrumiyini kowé
kabèh menyang Galiléa; ing kana kowé
bakal padha ndeleng Panjenengané,
kaya kang wus dingandikakaké marang
kowé kabèh."
8 Wong-wong wadon mau banjur padha
mlayu metu saka pasaréan, amarga
padha giris lan geter, apadéné ora

kandha apa-apa marang sapa baé,
marga padha wedi. [Déné wong-wong
wadon iku kanthi ringkes nerusaké
sakèhing piwelingé malaékat mau
marang Pétrus lan kanca-kancané.
Sawusé iku Yésus piyambak lumantar
para sakabat martakaké saka wétan
nganti tekan kulon pawarta kang suci lan
kang ora bakal kena kasirnakaké, bab
pawartaning karahayon kang langgeng.]
9 [Bareng Yésus wis wungu nalikané
isih ésuk umun-umun ing dina kapisan
ing minggu iku, kang dhisik dhéwé
Panjenengané ngatingal marang Maria
Magdaléna, kang saka wong iku,
Panjenengané wis nundhung sétan pitu.
10 Wong wadon mau nuli lunga wewarta
bab iku marang wong kabèh, kang biyèn
padha ndhèrèkaké Panjenengané, lan
kang ing waktu samana lagi padha susah
lan nangis.
11 Nanging bareng padha krungu,
yèn Yésus wungu lan wis kadeleng
déning Maria, wong-wong iku padha ora
ngandel.
12 Sawisé iku, Panjenengané ngatingal
ngagem rupi kang béda marang wong

loro panunggalané, nalika sakaroné
padha lumaku menyang njaban kutha.
13 Wong loro mau banjur bali padha
wewarta bab iku marang murid-murid
liyané, nanging iya padha ora ngandel.
14 Pungkasané, Panjenengané ngatingal
marang sakabat sawelas, nalika lagi
padha mangan, sarta banjur netah
marang wong sawelas iku bab cupeting
pangandel lan wangkoting atiné, déné
padha ora ngandel marang wong-wong
kang wus padha ndeleng Panjenengané
sawisé wungu.
15 Panjenengané banjur ngandika
marang para sakabat sawelas mau,
"Padha lungaa menyang saindenging
jagat, padha martakna Injil marang
sakèhing tumitah.
16 Sapa kang pracaya lan kabaptis,
bakal kaslametaké, balik kang ora
pracaya bakal kaukum.
17 Pratandha-pratandha iki bakal
mbarengi para wong kang pracaya:
Wong-wong pracaya iku bakal padha
nundhungi sétan sarana jenengku, bakal
padha guneman nganggo basa-basa
anyar.

18 Bakal padha nyekel ula, lan sanadyan
ngombé racun kang matèni, ora bakal
cilaka; bakal padha numpangi tangan
marang para kang lara, lan iku bakal
padha waras."
19 Sawisé Gusti Yésus ngandika kang
mangkono marang para sakabat,
Panjenengané banjur kasengkakaké
menyang swarga lan lenggah ing
satengené Allah.
20 Déné para sakabaté iku banjur
padha lunga memulang ing endi-
endi, sarta Gusti nyarengi makarya,
apadéné ngekahaké piwulangé sarana
pratandha-pratandha.]

Lukas

1 [1] Téofilus ingkang minulya, sampun
kathah tiyang ingkang sami ndhapuk
cariyos bab lelampahan-lelampahan
ingkang kadadosan wonten ing antawis
kita,
[2] kadosdéné ingkang sami kita tampèni
saking tiyang-tiyang, ingkang saking
wiwitan sami nyipati piyambak lan sami
dados paladosing Pangandika.
[3] Awit saking punika, sasampunipun
kula nitipriksa kadadosan wau sadaya,
saking wiwitanipun kanthi premati,
putusaning manah kula, kadadosan-
kadadosan wau kula damel buku,
ingkang isinipun runtut, saha ingkang
lajeng kula aturaken ing ngarsa
panjenengan punika,
[4] ing pangangkah, supados
panjenengan saged nguningani, bilih
sadaya ingkang sampun kawulangaken
dhateng panjenengan punika leres
saèstu.
[5] Nalika jamané Hérodès, raja ing
Yudéa, ana imam, asmané Zakharia,

kalebu golongan Abia. Somahé uga trahé
Harun, asmané Élisabèt.
6 Sakaroné padha mursid ana ing
ngarsané Allah lan tansah nindakaké
pepakon lan pranataning Pangéran,
tanpa cacad.
7 Nanging ora kagungan putra, sabab
Élisabèt iku gabug lan sakaroné wus
padha sepuh.
8 Ing sawijining dina, nalika pinuju
giliraning golongané, Zakharia nindakaké
ayahan ngimami ana ngarsaning
Pangéran.
9 Sabab nalika diundhi kaya adaté,
kanggo namtokaké imam kang nampa
ayahan, panjenengané kang katuding
lumebet ing Padaleman Suci ngobong
dupa ana ing kono.
10 Ing waktuné ngobong dupa, umat
kabèh kumpul ana ing jaba padha
sembahyang.
11 Imam Zakharia banjur dikatingali
malaékating Pangéran, jumeneng ing
satengening misbyah padupan.
12 Pirsa lelakon iku, Imam Zakharia
kagèt lan dadi ajrih.
13 Nanging malaékat mau banjur
ngandika, "Aja wedi, Zakharia, awit

pandongamu wus kabul, lan Élisabèt,
bojomu, bakal nglairaké anakmu lanang,
iku jenengna Yohanes.
14 Bocah iku bakal ndadèkaké bungah
lan senenging atimu, malah akèh wong
kang uga bakal bungah marga saka lairé
bocah mau.
15 Sabab iku bakal pinunjul ana ing
ngarsaning Pangéran, lan bakal ora
ngombé anggur utawa minuman keras
liyané, sarta bakal kapenuhan ing Roh
Suci wiwit saka ing rahiming ibuné.
16 Apadéné bakal njalari akèh wong
Israèl padha mratobat marang Pangéran,
Allahé,
17 sarta bakal lumaku dadi cecala
ndhisiki tindaké Pangéran kanthi roh lan
pangwasané Élia, supaya bisa mbalèkaké
atiné para bapa marang para anaké,
sarta nuntun wong mursal marang
kamursidan. Dadiné nyawisaké umat
kang sembada tumrap ing Pangéran!"
18 Zakharia banjur munjuk marang
malaékat mau, "Kadospundi anggèn
kawula saged mangertos, bilih bab
punika saèstu badhé kalampahan?
Sabab kawula sampun sepuh, saha

sémah kawula sampun lungsé ing
wanci."
19 Paring wangsulané malaékat, "Aku
iki Gabrièl sing ngladosi Allah lan aku
diutus ndhawuhi kowé, sarta nglantaraké
pawarta kabungahan iki marang kowé.
20 Satemené, kowé bakal bisu lan ora
bisa guneman nganti tekan titimangsa
kalakoné iku kabèh, amarga kowé ora
ngandel marang dhawuhku kang mesthi
bakal kelakon ing waktu kang wus
katamtokaké."
21 Nalika iku wong akèh padha ngentèni
Imam Zakharia. Wong-wong iku padha
gumun, déné suwé temen anggoné ana
ing Padaleman Suci.
22 Bareng miyos, panjenengané ora bisa
ngandika apa-apa marang wong akèh iku
lan wong akèh iku banjur mangerti, yèn
Zakharia mentas tampi wahyu ana ing
Padaleman Suci. Panjenengané banjur
paring sasmita marang wong akèh, lan
tetep bisu.
23 Bareng waktuning ayahané wus
rampung, Zakharia banjur kondur.
24 Kacarita ora let suwé Élisabèt,
garwané banjur ngandheg lan sajroning

limang sasi ora tau metu-metu,
pangucapé,
25 "Ya iki pandamelé Pangéran marang
aku anggoné karsa ngluwari wirangku
ana ing ngareping wong akéh."
26 Bareng wus nyandhak nem sasiné,
Allah ngutus malaékat Gabrièl menyang
Nasarèt, ing wilayah Galiléa,
27 nemoni prawan kang pacangan karo
wong kang aran Yusuf, tedhaké Daud.
Prawan mau asmané Maria.
28 Nalika malaékat mau lumebet ing
omahé Maria, banjur ngandika, "Salam,
kowé kang kinasihan, Pangéran tansah
nganthi marang kowé."
29 Krungu pangandika mangkono iku
Maria kagèt, lan pitakon ing sajroning
ati, apa tegesé iku.
30 Malaékat nuli ngandika, "Aja wedi,
Maria, awit kowé olèh sih-kanugrahan
ana ing ngarsaning Pangéran.
31 Lah kowé bakal ngandheg lan bakal
nglairaké anak lanang. Iku jenengna
Yésus.
32 Bocah mau bakal pinunjul lan
kasebut Putraning Allah Kang Mahaluhur.
Apadéné Allah bakal maringaké

dhamparé Daud, leluhuré, marang
Panjenengané.
33 Panjenengané bakal jumeneng dadi
Rajaning para turuné Yakub nganti
salawas-lawasé, sarta kratoné iku bakal
ora ana wekasané."
34 Maria banjur matur marang malaékat
mau, "Punika sagedipun kalampahan
kadospundi, jalaran kawula dèrèng
émah-émah?"
35 Paring wangsulané malaékat, "Roh
Suci bakal nedhaki kowé, sarta kwasané
Kang Mahaluhur bakal ngayomi kowé;
mulané bayi kang bakal lair iku bakal
kasebut suci, Putraning Allah.
36 Lah Élisabèt, sadulurmu, kang wus
tuwa iku, iya lagi ngandhut anak lanang,
déné sapréné wus nem sasi, mangka
wus diarani gabug.
37 Amarga tumraping Allah ora ana
barang kang mokal."
38 Maria banjur munjuk, "Sumangga,
kawula punika abdinipun Pangéran;
tumrap kawula kalampaha kadosdéné
ingkang Paduka ngandikakaken."
Sawusé mangkono malaékat mau banjur
jengkar nilar Maria.

39 Ora watara suwé, Maria énggal-
énggal tindak menyang kutha ing
pagunungan Yéhuda.
40 Bareng lumebet ing dalemé Zakharia
tumuli uluk-salam marang Élisabèt.
41 Kocapa nalika Élisabèt midhanget
uluk-salamé Maria, bayi kandhutané
nggronjal, lan Élisabèt tumuli kapenuhan
ing Roh Suci,
42 sarta kalawan sora ngandika,
"Kowé binerkahana ana ing antarané
wong wadon kabèh, lan binerkahana
kandhutanmu.
43 Sapa ta aku iki, déné nganti
karawuhan ibuné Gustiku?
44 Amarga sanyatané, bareng aku
krungu uluk-salammu, bayi kandhutanku
nggronjal, marga saka senengé.
45 Rahayu wong kang wus pracaya,
sabab apa kang kapangandikakaké
déning Pangéran, mesthi bakal kelakon."
46 Maria banjur medhar pangandika
mangkéné: "Nyawaku ngluhuraké
Pangéran,
47 lan aku bungah marga saka Allah,
Juruslametku.
48 Sabab Panjenengané wus ngudanèni
asoring abdiné. Lah wiwit saiki sakèhing

wong turun-temurun bakal ngarani aku
rahayu,
49 jalaran Kang Mahakwasa wus
nindakaké pakaryan-pakaryan kang
pinunjul marang aku sarta suci asmané.
50 Rahmaté turun-tumurun tumrap
wong kang wedi asih marang
Panjenengané.
51 Panjenengané ngatingalaké
pangwaosé kalawan pakaryaning astané
lan mbuyaraké wong kang gumunggung
atiné.
52 Panjenengané nglèngsèraké
wong-wong kang kwasa saka ing
kalenggahané, lan ngluhuraké wong-
wong kang asor.
53 Panjenengané nglubèraké
samubarang kang becik marang
wong kang kaluwèn, lan nundhung wong
kang sugih kanthi nglaha.
54 Panjenengané nulungi Israèl, abdiné,
awit ènget marang rahmaté,
55 kaya kang wus kaprasetyakaké
marang leluhur kita, marang Abraham
lan tedhak-turuné, ing salawas-lawasé."
56 Maria anggoné ana ing omahé
Élisabèt mau watara telung sasi, banjur
kondur.

57 Bareng Élisabèt anggoné ngandheg
wis tekan ing lèke, banjur nglairaké
jabang-bayi lanang.
58 Nalika tangga-teparoné lan sanak-
saduluré krungu pawarta yèn Allah wis
paring sih kamurahané kang samono
gedhéné iku, padha mèlu bungah.
59 Ing wolung dinané wong-wong mau
padha teka saprelu anggoné arep netaki
bayiné lan mènèhi jeneng Zakharia
manut jenengé bapakné.
60 Nanging ibuné kandha, "Aja, jenengé
kudu Yohanes."
61 Pangucapé wong akèh mau,
"Sanak-sanakmu ora ana kang jenengé
mangkono."
62 Banjur padha takon marang bapakné
kanthi sasmita, bakal dijenengaké sapa
anaké iku.
63 Zakharia njaluk lambaran kang
biasané kanggo nulis lan banjur nulis,
"Jenengé Yohanes." Wong kabèh dadi
padha gumun.
64 Sanalika iku uga cangkemé kabuka
lan ilaté uwal, temahan banjur bisa
omong lan ngluhuraké Allah.
65 Para tangga-teparoné padha kataman
ing wedi, lan kabèh lelakon mau banjur

dadi rerasanané wong-wong ing satlatah
pagunungan Yudéa kabèh.
66 Wong kabèh kang krungu prakara iku,
padha ngrasak-ngrasakaké ing sajroning
ati, sarta pangucapé, "Bakal dadi
apa bocah iki bakalé bésuk?" Amarga
kaayoman ing astaning Pangéran.
67 Zakharia, bapakné, marga saka
kapenuhan ing Roh Suci, banjur medhar
wangsit, pangucapé,
68 "Pinujia Pangéran, Allahé Israèl,
sabab wus nuwèni umaté lan paring
pangluwaran.
69 Panjenengané nukulaké sunguning
karahayon kanggo kita ana ing tedhaké
Daud, abdiné,
70 -- kaya kang wis kapangandikakaké
wiwitan mula lantaran para nabiné kang
suci --
71 supaya kita luwar saka mungsuh-
mungsuh kita lan saka tangané sakèhé
wong kang padha sengit marang kita.
72 Minangka anggoné nedahaké
sih-rahmaté marang leluhur kita lan
anggoné ènget marang prasetyané kang
suci,
73 yaiku supaos kang kapangandikakaké
marang Abraham, bapa leluhur kita,

yèn Panjenengané paring kanugrahan
marang kita,
74 supaya kita luwar saka ing tanganing
mungsuh, bisa ngabekti marang
Panjenengané tanpa rasa wedi,
75 ing sajroning kasucèn lan apa kang
bener ana ing ngarsané, sajegé urip kita.
76 Déné kowé, nggèr, anakku, bakal
kasebut nabining Allah Kang Mahaluhur,
amarga kowé bakal lumaku ndhisiki
tindaké Pangéran saprelu nyawisaké
dalan kagem Panjenengané,
77 lan mènèhi pangertèn marang umaté
bab dalaning karahayon, adhedasar
pangapuraning dosa-dosané
78 marga saka rahmat lan sih-
piwelasé Allah kita, kang iya srana iku
Panjenengané bakal rawuh minangka
anggoné milujengaké kita, Surya-ésuk
saka ing ngaluhur,
79 kagem madhangi sakèhing wong
kang manggon ing pepeteng lan ana
ing ayang-ayanganing pati, apadéné
ngeneraké sikil kita marang dalaning
karahayon."
80 Anadéné bocah mau saya mundhak
gedhéné lan rohé saya santosa, sarta
banjur manggon ing ara-ara samun

nganti tumeka ing dina anggoné kudu
ngaton marang Banisraèl.

2 [1] Nalika samana Kaisar Agustus
paring dhawuh, dianakna cacah-jiwa
tumrap wong saindenging jagat.
[2] Iki cacah-jiwa kang kapisan kang
kaanakaké nalika Kirénius jumeneng
gubernur ing Siria.
[3] Mulané wong-wong kabèh banjur
padha mangkat arep ndhaftaraké, saben
wong menyang kuthané dhéwé-dhéwé.
[4] Mangkono uga Yusuf iya mangkat saka
Nasarèt, wilayah Galiléa menyang Yudéa,
kuthané Daud, kang aran Bètléhèm
-- amarga asalé saka ing brayat lan
tedhaké Daud --
[5] supaya didhaftaraké bebarengan karo
Maria, pacangané, kang lagi ngandheg.
[6] Bareng wus tekan kono, Maria
anggoné ngandheg wus tekan wektuné
babaran,
[7] banjur mbabar putra kakung,
kang pambajeng, nuli digedhong lan
disèlèhaké ing pamakanan, sabab padha
ora komanan panggonan ana ing papan
panginepan.
[8] Kacarita ing tlatah kono ana para
pangon kang padha nginep ing ara-ara

njaga pepanthaning kéwané ing wayah
bengi.
9 Dumadakan ana malaékating
Pangéran jumeneng ing sacedhaké sarta
padha kasorotan ing cahya kamulyané
Pangéran satemah padha wedi banget.
10 Malaékat mau tumuli ngandika
marang wong-wong mau, "Aja padha
wedi, lah kowé padha dakwartani
kabungahan gedhé, kang bakal
kaparingaké tumrah sabangsa kabèh:
11 Ing dina iki wus miyos Juruslametmu,
yaiku Kristus, kang jumeneng Gusti, ana
ing kuthané Daud.
12 Déné kang minangka tengerané
marang kowé, mangkéné: Kowé bakal
mrangguli bayi kagedhong sumèlèh ing
pamakanan."
13 Dumadakan ana balatantra swarga
kang akèh banget cacahé, kang
mbarengi malaékat mau sarta padha
memuji marang Allah, sabdané,
14 "Kamulyan kagem Allah kang ana ing
ngaluhur lan tentrem-rahayu ana ing
bumi, ing antarané manungsa kang dadi
renaning panggalihé."
15 Sapengkeré para malaékat menyang
swarga, para pangon mau padha

sapocapan mangkéné, "Payo, padha
menyang Bètléhèm, ndeleng apa kang
wus kelakon ing kana, kaya kang wus
kapangandikakaké déning Pangéran
marang kita."
16 Banjur padha énggal-énggal
mangkat, tumuli ketemu karo Maria
lan Yusuf, apadéné Jabang-bayi, kang
sumèlèh ing pamakanan.
17 Bareng wus padha nyumurupi,
banjur padha nyritakaké apa kang wis
kapangandikakaké bab Jabang-bayi iku.
18 Wong kabéh kang padha krungu
critané para pangon mau padha gumun.
19 Nanging Maria nyathet iku mau
kabèh ana ing sajroning atiné lan
dirasak-rasakaké.
20 Para pangon tumuli padha bali
kalawan memuji lan ngluhuraké Allah,
marga sabarang kang wis dirungu
lan dideleng iku, cocog karo kang wis
kapangandikakaké marang wong-wong
mau.
21 Bareng wis ganep wolung dinané,
Bayi mau kudu disupiti lan banjur
kaparingan asma Yésus, yaiku asma
kang kapangandikakaké déning
malaékat sadurungé kinandhut kang ibu.

22 Nalika wus tekan dinaning panucèné
miturut angger-anggeré Musa, Bayi mau
banjur diasta menyang Yérusalèm arep
dicaosaké marang Pangéran,
23 kaya kang katulisan ing angger-
anggering Pangéran, "Sakèhing anak
lanang pambarep kudu kasucèkaké
kagem Allah",
24 lan padha saos kurban, manut apa
kang kadhawuhaké ana ing angger-
anggering Pangéran, arupa manuk deruk
sajodho utawa piyik dara loro.
25 Ing Yérusalèm ana wong asmané
Siméon, wong mursid lan ngabekti
marang Allah, kang nganti-anti marang
panglipuring Israèl sarta kang ingayoman
ing Roh Suci.
26 Panjenengané wis pinaringan wangsit
déning Roh Suci, yèn bakal ora mati
sadurungé nyipati Mésias, yaiku Kang
Jinebadan déning Pangéran.
27 Marga saka pitedahé Roh Suci,
Siméon tindak menyang Padaleman
Suci. Nalika Yésus, Bocah iku, diasta
mlebu déning wong tuwané arep
nindakaké kaya kang wus katamtokaké
déning angger-anggering Torèt tumrap
Bocah mau,

28 Siméon banjur mbopong Bocahé
klawan memuji marang Allah, unjuké,
29 "Dhuh, Pangéran, mugi Paduka
sapunika marengaken kawula késah
kalayan tentrem-rahayu, miturut
pangandika Paduka,
30 jalaran mripat kawula sampun
sumerep kawilujengan ingkang mijil
saking Paduka,
31 ingkang sampun Paduka cawisaken
wonten ing sangajenging bangsa sadaya,
32 inggih punika pepadhang ingkang
medharaken karsa Paduka tumrap
bangsa-bangsa sanès saha ingkang
dados kamulyaning umat Paduka,
Israèl."
33 Kang rama lan kang ibu padha
kaéraman banget marang kabèh kang
diucapaké tumrap Panjenengané mau.
34 Siméon banjur mberkahi wong-wong
mau lan ngandika marang Maria, kang
ibu, "Sayektosipun Laré punika sampun
pinasthi dados margining dhawah lan
tanginipun tiyang kathah ing Israèl,
sarta minangka pratanda ingkang badhé
njalari pasulayan,
35 supados osiking manahipun tiyang
kathah kababar. Lan ing bénjing

panggalih panjenengan badhé katuwek
ing pedhang."
36 Apadéné ing kono iya ana nabi
wadon, asmané Hana, putrané Fanuèl,
saka taler Asyèr. Panjenengané wus
sepuh banget. Sawusé krama banjur
gesang bebarengan karo garwané pitung
taun,
37 lan tekan saiki randha, yuswané
wolung puluh papat taun. Panjenengané
ora tau nilar Padaleman Suci, rina wengi
anggoné ngabekti kalawan pasa lan
ndedonga.
38 Nalika iku panjenengané iya mrono
lan ngunjukaké panuwun marang Allah,
sarta ngandikakaké bab Bocah mau
marang sakèhing wong kang padha
nganti-anti pangluwarané Yérusalèm.
39 Sawusé ngrampungaké kang kudu
dilakoni kabèh miturut angger-anggeré
Pangéran, banjur padha kondur menyang
kutha asalé, yaiku Nasarèt ing Galiléa.
40 Bocah mau saya mindhak ageng
lan tambah kiyat, kapenuhan ing
kawicaksanan sarta sinungan ing
sih-kanugrahaning Allah.

41 Saben taun samangsa riyaya Paskah,
wong tuwané Yésus tindak menyang
Yérusalèm.
42 Nalika Yésus wus yuswa rolas taun,
padha tindak menyang Yérusalèm kaya
adaté yèn pinuju dina gedhé.
43 Sarampungé pahargyan, nalika
padha kondur, Yésus kantun ana ing
Yérusalèm, wong tuwané ora pirsa.
44 Sarèhné dikira yèn Putrané awor karo
wong-wong kang padha mulih tunggal
dalan, mulané padha mbacutaké tindaké
nganti sadina, banjur padha madosi
Panjenengané ana ing antarané para
sanak-kadang lan para pitepungané.
45 Bareng ora pinanggih, banjur padha
wangsul malih menyang Yérusalèm karo
madosi terus.
46 Kacarita sawusé telung dina
pinanggih Panjenengané ana ing
Padaleman Suci lagi lenggah ana
ing satengahé para guru agama,
midhangetaké sarta mundhut pirsa
piwulangé.
47 Sakèhé wong kang ngrungokaké
Panjenengané padha éram marang
kapinteran lan paring wangsulané.

48 Bareng wong tuwané pirsa, padha
njenger. Kang ibu banjur ngandika
marang Panjenengané, "Anggèr, yagéné
tumindakmu marang aku sakloron kok
mangkono. Ramamu lan aku padha
nggolèki sliramu kanthi kuwatir."
49 Aturé marang rama-ibuné, "menapaa
déné panjenengan madosi kula?
Panjenengan menapa mboten pirsa, bilih
kula kedah wonten ing dalemipun Rama
kula?"
50 Nanging rama-ibuné padha
ora nyandhak marang apa kang
dingandikakaké iku.
51 Panjenengané banjur kondur
bebarengan karo kang rama lan kang ibu
menyang Nasarèt; sabanjuré tetep terus
kaemong déning rama-ibuné. Déné kang
ibu nyathet prakara iku mau kabèh ana
ing sajroning penggalihé.
52 Yésus saya mindhak ageng, lan saya
mindhak kawicaksanané, apadéné saya
kinasihan déning Allah lan manungsa.
3 1 Sajroning papréntahané Kaisar
Tibérius wis nyandhak limalas
tauné, nalika Pontius Pilatus jumeneng
gubernur ing Yudéa, lan Hérodès
jumeneng raja-wilayah ing Galiléa,

Filipus sadhèrèké jumeneng raja-wilayah
Ituréa lan Trakhonitis, sarta Lisanias
jumeneng raja-wilayah Abiléné,
2 apadéné Hanas lan Kayafas jumeneng
Imam Agung, Allah paring pangandika
marang Yohanes, putrané Imam
Zakharia, ana ing ara-ara samun.
3 Yohanes banjur ndlajahi saindengé
wilayah Yordan sarta martakaké baptisan
pitobat murih apuraning dosa,
4 kaya kang tinulis ing kitab pamecané
Yésaya, "Ana swaraning wong kang
nguwuh-uwuh ana ing ara-ara samun.
Padha nyawisna margining Pangéran,
lencengna lurung-lurungé kagem
Panjenengané!
5 Saben jurang bakal kaurug, lan
saben gunung lan gumuk bakal
digawé rata; kang ménggak-ménggok
bakal kalencengaké, kang mendhak-
mandhukul bakal karatakaké,
6 apadéné sakèhing wong bakal weruh
karahayon kang saka ing Pangéran."
7 Yohanes banjur ngandika marang
wong akèh kang padha sowan nyuwun
baptis, "Hé, turuning ula bedhudhak!
Sapa kang akon kowé nyingkiri bebendu
kang bakal tumempuh?

8 Mulané padha metokna wohing pitobat
kang sembada. Lan aja padha nduwèni
pangrasa: Abraham iku rama leluhur
kita! Awit aku pitutur marang kowé:
Allah kwaos akarya turuning Abraham
saka watu-watu iki!
9 Wadungé wus cumepak ana ing poking
wit, lan saben wit kang ora metokaké
woh kang becik, bakal ditegor sarta
dicemplungaké ing geni."
10 Wong akèh mau banjur padha
nyuwun pirsa, "Menawi makaten,
punapa ingkang kedah sami kula
tindakaken?"
11 Paring wangsulané, "Sing sapa duwé
klambi loro, supaya mènèhi wong kang
ora duwé, lan sing sapa duwé pangan,
iya tumindaka mangkono."
12 Ana juru-narik-pajeg kang uga teka
arep nyuwun baptis, iku padha nyuwun
pirsa, "Guru, kula kedah sami nglampahi
punapa?"
13 Paring wangsulané, "Aja padha nagih
ngluwihi kang wus katamtokaké tumrap
kowé!"
14 Para prajurit uga padha nyuwun
pirsa, "Menawi kula, punapa ingkang
kedah sami kula lampahi?" Paring

wangsulané Yohanes, "Aja ngrampas lan
aja meres, cukupna nganggo blanjamu
dhéwé."
15 Nanging sarèhné wong akèh lagi
padha nganti-anti lan ngarep-arep
Mésias, kabèh padha nggraita apa
Yohanes iku Panjenengané,
16 Yohanes banjur paring wangsulan,
pangandikané, "Aku iki mbaptisi kowé
nganggo banyu, nanging Panjenengané
kang pangwasané ngungkuli aku, bakal
rawuh lan sanadyan mung nguculi
talining trumpahé baé, aku ora patut.
Panjenengané bakal mbaptisi kowé
ngagem Roh Suci lan geni.
17 Panjenengané wus ngasta piranti
kagem ngresiki gandum lan papan
panutoné; gandumé kaklumpukaké ing
lumbungé, nanging mrambuté bakal
diobong ing geni kang ora bisa sinirep."
18 Kanthi paring pitutur liyané kang
akèh Yohanes nggelaraké Injil marang
wong akèh.
19 Ananging bareng panjenengané
melèhaké Hérodès, raja-wilayah
kono, bab lelakoné karo Hérodias,
garwané sadhèrèké, tuwin bab anggoné
nindakaké sakèhing piala liya-liyané,

20 raja iku saya wuwuh durakané, srana
anggoné ngunjara Yohanes.
21 Nalika wong akèh iku wus padha
kabaptis lan nalika Yésus uga kabaptis
sarta lagi ndedonga, langit tumuli piyak,
22 banjur katedhakan ing Roh Suci
arupa manuk dara. Nuli ana swara kang
kaprungu saka ing langit mangkéné,
"Sira iku Putraningsun kang kinasih,
kang ndadèkaké keparengingsun."
23 Nalika Yésus wiwit makarya,
yuswané kurang luwih telung puluh
taun lan manut pangirané wong-wong,
Panjenengané iku putrané Yusuf, putrané
Éli,
24 putrané Matat, putrané Lèwi, putrané
Malkhi, putrané Yanai, putrané Yusuf,
25 putrané Matica, putrané Amos,
putrané Nahum, putrané Hèsli, putrané
Nagai,
26 putrané Maat, putrané Matica,
putrané Simèi, putrané Yosékh, putrané
Yoda,
27 putrané Yohanan, putrané Résa,
putrané Zérubabèl, putrané Séaltièl,
putrané Néri,
28 putrané Malkhi, putrané Adi, putrané
Kosam, putrané Èlmadam, putrané Èr,

29 putrané Yésua, putrané Élièzer,
putrané Yorim, putrané Matat, tedhaké
Lèwi,
30 putrané Siméon, putrané Yéhuda,
putrané Yusuf, putrané Yonam, putrané
Èlyakim,
31 putrané Méléa, putrané Mina, putrané
Matata, putrané Natan, putrané Daud,
32 putrané Isai, putrané Obèd, putrané
Boas, putrané Salmon, putrané Nahason,
33 putrané Aminadab, putrané Admin,
putrané Arni, putrané Hèzron, putrané
Pèrès, putrané Yéhuda,
34 putrané Yakub, putrané Ishak,
putrané Abraham, putrané Térah,
putrané Nahor,
35 putrané Sérug, putrané Réhu,
putrané Pèlèg, putrané Ébèr, putrané
Salmon,
36 putrané Kénan, putrané Arpakhsad,
putrané Sèm, putrané Nuh, putrané
Lamèkh,
37 putrané Métusalah, putrané Hénokh,
putrané Yarèd, putrané Mahaléèl,
putrané Kénan,
38 putrané Énos, putrané Sèt, putrané
Adam, putraning Allah.

4 [1] Yésus, kang kapenuhan ing Roh
Suci, kondur saka kali Yordan, banjur
kapurugaké déning Roh Suci menyang
ara-ara samun.
[2] Ana ing kono lawasé patang puluh
dina lan banjur kagodha déning Iblis.
Sajroné ana ing kono iku Panjenengané
ora dhahar apa-apa sarta sawusé iku
kraos luwé.
[3] Iblis nuli matur marang Yésus,
"Amargi Panjenengan Putranipun Allah,
sumangga séla punika kadhawuhana
dados roti."
[4] Paring wangsulané Yésus, "Ana tulisan
mangkéné: Uripé manungsa iku ora
mung saka roti baé."
[5] Iblis tumuli nambut Yésus munggah
ing papan kang dhuwur sarta ing
sakedhap nétra banjur nedahaké
sakèhing kraton ing jagat marang
Panjenengané.
[6] Iblis nuli matur, "Panjenengan badhé
kula aturi pangwaos punika sadaya
dalah kamulyanipun, awit punika sadaya
sampun dipun pasrahaken dhateng
kula saha kula saged nyukakaken
dhateng sinten kémawon ingkang kula
kajengaken.

7 Milanipun menawi Panjenengan
nyembah dhateng kula, sadaya punika
badhé dados kagungan Panjenengan."
8 Nanging Yésus paring wangsulan,
"Ana tulisan mangkéné: Pangéran
Allahira, iku kang kudu sira sembah,
sarta iya mung Panjenengané iku kang
kudu sira bektèni!"
9 Sawisé iku Iblis tumuli nambut Yésus
menyang Yèrusalèm lan kajumenengaké
ing payoning Padaleman Suci kang
dhuwur dhéwé, banjur matur, "Menawi
Panjenengan Putranipun Allah,
sumangga kula aturi anjlog saking
ngriki,
10 awit wonten seratan makaten:
Tumraping Sira, Panjenengané bakal
dhawuh marang para malaékaté supaya
rumeksa marang Sira
11 lan iku bakal padha nadhahi Sira ana
ing tangané, supaya sikilira aja nganti
kesandhung ing watu."
12 Yésus paring wangsulan, "Ana
pangandika mangkéné: Sira aja nyoba
marang Pangéran, Allahira!"
13 Iblis sawusé mungkasi sakèhing
panggodhané banjur mundur saka ing
ngarsané, golèk wektu kang cocog.

14 Yésus banjur kondur menyang Galiléa
kanthi pangwasaning Roh. Anadéné
pawarta bab Panjenengané iku tumuli
sumebar ana ing wilayah kono kabèh.
15 Nalika samana Panjenengané
memulang ana ing sinagogé kono sarta
sakèhing wong padha ngalembana.
16 Yésus nuli rawuh ing Nasarèt,
panggonané nalika kagulawenthah, lan
kaya adaté bareng dina Sabat banjur
rawuh ing papan pangibadahé sarta
jumeneng arep maos Kitab Suci.
17 Nuli diaturi kitabé Nabi Yésaya.
Bareng kabukak, pérangan kang kawaos
surasané mangkéné,
18 "Rohé Pangéran ana ing Aku,
awit Panjenengané wis njebadi Aku,
kadhawuhan martakaké kabar-becik
marang wong-wong miskin; lan
Panjenengané wis ngutus Aku
19 supaya martakaké luwaré para
tawanan, sarta pulihing pandelengé
para wong wuta, ngluwari wong-wong
kang katindhes, ngundhangaké yèn
taun-rahmaté Pangéran wis tumapak."
20 Sawisé mangkono kitab banjur
katutup kaparingaké manèh marang
kang kawogan, nuli lenggah. Wong

kabèh kang ana sinagogé padha
mandeng marang Panjenengané.
21 Yésus banjur wiwit paring piwulang,
pangandikané, "Ing dina iki, sajroné
kowé padha ngrungokaké, pangandika
mau wus kelakon."
22 Wong kabèh iku padha mbeneraké
Panjenengané apadéné padha kaéraman
marang éndahing pitembungan kang
dingandikakaké, banjur padha alok
mangkéné, "Apa Iku dudu anaké Yusuf?"
23 Yésus tumuli ngandika, "Kowé mesthi
bakal ngucapaké paribasan marang
Aku mangkéné: Hé, dhukun, warasna
awakmu dhéwé. Kabèh kang padha
dakrungu bab kang wus kelakon ana ing
Kapèrnaum, iku uga tindakna ana ing
kéné, ana ing tanah asalmu kéné."
24 Lan pangandikané manèh, "Aku
pitutur marang kowé, sanyatané ora ana
nabi kang kajèn ana ing tanah asalé.
25 Sarta Aku pitutur marang kowé, lan
pituturku iki nyata: Dhèk jamané Élia,
nalika langit mineb lawasé telung taun
nem sasi, kang njalari anané pailan
kang nggegirisi ana ing satanah kabèh.
Sanadyan ing Israèl akèh randhané,

26 éwasamono Élia ora diutus menyang
ing salah sawijining randha-randha mau,
nanging menyang ing omahé randha ing
Sarfat, wilayah Sidon.
27 Apadéné nalika jamané Nabi Élisa
ing Israèl akèh wong kang lara kusta,
nanging siji baé ora ana kang kabirat
najisé, kajaba Naaman, wong Siria."
28 Bareng krungu kang mangkono
iku, wong kabèh kang ana ing papan
pangibadah kono padha nepsu banget.
29 Banjur padha ngadeg, Yésus digawa
metu menyang sanjabaning kutha,
terus didhabyang menyang pèrènging
gunung, kang ana kuthané iku, supaya
Panjenengané dijorogaké saka kono.
30 Nanging Panjenengané banjur tindak
nratas ing tengahé wong-wong mau,
jengkar saka ing kono.
31 Yésus banjur rawuh ing Kapèrnaum,
yaiku kutha ing Galiléa, sarta ing dina
Sabat memulang ana ing kono.
32 Wong-wong padha kaéraman krungu
piwulangé, amarga pangandikané kanthi
pangwasa.
33 Ing papan pangibadah kono ana
wong kang kasurupan sétan, iku nguwuh
kanthi swara sora,

34 "Dhuh, Yésus saking Nasarèt, punapa
urusan Panjenengan kaliyan kawula?
punapa rawuh Panjenengan badhé
nyirnakaken kawula? Kawula mangertos,
Panjenengan punika sinten, inggih
punika Ingkang Suci, utusaning Allah."
35 Nanging banjur didukani déning
Yésus, pangandikané, "Menenga! Metua
saka wong iku!" Wongé banjur kabanting
déning sétané ing satengahing wong
akèh; sétané nuli metu lan babar pisan
ora njalari larané wong mau.
36 Kabèh wong padha éram, banjur
padha rasanan, "Tembungé kok ngédab-
édabi banget! Anggoné ndawuhi kalawan
wibawa lan pangwasa, temahan roh-roh
reged padha metu."
37 Pawarta bab Panjenengané iku banjur
sumebar tekan ing ngendi-endi ing
wilayah kono.
38 Sawisé iku Yésus jengkar saka
papan pangibadah kono lan tindak
menyang omahé Simon. Nalika iku ibuné
maratuwa Simon lagi lara panas banget,
banjur disuwunaké pitulungan marang
Panjenengané.
39 Yésus nuli jumeneng ing sandhingé,
nundhung panasé, wasana panasé

banjur ilang. Wong wadon mau nuli tangi
lan ngladèni para tamuné.
40 Bareng wus surup, wong-wong padha
nyowanaké kang padha nandhang lelara
warna-warna. Iku genti-genti padha
ditumpangi astané, temah padha dadi
waras.
41 Sétan-sétan uga metu saka
wong akèh kalawan bengok-bengok,
"Panjenengan punika Putranipun Allah."
Awit padha mangerti, yèn Panjenengané
iku Mésias. Nanging banjur didukani, ora
diparengaké kandha mangkono.
42 Bareng wus ésuk Yésus miyos lan
banjur tindak menyang panggonan kang
sepi. Nanging wong akèh padha nggolèki
lan iya ketemu. Kabèh padha mbudidaya
nggondhèli Yésus, supaya aja padha
ditilar.
43 Nanging padha dingandikani,
"Injilé Kratoning Allah iku iya kudu
dakwartakaké menyang kutha-kutha
liyané, sabab iya iku preluné anggonku
kautus."
44 Panjenengané banjur memulang ana
ing papan pangibadah ing Yudéa.

5 1 Ing sawijining dina Yésus pinuju
jumeneng ana ing pinggiring tlaga

Genesarèt, wong akèh padha ngangseg
arep ngrungokaké pangandikané Allah.
2 Nuli pirsa prau loro ana ing pinggir
tlaga. Juru-amèk-iwaké wus padha
mudhun saka prau, lagi ngumbah jalané.
3 Panjenengané banjur minggah ing
salah sijiné prau iku, yaiku prauné
Simon, lan dhawuh, supaya prauné rada
didohaké saka ing dharatan. Banjur
lenggah lan memulang marang wong
akèh mau saka ing kono.
4 Bareng wis rampung, tumuli ngandika
marang Simon, "Parakna ing panggonan
kang jero, jalamu tibakna supaya olèh
iwak."
5 Atur wangsulané Simon, "Guru,
sampun sadalu muput anggèn kawula
sami nyambut damel kanthi saèstu,
mboten angsal punapa-punapa, éwadéné
margi saking dhawuh Panjenengan,
kawula inggih badhé ndhawahaken jala."
6 Sawisé ditibakaké, padha olèh iwak
akèh banget, nganti jalané wiwit bedhah.
7 Kanca-kancané kang ana ing prau
sijiné padha diawé, dikon mara
ngréwangi. Iya banjur padha teka,
prauné loro pisan diemoti iwak, nganti
mèh kèrem.

8 Nalika Simon Pétrus nyumurupi kang
mangkono iku, banjur nyungkemi Yésus
sarta munjuk, "Gusti, Gusti mugi karsa
nilar kawula, awit kawula punika tiyang
dosa."
9 Amarga Simon lan wong-wong kabèh
kang ana ing kono padha sumlengeren,
déné samono akèhé iwak sing kejala;
10 samono uga Yakobus lan Yohanes,
anak-anaké Zébédéus, kang padha dadi
kancané Simon. Yésus nuli ngandika
marang Simon, "Aja wedi, wiwit saiki
kowé bakal njala wong."
11 Sawusé minggiraké prauné, banjur
padha ninggal samubarang kabèh sarta
ndhèrèkaké Yésus.
12 Kacarita nalika Yésus ana ing
sawijining kutha, ana wong kang awaké
sakojur kena kusta. Bareng ndeleng
Yésus banjur sumungkem ing bumi
lan matur, "Gusti, menawi Gusti karsa,
tamtu saged mbirat najis kawula."
13 Yésus nuli mulung astané, ndemèk
wong mau kalawan ngandika, "Aku
karsa, birata najismu!" Sanalika iku uga
lelarané kusta banjur sirna.
14 Wong mau tumuli diwaleri, supaya
aja kandha-kandha marang sapa baé

sarta dipangandikani, "Lungaa, awakmu
tuduhna marang imam lan nyaosna
kurbaning pasucènmu, kaya kang wus
dipréntahaké déning Musa, minangka
paseksi marang wong-wong iku."
15 Éwasamono pawarta bab Yésus iku
malah saya sumebar nganti adoh, lan
banjur akèh wong kang padha gumrudug
sowan ing ngarsané arep ngrungokaké
pangandikané sarta supaya lelarané
kasarasaké.
16 Nanging Yésus banjur sumingkir
menyang papan-papan kang sepi,
ndedonga.
17 Ing sawijining dina nalika Yésus
pinuju memulang, ana wong Farisi lan
ahli Torèt sawatara kang padha lungguh
ngrungokaké. Iku padha teka saka
ing désa-désa ing Galiléa lan Yudéa,
sarta saka ing Yérusalèm. Kwasaning
Pangéran ana ing Panjenengané, mula
saged nyarasaké wong lara.
18 Banjur ana wong sawatara kang teka
ngusung wong lumpuh ana ing paturoné;
iku padha mbudidaya bisané mlebu
nyowanaké ana ing ngarsané Yésus.
19 Sarèhné ora bisa nggawa mlebu,
marga saka akèhing wong kang ana

ing kono, banjur padha munggah ing
payon, nuli mbukak payon iku lan wong
kang lara diudhunaké sapaturoné ana
ing satengahé wong akèh, pas ana ing
ngarsané Yésus.
20 Yésus bareng pirsa pangandelé
wong-wong mau, tumuli ngandika, "Hé,
sadulur, dosamu wus kaapura."
21 Nanging para ahli Torèt lan para
wong Farisi padha mikir ing sajroning
ati, "Sapa ta wong iki, déné nyenyamah
marang Allah mangkono? Sapa kang bisa
ngapura dosa kajaba Allah piyambak?"
22 Nanging Yésus nguningani pikirané
wong-wong mau, mulané banjur
ngandika, "Apa sing padha kokpikir ing
sajroning atimu?
23 Gampang endi dhawuh: Dosamu
wis kaapura, karo dhawuh: Ngadega,
lumakua!
24 Nanging supaya kowé padha ngerti,
yèn Putraning Manungsa iku kwasa
ngapura dosa ana ing bumi," banjur
ngandika marang kang lumpuh iku,
"Dhawuhku marang kowé: Ngadega,
paturonmu angkaten lan muliha!"
25 Sanalika iku uga wong mau banjur
ngadeg ana ing ngarepé wong akèh

mau, ngangkat paturoné, tumuli mulih,
wong kabèh padha kaéraman lan padha
ngluhuraké Allah.
26 Sarta padha wedi banget pangucapé,
"Dina iki aku kabèh wus padha
nyumurupi prakara-prakara kang
nggumunaké banget."
27 Sawusé mangkono Yésus banjur
tindak. Nuli pirsa juru-narik-pajeg linggih
ana ing pabéyan, jenengé Lèwi. Iku
dipangandikani mangkéné, "Mèlua Aku!"
28 Lèwi banjur ngadeg, samubarang
kabèh ditinggal lan ndhèrèk Yésus.
29 Lèwi tumuli nganakaké bujana gedhé
kagem Panjenengané ana ing omahé lan
akèh juru-narik-pajeg lan wong-wong
liyané kang padha mèlu kembul mangan.
30 Para Farisi lan ahli Torèt padha
grundelan karo para sakabaté Yésus,
tembungé, "Yagéné kowé padha mangan
lan ngombé awor karo juru-narik-pajeg
lan wong dosa?"
31 Yésus banjur paring wangsulan,
pangandikané, "Wong waras iku ora
butuh dhokter, mung sing lara.
32 Tekaku iki ora ngundang wong
mursid, nanging wong dosa, supaya
padha mratobat."

33 Wong-wong Farisi mau banjur matur
manèh marang Yésus, "Murid-muridipun
Yohanes asring sami siyam sarta
sembahyang, makaten ugi muridipun
para tiyang Farisi, nanging punapaa
déné para murid Panjenengan kok sami
nedha lan ngombé?"
34 Paring wangsulané Yésus, "Apa bisa
para mitraning pangantèn lanang dikon
pasa, sajroning pangantèné isih ana ing
kono?
35 Nanging bakal ana wektuné,
pangantèné kabedhol saka ing antarané,
ing kono banjur bakal padha pasa."
36 Lan manèh Panjenengané iya paring
pasemon marang wong-wong mau, "Ora
ana wong golèk tambalan kanthi nyuwèk
klambi anyar kanggo nambal klambi
lawas. Yèn mangkono, kang anyar iku
uga bakal suwèk, tur tumraping sing
lawas iku tambalan kang saka suwèkané
kang anyar mau ora bakal cocog.
37 Mangkono uga ora ana wong kang
madhahi anggur anyar ana ing kanthong
kulit lawas, awit menawa mangkono,
anggur anyar mau bakal mbedhahaké
kanthongé, angguré dadi wutah, lan
kanthongé rusak.

38 Nanging anggur anyar iku kudu
diwadhahi kanthong kulit kang anyar
uga.
39 Lan ora ana wong kang wus ngombé
anggur lawas banjur kapéngin ngombé
anggur anyar, sabab banjur bakal
ngucap: Anggur kang lawas iku énak
banget."

6 1 Ing sawijining dina, pinuju
dina Sabat, nalika Yésus tindak
nglangkungi pategalan gandum, para
sakabaté padha methiki wulèné, banjur
diremed, isiné dipangan.
2 Nanging ana wong Farisi sawatara
kang padha ngelokaké, "Yagéné kowé
padha nindakaké kang ora diparengaké
ing dina Sabat?"
3 Yésus tumuli paring wangsulan,
pangandikané, "Apa kowé padha ora
maca bab apa kang katindakaké déning
Daud sapandhèrèké kabèh nalika kraos
luwé,
4 banjur lumebet ing Padaleman Suci,
mundhut roti caosan, nuli didhahar,
lan para pandhèrèké iya banjur padha
diwènèhi, mangka ora ana kang
diparengaké mangan roti iku kajaba
mung para imam."

5 Nuli ngandika manèh, "Putraning
Manungsa iku iya Gustiné dina Sabat."
6 Kacarita pinuju ing dina Sabat liyané
Yésus lumebet ing papan pangibadah
banjur memulang. Ing kono ana wong
kang tangané tengen mati.
7 Para ahli Torèt lan para wong Farisi
padha ngulataké Yésus, apa bakal
nyarasaké wong ing dina Sabat, supaya
bisa olèh dhadhakan anggoné nglepataké
Panjenengané.
8 Nanging Panjenengané pirsa pikirané
wong-wong mau, tumuli ngandika
marang kang tangané tengen mati,
"Ngadega, mapana ing tengah kéné!"
Wongé banjur ngadeg mapan.
9 Yésus tumuli ngandika marang
wong-wong mau, "Aku takon marang
kowé: Apa kang kepareng ditindakaké
ing dina Sabat, kabecikan, apa piala,
nylametaké nyawa apa matèni?"
10 Sawusé ngandika mangkono nuli
mirsani wong-wong saubengé, banjur
ngandika marang kang mati tangané,
"Tanganmu athungna!" Wong mau iya
banjur nindakaké mangkono, wasana
tangané waras.

11 Wong-wong mau tumuli padha nepsu
banget, sarta padha rembugan bab apa
kang bakal katindakaké marang Yésus.
12 Kacarita ing nalika samana Yésus
minggah ing gunung saprelu ndedonga;
anggoné ndedonga marang Allah nganti
sawengi muput.
13 Bareng wus raina para muridé padha
ditimbali, banjur dipilih rolas, kang
padha diparingi sebutan rasul, yaiku:
14 Simon, kang uga diparingi jeneng
Pétrus, lan Andréas saduluré Simon,
Yakobus lan Yohanes, Filipus lan
Bartoloméus,
15 Matius lan Tomas, Yakobus anaké
Alféus, lan Simon kang karan wong
Zélot,
16 Yudas anaké Yakobus lan Yudas
Iskariot kang ing tembé laku cidra.
17 Sawisé iku Yésus banjur mandhap,
kadhèrèkaké anggoné ndedonga déning
para sakabaté, tumuli kèndel ana ing
sawijining papan kang rata. Ing kono
ana wong akèh banget kang padha
nglumpuk, yaiku para sekabaté lan
wong-wong liyané, kang teka saka
saindenging tanah Yudéa lan saka ing

Yérusalèm, sarta saka ing tanah pasisiré
Tirus lan Sidon.
18 Anggoné padha mrana iku arep
ngrungokaké pangandikané lan supaya
kawarasaké lelarané, apadéné wong-
wong kang kasurupan roh reged iya
padha kawarasaké.
19 Lan wong akèh iku mau kabèh
padha mbudidaya bisané ndemèk
Panjenengané, awit banjur ana daya
kang metu saka ing Panjenengané,
temah kabèh padha diwarasaké.
20 Yésus banjur mirsani para muridé
lan ngandika, "Rahayu kowé kang
mlarat, amarga iya kowé iku kang padha
nduwèni Kratoning Allah.
21 Rahayu kowé kang saiki padha
kaluwèn, amarga kowé bakal padha
diwaregi. Rahayu kowé kang saiki
nangis, awit kowé bakal gumuyu.
22 Rahayu kowé, menawa marga saka
Putraning Manungsa, kowé padha
disengiti déning wong, disingkang-
singkang sarta diwewada, apadéné
jenengmu diemohi, dianggep ala.
23 Ing wektu iku kowé padha bungah-
bungaha lan suka-renaa, amarga
satemené bakal gedhé ganjaranmu

ana ing swarga; amarga para nabi iya
digawé mangkono déning para leluhuré
wong-wong mau.
24 Nanging bilai kowé, hé, para wong
sugih, awit kowé wus padha nampa
panglipur saka kasugihanmu.
25 Bilai kowé, kang saiki wareg, amarga
kowé bakal luwé. Bilai kowé, kang saiki
gumuyu, amarga kowé bakal nandhang
susah lan nangis.
26 Bilai kowé, menawa wong kabèh
padha ngalembana marang kowé, awit
iya kaya mangkono iku panggawéné
para leluhuré marang para nabi palsu."
27 "Nanging kowé kang padha
ngrungokaké marang Aku, padha
dakpituturi: Padha tresnaa marang
mungsuhmu: wong kang sengit marang
kowé, padha becikana.
28 Wong kang nyupatani kowé, padha
suwunna berkah; wong kang nindakaké
piala marang kowé, padha dongakna
becik.
29 Sapa baé kang napuk pipimu sasisih,
sisihé pisan ulungna, lan sapa baé
kang ngrebut jubahmu, karebèn ngepèk
klambimu pisan.

30 Wong kang njejaluk marang kowé,
wènèhana, lan darbèkmu kang wus
dijupuk déning wong, aja kok jaluk bali.
31 Apa kang kokkarepaké supaya wong
tumindak marang kowé, iku iya tindakna
marang wong.
32 Sarta menawa kowé tresna marang
wong kang nresnani kowé, iku apa
pituwasmu? Amarga wong-wong dosa
iya padha nimbangi katresnaning liyan.
33 Awit menawa kowé padha gawé
becik marang kang mbeciki kowé, iku
pituwasmu apa? Wong-wong dosa rak
iya padha tumindak mangkono.
34 Lan manèh menawa kowé ngutangi
marang wong kanthi pangarah supaya
olèh apa-apa saka wong mau, iku apa
pituwasmu? Wong-wong dosa rak iya
padha ngutangi marang para wong dosa,
supaya tampa manèh kang ajiné padha.
35 Nanging kowé, padha tresnaa marang
satrumu lan padha becikana, sarta
silihana tanpa ngarep-arep piwalesé,
temah bakal gedhé ganjaranmu,
apamanèh kowé bakal padha dadi
putraning Allah Kang Mahaluhur, amarga
Panjenengané nindakaké kasaénan

marang wong kang padha ora weruh ing
kabecikan lan marang para wong ala.
36 Kowé sing padha ambek-welasan,
kaya anggoné Ramamu iya ambek-
welasan."
37 "Aja padha ngadili, supaya kowé iya
ora bakal padha diadili. Lan aja padha
ngluputaké, supaya kowé iya ora padha
diluputaké. Padha ngapuraa, supaya
kowé iya diapura.
38 Padha wèwèha, supaya kowé iya
diwènèhi. Takeran kang becik, kang
ditetel-tetel, kang dioyog lan kang
lubèr, bakal kaesokaké ing pangkonmu,
amarga ukuran kang kokanggo ngukur,
iku iya bakal kanggo ngukur kowé."
39 Yésus banjur ngandika manèh
marang wong-wong mau kalawan
pasemon mangkéné, "Wong wuta apa
bisa nuntun pepadhané wong wuta? Apa
karo-karoné ora bakal kacemplung ing
luwangan?
40 Murid iku ora ngungkuli guruné,
nanging sapa baé kang wus tamat
pasinaoné, bakal padha karo guruné.
41 Yagéné kowé weruh tatal kang
ana ing mripaté sadulurmu, mangka

glondhong kang ana ing mripatmu
dhéwé, kowé ora sumurup?
42 Kepriyé déné kowé bisa ngucap
marang sadulurmu: Sadulur, tatal kang
ana ing mripatmu iku dakilangané.
Mangka glondhong kang ana ing
mripatmu, kowé ora sumurup. Hé, wong
lamis, glondhong kang ana ing mripatmu
iku ilangana dhisik, temah kowé bakal
bisa ndeleng kalawan cetha lan bisa
ngilangi tatal kang ana ing mripaté
sadulurmu!"
43 "Ora ana wit kang becik ngetokaké
woh kang ala, lan iya ora ana wit kang
ala ngetokaké woh kang becik.
44 Sabab saben wit iku katitik saka
wohé. Awit ora ana woh anjir dipethik
saka bebondhotaning eri, lan ora ana
woh anggur diundhuh saka gegrumbulan
eri.
45 Wong kang becik iku ngetokaké
prakara kang becik saka ing simpenaning
atiné kang becik, déné wong kang ala
iku ngetokaké barang kang ala saka ing
simpenaning atiné kang ala. Sabab kang
diucapaké déning cangkem, iku mbludag
saka ing sajroning ati."

46 "Généya kowé kok nyebut Aku: Gusti,
Gusti, mangka kowé padha ora nglakoni
pituturku?
47 Saben wong kang marani Aku lan
ngrungokaké pituturku sarta nglakoni --
kowé bakal dakkandhani wong iku kena
dipadhakaké sapa --.
48 Iku kaya wong kang ngadegaké
omah: Wong iku gawé kedhukan kang
jero, sarta pondhasiné kapasang ana
ing watu karang. Bareng ana banjir lan
banjir mau nrajang omah iku, omahé ora
bakal oyag amarga santosa banget.
49 Nanging sing sapa ngrungokaké
pituturku mangka ora nglakoni, iku
kaya wong kang ngadegaké omah
tanpa pondhasi. Bareng ana banjir kang
nrajang, omah iku ambruk, sarta rusaké
banget."

7 1 Bareng wus rampung anggoné
ngandika marang wong akèh, Yésus
banjur tindak lumebet ing Kapèrnaum.
2 Ing kono ana opsir kang duwé batur,
kang banget kanggepé, iku lara banget
lan wus mèh mati.
3 Bareng opsir mau krungu bab Yésus,
tumuli kongkonan pinituwané wong
Yahudi sawatara, sowan ing ngarsané,

nyuwun supaya Panjenengané karsa
rawuh nyarasaké batur mau.
4 Wong-wong mau iya banjur
sowan sarta nyuwun tulung kanthi
adreng, aturé, "Tiyang punika pantes
kapitulungan,
5 amargi tresna dhateng bangsa kita,
saha inggih tiyang punika ingkang
ngyasakaken kita papan pangibadah."
6 Yésus banjur tindak bebarengan
karo wong-wong mau. Bareng wus
cedhak karo omahé opsir iku, opsir iku
kongkonan para mitrané matur marang
Panjenengané, "Dhuh, Gusti, mugi
sampun dados damel Panjenengan,
amargi kawula mboten pantes
Panjenengan rawuhi;
7 awit saking punika kawula inggih
rumaos mboten pantes sowan ing ngarsa
Panjenengan. Nanging Panjenengan
mugi karsa ngandika satembung
kémawon, temahan réncang kawula
tamtu badhé saras.
8 Amargi kawula piyambak inggih
tiyang ingkang kapréntah, sarta inggih
mbawahaken prajurit. Menawi kawula
akèn dhateng salah satunggaling prajurit
punika: Lungaa, piyambakipun inggih

lajeng késah. Punapa déné menawi
kawula akèn dhateng satunggalipun:
Mrénéa, inggih lajeng dhateng; utawi
dhateng réncang kawula: Iki tindakna,
inggih lajeng dipun tindakaken."
9 Bareng Yésus midhanget atur kang
mangkono iku, Panjenengané éram, nuli
minger mriksani wong akèh kang padha
ndhèrèkaké sarta ngandika, "Aku pitutur
marang kowé, pangandel kang saméné
gedhéné iki Aku durung tau tumon,
sanadyan ing antarané wong Israèl!"
10 Bareng kongkonan mau wus padha
bali lan wus tekan ing ngomah, baturé
wus ketemu waras.
11 Sawusé iku Yésus tindak menyang
kutha kang aran Nain. Para sakabaté
padha ndhèrèkaké, lan iya ana wong
akèh kang padha gumrudug mèlu
ndhèrèk uga.
12 Bareng tindaké wus cedhak karo
gapuraning kutha, ana layon kapikul
metu, iku bocah lanang, anak ontang-
anting, embokné wus randha. Wong
akèh saka ing kutha padha ngiringaké.
13 Nalika Gusti pirsa randha mau,
trenyuh banget panggalihé marga saka

welasé, banjur ngandika marang randha
mau, "Aja nangis!"
14 Yésus banjur nyelaki lan bandhosané
diasta. Kang padha mikul mandheg.
Panjenengané tumuli ngandika, "Anggèr,
Aku dhawuh marang kowé: Tangia!"
15 Kang mati tumuli njenggèlèk, linggih
lan wiwit guneman, banjur dipasrahaké
marang ibuné.
16 Wong kabèh padha wedi lan banjur
padha ngluhuraké Allah, pangucapé,
"Ana nabi agung kang karawuhaké ing
tengah-tengah kita", sarta, "Allah wus
nuwèni tuwin milujengaké umaté."
17 Pawarta bab Yésus iku banjur
sumebar ing satanah Yudéa lan
sakiwa-tengené kabèh.
18 Nalika Yohanes nampa pawarta bab
lelakon iku kabèh saka para sakabaté,
19 banjur ngundang sakabaté loro,
kadhawuhan matur marang Gusti,
"Punapa Panjenengan punika ingkang
pinasthi rawuh, punapa kawula taksih
kedah ngentosi sanèsipun?"
20 Bareng wis padha ana ing ngarsané
Yésus, banjur matur, "Kawula sami
kautus déning Yohanes Pambaptis,
kadhawuhan matur pitakèn: Punapa

Panjenengan punika ingkang pinasthi
rawuh, punapa kawula taksih kedah
ngentosi sanèsipun?"
21 Nalika samana Yésus pinuju
marasaké wong akèh kang padha
nandhang sawarnaning lelara lan
memala sarta kang kasurupan roh-roh
ala, apadéné sakèhé wong wuta padha
kaparingan pandeleng.
22 Yésus banjur paring wangsulan,
pangandikané, "Padha mundura, aturna
marang Yohanes apa kang kokdeleng lan
kokrungu: Wong wuta padha ndeleng,
wong lumpuh padha lumaku, wong
budhugen padha kabirat najisé, wong
budheg padha krungu, wong mati padha
katangèkaké, lan wong mlarat padha
kawartanan kabar kabungahan.
23 Lan rahayu wong kang ora nampik
Aku."
24 Bareng utusané Yohanes wus padha
mundur, Yésus banjur wiwit medhar
pangandika marang wong akèh iku
bab Yohanes, mangkéné, "Apa prelumu
lunga menyang ara-ara samun? Apa
arep ndeleng glagah kang mobat-mabit
marga kanginan?

25 Utawa arep apa kowé mrana iku? Apa
arep ndeleng wong kang manganggo
sarwa alus? Wong kang manganggo
éndah lan kang uripé méwah iku
panggonané ana ing kraton.
26 Dadi apa prelumu mrana? Apa arep
ndeleng nabi? Bener, lan Aku pitutur
marang kowé, malah ngungkuli nabi.
27 Awit ana pangandika, mangkéné: Lah
Ingsun dhawuh marang utusaningsun
supaya ndisiki Sira, lan nyawisaké
dalanira ana ing ngarepira.
28 Aku pitutur marang kowé: Ing
antarané wong kang kalairaké déning
wong wadon ora ana kang ngungkuli
Yohanes, éwadéné kang cilik dhéwé ana
ing Kratoning Allah iku ngungkuli wong
iku."
29 Wong akèh kang padha ngrungokaké
pangandikané, kalebu para juru-mupu-
béya, kabèh padha ngakoni marang
adiling Pangéran, amarga wus padha
dibaptis déning Yohanes.
30 Nanging wong-wong Farisi lan para
ahli Torèt padha nampik marang karsané
Allah tumrap awaké dhéwé, sarana
anggoné padha ora gelem dibaptis
déning Yohanes.

31 Yésus banjur ngandika, "Wong-wong
jaman iki bakal dakupamakaké apa lan
dakpadhakaké karo apa?
32 Wong-wong iku upamané kaya
bocah-bocah kang linggih ana ing pasar
lan kang padha alok sesauran: Kowé
wus padha daksulingi, kok ora njogèd.
Aku wus padha ngidungaké kidung
pangadhuh, kowé kok ora nangis.
33 Amarga Yohanes Pambaptis iku
teka tanpa mangan roti sarta ngombé
anggur, kowé banjur kandha: Iku wong
kepanjingan sétan.
34 Sawusé iku Putraning Manungsa
rawuh, Panjenengané dhahar lan
ngunjuk. Kowé banjur ngucap:
Delengen, Iku rak wong kang karem
mangan lan tukang minum, kancané
para juru-mupu-béya lan wong dosa.
35 Nanging kawicaksananing Allah iku
kabeneraké déning sakèhing wong kang
padha nampani."
36 Tumuli ana wong Farisi kang ngaturi
dhahar Yésus ana ing omahé. Yésus iya
banjur rawuh, nuli lenggah dhahar.
37 Ing kutha kono ana wong wadon
kang wus kondhang dosané. Nalika
krungu, yèn Yésus lagi dhahar ana ing

omahé wong Farisi mau, banjur mrono
karo nggawa botol marmer isi lenga
wangi,
38 nuli ngadeg karo nangis ana ing
pengkerané Yésus, cedhak sampéyané,
nganti luhé crocosan nelesi sampéyané,
diusapi nganggo rambuté, lan banjur
diambungi sarta dijebadi kalawan
lengané wangi mau.
39 Bareng para Farisi kang ngaturi
Yésus weruh kang kaya mangkono iku,
banjur duwé osik mangkéné, "Menawa
Panjenengané iku Nabi, mesthi pirsa,
sapa lan wong apa sing nggepok sarirané
iku; mesthi pirsa, yèn iku wong kang
kondhang dosané."
40 Yésus nanggapi sarana ngandika,
"Simon, ana prakara kang arep
dakpituturaké marang kowé." Simon
mangsuli, aturé, "Sumangga, kula aturi
ngandika, Guru."
41 "Ana wong loro kang padha duwé
utang, kang siji limang atus dinar, sijiné
sèket dinar.
42 Sarèhné padha ora bisa nyaur, kang
ngutangi banjur nglilakaké utangé wong
loro mau. Wong loro iku endi kang luwih
tresna marang kang ngutangi?"

43 Atur wangsulané Simon, "Kula
kinten inggih ingkang sambutanipun
kathah, lajeng dipun lilakaken punika."
Pangandikané Yésus, "Bener penemumu
iku."
44 Banjur ngandika marang Simon
manèh kalawan mirsani wong wadon
mau, "Kowé weruh wong wadon iki?
Aku mau mlebu ing omahmu, kowé
ora mènèhi banyu kanggo wisuh sikil,
nanging wong iki nelesi sikilku nganggo
luhé, banjur ngusapi nganggo rambuté.
45 Kowé ora ngambung Aku, nanging
wiwit nalika Aku mlebu, wong wadon iki
tansah ngambungi sikilku.
46 Kowé ora nglengani sirahku, nanging
wong wadon iki njebadi sikilku nganggo
lenga wangi.
47 Mulané Aku pitutur marang kowé:
Dosané kang akèh iku wus kaapura,
amarga wus nindakaké katresnan akèh.
Nanging kang kaapura sathithik, iya
nindakaké katresnan sathithik."
48 Banjur ngandika marang wong wadon
mau, "Dosamu wus kaapura."
49 Wong kang padha linggih mangan
bebarengan karo Panjenengané,
padha mosik mangkéné, "Sapa ta,

Panjenengané iku, déné kok nganti bisa
ngapura dosa?"
50 Nanging Yésus nuli ngandika marang
wong wadon mau, "Pangandelmu
kang mitulungi kowé, mundura klawan
tentrem-rahayu!"
8 1 Ora let suwé sawisé iku, Yésus
banjur tindak ndlajah kutha-kutha
lan désa-désa martakaké Injilé Kratoning
Allah, kadhèrèkaké déning sakabaté
rolas,
2 lan uga déning wong wadon sawatara
kang wus padha kawarasaké saka
anggoné kasurupan roh-roh reged utawa
anggoné nandhang lelara warna-warna,
yaiku Maria kang karan Magdaléna, kang
wus kauwalaké saka dhemit pitu cacahé,
3 Yohana, bojoné Khuza, bendhaharané
Hérodès, Susana lan liyané manèh
isih akèh. Wong-wong wadon iki
padha ngladèni rombongané Yésus
sapandhèrèké srana barang darbèké.
4 Nalika wong akèh padha gumrudug
teka, yaiku wong-wong kang ndhèrèkaké
Yésus saka kutha siji menyang kutha
liyané, Panjenengané banjur ngandika
kanthi pasemon,

5 "Ana juru nyebar metu nyebar wijiné,
sapérangan tumiba ing pinggir dalan,
banjur kapidak-pidak ing wong lan
manuk-manuk ing awang-awang padha
nucuki nganti entèk.
6 Ana kang tumiba ing padhasan,
lan bareng wus thukul banjur garing,
amarga ora olèh banyu.
7 Ana manèh kang tumiba ing
satengahing tethukulan eri, kang
banjur thukul bebarengan, temahan
wijiné kelindhih banget, temahan ora
ngetokaké woh.
8 Lan ana uga kang tumiba ing lemah
becik, iku thukul sarta metu wohé tikel
satus." Sawusé ngandika mangkono
Yésus banjur nguwuh mangkéné, "Sapa
kang duwé kuping kanggo ngrungokaké,
ngrungokna!"
9 Para sakabaté padha matur pitakon,
apa tegesé pasemon mau.
10 Yésus tumuli mangsuli,
pangandikané, "Kowé padha kaparingan
kanugrahan diparengaké nyumurupi
wewadiné Kratoning Allah, nanging
tumrap wong-wong liyané prakara iku
kagiyaraké kanthi pasemon, supaya

sanadyan padha ndeleng, ora weruh, lan
sanadyan padha krungu, ora mangerti.
11 Déné pasemon mau tegesé
mangkéné: Wiji iku pangandikaning
Allah.
12 Kang tumiba ing pinggir dalan iku
wong kang wus padha krungu, banjur
diparani Iblis, kang tumuli njupuk
pangandika mau saka ing sajroning
atiné, supaya aja padha pracaya lan
kaslametaké.
13 Kang tumiba ing padhasan iku wong
kang bareng krungu pangandika mau
banjur ditampani kalawan bungah,
nanging iku ora ana oyodé, anggoné
pracaya mung sadhéla lan bareng kena
cobaning ngaurip banjur padha murtad.
14 Kang tumiba ing thethukulan eri
iku wong kang padha ngrungokaké
pangandika, nanging sajroné thukul iku
tumuli kalindhih ing rasa sumelang,
kasugihan lan kanikmataning ngaurip,
satemah ora bisa ngetokaké woh kang
mateng.
15 Anadéné kang tumiba ing lemah
becik iku wong kang sawusé padha
ngrungokaké pangandika, tumuli

disimpen ing sajroning ati kang becik,
sarta mantep lan ngetokaké woh."
16 "Ora ana wong nyumed lampu, kang
banjur ditutupi nganggo genthong utawa
didèkèk ing longan, nanging mesthi
tumuli ditumpangaké ing cagaké, supaya
kabèh wong kang lumebu ing omah
padha bisa ndeleng padhangé.
17 Sabab ora ana barang kasidhem,
kang ora bakal kababar, ora ana wadi,
kang ora bakal kawiyak lan dimangertèni
wong akèh.
18 Awit saka iku, kepriyé anggonmu
ngrungokaké, iku gatèkna. Amarga
sapa kang duwé iku bakal kaparingan,
nanging sapa kang ora duwé, dalah apa
kang kanyana dadi duwèké, iku uga
bakal dipundhut."
19 Yésus banjur dipurugi déning kang
ibu lan sadhèrèk-sadhèrèké, nanging
marga saka akèhé wong, padha ora bisa
nyedhaki Panjenengané.
20 Tumuli ana wong kang ngunjuki
uninga, aturé, "Ingkang ibu saha
sadhèrèk-sadhèrèk Panjenengan wonten
ing jawi badhè kapanggih kaliyan
Panjenengan."

21 Nanging Panjenengané mangsuli,
pangandikané, "Ibuku lan sadulur-
sadulurku iku wong kang padha
ngrungokaké pangandikaning Allah lan
banjur dilakoni."
22 Ing sawijining dina Yésus nitih prau
kadhèrèkaké para sakabaté, tumuli
padha dipangandikani mangkéné, "Ayo
padha menyang ing sabranging tlaga."
Banjur padha mangkat.
23 Nalika lagi padha lelayaran iku, Yésus
saré. Dumadakan ana prahara ing tlaga
kono, satemah prauné klebon banyu lan
padha kataman ing bebaya.
24 Para sakabat banjur sowan, ngwungu
Yésus, unjuké, "Guru, Guru, kawula
sami katiwasan!" Panjenengané iya
tumuli wungu, angin lan banyu kang
ngamuk iku padha didukani, temah
lerem, kaananing tlaga dadi anteng.
25 Panjenengané nuli ngandika,
"Pangandelmu iku ana ing ngendi?"
Kabèh padha wedi lan kaéraman, sarta
padha sapocapan mangkéné, "Sapa ta
Panjenengané iku, déné nganti angin lan
banyu padha ngéstokaké dhawuhé?"

26 Yésus lan para sakabat banjur
ndharat ing tanahé wong Gerasa, ing
sabrangé Galiléa.
27 Bareng Yésus wus minggah ing
dharatan, tumuli ana wong lanang
saka ing kutha kono kang sowan ing
ngarsané, wong iku kepanjingan sétan-
sétan, sarta wus suwé anggoné ora
nganggo sandhangan lan ora manggon
ing omah, nanging ana ing pakuburan
baé.
28 Nalika ndeleng Yésus banjur mbengok
lan sumungkem ana ing ngarsané sarta
matur kalawan swara sora, "Punapa
urusan Panjenengan kaliyan kawula,
dhuh Yésus, Putraning Allah ingkang
Mahaluhur? Kawula nyuwun, mugi
Panjenengan sampun ngantos misakit
kawula."
29 Anggoné matur mangkono iku
amarga Yésus wus dhawuh supaya roh-
roh ala iku padha metu saka wong mau.
Awit wong iku wus kerep dilarak-larak
déning roh mau, mulané kanggo njagani,
wong mau banjur diranté lan diblenggu,
nanging kabèh mau dipedhot, lan wongé
nuli digiring déning sétan menyang ing
papan-papan kang sepi.

30 Yésus banjur ndangu, "Sapa
jenengmu?" Atur wangsulané, "Legion,"
awit sétan kang nyurupi iku akèh.
31 Sétan-sétan iku nuli nyuwun marang
Yésus, aja nganti didhawuhi lumebu ing
juranging pati.
32 Kacarita ing kono ana babi kang
akèh banget cacahé lagi padha golèk
pangan ana ing èrèng-èrènging gunung.
Sétan-sétan mau banjur nyuwun, supaya
diparengaké lumebu ing babi-babi iku.
Iku diparengaké.
33 Sétan-sétan mau banjur padha metu
saka wong iku lan manjing ing babi-babi.
Pepanthan babi iku tumuli gumrudug
mlayu ing tepining jurang lan ambyur
ing tlaga dadi lan patiné.
34 Bareng para pangon babi padha
nyumurupi lelakon mangkono iku, banjur
padha mlayu lan nyritakaké bab iku ana
ing kutha lan ing kampung-kampung ing
sakiwa-tengené.
35 Wong-wong nuli padha metu arep
nyumurupi apa kang mentas kelakon.
Banjur padha sowan ing ngarsané Yésus
sarta padha nyumurupi wong kang
wus ditinggal déning sétan-sétané mau
linggih cedhak ing sampéyané Yésus,

wus manganggo lan wus waras. Wasana
padha wedi.
36 Wong-wong kang wus padha
nyumurupi dhéwé iku padha nyritani
kang lagi padha teka iku, kepriyé
anggoné wong kang kapanjingan sétan
iku wus kaslametaké.
37 Wasana wong kabèh ing laladané
Gerasa padha nyuwun marang Yésus,
supaya karsa tindak saka ing kono,
marga padha wedi banget. Panjenengané
banjur minggah ing prau lan wangsul
nyabrang.
38 Wong kang wus koncatan sétan
mau nyuwun supaya diparengna
ndhèrèk, nanging Yésus ndhawuhi lunga,
pangandikané,
39 "Kowé muliha menyang omahmu
lan critakna kabèh apa kang wus
katandukaké déning Allah marang
kowé." Wong mau iya banjur lunga
lan ndlajahi sakutha kabèh kalawan
nyritakaké apa kang wus katindakaké
déning Yésus tumrap ing awaké.
40 Kacarita bareng Yésus wangsul,
banjur dipethukaké déning wong akèh,
awit kabèh pancèn padha ngantu-antu
rawuhé.

41 Banjur ana wong kang sowan,
jenengé Yairus, kepalané papan
pangibadah, nuli tumungkul sujud ana
ing ngarsané Yésus, nyuwun supaya
Yésus karsa rawuh ing omahé,
42 amarga anaké wadon ontang-anting,
kang kira-kira umur rolas taun mèh mati.
Yésus nalika tindak mrana, sarirané
kadhesek-dhesek ing wong akèh.
43 Nalika samana ana wong wadon
kang lara nggrajag getih wus rolas taun
lawasé, ora waras-waras, sanadyan wus
ditambani sapa baé.
44 Iku banjur maju nyedhaki Yésus
saka ing buri lan ndemèk gombyoking
jubahé. Padha sanalika pampet anggoné
nggrajag getih.
45 Yésus banjur ngandika, "Sapa kang
ndemèk Aku?" Sarèhné ora ana kang
ngaku, Pétrus nuli matur, "Guru, tiyang
kathah sami ngrubung lan sami ndhesek
Panjenengan makaten."
46 Nanging Yésus ngandika, "Ana wong
kang ndemèk Aku, sabab Aku krasa ana
daya kang metu saka Aku."
47 Bareng wong wadon iku mau
mangerti, yèn kauningan, banjur marek
kalawan gumeter, sumungkem ing

ngarsané, apadéné tumuli mratélakaké
marang wong akèh, apa sababé ndemèk
Panjenengané sarta anggoné sanalika
banjur waras.
48 Yésus nuli ngandika marang wong
mau, "Hé, anakku, pracayamu kang
wus mitulungi kowé, mundura kalawan
tentrem-rahayu!"
49 Nalika Yésus isih ngandikan, ana
krabaté kepala papan pangibadah iku
kang teka lan matur, "Anakmu wus mati,
aja ngribeti Guru manèh."
50 Nanging Yésus midhanget sarta
banjur ngandika marang Yairus, "Aja
wedi, kumandela baé, anakmu bakal
slamet."
51 Sarawuhé ing omahé Yairus, Yésus
ora marengaké wong siji-sijia ndhèrèk
mlebu karo Panjenengané, kajaba
Pétrus, Yohanes lan Yakobus tuwin
bapakné sarta ibuné bocahé.
52 Wong kabèh padha nangisi bocahé
kalawan ngadhuh-adhuh. Nanging Yésus
ngandika, "Aja padha nangis, bocahé ora
mati, mung turu."
53 Wong-wong iku padha nggeguyu
Panjenengané, amarga padha weruh,
yèn bocahé wis mati.

54 Yésus banjur ngasta tangané
bocah kang mati iku sarta nguwuh,
pangandikané, "Hé, nggèr, tangia!"
55 Nyawané bocah mau tumuli bali lan
sanalika iku uga bocahé tangi. Yésus
banjur dhawuh mènèhi mangan.
56 Wong tuwané bocah mau padha
kaéraman, nanging padha ora
diparengaké martak-martakaké lelakon
mau marang sapa baé.

9 1 Kacarita Yésus nimbali sakabaté
rolas, padha kaparingan kasektèn
lan wisésa kanggo ngwasani sétan-sétan
lan marasaké lelara.
2 Banjur padha diutus martakaké
Kratoning Allah lan marasaké wong-
wong lara,
3 sarta padha dipangandikani
mangkéné, "Aja padha nggawa apa-apa
kanggo ana ing dalan, aja nggawa teken
utawa kanthong uba-rampé, roti utawa
dhuwit, utawa klambi rangkep.
4 Lan menawa kowé wus ditampani
ana ing sawijining omah, kowé lerema
ana ing kono lan anggonmu mbacutaké
lakumu iya saka ing kono.
5 Déné menawa ana wong kang ora
gelem nampani kowé, metua saka ing

kutha kono lan ketabna bledug kang
ana ing sikilmu, iku minangka pepéling
tumrap wong mau."
6 Para sakabat banjur padha mangkat
ndlajahi désa-désa, ngabaraké Injil
sarta marasaké wong lara ing sakèhing
panggonan.
7 Kocapa Hérodès, raja-wilayah,
midhanget sakèhing lelakon mau, banjur
rumangsa kuwatir, awit ana wong kang
kandha, yèn Yohanes wus diwungokaké
saka ing antarané wong mati.
8 Ana manèh kang kandha, yèn Élia
ngatingal manèh, lan uga ana kang
kandha, yèn salah sijining nabi jaman
kuna wis wungu.
9 Nanging Hérodès ngandika, "Yohanes
wus daktigas guluné. Sapa ta sejatiné
wong iki, kang kawartakaké nindakaké
prakara-prakara kang mangkono iku?"
Tumuli ngudi bisané ketemu karo Yésus.
10 Bareng para rasul wus padha bali,
padha matur marang Yésus bab apa
kang wus padha katindakaké. Banjur
padha didhawuhi ndhèrèk Panjenengané
nyingkir menyang kutha kang aran
Bètsaida.

11 Nanging wong akèh padha weruh,
lan tumuli padha nututi. Kabèh padha
ditampani déning Yésus lan padha
dipangandikani bab Kratoning Allah.
Déné kang mbutuhaké kawarasan padha
kawarasaké.
12 Bareng wus ndungkap wayah bengi
para sakabat rolas padha sowan ing
ngarsané sarta matur, "Tiyang kathah
punika mbok sami dipun dhawuhi
késah dhateng dhusun utawi kampung-
kampung sakiwa-tengenipun ngriki,
pados pasipengan saha tedha, amargi
ing ngriki punika kita wonten ing
panggénan ingkang kapencil."
13 Nanging banjur padha
dipangandikani, "Kowé kang kudu
mènèhi mangan wong-wong iku!"
Atur wangsulané, "Ingkang wonten
ing kawula mboten langkung saking
roti gangsal kaliyan ulam kalih, kajawi
menawi kawula lajeng sami késah
tumbas tetedhan kanggé sadaya tiyang
menika."
14 Amarga ing kono kira-kira ana
wong lanang limang èwu. Yésus banjur
dhawuh marang para sakabat, "Padha

konen linggih panthan-panthan, kira-kira
nyèket-nyèket."
15 Para sakabat padha ngèstokaké
dhawuh mau, kabèh wong dikon linggih.
16 Yésus nuli mundhut roti lima lan iwak
loro mau, banjur tumenga ing langit,
rotiné banjur diberkahi lan dicuwil-cuwil,
sarta diparingaké marang para sakabat
supaya didumaké marang wong akèh.
17 Kabèh padha mangan nganti wareg.
Turahané diklumpukaké dadi rolas
wakul.
18 Ing sawijining dina nalika Yésus
pinuju ndedonga piyambakan, para
sakabaté padha sowan ing ngarsané.
Banjur padha didangu, "Wong akèh iku
padha ngarani Aku iki sapa?"
19 Atur wangsulané, "Yohanes
Pambaptis. Wonten ugi ingkang mastani
Élia, wonten malih ingkang mastani
salah satunggaling nabi ing jaman kina
ingkang sampun wungu."
20 Yésus nuli ndangu marang para
sakabat, "Lah yèn kowé, Aku iki kokarani
sapa?" Atur wangsulané Pétrus, "Mésias
ingkang saking Allah."

21 Banjur padha dipenging déning
Yésus, supaya aja ngandhakaké bab iku
marang sapa baé.
22 Yésus ngandika manèh, "Putraning
Manungsa iku pinesthi nandhang
sangsara akèh sarta katampik déning
para pinituwa lan para pangareping
imam apadéné para ahli Torèt, nuli
disédani, lan ing telung dinané bakal
kawungokaké."
23 Kabèh banjur padha dipangandikani,
"Saben wong kang kapéngin ngetutburi
Aku, iku kudu nyingkur awaké dhéwé,
saben dina manggul salibé lan ngetutaké
Aku.
24 Sabab sapa baé kang arep
nylametaké nyawané, iku bakal kélangan
nyawané; nanging sapa baé kang
kélangan nyawané marga saka Aku, iku
bakal nylametaké nyawané.
25 Apa gunané wong bisa ndarbèni
donya iki kabèh, nanging njalari tiwas
lan kapitunané awaké dhéwé?
26 Awit sapa baé kang isin marga saka
Aku lan pituturku, Putraning Manungsa
iya bakal lingsem marga saka wong
iku, bésuk menawa Panjenengané
rawuh kanthi kamulyané piyambak,

lan kamulyané Kang Rama sarta para
malaékat kang suci.
27 Aku pitutur marang kowé: Satemené
ing antarané wong kang ana ing kéné
iki, ana kang bakal ora ngrasakaké pati,
sadurungé padha nyumurupi Kratoning
Allah."
28 Kira-kira wolung dina sawisé
paring piwulang mau kabèh, Yésus
banjur minggah ing gunung arep
ndedonga; Pétrus, Yohanes lan Yakobus
kadhawuhan ndhèrèk.
29 Kacarita, nalika Panjenengané
ndedonga iku, pasuryané banjur malih,
lan pangagemané dadi putih mancorong.
30 Tumuli ana priya loro padha imbal-
pangandika karo Panjenengané, yaiku
Musa lan Élia.
31 Sakaroné padha ngatingal ing
sajroning kamulyan, sarta padha
reraosan bab tujuané tindaké Yesus
menyang ing Yérusalèm minangka
ngrampungaké pakaryané.
32 Nalika samana Pétrus sakancané
padha keturon; bareng tangi padha
weruh Yésus sajroning kamulyané, lan
priya loro kang padha jumeneng cedhak
Panjenengané.

33 Kocapa, bareng priya loro mau
padha arep mundur saka ing ngarsané
Yésus, Pétrus munjuk marang Yésus,
"Guru, saiba saénipun menawi kita
sami wonten ing papan ngriki. Mugi
sapunika kawula dipun parengaken sami
damel tarub tiga, satunggal kagem
Panjenengan, satunggal kagem Musa,
satunggalipun kagem Élia." Nanging
Pétrus ora mangerti apa kang diaturaké
iku.
34 Sajroné Pétrus matur mangkono
iku banjur ana méga teka ngayomi.
Bareng padha kalimputan ing méga
mau, wong-wong iku padha wedi.
35 Saka ing sajroné méga mau tumuli
ana swara kaprungu mangkéné, "Iki
Putraningsun, pilihaningsun, padha
èstokna dhawuhé!"
36 Nalika swara iku kaprungu, Yésus
katingal piyambakan. Para sakabat
padha nyimpen lelakon iku, lan nalika
samana padha ora martakaké apa kang
kadeleng mau marang sapa baé.
37 Ésuké, bareng padha mudhun saka
ing gunung, ana wong akèh kang
gumrudug sowan ing ngarsané Yésus.

38 Ana siji kang nguwuh, unjuké, "Guru,
kawula nyuwun, mugi Panjenengan
karsa mirsani anak kawula, jalaran laré
punika anak kawula ontang-anting.
39 Saben-saben piyambakipun
katempuh ing roh, lajeng dhadhakan
njerit, nunten dipun ontang-antingaken
ngantos muruh cangkemipun. Roh
punika tanpa kèndel anggènipun nyiksa
saha mèh mboten naté purun ngeculaken
piyambakipun.
40 Kawula sampun nedha tulung
dhateng para sakabat Panjenengan,
supados nundhung roh punika, nanging
sami mboten saged."
41 Yésus banjur ngandika, "Hé,
wong-wong kang ora pracaya lan kang
keblinger, nganti pira lawasé anggonku
kudu tetunggalan karo kowé lan nyabari
kowé? Anakmu gawanen mréné!"
42 Lan nalika bocah mau marani Yésus,
banjur dibanting déning sétané lan
diontang-antingaké. Nanging roh jahat
mau nuli didukani banget déning Yésus
lan bocahé diwarasaké sarta dipasrahaké
marang bapakné.
43 Wong kabèh padha kaéraman, marga
saka nyumurupi kwasaning Allah kang

samono gedhéné iku. (9-43b) Nalika
wong kabèh isih padha kaéraman awit
saka sakèhing pandamelé, Yésus tumuli
ngandika marang para sakabaté,
44 "Rungokna lan gatèkna kabèh
tembungku iki: Putraning Manungsa
bakal diulungaké marang tanganing
wong."
45 Nanging para sakabat ora mangerti
marang pangandika iku, amarga tegesé
isih peteng tumrap wong iku kabèh,
mulané ora bisa mudheng. Éwasamono
padha ora wani miterang Panjenengané
bab pangandika mau.
46 Kacarita para sakabat padha padudon
bab sapa kang pinunjul saka ing
antarané para sakabat mau.
47 Nanging Yésus ora kekilapan tumrap
pikirané wong-wong iku. Jalaran saka
iku banjur mundhut sawenèhé bocah
cilik, diadegaké ing sandhingé,
48 sarta ngandika marang para
sakabaté, "Sapa baé kang nampani
bocah iki ing sajroning asmaku, ateges
Aku kang ditampani; lan sapa baé kang
nampani Aku, iku nampani Panjenengané
kang ngutus Aku. Awit kang cilik dhéwé

ing antaramu kabèh, iku kang gedhé
dhéwé."
49 Yohanes tumuli matur, "Guru, kawula
sami sumerep tiyang nundhung sétan
atas asma Panjenengan, lajeng kawula
penging, amargi sanès patunggilan kita."
50 Yésus banjur ngandika, "Aja
kokpenggak, sabab sapa baé kang ora
nyulayani marang kowé, iku ana ing
pihakmu."
51 Bareng wus cedhak wektuné karo
anggoné bakal kasengkakaké menyang
swarga, Yésus banjur adreng panggalihé
arep tindak menyang Yérusalèm,
52 Panjenengané tumuli ngutus wong
sawatara, kang ndhisiki tindaké.
Wong-wong mau padha mangkat, banjur
padha lumebu ing salah sawijining
désané wong Samaria arep nyawisaké
samubarang kagem Panjenengané.
53 Nanging wong-wong Samaria
padha ora gelem nampani rawuhé,
amarga karsané bakal tindak menyang
Yérusalèm.
54 Nalika sakabaté loro, yaiku Yakobus
lan Yohanes, nyumurupi kang mangkono
iku, banjur matur, "Gusti, punapa
Panjenengan ngarsakaken supados

kawula sami ndhatengaken latu saking
langit, numpes tiyang-tiyang punika?"
55 Nanging Yésus nuli nolèh ndukani
sakabat-sakabat mau.
56 Banjur padha pindhah menyang désa
liyané.
57 Nalika padha mbacutaké lakuné, ana
ing tengah dalan iku ana wong kang
matur marang Yésus, "Kawula badhé
ngetut-wingking Panjenengan, dhatenga
pundi kémawon tindak Panjenengan."
58 Paring wangsulané Yésus, "Asu ajag
padha duwé rong lan manuk padha duwé
susuh, nanging Putraning Manungsa
ora kagungan papan kagem nyèlèhaké
mustakané."
59 Banjur ngandika marang wong
liyané, "Mèlua Aku." Aturé wong mau,
"Keparenga kawula késah ngubur bapak
kawula rumiyin."
60 Nanging pangandikané Yésus,
"Cikbèn wong mati padha ngubur
wong mati, nanging kowé iku lungaa,
ngundhangna Kratoning Allah ana ing
ngendi-endi."
61 Lan ana liyané manèh kang matur,
"Kawula badhé ngetut-wingking
Panjenengan, Gusti, nanging keparenga

kawula pamitan rumiyin dhateng brayat
kawula."
62 Nanging Yésus ngandika, "Saben
wong kang wus nyekel waluku, mangka
banjur nolèh marang kang ana ing buri,
iku ora pantes tumrap Kratoning Allah."
10 1 Sawusé iku Gusti netepaké wong
pitung puluh manèh saka para
murid liyané padha diutus ngloro-ngloro
ndhisiki Panjenengané, menyang saben
kutha lan panggonan kang bakal
dirawuhi.
2 Kabèh padha dipangandikani, "Panèné
pancèn gedhé, nanging sing derep mung
sathithik. Mulané padha nyenyuwuna
marang Kang Kagungan panèn, supaya
karsa ngintunaké wong-wong kang
derep ing panènan.
3 Padha mangkata, lah kowé padha
dakutus kayadéné cempé menyang
satengahé asu ajag.
4 Aja padha nggawa tas utawa kanthong
uba-rampé tuwin trumpah, sarta sajroné
ana ing dalan iku aja uluk-salam karo
sapa baé.
5 Menawa kowé lumebu ing sawijining
omah, padha ngucapa mangkéné dhisik:

Tentrem-rahayu mugi wonten ing dalem
ngriki.
[6] Anadéné menawa ing kono tinemu
putraning tentrem-rahayu, uluk-
salammu bakal lestari ana ing kono.
Nanging menawa ora, uluk-salammu
bakal bali marang kowé.
[7] Kowé tetepa ana ing kono, mangana
lan ngombéa apa kang disuguhaké
marang kowé, amarga wong nyambut-
gawé iku wus samesthiné olèh pituwas.
Aja ngolah-ngalih papan anggonmu
nginep.
[8] Lan menawa kowé lumebu ing
sawijining kutha sarta ditampani ana ing
kono, mangana apa kang disuguhaké
marang kowé.
[9] Wong kang padha lara ing kono
warasna, apamanèh wong-wong padha
tuturana: Kratoning Allah wus nyedhaki
kowé.
[10] Nanging menawa kowé lumebu ing
sawijining kutha, mangka kowé ora
ditampani, lungaa menyang dalan-dalan
gedhé ing kutha iku sarta nguwuha
mangkéné:
[11] Dalasan bleduging kuthamu kang
tumèmpèl ing sikilku padha dakketabaké

ana ing ngarepmu, nanging sumurupa:
Kratoning Allah wus cedhak.
12 Aku pitutur marang kowé: Ing
dina iku Sodom bakal luwih ènthèng
tanggungané katimbang karo kutha iku."
13 "Bilai kowé Khorazim! Bilai kowé
Bétsaida! Amarga saupama ing Tirus
lan ing Sidon ana mukjijat-mukjijat
kaya kang kelakon ana ing satengah-
tengahmu, mesthi wus biyèn-biyèn
wong-wong ing kono anggoné mratobat
kalawan manganggo bagor lan linggih
ing awu.
14 Nanging bésuk ing dinané pangadilan,
tanggungané Tirus lan Sidon bakal luwih
ènthèng katimbang karo tanggunganmu!
15 Apadéné kowé Kapèrnaum, apa kowé
bakal kaluhuraké nganti sundhul ing
langit? Ora, kowé bakal kaudhunaké
nganti tumeka ing teleng palimengan.
16 Sapa baé kang ngrungokaké kowé,
iku ngrungokaké Aku lan sapa baé
kang nampik marang kowé, iku nampik
marang Aku. Mangka kang nampik
marang Aku, iku nampik marang
Panjenengané kang ngutus Aku."
17 Kacarita murid pitung puluh mau
padha bali kanthi bungah sarta padha

munjuk, "Gusti, dalasan sétan-sétan
sami nungkul dhateng kawula awit
saking asma Panjenengan."
18 Yésus banjur ngandika, "Aku
pirsa sétan tiba saka ing langit kaya
cumlèrèting kilat.
19 Lah kowé wus padha dakparingi
pangwasa ngidaki ula lan kalajengking,
tuwin ngalahaké kakuwataning
mungsuh, satemah ora ana kang
mbebayani tumrap kowé.
20 Nanging sanadyan mangkono, aja
padha mbungahi marga saka roh-roh iku
padha nungkul marang kowé, nanging
padha bungaha marga jenengmu wus
kacathet ana ing swarga."
21 Ing nalika iku Yésus sukarena
ing sajroning Roh Suci banjur matur,
"Dhuh, Rama, Gustinipun langit kaliyan
bumi. Kawula ngunjukaken genging
panuwun, déné prakawis punika sadaya
Paduka damel wados tumrap para tiyang
wicaksana lan winasis, nanging Paduka
lairaken dhateng laré alit. Inggih, Rama,
Kawula saos panuwun wonten ing ngarsa
Paduka, déné punika ingkang dados
keparenging panggalih Paduka.

22 Samubarang kabèh wus kapasrahaké
marang Aku déning Ramaku lan ora
ana wong kang sumurup Kang Putra iku
sapa, kajaba Kang Rama, mangkono
uga Kang Rama iku sapa, kajaba Kang
Putra lan wong kang kawedharan déning
Kang Putra, marga saka keparenging
panggalihé."
23 Sawusé mangkono Yésus banjur
minger mirsani para sakabaté sarta
kanthi mirunggan dipangandikani,
"Begja mripat kang ndeleng apa kang
padha kokdeleng.
24 Amarga Aku pitutur marang kowé:
Akèh nabi lan ratu kang kepéngin
nyumurupi kang padha kokdeleng,
nanging ora kelakon, sarta kang
kepéngin ngrungokaké apa kang
kokrungu, nanging ora bisa kelakon."
25 Ing sawijining dina ana ahli Torèt
ngadeg sumedya nyoba marang Yésus,
aturé, "Guru, punapa ingkang kedah
kula lampahi, supados angsal gesang
langgeng?"
26 Paring wangsulané Yésus, "Kang
tinulis ing Torèt kepriyé? Apa kang
kokwaca ing kono?"

27 Atur wangsulané wong iku, "Kowé
tresnaa marang Pangéran, Allahmu,
kalawan gumolonging atimu, kalawan
gumolonging nyawamu sarta kalawan
gumolonging kakuwatanmu, apadéné
kalawan gumolonging budimu. Lan
tresnaa marang sapepadhamu dikaya
marang awakmu dhéwé."
28 Pangandikané Yésus marang wong
mau, "Wangsulanmu iku bener; iku
lakonana, temah kowé bakal urip."
29 Nanging sarèhné wong mau arep
mbeneraké awaké dhéwé, mulané banjur
matur marang Yésus, "Lajeng ingkang
dados sesami kula punika sinten?"
30 Paring wangsulané Yésus, "Ana wong
lumaku mudhun saka ing Yérusalèm
menyang Yérikho; iku tumiba ing
tanganing para bégal, banjur ora mung
diblèjèdi baé, nanging nganggo dipilara
nganti setengah mati, nuli ditinggal.
31 Kapinujon ana imam kang liwat ing
kono. Lan weruh wong mau, nanging
terus lumaku baé, metu ing sabrangé
dalan.
32 Mangkono uga wong Lèwi, kang lagi
lelungan, satekané ing kono lan weruh

wong mau, iya mung liwat baé, metu ing
sabrangé dalan.
33 Tumuli ana wong Samaria, kang lagi
lelungan uga liwat ing kono. Bareng
weruh wong mau, trenyuh atiné marga
saka welasé.
34 Wong mau banjur diparani, sawusé
disoki lenga lan anggur, tatu-tatuné nuli
diblebet, banjur ditunggangaké kuldiné
dhéwé, digawa menyang panginepan
sarta dirawat.
35 Ésuké kang duwé panginepan
diwènèhi dhuwit rong dinar, sarta
diweling: Tiyang punika karimatana,
bab wragadipun, langkungipun saking
samanten, kula ingkang badhé nglintoni,
bénjing menawi kula wangsul.
36 Lah manut panemumu, wong telu iku
sing endi kang dadi pepadhané wong
kang dibégal mau?"
37 Atur wangsulané, "Inggih tiyang
ingkang nandukaken kawelasan dhateng
piyambakipun punika." Pangandikané
Yésus, "Wus mundura, lan nglakonana
mangkono uga!"
38 Nalika tindaké Yésus lan para
pandhèrèké tekan ing sawijining désa.
Ing kono Panjenengané ditampi déning

wong wadon kang aran Marta ana ing
omahé.
39 Wong iku duwé sadulur wadon
jenengé Maria, iku linggih cedhak
ing sampéyané Gusti lan tansah
ngrungokaké pangandikané,
40 déné Marta répot banget anggoné
leladi, mulané banjur marek sarta
munjuk, "Gusti, punapa Panjenengan
mboten manggalih, bilih sadhèrèk
kawula négakaken kawula lelados
piyambak? Mila mugi kadhawuhana
ngréncangi kawula."
41 Nanging Gusti paring wangsulan,
pangandikané, "Marta, Marta, kowé iku
nyumelangaké lan mrihatinaké prakara
akèh,
42 mangka kang prelu iku mung siji.
Déné Maria wus milih panduman kang
becik dhéwé, kang ora bakal kajupuk
déning sapa baé."
11 1 Ing sawijining dina Yésus
ndedonga ana ing sawenèhing
panggonan; bareng wus rampung, ana
sakabaté siji kang munjuk, "Gusti,
kawula mugi sami Panjenengan wulang
ndedonga, sami kados ingkang dipun

wulangaken déning Yohanes dhateng
para muridipun."
2 Yésus banjur paring wangsulan,
pangandikané, "Menawa kowé padha
ndedonga, munjuka mangkéné: Dhuh
Rama, asma Paduka mugi kasucèkaken;
Kraton Paduka mugi rawuh.
3 Kawula mugi sami kaparingan
rejeki kawula sacekapipun ing saben
dintenipun.
4 Saha mugi karsa ngapunten dosa
kawula, awitdéné kawula inggih sami
ngapunten dhateng saben tiyang
ingkang kalepatan dhateng kawula.
Punapa malih mugi kawula sampun
ngantos sami katandukaken dhateng
panggodha."
5 Banjur padha dipangandikani manèh
mangkéné, "Menawa panunggalanmu
ing wayah tengah wengi menyang ing
omahé mitrané lan kandha: Sadulur,
mbok aku kokutangi roti telung iji baé.
6 Sabab ana mitraku kang lelungan
mampir ing omahku, mangka aku ora
duwé apa-apa, kang kena daksuguhaké.
7 Apa iya sing ana ing sajroning omah
bakal mangsuli: Aja ngribedi aku,
ta, lawangé wus dakkancing, aku lan

anak-anakku wus padha mapan turu,
aku ora bisa tangi ngladèni kowé.
8 Aku pitutur marang kowé: Sanadyan
oraa tangi lan ngladèni, marga iku
mitrané, nanging marga saka anggoné
ora idhep isin iku, mesthi iya bakal banjur
tangi, mènèhi apa kang dibutuhaké.
9 Mulané Aku pitutur ing kowé: Padha
nyenyuwuna, temah bakal kaparingan;
padha ngupayaa, temah bakal olèh,
padha thothok-thothoka, temah bakal
kawenganan.
10 Amarga saben wong kang
nyenyuwun, bakal tampa, lan
kang golèk, bakal olèh, tuwin kang
thothok-thothok, iku bakal kawenganan.
11 Endi ana kang jeneng bapa, dijaluki
iwak anaké, mènèhi ula, kanggo ijolé
iwak?
12 Utawa, menawa njaluk endhog, apa
iya banjur diwènèhi kalajengking?
13 Dadi, yèn kowé, sanadyan ala,
padha mangerti ing bab pawèwèh kang
becik marang anak-anakmu, apamanèh
Ramamu kang ana ing swarga mesthi
bakal maringi Roh Suci marang kang
padha nyenyuwun."

14 Ing sawijining dina Yésus nundhung
sétan kang marakaké bisu, saka ing
sawenèhing wong. Bareng sétané wus
metu, wongé bisa guneman. Wong akèh
padha kaéraman.
15 Nanging ana sawenèh kang padha
ngucap mangkéné, "Anggoné nundhung
sétan iku nganggo pangwasané
Béèlzebul panggedhéning para sétan."
16 Lan ana manèh kang nyuwun
pratandha saka swarga, kanggo nyoba
marang Yésus.
17 Nanging Yésus ora kekilapan marang
pikirané wong-wong mau, mulané banjur
ngandika, "Saben kraton kang pecah,
iku mesthi rusak, lan saben brayat kang
wargané padha dredah, mesthi rusak.
18 Menawa Iblis iku uga dredah karo
awaké dhéwé, kepriyé bisané lestari
kratoné?
19 Dadi, yèn Aku nundhung sétan iku
nganggo pangwasané Béèlzebul, para
muridmu anggoné nundhung nganggo
pangwasané sapa? Mulané iya iku kang
bakal padha ngadili kowé.
20 Nanging menawa Aku nundhung
sétan nganggo pangwasaning Allah,

sayektiné Kratoning Allah wus rawuh ana
ing satengahmu.
[21] Menawa ana wong kang rosa sarta
gegamané ganep kanggo ngreksa omahé
dhéwé, barang darbèké bakal slamet.
[22] Nanging menawa katekan wong
kang luwih rosa, kang kalah rosa
mau banjur ditempuh lan dikalahaké,
sakèhing gegamané kang diandelaké
bakal direbut, lan barang darbèké bakal
diedum-edum dadi jarahan.
[23] Sing sapa ora nyarujuki Aku, iku
nglawan marang Aku sarta sing sapa ora
nglumpukaké bebarengan karo Aku, iku
mbuyaraké."
[24] "Samangsa roh jahat iku wus metu
saka ing wong, banjur nglembara
menyang papan-papan kang suwung
kanggo manggon, nanging sarèhné ora
olèh, nuli muni mangkéné: dakbalènané
manèh omah kang wis daktinggal.
[25] Banjur bali, omahé ketemu wis
disaponi resik lan tumata becik.
[26] Tumuli metu, lunga ngajak roh liyané
cacahé pitu kang luwih jahat, sarta
banjur padha mlebu lan manggon ana
ing kono, satemah wong mau alané
ngluwihi katimbang sadurungé."

27 Nalika Yésus isih ngandika, ana
wong wadon kang nguwuh marang
Panjenengané saka ing satengahé wong
akèh, unjuké, "Rahayu ibu ingkang
sampun nggarbini saha ingkang nesepi
Panjenengan."
28 Nanging Yésus banjur ngandika,
"Kang rahayu iku wong-wong kang
padha ngrungokaké lan nggatèkaké
pangandikaning Allah."
29 Bareng wong akèh padha ngrubung
Panjenengané, Yésus nuli ngandika,
"Wong-wong ing jaman iki, iku ala,
padha nyuwun pratandha, nanging
ora bakal kaparingan kajaba mung
pratandhané Yunus.
30 Sabab kayadéné Yunus anggoné
dadi pratandha tumrap wong-wong ing
kutha Niniwé, samono uga Putraning
Manungsa iya bakal dadi pratandha
tumrap wong-wong ing jaman iki.
31 Bésuk ing dinané pangadilan, ratu
kang saka ing tanah Kidul iku bakal
wungu bareng karo wong-wong jaman iki
lan bakal ngadili wong-wong iku. Amarga
ratu iki rawuh saka ing pungkasaning
bumi arep mirengaké kawicaksanané

Salomo, mangka satemené kang ana ing
kéné iki ngungkuli Salomo.
32 Bésuk ing dina pangadilan, wong-
wong ing Niniwé bakal padha tangi
bebarengan karo wong-wong jaman
iki, lan bakal ngadili wong-wong iki.
Amarga wong-wong Niniwé iku bareng
ngrungokaké pituturé Yunus banjur
padha mratobat, mangka satemené
kang ana ing kéné iki ngungkuli Yunus."
33 "Ora ana wong nyumed lampu
kang banjur disèlèhaké ing panggonan
kang ndhelik utawa ditutupi genthong,
nanging ditumpangaké ing cagak-lampu,
supaya wong kabèh kang mlebu omah
bisa ndeleng padhangé.
34 Mripatmu iku dadi lampuning
badanmu. Menawa mripatmu becik,
badanmu sakojur dadi padhang, nanging
menawa mripatmu jahat, badanmu dadi
peteng.
35 Mulané padha diwaspada, pepadhang
kang ana ing kowé iku aja nganti dadi
peteng.
36 Menawa badanmu sakojur padhang
lan ora ana pérangané kang peteng,
mesthi kabèh dadi padhang, iya kaya
yèn kowé kena ing soroting lampu."

37 Bareng Yésus wus rampung anggoné
memulang, ana wong Farisi ngaturi
dhahar ana ing omahé. Panjenengané
iya banjur lumebet sarta lenggah dhahar.
38 Wong Farisi mau bareng weruh Yésus
kok ora wijik dhisik sadurungé dhahar,
dadi gumun.
39 Nanging Yésus banjur ngandika
marang wong-wong mau, "Kowé para
Farisi, kowé padha ngresiki jabaning
tuwung lan pinggan, nanging ing jeromu
kebak rampasan lan piala.
40 Hé, wong-wong bodho, Panjenengané
kang nitahaké sisih jabané iku apa iya
ora nitahaké njeroné?
41 Mung baé isiné iku danakna, lah
ing mengko sakabèhé bakal dadi resik
tumrap kowé.
42 Nanging bilai kowé, hé, para
Farisi, amarga kowé padha mbayar
pra-sapuluhan saka godhong merdinah,
inggu lan sawarnané jejanganan,
nanging kowé padha nglirwakaké
kaadilan lan katresnaning Allah.
Prakara-prakara iku kudu dilakoni, tanpa
nglirwakaké sing liyané.
43 Bilai kowé, hé, para Farisi, amarga
ana ing papan pangibadah kowé padha

seneng linggih ing ngarep lan seneng
tampa pakurmatan ana ing pasar.
44 Bilai kowé, amarga kowé iku
kayadéné kuburan kang tanpa
tenger; wong-wong kang lumaku ing
sandhuwuré padha ora weruh."
45 Tumuli ana sawijiné ahli Torèt
kang mangsuli, aturé, "Guru, menawi
Panjenengan ngandika makaten punika,
ateges ugi ngrèmèhaken golongan kula."
46 Nanging Panjenengané banjur
mangsuli, pangandikané, "Kowé iya
padha bilai, hé, para ahli Torèt, amarga
kowé padha ngemoti wong kalawan
momotan kang ora bisa kaangkat,
nanging kowé dhéwé ora nganti ndumuk
momotan iku nganggo drijimu siji baé.
47 Bilai kowé; amarga kowé padha
mbangun pasaréané para nabi, mangka
leluhurmu dhéwé kang nyédani.
48 Dadiné kowé padha ngaku, yèn
kowé padha mbeneraké pratingkahé
leluhurmu, sabab leluhurmu iku padha
nyédani para nabi mau, déné kowé
padha mbangun pasaréané.
49 Mulané kawicaksananing Allah
ngandika: Ingsun bakal ngutus para nabi
lan para rasul, marang wong-wong iku,

sarta panunggalané iku ana separo kang
bakal dipatèni lan kang dianiaya.
50 Supaya tumrap wong-wong jaman
iki katempuhna getihé sakèhé para nabi
kang wus kawutahaké, wiwit nalika bumi
katitahaké,
51 wiwit saka getihé Habél nganti getihé
Zakharia, kang kapatènan ana ing
antarané misbyah lan Padalemaning
Allah. Malah Aku pitutur marang
kowé: Kabèh iku mau mesthi bakal
katempuhaké marang wong-wong jaman
iki.
52 Bilai kowé, hé, para ahli Torèt,
amarga kowé wus padha njupuk
kuncining kawruh; kowé dhéwé ora
lumebu, nanging wong kang arep
lumebu padha kokalang-alangi."
53 Bareng Yésus wus jengkar saka
ing papan kono, para ahli Torèt lan
para wong Farisi padha ngincim-incim
marang Panjenengané lan ngebyuki
Panjenengané kalawan pitakonan
warna-warna,
54 apadéné padha mbudidaya
gawé pasangan kanggo nyepeng
Panjenengané adhedhasar apa kang
kapangandikakaké.

12 [1] Nalika samana éwon wong
akèhé kang padha nglumpuk,
nganti padha suk-sukan. Yésus banjur
paring piwulang, kang dhisik marang
para sakabaté, pangandikané, "Padha
diawas marang raginé para Farisi, yaiku
bab lamising budiné.
[2] Ora ana barang kang katutupan
kang ora bakal kawiyak, lan ora ana
barang kang kadhelikaké kang ora bakal
kaweruhan.
[3] Mulané apa kang kokkandhakaké
ana ing petengan iku bakal kaprungu
ana ing padhangan, sarta apa kang
kokkandhakaké kalawan bisik-bisik ana
ing kamar, iku bakal kawartakaké saka
ing payon.
[4] Aku pitutur marang kowé, hé, mitra-
mitraku, aja wedi marang wong-wong
kang bisa matèni badan, nanging sawisé
mangkono ora bisa apa-apa manèh.
[5] Kowé bakal padha daktuduhi, sapa
kang kudu kokwedèni. Padha wedia
marang Panjenengané, kang sawusé
matèni iya kwasa nyemplungaké wong
menyang naraka. Sabeneré Aku pitutur
marang kowé: Iya Panjenengané iku
kang kudu kokwedèni.

6 Manuk emprit lima rak mung payu
rong dhuwit? Éwasamono ora ana
siji-sijia kang disupèkaké déning Allah,
7 malah dalasan rambuté sirahmu iku
wus diétung kabèh. Mulané aja padha
wedi, sabab ajimu rak ngungkuli manuk
emprit pirang-pirang.
8 Aku pitutur marang kowé: Saben wong
kang ngakoni Aku ana ing sangareping
wong, iku iya bakal diakoni déning
Putraning Manungsa ana ing ngarepé
para malaékating Allah.
9 Nanging sing sapa nyélaki Aku ana
ngarepé wong, iya bakal disélaki ana ing
ngarepané para malaékaté Allah.
10 Sing sapa ngucapaké tembung kang
nglawan marang Putraning Manungsa,
iku bakal diapura, nanging sing sapa
nyenyamah marang Roh Suci, iku bakal
ora diapura.
11 Menawa kowé padha diladèkaké
marang ngarsané para pradataning
agama ing dalem pamujan, utawa
marang ngarsané para pamaréntah lan
para kang ngasta pangwasa, aja padha
sumelang, kepriyé anggonmu bakal
mbélani awakmu lan apa kang kudu
kokaturaké.

12 Amarga ing wektu iku uga Roh Suci
bakal muruki kowé apa kang kudu
kokaturaké."
13 Tumuli ana wong panunggalané wong
akèh iku kang matur marang Yésus,
"Guru, Paduka mugi karsa ndhawuhi
sadhèrèk kawula, supados andum
warisan kaliyan kawula."
14 Nanging Yésus ngandika marang
wong mau, "Sadulur, sapa sing ngangkat
Aku dadi hakim utawa dadi panengah
ana ing antaramu?"
15 Banjur ngandika marang wong akèh,
"Padha diwaspada lan diprayitna tumrap
sakèhing kamurkan, sabab sanadyan
wong duwé bandha nganti akèh banget,
uripé ora gumantung marang kasugihané
iku."
16 Sawusé mangkono banjur padha
dipangandikani ngagem pasemon,
mangkéné, "Ana wong sugih,
pametuning palemahané akèh banget.
17 Banjur mikir: Kepriyé ya, rékané, aku
ora duwé panggonan kanggo nyimpen
pametu samono akèhé iku.
18 Tumuli kandha: Énaké mangkéné
baé: lumbung-lumbungku
dakbubrahané, banjur gawé kang

luwih gedhé lan gandumku kabèh
apadéné sakèhing barang-darbèkku
daksimpené ana ing kono.
19 Sawusé iku nyawaku nuli
dakkandhanané: Hé, nyawaku,
kowé wus duwé bandha akèh banget,
cukup kanggo urip pirang-pirang taun,
mulané ngasoa, mangana, ngombéa lan
seneng-senenga.
20 Ananging dhawuhé Allah marang
wong mau: Hé, wong kang bodho, bengi
iki uga nyawanira bakal kapundhut saka
ing sira. Lan apa kang wus sira cawisaké
iku, arep kanggo sapa?
21 Iya kaya mangkono iku kadadéané
wong kang nglumpukaké bandha
kanggo awaké dhéwé, mangka ora duwé
kasugihan ana ing ngarsané Allah."
22 Yésus banjur ngandika marang para
sakabaté, "Mulané Aku pitutur marang
kowé: Aja padha sumelang ing bab
uripmu, apa kang bakal kokpangan, lan
aja sumelang ing bab awakmu, apa kang
bakal koksandhang.
23 Amarga urip iku ajiné ngungkuli
pangan, lan badan iku ngungkuli
sandhangan.

24 Padha delengen, manuk gagak iku
ora padha nyebar lan ora derep apadéné
ora duwé gudhang utawa lumbung,
éwasemono padha diparingi pangan
déning Allah. Ajimu rak banget anggoné
ngungkuli manuk-manuk iku!
25 Sapa ta panunggalanmu kang marga
saka sumelang bisa nambahi umuré
saasta?
26 Dadi yèn kowé ora bisa nindakaké
bab kang sepélé baé iku, kepriyé déné
kok nyumelangaké bab liya-liyané?
27 Padha tamatna kembang bakung kaé,
ora ngantih ora nenun, éwadéné Aku
pitutur marang kowé: Salomo sajroné
sagunging kaluhurané, pangagemané
ora ngungkuli éndahé salah sijining
kembang iku.
28 Dadi, yèn suket ing ara-ara, kang
saiki isih ana, sésuk kabuwang ing geni,
iku dipanganggoni déning Allah nganti
kaya mangkono, saya manèh kowé, hé,
wong kang cupet ing pangandel!
29 Mulané aja padha mrihatinaké apa
kang bakal kokpangan lan kokombé
sarta aja melang-melang.
30 Awit iku kabèh kang diupaya déning
wong kang ora wanuh marang Allah.

Ramamu rak ora kekilapan, yèn iku
kabèh dadi kabutuhanmu.
31 Nanging Kratoning Allah iku padha
upayanen, nuli kabèh iku mau bakal
diwuwuhaké marang kowé.
32 Aja padha wedi, hé pepanthan
cilik! Amarga Ramamu wus kepareng
maringaké Kraton iku marang kowé.
33 Barang darbèkmu dolana kabèh,
banjur dedanaa! Gawéa kanthong-
kanthong kang ora bisa lawas,
nglumpukna rajabrana ing swarga,
kang ora bakal entèk, kang ora bakal
katekanan maling sarta ora bakal
karusak déning renget.
34 Amarga ing ngendi dunungé
bandhamu, iya ing kono dununging
atimu."
35 "Lambungmu tetep sabukana lan
lampumu tetepa murub.
36 Sarta kowé padha kayaa wong-wong
kang nganti-anti rawuhé bendarané saka
pahargyan mantèn, supaya menawa
wis kondur lan thothok-thothok lawang,
énggal bisa ngengani lawang.
37 Begja para abdi kang sarawuhé
bendarané ketemu isih melèk. Aku
pitutur marang kowé: Satemené

bendara mau bakal ngagem sabuké,
para abdiné banjur padha didhawuhi
mangan bebarengan, sarta bendara mau
kang bakal ngladèni.
38 Menawa rawuhé ing tengah wengi
utawa ing wayah bangun ésuk mangka
para abdi mau ketemu mangkono, begja
wong-wong iku.
39 Nanging padha mangertia: Saupama
kang duwé omah ngerti tekané maling
jam pira, mesthi ora bakal ngenengaké
baé omahé dibabah.
40 Mulané kowé kabèh padha tansah
rumantia, awit rawuhé Putrané
Manungsa iku ing wektu kang ora
koknyana."
41 Pétrus banjur munjuk, "Gusti,
ingkang Panjenengan karsakaken
kanthi pasemon punika punapa kawula
sakanca, punapa inggih dhateng tiyang
sadaya?"
42 Paring wangsulané Gusti, "Sapa ta
kang dadi pangruktining omah kang
setya lan pinter, kang bakal diangkat
déning bendarané dadi tetuwaning para
abdi kang tinanggenah ngedum pangan
marang para abdi kabèh ing wayah kang
wus katemtokaké?

43 Begja abdi kang ketemu nindakaké
kuwajibané nalika bendarané rawuh.
44 Aku pitutur marang kowé: Satemené
bendarané mau mesthi bakal ngangkat
wong iku dadi abdi kang tinanggenah
ngawasi sakèhing barang kagungané.
45 Nanging menawa abdi mau duwé
gagasan mangkéné: Bendaraku kok ora
rawuh-rawuh, banjur wiwit menthungi
para abdi lanang lan wadon, sarta
mangan lan ngombé nganti mendem,
46 samangsa bendarané rawuh ing dina
kang ora kanyana lan ing wayah kang
ora disumurupi, mesthi wong mau bakal
ditigas lan dipadhakaké karo wong kang
ora setya.
47 Anadéné abdi kang ngerti marang
karsané bendarané, mangka ora
cecawis utawa ora nindakaké apa kang
dikersakaké déning bendarané, iku bakal
digebugi marambah-rambah.
48 Nanging kang ora ngerti marang
karsané bendarané, mangka banjur
nindakaké apa kang kagolong kena
ing ukuman gebug, iku bakal tampa
paukuman gebug, nanging ènthèng baé.
Saben wong kang kaparingan akèh, iku
bakal kapundhutan akèh, sarta kang

dipracaya akèh, bakal kapundhutan
luwih akèh manèh."
49 "Tekaku iki saprelu nekakaké geni ing
bumi lan sapira kang dakkarsakaké, geni
iku wis murub!
50 Aku kudu kabaptis, lan sapira
gedhéné kasusahaning atiku, sadurungé
iku kelakon!
51 Apa pangiramu, tekaku ing bumi iki
nggawa katentreman? Ora, Aku pitutur
marang kowé, dudu pirukun, nanging
crah.
52 Amarga wiwit saiki wong lima kang
tunggal saomah bakal crah, kang telu
nglawan kang loro, kang loro nglawan
kang telu.
53 Kabèh bakal padha crah, bapa karo
anaké lanang, lan anak lanang karo
bapakné, embok karo anaké wadon,
lan anak wadon karo embokné, embok
maratuwa karo mantuné wadon, lan
mantu wadon karo embokné maratuwa."
54 Ana manèh pangandikané Yésus
marang wong akèh, "Menawa kowé
padha weruh mendhung kandel ing sisih
kulon, kowé banjur bisa kandha: Arep
udan, lan tumuli iya kelakon mangkono.

55 Sarta menawa ana angin saka kidul,
kowé banjur kandha: Mengko bakal
panas banget, lan iku iya tumuli kelakon
mangkono.
56 Hé, wong lamis, pratandhané bumi
lan langit kowé padha bisa nitèni, yagéné
kowé ora bisa nitik kaanané jaman iki?
57 Lan manèh yagéné kowé padha ora
netepaké dhéwé apa kang bener?
58 Amarga, menawa kowé karo
lawananmu padha arep ngadhep marang
pamaréntah, ana ing dalan ngudia
rukun karo wong mau, supaya kowé aja
nganti diladèkaké marang hakim, lan
hakim banjur masrahaké kowé marang
pambantuné sarta pambantu iku tumuli
nglebokaké kowé ing pakunjaran.
59 Aku pitutur marang kowé: Kowé ora
bakal metu saka kono sadurungé kowé
mbayar utangmu nganti lunas."

13 1 Nalika samana ana wong
sawatara kang padha sowan
marang ngarsané Yésus ngaturi uninga
bab wong-wong Galiléa kang padha
kawutahaké getihé déning Pilatus, getihé
dadi campur karo getih kurban kang
diunjukaké déning wong-wong mau.

[2] Yésus paring wangsulan, "Apa
pangiramu wong-wong Galiléa mau
luwih gedhé dosané katimbang karo
dosané wong-wong Galiléa liyané
kabèh, déné kataman lelakon kang kaya
mangkono iku?
[3] 'Ora', kandhaku marang kowé.
Nanging menawa kowé ora padha
mratobat, kowé kabèh bakal padha tiwas
kanthi patrap mangkono.
[4] Utawa manèh apa pangiramu wong
wolulas kang padha mati kebrukan
menara ing Siloam kaé kaluputané
ngluwihi wong ing Yérusalèm liyané
kabèh?
[5] 'Ora', kandhaku marang kowé.
Nanging menawa kowé kabèh padha
ora mratobat, bakal tiwas kanthi patrap
mangkono."
[6] Yésus banjur paring pasemon
mangkéné, "Ana wong kang duwé wit
anjir, kang katandur ing pakebonané
anggur, banjur diparani digolèki wohé,
nanging ora olèh.
[7] Tumuli kandha marang kang nggarap
kebon anggur iku: Delengen, iki wus
telung taun anggonku teka nggolèki
wohé, kok ora ana. Mulané tegoren baé

wit iki! Kanggo apa urip ana ing lemah
kéné tanpa guna!
8 Atur wangsulané wong mau: Bendara,
kajengipun gesang setaun malih, siti
sakubengipun badhé kula paculi lan wit
punika badhé kula rabuk.
9 Mbokmenawi taun ngajeng saged
awoh; menawi mboten, inggih lajeng
kategora kémawon."
10 Ing sawijining dina, pinuju dina
Sabat, Yésus memulang ana ing papan
pangibadah.
11 Ing kono ana wong wadon kang
kapanjingan roh wus wolulas taun,
satemah lara lan dadi wungkuk, ora bisa
ngadeg jejeg.
12 Bareng Yésus pirsa wong mau,
banjur ditimbali sarta dipangandikani
mangkéné, "Hé, Bu, lelaramu wus ilang."
13 Tumuli ditumpangi asta, lan sanalika
iku uga wong wadon mau bisa ngadeg
jejeg manèh lan banjur ngluhuraké
asmané Allah.
14 Nanging pangarepé papan
pangibadah iku nepsu, jalaran
Yésus nyarasaké wong ing dina Sabat,
banjur kandha marang wong akèh, "Ana
dina enem sing kanggo nyambut-gawé.

Mulané tekaa ing salah sijiné dina iku
supaya diwarasaké, aja ing dina Sabat."
15 Nanging Gusti paring wangsulan,
pangandikané, "Hé, wong-wong lamis,
apa panunggalanmu ing dina Sabat
ora nguculi sapiné utawa kuldiné saka
ing kandhang banjur digawa menyang
pangombèn.
16 Wong wadon iki tedhak-turuné
Abraham mangka wus wolulas taun
lawasé kabanda déning Iblis, apa ora
prelu diuculi bandané ing dina Sabat?"
17 Nalika Panjenengané ngandika
mangkono iku, kabèh kang nglawan
padha kisinan, nanging wong akèh padha
bungah awit saka sakèhé pandamel
becik kang ngéram-éramaké kang wus
katindakaké déning Panjenengané.
18 Yésus banjur ngandika, "Kratoné
Allah iku upamané apa, lan kena
dakupamakaké apa?
19 Iku kena kaupamakaké wiji sawi,
kang kajupuk lan kasebar déning wong
ana ing pakebonané, banjur thukul lan
dadi uwit, nganti manuk-manuk ing
awang-awang padha nusuh ana ing
pang-pangé."

20 Lan pangandikané manèh mangkéné,
"Kratoné Allah iku, kena dakupamakaké
apa?
21 Iku upamané kayadéné ragi
kang dijupuk déning wong wadon
lan dicampuraké ing glepung trigu
patangpuluh liter, nganti kemrasukan
kabèh."
22 Yésus banjur ndlajahi kutha-kutha
lan désa-désa karo memulang, lan
banjur nglajengaké tindaké menyang
Yérusalèm.
23 Tumuli ana wong kang munjuk
mangkéné, "Gusti, tiyang ingkang
kawilujengaken menika punapa namung
sakedhik?"
24 Paring wangsulané Yésus marang
wong-wong kang ana ing kono, "Padha
ngudiya lumebu ing lawang kang ciyut!
Sabab Aku pitutur marang kowé: Akèh
wong kang ngudi lumebu, nanging ora
bisa.
25 Menawa kang kagungan dalem wus
jumeneng lan ngancing lawangé, lan
kowé ngadeg ana ing jaba sarta wiwit
dhodhog-dhodhog lawang kalawan
matur: Gusti, kawula nyuwun kori!
Panjenengané bakal paring wangsulan

mangkéné: Aku ora wanuh, kowé iku
sapa?
[26] Kowé bakal matur: Kawula sampun
naté sami nedha lan ngombé wonten ing
ngarsa Panjenengan, sarta Panjenengan
sampun paring piwulang wonten ing
margi-margi ing kitha kawula.
[27] Nanging Panjenengané bakal
ngandika marang kowé: Aku ora wanuh,
kowé iku wong ngendi, padha sumingkira
saka ngarepku, hé wong kang padha
gawé piala!
[28] Ing kono bakal ana panangis lan
keroting untu, malika kowé padha weruh
Abraham lan Iskak sarta Yakub apadéné
sakèhing nabi padha ana ing Kratoné
Allah, mangka kowé dhéwé padha
kabuwang ing jaba,
[29] sarta bakal ana wong kang padha
teka saka ing wétan lan kulon tuwin saka
ing lor lan kidul, padha bakal kembul
bujana ana ing Kratoné Allah.
[30] Lah satemené ana wong kang kari
dhéwé bakal dadi kang kawitan, lan ana
wong kang kawitan bakal dadi kang kari
dhéwé."
[31] Ing nalika iku ana wong Farisi
sawatara kang padha sowan lan matur

marang Yésus, "Panjenengan kula aturi
sumingkir saking ngriki, awit Hérodès
ngangkah badhé nyédani Panjenengan."
32 Paring wangsulané Yésus, "Padha
lungaa, kandhaa marang asu wawar
iku: Aku nundhungi sétan lan marasaké
wong, ing dina iki lan sésuk, déné ing
telung dinané Aku bakal wus rampung.
33 Nanging ing dina iki, lan sésuk
tuwin suk embèn, Aku kudu nerusaké
lakuku, amarga ora samesthiné kang
jeneng nabi dipatèni ana ing sanjabané
Yérusalèm.
34 Yérusalèm, Yérusalèm, kowé kang
matèni para nabi lan mbenturi watu
marang wong-wong kang padha diutus
nemoni kowé. Wus makaping-kaping
anggonku arep nglumpukaké anak-
anakmu, padha kaya babon anggoné
nglumpukaké kuthuk-kuthuké ana ing
sangisoring swiwiné, nanging kowé ora
gelem.
35 Lah omahmu bakal kapasrahaké
suwung marang kowé. Nanging Aku
pitutur marang kowé: Kowé bakal
padha ora ndeleng Aku manèh nganti
tumeka ing wektuné kowé padha kandha

mangkéné: Binerkahana kang rawuh
atas asmané Pangéran."

14 [1] Ing sawijining dina Sabat, Yésus
rawuh ing omahé panggedhéné
wong Farisi, arep dhahar ana ing kono.
Wong kabèh kang ana ing kono padha
maspadakaké Panjenengané kanthi
temenan.
[2] Ing kono ana wong lara busung
ngadeg ing ngarsané.
[3] Yésus banjur ngandika marang para
ahli Torèt lan para Farisi mangkéné,
"Marasaké wong ing dina Sabat iku kena
apa ora?"
[4] Kabèh padha meneng baé.
Panjenengané banjur ngasta tangané
wong kang lara mau lan nyarasaké sarta
ndhawuhi lunga.
[5] Sawusé mangkono banjur ngandika
marang wong-wong mau, "Sapa
panunggalanmu, kang anaké utawa
sapiné kecemplung ing sumur,
ora banjur énggal-énggal nulungi
dientasaké, sanadyan ing dina Sabat?"
[6] Wong-wong mau ora ana kang bisa
ngaturi wangsulan.
[7] Bareng Yésus pirsa tamu-tamu padha
milih palinggihan ing ngarep dhéwé,

banjur padha dipangandikani pasemon
mangkéné,
8 "Menawa kowé diulemi jagong
mantèn, kowé aja linggih ing ngarep
dhéwé, awit mbokmenawa kang duwé
gawé wus ngulemi wong kang luwih
kajèn katimbang karo kowé,
9 supaya wong kang ngulemi kowé
lan wong mau aja padha marani kowé
lan kandha marang kowé: Kula aturi
pindhah, palenggahan punika kagem
sadhèrèk punika. Kowé banjur kapeksa
ngalih linggih ing buri dhéwé kanthi
wirang.
10 Mulané, menawa kowé diulemi,
linggiha ing buri dhéwé. Mbokmenawa
mengko sing duwé omah banjur marani
lan kandha marang kowé: Sadhèrèk,
mangga kula aturi lenggah ing ngajeng.
Temahan kowé katon anggonmu kajèn
ana ing ngarepané para dhayoh liyané
kabèh.
11 Sabab sing sapa ngluhuraké awaké
dhéwé, bakal kaasoraké, lan sing
sapa ngasoraké awaké dhéwé bakal
kaluhuraké."
12 Yésus uga banjur ngandika marang
wong kang ngaturi rawuh Panjenengané,

"Menawa kowé nganakaké pésta ing
wayah awan utawa bengi, kowé aja
ngulemi mitra-mitramu, utawa sadulur-
sadulurmu, utawa sanak-kadangmu
utawa tangga-teparomu kang sugih-
sugih, amarga iku bakal padha genti
ngulemi kowé, dadi kowé wus olèh
piwales.
13 Nanging, menawa kowé nganakaké
pésta, ngulemana wong-wong kang
mlarat, kang cacad, kang lumpuh lan
kang wuta.
14 Yèn mangkono kowé bakal rahayu,
amarga wong iku kabèh ora padha duwé
kang dianggo males marang kowé. Déné
kowé bakal tampa piwales bésuk ing
dina tanginé para wong mursid."
15 Krungu pangandika kang mangkono
iku, ana tamu kang matur marang Yésus,
"Rahayu tiyang ingkang sami badhé
kasegah nedha wonten ing Kratoning
Allah."
16 Nanging Yésus ngandika marang
wong mau, "Ana wong nganakaké pésta
gedhèn lan ngulemi wong akèh.
17 Bareng wus ndungkap wayahé
bujana, baturé dikongkon kandha
marang wong kang padha diulemi:

Sumangga sami karsaa rawuh, amargi
sadayanipun sampun cumawis.
18 Nanging kabèh, mbaka siji, padha
nyuwun ngapura. Wong kang kapisan
matur mangkéné: Kula mentas tumbas
pategilan, kula badhé ningali mrika, mila
kula nyuwun pangapunten.
19 Wong liyané matur mangkéné: Kula
mentas tumbas lembu gangsal rakit,
kula badhé késah nyobi lembu-lembu
punika, mila nyuwun pangapunten.
20 Wong liyané manèh matur: Kula
saweg kémawon émah-émah, mila
mboten saged sowan.
21 Batur mau banjur mulih ngaturaké
iku kabèh marang bendarané. Kang
duwé omah nepsu banget sarta kandha
marang baturé: Énggal menyanga ing
dalan-dalan lan lurung-lurungé kutha,
wong mlarat, wong cacad, wong wuta
lan wong lumpuh padha iriden mréné.
22 Baturé tumuli matur: Bendara,
sadaya dhawuh panjenengan sampun
kalampahan, éwasemanten papanipun
taksih tirah.
23 Bendarané banjur kandha marang
baturé: Menyanga ing lurung-lurung lan
ing dalan-dalan cilik, wong-wong sing

ana ing kono padha peksanen mlebu
mréné, amarga omahku kudu kebak.
24 Awit aku pitutur marang kowé:
Wong kang padha diulemi dhisik mau
siji baé ora ana kang bakal ngrasakaké
suguhanku."
25 Nalika Yésus tindak kadhèrèkaké
wong akèh gumrudug, Panjenengané
tumolèh banjur ngandika marang
wong-wong mau,
26 "Menawa ana wong kang sowan ing
ngarsaku, mangka ora sengit marang
bapakné, ibuné, bojoné, anak-anaké,
sadulur-saduluré lanang utawa wadon,
malah uripé dhéwé pisan, iku ora bisa
dadi muridku.
27 Sing sapa ora manggul salibé lan
ngetut-buri Aku, iku ora bisa dadi
muridku.
28 Sabab sapa ta panunggalanmu
kang menawa arep ngadegaké menara,
ora linggih dhisik ngétung-étung, apa
dhuwité cukup kanggo ngragadi nganti
sarampungé.
29 Supaya menawa wus rampung
pondhasiné, mangka ora bisa
mbacutaké, sakèhé wong kang
weruh aja nganti padha ngécé,

30 mangkéné: Wong iku wani ada-ada
gegawéan, nanging kok ora bisa
ngrampungaké!
31 Utawa, ratu ngendi sing menawa
arep perang nglawan ratu liyané, ora
lenggah dhisik prelu nimbang-nimbang,
apa wadyabala sepuluh èwu iku cukup
kanggo nglawan kang nekani kalawan
nggawa bala rongpuluh èwu?
32 Menawa ora, mesthi banjur utusan,
mumpung mungsuh iku isih adoh, prelu
nakokaké sarat-sarateé bedhamèn."
33 Mangkono uga saben wong
panunggalanmu, kang ora bisa ninggal
sabarang darbèké kabèh, iku ora bisa
dadi muridku.
34 Uyah iku pancèn migunani, nanging
menawa ilang asiné, apa kang kanggo
mulihaké rasa asiné?
35 Wus ora ana gunané, kanggoa lemah
utawa kanggoa rabuk, mung banjur
dibuwang baé. Sing sapa duwé kuping
kanggo ngrungokaké, ngrungokna!

15 1 Para juru-narik-pajeg lan wong
dosa padha sowan ing ngarsané
Yésus ngrungokaké piwulangé.
2 Para Farisi lan para ahli Torèt padha
grundelan, pangucapé, "Wong iku kok

nampani para wong dosa lan mangan
bebarengan."
3 Panjenengané banjur paring pasemon,
mangkéné,
4 "Sapa panunggalanmu, kang duwé
wedhus satus, mangka ana siji sing
ilang, apa ora banjur nggolèki sing ilang
iku nganti saketemuné, sing sangang
puluh sanga ditinggal ana ing ara-ara
samun?
5 Lan menawa wis ketemu, nuli
dipanggul kalawan bungah,
6 sarta satekané ing omahé, banjur
ngundangi mitra-mitrané lan tangga-
teparoné sarta padha dikandhani: Payo,
padha bebarengan bungah-bungah karo
aku, sabab wedhusku kang ilang wis
ketemu.
7 Aku pitutur marang kowé: Iya kaya
mangkono iku ing swarga bakal ana
kabungahan gedhé marga ana wong
dosa siji kang mratobat, ngluwihi
kabungahan kang tumrap wong sangang
puluh sanga kang ora usah mratobat."
8 "Samono uga, endi ana wong wadon
kang duwé dhuwit dirham sepuluh,
mangka ilang siji, kok ora banjur nyumed

damar lan nyaponi omahé, nggolèki
njlimet nganti saketemuné?
9 Lan menawa wis ketemu, banjur
ngundangi mitra-mitrané lan tangga-
teparoné sarta padha dikandhani
mangkéné: Dhuwitku dirham kang
ilang wus ketemu. Payo, padha
bungah-bungah bebarengan karo aku.
10 Aku pitutur marang kowé: Samono
uga para malaékaté Allah bakal padha
bungah-bungah, jalaran ana wong dosa
siji kang mratobat."
11 Yésus ngandika manèh, "Ana wong
duwé anak lanang loro.
12 Anak kang wuragil matur marang
bapakné: Bapak, keparenga kula nyuwun
sapéranganing barang darbé ingkang
dados panduman kula. Bapakné iya
banjur mbagé-mbagé barang darbèké,
diwènèhaké marang sakaroné.
13 Let sawatara dina kang wuragil
mau banjur ngedoli pandumané kabèh,
sawusé mangkono nuli lunga menyang
nagara kang adoh. Ana ing kana
bandhané diebrèh-ebrèh dianggo nguja
kekarepané nganti entèk kabèh.
14 Kapinujon ing tanah kono ana
paceklik kang nggegirisi, wong

anom mau banjur wiwit nandhang
kacingkrangan.
15 Tumuli ngèngèr marang wong ing
tanah kono, banjur dikon ngrumati
babi-babiné ana ing pategalané.
16 Nuli kepéngin ngisèni wetengé
kalawan ampas pakan babi iku, nanging
ora ana wong kang gelem mènèhi.
17 Banjur ngrumangsani kaanané,
temahan ngudarasa mangkéné: Buruhé
bapakku pirang-pirang lan padha bisa
mangan nganti turah-turah, mangka aku
ana ing kéné bisa mati kaliren.
18 Aku dakmulih menyang ing dalemé
bapakku lan matur: Bapak, kula sampun
nglampahi dosa dhateng swarga lan
dhateng Bapak,
19 kula sampun mboten pantes
kawastanan putranipun Bapak malih;
keparenga kula kadadosna berahipun
Bapak kémawon.
20 Banjur ngadeg lan mulih marani
bapakné. Nalika isih adoh, bapakné wus
ngawasaké tekané, atiné trenyuh banget
marga saka welasé. Tumuli diplayoni,
banjur dirangkul lan diambungi.
21 Anaké matur: Bapak, kula sampun
nglampahi dosa dhateng swarga tuwin

dhateng Bapak. Kula sampun mboten
pantes kawastanan putranipun Bapak
malih.
22 Nanging bapakné préntah marang
batur-baturé: Énggal jupukna jubah
kang apik dhéwé, nuli enggokna, drijiné
anggonana ali-ali lan sikilé anggonana
trumpah.
23 Banjur njupuka pedhèt sing lemu,
belèhen. Payo padha mangan lan
seneng-seneng.
24 Sabab anakku iki wus mati, urip
manèh, wis ilang, ketemu. Banjur padha
wiwit sukan-sukan.
25 Nalika iku anaké pambarep lagi
ana ing pategalan. Bareng mulih lan
wus cedhak karo omahé, krungu
swaraning tetabuhan lan wong kang
padha tetembangan nganggo jejogèdan.
26 Banjur ngundang salah sawijining
batur lan ditakoni, apa tegesé iku kabèh.
27 Aturé batur mau: Punika ingkang
rayi rawuh, déné ingkang rama sampun
dhawuh mragat pedhèt ingkang
lema, amargi kepanggih malih kaliyan
putranipun kanthi wilujeng.

[28] Anak pambarep mau temah nepsu lan
ora gelem lumebu ing omah. Bapakné
nuli metu lan ngarih-arih.
[29] Nanging diwangsuli mangkéné:
Sampun mataun-taun anggèn kula
ngladosi Bapak lan mboten naté nerak
wewaleripun Bapak, nanging Bapak
mboten naté maringi cempé satunggal
kémawon, kanggé bingah-bingah kaliyan
kanca-kanca kula.
[30] Nanging sareng putranipun Bapak
ingkang ngebrèh-ebrèh`raja-darbèkipun
Bapak, kadamel mblunthah kaliyan
sundel-sundel, saweg kémawon
dhateng, Bapak lajeng mragat pedhèt
ingkang lema kanggé piyambakipun.
[31] Bapakné kandha: Anakku, enggèr,
kowé iku salawasé urip bareng karo aku,
lan apa saduwèkku iku duwèkmu.
[32] Awaké dhéwé kabèh wus samesthiné
kudu padha bungah-bungah lan seneng-
seneng, jalaran adhimu wis mati urip
manèh, wis ilang ketemu."

16 [1] Ana manèh pangandikané
Yésus marang para muridé, "Ana
wong sugih duwé juru-reksa-bandha,
diwadulaké menawa ngawut-awut
barang darbèké.

2 Mulané banjur diundang lan
dikandhani mangkéné: Aku krungu
apa bener tumindakmu kang kaya
mangkono? Mara, aku wènèhana
palapuran tumrap rereksanmu,
amarga kowé wus ora kena nerusaké
pagawéanmu.
3 Juru-reksa-bandha mau nuli mikir:
Gèk aku arep nyambut-gawé apa yèn
aku nganti dipecat. Macul aku ora bisa,
ngemis aku isin.
4 Iya, aku ngerti apa kang bakal
daklakoni supaya menawa aku sida
dipecat saka ing pagawéanku dadi
juru-reksa-bandha, ana wong kang
gelem nampa aku ing omahé.
5 Wong kang padha utang marang
majikané padha diundangi siji-siji. Wong
kang kapisan dikandhani mangkéné:
Pira utangmu marang majikanku?
6 Wangsulané: Lisah satus tong. Banjur
dikandhani: Enya iki layang-utangmu.
Linggiha, gawéa layang-utang liyané,
saiki uga, kang muni: Sèket tong.
7 Wong kang kapindho ditakoni: Lah
kowé utangmu pira? Wangsulané wong
mau: Gandum satus dhacin. Banjur
dikandhani: Enya iki layang-utangmu.

Gawéa layang-utang liyané, tulisen:
Wolung puluh dhacin.
8 Majikané banjur ngalem marang
juru-reksa-bandha kang ora jujur iku,
marga saka anggoné duwé akal kang
mangkono iku. Sabab para anaking jagat
iki tumrap kang tunggal golongan, akalé
ngluwihi para ahli-warising pepadhang.
9 Lan Aku pitutur marang kowé:
Padha mbanguna memitran kalawan
migunakaké Mamon kang ora jujur,
supaya menawa Mamon mau wus ora
bisa mitulungi kowé manèh, kowé banjur
ditampani ana ing tarub kang langgeng."
10 "Sapa kang tumemen tumrap
prakara-prakara kang sepélé, iya
tumemen ing prakara-prakara kang
wigati. Lan sapa kang ora tumemen
tumrap prakara-prakara kang sepélé, iku
iya ora tumemen ing prakara-prakara
kang wigati.
11 Dadi, menawa kowé ora kena
dipracaya ing bab Mamon, kang ora jujur
iku, sapa kang bakal mitayakaké bandha
kang sayekti marang kowé?
12 Lan menawa kowé ora kena dipracaya
tumrap baranging liyan, sapa kang bakal
pracaya marang barangmu?

13 Ora ana batur kang bisa ngladèni
bandara loro. Amarga menawa
mangkono, mesthi bakal sengit marang
kang siji lan tresna marang sijiné, utawa
setya marang kang siji lan nyepèlèkaké
marang sijiné. Ora bisa kowé ngawula
marang Allah lan marang Mamon."
14 Pangandika mau kabèh iya kaprungu
déning para Farisi, kang padha mata-
dhuwiten, satemah padha ngrèmèhaké
Panjenengané.
15 Yésus banjur ngandika marang wong-
wong mau, "Kowé padha mbeneraké
awakmu dhéwé ana ing sangareping
wong, nanging Allah nguningani isining
atimu. Sabab apa kang dianggep
pinunjul lan disenengi déning manungsa,
iku dianggep asor sarta sinengitan
déning Allah.
16 Angger-anggering Torèt lan kitab-
kitabé para nabi iku kanggoné mung
nganti jamané Yohanes. Wiwit wektu iku
Kratoning Allah kaundhangaké lan saben
wong mbudidaya sakatogé, kepéngin
lumebu ing kono.
17 Ananging luwih gampang sirnané
langit lan bumi, katimbang karo

bataling titik siji baé kang ana ing
angger-anggering Torèt.
18 Saben wong kang megat somahé,
banjur rabi liyané, iku laku jina; lan sapa
kang ngrabèni wong wadon kang dipegat
déning kang lanang mau, iku iya laku
jina."
19 "Ana wong sugih kang tansah
manganggo jubah wungu lan kain kang
alus, sarta saben dina asuka-rena kanthi
méwah.
20 Lan ana wong ngemis jenengé
Lazarus, awaké sakojur gudhigen;
nggléthak ana ing sacedhaké régoling
omahé wong sugih mau,
21 sarta kepéngin banget olèh gogrogan
saka ing méjané wong sugih iku kanggo
nambani luwéné. Nanging malah diparani
asu-asu sing padha ndilati gudhigé.
22 Wong miskin mau banjur mati, nuli
digawa déning para malaékat menyang
pangkoné Abraham. Wong sugih mau iya
mati, banjur dikubur.
23 Lan nalika wong sugih mau kang lagi
nandhang sangsara ana ing sajroning
teleng-palimengan iku tumenga, nuli
weruh Abraham ana ing kadohan
mangku Lazarus.

24 Banjur nguwuh-uwuh, aturé: Dhuh,
Rama Abraham, mugi karsa paring
kawelasan dhateng kula. Lazarus mugi
kadhawuhan nyelupaken pucuking
drijinipun ing toya, kanggé ngasrepaken
ilat kula, amargi kula nandhang sangsara
sanget wonten ing urubing latu punika.
25 Nanging Abraham mangsuli,
pangandikané: Anggèr, élinga, yèn
kowé wus tampa samubarang kang
becik salawasé uripmu, nanging Lazarus
tampa samubarang kang ora becik. Saiki
wong iku tampa panglipur, déné kowé
nandhang sangsara banget.
26 Kajaba saka iku ing antarané kowé
lan aku karo Lazarus ana jurang kang ora
kena diliwati, supaya wong ing kéné kang
arep padha menyang panggonanmu
utawa wong kang ana ing panggonanmu
padha arep mréné, ora bisa.
27 Aturé wong mau: Manawi makaten,
panyuwun kula, dhuh Rama, Lazarus
mugi kadhawuhan dhateng griyanipun
bapa kula,
28 awit sadhèrèk kula taksih gangsal,
supados sami kaèngetna kanthi saèstu,
amrih ing bénjingipun sampun ngantos

sami lumebet ing papan kasangsaran
punika.
[29] Nanging pangandikané Abraham:
Iku wus padha nduwèni paseksiné Musa
lan para nabi liyané. Iya iku kang kudu
padha digatèkaké.
[30] Aturé wong mau: Mboten, Rama,
dèrèng cekap. Nanging manawi wonten
tiyang pejah ingkang ndhatengi, tamtu
sami badhé mratobat.
[31] Pangandikané Abraham: Menawa ora
padha nggatèkaké paseksiné Musa lan
para nabi liyané, mesthi iya ora kena
dikandhani, sanadyan kang ngandhani
iku wong kang tangi saka ing antarané
wong mati."

17 [1] Yésus ngandika marang para
muridé, "Ora kena ora mesthi
bakal ana panasaran, nanging bilai kang
njalari anané panasaran iku.
[2] Luwih becik menawa wong iku
dikalungana watu panggilingan lan
banjur dicemplungaké ing sagara,
katimbang nasaraké wong kang isih
ringkih pracayané iki.
[3] Reksanen awakmu dhéwé! Menawa
sadulurmu duwé kaluputan welèhna;
menawa kaduwung, apuranen.

4 Saupama anggoné kaluputan marang
kowé ngantia kaping pitu sadina lan
kaping pitu uga anggoné marani kowé
sarta pratéla: Aku kaduwung, iya kudu
kokapura."
5 Para rasul nuli munjuk marang
Gusti, "Kawula mugi sami kaparingan
kapitadosan!"
6 Paring wangsulané Gusti, "Menawa
kowé duwé pangandel sanadyan
gedhéné mung sawiji sawi baé, lan yèn
kowé banjur ngucap marang wit anjir
iki: Rungkada, tumancepa ing sagara;
mesthi bakal nurut marang préntahmu
iku."
7 "Sapa panunggalanmu kang duwé
batur, kang mluku utawa angon
raja-kayané, saulihé saka pategalan
apa banjur dikandhani: Ayo, endang
mangan!
8 Apa ora malah kosok-baliné,
dikandhani mangkéné: Aku cawisana
mangan. Nganggoa sabuk lan
ngladènana aku nganti sarampungé
anggonku mangan lan ngombé. Lan
sawusé iku kowé lagi kena mangan lan
ngombé.

[9] Apa batur mau banjur diwènèhi
panarima, marga saka anggoné wis
nglakoni apa kang dipréntahaké?
[10] Mangkono uga kowé. Menawa kowé
wis nglakoni kabèh kang kapréntahaké
marang kowé, kowé banjur padha
matura: Kula sadaya punika namung
abdi-abdi ingkang tanpa gina, amargi
namung sami nindakaken punapa
ingkang dados kuwajiban kula."
[11] Nalika tindak menyang Yérusalèm,
Yésus miyos ing sauruting tapel-watesé
Samaria lan Galiléa.
[12] Bareng lumebet ing sawijining désa,
ana wong lara kusta sepuluh sowan
marang Panjenengané, nanging mung
ngadeg kapara adoh,
[13] sarta padha nguwuh kanthi sora,
unjuké, "Dhuh, Guru, kawula mugi sami
Panjenengan welasi!"
[14] Panjenengané nuli mirsani wong-
wong mau lan ngandika, "Kowé padha
lungaa, awakmu priksakna marang para
imam!" Kocapa, sajroné padha lumaku
iku, padha birat najisé.
[15] Ana siji kang bareng weruh yèn wus
waras, banjur bali ngluhuraké Allah
kanthi swara sora.

16 Nuli nyungkemi sampéyané Yésus,
ngunjukaké panuwun. Mangka iku wong
Samaria.
17 Yésus banjur ngandika, "Apa mau ora
wong sepuluh kang birat najisé? Lah,
kang sanga endi?
18 Apa panunggalané iku ora ana kang
bali ngluhuraké Allah, kajaba mung
wong manca iki?"
19 Banjur ngandika marang wong mau,
"Ngadega, lungaa, pracayamu kang wus
mitulungi kowé."
20 Bareng wong Farisi padha matur
pitakon bab bésuk kapan bakal
rawuhé Kratoné Allah, Yésus nuli
paring wangsulan, pangandikané,
"Rawuhé Kratoning Allah iku tanpa
pratandha-pratandha kang katon,
21 sarta wong iya ora bisa kandha:
Lah ana ing kéné, utawa ana ing kana!
Amarga satemené Kratoning Allah iku
ana ing antaramu."
22 Banjur ngandika marang para
muridé, "Bakal tumeka ing wektuné,
kowé padha kepéngin nyumurupi salah
sijining dinané Putraning Manungsa,
nanging ora bakal bisa nyumurupi.

23 Sarta wong bakal ngandhani kowé:
Lah, ana ing kana; lah ana ing kéné!
Kowé aja mrana lan aja kèlu.
24 Awitdéné kaya kilat anggoné
gumebyar saka ing tepining langit ing
sisih kéné tekan ing sisih kana, iya kaya
mangkono uga Putraning Manungsa ana
ing dina bakal rawuhé.
25 Nanging Panjenengané kudu
nandhang sangsara akèh dhisik lan
katampik déning wong-wong ing jaman
iki.
26 Sarta kayadéné nalika jamané Nuh,
iya kaya mangkono kaanané bésuk ing
dina-dinané Putraning Manungsa.
27 Wong-wong padha mangan lan
ngombé, padha omah-omah lan diomah-
omahaké, nganti tumeka ing dinané Nuh
lumebet ing prau; banjur ana banjir
gedhé, kang numpes wong kabèh.
28 Uga kaya kang kelakon nalika jamané
Lut: wong-wong padha mangan lan
ngombé, padha dol-tinuku, padha
nenandur lan padha yeyasa.
29 Nanging ing dina oncaté Lut saka
Sodom, banjur ana udan geni lan udan
welirang saka ing langit, kang numpes
wong kabèh.

30 Iya kaya mangkono bésuk kababaré
ing dina Putraning Manungsa.
31 Sapa baé kang dina iku pinuju ana
ing payon, mangka barang-barangé ana
ing jero omah, aja mudhun njupuki;
mangkono uga kang lagi ana ing
pategalan, aja mulih.
32 Élinga marang somahé Lut!
33 Sapa kang ngudi rumeksa marang
nyawané, bakal kélangan nyawané, lan
sapa kang kélangan nyawané, iku bakal
nylametaké nyawané.
34 Aku pitutur marang kowé: Ing bengi
iku bakal ana wong loro kang tunggal
sapaturon, kang siji bakal kapulung,
sijiné bakal katilar.
35 Ana wong wadon loro kang lagi
padha nggiling gandum, kang siji bakal
kapulung, sijiné bakal katilar."
36 [Menawa ana wong loro ing
pategalan, kang siji bakal kapulung,
sijiné bakal katilar.]
37 Para murid banjur padha munjuk
marang Yésus, "Wonten ing pundi,
Gusti?" Paring wangsulané, "Ing ngendi
ana bathang, iya ing kono manuk-manuk
garudha bakal padha nglumpuk."

18 [1] Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
maringaké pasemon marang para
sekabaté, sing maksudé supaya tansah
padha ndedonga lan aja padha semplah.
[2] Gusti Yésus ngandika: "Ing sawijining
kutha ana hakim sing ora wedi karo
Gusti Allah lan ora mreduli karo wong.
[3] Ing kutha kono uga ana randha sing
bola-bali nekani hakim mau lan nyuwun
kaadilan tumrap enggoné prekaran,
aturé: ‘Anggèn kawula prekawisan
kaliyan tiyang menika mugi panjenengan
réncangi.’
[4] Nganti sawetara lawasé hakim mau
ora gelem mbiyantu. Nanging wekasané
hakim mau nggagas mengkéné:
‘Senajan aku ora wedi karo Gusti Allah,
lan ora preduli karo wong,
[5] nanging merga randha iki pijer
teka waé ngganggu aku, luwih becik
prekarané nuli dakadilané, supaya wong
kuwi ora bola-bali teka lan wekasané
ngamuk aku.’"
[6] Pangandikané Gusti Yésus: "Padha
titènana apa sing dikandhakaké déning
hakim sing sewenang-wenang mau!
[7] Yèn umaté Allah rina wengi padha
nyuwun tulung, apa Gusti Allah ora

nuli bakal paring adil marang umaté
mau? Apa Panjenengané arep nyenyuwé
enggoné paring pitulungan?
8 Ngandela, Panjenengané bakal énggal
paring adil! Nanging menawa Putrané
Manungsa mbésuk rawuh, apa ing
bumi kéné isih ana wong sing duwé
pengandel?"
9 Gusti Yésus nuli maringaké pasemon
sing katujokaké marang wong-wong
sing nganggep awaké dhéwé sampurna,
sarta ngrèmèhaké wong liya.
10 Pangandikané: "Ana wong loro padha
mlebu ing Pedalemané Allah, arep
ndedonga. Sing siji wong Farisi, lan sing
sijiné pegawé pajeg.
11 Wong Farisi mau ngadeg ing
panggonan sing gampang katon ing
wong lan ndedonga mengkéné: ‘Dhuh
Allah, kawula ngaturaken panuwun
dhateng Panjenengan, awit kawula
mboten sami kaliyan tiyang-tiyang sanès
ingkang srakah, ingkang remen ngapusi,
ingkang lampah jina, lan mboten sami
kaliyan pegawé pajeg menika.
12 Saben seminggu kula siyam kaping
kalih, sarta saprasedasanipun pamedal
kawula, kawula sedhekahaken.’

13 Nanging pegawé pajeg mau ngadeg
ana ing kadohan, malah ndangak waé
ora wani, mung tebah-tebah dhadha,
sarta matur mengkéné: ‘Dhuh Allah,
kawula tiyang dosa, mugi Panjenengan
welasi.’"
14 "Ngandela, saungkuré saka ing
papan kono, pegawé pajeg mau sing
pandongané ketrima déning Gusti Allah,
dudu wong Farisi mau. Awit saben wong
sing ngluhuraké awaké dhéwé, bakal
diasoraké, déné wong sing ngasoraké
awaké dhéwé, kuwi bakal diluhuraké."
15 Nuli ana wong sing padha teka
nyowanaké anaké sing isih cilik-cilik
marang ngarsané Gusti Yésus, supaya
padha ditumpangi asta sarta diberkahi.
Bareng weruh sing mengkono mau
para sekabat padha nepsu marang
wong-wong mau.
16 Nanging Gusti Yésus nimbali wong-
wong sing padha arep nyowanaké
anak-anaké mau sarta ngandika:
"Karebèn bocah-bocah kuwi marek
marang Aku, awit wong sing kaya bocah
kuwi sing padha dadi umat ing Kratoné
Allah.

17 Élinga, wong sing pambangun-turuté
ora kaya bocah cilik iki, ora bisa dadi
umat ing Kratoné Allah."
18 Ana sawijining panuntuné wong
Yahudi nyuwun pirsa marang Gusti
Yésus: "Guru ingkang utami; menapa
ingkang kedah kula lampahi, supados
angsal gesang ingkang sejatos?"
19 Pangandikané Gusti Yésus: "Yagéné
kowé ngarani Aku utama? Ora ana wong
siji waé sing utama, sing utama kuwi
mung Gusti Allah piyambak.
20 Kowé mesthiné wis ngerti surasané
angger-angger: ‘Kowé aja laku
jina; kowé aja mematèni; kowé aja
nyenyolong; kowé aja goroh; lan
ngajènana marang bapak lan ibumu!’"
21 Wong mau mangsuli: "Kasinggihan.
Sedaya pepakèning angger-angger wau
sampun kula lampahi wiwit alit mila."
22 Nalika mireng wangsulan mau Gusti
Yésus nuli ngandika: "Isih ana saprekara
sing kudu koklakoni: Kabèh saduwèk-
duwèkmu edolana, lan edum-edumna
marang wong miskin, temah kowé bakal
olèh bandha ana ing swarga. Sawisé
kuwi nuli mrénéa mèlua Aku."

23 Bareng krungu pangandika sing
mengkono mau, wong kuwi sedhih, awit
dhèwèké sugih banget.
24 Bareng Gusti Yésus pirsa yèn wong
mau sedhih banget, nuli ngandika: "Iba
angèlé wong sugih dadi kawula ing
Kratoné Allah!
25 Luwih gampang unta mlebu ing
bolongané dom, tinimbang wong sugih
dadi kawula ing Kratoné Allah."
26 Wong-wong sing padha ngrungokaké
pangandikané Gusti Yésus mau nuli
padha nyuwun pirsa: "Menawi mekaten
sinten ingkang saged wilujeng?"
27 Pangandikané Gusti Yésus: "Apa
sing tumrapé manungsa mokal, kuwi
tumrapé Gusti Allah ora mokal."
28 Pétrus nuli matur: "Kawula sampun
sami nilar balé griya kawula sarta
ndhèrèk Panjenengan."
29 Pangandikané Gusti Yésus: "Kuwi
bener! Ngandela, saben wong sing
ninggal omahé, utawa bojoné, utawa
seduluré, utawa bapak lan ibuné, utawa
anak-anaké, merga enggoné ngabdi
lan mbangun-turut marang dhawuhé
Kratoné Gusti Allah,

30 wong kuwi mesthi bakal nampani
ganjaran tikel-matikel ing jaman saiki,
lan nampani urip langgeng ing jaman
akir."
31 Gusti Yésus nuli nimbali
sekabaté rolas, diajak misah, sarta
dipangandikani: "Padha titènana! Kita
saiki padha lunga menyang kutha
Yérusalèm, lan kabèh sing wis ditulis
déning para nabi bab Putrané Manungsa
bakal kelakon.
32 Panjenengané bakal dipasrahaké
marang wong sing dudu bangsa
Yahudi, lan bakal disawenang-wenang,
disiya-siya lan diidoni.
33 Panjenengané bakal disiksa lan
disédani; nanging ing dina kateluné
Panjenengané bakal wungu menèh."
34 Nanging para sekabat ora nyandhak
babar-pisan, apa tegesé pangandika
mau kabèh, awit pancèn kagawé samar
tumraping para sekabat, nganti padha
ora ngerti sing satemené.
35 Nalika tindaké Gusti Yésus wis mèh
tekan kutha Yérikho, ana wong wuta
lungguh ing pinggir dalan karo ngemis.

36 Bareng wong wuta mau krungu
swarané wong akèh padha liwat ing
kono, nuli takon: "Ana apa ta?"
37 Ana wong sing mangsuli: "Guru
Yésus, saka Nasarèt, lagi langkung."
38 Wong wuta mau nuli nguwuh-uwuh:
"Gusti Yésus tedhakipun Sang Prabu
Dawud! Kawula mugi Panjenengan
welasi!"
39 Wong-wong sing ana ing ngarepé
padha nyendhu, akon meneng. Nanging
wong wuta mau malah saya seru
panguwuhé: "Gusti, putranipun Sang
Prabu Dawud, kawula mugi Panjenengan
welasi!"
40 Gusti Yésus nuli mandheg, lan
dhawuh supaya wong wuta mau dituntun
marek ing ngarsané. Sawisé tekan ing
ngarsané Gusti Yésus, Gusti nuli ndangu:
41 "Aku kokkon nindakaké apa marang
kowé?" Wong wuta mau mangsuli:
"Gusti, kawula kepéngin saged
sumerep."
42 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong mau: "Ya, kowé ndelenga.
Pangandelmu sing marasaké kowé."
43 Sanalika iku uga wong wuta mau bisa
ndeleng, nuli ndhèrèkaké tindaké Gusti

Yésus, karo memuji marang Pangéran.
Kabèh wong sing nyipati lelakon mau iya
nuli padha memuji marang Gusti Allah.

19 1 Yésus banjur lumebet ing
Yèrikho lan tindak nratas kutha
kono.
2 Ing kono ana wong aran Zakhéus,
juru-tagih-pajeg kang sugih.
3 Wong mau ngudi bisané ndeleng Yésus
iku kaya apa, nanging ora bisa marga
kaling-kalingan wong akèh, jalaran saka
cendhèking dedegé.
4 Mulané banjur lumayu ndhisiki wong
akèh, nuli mènèk wit anjir supaya bisa
ndeleng Yésus, kang bakal miyos kono.
5 Nalika tindaké Yésus tekan panggonan
kono, banjur tumenga lan ngandika,
"Zakhéus, énggal mudhuna, amarga dina
iki Aku prelu lerem ana ing omahmu."
6 Zakhéus énggal-énggal mudhun lan
nampi Yésus kanthi bungah.
7 Nanging wong kabèh kang weruh
padha kedumelan, pangucapé, "Kok
karsa lerem ana ing omahé wong dosa."
8 Nanging Zakhéus banjur ngadeg lan
munjuk marang Gusti, "Gusti, sabarang
gadhahan kawula, ingkang sapalih badhé
kawula sukakaken dhateng tiyang miskin

sarta manawi wonten tiyang ingkang
sakinten kawula peres, bandha peresan
wau badhé kawula wangsulaken tikel
sekawan."
9 Pangandikané Yésus, "Ing dina iki
brayat kéné katekan karahayon, amarga
wong iki iya tedhaké Abraham.
10 Sabab Putraning Manungsa iku
rawuhé prelu nggolèki lan mitulungi
rahayu wong kang ketriwal."
11 Yésus banjur paring pasemon
marang wong kang padha ngrungokaké
pangandikané, sabab tindaké wus cedhak
kutha Yérusalèm sarta panyanané wong-
wong mau yèn Kratoning Allah bakal
énggal kababar.
12 Panjenengané banjur ngandika, "Ana
priyagung tindak menyang sawijining
negara kang adoh, panjenengané bakal
kajumenengaké raja ana ing kana,
sawisé iku nuli kondur.
13 Banjur nimbali abdiné sapuluh,
padha kapasrahan dhuwit sapuluh mina,
pangandikané: Dhuwit iki anggonen
dagang nganti tumeka sakondurku.
14 Nanging panjenengané iku disengiti
déning wong-wong ing negarané, mulané
tumuli padha nusuli kongkonan, padha

dikon munjuk: Kawula sami mboten
trimah, manawi tiyang punika jumeneng
raja, ngerèh kawula sadaya.
15 Kacarita nalika panjenengané kondur,
sawusé kajumenengaké raja, banjur
dhawuh nimbali para abdiné, kang
padha dipasrahi dhuwit, awit kepéngin
nguningani bebathèné siji-siji anggoné
laku dagang.
16 Wong kang kapisan séba lan munjuk:
Gusti, arta panjenengan samina angsal
bathi sadasa mina.
17 Pangandikané bendarané: Apik
banget pagawéanira, hé, abdi kang
becik. Sarèhné sira wus tumemen
ing bab kang sepélé mulané sira
sunparéngaké ngwasani kutha sapuluh.
18 Nuli kang kapindho séba sarta
munjuk: Gusti, arta panjenengan samina
angsal bathi gangsal mina.
19 Pangandikané marang wong iku:
Déné sira ngwasanana kutha lima.
20 Abdi kang katelu séba lan munjuk:
Gusti, lah punika arta panjenengan
samina, kawula simpen, kawula bundheli
ing kacu.
21 Awit kula ajrih dhateng panjenengan.
Amargi panjenengan punika kereng,

karsa mundhut ingkang sanès kagungan
panjenengan, punapa déné ngundhuh
ingkang sanès sebaran panjenengan.
22 Pangandikané marang wong mau:
Hé, abdi kang ala, sira bakal dakadili
manut ujarira dhéwé. Sira wus ngerti,
menawa aku iki wong kang kereng,
kang njupuk kang dudu duwèkku, sarta
ngundhuh kang dudu sebaranku.
23 Yèn mangkono, yagéné dhuwitku
ora kokpasrahaké marang wong kang
nglakokaké dhuwit, supaya sakondurku
kenaa dakpundhut dalah saanakané.
24 Banjur ngandika marang wong-wong
kang ana ing kono: Jupuken dhuwit
samina iku, wènèhna marang kang
nggawa sapuluh mina.
25 Unjuké wong-wong mau: Gusti,
piyambakipun sampun mbekta sadasa
mina.
26 Paring wangsulané: Aku pitutur
marang kowé, saben wong kang duwé,
bakal kaparingan, nanging kang ora
duwé, bakal kapundhutan, malah iya
kang diduwèni pisan.
27 Nanging kabèh satruku iki, kang
padha ora seneng menawa aku
jumeneng rajané, iku padha ladèkna

mréné, padha patènana ana ing
ngarepku."
28 Sawusé ngandika mangkono, Yésus
banjur tindak ngrumiyini wong-wong
mau, menyang Yérusalèm.
29 Bareng wus cedhak désa Bètfagé
lan Bètania kang dumunung ing gunung
kang aran Gunung Zaitun, Yésus nuli
ngutus sakabaté loro
30 kalawan kaparingan piweling
mangkéné, "Padha menyanga ing
désa ing ngarep kaé. Salebumu ing
kono, kowé bakal mrangguli belo kuldi
cancangan, kang durung tau ditunggangi
ing wong. Iku uculana lan gawanen
mréné.
31 Lan menawa ana wong kang takon
marang kowé: Punapaa kok panjenengan
uculi, wangsulana mangkéné: Gusti
ingkang ngarsakaken."
32 Kang kautus banjur padha mangkat
lan tinemuné kaya sapangandikané
Yésus mau.
33 Nalika lagi padha nguculi kuldi mau,
wong kang duwé kuldi padha ngaruh-
aruhi, "Kénging punapa kuldinipun kok
sampéyan uculi?"

34 Wangsulané kang kautus, "Gusti
ingkang ngarsakaken."
35 Kuldiné tumuli dituntun menyang
ngarsané Yésus, banjur dilarabi jubahé,
Yésus nuli dibantu anggoné nitih belo
iku.
36 Sasuwéné tindak, para sakabaté
padha njèrèng jubahé ana ing dalan
kang dilangkungi.
37 Bareng cedhak karo Yérusalèm, ana
ing dalan kang mudhun saka Gunung
Zaitun, sakèhé murid kang ndhèrèkaké
tindaké padha wiwit giyak-giyak lan
memuji marang Allah kanthi swara cetha
marga saka anané mukjijat-mukjijat,
kang wus padha dideleng.
38 Mangkéné pangucapé, "Binerkahana
Sang Raja ingkang rawuh atas asmaning
Pangéran, tentrem-rahayu wonten ing
swarga, saha kamulyan wonten ing
ngaluhur!"
39 Ana wong Farisi sawatara kang awor
karo wong akèh, iku matur marang
Yésus, "Guru, Panjenengan mugi karsa
ndukani para murid panjenengan
punika."
40 Paring wangsulané, "Aku pitutur
marang kowé: Menawa wong-wong iku

padha meneng, watu-watu iki bakal
padha nywara sora."
41 Bareng tindaké wis saya cedhak lan
pirsa kutha iku banjur muwun,
42 Pangandikané, "Adhuh, iba beciké
menawa ing dina iki uga kowé
nyumurupi apa kang prelu kanggo
tentrem-rahayumu! Nanging ing saikiné
bab iku sinamar tumrap mripatmu.
43 Sabab bakal tumeka wektuné,
mungsuhmu padha makuwon ing
saubengmu, sarta ngepung lan ngrampid
kowé saka ing ngendi-endi.
44 Kowé bakal kagempur nganti
wrata karo lemah, bareng karo
anak-anakmu, sarta mungsuhmu ora
bakal nglestarèkaké watu siji baé
kang tumumpang ing watu liyané ing
tembokmu, awit kowé ora nyumurupi
wayahé anggoné Allah nuwèni kowé."
45 Yésus banjur lumebet ing Padaleman
Suci, wong kang padha dodolan ana ing
kono padha ditundhungi kabèh,
46 padha dipangandikani mangkéné,
"Ana tulisan: Padalemaningsun iku
dalem pamujan, kok kadadèkaké
guwaning bégal."

47 Saben dina Panjenengané memulang
ana ing Padaleman Suci. Para
pangareping imam lan para ahli
Torèt apadéné para panggedhèning
bangsa Israèl padha ngudi nyirnakaké
Panjenengané,
48 nanging padha ora ngerti patrapé
kepriyé, amarga wong kabèh padha
tansah kepranan marang Panjenengané
sarta padha kepéngin ngrungokaké
piwulangé.

20 1 Ing sawijining dina nalika Yésus
pinuju memulang marang wong
akèh ana ing Padaleman Suci sarta
martakaké Injil, para pangareping imam,
para ahli Torèt lan para pinituwa padha
sowan ing ngarsané,
2 tuwin munjuk marang Yésus, "Kula
sami kapangandikanana, menggah
anggèn Panjenengan nindakaken
samukawis sadaya punika kanthi
pangwaos punapa, saha sinten ingkang
maringi pangwaos punika dhateng
Panjenengan?"
3 Paring wangsulané Yésus, "Aku iya
arep takon saprakara marang kowé. Aku
kandhanana:

4 Pambaptisé Yohanes iku saka swarga
apa saka manungsa?"
5 Wong-wong mau banjur padha
rembugan, ujaré, "Menawa aku padha
kandha: Saka swarga, wong iku mesthi
kandha: Yagéné kowé padha ora
nganggep?
6 Nanging yèn aku padha kandha: Saka
manungsa, wong-wong mesthi bakal
padha mbenturi nganggo watu marang
kita, amarga padha yakin, yèn Yohanes
iku nabi."
7 Nuli padha matur, yèn padha ora
mangerti saka ngendi baptisané iku.
8 Yésus banjur ngandika, "Yèn
mangkono Aku iya ora gelem kandha
marang kowé, kalawan pangwasa kang
endi anggonku nglakoni samubarang
kabèh iku."
9 Yésus banjur paring pasemon
mangkéné marang wong akèh, "Ana
wong gawé pakebonan anggur, nuli
diséwakaké marang wong-wong tani,
banjur lelungan menyang papan kang
adoh nganti sawatara lawasé.
10 Bareng wus tumeka ing mangsané,
tumuli kongkonan abdi siji nemoni wong-
wong mau, padha dikon ngladèkaké

pandumaning pametuné pakebonan.
Nanging abdi iku banjur digebugi déning
wong-wong tani mau, lan dikon bali
nglenthung.
11 Sawusé mangkono wong iku
kongkonan batur liyané, nanging iku
iya digebugi lan diwirang-wirangaké
déning para wong tani mau lan dikon
bali nglenthung.
12 Sabanjuré nuli kongkonan manèh
kang kaping teluné, nanging iku iya
ditatoni déning wong-wong mau sarta
tumuli diuncalaké menyang sanjabaning
kebon.
13 Kang duwé pakebonan banjur
kandha mangkéné: Apa kang kudu
daktindakaké? Dakkongkonan anakku
kang kinasih, mesthi bakal diéringi.
14 Nanging bareng wong-wong tani
iku weruh anaké mau, banjur padha
rembugan: Iku ahli-warisé, ayo dipatèni
baé, supaya warisané dadi duwèk kita
kabèh.
15 Anaké mau banjur diuncalaké
menyang sanjabaning pakebonan
anggur sarta banjur dipatèni. Saiki
apa kang bakal dilakoni déning kang

duwé pakebonan anggur iku tumrap
wong-wong mau?
16 Kang duwé pakebonan bakal teka
lan nyirnakaké wong-wong tani mau
sarta keboné anggur banjur diséwakaké
marang wong-wong liyané." Krungu
kang mangkono iku wong-wong mau
banjur kandha, "Aja pisan-pisan nganti
kelakon mangkono!"
17 Nanging Yésus tumuli mirsani marang
wong-wong iku lan ngandika, "Menawa
mangkono apa tegésé nas iki: Watu kang
tinampik déning para juru gawé omah,
iya iku kang wus dadi watu pojokan.
18 Sapa baé kang tiba ing watu iku,
bakal ajur mumur, lan sapa baé kang
ketiban, bakal remuk."
19 Para ahli Torèt lan para pangareping
imam banjur padha ngudi nyepeng
Panjenengané sanalika iku uga, amarga
padha mangerti, yèn wong-wong iku
kang dikarsakaké ana ing pasemon mau,
nanging padha wedi marang wong akèh.
20 Marga saka iku para ahli Torèt lan
pangarepé imam-imam padha tansah
maspadakaké marang Yésus. Banjur
ngutus telik sandi kang éthok-éthok
dadi wong mursid, supaya padha njiret

Panjenengané sarana pitakonan, temah
bisa ngladèkaké Panjenengané marang
wewenang lan pangwasané gubernur.
21 Wong-wong mau padha ngaturaké
pitakonan marang Panjenengané
mangkéné, "Guru, kula sami mangertos,
bilih sadaya pangandika tuwin piwulang
Panjenengan punika leres sarta
bilih Panjenengan mboten pados
pangalembana, nanging kalayan
temen-temen mulangaken margining
Allah.
22 Kula sami kepareng ngaturaken pajeg
dhateng Kaisar punapa mboten?"
23 Nanging Yésus ora kekilapan marang
kaculikané wong-wong mau, mulané
banjur ngandika,
24 "Aku tuduhana dhuwit dinar. Iki
gambaré sapa lan iki tulisané sapa?" Atur
wangsulané kang kadangu, "Gambar lan
seratanipun Kaisar."
25 Yésus nuli ngandika, "Yèn mangkono,
Kaisar caosana apa kang wajib
kokcaosaké marang Kaisar, lan marang
Allah apa kang wajib kokcaosaké marang
Allah."
26 Dadiné wong-wong ora bisa njiret
krana pangandikané ana ing ngarepé

wong akéh. Wong-wong mau padha
kaéraman krungu paring wangsulané iku
lan banjur padha meneng.
27 Nuli ana wong Saduki sawatara,
yaiku kang ora ngakoni anané patangèn,
padha sowan ing ngarsané Yésus lan
matur pitakon marang Panjenengané,
28 "Guru, Musa paring dhawuh dhateng
kula sadaya makaten: Menawa ana wong
kang duwé sadulur lanang, tilar donya,
mangka somahé isih urip, nanging
ora tinggal anak, saduluré mau wajib
ngrabèni somahé iku, supaya bisa
nukulaké turun kanggo kang wus tilar
donya mau.
29 Kalampahan wonten sadhèrèk
jaler pitu, ingkang angka satunggal
émah-émah, wusana lajeng tilar donya
mboten tilar anak.
30 Tiyang èstri wau lajeng karabi déning
ingkang angka kalih,
31 lajeng déning ingkang angka tiga,
tuwin makaten salajengipun, urut-
urutan karabi déning sadhèrèk pitu wau,
nanging sadaya sami tilar donya mboten
tilar anak.
32 Wekasanipun tiyang èstri punika
inggih tilar donya.

33 Lah sapunika kadospundi tiyang èstri
punika, bénjing ing dinten patangèn,
lajeng sinten ingkang dados sémahipun,
amargi pitu-pitunipun sami naté dados
sémahipun?"
34 Yésus nuli paring wangsulan,
pangandikané, "Wong-wong ing
donya iki, padha omah-omah lan
diomah-omahaké,
35 nanging wong-wong kang padha
kaanggep pantes tampa panduman
ana ing donya liyané iku, lan ana ing
patangèn saka ing antarané wong
mati, iku bakal ora omah-omah lan ora
diomah-omahaké.
36 Sabab padha ora bisa mati manèh;
kaanané kaya para malaékat sarta padha
dadi putraning Allah, awit wus padha
katangèkaké.
37 Anadéné mungguh tanginé wong
mati iku, Musa iya wus mratélakaké
ana ing sajroning carita bab grumbul
eri, anggoné nyebut Pangéran: Allahé
Abraham, Allahé Ishak, tuwin Allahé
Yakub.
38 Panjenengané iku dudu Allahé wong
mati, nanging Allahé wong urip, awit

kang ana ing ngarsané kabèh iku wong
urip."
39 Krungu pangandika kang mangkono
iku banjur ana ahli Torèt sawatara matur,
"Guru, paring wangsulan Panjenengan
punika kasinggihan sanget."
40 Awit wong-wong mau wus padha
ora wani matur pitakon apa-apa manèh
marang Yésus.
41 Yésus banjur ndangu marang
wong-wong mau, "Kepriyé déné wong
kok bisa ngarani Mésias iku tedhaké
Daud,
42 mangka Daud piyambak ana ing
Kitab Masmur ngandika mangkéné:
Dhawuhé Pangéran marang Gustiku:
Sira lenggaha ana ing tengeningsun,
43 nganti tumeka mungsuhira wus
padha Ingsun dadèkaké ancik-anciking
talapakanira.
44 Dadi Daud nyebut Panjenengané,
‘Gusti’, kepriyé déné uga dadi tedhaké?"
45 Nalika wong kabèh padha
ngrungokaké, Yésus banjur ngandika
marang para sakabaté,
46 "Padha ngawékanana para ahli
Torèt, kang padha seneng mlaku-mlaku
nganggo jubah landhung lan seneng

tampa pakurmatan ana ing pasar sarta
seneng linggih ing ngarep dhéwé ana ing
papan pangibadah lan ing papan kang
ingajènan ana ing pahargyan,
47 kang padha mangan omahé randha-
randha nganti entèk, sarta kang
nasaraké wong kalawan donga kang
dawa-dawa. Wong iku mesthi bakal
tampa paukuman kang luwih abot."

21 1 Bareng Yésus tumenga,
pirsa wong-wong sugih padha
nglebokaké pisungsungé ana ing pethi
pisungsung.
2 Tumuli iya mirsani randha miskin kang
nglebokaké pisungsung rong kèpèng.
3 Banjur ngandika, "Aku pitutur marang
kowé: Satemené kang dipisungsungaké
randha miskin iku luwih akèh katimbang
wong kabèh iku.
4 Amarga wong-wong kabèh iku
ngaturaké pisungsung saka kasugihané,
nanging randha iki ngaturaké saka ing
kamiskinané, malah nyaosaké sakèhing
darbèké kang kanggo uripé."
5 Bareng ana wong sawatara kang
padha rembugan bab Padaleman Suci lan
padha ngalem déné nganggo rinengga
ing watu-watu kang éndah sarta barang

pisungsung warna-warna, Yésus banjur
ngandika,
6 "Apa kang padha kokdeleng iku -
bakal tekan wektuné ora ana watu siji
baé kang lestari tumumpang ing watu
liyané; kabèh bakal padha karubuhaké."
7 Wong-wong mau banjur padha
matur pitakon, "Guru, bénjing punapa
kelampahanipun punika? Saha punapa
ngalamatipun manawi punika badhé
kelampahan?"
8 Paring wangsulané, "Padha diwaspada,
supaya kowé aja nganti disasaraké.
Amarga bakal ana wong akèh kang
padha teka nganggo jenengku lan
kandha: Iya aku iki Panjenengané lan
iki wus ndungkap wektuné. Kowé aja
ngetut-buri wong-wong iku.
9 Sarta menawa kowé krungu pawarta
bab peperangan lan kraman, aja padha
kagèt. Awit iku kabèh mesthi kudu
kelakon dhisik, éwadéné iku durung
ateges, yèn bakal énggal tumeka ing
wekasaning jaman."
10 Panjenengané banjur ngandika
marang wong-wong mau, "Bakal ana
bangsa kang nglawan padha bangsa,
kraton nglawan padha kraton,

11 lan bakal ana lindhu kang nggegirisi
sarta ing kana-kéné bakal ana pageblug
pès lan paceklik, apadéné bakal
kelakon uga ana prakara-prakara kang
medèni tuwin ngalamat-ngalamat kang
nggegirisi saka langit.
12 Nanging sadurungé iku kabèh, kowé
bakal padha dicekel lan dikaniaya;
kowé bakal dipasrahaké menyang
papan-papan pangibadah lan ing
pakunjaran-pakunjaran sarta bakal
padha diirid marang ngarsané para
ratu lan para pangwasa marga saka
jenengku.
13 Iku bakal dadi jalarané kowé kabèh
bakal padha nglairaké paseksi.
14 Mulané sing padha mantep baé, aja
ngrancang-ngrancang dhisik bab kepriyé
anggonmu bakal mangsuli.
15 Sabab Aku dhéwé kang bakal maringi
marang kowé tembung-tembung lan
kawicaksanan, satemah kowé ora
bisa dilawan utawa dibantah déning
mungsuh-mungsuhmu.
16 Apamanèh kowé bakal iya padha
diulungaké déning wong-tuwamu,
sadulur-sadulurmu, sanak-kulawargamu
lan pawong-mitramu sarta ana

panunggalanmu sawatara kang bakal
dipatèni,
17 apadéné kowé bakal padha disengiti
déning wong kabèh marga saka
jenengku.
18 Nanging ora ana rambutmu saeler
baé kang bakal ilang.
19 Menawa kowé padha tetep mantep,
kowé bakal padha nampa uripmu."
20 "Menawa kowé nyumurupi Yérusalèm
kakepung ing wadyabala, mangertia,
yèn karuntuhané wis cedhak.
21 Ing nalika iku wong-wong kang ana
ing Yudéa padha ngungsia menyang
pagunungan, lan wong-wong kang ana
ing jero kutha padha sumingkira, sarta
wong-wong kang ana ing padésan aja
lumebu ing kutha manèh,
22 amarga, iya iku mangsa tekané
piwales, kang dadi kayektèné sabarang
kang wus katulis kabèh.
23 Nanging mesakaké banget para wong
kang lagi ngandheg, utawa kang lagi
nusoni bayi ing wektu iku! Amarga bakal
ana kasangsaran gedhé ing saindenging
nagara, lan bangsa iki bakal tampa
deduka.

24 Wong-wong mau bakal padha tiwas
kena landheping pedhang sarta bakal
padha kabandhang dadi tawananing
bangsa-bangsa kabèh, sarta Yérusalèm
bakal kaidak-idak déning bangsa kang
ora wanuh marang Allah, nganti tumeka
sarampungé jamané bangsa-bangsa
iku."
25 "Apadéné bakal ana ngalamat
ing srengéngé, ing rembulan lan ing
lintang-lintang, sarta ing bumi, para
bangsa bakal padha wedi lan bingung
marga saka gumleger lan mawalikaning
sagara.
26 Wong-wong bakal padha mati
kawedèn déning giris amarga kuwatir
marang apa kang bakal nekani jagat;
sabab kabèh pangwasaning langit bakal
gonjing.
27 Ing nalika iku wong bakal padha
nyumurupi Putraning Manungsa rawuh
nitih méga, ngagem pangwaos lan
kamulyan gedhé.
28 Anadéné menawa iku kabèh
wiwit kelakon, padha njenggèlèka
lan tumengaa, amarga wus cedhak
anggonmu bakal kaluwaran."

29 Yésus banjur paring pasemon
mangkéné, "Padha mawanga wit anjir
lan wit apa baé.
30 Menawa kowé padha nyumurupi yèn
wus padha semi, kowé padha mangerti
dhéwé, yèn wus ngarepaké mangsa
panas.
31 Mangkono uga menawa kowé
padha nyumurupi lelakon mau, padha
mangertia yèn Kratoning Allah wus
cedhak.
32 Aku pitutur marang kowé: Satemené
wong-wong jaman iki bakal ora sirna
sadurungé iku mau kelakon kabèh.
33 Langit lan bumi bakal padha sirna,
nanging pangandikaku ora bakal sirna
babar pisan."
34 "Padha jaganen awakmu dhéwé,
supaya atimu aja nganti mung mikir
bab pésta gedhèn lan endem-endeman,
apadéné kasusahaning urip, supaya
kowé tansah siyaga samangsa Dinaning
Pangéran kang rawuhé dhadhakan iku
aja nganti nempuh marang kowé kaya
kalajiret.
35 Amarga Dina iku bakal nungkeb
sakèhing wong kang dumunung ing bumi
iki.

36 Padha tansah jaga-jagaa lan
ndedongaa, supaya kowé diparingi
kakuwatan kang njalari padha ora bakal
ngalami lelakon iku lan supaya kowé
padha bisa sembada anggonmu ngadhep
Putraning Manungsa."
37 Yèn wayah awan Yésus memulang
ana ing Padaleman Suci, déné yèn bengi
miyos lan nyaré ana ing Gunung Zaitun.
38 Ésuké, nalika isih umun-umun wong
akèh padha marek marang ngarsané
ana ing Padaleman Suci, ngrungokaké
pangandikané.

22 1 Nalika samana wus ngarepaké
riyaya Roti Tanpa Ragi, kang aran
Paskah.
2 Para pangareping imam lan para ahli
Torèt padha golèk dalan, anggoné bisa
nyédani Yésus, amarga padha wedi karo
wong akèh.
3 Yudas, kang peparab Iskariot,
panunggalané sakabat rolas tumuli
kasurupan déning Iblis,
4 banjur lunga marani para pangareping
imam lan para lelurahing jaga-baya
Padaleman Suci, prelu rembugan bab
anggoné bakal ngulungaké Yésus.

5 Wong-wong padha bungah lan sarujuk
bakal padha awèh opah.
6 Yudas nyaguhi sarta wiwit nalika iku
tansah golèk dalan bisané ngulungaké
Yésus, ora nganti kasumurupan ing
wong akèh.
7 Bareng tekan dinané riyaya Roti Tanpa
Ragi, yaiku dina anggoné wong-wong
padha nyembelèh cempéning Paskah,
8 Yésus banjur ngutus Pétrus lan
Yohanes, dhawuhé, "Kowé padha lungaa,
nyawisna Paskah kang bakal padha kita
pangan."
9 Unjuké wong loro mau, "Karsa Paduka
anggèn kawula sami nyawisaken wonten
ing pundi?"
10 Paring wangsulané Yésus, "Menawa
kowé padha lumebu ing kutha, kowé
bakal kepethuk wong kang nggawa jun
isi banyu, iku banjur etutna tekan omah
kang dileboni,
11 lan kandhaa marang kang duwé
omah iku: Guru ndangu dhateng
panjenengan: Endi kamaré, sing kena
dakanggo mangan Paskah bebarengan
karo para sakabatku?
12 Wong iku banjur bakal nuduhaké
marang kowé kamar gedhé ing dhuwur

kang wus katata. Kowé padha nganakna
pacawisan ana ing kono."
13 Sakaroné banjur padha mangkat,
tinemuné iya trep kaya kang
kapangandikakaké déning Yésus.
Nuli padha nyawisaké Paskah.
14 Bareng wus tumeka ing wayahé,
Yésus banjur lenggah dhahar bebarengan
karo para rasulé.
15 Tumuli padha dipangandikani, "Aku
wus kepéngin banget dhahar Paskah iki
bebarengan karo kowé kabèh, sadurungé
Aku nandhang sangsara.
16 Awit Aku pitutur marang kowé: Aku
ora bakal mangan iku manèh, nganti iku
wus kelakon ana ing Kratoning Allah."
17 Sawusé mangkono Panjenengané
banjur mundhut tuwung, saos sokur nuli
ngandika, "Iki tampanana lan edumen
kang warata,
18 sabab Aku pitutur marang kowé:
wiwit saiki Aku ora bakal ngombé
pametuning wit anggur manèh, nganti
Kratoning Allah rawuh."
19 Tumuli mundhut roti, saos sokur,
banjur nyuwil-nyuwil roti mau
kaparingaké marang para sakabat
kalawan ngandika, "Iki badanku kang

kaparingaké marga saka kowé. Iki
tindakna minangka pangéling-éling
marang Aku."
20 Mangkono uga tuwungé, sawusé
dhahar, pangandikané, "Tuwung iki
prajanjian anyar kang sarana getihku,
kang kawutahaké marga saka kowé!
21 Nanging, delengen, tangané wong
kang ngiyanati Aku, nunggal karo Aku
ana ing méja kéné.
22 Sabab Putraning Manungsa pancèn
bakal jengkar miturut ing pepesthèné,
nanging bilai wong kang dadi margané
anggoné kaulungaké."
23 Banjur padha wiwit takon-tinakon,
panunggalané iku sapa ta kang bakal
tumindak mangkono.
24 Kacarita para sakabat iya padha
padudon bab panunggalané sapa kang
bakal dianggep gedhé dhéwé.
25 Yésus banjur ngandika marang
wong-wong mau, "Raja-rajané para
bangsa iku mréntah marang kawulané
lan kang padha ngwasani iku diarani
kang paring pangayoman.
26 Nanging kowé kabèh iku ora
mangkono, malah kang gedhé dhéwé
ana ing antaramu iku dadia kaya kang

anom dhéwé lan kang dadi panuntun
dadia kang ngladèni.
[27] Amarga sapa ta kang luwih gedhé:
kang linggih mangan, apa kang ngladèni?
Rak kang linggih mangan? Ananging
Aku iki ana ing satengah-tengahmu dadi
kang ngladèni.
[28] Kowé kabèh iku kang tansah
tetunggalan karo Aku sajroné Aku kena
ing godha-rencana.
[29] Sarta Aku wus nyawisaké Kraton
kanggo kowé kabèh kayadéné Ramaku
anggoné wus nyawisaké marang Aku,
[30] supaya kowé padha bisa mangan lan
ngombé tunggal saméja karo Aku ana
ing Kratonku. Apamanèh kowé bakal
padha linggih ing dhampar lan ngadili
taleré Israèl rolas."
[31] "Simon, Simon, weruha, Iblis banget
anggoné nginteri kowé, kaya gandum,
[32] nanging kowé wus dakdongakaké,
supaya pracayamu ora ilang. Lan
kowé, menawa wus mratobat, sadulur-
sadulurmu padha santosakna."
[33] Atur wangsulané Pétrus, "Gusti,
kawula cumadhang mbélani
Panjenengan, sanadyan ngantosa

dipun kunjara lan dumuginipun pejah
pisan."
34 Nanging Yésus ngandika, "Aku pitutur
marang kowé, Pétrus: ing dina iki bakal
ora ana jago kluruk, sadurungé kowé
nyélaki Aku nganti ping telu."
35 Yésus banjur ngandika manèh,
"Nalika kowé padha dakutus kaé, ora
nggawa wadhah dhuwit, kanthong
utawa trumpah, apa kowé tau padha
kekurangan apa-apa?"
36 Aturé para sakabat, "Mboten babar
pisan." Pangandikané Yésus, "Nanging
saiki iki, sapa kang duwé wadhah dhuwit,
gawanen, mangkono uga kang duwé
kanthong; lan kang ora duwé pedhang,
ngedola jubahé kanggo tuku.
37 Amarga Aku pitutur marang kowé,
nas ing Kitab Suci iki iya kudu kayektènan
tumraping Aku: Panjenengané bakal
kaétang kagolongaké para kraman.
Amarga apa kang katulis tumrap ing Aku
iku lagi kelakon."
38 Unjuké para sakabat, "Gusti,
punika wonten pedhang kalih." Paring
wangsulané Yésus, "Wus cukup."

39 Yésus banjur miyos tindak menyang
Gunung Zaitun kaya adaté, uga
kadhèrèkaké déning para sakabaté.
40 Sarawuhé tekan kono, para
sakabaté padha dipangandikani, "Padha
ndedongaa, supaya aja nganti kena ing
panggodha."
41 Panjenengané banjur misah dohé
kira-kira sapambalang watu, nuli
jèngkèng ndedonga, aturé,
42 "Dhuh Rama, manawi Paduka
marengaken, mugi tuwung punika
kapundhuta saking Kawula. Nanging
sampun pikajeng Kawula, namunga
karsa Paduka ingkang kalampahan."
43 Banjur diketingali malaékat saka ing
langit kang nyantosakaké Panjenengané.
44 Panjenengané giris banget lan saya
ngepeng anggoné ndedonga. Riwéné
nganti kaya tètèsing getih kang padha
tumiba ing lemah.
45 Banjur jumeneng saka anggoné
ndedonga lan tindak murugi para
sakabaté, ketemu padha turu, marga
saka sedhihé.
46 Nuli padha dipangandikani, "Yagéné
kowé padha turu? Tangia lan ndedongaa,
supaya aja padha kena ing panggodha."

47 Sajroné isih ngandika, ana wong
sagrombolan teka, kairid déning
panunggalané sakabat rolas kang
jenengé Yudas, iku banjur nyelaki Yésus
arep nucup.
48 Yésus banjur ngandika marang wong
iku, "Hé, Yudas, anggonmu ngulungaké
Putraning Manungsa apa sarana nucup?"
49 Kang padha ndhèrèk Yésus, bareng
ngerti apa kang bakal kelakon banjur
padha munjuk, "Gusti, punapa kepareng
kawula lawan srana pedhang?"
50 Ana panunggalané tumuli medhang
abdiné Imam Agung, kupingé tengen
kaperung.
51 Nanging Yésus ngandika, "Wis,
samono baé!" Kupingé banjur kaasta
kawarasaké.
52 Yésus tumuli ngandika marang para
pangareping imam lan para kepalané
jaga-baya Padaleman Suci sarta para
pinituwa kang padha teka sumedya
nyekel Panjenengané, "Apa Aku iki
kokanggep bégal, déné anggonmu
padha teka sikep gegaman pedhang lan
penthung?
53 Mangka saben dina Aku ana ing
tengahmu, ana ing Padaleman Suci,

kowé ora padha nyekel Aku. Nanging
iki wektumu, lan iya iki pangwasané
pepeteng iku."
54 Yésus banjur dicepeng lan digawa
lunga saka panggonan kono, diirid
menyang dalemé Imam Agung. Anadéné
Pétrus ngetutaké saka ing kadohan.
55 Wong-wong padha dadèn geni ana
ing satengahing plataran lan banjur
padha linggih gegeni. Pétrus iya mèlu
linggih ing kono.
56 Nuli ana abdi wadon weruh
Pétrus linggih cedhak geni, banjur
ditamataké, tumuli alok, "Wong iki iya
panunggalané."
57 Nanging Pétrus sélak, pangucapé,
"Mboten, kula mboten wanuh kalih wong
niku!"
58 Ora let suwé ana wong liyané
kang weruh Pétrus lan banjur alok,
"Sampéyan niku inggih tunggalé."
Nanging wangsulané Pétrus, "Dédé, kula
dédé."
59 Lan kira-kira let sajam ana wong
liyané manèh kang alok kanthi yakin,
"Temenan, wong iki iya tunggalé, sabab
iki iya wong Galiléa."

60 Nanging Pétrus mangsuli, pangucapé,
"Dédé, kula mboten ngerti napa sing
mang kandhakké niku." Sanalika iku
uga, nalika Pétrus ngucap mangkono
iku, ana jago kluruk.
61 Yésus banjur minger mirsani Pétrus.
Pétrus nuli kèlingan, yèn Gusti wis
ngandika, "Sadurungé jago kluruk ing
dina iki, kowé wis nyélaki Aku kaping
telu."
62 Pétrus nuli metu lan nangis
kelara-lara.
63 Yésus dipoyoki déning wong-wong,
kang padha nahan Panjenengané, sarta
digebagi.
64 Pasuryané ditutupi déning wong-
wong lan disuwuni pirsa, "Coba,
bedhèken sapa sing nggebugi Kowé iku?"
65 Kajaba iku isih akèh manèh
panguman-umané marang
Panjenengané.
66 Bareng wus ésuk, para pinituwaning
bangsa Yahudi, para pangareping imam
lan para ahli Torèt padha nganakaké
parepatan, Yésus banjur diladèkaké
marang ngarsané Pradata Agama.
67 Nuli padha ndangu, "Menawa Kowé
iki Mésias, kandhaa marang aku kabèh."

Paring wangsulané Yésus, "Sanadyan
Aku kandha marang kowé kabèh, kowé
bakal padha ora ngandel;
68 lan sanadyan Aku takon apa-apa,
kowé kabèh bakal ora mangsuli.
69 Wiwit saiki Putraning Manungsa wus
lenggah ana ing satengening Allah Kang
Mahakwasa."
70 Wong-wong mau banjur padha
ngucap, "Yèn mangkono, Kowé iku
Putraning Allah?" Paring wangsulané
Yésus, "Kowé dhéwé kang padha
kandha, yèn Aku iki Putraning Allah."
71 Banjur padha kandha, "Apa preluné
kita isih padha golèk paseksi manèh.
Kita wis padha krungu dhéwé saka
pangucapé."

23 1 Ing kono warga Pradata Agama
kabèh banjur padha ngadeg,
Yésus diladèkaké marang ngarsané
Pilatus.
2 Nuli wiwit padha nggugat, aturé,
"Kula sadaya sampun sami nyumerepi,
bilih tiyang punika nasaraken bangsa
kula, sami dipun penging ngaturaken
pajeg dhateng Kaisar, saha ngaken, bilih
piyambakipun punika Kristus, inggih
punika Raja."

3 Pilatus banjur ndangu marang Yésus,
"Punapa Panjenengan punika Rajanipun
tiyang Yahudi?" Paring wangsulané
Yésus, "Panjenengan piyambak sampun
mastani."
4 Pilatus nuli ngandika marang para
pangareping imam lan marang wong
akèh iku, "Tumraping aku wong iki ora
tinemu kaluputané."
5 Nanging wong-wong mau saya banget
panggugaté, aturé, "Tiyang punika
ngojok-ojoki rakyat supados mbaléla
kanthi piwulangipun radin ing sa-Yudéa,
kawiwitan saking Galiléa, lan sapunika
sampun dumugi ing ngriki."
6 Bareng midhanget atur mangkono iku
Pilatus banjur ndangu, apa wong iku
wong Galiléa.
7 Bareng pirsa yèn Yésus iku saka
wilayah kang kalebet bawahé Hérodès,
nuli kaladosaké marang ngarsané
Hérodès, kang ing wektu iku pinuju ana
ing Yérusalèm.
8 Bareng Hérodès pirsa Yésus, banget
renané, amarga wus suwé anggoné
kepéngin pirsa, awit wus kerep
midhanget bab Panjenengané, apadéné

ngajeng-ajeng bisané nguningani
anggoné Yésus damel mukjijat.
9 Akèh kang kadangokaké marang
Yésus, nanging Panjenengané ora paring
wangsulan babar pisan.
10 Nalika samana para pangareping
imam lan para ahli Torèt padha maju lan
ngaturaké pandakwa-pandakwa kang
abot.
11 Hérodès dalah para prajurité
banjur padha nggeguyu lan moyoki
Panjenengané, tumuli ngagemi jubah
kamulyan sarta banjur mangsulaké
marang ngarsané Pilatus.
12 Ing dina iku uga Hérodès karo Pilatus
banjur padha memitran, awit mauné
padha sesatron.
13 Pilatus banjur nimbali para
pangareping imam lan para panggedhé
sarta wong akèh, padha kadhawuhan
nglumpuk,
14 nuli padha dipangandikani,
mangkéné, "Kowé padha ngladèkaké
wong iki marang aku kokdakwa
nyasaraké rakyat. Kowé padha
sumurup dhéwé, yèn wus dakpriksa,
nanging mungguh ing aku, bab kang

kokdakwakaké kabèh tumrap wong iku,
ora tinemu.
15 Hérodès uga ora nemokaké
kesalahané, sabab wong iku banjur
dibalèkaké mréné. Satemené apa kang
ditindakaké iku ora ana kang murwat
kapatrapan paukuman pati.
16 Mulané mung bakal dakpatrapi
ukuman cemethi, banjur dakluwari."
17 [Amarga Pilatus ing dina riyaya
iku wajib ngluwari wong siji kanggo
wong-wong mau.]
18 Nanging wong kabèh mau
tumuli padha mbengok bebarengan,
"Kasirnakna tiyang punika! Barabas
kaluwarana kanggé kula sadaya!"
19 Barabas iku kalebokaké ing
pakunjaran marga kasangkut ing
kraman ing sajroning kutha lan gawé
pepati.
20 Pilatus ngandika manèh marang
wong-wong mau kanthi swara kang sora,
karsané ngluwari Yésus.
21 Nanging wong-wong padha mangsuli
kanthi swara sora uga pambengoké,
"Kasaliba, kasaliba!"
22 Pangandikané Pilatus kang kaping
teluné, "Nglakoni piala apa ta wong

iki sabeneré? Aku ora bisa nemokaké
kaluputané kang kena ing paukuman
pati. Dadi mung bakal dakpatrapi
ukuman cemethi banjur dakluwari."
23 Nanging kalawan bengok-bengok
wong-wong padha nyuwun kanthi
adreng, supaya Panjenengané kasalib,
lan wekasané wong-wong mau menang
kalawan bengok-bengoké iku.
24 Pilatus banjur ndhawuhaké
karampungan, panyuwuné wong-wong
mau dituruti.
25 Sarta nuli ngluwari wong kang
kalebokaké ing pakunjaran marga
kasangkut ing kraman lan matèni wong,
ngetrepi panyuwuné wong-wong mau,
déné Yésus nuli kapasrahaké marang
wong-wong mau supaya dipatrapi manut
sakarepé.
26 Nalika padha ngirid Yésus iku, ana
wong kang jenengé Simon, saka ing
Kiréné, kang lagi baé teka saka ing
jaban kutha, iku diendheg banjur dikon
manggul salibé Yésus lan mlaku ing
sawingkingé.
27 Sarta ana wong akèh kang padha
ndhèrèkaké Panjenengané; ing antarané

akèh wong wadon kang padha nangisi
Panjenengané.
28 Yésus nuli minger mirsani wong-wong
wadon mau lan ngandika, "Hé para
putriné Yérusalèm, aja padha nangisi
Aku, awakmu dhéwé lan anak-anakmu
baé kang padha tangisana!
29 Amarga sumurupa, bakal ana
wektuné wong padha duwé pangucap
mangkéné: Rahayu wong wadon kang
gabug lan weteng kang ora tau nglairaké
anak, sarta susu kang ora tau nusoni.
30 Wong-wong banjur bakal padha
ngucap marang gunung-gunung:
Aku padha jugrugana! Lan marang
punthuk-punthuk: Aku padha urugana!
31 Amarga menawa kaya mangkéné iki
panggawéné wong marang kayu kang
urip, saya manèh kang garing bakal
dikapakaké?"
32 Ana durjana loro kang uga padha
kairid bakal kaukum pati bebarengan
karo Panjenengané.
33 Satekané ing panggonan kang aran
Pacumplungan, Yésus banjur disalib ana
ing kono, mangkono uga durjana loro
mau, kang siji ana ing tengen, sijiné ana
ing kiwané Yésus.

34 [Yésus tumuli munjuk, "Dhuh
Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka
apunten, amargi sami mboten mangertos
punapa ingkang dipun tindakaken."]
Agemané banjur kaedum-dum sarana
kaundhi.
35 Wong akèh padha ngadeg ing kono
lan maspadakaké sakabèhé. Nanging
para panggedhé padha nyenyamah
Panjenengané, pangucapé, "Wong-wong
liya padha dipitulungi, cikbèn saiki
mitulungi awaké dhéwé, menawa pancèn
Mésias, Pilihané Allah!"
36 Mangkono uga para prajurit iya
padha moyoki Panjenengané lan padha
nyaosi anggur kecut,
37 karo ngucap, "Menawa kowé rajané
wong Yahudi, tulungana awakmu
dhéwé!"
38 Ing sandhuwuré mustakané ana
tulisan, kang uniné mangkéné, "Iki
rajané wong Yahudi."
39 Durjana kang padha digantung mau
ana siji kang ngala-ala marang Yésus,
pangucapé, "Kowé iku rak Kristus?
Énggal, tulungana awakmu dhéwé lan
aku kabèh."

40 Nanging sing siji banjur nyaruwé,
ujaré, "Apa kowé ora wedi marang Allah,
jalaran kowé tampa paukuman kang
padha?
41 Aku lan kowé iku pancèn wus
pantes diukum, padha tampa piwales
kang murwat karo panggawé kita,
bareng Panjenengané iki ora nindakaké
kaluputan apa-apa."
42 Banjur munjuk, "Dhuh Yésus, mugi
Panjenengan karsa ngèngeti dhateng
kawula, manawi Panjenengan rawuh
jumeneng Raja."
43 Paring wangsulané Yésus, "Aku
pitutur marang kowé, satemené ing dina
iki uga kowé bakal bebarengan karo Aku
ana ing Firdaus."
44 Bareng watara jam rolas, banjur ana
pepeteng kang nglimputi satanah kabèh,
nganti jam telu,
45 amarga srengéngé ora sumunar.
Kacarita gubahing Padaleman Suci
suwèk ing tengah dadi loro.
46 Yésus banjur ngandika kanthi sora,
"Dhuh Rama, kawula masrahaken
nyawa Kawula wonten ing asta Paduka."
Sawusé ngandika mangkono banjur
masrahaké nyawané.

47 Nalika panggedhéning prajurit
nyumurupi lelakon iku, tumuli
ngluhuraké Allah, pangucapé, "Nyata,
yèn wong iki tanpa kaluputan."
48 Sakèhé wong kang padha
gegrombolan nonton, bareng wus
nyumurupi apa kang kelakon mau,
padha mulih kalawan tebah-tebah
dhadha.
49 Sakèhé wong kang wus wanuh
marang Yésus, kalebu uga para
wong wadon kang padha ndhèrèkaké
Panjenengané saka Galiléa, padha
ngadeg ana ing kadohan, ndeleng
lelakon iku kabèh.
50 Ana wong kang jenengé Yusuf,
warganing Pradata Agama, wong kang
becik lan mursid.
51 Iku ora mèlu nyarujuki putusan lan
tumindaking Pradata Agama, asalé saka
Arimatéa, sawenèhing kutha Yahudi,
kang nganti-anti marang Kratoning
Allah.
52 Iku séba ing ngarsané Pilatus,
nyuwun layoné Yésus.
53 Sawusé layon diandhapaké, banjur
diulesi mori alus, sarta disarèkaké

ing kubur kang tinatah ing pepunthuk
parang, kang durung tau kanggo.
54 Nalika samana pinuju dina pacawisan,
ngarepaké Sabat.
55 Apamanèh wong-wong wadon kang
wus ndhèrèkaké Yésus saka ing Galiléa,
iku iya padha mèlu ngiringaké sarta
maspadakaké pasaréan mau lan patrap
anggoné nyarèkaké layoné.
56 Saulihé banjur padha nyawisaké
rempah-rempah wangi lan lenga jebad.
Déné ing dina Sabat padha lèrèn, netepi
angger-angger.

24 1 Ananging bareng dina kapisan
ing minggu iku, ing wayah ésuk
umun-umun, wong-wong wadon mau
padha menyang pasaréan, karo nggawa
anggi-anggi kang wus dicawisaké.
2 Watuné tinemu wus kaglimpangaké
saka ing pasaréan.
3 Bareng padha lumebu, ora nemu
layoné Yésus.
4 Nalika lagi padha ngadeg kalawan
kuwur atiné marga saka kaanan kang
mangkono iku, dumadakan ana priya
loro padha jumeneng ing cedhaké,
pangagemané mencorong.

5 Wong-wong mau padha wedi lan
padha tumungkul. Nanging priya loro
mau nuli padha ngandika mangkéné,
"Yagéné, déné kowé padha nggolèki
Kang Gesang ana ing antarané wong
mati?
6 Panjenengané ora ana ing kéné, wus
wungu. Élinga marang apa kang wis
kapangandikakaké marang kowé kabèh,
nalika isih ana ing Galiléa,
7 yaiku, yèn Putraning Manungsa
pinasthi kaulungaké marang tanganing
wong-wong dosa lan banjur kasalib,
sarta wungu ing telung dinané."
8 Wong-wong wadon iku mau iya nuli
kèlingan marang pangandikané Yésus.
9 Lan sabaliné saka ing pasaréan,
banjur padha nyritakaké iku kabèh
marang sakabat sawelas lan marang
sadulur liyané kabèh.
10 Déné wong-wong wadon mau yaiku
Maria saka Magdala, lan Yohana sarta
Maria ibuné Yakobus, tuwin wong-wong
wadon liyané kang padha bebarengan
uga nyritani marang para rasul.
11 Nanging tembung-tembungé iku
dianggep ngayawara, padha ora ngandel
marang wong-wong wadon iku.

12 Éwasamono Pétrus banjur ngadeg lan
mangkat rerikatan menyang pasaréan.
Bareng nginguk manjero, mung weruh
ulesé thok. Nuli lunga lan mikir-mikir,
apa kira-kira kang mentas kelakon iku.
13 Ing dina iku uga ana wong loro,
panunggalané para murid, arep padha
menyang désa Émaus, adohé saka
Yérusalèm watara sewelas kilomèter.
14 Wong loro mau padha rasanan
sabarang kang mentas kelakon.
15 Nalika lagi padha rasanan lan
rerembugan mau, Yésus piyambak
rawuh nyelaki lan banjur nyarengi
lakuné.
16 Nanging wong mau pandelengé
padha ketutupan, mulané padha
pangling karo Panjenengané.
17 Yésus tumuli ngandika marang wong
loro iku, "Apa kang padha kokrembug
sajroné lumaku iki?" Banjur padha
mandheg kanthi sedhih.
18 Kang siji kang jenengé Kléopas,
mangsuli, "Punapa namung Panjenengan
piyambak tiyang manca ing Yérusalèm,
ingkang mboten sumerep bab ingkang
mentas kelampahan wonten ing ngriku,

ing salebetipun sawatawis dinten
punika?"
19 Paring wangsulané, "Lelakon
apa ta iku?" Unjuké kang kadangu,
"Lelampahanipun Yésus tiyang Nazarèt,
ingkang jumeneng nabi, ingkang
kagungan pangwaos ing pandamel saha
pangandika wonten ngarsanipun Allah
sarta wonten ngajengipun bangsa kula
sadaya.
20 Nanging para pangajengipun imam
saha para pangagenging bangsa kula
sami ndhawahaken paukuman pejah
dhateng Panjenenganipun, lajeng
kasalib.
21 Mangka kula sadaya kala rumiyin
sami gadhah pangajeng-ajeng, inggih
Panjenenganipun punika ingkang rawuh
badhé ngluwari bangsa Israèl. Déné
lelampahan wau sadaya sapunika
sampun tigang dintenipun.
22 Nanging lajeng wonten tiyang èstri
sawatawis panunggilan kula ingkang
sami damel kagèt kula. Awit tiyang-tyang
èstri wau énjing umun-umun sampun
sami dhateng pasaréan,
23 nanging layonipun mboten wonten.
Lajeng sami wangsul, cariyos, bilih

sami sumerep malaékat, ingkang sami
ngandika, bilih Panjenenganipun wungu
saking sédanipun.
24 Nunten wonten kanca kula sawatawis
ingkang sami dhateng pasaréan,
pinanggihipun pancèn leres kados
ingkang dipun cariyosaken para tiyang
èstri wau, sami mboten sumerep
Panjenenganipun."
25 Yésus tumuli ngandika marang
wong-wong mau, "Hé wong kang padha
cupet nalaré lan lamban pamikiré, temah
ora pracaya marang samubarang kabèh,
kang wus kapangandikakaké déning
para nabi!
26 Mésias apa ora pinasthi nglampahi
iku mau kabèh, banjur lagi nampi
kamulyané?"
27 Yésus tumuli njlèntrèhaké sabarang
kang wus katulis ing Kitab Suci, bab
Panjenengané, wiwit kitab-kitabé Musa
lan kitab-kitabé para nabi.
28 Bareng wus cedhak désa kang
diparani, Yésus kaya-kaya arep
nglajengaké tindaké.
29 Nanging dicandhet déning wong-
wong mau, unjuké, "Kula aturi pinarak
wonten ing griya kula, awit sampun

badhé dalu, surya sampun serap."
Panjenengané iya banjur lumebet karo
wong-wong mau.
30 Bareng lenggah arep dhahar
bebarengan, nuli mundhut roti, diberkahi
banjur dicuwil-cuwil, diparingaké marang
sakaroné.
31 Sanalika, mripaté wong loro iku
banjur kabuka, temah ora pangling karo
Panjenengané, nanging Yésus banjur
ilang saka ing pandelengé.
32 Wong loro mau tumuli padha
sapocapan mangkéné, "Atiku rak
wus padha mangah-mangah, nalika
Panjenengané ngandika marang
aku kabèh ana ing dalan lan nalika
Panjenengané nerangaké Kitab Suci
mau?"
33 Sanalika iku uga, banjur padha
ngadeg lan bali menyang Yérusalèm.
Ana ing kono padha weruh sakabat
sawelas padha ngumpul bebarengan
karo para sadulur-sadulur liyané,
34 sarta padha ngucap, "Gusti nyata yèn
wus wungu lan wus ngatingal marang
Simon."
35 Wong loro mau iya tumuli nyaritakaké
lelakoné sajroné ana ing dalan,

sarta anggoné ora pangling manèh
marang Yésus, bareng Panjenengané
nyuwil-nyuwil roti.
36 Nalika padha rembugan bab iku
mau, Yésus dumadakan jumeneng
ana ing tengahé sarta ngandika,
"Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh."
37 Kabèh padha kagèt kaworan wedi,
lan ngira weruh memedi.
38 Nanging Panjenengané banjur
ngandika, "Yagéné kowé padha kagèt lan
apa sababé déné kowé padha kethukulan
rasa mangu-mangu ana ing sajroning
atimu?
39 Delengen tanganku lan sikilku:
Iki Aku dhéwé; grayangana Aku lan
satitèkna, yèn memedi rak ora ana
dagingé lan balungé, kaya kang padha
kokdeleng ana ing Aku iki."
40 Ngandika mangkono iku karo
nedahaké astané lan sampéyané.
41 Bareng kabèh durung padha ngandel
marga saka bungahé lan isih padha
kaéraman, Panjenengané nuli ngandika,
"Ing kéné apa ana kang kena dipangan?"
42 Banjur dicaosi iwak gorèngan sairis.
43 Iku tumuli ditampani lan didhahar
ana ing ngarépé wong-wong mau.

44 Banjur padha dipangandikani
mangkéné, "Iki pituturku kang
dakkandhakaké marang kowé kabèh,
nalika Aku isih nunggal karo kowé, yaiku
yèn kabèh kang wus katulisan tumraping
Aku ana ing sajroning kitab Torèté Musa
lan kitabé para nabi sarta kitab Mazmur,
iku kudu kelakon."
45 Panjenengané banjur mbukak
pikirané wong-wong mau supaya padha
ngerti marang Kitab Suci.
46 Pangandikané, "Ana tulisan
mangkéné: Mésias pinasthi nandhang
sangsara lan ing telung dinané wungu
saka ing antarané wong mati.
47 Karodéné manèh: pawarta bab
pamratobat lan apuraning dosa kudu
kaundhangaké marang sakèhing bangsa
atas asmané, wiwit saka ing Yérusalèm.
48 Déné kowé kang padha dadi seksiné
bab iku mau kabèh.
49 Sabanjuré kowé bakal padha
dakkirimi apa kang wus dijanjèkaké
déning Ramaku. Nanging kowé padha
anaa ing kutha kéné dhisik, nganti kowé
wus padha kaparingan kasektèn saka
ing ngaluhur."

50 Sawusé mangkono para muridé
banjur kadhawuhan ndhèrèk Yésus
menyang jaban kutha, ing sacedhaké
Bétania. Ana ing kono Panjenengané nuli
ngangkat astané, para muridé padha
diberkahi,
51 lan nalika mberkahi mau,
Panjenengané banjur nilar para
muridé tuwin mitrané menyang swarga.
52 Para murid banjur padha sujud
nyembah marang Panjenengané, nuli
padha bali menyang Yérusalèm kalawan
bungah banget,
53 sarta tansah padha ana ing
Padaleman Suci lan ngluhuraké Allah.

Yohanes

1 [1] Ing kala purwa Sang Sabda iku wus
ana, déné Sang Sabda iku nunggil
karo Allah sarta Sang Sabda iku Allah.
[2] Panjenengané iku wiwit ing kala purwa
wus nunggil karo Allah.
[3] Samubarang kabèh katitahaké déning
Panjenengané, lan samubarang kang
dumadi ora ana sawiji-wijia kang ora
katitahaké déning Panjenengané.
[4] Ana ing Panjenengané iku dununging
urip, sarta urip iku kang dadi
pepadhanging manungsa.
[5] Pepadhang iku sumunar sajroning
pepeteng, sarta ora kalindhih déning
pepeteng.
[6] Ana priya rawuh kautus déning Allah,
asmané Yohanes.
[7] Rawuhé dadi seksi, kapatah neksèni
bab pepadhang, supaya alantaran
panjenengané, wong kabèh padha
pracaya.
[8] Panjenengané iku dudu pepadhang
piyambak, mung kapatah neksèni bab
pepadhang.

9 Pepadhang kang sejati kang madhangi
saben wong, iku lagi ngrawuhi jagat.
10 Panjenengané wus ana ing jagat,
lan jagat iku katitahaké déning
Panjenengané, nanging jagat iku ora
wanuh marang Panjenengané.
11 Rawuhé murugi kagungané, nanging
para kagungané iku ora gelem nampani.
12 Nanging sakèhé wong kang nampani
Panjenengané iku kaparingan wewenang
dadi para putraning Allah, yaiku wong
kabèh kang padha pracaya marang
asmané,
13 kang lairé ora saka ing getih, iya ora
saka kareping daging utawa saka karepé
wong lanang, nanging saka ing Allah.
14 Sang Sabda wus dadi manungsa,
sarta dedalem ana ing antara kita,
sarta aku lan kowé kabèh wus padha
nyawang kamulyané, yaiku kamulyan
kang kaparingaké marang Panjenengané
yaiku Putra Ontang-antingé Sang Rama,
kang kapenuhan ing sih-rahmat lan
kayektèn.
15 Yohanes neksèni bab Panjenengané
sarta nywanten sora, pangandikané, "Iya
Panjenengané iku kang dakkarepaké
nalika aku pitutur mangkéné:

Panjenengané kang rawuh nungka aku
wus ngrumiyini aku, amarga anané
sadurungé aku."
16 Amarga saka kasampurnané, kita
kabèh wus tampa ganjaran sih-rahmat
kang tanpa kendhat.
17 Sabab angger-angger iku anggoné
kaparingaké lantaran Musa, déné
sih-rahmat lan kayektèn iku pinangkané
saka Yésus Kristus.
18 Ora ana wong siji-sijia kang wus tau
weruh Allah. Sang Putra Ontang-anting
kang ana ing pangkoné Sang Rama, iku
kang nerangaké kawontenané.
19 Iki paseksiné Yohanes nalika wong
Yahudi saka Yérusalèm kongkonan para
imam lan para wong Lèwi, supaya matur
pitakon, "Panjenengan punika sinten?"
20 Yohanes ngaken kanthi barès, "Aku
iki dudu Kristus."
21 Kang dikongkon banjur padha matur
pitakon, "Manawi makaten panjenengan
punika sinten? Punapa Élia?" Yohanes
paring wangsulan, "Dudu."
22 Ing kono kang dikongkon padha
matur, "Panjenengan punika sinten,
supados kula sadaya sami saged
mratélakaken dhateng ingkang

ngèngkèn kula. Pangaken panjenengan
tumrap sarira panjenengan kados
pundi?"
23 Pangandikané Yohanes, "Aku iki
swarané wong kang nywara sora ana
ing pasamunan: Padha nglencengna
margi ambah-ambahané Pangéran! Kaya
kang wus dipangandikakaké déning Nabi
Yésaya."
24 Ing antarané para kang dikongkon
mau ana wong Farisi sawatara.
25 Banjur padha nyuwun pirsa manèh,
"Punapaa déné panjenengan mbaptis,
manawi panjenengan sanès Kristus,
sanès Élia, sanès nabi?"
26 Yohanes mangsuli, pangandikané,
"Aku mbaptis nganggo banyu; nanging
ing satengahmu Panjenengané wus
jumeneng, kowé padha ora wanuh,
27 yaiku Panjenengané, kang rawuhé
nungka aku. Sanadyan mung nguculi
talining trumpahé baé aku ora patut."
28 Mungguh kelakoné iku mau ana
ing Bétania, ing sabrangé kali Yordan,
panggonané Yohanes mbaptis.
29 Ésuké Yohanes pirsa Yésus murugi;
panjenengané banjur ngandika,

"Delengen iku Cempéning Allah kang
mbirat dosané jagat.
30 Iya Panjenengané iku kang
dakkarepaké nalika aku kandha
mangkéné: Ana Priya rawuh nungka
aku, kang wus ngrumiyini aku, amarga
anané sadurungé aku.
31 Mauné aku dhéwé iya ora wanuh
marang Panjenengané, mulané aku teka
lan mbaptis nganggo banyu supaya
Banisraèl wanuh marang Panjenengané."
32 Lan manèh paseksiné Yohanes
mangkéné, "Aku wus ndeleng Roh
tumedhak saka swarga kaya manuk
dara, dedalem ing sarirané.
33 Mauné aku iya ora wanuh marang
Panjenengané, nanging kang ngutus aku
mbaptis nganggo banyu, wus ngandika:
Menawa sira weruh Roh iku nedhaki
sawenèhing wong lan dedalem ing
sarirané, Panjenengané iku kang bakal
mbaptis sarana Roh Suci.
34 Aku wus ndeleng lan neksèni yèn
Panjenengané iku Putraning Allah."
35 Ésuké Yohanes jumeneng ana ing
papan kono manèh, karo muridé loro.
36 Nalika pirsa Yésus langkung, Yohanes
ngandika, "Lah iku Cempéning Allah!"

37 Muridé loro mau padha krungu
anggoné Yohanes ngandika mangkono
iku, banjur ndhèrèkaké tindaké Yésus.
38 Nanging Yésus tumuli nolèh.
Panjenengané pirsa menawa murid mau
padha ndhèrèkaké, banjur ngandika,
"Kowé padha golèk apa?" Aturé kang
padha kadangu, "Rabbi, pakèndelan
Panjenengan wonten ing pundi?" (Rabbi
tegesé: Guru.)
39 Pangandikané Yésus, "Ayo, kowé
bakal padha weruh!" Banjur padha
sowan lan weruh pakèndelané, sarta ing
dina iku banjur padha manggon ing kono
karo Panjenengané; déné mungguh
wayahé iku watara jam papat.
40 Murid loro kang wus krungu
pangandikané Yohanes banjur
ndhèrèkaké Yésus mau, kang siji yaiku
Andréas, saduluré Simon Pétrus.
41 Dhisiké Andréas ketemu karo Simon,
saduluré, banjur dikandhani, "Aku wus
padha ketemu karo Mésias (tegesé:
Kristus)."
42 Simon mau nuli diirid menyang
ngarsané Yésus. Yésus banjur mirsani
marang Simon sarta ngandika, "Kowé
iku Simon anaké Yohanes. Kowé bakal

dijenengaké Kéfas (tegesé: Pétrus)."
(tegesé: Pétrus).
43 Ésuké manèh Yésus karsa tindak
menyang Galiléa. Panjenengané
pinanggih karo Filipus, banjur ngandika,
"Mèlua Aku!"
44 Filipus mau wong saka Bètsaida,
kuthané Andréas lan Pétrus.
45 Filipus ketemu Natanaèl, banjur
dikandhani mangkéné, "Aku wus padha
ketemu karo kang kasebutaké déning
Musa ing sajroning Kitab Torèt sarta
déning para nabi, yaiku Yésus, putrané
Yusuf, saka Nasarèt."
46 Pangucapé Natanaèl, "Apa ana
barang kang becik saka Nasarèt?"
47 Wangsulané Filipus, "Ayo, delengen
dhéwé!" Bareng Yésus pirsa Natanaèl
sowan ing ngarsané, banjur ngandika,
"Lah, iku wong Israèl sejati, kang ora
kadunungan cidra."
48 Natanaèl banjur munjuk,
"Panjenengan nguningani kawula
saking pundi?" Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Sadurungé Filipus
ngajak kowé, Aku weruh kowé ana ing
sangisoré wit anjir."

49 Natanaèl munjuk manèh, "Rabbi,
Panjenengan punika Putranipun Allah,
Panjenengan punika Rajanipun Israèl."
50 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Amarga Aku pitutur
marang kowé: Aku weruh kowé ana ing
sangisoré wit anjir, kowé banjur pracaya?
Kowé bakal weruh lelakon-lelakon kang
luwih nggumunaké katimbang karo iku."
51 Yésus banjur ngandika, mangkéné,
"Satemené Aku pitutur marang kowé,
kowé bakal padha weruh langit menga,
lan para malaékaté Allah padha
munggah-mudhun marang Putraning
Manungsa."

2 1 Ing dina kateluné ana pésta mantu
ing Kana, wilayah Galiléa, sarta ibuné
Yésus ana ing kono.
2 Yésus dalah para sakabaté uga diulemi
mrono.
3 Bareng padha kekurangan anggur,
ibuné Yésus nuli ngandika marang
Panjenengané, "Padha kentèkan
anggur."
4 Pangandikané Yésus, "Ibu,
panjenengan ngersakaken punapa
dhateng Kula? Dèrèng dumugi wekdal
Kula."

5 Nanging ibuné Yésus banjur dhawuh
marang para peladèn, "Apa sadhawuhé
marang kowé padha lakonana."
6 Ing kono ana genthong watu wadhah
banyu enem, sadhiyan kanggo sesuci
manut adaté wong Yahudi, isiné saben
genthong mau rong klenthing utawa
telung klenthing.
7 Yésus nuli dhawuh marang para
peladèn mau, "Genthongé pada
kebakana banyu!" Tumuli diisèni nganti
kebak.
8 Yésus banjur ngandika, "Saiki
cidhuken, lan aturna marang pitayaning
gawé!" Banjur padha ngaturaké.
9 Pitayaning gawé iku bareng ngicipi
banyu kang wus dadi anggur mau -- lan
ora mangerti saka ngendi pinangkané,
awit kang mangerti mung para peladèn
kang padha nyidhuki banyuné -- nuli
ngaturi pangantèn lanang,
10 sarta matur, "Saben tiyang nyegah
anggur punika ingkang saé rumiyin, lan
sasampunipun para tamu ngunjukipun
kathah lajeng nyegahaken ingkang
kirang saé. Nanging panjenengan kok
nyimpen anggur ingkang saé ngantos
sapunika."

11 Prakara iku mau katindakaké Yésus
ing Kana wilayah Galiléa, dadi wiwitaning
mukjijat-mukjijat lan sarana mangkono
Panjenengané wus mbabaraké
kaluhurané. Para sakabaté nuli padha
pracaya marang Panjenengané.
12 Sawusé mangkono Yésus banjur
tindak menyang Kapèrnaum, bebarengan
karo kang ibu lan para sadhèrèké tuwin
para sakabaté, lan ana ing kono mung
padha kèndel sawatara dina baé.
13 Nalika ngarepaké riyaya Paskahé
wong Yahudi, Yésus tindak menyang
Yérusalèm.
14 Ana ing Padaleman Suci Yésus pirsa
wong-wong kang adol sapi, wedhus,
manuk dara, apadéné wong-wong
préyalan padha dhasar ana ing kono.
15 Panjenengané mundhut tampar
kagem pecut, banjur nundhungi
wong-wong mau kabèh dalah wedhusé
lan sapiné, saka ing Padaleman Suci.
Dhuwité préyalan padha disuntaki,
méjané padha digolingaké.
16 Bakul-bakul dara padha kadhawuhan
mangkéné, "Kabèh iki padha singkirna
saka ing kéné! Padalemané Ramaku aja
kokanggo papan bakulan."

17 Para sakabaté tumuli padha kèlingan
menawa ana tulisan mangkéné,
"Katresnan Kawula dhateng Padaleman
Paduka punika ngantos nggrantesaken
manah Kawula."
18 Wong-wong Yahudi nuli padha matur
marang Yésus, "Panjenengan saged
damel mukjijat punapa ingkang saged
Panjenengan katingalaken dhateng
kula sadaya, bilih Panjenengan wenang
nindakaken kados makaten?"
19 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Bubrahen Padaleman
Suci iki, sajroning telung dina bakal
dakadegaké manèh."
20 Unjuké wong Yahudi, "Padaleman
Suci punika kabangun ing salebetipun
kawan dasa enem taun, mangka
Panjenengan kok badhé ngadegaken
salebeting tigang dinten?"
21 Nanging kang dipangandikakaké
Padaleman Suci iku sarirané piyambak.
22 Ing tembé, sawusé Yésus wungu saka
ing antarané wong mati, para sakabaté
lagi padha kèlingan, yèn Panjenengané
wis tau ngandika mangkono mau, banjur
padha pracaya marang Kitab Suci lan

marang pangandika kang kadhawuhaké
déning Yésus.
23 Nalika Yésus ana ing Yérusalèm
sajroné riyaya Paskah, wong akèh padha
pracaya marang Panjenengané, amarga
padha weruh mukjijat-mukjijat kang
katindakaké.
24 Ananging Yésus piyambak ora
nganggep marang pracayané wong-
wong mau, karana Panjenengané wus
pirsa wong-wong mau,
25 sarta ora prelu ana wong kang
nyaosi paseksi bab manungsa marang
Panjenengané, jalaran Panjenengané wis
pirsa piyambak apa kang ana ing batiné
manungsa.
3 1 Ana wong Farisi jenengé
Nikodémus, pangarepé wong
Yahudi,
2 sowan ing ngarsané Yésus ing wayah
bengi, sarta munjuk, "Rabbi, kawula
sami mangertos bilih rawuh Panjenengan
dados guru punika kautus déning Allah,
amargi mboten wonten tiyang ingkang
saged nindakaken pratandha kados
ingkang Panjenengan tindakaken punika,
manawi Allah mboten nunggil."

3 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Satemené Aku
pitutur marang kowé: menawa wong
ora kalairaké manèh, iku ora bisa weruh
Kratoning Allah."
4 Unjuké Nikodémus, "Kadospundi
sagedipun tiyang kalairaken, manawi
sampun sepuh? Punapa saged lumebet
malih dhateng guwa-garbaning ibunipun,
lajeng kalairaken malih?"
5 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Satemené Aku
pitutur marang kowé: menawa wong ora
kalairaké saka banyu lan Roh, iku ora
bisa lumebu ing Kratoning Allah.
6 Apa kang lair saka ing daging, iku
asipat daging lan apa kang lair saka Roh,
iku asipat roh.
7 Aja gumun, déné Aku pitutur marang
kowé: Kowé kudu padha kalairaké
manèh.
8 Angin iku mididé manut ing sakarepé,
lan kowé krungu sumiyuté, nanging ora
mangerti pinangkané lan parané. Kaya
mangkono iku kaanané saben wong
kang kalairaké saka ing Roh!"

9 Nikodémus munjuk, aturé, "Prakawis
punika sagedipun kalampahan
kadospundi?"
10 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Kowé iku guruné
wong Israèl, kok ora mangerti prakara
iku?
11 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Kang padha dakrembug iku, iya kang
padha daksumurupi, sarta kang padha
dakseksèni iya kang padha daktingali,
éwadéné kowé ora padha nampani
paseksiku.
12 Menawa nalika kowé dakpituturi
bab kadonyan padha ora ngandel,
kepriyé bisamu padha ngandel saupama
daktuturana bab kaswargan?
13 Ora ana wong siji-sijia kang wus
sumengka menyang swarga, kajaba
mung Panjenengané kang wus tumurun
saka swarga, iya iku Putrané Manungsa.
14 Kayadéné Musa anggoné manjer ula
ana ing pasamunan, iya mangkono uga
Putrané Manungsa anggoné pinesthi
kapanjer,
15 supaya saben wong kang pracaya
marang Panjenengané nduwèni urip
langgeng.

16 Awitdéné Allah anggoné ngasihi
marang jagat iku nganti masrahaké Kang
Putra Ontang-anting, supaya saben wong
kang pracaya marang Panjenengané
aja nganti nemu karusakan, nanging
nduwènana urip langgeng.
17 Sabab Allah anggoné ngutus
Kang Putra ngrawuhi jagat iku ora
supaya ngadili jagat, nanging supaya
jagat kapitulungan rahayu déning
Panjenengané.
18 Sing sapa pracaya marang
Panjenengané, iku ora bakal diukum;
déné sing sapa ora pracaya, iku wus
kapatrapan paukuman, amarga ora
pracaya ing asmané Putraning Allah
kang ontang-anting.
19 Anadéné paukuman iku mangkéné:
Pepadhang iku wus tumeka ing
jagat, nanging manungsa padha
luwih rumaket marang pepeteng,
katimbang karo pepadhang, amarga
panggawé-panggawéné ala.
20 Sabab sapa baé kang nindakaké piala
mesthi sengit marang pepadhang lan
nyingkur pepadhang, supaya aja nganti
katon panggawéné kang ala iku.

21 Nanging sing sapa tumindak bener
iku marani pepadhang, supaya tetéla
yèn panggawéné iku ditindakaké ana ing
patunggilané Allah."
22 Sawisé mangkono Yésus tindak
menyang Yudéa kadhèrèkaké déning
para sakabaté; banjur kèndel ana ing
kono sarta mbaptis.
23 Déné Yohanes anggoné mbaptis ana
ing Ainon, sacedhaké Salim, awit ing
kono akèh banyuné. Wong-wong banjur
padha teka mrono supaya dibaptis,
24 awit nalika samana Yohanes durung
kalebokaké ing pakunjaran.
25 Nalika samana ana bebantahané para
muridé Yohanes karo wong Yahudi bab
sesuci.
26 Para murid mau tumuli padha sowan
marang Yohanes lan matur, "Rabbi,
tiyang ingkang sesarengan kaliyan
panjenengan wonten ing sabrangipun
lèpèn Yordan saha ingkang sampun
panjenengan seksèni punika inggih
mbaptis sarta tiyang kathah sami murugi
mrika."
27 Yohanes mangsuli, pangandikané,
"Wong ora bisa nduwéni apa-apa

menawa ora kaparingan saka ing
swarga.
28 Kowé dhéwé padha bisa gawé paseksi
yèn aku wus pitutur: Aku iki dudu
Kristus, nanging aku kautus lumaku
ndhisiki Panjenengané.
29 Kang nduwèni pangantèn wadon
iku pangantèn lanang; déné mitrané
pangantèn lanang kang ngadeg ing
sacedhaké lan nilingaké, iku bungah
banget ngrungokaké swarané pangantèn
lanang iku. Iya iku kabungahanku
lan samengko kabungahanku wus
ketutugan.
30 Panjenengané iku pinesthi saya
mundhak, nanging aku iki saya suda.
31 Kang rawuhé saka ing ngaluhur iku
ngungkuli sakabèhé, kang pinangkané
saka ing bumi iku iya saka ing bumi, lan
rembugé iya tumrap prakara-prakara
kang ana ing bumi. Kang rawuhé saka
ing swarga iku ngungkuli sakabèhé.
32 Panjenengané paring paseksi bab
apa kang wus dipirsani lan apa kang wus
dipiyarsakaké, nanging ora ana wong
siji-sijia kang nampani paseksiné.
33 Sapa kang nampani paseksiné iku,
ngakoni yèn Allah iku bener.

34 Sabab kang kautus déning Allah iku
kang ndhawuhaké pangandikané Allah,
amarga Allah anggoné maringaké Rohé
tanpa wates.
35 Sang Rama ngasihi marang Sang
Putra, sarta wus masrahaké samubarang
kabèh marang Panjenengané.
36 Sing sapa pracaya marang Sang
Putra, iku nduwèni urip langgeng,
nanging sing sapa ora mituhu marang
Sang Putra, iku bakal ora ngalami
urip, nanging malah langgeng anggoné
nampani bebenduné Allah."

4 1 Bareng Yésus pirsa yèn wong Farisi
wus padha krungu pawarta menawa
Panjenengané olèh murid sarta anggoné
mbaptis luwih akèh katimbang Yohanes,
2 sanadyan dudu Yésus piyambak kang
mbaptis, nanging para sakabaté
3 Panjenengané tumuli nilar Yudéa,
tindak wangsul menyang Galiléa.
4 Panjenengané kudu nglangkungi
Samaria.
5 Banjur rawuh ing sawijining kutha
ing Samaria, kang aran Sikhar, cedhak
karo palemahan kang biyèn diparingaké
déning Yakub marang Yusuf, putrané.

6 Ing kono ana sumuré Yakub. Yésus
kraos sayah saka anggoné tindak, banjur
lenggah ana pinggiring sumur kono.
Nalika samana kira-kira jam rolas.
7 Tumuli ana wong wadon Samaria teka
arep ngangsu. Yésus ngandika marang
wong mau, "Aku wènèhana ngombé!"
8 Déné para sakabaté wus padha
menyang kutha tuku pangan.
9 Wong wadon Samaria mau banjur
munjuk, "Kadospundi Panjenengan,
tiyang Yahudi kok mundhut ngunjuk
dhateng kula tiyang Samaria?" (Awit
wong Yahudi ora srawung karo wong
Samaria.)
10 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Menawa kowé
mangerti ing peparingé Allah, lan
sapa Panjenengané kang ngandika
marang kowé: Aku wènèhana ngombé,
mesthi kowé kang nyuwun marang
Panjenengané, banjur kowé diparingi
banyu urip."
11 Unjuké wong wadon mau, "Gusti,
Panjenengan mboten kagungan timba,
mangka sumuripun lebet, saking pundi
anggèn Panjenengan angsal toya gesang
menika?

12 menapa Panjenengan nglangkungi
leluhur kula Yakub ingkang maringaken
sumur menika dhateng bangsa kula.
Panjenenganipun ugi ngunjuk saking
sumur menika, samanten ugi para putra
dalah kéwanipun."
13 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Sapa baé kang
ngombé banyu iki bakal ngelak manèh,
14 nanging sapa baé kang ngombé
banyu pawèwèhku, bakal ora ngelak
ing salawas-lawasé. Malah banyu
pawèwèhku mau ana ing jeroné wong
iku bakal dadi sumber, kang mancur
terus tumeka ing urip langgeng."
15 Unjuké wong wadon mau, "Gusti,
kula Panjenengan paringi toya menika,
supados sampun ngantos ngelak, sarta
mboten sisah ngangsu mriki malih!"
16 Pangandikané Yésus, "Lungaa,
undangen bojomu, nuli balia mréné!"
17 Unjuké wong wadon mau, "Kula
mboten gadhah sémah." Pangandikané
Yésus, "Bener kandhamu, menawa kowé
ora duwé bojo.
18 Sabab anggonmu bebojoan wus
ambal kaping lima, mangka kang

saiki iku dudu bojomu. Pancèn bener
kandhamu kang mangkono iku."
19 Unjuké wong wadon mau, "Gusti,
sapunika kula sampun cetha, bilih
Panjenengan menika nabi.
20 Para leluhur kula anggènipun
sujud wonten redi menika, mangka
Panjenengan ngandika, bilih Yérusalèm
panggènanipun tiyang sami manembah."
21 Pangandikané Yésus, "Ngandela
marang Aku, hé, wong wadon, bakal
tumeka ing waktuné kowé padha
manembah marang Allah, ora ana
ing gunung iki, lan iya ora ana ing
Yérusalèm.
22 Kowé iku padha manembah marang
kang ora padha kokweruhi. Aku iki
padha manembah marang kang padha
dakweruhi. Awit karahayon iku mijilé
saka bangsa Yahudi.
23 Nanging bakal ana waktuné, malah
saiki wus tekan waktuné para wong
manembah kang sejati iku anggoné
padha manembah marang Allah ing
sajroning Roh lan kayektèn, awit para
wong kang kaya mangkono iku kang
dikarsakaké déning Allah.

24 Allah iku Roh, lan sapa baé
kang padha manembah marang
Panjenengané, anggoné manembah iku
kudu ing sajroning roh lan kayektèn."
25 Aturé wong wadon mau, "Kula
mangertos bilih Mésias badhé rawuh,
ingkang ugi kasebut Kristus; menika
sarawuhipun badhé nyumerepaken
samukawis dhateng kula sadaya."
26 Pangandikané Yésus, "Iya Aku iki
Panjenengané kang lagi ngandikan karo
kowé."
27 Nalika samana para sakabaté teka,
sarta padha gumun déné Yésus imbal-
pangandika karo wong wadon. Nanging
ora ana siji-sijia kang munjuk, "Punapa
ingkang Panjenengan karsakaken?"
utawa, "Tiyang punika Panjenengan
ngandikani punapa?"
28 Wong wadon mau nuli ninggal juné
ana ing kono, banjur lunga menyang
kutha lan crita marang wong-wong ing
kono,
29 "Ayo padha delengen, ing kana ana
wong kang ngandhakaké marang aku
sakèhing lelakonku. Apa sajaké wong iku
Kristus?"

30 Wong-wong mau tumuli padha
mangkat menyang sanjabané kutha
sowan marang ngarsané Yésus.
31 Nalika samana para sakabaté munjuk
marang Panjenengané, aturé, "Rabbi,
sumangga Panjenengan dhahar!"
32 Nanging Panjenengané paring
wangsulan, pangandikané, "Aku duwé
pangan kang ora padha kokmangertèni."
33 Para sakabat tumuli padha
sapocapan, "Apa ana wong kang wis
nyaosi dhahar marang Panjenengané?"
34 Pangandikané Yésus, "Kang dadi
panganku yaiku anggonku nglakoni
karsané Panjenengané kang ngutus Aku,
sarta ngrampungaké ayahané.
35 Rak ana kandhamu mangkéné:
Kurang patang sasi nuli panèn. Nanging
Aku pitutur marang kowé: Padha
delengen ing kiwa-tengenmu lan
tamatna pategalan-pategalan, kang wis
katon kuning iku mangsané dienèni.
36 Saiki uga kang padha derep wus
tampa bawon, sarta nglumpukaké woh
kang tumuju marang urip langgeng,
satemah kang nyebar lan kang derep
loro-loroné padha bungah.

37 Awit tumrap iki, bener bebasan kang
mangkéné: Kang siji nyebar, sijiné kang
ngenèni.
38 Kowé padha dakutus ngenèni kang
dudu garapanmu. Wong liya kang
padha nggarap, lan kowé kang padha
ngundhuhi pametuning garapané."
39 Sakèhing wong Samaria ing kutha
kono iku padha pracaya marang
Panjenengané awit saka paseksiné
wong wadon mau, "Panjenengané wus
mbedhèk sakèhing lelakonku."
40 Wong-wong Samaria mau bareng wis
sowan ing ngarsané Yésus, padha duwé
atur panyuwun, muga karsa lereb ana
ing omahé. Panjenengané iya banjur
lereb ana ing kono rong dina,
41 sarta mundhak akèh manèh
kang padha dadi pracaya awit saka
pangandikané,
42 lan padha tutur marang wong wadon
mau, "Aku wus padha pracaya ora marga
saka kandhamu iku, amarga aku dhéwé
wus padha ngrungokaké Panjenengané,
lan aku wus padha mangerti, yèn
Panjenengané iku nyata Pamartaning
jagat."

43 Sawisé rong dina Yésus tindhak saka
kono menyang Galiléa,
44 sabab Yésus piyambak wus neksèni
yèn nabi iku ora kajèn ana ing nagarané
dhéwé.
45 Sarawuhé ing Galiléa, wong-wong
ing kono banjur padha nampèni
Panjenengané, marga wus padha
ndeleng sakèhing pandamelé ana
ing Yérusalèm nalika riyaya, sabab
wong-wong mau uga mèlu nekani riyaya
iku.
46 Yésus tumuli rawuh manèh ing
Kana, wilayah Galiléa, panggonan
nalika Panjenengané ndamel banyu dadi
anggur. Anadéné ing Kapèrnaum ana
punggawa kraton duwé anak lanang
kang lagi lara.
47 Nalika punggawa mau krungu warta
menawa Yésus saka Yudéa rawuh ing
Galiléa, banjur sowan Panjenengané
sarta nyuwun supaya karsa rawuh
nyarasaké anaké, awit anaké iku wis
mèh mati.
48 Yésus ngandika marang punggawa
mau, "Yèn ora ndeleng pratandha lan
mukjijat, kowé ora pracaya."

49 Unjuké punggawa mau, "Gusti, mugi
karsa rawuh sadèrèngipun anak kawula
pejah."
50 Pangandikané Yésus, "Balia, anakmu
urip." Punggawa mau pracaya marang
pangandikané Yésus, banjur bali.
51 Nalika isih ana ing dalan, punggawa
mau kapethuk abdi-abdiné kang padha
nusul ngabari, menawa anaké urip.
52 Tumuli padha ditakoni, wayah apa
anaké wiwit waras. Wangsulané, "Kala
wingi siyang jam satunggal, anggènipun
mantun bentèripun."
53 Bapakné mau banjur kèlingan yèn
ing wayah iku dipangandikani Yésus,
"Anakmu urip." Punggawa kraton mau
dalah sabrayaté kabèh tumuli padha
pracaya.
54 Iku pratandha kang kapindho kang
katindakaké déning Yésus, nalika kondur
saka Yudéa menyang Galiléa.

5 1 Sawusé iku, ana riyayané wong
Yahudi, Yésus tindak menyang
Yérusalèm.
2 Ing Yérusalèm, sacedhaké Gapura
Wedhus, ana blumbang, kang ing
tembung Ibrani diarani: Bètèsda, kang
ana bangsalé lima.

3 Ing bangsal-bangsal kono akèh banget
wong lara pating gluntung: wong wuta,
wong pincang, wong lumpuh. [Padha
ngentèni kocaking banyu.
4 Awit samangsa ana malaékaté
Pangéran tumedhak ing blumbang kono
ngocak banyuné; sarta menawa banyu
mau kocak, sapa baé kang nyegur dhisik
dhéwé dadi waras, sanadyan apa baé
lelarané.]
5 Ing kono ana wong kang nandhang
lara wus telung puluh wolu taun lawasé.
6 Bareng Yésus pirsa wong mau
nggluntung ana ing kono sarta
Panjenengané nguningani menawa wong
mau wus lawas anggoné mangkono
iku, banjur dipangandikani, "Kowé apa
kepéngin waras?"
7 Atur wangsulané wong kang lara
mau, "Bendara, mboten wonten tiyang
ingkang nyemplungaken kawula dhateng
blumbang samangsa toyanipun wiwit
kocak. Angger kawula saweg murugi,
lajeng wonten tiyang sanès ingkang
nyemplung ngrumiyini kawula."
8 Yésus banjur ngandika, "Tangia,
paturonmu angkaten, lan lumakua!"

9 Sanalika wong mau dadi waras, nuli
ngangkat paturoné lan banjur mlaku.
Nanging dina iku pinuju dina Sabat.
10 Amarga saka iku wong-wong Yahudi
padha ngelokaké wong kang lagi baé
waras mau, pangucapé, "Iki dina Sabat,
kowé ora kena ngangkat paturonmu!"
11 Nanging wangsulané wong mau,
"Tiyang ingkang nyarasaken kula
punika ingkang dhawuh dhateng kula:
Paturonmu angkaten, lumakua!"
12 Wong-wong mau banjur padha takon,
"Sapa wongé kang akon marang kowé:
Paturonmu angkaten, lumakua?"
13 Nanging wong kang lagi baé waras
ora mangerti, iku sapa, amarga Yésus
wus nylimpet ana ing satengahé wong
akèh kang ana ing kono.
14 Sawisé mangkono Yésus mrangguli
wong mau ana ing Padaleman Suci,
banjur dipangandikani, "Kowé wus
waras, aja gawé dosa manèh, supaya
kowé aja nganti kataman kang luwih
banget."
15 Wongé nuli lunga, nyaritakaké
marang wong-wong Yahudi menawa
kang marasaké iku Yésus.

16 Lan marga saka iku, wong-wong
Yahudi padha ngudi arep nganiaya
Yésus, amarga Panjenengané nindakaké
kang mangkono iku ing dina Sabat.
17 Nanging Yésus ngandika, "Ramaku
makarya nganti sapréné, mulané Aku
uga nindakaké pagawéanku."
18 Marga saka iku wong Yahudi mundhak
nemen manèh anggoné ngarah nyédani
Panjenengané, awit ora ngamungaké
nerak dina Sabat baé, nanging uga
marga mastani yèn Allah iku Ramané
piyambak, dadi sarirané dipadhakaké
karo Allah.
19 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Satemené Aku
pitutur marang kowé: Sang Putra ora
bisa nindakaké apa-apa saka awaké
dhéwé, menawa Panjenengané ora
weruh kang katindakaké déning Sang
Rama. Sabab apa kang katindakaké
déning Sang Rama, iku uga katindakaké
déning Sang Putra.
20 Sabab Sang Rama ngasihi Kang
Putra sarta nedahaké sabarang
kang ditindakaké piyambak marang
Panjenengané, malah iya bakal nedahaké
marang Panjenengané pandamel kang

luwih agung manèh katimbang karo iku,
nganti kowé padha gumun.
21 Awit padha kaya Sang Rama anggoné
nangèkaké lan nguripaké wong kang
padha mati, mangkono uga Sang
Putra iya nguripaké saben wong kang
dikarsakaké.
22 Sang Rama ora ngadili sapa baé,
nanging wus masrahaké pangadilan iku
marang Sang Putra,
23 supaya wong kabèh padha ngurmati
marang Sang Putra kayadéné anggoné
ngurmati Sang Rama. Sapa kang ora
ngurmati marang Sang Putra, iku uga
ora ngurmati marang Sang Rama kang
ngutus Panjenengané.
24 Satemené Aku pitutur marang
kowé: Saben wong kang ngrungokaké
pituturku, sarta pracaya marang kang
ngutus Aku, iku nduwèni urip langgeng,
lan ora katut kaukum, jalaran wus
pindhah saka pati marang urip.
25 Satemen-temené Aku pitutur marang
kowé, bakal tumeka wektuné, malah
wus tumeka, menawa wong mati padha
krungu swantené Putraning Allah, lan
sapa kang ngrungokaké iku bakal urip.

[26] Sabab padha kaya Sang Rama
kagungan gesang ing sarirané piyambak,
mangkono uga Sang Putra iya wus
kaparengaké kagungan gesang ing
sarirané piyambak.
[27] Sarta manèh wus kaparingan
pangwasa ngasta pangadilan, amarga
Panjenengané iku Putraning Manungsa.
[28] Kowé aja padha gumun marang
prakara iku, sabab bakal tumeka
waktuné yèn sakèhing wong kang ana
ing kubur padha krungu swantené,
[29] kang kalakuané becik bakal metu
lan tangi nuju marang urip langgeng,
nanging kang kalakuané ala bakal tangi
nuju marang paukuman.
[30] Aku ora bisa nindakaké apa-apa saka
awakku dhéwé, anggonku ngadili iku
manut karo apa kang dakrungu, sarta
pangadilanku iku adil, amarga Aku ora
nuruti karepku dhéwé, nanging manut
karsané kang ngutus Aku.
[31] Menawa Aku neksèni bab awakku
dhéwé, paseksiku iku ora bener.
[32] Ana liyané kang neksèni mungguh
ing Aku lan Aku mangerti yèn paseksi
kang kalairaké bab Aku iku bener.

33 Kowé wus padha kongkonan marang
Yohanes, lan wong iku wus neksèni bab
kayektèn.
34 Nanging Aku ora mbutuhaké paseksi
saka manungsa, déné Aku tutur
mangkono iku supaya kowé padha
kapitulungan rahayu.
35 Yohanes iku minangka lampu kang
murub lan kang madhangi, nanging
kowé iku mung sawatara mangsa baé
anggonmu gelem ngrasakaké padhangé.
36 Nanging Aku iki nduwèni paseksi
kang ngungkuli paseksiné Yohanes, yaiku
sakèhing pagawéan kang kaparingaké
Sang Rama marang Aku, supaya
daktindakaké. Pagawéan iku iya kang
daktindakaké saiki, lan iku dadi paseksi
anggoné Sang Rama ngutus Aku.
37 Sang Rama kang ngutus Aku,
Panjenengané kang neksèni piyambak
mungguh ing Aku. Kowé ora tau krungu
swantené utawa nyumurupi pasuryané,
38 apadéné pangandikané ora tetep
dumunung ana ing kowé, awit kowé
padha ora pracaya marang Panjenengané
kang kautus.
39 Kowé padha nitipriksa Kitab-kitab
Suci, awit pandugamu marga saka iku

kowé nduwèni urip langgeng. Nanging
sanadyan Kitab-kitab Suci iku neksèni
bab Aku,
40 éwasamono kowé padha ora gelem
marani Aku supaya nduwèni urip iku.
41 Aku ora mbutuhaké pakurmataning
manungsa.
42 Nanging tumrap kowé, Aku wus
mangerti, menawa ing atimu padha ora
kadunungan katresnan marang Allah.
43 Tekaku iki ing asmané Ramaku,
nanging kowé padha ora nampani
Aku. Menawa ana wong liya teka demi
jenengé dhéwé iku bakal koktampani.
44 Kowé iku anggonmu bisa padha
pracaya kepriyé, déné padha ngarah
urmat-ingurmatan, mangka kaurmatan
kang saka Allah piyambak iku ora padha
kokupaya.
45 Kowé aja padha duwé pangira yèn
Aku kang bakal nggugat kowé ana ing
ngarsané Sang Rama; kang nggugat
kowé, yaiku Musa kang dadi dununging
pangarep-arepmu.
46 Sabab menawa kowé padha pracaya
marang Musa, mesthiné iya pracaya
marang Aku, amarga panjenengané wus
nyerat bab Aku.

47 Nanging menawa kowé padha ora
pracaya marang seratané Musa, kepriyé
anggonmu bakal padha pracaya marang
kang dakkandhakaké?"

6 1 Sawisé mangkono Yésus tindak
menyang sabrangé tlaga Galiléa,
yaiku Tlaga Tibérias.
2 Wong golongan padha gumrudug
ndhèrèkaké Panjenengané, amarga
padha ndeleng mukjijat kang wis
katindakaké tumrap wong-wong kang
padha lara.
3 Yésus tumuli minggah ing gunung,
banjur lenggah ana ing kono karo para
sakabaté.
4 Nalika samana wus ngarepaké Paskah,
riyayané wong Yahudi.
5 Bareng Yésus mirsani sakiwa-tengené
lan pirsa wong golongan padha
gumrudug sowan, banjur ngandika
marang Filipus, "Ing ngendi anggon kita
padha arep tuku roti, supaya wong-wong
iku bisa padha mangan?"
6 Anggoné ngandika mangkono iku
mung kagawé nyoba, awit wis pirsa
piyambak apa kang bakal katindakaké.
7 Unjuké Filipus, "Roti pangaos kalih
atus dinar mboten badhé nyekapi kanggé

tiyang samanten kathahipun punika,
sanadyan namung sami kapanduman
nyakedhik."
8 Panunggalané sakabat yaiku Andréas
saduluré Simon Pétrus, nuli munjuk,
9 "Punika wonten laré ingkang mbekta
roti gangsal iji kaliyan ulam loh kalih,
nanging punika punapa ginanipun
kanggé tiyang samanten kathahipun?"
10 Yésus ngandika, "Wong-wong iku
konen padha linggih!" Anadéné ing kono
akèh suketé, wong-wong mau banjur
padha linggih, kang lanang cacahé
watara limang èwunan.
11 Yésus tumuli mundhut roti mau, lan
sawusé saos sokur, banjur diedum-edum
marang kang padha linggih ing kono,
mangkono uga iwaké, olèhé arep padha
mangan sakarepé.
12 Sawusé padha wareg, Yésus nuli
dhawuh marang para sakabaté, "Cuwilan
turahané padha klumpukna, supaya aja
ana kang kebuwang!"
13 Banjur iya diklumpukaké, olèh rolas
wakul kebak isi cuwilan roti lima mau,
yaiku sisané kang wis padha dipangan
déning wong-wong mau.

14 Bareng wong-wong mau padha
ndeleng mukjijat kang katindakaké
déning Yésus iku, nuli padha ngucap,
"Panjenengané iku nyata Nabi kang
bakal rawuh ing jagat."
15 Sarèhné Yésus pirsa yèn sedyané
wong-wong iku padha teka arep meksa
Panjenengané kajumenengaké ratu,
banjur sumingkir minggah ing gunung
manèh piyambakan.
16 Nalika ngarepaké surup, para
sakabaté padha mudhun menyang tlaga,
banjur padha nunggang prau,
17 arep nyabrang menyang Kapérnaum.
Bareng wus wengi, Yésus durung rawuh,
18 mangka ombaké tlaga gedhé, amarga
katempuh ing angin banter.
19 Bareng olèhé padha ndhayung mau
wis olèh watara lima utawa enem
kilomèteran, padha weruh Yésus tindak
napak ing banyu nyelaki prauné,
satemah padha wedi.
20 Nanging Panjenengané banjur
ngandika, "Iki Aku, aja padha wedi!"
21 Para sakabat banjur ngaturi
Panjenengané minggah ing prau, lan
sanalika iku uga prauné tekan dharatan
kang katuju.

22 Ésuké wong akèh kang isih padha ana
ing sabranging tlaga, padha sumurup
yèn ing kono ora ana prau manèh kajaba
mung siji mau, mangka Yésus ora
nitih bareng karo sakabaté, mung para
sakabat dhéwé kang mangkat.
23 Nanging tumuli ana prau liyané
sawatara teka saka Tibérias ana ing
sacedhaké panggonan padha mangan
roti, sawusé Gusti saos sokur.
24 Bareng padha weruh yèn Yésus
ora ana ing kono dalah para sakabaté,
banjur padha nunggang prau, nusul
menyang Kapèrnaum, nggolèki Yésus.
25 Bareng wong-wong mau ketemu
Panjenengané ana ing sabrangé tlaga,
nuli padha munjuk, "Rabbi, kala punapa
anggèn Panjenengan dumugi ngriki?"
26 Yésus paring wangsulan
pangandikané, "Satemen-temené
Aku pitutur marang kowé, kowé padha
nggolèki Aku iku ora marga kowé padha
weruh pratandha, nanging marga wus
padha mangan roti nganti wareg.
27 Padha tumandanga ing gawé aja
supaya olèh pangan kang bisa rusak,
nanging supaya olèh pangan kang
bisa tahan tumeka ing urip langgeng,

kang bakal diparingaké marang kowé
déning Putraning Manungsa; marga iya
Panjenengané iku kang wus ditengeri
nganggo cap déning Allah Rama."
28 Wong-wong mau banjur padha
munjuk, "Kawula kedah sami nglampahi
menapa supados nindakaken padamelan
ingkang kakarsakaken déning Allah?"
29 Yésus paring wangsulan marang
wong-wong mau, "Iki pagawéan kang
dikarsakaké Allah, yaiku supaya kowé
padha pracaya marang kang kautus
déning Allah."
30 Unjuké wong-wong mau, "Pratandha
punapa ingkang Panjenengan
tindakaken, supados kawula saged
sami ningali sarta lajeng pitados dhateng
Panjenengan? Panjenengan nglampahi
pandamel punapa?
31 Para leluhur kawula sami nedha
manna wonten ing pasamunan, kados
ingkang sampun sinerat: Padha diparingi
roti saka ing swarga."
32 Pangandikané Yésus, "Satemen-
temené Aku pitutur marang kowé: Dudu
Musa kang maringi roti marang kowé
saka ing swarga iku, nanging Ramaku

kang maringi roti sejati kang saka
swarga marang kowé kabèh.
33 Awitdéné roti kang saka ing Allah
yaiku roti kang tumurun saka ing swarga
sarta kang nguripi jagat."
34 Unjuké wong-wong mau, "Gusti,
kawula mugi Panjenengan paringi roti
punika ing salaminipun!"
35 Pangandikané Yésus, "Aku iki rotining
urip; sing sapa marani Aku, iku ora bakal
luwé manèh, sarta sing sapa pracaya
marang Aku, iku ora bakal ngelak
manèh.
36 Nanging Aku wus mituturi kowé:
Sanadyan kowé wus padha ndeleng Aku,
éwadéné padha ora pracaya.
37 Kabèh kang diparingaké Rama
marang Aku, iku bakal padha marani
Aku. Sarta sapa kang marani Aku ora
bakal daktampik.
38 Sabab anggonku tumurun saka
swarga iku ora supaya nglakoni karepku
dhéwé, nanging karsané kang ngutus
Aku.
39 Déné karsané Rama kang ngutus
Aku iku mangkéné: Kabèh kang wus
kaparingaké marang Aku iku aja
nganti ana kang ilang, nanging supaya

daktangèkna bésuk ing wekasaning
jaman.
40 Sabab karsané Ramaku iku, yaiku
supaya saben wong kang ndeleng Kang
Putra lan pracaya marang Panjenengané,
iku nduwènana urip langgeng, sarta
supaya Aku nangèkaké bésuk ing
wekasaning jaman."
41 Wong-wong Yahudi banjur padha
nggrundeli Panjenengané, awit ana
pangandikané, mangkéné, "Aku iki roti
kang tumurun saka swarga."
42 Padha grenengan, mangkéné, "Apa
iku dudu Yésus anaké Yusuf? Aku rak
padha wanuh karo bapa lan ibuné?
Kepriyé déné duwé pangucap: Aku
tumurun saka swarga?"
43 Yésus banjur paring wangsulan,
pangandikané, "Aja padha grundelan.
44 Ora ana wong kang bisa marani
Aku, menawa ora digèndèng déning
Sang Rama kang ngutus Aku, lan Aku
bakal nangèkaké wong iku mbésuk ing
wekasaning jaman.
45 Ing kitabé para nabi ana tulisan,
mangkéné, ‘Wong kabèh bakal kawulang
déning Allah.’ Saben wong kang wus

ngrungokaké sarta nampani piwulang
saka Sang Rama, iku marani Aku.
46 Kang mangkono iku ora ateges ana
wong kang wis weruh marang Sang
Rama. Mung kang pinangkané saka ing
Allah iku kang wis ndeleng Sang Rama.
47 Satemen-temené Aku pitutur marang
kowé: Sing sapa pracaya, iku nduwèni
urip langgeng.
48 Aku iki rotining urip.
49 Leluhurmu padha mangan manna
ana ing pasamunan, lan wis padha mati.
50 Aku iki roti kang tumurun saka
swarga: Sing sapa mangan roti iki, iku
ora bakal mati.
51 Aku iki rotining urip, kang wus
tumurun saka swarga. Menawa
wong mangan roti iki, bakal urip ing
salawas-lawasé. Anadéné roti kang
dakparingaké, yaiku dagingku, kang
bakal dakparingaké kanggo uripé jagat."
52 Wong-wong Yahudi tumuli padha
padudon, pangucapé, "Wong iku kepriyé
bisané mènèhaké dagingé supaya padha
dakpangan?"
53 Yésus banjur ngandika marang
wong-wong mau, "Satemen-temené Aku
pitutur marang kowé. Menawa kowé ora

mangan dagingé Putraning Manungsa
lan ora ngombé getihé, kowé padha ora
kadunungan urip.
54 Sapa wong kang mangan dagingku
lan ngombé getihku, iku nduwèni
urip langgeng, sarta Aku kang bakal
nangèkaké mbésuk ing dina wekasaning
jaman.
55 Sabab dagingku iku pangan kang
sejati, lan getihku iku ombèn-ombèn
kang sejati.
56 Wong kang mangan dagingku lan
ngombé getihku, iku dadi tetep ana ing
Aku, lan Aku ana ing wong iku.
57 Padha kaya Rama kang gesang
ngutus Aku lan Aku urip déning Sang
Rama, mangkono uga sing sapa mangan
Aku iku iya bakal urip déning Aku.
58 Iki roti kang wus tumurun saka
swarga. Dudu roti kaya kang dipangan
déning para leluhurmu, lan banjur wus
padha mati. Sapa baé kang mangan roti
iki bakal urip ing salawas-lawasé."
59 Iku mau kabèh dipangandikakaké
Yésus ing Kapèrnaum nalika
Panjenengané mulang ana ing
papan pangibadah.

60 Bareng krungu kang mangkono mau
akèh kang padha ngucap mangkéné,
"Tetembungan iki keras temenan, kang
betah ngrungokaké baé sapa?"
61 Yésus pirsa sajroning panggalih
menawa muridé padha grenengan ing
bab iku mau, banjur dipangandikani,
"Apa tembung iki ndadèkaké kowé
kecenthok?
62 Banjur kepriyé saupama kowé padha
weruh Putraning Manungsa sumengka
menyang padunungané kang dhisik?
63 Roh iku kang nguripaké, daging ora
ana paédahé. Tembung-tembung kang
dakdhawuhaké marang kowé iku roh lan
urip.
64 Nanging ing panunggalanmu ana
kang ora pracaya." Yésus pancèn pirsa
wiwit wiwitan mula, sapa wongé kang
padha ora pracaya, lan sapa kang bakal
ngulungaké Panjenengané.
65 Panjenengané banjur ngandika,
"Mulané kowé wus padha dakdhawuhi
mangkéné: Ora ana wong kang bisa
marani Aku, kajaba menawa Sang Rama
maringi wewenang marang wong iku."

66 Wiwit nalika iku para muridé akèh
kang padha mundur, ora ndhèrèkaké
tindaké manèh.
67 Yésus ngandika marang sakabat
rolas, "Apa kowé ora padha arep lunga
uga?"
68 Atur wangsulané Simon Pétrus,
"Gusti, ingkang kawula purugi sinten?
Pangandika Panjenengan punika
pangandikaning gesang langgeng.
69 Saha kawula sampun pitados lan
sumerep, bilih Panjenengan punika
Ingkang Suci saking Allah."
70 Yésus paring wangsulan, "Rak Aku
dhéwé kang milih kowé wong rolas iki,
nanging salah sijining panunggalanmu
iku Iblis."
71 Anadéné kang dikarsakaké iku Yudas
anaké Simon Iskariot, marga iya wong
iku kang bakal ngulungalaké Yésus,
sanajan iya panunggalané sakabat rolas.

7 1 Sawusé mangkono Yésus lelana
ngideri Galiléa. Sabab Panjenengané
ora karsa mider-mider ana ing Yudéa,
awit wong Yahudi padha ngarah sédané.
2 Nalika iku ngarepaké riyayané wong
Yahudi, yaiku riyaya Tancebing Tarub.

3 Kang iku para sadhèrèké Yésus
padha matur marang Panjenengané,
"Sumangga Panjenengan tindak dhateng
Yudéa, supados para murid Panjenengan
inggih sami saged ningali pakaryan
ingkang Panjenengan tindakaken.
4 Sabab mboten wonten tiyang ingkang
tumindak kanthi sesidheman, manawi
ngangkah dados kawigatosanipun
tiyang kathah. Manawi Panjenengan
nindakaken pakaryan ingkang makaten
punika, sumangga Panjenengan
ngedhèng dhateng jagat."
5 Sabab para sadhèrèké piyambak
iya padha ora pracaya marang
Panjenengané.
6 Yésus tumuli ngandika marang para
sadhèrèké mau, "Durung tekan waktuku,
nanging tumrapé kowé kabèh, tansah
ana waktuné.
7 Jagat iku ora bisa sengit marang kowé,
nanging sengit marang Aku, amarga Aku
neksèni yèn panggawéné jagat iku ala.
8 Kowé padha mangkata nekani riyaya
iku. Aku durung mangkat mrana, amarga
durung tekan waktuku."

9 Sawisé ngandika mangkono,
Panjenengané banjur kantun ana ing
Galiléa.
10 Nanging bareng para sadhèrèké
wis mangkat nekani riyaya mau,
Panjenengané iya tindak mrana, nanging
ora ngeblak, dadi kanthi sesidheman.
11 Nalika riyaya, wong-wong Yahudi
padha nggolèki Panjenengané, lan
ngucap, "Wongé ana ing ngendi?"
12 Saka antarané wong akèh mau
kaprungu rerasanan bab Panjenengané.
Ana kang ngucap mangkéné, "Iku wong
becik." Liyané manèh, "Ora, iku nasaraké
wong akèh."
13 Éwadéné ora ana wong siji-sijia
kang wani rembugan ngeblak bab
Panjenengané, amarga padha wedi
marang wong Yahudi.
14 Bareng wus nengah-nengahi riyaya,
Yésus lumebet ing Padaleman Suci sarta
memulang.
15 Wong Yahudi padha kaéraman,
pangucapé, "Wong iku olèhé kawruh
kang kaya mangkono iku saka ing
ngendi, rak ora nganggo sinau!"

16 Yésus paring wangsulan, "Piwulangku
iki dudu piwulangku dhéwé, nanging
piwulangé kang ngutus Aku.
17 Saben wong kang gelem nglakoni
karsané, mesthi bakal mangerti
piwulangku iki, apa saka Allah, apa saka
tetembunganku dhéwé.
18 Saben wong kang rembugé saka
karepé dhéwé iku ngarah kaluhurané
dhéwé. Nanging wong kang ngupaya
kaluhurané kang ngutus, iku kang
temen, sarta ora kadunungan cidra.
19 Apa dudu Musa kang ndhawuhaké
angger-anggering Torèt marang kowé?
Nanging panunggalanmu ora ana
siji-sijia kang netepi angger-anggering
Torèt mau. Sabab apa kowé padha
ngarah patiku?"
20 Atur wangsulané wong akèh,
"Panjenengan punika kapanjingan
dhemit. Sinten ingkang badhé nyédani
Panjenengan?"
21 Yésus paring wangsulan marang
wong-wong mau, "Mung ana panggawé
siji kang daklakoni, mangka kowé kabèh
padha gumun.
22 Dadiné, Musa ndhawuhaké pranatan
tetak marang kowé -- sanyatané

pranatan tetak iku ora saka Musa,
nanging saka para leluhur kita -- lan ing
dina Sabat kowé iya padha netaki wong.
23 Menawa wong ditetaki ing dina Sabat,
supaya angger-anggeré Musa aja nganti
katerak, yagéné kowé padha panas
atimu marang Aku, awit Aku marasaké
badan sakojur ing dina Sabat?
24 Anggonmu ngukumi aja manut apa
kang katon, nanging ngukumana kanthi
adil."
25 Wong Yérusalèm sawatara padha
ngucap, "Apa dudu Wong iku kang diarah
patiné?
26 Delengen, Panjenengané ngandika
kanthi sakepénaké baé pangucapé, sarta
wong-wong ora padha madoni apa-apa.
Apa sajaké para panggedhé kita iya wus
pirsa menawa Panjenengané iku Kristus?
27 Nanging mungguh Wong iku kita
wus mangerti pinangkané, mangka
samangsa Kristus iku rawuh, ora ana
kang weruh pinangkané."
28 Nalika Yésus memulang ing
Padaleman Suci, Panjenengané ngandika
mangkéné, "Pancèn kowé padha wanuh
marang Aku, lan iya padha weruh
asal-usulku saka ngendi; nanging tekaku

ora saka karepku dhéwé. Aku diutus
déning Panjenengané kang asipat leres,
kang kowé padha ora wanuh.
29 Aku wanuh Panjenengané, amarga
Aku mijil saka Panjenengané, lan iya
Panjenengané iku kang ngutus Aku."
30 Wong-wong mau padha ngarah
nyekel Panjenengané, nanging ora ana
kang nganti nggepok sarirané, amarga
durung tekan wektuné.
31 Ananging ing antarané wong
akèh iku, akèh kang padha pracaya
marang Panjenengané sarta pangucapé,
"Menawa Kristus rawuh, apa iya
bakal nindakaké mukjijat luwih akèh
katimbang karo kang katindakaké
déning Panjenengané iki?"
32 Para Farisi padha krungu yèn
wong akèh padha grenengan kaya
mangkono bab Panjenengané, mulané
para pangareping imam lan para Farisi
banjur padha kongkonan para tukang
jaga Padaleman Suci dikon nyekel
Panjenengané.
33 Yésus banjur ngandika, "Mung kari
sawatara mangsa anggonku ana ing
antaramu, nuli Aku bakal sowan marang
kang ngutus Aku.

34 Kowé bakal padha nggolèki Aku,
nanging ora bakal ketemu, awit kowé
padha ora bisa marani padununganku."
35 Wong-wong Yahudi nuli padha
sapocapan, "Panjenengané iku arep
tindak menyang ngendi, nganti aku
padha ora bisa ketemu Panjenengané?
Apa arep marani wong kang padha
ngumbara ing antarané wong Yunani,
arep memulang wong Yunani?
36 Apa tegesé tembung kang diucapaké:
Kowé bakal padha nggolèki Aku, nanging
ora bakal ketemu karo Aku, sarta
kowé ora bakal padha bisa marani
padununganku?"
37 Bareng dina wekasan, yaiku nalika
gedhé-gedhéning riyaya mau, Yésus
jumeneng sarta ngandika, "Sing sapa
ngelak, iku maranana Aku lan ngombéa!
38 Sing sapa pracaya marang Aku iku
kaya suraosé kitab: ana ing batiné bakal
mili ilèn-ilèn banyu urip!"
39 Kang dikarsakaké iku mau yaiku
Roh, kang bakal ditampa déning
wong-wong kang padha pracaya marang
Panjenengané; sabab nalika samana Roh
durung rawuh, amarga Yésus durung
kamulyakaké.

40 Ana wong sawatara ing antarané
wong akèh iku kang padha krungu
pangandika iku mau, banjur padha
ngucap, "Panjenengané iku sanyata Nabi
kang padha kita anti-anti."
41 Liyané padha ngucap, "Panjenengané
iku Kristus." Nanging kang liyané manèh
ana kang ngucap, "Dudu, Kristus iku ora
mijil saka Galiléa!
42 Amarga manut surasané Kitab Suci,
Kristus iku mesthi mijil saka trahé
Daud."
43 Temahan wong golongan padha
diya-diniya bab Panjenengané.
44 Ana panunggalané sawatara kang
padha arep nyekel Panjenengané,
nanging ora ana kang nganti wani
nggepok sarirané.
45 Wong jaga mau tumuli padha bali
menyang ngarsané para pangarepé
imam lan para Farisi, sarta dikandhani,
"Kena apa wongé kok ora kokgawa?"
46 Wangsulané wong-wong iku, "Dèrèng
naté wonten tiyang ingkang wicanten
kados tiyang punika!"
47 Wangsulané para Farisi marang para
wong jaga mau, "Apa kowé iya wus
padha disasaraké?

48 Apa ana ing antarané para panggedhé
lan ing antarané para Farisi kang padha
pracaya marang wong iku?
49 Nanging wong akèh iku padha
ora weruh ing Torèt, padha kena ing
musibat."
50 Nikodémus, salah sijining wong
panunggalané, kang biyèn tau sowan
Panjenengané, ngucap,
51 "Punapa angger-anggering Torèt kita
ngukum tiyang, sadèrèngipun tiyang
punika dipun priksa sarta dipun yektosi
pratingkahipun?"
52 Wangsulané wong-wong mau,
"Punapa panjenengan inggih tiyang
Galiléa? Sumangga panjenengan titi-
priksa Kitab Suci, satemah panjenengan
badhé uninga bilih mboten wonten nabi
ingkang rawuh saking Galiléa."
53 Wong-wong iku mau banjur padha
mulih sowang-sowangan,

8 1 nanging Yésus tindak menyang
gunung Zaitun.
2 Bareng wayah bangun ésuk
Panjenengané rawuh manèh ing
Padaleman Suci, lan wong kabèh padha
sowan ing ngarsané; Panjenengané
banjur lenggah mulang wong-wong iku.

3 Para ahli Torèt lan para Farisi tumuli
padha ngajokaké marang Panjenengané
wong wadon kang kacekel nalika laku
bandrèk.
4 Wong-wong iku padha mapanaké
wong wadon mau ana ing tengah, banjur
padha matur marang Yésus, "Rabbi,
tiyang èstri punika kacepeng nalika
saweg lampah bandrèk.
5 Musa ndhawuhaken dhateng kita
wonten ing angger-anggering Torèt,
supados tiyang-tiyang èstri ingkang
makaten punika dipun benturana séla.
Ingkang punika kadospundi pamanggih
Panjenengan?"
6 Wong-wong mau padha munjuk
mangkono kanggo nyoba Panjenengané,
supaya olèh jalaran kanggo nglepataké
Panjenengané. Nanging Yésus
tumungkul banjur nyerat ing lemah
kalawan racikané.
7 Bareng wong-wong mau ora uwis-uwis
olèhé padha takon, Panjenengané nuli
jumeneng sarta ngandikani wong-wong
mau, "Sapa ing antaramu kang tanpa
dosa, iku miwitana mbenturi wong
wadon iku nganggo watu."

8 Panjenengané banjur tumungkul
manèh sarta nyerat ing lemah.
9 Ananging sawisé wong-wong mau
krungu pangandika iku, tumuli padha
lunga mbaka siji, wiwit saka kang tuwa
dhéwé. Wekasané kari Yésus piyambak
lan wong wadon kang isih tetep ana ing
kono.
10 Yésus tumuli jumeneng, sarta
ngandika marang wong wadon iku, "Hé,
wong wadon, ana ing ngendi wong-wong
mau? Apa ora ana kang ngukum kowé?"
11 Atur wangsulané, "Mboten wonten,
Gusti." Yésus banjur ngandika, "Aku uga
ora ngukum kowé. Lungaa, lan wiwit
saiki aja gawé dosa manèh!"
12 Yésus paring dhawuh manèh marang
wong akèh, "Aku iki pepadhanging jagat;
sapa kang ngetut-buri Aku, ora bakal
lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal
nduwèni pepadhanging urip."
13 Unjuké para Farisi, "Panjenengan
neksèni sarira panjenengan piyambak,
paseksi punika mboten leres."
14 Dhawuh wangsulané Yésus marang
wong-wong mau, "Sanadyan Aku neksèni
awakku dhéwé, nanging paseksiku iku
nyata, amarga Aku mangerti sangkan-

paranku. Nanging kowé padha ora
mangerti sangkan-paranku iku.
15 Anggonmu padha ngadili iku nganggo
ukuraning manungsa, Aku ora ngadili
wong siji-sijia,
16 lan menawa Aku ngadili, anggonku
ngadili iku bener, amarga Aku ora
ijèn, nanging Aku bebarengan karo
Panjenengané kang ngutus Aku.
17 Ing sajroning Torètmu wus katulis,
yèn paseksiné wong loro iku sah.
18 Aku kang neksèni mungguh awakku
dhéwé, lan Rama kang ngutus Aku, iya
neksèni mungguh ing Aku."
19 Wong-wong mau padha munjuk,
"Rama Panjenengan wonten ing pundi?"
Paring wangsulané Yésus, "Kowé padha
ora wanuh marang Aku lan Ramaku.
Menawa kowé wanuh marang Aku,
mesthi iya wanuh marang Ramaku."
20 Pangandika mau kadhawuhaké
Yésus, nalika Panjenengané paring
piwulang ana ing Padaleman Suci,
sacedhaké panggonan caos pisungsung.
Lan ora ana wong siji-sijia kang nyekel
Panjenengané, amarga durung tumeka
ing wektuné.

21 Yésus tumuli ngandika manèh
marang wong golongan, "Aku iki bakal
lunga, lan kowé bakal padha nggolèki
Aku, nanging kowé bakal padha mati
sajroning dosamu. Aku lunga menyang
papan kang kowé padha ora bisa mrana."
22 Pangucapé wong-wong Yahudi,
"Apa panjenengané iku arep ngendhat,
déné kagungan pangucap: Ing ngendi
paranku, kowé padha ora bisa mrana?"
23 Pangandikané Yésus, "Pinangkamu
iku saka ngisor, Aku iki saka ngaluhur,
pinangkamu saka ing donya iki, nanging
Aku ora saka ing donya iki.
24 Mulané Aku mau pitutur marang
kowé, menawa kowé bakal padha mati
sajroning dosamu. Amarga menawa
kowé padha ora ngandel yèn Aku iki
Panjenengané, kowé bakal padha mati
sajroning dosamu."
25 Pangucapé wong-wong mau,
"Panjenengan punika sinten?" Yésus
paring wangsulan, "Apa gunané
rembugan manèh karo kowé kabèh?
26 Mungguh ing kowé, akèh prakara
kang kudu dakdhawuhaké lan dakadili,
nanging Panjenengané kang ngutus
Aku iku bener, apa kang dakrungu saka

Panjenengané, iku kang dakdhawuhaké
marang jagat."
27 Wong-wong kang kadhawuhan iku
ora mangerti menawa Panjenengané
ngandikaké bab Sang Rama.
28 Mulané Yésus ngandika, "Bésuk
samangsa kowé wus nyengkakaké
Putraning Manungsa, nuli kowé lagi
bakal padha mangerti yèn Aku iki
Panjenengané, sarta ora nglakoni
apa-apa saka karepku dhéwé, nanging
apa kang dakwarahaké iku miturut kaya
anggonku wis diwulang déning Ramaku.
29 Kang ngutus Aku iku nunggil karo
Aku. Panjenengané ora marengaké Aku
ijèn, awit Aku tansah nglakoni kang dadi
karsané."
30 Bareng Yésus wus ngandika bab iku
mau kabèh, wong akèh padha pracaya
marang Panjenengané.
31 Yésus banjur ngandika marang
wong-wong Yahudi kang padha pracaya,
dhawuhé, "Menawa kowé padha ngantepi
pituturku, kowé sanyata padha dadi
muridku,
32 sarta bakal padha ngerti kayektèn,
lan kayektèn iku bakal mardikakaké
kowé."

33 Wong-wong mau padha mangsuli,
"Kula sami tedhak-turunipun Abraham,
lan dèrèng naté ngawula dhateng
sok tiyanga; kadospundi Panjenengan
ngandika: Kowé bakal padha mardika?"
34 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Satemené Aku
pitutur marang kowé: Saben wong kang
nglakoni dosa iku dadi baturé dosa.
35 Anadéné batur iku pamanggoné ora
tetep ana ing omah, nanging Putra
iku pamanggoné tetep ana ing omah
salawasé.
36 Kang iku menawa Kang Putra wus
mardikakaké kowé, kowé iya padha
mardika temenan."
37 "Aku mangerti menawa kowé iku
tedhak-turuné Abraham, nanging kowé
padha ngarah matèni Aku, awit pituturku
ora olèh papan ana ing kowé.
38 Apa kang wis dakdeleng mungguh
ing Ramaku, iya iku kang dakucapaké.
Mangkono uga kowé, padha nglakoni
apa kang kokrungu saka bapakmu."
39 Wong-wong Yahudi padha mangsuli,
unjuké, "Rama kula punika Abraham."
Pangandikané Yésus, "Menawa kowé
padha dadi putrané Abraham, kowé

mesthi padha nglakoni apa kang
katindakaké déning Abraham.
40 Nanging kang koktindakaké yaiku
ngarah matèni Aku, wong kang wus
nglairaké kayektèn marang kowé, yaiku
kayektèn kang wus dakrungu saka Allah;
panggawé kang kaya mangkono iku ora
katindakaké déning Abraham.
41 Kowé kabèh padha nglakoni
paggawéné bapakmu dhéwé." Unjuké
wong-wong mau, "Lair kula punika
mboten saking bédhang. Kula sami
gadhah Rama satunggal inggih punika
Allah."
42 Pangandikané Yésus, "Menawa Allah
iku Ramamu, kowé mesthi padha tresna
marang Aku, awit Aku mijil saka ing
Allah, saiki Aku ana ing kéné. Apa manèh
tekaku iku ora saka karepku dhéwé,
nanging saka Panjenengané kang ngutus
Aku.
43 Sabab apa kowé padha ora mangerti
tembungku? Iku awit kowé padha ora
bisa nyandhak pituturku.
44 Kowé mijil saka bapakmu, yaiku
Iblis, lan kowé padha seneng nglakoni
kekarepané bapakmu iku. Mangka iku
tukang matèni wong wiwit wiwitan

mula, sarta ora urip sajroning kayektèn,
awit kayektèn iku ora dumunung ing
bapakmu. Samangsa ngucapaké goroh,
pangucapé iku saka awaké dhéwé,
amarga pancèn iku tukang goroh lan
bapakné sakèhing goroh.
45 Nanging sarèhné Aku iki mituturaké
kayektèn marang kowé, kowé padha ora
ngandel marang Aku.
46 Sapa panunggalanmu kang
mbuktèkaké menawa Aku tumindak
dosa? Menawa Aku ngandhakaké
kayektèn, sabab apa kowé ora pracaya
marang Aku?
47 Sapa baé kang mijil saka Allah,
iku mesthi ngrungokaké pangandikané
Allah; kowé iku padha ora ngrungokaké,
awit kowé ora mijil saka Allah."
48 Wong-wong Yahudi padha mangsuli,
aturé, "Rak ya bener ta kandhaku,
yèn kowé iku wong Samaria kang
kepanjingan sétan?"
49 Yésus paring wangsulan, "Aku ora
kapanjingan dhemit, nanging Aku
ngluhuraké Ramaku sarta kowé padha
ora ngajèni Aku.

50 Nanging Aku ora ngudi marang
kaluhuranku: Ana siji kang ngupaya lan
Panjenengané iku uga kang ngadili.
51 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Sapa kang netepi ing pituturku iku ora
bakal ngalami mati ing salawas-lawasé."
52 Pangucapé wong-wong Yahudi, "Saiki
aku padha mangerti yèn Kowé iku
kapanjingan sétan. Sabab Abraham wus
séda, mangkono uga para nabi, mangka
Kowé iku duwé pangucap: Sapa baé
kang netepi ing pituturku, bakal ora
ngalami mati ing salawas-lawasé.
53 Kowé apa ngungkuli leluhurku
Abraham kang wus séda! Para nabi iya
wus padha séda; Kowé iku ngaku-aku
sapa, ta?"
54 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Menawa Aku ngluhuraké
awakku dhéwé, kaluhuranku iku ora ana
gunané sathithik-thithika. Ramaku iku
kang ngluhuraké Aku, iya Panjenengané
iku kang koksebut Allahmu.
55 Mangka kowé padha ora wanuh
marang Panjenengané, nanging Aku
wanuh marang Panjenengané. Saupama
Aku muni yèn ora wanuh, Aku dadi wong
goroh padha kaya kowé. Nanging Aku

wanuh marang Panjenengané, sarta
netepi pangandikané.
56 Abraham leluhurmu rena panggalihé
déné bakal nguningani dinaku, lan
iya wis nguningani sarta ndadèkaké
bingahé."
57 Pangucapé wong-wong Yahudi
sabanjuré, "Umurmu durung nganti
sèket taun, kepriyé anggonmu wis weruh
Abraham?"
58 Paring wangsulané Yésus, "Satemen-
temené Aku pitutur marang kowé:
Sadurungé Abraham ana, Aku wis ana."
59 Ing kono wong-wong banjur
padha njupuki watu, arep mbenturi
Panjenengané; nanging Panjenengané
ngilang, sarta nilar Padaleman Suci.
9 1 Nalika Yésus langkung,
Panjenengané pirsa wong kang
wuta wiwit lair mula.
2 Para sakabaté banjur munjuk pitakon
marang Panjenengané, "Rabbi, sinten
ingkang damel dosa, tiyang punika
piyambak punapa tiyang-sepuhipun,
déné ngantos lairipun wuta makaten?"
3 Paring wangsulané Yésus, "Dudu wong
iki, lan iya dudu wong-tuwané, nanging

iku supaya pakaryan-pakaryané Allah
kababara ana ing wong iku.
4 Aku lan kowé kabèh kudu padha
nindakaké ayahané Panjenengané kang
ngutus Aku, mumpung isih awan. Ana
mangsané bengi lan ora ana wong kang
bisa nglakoni pagawéan.
5 Sasuwéné Aku ana ing donya, Aku iki
pepadhangé jagat."
6 Sawusé ngandika mangkono iku,
Panjenengané banjur kecoh ing lemah,
lan nggawé luluhan nganggo kecoh lan
lemah mau, tumuli dilèlètaké ing mripaté
wong wuta iku.
7 Panjenengané banjur ngandika,
"Lungaa, adusa menyang blumbang
padusan ing Siloam." Siloam tegesé
"Kang diutus". Wong wuta iku nuli
mangkat lan adus; banjur bali manèh
lan wus bisa ndeleng.
8 Nanging tangga-tanggané lan wong-
wong kang mauné weruh anggoné
papriman banjur padha ngucap, "Apa
wong iku dudu kang adaté papriman?"
9 Ana kang mangsuli, "Bener, iya iku
wongé." Ana manèh kang ngucap,
"Dudu, mung madha rupa baé." Wong

iku dhéwé banjur ngucap, "Leres, inggih
kula punika tiyangipun."
10 Wong-wong banjur padha takon,
"Kepriyé mripatmu bisané melèk?"
11 Wangsulané, "Tiyang ingkang
namanipun Yésus damel luluhan siti,
lajeng dipun lèlètaken ing mripat kula;
kula tumunten dipun dhawuhi: Lungaa
menyang Siloam, adusa! Kula lajeng
mangkat, lan sasampunipun adus
tumunten saged ningali punika."
12 Wong-wong mau takon manèh,
"Wong iku saiki ana ngendi?"
Wangsulané, "Kula mboten sumerep."
13 Wong kang mauné wuta mau banjur
padha kairid ngadhep para Farisi.
14 Anadéné anggoné Yésus damel
luluhan lemah lan ngelèkaké mripaté
wong wuta mau pinuju dina Sabat.
15 Mulané, para Farisi tumuli ndangu
marang wong mau, kepriyé bisané
melèk. Wangsulané, "Piyambakipun
nglèlètaken luluhan siti ing mripat kula,
kula lajeng adus, samangké kula saged
ningali."
16 Sawenèhing para Farisi mau ana kang
ngucap, "Wong iku ora saka ing Allah,
awit ora netepi pranatan dina Sabat."

Liyané manèh ana kang ngucap, "Wong
kang nandhang dosa kepriyé bisané
gawé mukjijat kang kaya mangkono
iku?" Temahan padha diya-diniya.
17 Para Farisi banjur ndangu manèh
marang wong kang mauné wuta iku,
"Panganggepmu marang wong iku
kepriyé, rèhné kowé kang dielèkaké
mripatmu?" Aturé kang kadangu,
"Panjenenganipun punika nabi."
18 Nanging wong-wong Yahudi padha
ora ngandel yèn wong iku mauné wuta
lan lagi baé bisa ndeleng, nganti padha
nimbali wong tuwané,
19 sarta kadangu, "Apa iki anakmu
kang kokkandhakaké yèn wuta wiwit lair
mula? Yèn mangkono kepriyé déné saiki
anakmu bisa ndeleng?"
20 Wangsulané wong tuwané mau,
"Ingkang sami kula mangertosi, bilih
punika anak kula, saha wuta wiwit lair
mila,
21 nanging kadospundi déné sapunika
saged ningali, kula sami mboten
mangertos, sarta sinten ingkang
ngelèkaken mripatipun, kula ugi sami
mboten mangertos. Anak kula sampun
diwasa, panjenengan dangu piyambak,

piyambakipun badhé saged ngaturaken
kawontenaning badanipun piyambak."
22 Aturé wong tuwané kang kaya
mangkono iku awit padha wedi marang
wong Yahudi, marga wong Yahudi wis
padha sarujuk, yèn saben wong kang
ngakoni Panjenengané iku Kristus, bakal
disébrataké saka papan pangibadah.
23 Mulané wong tuwané mau matur,
"Piyambakipun sampun diwasa, kula
aturi ndangu piyambak."
24 Wong-wong mau banjur padha
nimbali sepisan manèh marang wong
kang mauné wuta iku, sarta dipituturi,
"Kowé ngurmatana Allah; aku padha
mangerti yèn wong iku wong dosa."
25 Wangsulané wong mau, "Tiyang
punika punapa tiyang dosa, kula
mboten mangertos; nanging satunggal
prakawis ingkang kula mangertosi, kula
suwaunipun wuta lan sapunika saged
ningali."
26 Pitakoné manèh, "Kowé dikapakaké?
Kepriyé anggoné ngelèkaké mripatmu?"
27 Wangsulané wong mau, "Kula
sampun matur dhateng panjenengan lan
panjenengan mboten midhangetaken;
punapaa déné panjenengan badhé

midhangetaken malih? Punapa
panjenengan inggih kepéngin dados
muridipun?"
28 Wong mau nuli dipisuhi, pangucapé,
"Kowé iku muridé, nanging aku kabèh iki
murid-muridé Musa.
29 Aku padha mangerti yèn Allah wis
ndhawuhaké pangandika marang Musa,
nanging mungguh Wong kaé aku padha
ora weruh pinangkané."
30 Wong mau tumuli mangsuli,
"Lah, punika rak anèh, déné
panjenengan malah sami mboten
mangertos pinangkanipun, mangka
Panjenenganipun sampun ngelèkaken
mripat kula.
31 Kula sami sumerep, bilih Allah
punika mboten midhangetaken dhateng
tiyang dosa, nanging nyembadani
tiyang-tiyang mursid sarta ingkang
nglampahi karsanipun.
32 Wiwit rumiyin ngantos samangké
dèrèng naté kepireng bilih wonten tiyang
ingkang saged ngelèkaken mripatipun
tiyang ingkang wuta lair mila.
33 Manawi tiyang punika mboten saking
Allah, Panjenenganipun mboten saged
nindakaken punapa-punapa."

34 Wangsulané wong-wong iku, "Kowé
iku kalairaké sajroning dosa babar
pisan, kok arep mulang aku?" Wong iku
katundhung metu.
35 Yésus midhanget menawa wong
kang mauné wuta mau wis katundhung.
Bareng Panjenengané mrangguli wong
mau banjur dipangandikani, "Apa kowé
pracaya marang Putraning Manungsa?"
36 Atur wangsulané, "Panjenenganipun
punika sinten, Gusti, supados kawula
pitados dhateng Panjenenganipun?"
37 Pangandikané Yésus, "Kowé ora
mung weruh Panjenengané baé, nanging
Panjenengané kang lagi ngandikan karo
kowé, yaiku Panjenengané."
38 Unjuké wong mau, "Kawula pitados,
Gusti." Wong mau banjur sungkem sujud
marang Panjenengané.
39 Pangandikané Yésus, "Tekaku ing
jagat iki arep ngadili, supaya sing sapa
ora ndeleng padha bisa ndeleng, lan sing
sapa ndeleng padha dadia wuta."
40 Pangandika iku kaprungu déning para
Farisi sawatara kang lagi ana ing kono,
wong-wong iku tumuli munjuk, "Kula
punika punapa inggih sami wuta?"

41 Yésus paring wangsulan marang
wong-wong mau, "Saupama kowé wuta,
kowé padha ora duwé dosa. Nanging
sarèhné kowé padha kandha: Aku padha
ndeleng, dadi tetep dosamu."

10 1 "Satemené Aku pitutur marang
kowé: Sapa kang mlebu
kandhang wedhus ora metu lawang,
nanging mènèk témbok, iku maling lan
rampog;
2 nanging sapa kang lumebuné liwat
lawang, iku pangoné wedhus.
3 Pangon iku kang diwengani déning
kang tunggu lawang sarta wedhus-
wedhusé padha nilingaké swarané,
lan tumuli diundangi manut jenengé
dhéwé-dhéwé sarta banjur digiring
metu.
4 Menawa wedhusé kabèh iku wus
digiring metu, pangoné lumaku ing
ngarep lan wedhusé padha ngetut-buri,
marga wedhus-wedhus mau padha
nitèni swarané.
5 Nanging wong liya mesthi ora
ditut-buri, malah ditinggal mlayu, marga
wedhus-wedhus iku ora padha wanuh
marang swarané wong-wong liyané."

[6] Pasemon iku dingandikakaké déning
Yésus marang wong-wong mau, nanging
padha ora mangerti tegesé pangandika
iku.
[7] Yésus tumuli ngandika manèh,
"Satemené Aku pitutur marang kowé:
Iya Aku iki lawangé wedhus-wedhus iku.
[8] Sakèhing wong kang tekané
sadurungé Aku, iku maling lan rampog,
lan wedhus-wedhus iku padha ora
ngrungokaké marang wong-wong iku.
[9] Aku iki lawangé; sapa kang mlebuné
metu ing Aku, iku bakal kaslametaké,
sarta bakal mlebu lan metu, apadéné
bakal nemu pangonan.
[10] Maling iku tekané mung arep nyolong
lan matèni sarta nyirnakaké; Aku iki teka
supaya wedhus-wedhus padha duwé
urip, lan uripé iku kanthi kalubéran.
[11] Iya Aku iki pangon kang utama.
Pangon kang utama iku ngetohaké
nyawané kanggo wedhus-wedhusé,
[12] nanging wong opahan kang dudu
pangon, sarta dudu kang duwé wedhus-
wedhus iku dhéwé, samasa weruh
ana asu ajag teka, wedhusé ditinggal
mlayu, temah asu ajag iku nubruki lan
mbuyaraké wedhusé.

13 Anggoné lumayu iku jalaran mung
wong opahan, lan ora gumati marang
wedhus-wedhusé iku.
14 Aku iki pangon kang utama lan
Aku nitèni wedhus-wedhusku lan
wedhus-wedhusku padha wanuh marang
Aku
15 kayadéné Sang Rama anggoné
tepang marang Aku sarta Aku wanuh
marang Sang Rama, sarta Aku ngetohaké
nyawaku kanggo wedhus-wedhusku.
16 Aku isih duwé wedhus liyané manèh,
kang ora saka ing kandhang kéné;
wedhus-wedhus iku iya kudu dakgiring
uga, lan bakal padha ngrungokaké
swaraku sarta bakal dadi pepanthan siji,
lan pangon siji.
17 Sang Rama ngasihi Aku, jalaran Aku
ngulungaké nyawaku supaya daktampani
manèh.
18 Ora ana wong sijia baé kang ngrebut
nyawaku, nanging dakulungaké miturut
karepku dhéwé. Aku kwasa ngulungaké,
lan kwasa ngukup manèh. Dhawuh iki
kang daktampa saka Ramaku."
19 Marga saka pangandika kang
mangkono iku nuli tuwuh pasulayan
manèh ing antarané wong-wong Yahudi.

Akèh panunggalané kang ngucap,
mangkéné,
20 "Wong iku kapanjingan dhemit
sarta ora waras; yagéné padha
kokrungokaké?"
21 Wong liyané ngucap, "Iku rak dudu
tembungé wong kang kapanjingan
dhemit; apa dhemit bisa ngelèkaké
mripaté wong-wong wuta?"
22 Ora antara lawas, ana riyaya
pèngetan adeging Padaleman Suci ing
Yérusalèm; nalika samana mbeneri
mangsa bedhidhing.
23 Yésus lagi tindak-tindak ana ing
Padaleman Suci, ing bangsal Salomo.
24 Wong-wong Yahudi banjur padha
ngrubung Panjenengané lan padha
munjuk, "Ngantos pinten dangunipun
anggèn Panjenengan damel mangu-
manguning manah kula? Manawi
Panjenengan punika Kristus, mugi
Panjenengan blakakaken dhateng kula
sadaya."
25 Paring wangsulané Yésus, "Kowé
wus padha dakkandhani nanging padha
ora pracaya; panggawé kang daklakoni
atas asmané Ramaku, iku kang padha
neksèni mungguh ing Aku,

26 nanging kowé padha ora pracaya,
amarga kowé dudu panunggalané
wedhus-wedhusku.
27 Wedhus-wedhusku padha nilingaké
swaraku, sarta Aku wanuh marang
wedhus-wedhusku lan wedhus-
wedhusku padha ngetut-buri Aku,
28 apadéné padha dakwènèhi urip
langgeng, lan wedhus-wedhusku mesthi
ora bakal padha nemu karusakan
salawas-lawasé lan ora bakal ana wong
kang ngrebut wedhus-wedhus iku saka
tanganku.
29 Ramaku kang maringaké wedhus-
wedhus iki marang Aku, Panjenengané
iku ngungkuli samubarang kabèh,
lan ora ana wong kang bisa ngrebut
wedhus-wedhus mau saka astané
Ramaku.
30 Aku lan Ramaku iku siji."
31 Wong Yahudi tumuli njupuki
watu manèh, arep kanggo mbenturi
Panjenengané.
32 Pangandikané Yésus marang wong-
wong mau, "Akèh panggawé becik kang
saka Ramaku kang daktuduhaké marang
kowé. Panggawé iku mau endi kang

njalari kowé arep padha mbenturi Aku
nganggo watu?"
33 Wangsulané wong-wong Yahudi,
"Anggonku arep mbenturi kowé iku ora
marga panggawé kang becik, nanging
marga anggonmu nyenyamah marang
Allah, iya iku amarga kowé iku manungsa
kok ndadèkaké awakmu iku Allah."
34 Yésus paring wangsulan, "Apa ora
katulis ing Kitab Torètmu, mangkéné:
Ingsun wus ngandika: Sira kabèh iku
allah.
35 Menawa wong kang padha
kadhawuhan pangandikané Allah iku
diarani allah -- mangka Kitab Suci iku
ora kena dibatalaké --
36 apa kowé isih kandha karo
Panjenengané kang sinucèkaké déning
Sang Rama sarta kang wus kautus
menyang jagat iku: Kowé nyenyamah
Allah! Amarga Aku wus ngandika: Aku
iki Putraning Allah?
37 Saupama Aku ora nglakoni pakaryané
Ramaku, kowé aja pracaya marang Aku.
38 Nanging menawa Aku nglakoni iku
mau, mangka kowé padha ora gelem
pracaya marang Aku, padha pracayaa
marang pakaryan-pakaryan iku supaya

kowé padha sumurup lan mangerti yèn
Sang Rama iku ana ing Aku lan Aku ana
ing Ramaku."
39 Sepisan manèh wong-wong mau
padha arep nyekel Panjenengané,
nanging Panjenengané luput saka
tangané wong-wong mau.
40 Yésus tumuli tindak manèh menyang
sabrangé Yordan, ing panggonané
Yohanes biyèn mbaptisi, banjur lereb
ana ing kono.
41 Lan akèh wong kang sowan marang
ngarsané sarta padha ngucap, "Yohanes
pancèn ora damel pratandha apa-apa,
nanging kabèh kang dingandikakaké
déning Yohanes mungguh wong iki, iku
nyata."
42 Lan akèh wong ing kono padha
pracaya marang Panjenengané.

11 1 Nuli ana wong kang lagi lara,
jenengé Lazarus, manggoné ing
Bétania, ing désané Maria lan Marta,
saduluré wadon.
2 Maria iku wong wadon kang wus tau
njebadi sampéyané Gusti kalawan lenga
wangi, sarta banjur diusapi nganggo
rambuté.

3 Anadéné Lazarus kang lagi lara iku
saduluré. Wong wadon loro iku banjur
padha kongkonan munjuk marang
Panjenengané, mangkéné, "Gusti, tiyang
ingkang Panjenengan tresnani punika
sakit."
4 Yésus bareng midhanget pawarta iku,
Panjenengané banjur ngandika, "Larané
iku ora ndadèkaké patiné, nanging bakal
mbabaraké kaluhuraning Allah, awit
marga saka larané iku Putraning Allah
bakal kaluhuraké."
5 Yésus pancèn nresnani Marta sarta
mbakyuné tuwin Lazarus.
6 Nanging sawisé midhanget yèn
Lazarus lara, Panjenengané njarag
kèndel rong dina manèh ana ing
palerebané iku.
7 Sawisé mangkono Panjenengané
banjur ngandika marang para sakabaté,
"Payo padha bali menyang Yudéa
manèh."
8 Unjuké para sakabat, "Rabbi, nembé
kémawon tiyang-tiyang Yahudi sami
nyobi mbenturi Panjenengan mawi séla,
punapa Panjenengan taksih ngersakaken
tindak mrika malih?"

9 Paring wangsulané Yésus, "Sadina iku
apa ora rolas jam? Sapa kang lumaku
ing wayah awan, sikilé ora kesandhung,
amarga ndeleng padhangé jagat iki.
10 Nanging menawa wong mlaku ing
wayah bengi, sikilé kesandhung, amarga
ora kadunungan pepadhang."
11 Mangkono pangandikané, tumuli
disambeti manèh, "Lazarus sadulur kita
lagi turu, déné anggonku mrana prelu
arep nggugah anggoné turu."
12 Para sakabaté banjur munjuk, "Gusti
manawi piyambakipun tilem, badhé
saras."
13 Nanging karsané Yésus turu kang
ateges mati, mangka panyanané para
sakabat kang kapangandikakaké turu
iku turu salumrahé.
14 Marga saka iku Yésus nuli ngandika
sabarèsé, "Lazarus wus mati;
15 nanging sokur déné nalika iku Aku
ora ana ing kana, kang mangkono iku
luwih becik tumrap kowé, supaya kowé
padha bisa sinau pracaya. Payo, saiki
kita padha mrana."
16 Tomas, kang karan Didimus, banjur
kandha marang kanca-kancané para

sakabat, "Payo, kita padha béla pati
marang Panjenengané."
17 Sarawuhé Yésus, Lazarus tinemu wus
dikubur patang dina.
18 Désa Bétania iku dunungé cedhak
karo Yérusalèm, dohé watara rong mil.
19 Ing kono sakèhing wong Yahudi
wus padha teka ing omahé Marta lan
Maria prelu nglipur anggoné kesripahan
saduluré.
20 Nalika Marta krungu yèn Yésus
rawuh, nuli menyat methukaké, nanging
Maria kari ana ing omah.
21 Marta banjur munjuk marang Yésus,
"Gusti, manawi Panjenengan wonten
ing ngriki, sadhèrèk kula tamtu mboten
pejah.
22 Nanging sapunika ugi kula
mangertos, bilih punapa ingkang
Panjenengan suwun dhumateng Allah,
tamtu badhé dipun sembadani."
23 Pangandikané Yésus, "Sadulurmu
bakal tangi."
24 Unjuké Marta, "Kula inggih mangertos
bilih piyambakipun badhé tangi bénjing
ing dinten patangèn, ing wekasaning
jaman."

25 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Aku iki patangèn
lan kauripan. Sing sapa pracaya marang
Aku bakal urip, sanadyan wus mati.
26 Lan saben wong kang urip sarta
pracaya marang Aku, iku ora bakal mati
ing salawas-lawasé. Apa kowé pracaya
marang iku?"
27 Unjuké Marta, "Inggih Gusti, kula
pitados bilih Panjenengan punika Kristus,
Putranipun Allah, ingkang badhé rawuh
ing jagat."
28 Sawusé munjuk mangkono, wong
wadon iku banjur lunga ngundang Maria
saduluré, lan mbisiki mangkéné, "Guru
wus rawuh, nimbali kowé."
29 Maria bareng krungu banjur mak
nyat ngadeg marani Yésus.
30 Nalika iku Yésus durung lumebet ing
désa, isih ana ing papan nalika Marta
methuk Panjenengané.
31 Nalika wong-wong Yahudi kang padha
ana ing omahé Maria prelu nglipur, weruh
Maria mak nyat ngadeg sarta metu, nuli
padha ngetutaké, dikira yèn Maria arep
menyang kuburan lan nangis ana ing
kono.

32 Satekané Maria ing panggonané
Yésus, bareng weruh marang
Panjenengané, banjur nyungkemi
sampéyané sarta munjuk, "Gusti,
saupami Panjenengan wonten ing ngriki,
sadhèrèk kula mesthi mboten pejah."
33 Bareng Yésus pirsa Maria nangis,
mangkono uga wong-wong Yahudi
kang padha ngetutaké, satemah
Panjenengané sungkawa ing panggalih.
Panjenengané trenyuh banget lan tumuli
ngandika,
34 "Anggonmu ngubur ana ing ngendi?"
Kang kadangu banjur munjuk, "Gusti,
sumangga kula aturi mirsani!"
35 Yésus nuli muwun.
36 Pangucapé wong-wong Yahudi,
"Delengen, semono anggoné ngasihi!"
37 Nanging ana sawenèh kang muni,
"Panjenengané kang wus ngelèkaké
mripaté wong wuta, apa iya ora bisa
murungaké patiné wong iki?"
38 Yésus tumuli sungkawa manèh ing
panggalih, banjur nyelaki kuburan.
Kubur iku awujud guwa katutupan ing
watu.
39 Pangandikané Yésus, "Watuné
singkirna!" Marta, saduluré kang ngajal

mau, munjuk, "Gusti, sampun mambet,
amargi anggènipun tilar sampun
sekawan dinten."
40 Pangandikané Yésus, "Apa Aku ora
wus pitutur marang kowé: Angger kowé
pracaya, kowé bakal weruh kamulyaning
Allah?"
41 Watuné tumuli disingkiraké.
Yésus banjur tumenga sarta matur,
"Dhuh Rama, Kawula saos sokur
dhumateng Paduka, déné Paduka
sampun miyarsakaken Kawula.
42 Kawula sumerep, bilih Paduka tansah
miyarsakaken Kawula, nanging amargi
tiyang kathah punika sami ngrubung
Kawula, Kawula munjuk makaten
supados tiyang kathah punika sami
pitados bilih Paduka ingkang ngutus
Kawula."
43 Sawusé matur mangkono,
Panjenengané nuli nguwuh kalawan
swara sora, "Lazarus, metua!"
44 Wong kang mati banjur metu, tangan
lan sikilé isih kablebed ing ules, lan rainé
katutupan kacu. Pangandikané Yésus,
"Uculana ulesé, karebèn lunga!"
45 Akèh saka antarané wong-wong
Yahudi kang padha layad menyang

omahé Maria lan padha nyumurupi
dhéwé apa kang katindakaké Yésus, dadi
pracaya marang Panjenengané.
46 Nanging ana kang nemoni para
Farisi lan nyaritakaké apa kang wus
katindakaké Yésus iku.
47 Para pangarepé imam lan para Farisi
padha ngaturi marepat pradataning
agama, banjur padha rembugan
mangkéné, "Punapa ingkang kedah kita
tindakaken, jalaran Tiyang punika damel
mukjijat kathah?
48 Manawi piyambakipun kita etogaken,
sadaya tiyang sami badhé pitados
dhateng Piyambakipun, sarta tiyang-
tiyang Roma badhé dhateng lajeng
ngrebat papan suci kita dalah bangsa
kita."
49 Nanging ana panunggalané, yaiku
Kayafas, kang jumeneng Imam
Agung ing taun iku, banjur ngandika,
"Panjenengan sami mboten mangertos
punapa-punapa,
50 lan sami mboten nggalih bilih
langkung maédahi tumrap panjenengan,
manawi wonten tiyang satunggal pejah
kanggé bangsa kita, katimbang tiyang
sabangsa sadaya tiwas."

51 Prakara iku dingandikakaké ora saka
panjenengané piyambak, nanging marga
jumeneng Imam Agung ing taun iku,
panjenengané medhar pameca, yèn
Yésus bakal nglampahi séda kanggo
bangsa iku,
52 lan ora mung kanggo bangsa iku baé,
nanging uga supaya ngempalaké sarta
nunggilaké para putraning Allah kang
pating slebar.
53 Wiwit ing dina iku wong-wong
mau padha sarujuk bakal nyédani
Panjenengané.
54 Marga saka iku Yésus wus ora
ngedhèng manèh ana ing antarané wong-
wong Yahudi, nanging Panjenengané
banjur tindak saka ing kono menyang
laladan sacedhaké pasamunan nuju
menyang kutha kang aran Éfraim, banjur
lereb ana ing kono karo para sakabaté.
55 Nalika samana riyaya Paskahé wong
Yahudi wus cedhak, lan wong akèh saka
laladan kono padha menyang Yérusalèm,
arep padha sesuci sadurungé Paskah
iku.
56 Wong-wong mau padha nggolèki
Yésus, sarta kalawan ngadeg ana ing
Padaleman Suci, padha sapocapan,

"Pandugamu kepriyé, apa kirané Wong
iku iya bakal nekani riyaya?"
57 Anadéné para pangarepé imam lan
para Farisi wus padha ndhawuhaké
préntah, supaya saben wong kang weruh
padunungané, nuli ngaturana uninga
murih kena kacepeng.

12 1 Nem dina sadurungé riyaya
Paskah, Yésus rawuh ing
Bétania panggonané Lazarus kang wus
katangèkaké saka ing antarané wong
mati.
2 Ana ing kono Panjenengané disegah
dhahar lan Marta ngladosi, déné Lazarus
iya ndhèrèk kembul dhahar karo Yésus.
3 Maria banjur njupuk lenga wangi nared
tulèn satengah liter kang larang regané,
banjur dijebadaké ing sampéyané Yésus,
nuli diusapi nganggo rambuté; lan
gandané lenga kang kajebadaké mau
ngebaki saomah kabèh.
4 Nanging sakabaté Yésus kang aran
Yudas Iskariot, kang bakal ngulungaké
Panjenengané, banjur ngucap,
5 "Yagéné lenga nared iku ora diedol
telung atus dinar, banjur didanakaké
marang para wong miskin?"

[6] Pangucapé kang mangkono iku ora
amarga saka anggoné nggatèkaké nasibé
wong-wong miskin, nanging amarga iku
gawéné nyolong, kerep nylingkuhaké
dhuwit kang dadi rereksané.
[7] Yésus tumuli ngandika, "Etogna
baé Maria tumindak mangkono, iku
pacawisan kanggo dinané anggonku
kakubur.
[8] Awit wong-wong miskin iku salawasé
tansah ana ing antaramu, nanging Aku
ora salawasé ana ing antaramu."
[9] Akèh wong Yahudi kang padha krungu
warta, menawa Yésus ana ing kono,
banjur padha teka ora mung marga saka
Yésus baé, nanging uga padha arep
ndeleng Lazarus, kang wus katangèkaké
saka ing antarané wong mati.
[10] Para pangarepé imam tumuli padha
rerembugan, sumedya matèni Lazarus
pisan,
[11] sabab marga saka wong iku akèh
wong Yahudi kang padha nyingkur para
pangarepé imam, sarta pracaya marang
Yésus.
[12] Ésuké bareng wong akèh kang padha
teka mahargya riyaya krungu pawarta,

menawa Yésus isih ana ing dalan arep
tindak menyang Yérusalèm,
13 wong-wong iku banjur padha njupuk
godhong-godhong palem, nuli metu
padha methukaké Panjenengané, kambi
surak-surak, "Hosana! Pinujia lan
binerkahana Panjenenganipun ingkang
rawuh atas asmanipun Pangéran,
Rajanipun Israèl!"
14 Yésus manggih kuldi isih belo, nuli
dititihi, kaya kang katulis, mangkéné,
15 "Hé, putri Sion, sira aja wedi, lah,
tontonen Rajanira rawuh, nitih beloné
kuldi."
16 Ing wiwitan para sakabaté Yésus ora
mangerti marang prakara iku, nanging
sawusé Yésus kaluhuraké, lagi padha
kèlingan, yèn kang katulis iku kagem
Panjenengané lan kang wus katindakaké
iku uga kagem Panjenengané.
17 Wong akèh kang padha ndhèrèkaké
Panjenengané nalika nimbali Lazarus
metu saka ing kubur lan nangèkaké saka
ing antarané wong mati, padha neksèni
bab Panjenengané.
18 Mulané Panjenengané dipethuk
déning wong akèh iku, marga padha

krungu pawarta, menawa Panjenengané
kang nindakaké mukjijat iku.
19 Para Farisi banjur padha rerasanan,
"Kowé wus padha weruh dhéwé, yèn
kowé padha ora olèh gawé babar pisan;
delengen, wong sajagat kabèh padha
ngetut-buri wong iku."
20 Ing antarané wong-wong kang padha
nekani riyaya arep ngabekti iku, ana
wong Yunani sawatara.
21 Wong-wong iku padha marani Filipus,
kang saka Bètsaida, wilayah Galiléa,
padha kandha, "Sadhèrèk, kula sami
kepéngin badhé sowan manggihi Yésus."
22 Filipus nuli lunga ngandhani Andréas;
Andréas lan Filipus banjur padha munjuk
marang Yésus.
23 Nanging Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Wus tekan wektuné
Putrané Manungsa kaluhuraké.
24 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Menawa wiji gandum ora tumiba ing
lemah, lan mati, tetep saelas baé;
nanging menawa wiji iku mati, bakal
ngetokaké woh akèh.
25 Sing sapa nresnani nyawané, iku
bakal kélangan nyawané, nanging sing
sapa ora nresnani nyawané ana ing

donya iki, iku kang bakal ngrumati
nyawané kanggo urip kang langgeng.
[26] Sing sapa leladi marang Aku,
iku ngetut-buria Aku lan ing ngendi
padununganku, paladosanku ana ing
kono uga. Sing sapa leladi marang Aku,
iku bakal diajèni déning Sang Rama.
[27] Saiki nyawaku trenyuh, lan Aku bakal
matur apa? Rama, Paduka mugi ngluwari
Kawula saking kawontenan punika? Ora,
awit iya iku preluné anggonku teka ing
wektu iki.
[28] Rama, Paduka mugi ngluhuraken
asma Paduka!" Tumuli ana swara saka
swarga, "Ingsun wus ngluhuraké, lan
Ingsun bakal ngluhuraké manèh!"
[29] Wong akèh kang padha ngadeg
ana ing kono lan krungu swara mau
padha ngarani, yèn iku mau swaraning
gludhug. Sawenèh ana kang ngucap,
"Iku malaékat kang imbal pangandika
karo Panjenengané."
[30] Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Swara mau kaprungu
ora marga saka Aku, nanging marga
saka kowé.
[31] Samengko ana pangadilan ing
ngatasé jagat iki: Samengko uga

panggedhéné jagat iki bakal kabuwang
metu;
32 déné Aku, samangsa wus
kasengkakaké saka ing bumi, Aku
bakal nggèndèng sakèhing wong supaya
padha marek marang Aku."
33 Pangandikané kang mangkono
iku kanggo mratélakaké patrap bakal
sédané.
34 Wong akèh tumuli padha mangsuli,
"Pamireng kula saking angger-anggering
Torèt, bilih Mésias punika badhé
tetep gesang ing salami-laminipun;
kadospundi déné Panjenengan ngandika,
bilih Putraning Manungsa kedah
kasengkakaken? Menggah Putranipun
Manungsa punika sinten?"
35 Yésus nuli ngandika, "Mung kari
sadhéla manèh pepadhang iku ana ing
antaramu. Sasuwéné pepadhang iku
ana ing kowé, padha lumakua, supaya
pepeteng iku aja nganti nglimputi kowé;
sing sapa lumaku ana ing pepeteng, iku
ora weruh menyang ngendi parané.
36 Sasuwéné pepadhang iku ana ing
antaramu, padha pracayaa marang
pepadhang iku, supaya kowé padha
dadi putraning pepadhang." Sawusé

ngandika mangkono, Yésus tumuli tindak
sesingidan.
37 Sanadyan Yésus wus nindakaké
mukjijat samono akèhé ana ing ngarepé
wong-wong iku, éwadéné padha ora
pracaya marang Panjenengané,
38 supaya kayektènana pamedhar
wangsité Nabi Yésaya, mangkéné,
"Gusti, sinten ingkang pitados dhateng
pawartos kawula? Punapa déné sinten
ingkang kawedharan asta pangwaosing
Pangéran?"
39 Marga saka iku wong-wong padha ora
pracaya, jalaran Yésaya wus ngandika
uga, mangkéné,
40 "Panjenengané wus micakaké mripaté
lan mangkotaké atiné, supaya aja padha
nganti ndeleng sarana mripaté, lan
mangerti sarana atiné, satemah padha
mratobat sarta sunwarasaké."
41 Bab iki dingandikakaké déning
Yésaya, amarga wus ningali
kamulyané sarta wis ngandikakaké
bab Panjenengané.
42 Ewadéné, akèh uga ing antarané para
pangarep kang padha pracaya marang
Yésus, nanging marga saka para Farisi,

pracayané mau ora kanthi blak-blakan,
supaya aja nganti padha disébrataké.
43 Awitdéné padha luwih seneng
marang kaurmatan kang saka manungsa
katimbang karo kaurmatan kang saka
Allah.
44 Nanging Yésus banjur nywanten
sora, pangandikané, "Sing sapa
pracaya marang Aku, iku ora pracaya
marang Aku, nanging pracaya marang
Panjenengané kang ngutus Aku.
45 Sarta sing sapa ndeleng Aku, iku
ndeleng Panjenengané kang ngutus Aku.
46 Aku wus teka ing jagat dadi
pepadhang, supaya saben wong kang
pracaya marang Aku, aja tetep ana ing
pepeteng.
47 Lan menawa wong ngrungokaké
pitembunganku, nanging ora nindakaké,
Aku ora dadi hakimé, awitdéné tekaku
iki ora supaya ngadili jagat, nanging
supaya nylametaké.
48 Sing sapa nampik Aku, lan ora
nampani pitembunganku, iku wus ana
kang ngadili, yaiku pangandika kang wus
dakwedharaké, iku kang bakal ngadili
bésuk ing dina wekasan.

49 Awit Aku paring pangandika iku
ora saka Aku dhéwé, nanging saka
Rama kang ngutus Aku; Panjenengané
iku kang paring dhawuh marang Aku,
supaya ngandhakaké apa kang kudu
dakkandhakaké lan kang dakpréntahaké.
50 Lan Aku mangerti, yèn dhawuhé iku
urip kang langgeng. Dadiné apa kang
dakkandhakaké iku anggonku nglairaké
kaya kang kadhawuhaké déning Sang
Rama marang Aku."

13 1 Nalika ngarepaké dina riyaya
Paskah, Yésus wis pirsa, menawa
wis tekan ing titi-mangsa anggoné
bakal jengkar saka ing donya iki sowan
marang ngarsané Sang Rama. Padha
kayadéné Panjenengané anggoné tansah
ngasihi marang para kagungané kang
ana ing donya, mangkono uga saiki
Panjenengané anggoné ngasihi iku
nganti tumeka ing wekasané.
2 Nalika padha kembul dhahar, Iblis wis
mbisikaké pangrantam ing atiné Yudas
Iskariot, anaké Simon, supaya nyidrani
Panjenengané.
3 Yésus pirsa, menawa Sang Rama
wis masrahaké samubarang kabèh
marang Panjenengané sarta menawa

Panjenengané iku pinangkané saka ing
Allah lan wangsul marang Allah.
4 Yésus banjur jumeneng sarta lukar
pangagemané. Panjenengané mundhut
lawon banjur diubetaké ing sarirané,
5 tumuli ngesokaké banyu ing wadhah,
sarta wiwit mijiki sikilé para sakabaté lan
diulapi sarana lawon kang kaubetaké ing
sarirané mau.
6 Bareng tekan gilirané Simon Pétrus.
Pétrus nuli munjuk, "Gusti, Paduka
badhé mijiki suku kawula?"
7 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Apa kang daktindakaké,
saiki kowé durung nyandhak maknané,
nanging bésuk kowé bakal mangerti."
8 Pétrus munjuk marang Panjenengané,
"Paduka sampun ngantos mijiki suku
kawula ing salami-laminipun." Yésus
paring wangsulan, pangandikané,
"Menawa Aku ora mijiki kowé, kowé ora
duwé panduman ana ing Aku."
9 Unjuké Simon Pétrus marang
Panjenengané, "Gusti, sampun
ngamungaken suku kawula kémawon,
nanging dalah tangan saha sirah kawula
pisan."

10 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Sapa baé kang
wis adus, ora susah adus manèh, kajaba
mung wisuh sikilé baé, awit badané
sakojur wis resik. Mangkono uga kowé
iku wis resik, mung baé ora kabèh."
11 Awit Panjenengané pirsa sapa kang
bakal ngulungaké Panjenengané. Marga
saka iku Panjenengané ngandika, "Kowé
iku ora kabèh resik."
12 Sawusé mijiki sikilé para sakabat
mau, Panjenengané ngagem agemané
manèh banjur mapan lenggah sarta
ngandika, "Apa kowé padha mangerti
maknané panggawéku marang kowé iki
mau?
13 Kowé padha nyebut Aku Guru lan
Gusti, lan panyebutmu iku bener, awit
Aku iki pancèn Guru lan Gusti.
14 Dadi menawa Aku iki kang dadi Gusti
lan Gurumu wus mijiki sikilmu, dadi
kowé iya padha wajib wisuh-winisuhan
sikil.
15 Awit Aku wis maringi tuladha marang
kowé, supaya kowé kabèh uga nindakaké
kaya kang wis daktindakaké marang
kowé.

16 Satemen-temené Aku pitutur marang
kowé: Abdi iku ora ngungkuli bendarané,
utawa utusan iya ora ngungkuli kang
ngutus.
17 Menawa kowé padha mangerti
prakara iku kabèh, rahayu kowé,
menawa kowé kabèh padha nglakoni.
18 Dhawuhku iki ora tumrap kowé
kabèh. Aku pirsa, sapa kang wis dakpilih.
Nanging kudu kayektènan tulisan kang
surasané mangkéné: Tiyang ingkang
tumut nedha roti Kawula, punika sampun
ngagagaken tungkakipun dhateng
Kawula.
19 Samengko kowé padha dakdhawuhi
sadurungé bab iku kelakon, supaya
menawa bab iku kelakon, kowé padha
pracaya, yèn iya Aku iki Panjenengané.
20 Satemen-temené Aku pitutur marang
kowé, sing sapa nampani wong kang
dakutus, iku nampani Aku; lan sing sapa
nampani Aku, iku nampani Panjenengané
kang ngutus Aku."
21 Sawisé Yésus ngandika mangkono,
Panjenengané banget trenyuh ing galih,
banjur paring paseksèn mangkéné,
"Satemen-temené Aku pitutur marang

kowé: Wong siji saka panunggalanmu
bakal ngulungaké Aku."
22 Para sakabat nuli padha pandeng-
pandengan, karo mangu-mangu sapa
kang dikarsakaké iku.
23 Salah sijining sakabaté, yaiku sakabat
kang dikasihi Panjenengané, lungguh
sèndhèn sandhing Panjenengané, ing
sisih tengené.
24 Sakabat iku mau disasmitani déning
Simon Pétrus sarta dituturi, "Nyuwuna
pirsa sapa kang dipangandikakaké iku."
25 Sakabat kang lungguh cedhak
Yésus mau tumuli nolèh sarta matur
marang Panjenengané, "Gusti, sinten
tiyangipun?"
26 Yésus paring wangsulan, "Wongé
iya iku kang bakal dakwènèhi roti
sawusé dakcelupaké." Sawusé ngandika
mangkono, banjur mundhut roti sarta
kacelupaké nuli kaparingaké marang
Yudas anaké Simon Iskariot.
27 Lan sawisé nampani roti iku, Yudas
nuli kapanjingan Iblis. Yésus tumuli
ngandika marang Yudas, "Apa kang arep
koklakoni, iku énggal tindakna!"
28 Ananging ora ana wong siji-sijia
ing antarané para sakabat kang padha

kembulan iku kang mangerti, apa
karsané Yésus ngandika mangkono
marang Yudas iku.
29 Sarèhné Yudas kang ngreksa kas,
ana kang duwé pangira menawa Yésus
ngutus wong iku tuku apa-apa kang prelu
kanggo riyaya iku, utawa didhawuhi
maringi apa-apa marang wong miskin.
30 Yudas nampani roti iku banjur
énggal-énggal lunga. Nalika iku wayahé
wis bengi.
31 Sawisé Yudas lunga, Yésus banjur
ngandika, "Samengko Putraning
Manungsa kaluhuraké sarta Allah
kaluhuraké ana ing Panjenengané.
32 Menawa Allah kaluhuraké ana
ing Panjenengané, Allah iya bakal
ngluhuraké Panjenengané ana ing
sarirané piyambak, malah Panjenengané
tumuli bakal kaluhuraké.
33 Hé, anak-anakku, anggonku nunggal
karo kowé mung kari sadhéla. Kowé
bakal padha nggolèki Aku, kayadéné
anggonku wus ngandikakaké marang
wong Yahudi: Menyang ngendi paranku,
kowé ora bakal padha bisa mrana;
mangkono uga saiki Aku pitutur marang
kowé.

34 Aku maringi pepakon anyar marang
kowé, iya iku supaya kowé padha
tresna-tinresnanana; dikaya anggonku
wis tresna marang kowé, kaya mangkono
uga kowé iya padha tresna-tinresnanana.
35 Kanthi mangkono wong kabèh bakal
padha mangerti, yèn kowé padha dadi
muridku, yaiku menawa kowé padha
tresna-tinresnan."
36 Simon Pétrus tumuli munjuk, "Gusti,
Gusti tindak dhateng pundi?" Paring
wangsulané Yésus, "Menyang ngendi
paranku, kowé ora bisa ndhèrèk Aku
saiki, nanging bésuk kowé bakal padha
ndhèrèk Aku."
37 Pétrus munjuk marang
Panjenengané, "Gusti, punapaa déné
kawula mboten saged ndhèrèk Gusti
samangké? Kawula badhé ngetohaken
nyawa kawula kagem Gusti."
38 Paring wangsulané Yésus, "Nyawamu
bakal koketohaké kagem Aku? Satemen-
temené Aku pitutur marang kowé:
Sadurungé jago kluruk, kowé wis nyélaki
Aku ambal kaping telu."

14 1 "Atimu aja melang-melang;
padha kumandela marang Allah;
uga kumandela marang Aku.

[2] Ing dalemé Ramaku akèh panggonan.
Menawa ora mangkono, kowé mesthi
dakkandhani. Awit Aku mrana prelu
nyawisaké papan kanggo kowé.
[3] Déné menawa Aku wis mrana lan
wis nyawisaké papan kanggo kowé,
Aku bakal bali manèh lan ngajak kowé
menyang padununganku, supaya ing
ngendi padununganku, kowé uga padha
ana ing kana.
[4] Lan menyang ngendi paranku, kowé
iya padha mangerti dalané mrana."
[5] Tomas munjuk marang Panjenengané,
"Gusti, kawula mboten mangertos
dhateng pundi tindak Panjenengan,
dados kadospundi anggèn kawula
sumerep marginipun mrika?"
[6] Pangandikané Yésus, "Aku iki dalané,
sarta jatiné kayektèn lan urip. Ora ana
wong siji-sijia kang bisa sowan marang
Sang Rama, menawa ora metu Aku.
[7] Menawa kowé padha wanuh marang
Aku, mesthi kowé kabèh iya wanuh
marang Ramaku. Wiwit saiki kowé
wanuh marang Panjenengané sarta wis
padha ndeleng Panjenengané."
[8] Filipus munjuk marang Panjenengané,
"Gusti, kawula mugi sami Paduka tedahi

Sang Rama punika, supados kawula
sami marem."
9 Pangandikané Yésus, "Wis samono
lawasé Aku nunggal karo kowé, Filipus,
éwasamono kowé ora wanuh marang
Aku? Sapa baé kang wis ndeleng Aku,
iku wus ndeleng Sang Rama; kepriyé
déné kowé kandha: Kawula mugi sami
Paduka tedahi Sang Rama?
10 Apa kowé ora ngandel yèn Aku iki
ana ing Sang Rama lan Sang Rama
ana ing Aku? Apa kang dakkandhakaké
marang kowé iku, ora saka karepku
dhéwé, nanging saka Sang Rama, kang
dedalem ana ing Aku, Panjenengané iku
kang nindakaké pakaryané.
11 Padha ngandela marang Aku, yèn
Aku ana ing Sang Rama lan Sang
Rama ana ing Aku; utawa saora-
orané, padha ngandela, marga saka
pakaryan-pakaryan iku.
12 Satemené Aku pitutur marang kowé:
Sing sapa pracaya marang Aku, iku
bakal nindakaké uga pakaryan kang
daktindakaké, malah pakaryan-pakaryan
kang ngungkuli iku. Awit Aku sowan
menyang ngarsané Sang Rama;

13 lan apa baé kang koksuwun atas
saka jenengku, Aku bakal ngleksanani,
supaya Sang Rama kaluhurna ana ing
Sang Putra.
14 Menawa kowé padha nyuwun apa-apa
marang Aku atas saka jenengku, iku Aku
kang bakal ngleksanani."
15 "Menawa kowé padha tresna marang
Aku, kowé padha netepana pepakonku,
16 Aku bakal nyuwun marang Sang
Rama lan Panjenengané bakal maringi
kowé Juru Pitulung liyané, supaya
Panjenengané nunggil karo kowé, ing
salawasé,
17 yaiku Rohing Kayektèn. Jagat ora bisa
nampani Panjenengané, amarga jagat
ora sumurup lan ora wanuh marang
Panjenengané, nanging kowé padha
wanuh marang Panjenengané, amarga
Panjenengané nunggil karo kowé lan
bakal dedalem ana ing kowé.
18 Kowé ora bakal daktinggal lola, Aku
bakal mbalèni kowé.
19 Mung kurang sadhéla jagat ora bakal
ndeleng Aku manèh, nanging kowé
ndeleng Aku, awit Aku urip, lan kowé iya
bakal urip.

[20] Ing waktu iku kowé bakal padha
mangerti, yèn Aku ana ing Ramaku lan
kowé padha ana ing Aku, tuwin Aku ana
ing kowé.
[21] Sing sapa nduwèni sarta netepi
pepakonku, iya iku kang tresna marang
Aku. Sing sapa tresna marang Aku, iku
bakal ditresnani déning Ramaku lan Aku
uga bakal nresnani sarta bakal nglairaké
sariraku marang wong iku."
[22] Yudas, dudu Yudas Iskariot,
tumuli munjuk marang Yésus, "Gusti,
sababipun punapa déné Panjenengan
badhé nglairaken sarira Panjenengan
dhateng kawula sadaya, lan mboten
dhateng jagat?"
[23] Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Menawa ana wong
kang tresna marang Aku, iku bakal
netepi piwulangku sarta bakal ditresnani
déning Ramaku lan Aku karo Sang Rama
bakal padha ngrawuhi sarta dedalem
ana ing wong iku.
[24] Sing sapa ora tresna marang Aku, iku
ora netepi piwulangku; lan piwulangku
kang kokrungu iku ora saka Aku, nanging
saka Sang Rama kang ngutus Aku.

25 Kabèh iku mau dakkandhakaké
marang kowé, mumpung Aku isih
nunggal karo kowé;
26 nanging Juru Pitulung, yaiku Roh
Suci, kang bakal kautus déning Sang
Rama atas jenengku, iku kang bakal
mulangaké samubarang kabèh marang
kowé sarta bakal ngélingaké kowé
sabarang kang wis dakkandhakaké
marang kowé.
27 Kowé padha daktinggali tentrem-
rahayu. Tentrem-rahayuku dakwènèhaké
marang kowé, lan apa kang
dakwènèhaké iku ora kaya pawèwèhé
jagat marang kowé. Atimu aja
melang-melang lan aja giris.
28 Kowé wis padha krungu, yèn Aku
wis kandha marang kowé: Aku lunga,
nanging bakal nekani kowé manèh.
Menawa kowé tresna marang Aku, kowé
mesthi padha bungah amarga Aku lunga
sowan menyang Ramaku, sabab Sang
Rama iku ngluwihi Aku.
29 Lan saiki uga kowé padha
dakkandhani sadurungé bab iku
kelakon, supaya samangsa kelakon,
kowé padha pracaya.

30 Aku ora pitutur akèh manèh marang
kowé, awit panggedhéné jagat iki
teka, mangka ora duwé pangwasa
sathithik-thithika ingatasé Aku.
31 Nanging supaya jagat mangerti,
menawa Aku tresna marang Sang
Rama sarta menawa Aku nindakaké
samubarang kang didhawuhaké Sang
Rama marang Aku. Mulané ngadega, ayo
padha lunga saka kéné."

15 1 "Aku iki wit anggur kang sejati
sarta Ramaku iku kang among
tani.
2 Saben pang kang ana ing Aku kang
ora metu wohé, dipagas lan kang metu
wohé, diresiki, supaya mundhaka akèh
wohé.
3 Kowé iku wis padha resik awit saka
pangandika kang wis dakwulangaké
marang kowé.
4 Kowé tetepa dumunung ing Aku lan
Aku ana ing kowé. Padha kaya pang
ora bisa metu wohé saka awaké dhéwé,
menawa ora tetep dumunung ana ing
wit anggur, mangkono uga kowé ora
bisa metokaké woh menawa ora tetep
dumunung ana ing Aku.

5 Aku iki wité anggur lan kowé iku
pang-pangé. Sing sapa tetep dumunung
ana ing Aku, lan Aku ana ing wong
iku, iku kang metokaké woh akèh, awit
menawa pisah saka Aku, kowé padha
ora bisa tumindak apa-apa.
6 Sing sapa ora tetep dumunung ana
ing Aku, iku dibuwang metu kaya pang
mau, temah dadi garing, tumuli padha
dikukupi lan banjur dicemplungaké ing
geni, sarta kaobong.
7 Menawa kowé dumunung ana ing
Aku lan piwulangku dumunung ana ing
kowé, padha nyuwuna apa baé kang
kokkarepaké, kowé bakal kasembadan.
8 Kang dadi margané Ramaku
kaluhuraké, yaiku menawa kowé padha
metokaké woh akèh sarta marga saka
mangkono kowé padha tetéla yèn dadi
muridku."
9 "Kayadéné Sang Rama wis nresnani
Aku, mangkono uga Aku iya wis nresnani
kowé; padha tetepa dumunung ing
katresnanku iku.
10 Menawa kowé netepi dhawuhku,
kowé bakal tetep dumunung ing
katresnanku, kayadéné anggonku wus

netepi dhawuhé Ramaku sarta tetep
dumunung ana ing katresnané.
11 Kabèh iku dakkandhakaké
marang kowé, supaya kabungahanku
dumununga ing kowé lan kabungahanmu
dadia sampurna.
12 Dhawuhku iku mangkéné, yaiku
supaya kowé padha tresna-tinresnanana,
dikaya anggonku wus nresnani kowé.
13 Ora ana katresnan kang gedhéné
ngluwihi katresnané wong kang
ngetohaké nyawané kanggo nglabuhi
mitra-mitrané.
14 Kowé iku mitraku, menawa kowé
padha nglakoni apa kang dakdhawuhaké
marang kowé.
15 Aku ora ngarani abdi manèh marang
kowé, sabab abdi iku ora mangerti apa
kang katindakaké déning bendarané,
nanging kowé wus padha daksebut mitra,
jalaran sabarang kang wis dakrungu
saka Ramaku, iku wis daksumurupaké
kabèh marang kowé.
16 Dudu kowé kang padha milih Aku,
nanging Aku kang milih kowé. Aku wis
netepaké, supaya kowé padha lunga lan
metokaké woh lan wohmu iku lestaria,
sarana mangkono apa kang koksuwun

marang Sang Rama atas saka jenengku,
kajurungana déning Panjenengané
marang kowé.
17 Iki dhawuhku marang kowé: Padha
tresna-tinresnanana."
18 "Menawa kowé padha disengiti
déning jagat, élinga yèn jagat wis sengit
marang Aku sadurungé kowé.
19 Saupama pinangkamu saka ing
jagat, mesthi jagat tresna marang kowé
awit dadi duwèké. Nanging sarèhné
pinangkamu ora saka ing jagat, malah
Aku wus milih kowé saka ing jagat,
mulané jagat sengit marang kowé.
20 Padha élinga marang pitutur kang
wus dakwulangaké marang kowé: Kang
jeneng abdi iku ora ngungkuli bendarané.
Menawa Aku iki wis dikuya-kuya, kowé
uga mesthi bakal dikuya-kuya; menawa
wong-wong iku netepi dhawuhku, mesthi
iya netepi pituturmu.
21 Nanging iku kabèh bakal katandukaké
marang kowé marga saka Aku, awit
padha ora wanuh marang Panjenengané
kang ngutus Aku.
22 Saupama Aku ora teka lan ora
mituturi wong-wong iku, mesthi padha

ora duwé dosa. Nanging saiki wong-wong
iku ora duwé alesan ing bab dosané.
23 Sing sapa sengit marang Aku, uga
sengit marang Ramaku.
24 Saupama Aku ora nindakaké
pakaryan ana ing satengahé wong-wong
iku, kang durung tau ditindakaké déning
wong liya, mesthi ora padha dosa.
Nanging saiki sanadyan wis padha weruh
marang iku kabèh, wong-wong iku padha
sengit marang Aku lan marang Ramaku.
25 Nanging pangandika kang katulis
ana ing kitab Torèté wong-wong iku
kudu ditetepi: Tiyang-tiyang punika sami
sengit dhateng Kawula tanpa sabab.
26 Menawa Juru Panglipur kang bakal
dakutus saka Sang Rama rawuh, yaiku
Rohing Kayektèn kang miyos saka Sang
Rama, Panjenengané iku bakal neksèni
mungguh ing Aku.
27 Ananging kowé iya kudu neksèkaké
uga, marga kowé wiwit wiwitan mula
nunggal karo Aku."
16 1 "Kabèh iku dakkandhakaké
marang kowé, supaya kowé aja
padha kena sandhungan banjur nampik
aku.

2 Kowé bakal disébrataké saka sinagogé,
malah bakal ana waktuné saben wong
kang matèni kowé, padha ngira menawa
saos pangabekti marang Allah.
3 Wong-wong iku tumindak mangkono,
amarga padha ora wanuh marang Sang
Rama lan marang Aku.
4 Nanging kabèh iki dakkandhakaké
marang kowé, supaya menawa tekan ing
waktuné kowé padha éling, yèn Aku wus
ngandhakaké marang kowé." (16-4b)
"Prakara iki ora dakkandhakaké marang
kowé saka wiwitan mula, awit nganti
saiki Aku isih tetunggalan karo kowé,
5 nanging saiki Aku lunga sowan
marang ngarsané Panjenengané kang
wis ngutus Aku, lan ora ana siji baé saka
panunggalanmu kang takon marang
Aku: Panjenengan tindak dhateng pundi?
6 Ananging marga kowé padha
dakkandhani bab iku mau, temah atimu
sedhih.
7 Déné kang dakkandhakaké marang
kowé iki bener: Luwih maédahi tumrapé
kowé, menawa Aku lunga. Sabab
menawa Aku ora lunga, Juru Pitulung iku
ora bakal nekani kowé, nanging menawa

Aku lunga, Aku bakal ngongkon Juru
Pitulung marang kowé.
8 Déné menawa Panjenengané rawuh,
iku bakal ngyakinaké jagat bab dosa,
bab kayektèn, lan bab pangadilan;
9 bab dosa, amarga padha tetep ora
pracaya marang Aku.
10 Bab kayektèn, awit Aku sowan
marang ngarsané Sang Rama lan kowé
padha ora ndeleng Aku manèh;
11 bab pangadilan, amarga
panggedhéné jagat iki wis kaukum.
12 Isih akèh prakara kang prelu
dakkandhakaké marang kowé, nanging
saiki kowé durung bisa nampa.
13 Nanging samangsa Panjenengané
rawuh, yaiku Rohing Kayektèn, iku bakal
nuntun kowé marang sakèhing kayektèn.
Awit Panjenengané ora bakal pitutur
saka sarirané dhéwé, nanging sabarang
kang dipiyarsakaké iku kang bakal
dingandikakaké sarta Panjenengané
bakal martakaké prakara-prakara kang
arep kelakon.
14 Panjenengané bakal ngluhuraké Aku,
amarga bakal martakaké marang kowé
apa kang katampi saka Aku.

15 Apa sakagungané Sang Rama, iku
iya duwèkku; mulané Aku pitutur,
mangkéné: Juru Pitulung bakal
martakaké marang kowé apa kang wis
katampi saka Aku."
16 "Mung kari sadhéla kowé bakal ora
padha ndeleng Aku manèh lan sadhéla
engkas kowé bakal padha ndeleng Aku
manèh."
17 Krungu kang kaya mangkono iku
sakabaté ana sawatara kang padha
rasanan, "Apa ta tegesé pangandikané
marang kita: Kari sadhéla nuli kowé
padha ora ndeleng Aku, sadhéla manèh
banjur padha ndeleng Aku? Sarta: Aku
lunga menyang ngarsané Sang Rama?"
18 Banjur padha sapocapan, "Apa ta
tegesé pangandika: Mung kari sadhéla?
Aku padha ora mangerti apa kang
dipangandikakaké iku."
19 Yésus pirsa, yèn para sakabaté
padha sumedya munjuk pitakon marang
Panjenengané, banjur ngandika, "Apa
kowé padha rerasanan apa kang
dakngandikakaké mau, yaiku: Mung
kari sadhéla nuli kowé bakal ora padha
ndeleng Aku lan sadhéla manèh kowé
bakal padha ndeleng Aku?

20 Satemen-temené Aku pitutur marang
kowé: Kowé bakal padha nangis lan
sesambat, nanging jagat bakal bungah;
kowé bakal padha nandhang susah,
nanging kasusahanmu bakal malih dadi
kabungahan.
21 Samangsa wong wadon lagi
nglarani, iku ngrasakaké susah, nanging
samangsa wis nglairaké bayiné, wis ora
kèlingan manèh marang larané, marga
saka bungahé déné ana manungsa
kalairaké ing donya.
22 Mangkono uga kowé samengko iya
padha nandhang susah, nanging Aku
bakal nemoni kowé manèh, temahan
bakal padha bungah atimu lan ora
ana wong siji-sijia kang bisa ngrebut
kabungahanmu saka kowé.
23 Ing dina iku kowé ora bakal
padha miterang apa-apa marang Aku.
Satemené Aku pitutur marang kowé:
Samubarang kang koksuwun marang
Sang Rama, iku bakal kaparingaké
marang kowé atas saka jenengku.
24 Nganti sapréné kowé durung njaluk
apa-apa atas saka jenengku. Padha
nyenyuwuna, kowé mesthi bakal

padha kaparingan, supaya sampurna
kabungahanmu.
25 Iku mau kabèh dakkandhakaké
marang kowé sarana pasemon. Bakal
tumeka ing waktuné anggonku mituturi
kowé ora nganggo pasemon manèh,
nanging kanthi ngeblak anggonku
mituturi kowé bab Sang Rama.
26 Ing dina iku kowé bakal padha
nyenyuwun atas saka jenengku. Aku
ora pitutur marang kowé, yèn Aku kang
bakal nyuwunaké kowé marang Sang
Rama,
27 awitdéné Sang Rama piyambak
nresnani kowé, amarga kowé wis padha
tresna marang Aku, lan pracaya yèn Aku
iki pinangkané saka ing Allah.
28 Aku mijil saka Sang Rama, lan wus
teka ing donya; Aku ninggalaké donya
manèh sowan marang Sang Rama."
29 Unjuké para sakabaté, "Lah, sapunika
Panjenengan ngandika kanthi ngeblak,
mboten mawi pasemon malih.
30 Sapunika kawula sami mangertos,
bilih Panjenengan pirsa samukawis lan
mboten prelu tiyang munjuk pitakèn
dhumateng Panjenengan. Pramila

kawula sami pitados, bilih Panjenengan
punika mijil saking Allah."
31 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Apa kowé saiki
padha pracaya?
32 Lah, bakal tumeka ing waktuné,
malah iya wis tekan waktuné, kowé
padha kabuyaraké, padha menyang
paranmu dhéwé-dhéwé, lan Aku
koktinggal ijèn. Nanging Aku ora ijèn
amarga Sang Rama nunggil karo Aku.
33 Anggon-Ku mulangaké iku mau
kabèh marang kowé, supaya kowé
olèh tentrem-rayahu ana ing Aku.
Ana ing donya kowé padha nandhang
panganiaya, nanging padha diteteg
atimu, Aku wis ngalahaké donya."

17 1 Kaya mangkono mau
pangandikané Yésus.
Panjenengané banjur tumenga
marang langit sarta matur, "Dhuh Rama,
sampun dumugi wancinipun; mugi Putra
Paduka kaluhurna, supados Putra Paduka
ngluhuraken Paduka.
2 Kadosdéné anggèn Paduka sampun
maringi pangwaos mengku sawarnining
agesang dhateng Sang Putra, makaten
ugi Sang Putra inggih badhé maringi

gesang langgeng dhateng sadaya
ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng Sang Putra.
3 Wondéné gesang langgeng punika
manawi tiyang sami wanuh dhateng
Paduka, Allah ingkang sejatos, sarta
dhateng Yésus Kristus utusan Paduka.
4 Kawula sampun ngluhuraken Paduka
wonten ing bumi sarana anggèn Kawula
sampun ngrampungaken pakaryan
ingkang Paduka paringaken dhateng
Kawula supados katindakaken.
5 Déné sapunika, dhuh Rama, mugi
Paduka ngluhuraken Kawula wonten
ing ngarsa Paduka piyambak kanthi
kaluhuran ingkang sampun Kawula
darbèni ing ngarsa Paduka sadèrèngipun
jagat tinalesan.
6 Kawula sampun medharaken asma
Paduka dhateng para tiyang ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula
saking jagat. Tiyang-tiyang punika
kagungan Paduka sarta sampun Paduka
paringaken dhateng Kawula, saha
sampun sami ngèstokaken pangandika
Paduka.
7 Sapunika sampun sami mangertos,
bilih sadaya peparing Paduka dhateng

Kawula punika pinangkanipun saking
Paduka.
8 Amargi sadaya pangandika ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula
punika sampun Kawula tampèkaken
dhateng tiyang-tiyang wau saha sampun
dipun tampèni. Punapadéné sampun
sami mangertos saèstu, bilih Kawula
mijil saking Paduka lan sami pitados,
bilih Paduka ingkang ngutus Kawula.
9 Kawula ndongakaken tiyang-tiyang
punika. Sanès jagat ingkang Kawula
dongakaken, nanging tiyang-tiyang
peparing Paduka dhateng Kawula, awit
tiyang-tiyang punika inggih kagungan
Paduka,
10 lan sadaya gadhahan Kawula inggih
kagungan Paduka sarta kagungan
Paduka inggih gadhahan Kawula, saha
Kawula sampun kaluhuraken wonten ing
tiyang-tiyang punika.
11 Kawula sampun mboten wonten ing
donya malih, nanging tiyang-tiyang
punika taksih wonten ing donya,
tuwin Kawula sowan dhateng ngarsa
Paduka. Dhuh Rama ingkang Suci,
tiyang-tiyang punika mugi Paduka reksa
wonten ing asma Paduka, inggih punika

asma Paduka ingkang sampun Paduka
paringaken dhateng Kawula, supados
tiyang-tiyang wau sami dados satunggal
kadosdéné Paduka kaliyan Kawula.
12 Salaminipun Kawula nunggil kaliyan
tiyang-tiyang punika, Kawula ingkang
ngreksa wonten ing asma Paduka,
ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng Kawula; Kawula sampun njagi
tiyang-tiyang punika lan mboten wonten
tiyang satunggal kémawon ingkang
ical, kajawi namung tiyang satunggal
ingkang sampun pinasthi risak, supados
kayektosan suraosing Kitab Suci.
13 Nanging samangké, Kawula
sowan dhateng ngarsa Paduka, lan
Kawula ngaturaken sadaya punika ing
salebetipun Kawula taksih wonten ing
donya, supados kabingahan Kawula
wonten ing tiyang-tiyang wau sangsaya
sampurna.
14 Tiyang-tiyang wau sampun Kawula
sukani pangandika Paduka, lan sami
dipun sengiti déning jagat, amargi
pinangkanipun mboten saking jagat,
kadosdéné pinangka Kawula punika
inggih mboten saking jagat.

15 Kawula mboten nyuwun, supados
tiyang-tiyang wau kapundhuta saking
donya, nanging supados Paduka reksa
saking piawon.
16 Tiyang-tiyang wau pinangkanipun
mboten saking jagat, kadosdéné
pinangka Kawula punika inggih mboten
saking jagat.
17 Mugi sami Paduka sucèkaken ing
kayektosan; inggih pangandika Paduka
punika kayektosan.
18 Kadosdéné Paduka sampun ngutus
Kawula dhateng jagat, makaten ugi
Kawula inggih ngèngkèn tiyang-tiyang
wau dhateng jagat;
19 sarta Kawula nucèkaken badan
Kawula kanggé tiyang-tiyang wau,
supados ugi sami sinucèkaken ing
kayektosan.
20 Mboten namung kanggé tiyang-
tiyang punika kémawon anggèn
Kawula ndedonga, nanging ugi kanggé
tiyang-tiyang sanèsipun ingkang sami
pitados dhateng Kawula margi saking
piwucalipun tiyang-tiyang wau,
21 supados sadaya sami dadosa
satunggal kadosdéné Paduka, dhuh
Rama, wonten ing Kawula, sarta Kawula

wonten ing Paduka, murih sami dadosa
satunggal ing Paduka lan Kawula,
supados jagat pitados, bilih Paduka
ingkang ngutus Kawula.
22 Kawula sampun nyukakaken
kamulyan, ingkang Paduka paringaken
dhateng Kawula, dhateng tiyang-tiyang
punika, supados sami dados satunggal,
kadosdéné Paduka lan Kawula inggih
dados satunggal.
23 Kawula wonten ing tiyang-tiyang
punika sarta Paduka wonten ing
Kawula supados sampurna anggènipun
dados satunggal, sarta supados jagat
mangertos, bilih Paduka ingkang
sampun ngutus Kawula saha bilih Paduka
nresnani tiyang-tiyang punika kadosdéné
anggèn Paduka nresnani Kawula.
24 Dhuh Rama, ingkang dados pikajeng
Kawula, Kawula wontena ing pundi
kémawon, tiyang-tiyang punika tansah
nunggila kaliyan Kawula, inggih punika
tiyang-tiyang ingkang sampun Paduka
paringaken dhateng Kawula, supados
sumerep dhateng kamulyan Kawula
ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng Kawula, awit Paduka nresnani

Kawula wiwit sadèrèngipun jagat
tinalesan.
25 Dhuh Rama ingkang adil, jagat
punika pancèn mboten wanuh dhateng
Paduka, nanging Kawula wanuh dhateng
Paduka, sarta tiyang-tiyang punika sami
mangertos, bilih Paduka ingkang sampun
ngutus Kawula.
26 Punapadéné asma Paduka sampun
Kawula sumerepaken dhateng tiyang-
tiyang punika sarta inggih badhé Kawula
sumerepaken, supados katresnan
ingkang Paduka paringaken dhateng
Kawula punika wonten ing tiyang-tiyang
punika, sarta Kawula inggih wonten ing
tiyang-tiyang punika."
18 1 Sawisé Yésus ngandika
mangkono, banjur miyos saka
ing kono tindak menyang sabrangé
kali Kidron bareng karo para sakabaté.
Ing kono ana patamanan kang tumuli
dilebeti bareng karo para sakabaté.
2 Yudas, kang ngulungaké Yésus iya
weruh panggonan iku, amarga Yésus
asring nglempak karo para sakabaté ana
ing kono.
3 Yudas banjur teka ing kono kanthi
prajurit sapantha lan para tukang jaga

Padaleman Suci, kang diutus déning
para pangarepé imam tuwin para Farisi,
padha nggawa lentéra, obor, sarta
gegaman.
4 Yésus pirsa sabarang kang bakal
nempuh sarirané, banjur majeng sarta
ngandika marang wong-wong mau,
"Kowé padha nggolèki sapa?"
5 Wangsulané kang padha kadangu,
"Yésus wong Nasarèt." Pangandikané
Yésus, "Iya Aku iki." Yudas kang
ngulungaké Panjenengané, uga ngadeg
ana ing kono bareng karo wong-wong
mau.
6 Bareng padha dipangandikani, "Iya
Aku iki," tumuli padha mundur sarta tiba
ing lemah.
7 Yésus banjur ndangu manèh marang
wong-wong mau, "Kowé padha nggolèki
sapa?" Unjuké wong-wong mau, "Yésus
wong Nasarèt."
8 Yésus paring wangsulan, "Aku wus
pitutur marang kowé: Iya Aku iki wongé.
Menawa Aku kang padha kokgolèki,
wong-wong iki karebèn padha lunga."
9 Mangkono iku supaya ngetrepi
pangandika kang mangkéné, "Tiyang-
tiyang ingkang Paduka paringaken

dhateng Kawula mboten wonten
satunggal kémawon ingkang kawula
icalaken."
10 Simon Pétrus kang asikep pedhang,
banjur ngunus pedhangé, disabetaké
marang abdiné Imam Agung, kupingé
kang tengen kaperung. Abdi mau
jenengé Malkhus.
11 Yésus tumuli ngandika marang
Pétrus, "Pedhangmu wrangkakna; apa
Aku ora kudu ngombé isining tuwung
peparingé Sang Rama marang Aku?"
12 Prajurit sapantha lan panggedéné
sarta para tukang jaga, kang dikongkon
déning wong Yahudi, banjur nyekel
Yésus nuli kabanda,
13 Panjenengané kajujugaké luwih
dhisik menyang dalemé Hanas, awit iku
marasepuhé Kayafas, kang jumeneng
Imam Agung ing taun iku;
14 lan iya Kayafas iku kang wus paring
pamrayoga para pangarepé wong
Yahudi, "Luwih maédahi menawa wong
siji mati kanggo sakèhing bangsa."
15 Simon Pétrus karo sakabat siji liyané
ngetutaké Yésus. Sakabat iku mau
tepang karo Imam Agung, banjur mlebu

menyang plataraning dalemé Imam
Agung bareng karo Yésus,
16 nanging Pétrus kari ing jaba cedhak
régol. Sakabat liyané iku kang tepang
karo Imam Agung, nuli metu manèh,
rembugan karo wong wadon kang njaga
régol, banjur ngajak Pétrus mlebu.
17 Abdi wadon kang tunggu régol mau
ngelokaké Pétrus, "Sampéyan rak inggih
panunggalané sakabaté tiyang niku?"
Wangsulané Pétrus, "Sanès!"
18 Ing nalika iku para abdi lan para
tukang jaga Padaleman Suci wus padha
gawé bedhiyang, marga ing wektu iku
hawané adhem, wong-wong iku padha
ngadeg gegeni ana ing kono. Pétrus uga
ngadeg gegeni awor karo wong-wong
mau.
19 Imam Agung banjur ndangu marang
Yésus bab para sakabaté lan bab
piwulangé.
20 Wangsulané Yésus, "Anggèn Kula
mituturi jagat punika wonten ing
ngedhèngan: Kula wicanten kanthi
ngeblak dhateng jagat punika: Kula
mucal salaminipun wonten ing papan
pangibadah lan ing Padaleman Suci,
panggènanipun tiyang-tiyang Yahudi

sami makempal; kula mboten naté
wicanten kanthi sesidheman.
21 Punapaa déné panjenengan pitakèn
dhateng Kula? Mangga pitakèna dhateng
tiyang-tiyang ingkang sampun sami
mireng punapa ingkang sampun kula
wucalaken dhateng tiyang-tiyang wau;
sayektos, tiyang-tiyang wau sampun
sami mangertos punapa ingkang Kula
wucalaken."
22 Nalika Panjenengané ngandika
mangkono iku, ana tukang jaga
kang ngadeg sacedhaké kono, napuk
pasuryané Yésus kambi kandha, "Kaya
mangkono iku wangsulanmu marang
Imam Agung?"
23 Yésus paring wangsulan,
pangandikané, "Menawa wangsulanku
iku luput, tuduhna luputé, nanging
menawa bener, sabab apa kowé napuk
Aku?"
24 Yésus banjur kapurugaké kalawan
kabanda menyang ngarsané Kayafas
kang jumeneng Imam Agung.
25 Simon Pétrus isih ngadeg gegeni.
Wong-wong kang ana ing kono padha
ngelokaké Pétrus, "Sampéyan rak inggih
sakabaté, ta?"

[26] Pétrus sélak, pangucapé, "Sanès."
Sawijiné abdiné Imam Agung, kalebu
sanaké kang kaperung kupingé déning
Pétrus, tumuli kandha, "Napa dudu
sampéyan sing kula sumerep teng
patamanan sareng tiyang niku?"
[27] Pétrus iya sélak manèh, lan nalika iku
ana jago kluruk.
[28] Sawisé iku, Yésus kairid saka dalemé
Kayafas menyang gedhong pangadilan.
Nalika iku wayahé isih ésuk. Kang padha
ngirid Panjenengané iku ora lumebu ing
gedhong pangadilan, supaya aja kena
ing najis, awit arep padha mangan ing
pahargyan Paskah.
[29] Mulané Pilatus kang miyos manggihi
wong-wong mau, sarta ngandika,
"Panggugatmu marang Wong iku bab
prakara apa?"
[30] Wong-wong mau padha mangsuli,
aturé, "Manawi Tiyang punika sanès
durjana, kula sami mboten ngladosaken
dhateng Panjenengan!"
[31] Dhawuhé Pilatus, "Wus gawanen
Wongé, patrapana miturut angger-
anggering Torètmu." Aturé wong-
wong Yahudi, "Kula mboten sami

kawenangaken matrapi paukuman pejah
dhateng tiyang."
32 Kang mangkono iku supaya
kayektènana pangandikané Yésus, kang
dingandikakaké kanggo mratélakaké
kepriyé patrap bakal sédané.
33 Pilatus banjur lumebet manèh ing
gedhong pangadilan, nuli nimbali Yésus
sarta ngandika, "Punapa Sampéyan
punika ratunipun tiyang Yahudi?"
34 Yésus paring wangsulan,
"Panjenengan ngandika makaten
punika punapa saking panggalih
panjenengan piyambak, punapa wonten
tiyang sanès ingkang munjuk makaten
dhateng panjenengan bab ingatasipun
Kula?"
35 Pilatus ngandika, "Punapa kula
punika tiyang Yahudi? Bangsa Sampéyan
piyambak lan para pangajenging imam
ingkang ngladosaken Sampéyan dhateng
kula; Sampéyan tumindak punapa?"
36 Yésus paring wangsulan, "Kraton
Kula mboten saking donya ngriki;
manawi kraton Kula saking donya
ngriki, mesthi tiyang-tiyang Kula sami
nglawan, supados Kula sampun ngantos
kaulungaken dhateng tiyang Yahudi.

Nanging kraton Kula mboten saking
ngriki."
37 Pilatus banjur ngandika, "Dados,
Sampéyan punika punapa raja?" Paring
wangsulané Yésus, "Panjenengan
sampun mastani, bilih Kula punika
raja. Inggih punika prelunipun Kula
lair lan inggih punika prelunipun Kula
dhateng donya punika, supados Kula
neksèni ing kayektosan; saben tiyang
ingkang asalipun saking kayektosan,
sami mirengaken swanten Kula."
38 Pangandikané Pilatus, "Kayektosan
punika punapa?" (18-38b) Sawisé
ngandika mangkono, Pilatus tumuli
miyos manggihi wong-wong Yahudi
manèh sarta ngandika, "Mungguh ing
aku Wong iku ora ana kaluputané
apa-apa.
39 Nanging kowé padha duwé padatan,
samasa riyaya Paskah aku nglilani
luwaré wong siji kanggo kowé. Apa dadi
karepmu supaya aku nglilakaké luwaré
rajané wong Yahudi kanggo kowé?"
40 Wong-wong mau padha mbengok
manèh, "Sampun Tiyang punika, nanging
Barabas kémawon!" Anadéné Barabas
iku bégal.

19 [1] Pilatus nuli dhawuh nggawa
Yésus supaya digebagi.
[2] Para prajurit padha nganam eri
kagawé makutha, banjur ditrapaké
ing mustakané. Wong-wong iku padha
ngagemaké jubah wungu,
[3] nuli padha maju sarta ngucap,
"Sugeng, rajanipun tiyang Yahudi!"
Wong-wong mau banjur napuk
Pasuryané.
[4] Pilatus nuli miyos manèh sarta
ngandika marang wong-wong
mau, "Padha tontonen, iku Wongé
dakwetokaké ana ngarepmu, supaya
kowé padha mangerti, yèn mungguh ing
aku, ora nemu kaluputané Wong iku."
[5] Yésus tumuli miyos, ngagem makutha
eri lan jubah wungu. Pilatus ngandika
marang wong-wong mau, "Sawangen
Wong iku!"
[6] Nalika para pangarepé imam lan para
wong jaga padha ndeleng Panjenengané,
banjur padha mbengok, "Kasaliba,
kasaliba!" Pangandikané Pilatus,
"Gawanen lan saliben; awit mungguh
ing aku Wong iku ora ana kaluputané
apa-apa."

7 Wangsulané wong-wong Yahudi,
"Kula sami gadhah angger-angger, lan
miturut angger-angger wau, Tiyang
punika kedah kaukum pejah, amargi
ngaken-aken Putranipun Allah."
8 Bareng Pilatus mireng atur kang
mangkono iku, saya wuwuh ajrihé,
9 banjur lumebet ing gedhong
pangadilan manèh sarta ngandika
marang Yésus, "Asal Panjenengan
saking pundi?" Nanging Yésus ora paring
wangsulan.
10 Mulané Pilatus banjur ngandika,
"Punapa Panjenengan mboten
purun criyos dhateng kula? Punapa
Panjenengan mboten sumerep, bilih
kula punika gadhah pangwaos ngluwari
Panjenengan lan ugi kwaos nyalib
Panjenengan?"
11 Paring wangsulané Yésus,
"Panjenengan mboten kagungan
pangwaos punapa-punapa tumrap
Kula, manawi pangwaos wau mboten
kaparingaken dhateng panjenengan
saking nginggil. Pramila: tiyang ingkang
ngulungaken Kula dhateng panjenengan,
dosanipun langkung ageng."

12 Wiwit nalika iku Pilatus ngangkah
ngluwari Panjenengané, nanging wong-
wong Yahudi padha mbengok, "Manawi
panjenengan ngluwari tiyang punika,
panjenengan sanès mitranipun Kaisar.
Sabab tiyang ingkang ngaken-aken
dados raja, punika nglawan dhateng
Kaisar."
13 Bareng Pilatus mireng atur mangkono
iku, tumuli dhawuh ngedalaké Yésus lan
banjur lenggah ana ing kursi pangadilan,
ing panggonan kang aran Litostrotos,
ing basa Ibrani: Gabata.
14 Ing nalika iku pinuju dina pacawisan
Paskah, kira-kira jam rolas. Pilatus
banjur ngandika marang wong-wong
Yahudi, "Sawangen rajamu!"
15 Wong-wong mau padha bengok,
"Kasirnakna! Kasirnakna! Kasaliba!"
Pangandikané Pilatus, "Apa aku kudu
nyalib ratumu?" Wangsulané para
pangarepé imam, "Kula sami mboten
gadhah ratu kajawi namung Kaisar."
16 Wasana Pilatus banjur masrahaké
Yésus marang wong-wong mau supaya
disalib. (19-16b) Wong-wong mau padha
nampani Yésus.

17 Kalawan manggul salib, Yésus miyos
lan tindak menyang panggonan kang
aran Pacumplungan, ing basa Ibrani:
Golgota.
18 Ing kono, wong-wong mau padha
nyalib Panjenengané, bareng karo wong
loro liyané, dumunung ana ing kiwa lan
tengené, déné Yésus ana ing tengah.
19 Pilatus uga dhawuh masang tulisan
ana ing sandhuwuré salib, uniné, "Yésus
saka Nasarèt Rajané wong Yahudi."
20 Akèh wong Yahudi kang padha maca
tulisan mau, amarga papan panyalibé
Yésus iku cedhak kutha, lan tulisan mau
nganggo basa Ibrani, Latin, lan Yunani.
21 Para pangarepé imam bangsa Yahudi
banjur padha matur marang Pilatus,
"Panjenengan sampun nyerat: Rajané
wong Yahudi, namung pangakenipun:
Aku iki Rajané wong Yahudi."
22 Wangsulané Pilatus, "Apa kang wus
daktulis, tetep katulis."
23 Sawisé para prajurit mau padha
nyalib Yésus, banjur padha njupuk
pangagemané dipara papat, saben
prajurit sabagéan -- lan agemané jubah
iya kajupuk. Jubah iku ora nganggo

dondoman, tenunané lajuran wiwit saka
ing dhuwur tekan ngisor.
24 Mulané para prajurit mau padha
rembugan, "Iku aja didum-dum dadi
suwèkan, nanging payo padha diundhi
kanggo nemtokaké sapa kang olèh."
Iku supaya kayektènan kang katulis ing
Kitab Suci: "Sandhangan Kawula sami
dipun dum-dum, saha jubah Kawula
dipun undhi." Kang mangkono iku wus
katindakaké déning para prajurit mau.
25 Ing sacedhaké salibé Yésus iku
ana kang ibu lan sadhèrèké kang ibu,
yaiku Maria bojoné Klopas tuwin Maria
Magdaléna.
26 Bareng Yésus mirsani kang ibu
lan sakabat kang ditresnani ngadeg
sacedhaké kono, banjur ngandika
marang kang ibu, "Ibu, punika ingkang
putra!"
27 Nuli ngandika marang sakabat
mau, "Lah iku ibumu!" Wiwit nalika iku
sakabat mau banjur mboyong ibuné
Yésus menyang omahé.
28 Sawisé iku, sarèhné Yésus pirsa, yèn
samubarang kabèh wus rampung, banjur
ngandika, -- supaya kayektènana kang
katulis ing Kitab Suci --: "Aku ngelak!"

29 Ing kono ana wadhah kang kebak isi
anggur kecut. Tumuli ana wong kang
nyelupaké spons ing anggur kecut mau,
nuli katuncepaké ing pang hisop, banjur
diaturaké ing tutuké Yésus.
30 Sawusé necep anggur kecut mau,
Yésus tumuli ngandika, "Wus rampung!"
Panjenengané banjur nungkulaké
mustaka lan masrahaké nyawané.
31 Sarèhné pinuju dina pacawisan lan
supaya ing dina Sabat layon-layon ora
tetep ana ing kayu salib -- sabab dina
Sabat iku dina Sabat kang pinunjul --
mulané para pangarepé wong Yahudi
padha teka sarta duwé panyuwun
marang Pilatus supaya sikilé wong-
wong kang ana ing kayu salib padha
karemukana, lan layoné diudhunaké.
32 Mulané para prajurit banjur padha
mara sarta ngremuki sikilé wong siji lan
sijiné kang disalib bareng karo Yésus.
33 Nanging bareng tekan enggoné
Yésus lan weruh menawa Panjenengané
wus séda, wong-wong iku ora padha
ngremuk sampéyané.
34 Éwasamono salah sijiné prajurit
panunggalané iku njojoh lambungé

Yésus nganggo tumbak, lan sanalika
metu getihé lan banyuné.
35 Wong kang ndeleng dhéwé bab iku,
iku kang neksèni, lan paseksèné iku
nyata, sarta wong iku mangerti, yèn
paseksiné iku nyata, supaya kowé uga
padha pracaya.
36 Sabab kelakoné iku mau supaya
kayektènan kang katulis ing Kitab Suci,
"Ora ana balungé kang diremuk."
37 Lan ana tulisan manèh kang
mratélakaké, "Wong-wong bakal padha
nyawang Panjenengané, kang wus
dijojoh."
38 Sawusé iku mau, Yusuf saka Arimatéa
duwé atur panyuwun marang Pilatus,
supaya dililani ngudhunaké layoné
Yésus. (Yusuf iku muridé Yésus nanging
kanthi sidheman marga wedi karo para
pangwasa Yahudi.) Pilatus uga nglilani
panyuwuné iku. Mulané tumuli sowan
sarta ngukup layoné Yésus.
39 Nikodémus uga teka mrono. Wong
iku kang sakawit sowan ing ngarsané
Yésus nalika wayah bengi. Nikodémus
nggawa caruban lenga mur lan lenga
garu, boboté watara sèket kati.

40 Wong-wong mau padha ngukup
layoné Yésus lan diulesi nganggo lawon
kang ana adon-adoné kaya adaté wong
Yahudi yèn ngubur mayit.
41 Sacedhaking papan panggonané
Yésus kasalib iku ana patamanané lan
ing patamanan mau ana kuburan anyar
kang durung tau dianggo ngubur wong.
42 Sarèhné pinuju dina pacawisané
wong Yahudi, sarta kuburané iku cedhak,
mula Yésus banjur disarèkaké ana ing
kono.

20 1 Ing dina kapisan ing minggu
iku, wayah ésuk umun-umun,
nalika isih peteng, Maria Magdaléna
menyang pasaréan lan weruh menawa
watu tutupé guwa wis kasingkiraké saka
ing pasaréan.
2 Tumuli lumayu nemoni Simon Pétrus
lan sakabat liyané kang dikasihi déning
Yésus, lan padha diwartani, "Gusti dipun
pendhet tiyang saking pasaréan, lan
kula mboten sumerep wonten ing pundi
anggènipun nyarèkaken."
3 Pétrus lan sakabat liyané mau banjur
padha mangkat menyang pasaréan.
4 Sakaroné padha mlayu bebarengan,
nanging sakabat liyané iku playuné luwih

rikat katimbang Simon Pétrus, satemah
luwih dhisik tekané ing pasaréan.
5 Lan bareng nginguk menjero, weruh
yèn ulesé wus sumèlèh ing lemah;
nanging dhèwèké ora mlebu.
6 Simon Pétrus olèhé nututi iya nuli
tekan sarta banjur mlebu ing pasaréan,
lan weruh ulesé sumèlèh ing lemah,
7 déné lawon riwé kang mauné ana
ing mustakané Yésus ora awor karo
ulesé, nanging wus kalempit sumèlèh
kadhèwèkaké ing panggonan liya.
8 Sakabat liyané kang dhisik tekané ing
pasaréan mau iya nuli mlebu, banjur
ndeleng sarta pracaya.
9 Awit salawasé sakabat-sakabat mau
durung padha mangerti isiné Kitab Suci
kang mratélakaké, yèn Panjenengané
pinesthi wungu saka ing antarané wong
mati.
10 Sakabat loro iku mau tumuli padha
mulih.
11 Nanging Maria Magdaléna ngadeg ing
sajabané pasaréan karo nangis. Sajroné
nangis nginguk ing pasaréan,
12 weruh ana malaékat loro ngagem
ageman putih, padha lenggah, kang siji

ana ing ulon-ulon, sijiné ana ing dagan
tilas panggonan sumaréné Yésus.
13 Malaékat iku banjur padha ngandika
marang Maria, "Ibu, kena apa kowé
nangis?" Aturé Maria, "Gusti kula
dipun pendhet tiyang lan kula mboten
sumerep wonten ing pundi anggènipun
nyarèkaken."
14 Sawusé matur mangkono, tumuli
nolèh memburi sarta weruh Yésus
jumeneng ana ing kono, nanging ora
mangerti, menawa iku Yésus.
15 Yésus nuli ngandika, "Ibu, kena apa
kowé nangis? Kowé nggolèki sapa?"
Maria ngira yèn iku juru taman, banjur
matur, "Bapak, manawi sampéyan
ingkang mendhet Panjenenganipun, kula
sampéyan criyosi, wonten ing pundi
anggèn sampéyan nyarèkaken, kula
pendhetipun."
16 Yésus tumuli ngandika, "Maria!"
Maria banjur minger sarta munjuk ing
basa Ibrani, "Rabuni!" Jarwané: Guru.
17 Pangandikané Yésus, "Aja nggondhèli
Aku, awit Aku durung sowan menyang
ngarsané Ramaku, nanging lungaa
nemonana para Sadulurku, lan padha
kandhanana, menawa Aku arep sowan

menyang ngarsané Ramaku lan Ramamu
ing ngarsané Allahku lan Allahmu."
18 Maria Magdaléna nuli lunga wewarta
marang para sakabat, "Aku wus ndeleng
Gusti!" sarta kang mangandikani
bab-bab iku mau uga Panjenengané.
19 Bareng ing wayah bengi ing dina
kapisan minggu iku para sakabaté Yésus
padha nglumpuk ana ing sawènèhing
papan, lawangé padha kakancing awit
saka wediné marang wong Yahudi. Ing
nalika iku Yésus rawuh jumeneng ana
ing tengah-tengahé para sakabat sarta
ngandika, "Tentrem-rahayu anaa ing
kowé kabèh!"
20 Sawisé ngandika mangkono, tumuli
nedahaké astané lan lambungé marang
para sakabat. Para sakabat iku padha
bungah nalika ndeleng Gusti.
21 Yésus banjur ngandika manèh,
"Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh!
Kayadéné Rama anggoné ngutus Aku,
mangkono uga saiki Aku ngutus kowé."
22 Sawusé ngandika mangkono,
Panjenengané banjur ndamoni para
sakabat lan dipangandikani, "Padha
nampanana Roh Suci.

23 Menawa kowé padha ngapura dosané
wong, iku dosané diapura, lan menawa
kowé padha netepaké dosané, iku
dosané isih tetep ana."
24 Nanging Tomas, panunggalané
sakabat rolas iku, kang karan Didimus,
nalikané Yésus rawuh pinuju ora nunggal
karo kanca-kancané.
25 Mulané, para sakabat liyané padha
ngandhani, "Aku wus padha ndeleng
Gusti!" Nanging Tomas ngucap,
"Sadurungé aku ndeleng tabeté paku
ana ing astané lan sadurungé aku ndulek
tilas paku iku nganggo drijiku tuwin
lambungé daklodok nganggo tanganku,
aku ora pracaya babar pisan."
26 Bareng tekan wolung dinané, para
sakabaté Yésus padha ana ing jero omah
iku manèh sarta Tomas iya ana ing
kono. Nalika lawangé padha kakancing,
Yésus rawuh banjur jumeneng ana ing
tengah-tengahé para sakabat sarta
ngandika, "Tentrem-rahayu anaa ing
kowé!"
27 Banjur ngandika marang Tomas,
"Drijimu athungna mréné, delengen
tanganku, sarta ulungna tanganmu,
dèlèhna ing lambungku lan kowé aja

nganti ora pracaya manèh, nanging
pracayaa!"
28 Tomas mangsuli, unjuké, "Dhuh Gusti
kawula, Allah kawula!"
29 Pangandikané Yésus, "Amarga kowé
wus ndeleng Aku, temah kowé pracaya.
Rahayu wong kang padha ora ndeleng,
nanging pracaya."
30 Isih akèh manèh pratandha liyané
kang katindakaké déning Yésus ana
ing ngarepé para sakabaté, kang ora
kasebut ana ing kitab iki,
31 nanging apa kang wus katulis,
supaya kowé padha pracaya, yèn
Yésus iku Kristus, Putrané Allah, sarta
supaya sarana pracayamu, kowé padha
nduwènana urip ana ing asmané.

21 1 Sawisé iku, Yésus ngatingal
manèh marang para sakabaté ana
ing pinggir Tlaga Tibérias; déné anggoné
ngatingal mau mangkéné:
2 Ing pesisir kono kang padha ngumpul:
Simon Pétrus lan Tomas kang karan
Didimus, Natanaél kang saka ing Kana,
Wilayah Galiléa, anaké Zébédéus lan
sakabaté loro liyané.
3 Simon Pétrus tumuli kandha marang
kanca-kancané mau, "Aku arep lunga

golèk iwak." Wangsulané kancané,
"Aku iya padha mèlu kowé." Banjur
padha mangkat nunggang prau, nanging
sawengi iku padha ora olèh apa-apa.
4 Nalika wus bangun ésuk, Yésus
jumeneng ana ing gisik. Nanging para
sakabaté padha ora mangerti, yèn iku
Yésus.
5 Yésus tumuli ngandika, "Hé, bocah-
bocah, apa kowé padha duwé lawuh?"
Wangsulané, "Mboten."
6 Pangandikané Yésus, "Jalamu tibakna
ing satengené prau, temah kowé bakal
padha olèh." Jalané nuli ditibakaké,
nanging ora kena ditarik, awit saka
akèhing iwaké.
7 Sakabat kang dikasihi déning Yésus
tumuli kandha marang Pétrus, "Iku
Gusti." Bareng Simon Pétrus krungu, yèn
iku Yésus, tumuli nganggo sandhangané,
marga isih ngliga; banjur ambyur ing
tlaga.
8 Para sakabat liyané nusul nganggo
prau, jalaran ora adoh saka ing
dharatan, mung watara satus mèter,
kambi nggèrèd jalané kang kebak iwak
iku.

9 Samentasé ing dharatan, para sakabat
padha weruh geni areng, lan iwak
tumumpang ing geni mau sarta roti.
10 Yésus ngandika marang para
sakabat, "Njupuka iwak sawatara, saka
anggonmu mentas njala mau!"
11 Simon Pétrus banjur munggah prau
lan ngentas jalané menyang dharatan,
jala iku kebak iwak gedhé-gedhé:
cacahé nganti satus sèket telu. Nanging
sanadyan nganti samono akèhé, jalané
ora bedhah.
12 Pangandikané Yésus marang para
sakabat, "Padha mrénéa, sarapana."
Ora ana ing antarané para sakabat
iku kang wani munjuk pitakon marang
Panjenengané, "Paduka punika sinten?"
Amarga wus padha mangerti, yèn
Panjenengané iku Yésus.
13 Yésus tumuli majeng, sarta mundhut
roti mau, banjur diparingaké marang
para sakabat, mangkono uga iwaké.
14 Iku wus kaping teluné anggoné Yésus
ngatingal marang para sakabaté sawisé
wungu saka ing antarané wong mati.
15 Sawisé padha sarapan, Yésus
ngandika marang Simon Pétrus, "Simon
anaké Yohanes, apa kowé tresna

marang Aku ngluwihi wong-wong iki?"
Unjuké Pétrus, "Inggih Gusti, Gusti
pirsa, bilih kawula remen dhateng
Gusti." Pangandikané Yésus, "Rumatana
cempé-cempéku!"
16 Pangandikané Yésus manèh marang
Pétrus kang kapindhoné, "Simon, anaké
Yohanes, apa kowé tresna marang
Aku?" Unjuké Pétrus, "Inggih Gusti,
Gusti pirsa, bilih kawula remen dhateng
Gusti." Pangandikané Yésus, "Engonen
wedhus-wedhusku!"
17 Pangandikané Yésus marang Pétrus
kang kaping teluné, "Simon, anaké
Yohanes, apa kowé tresna marang Aku?"
Pétrus dadi sedhih atiné amarga Yésus
ndangu kang kaping teluné, "Apa kowé
tresna marang Aku?" Pétrus banjur
munjuk, "Dhuh, Gusti, Gusti pirsa
samukawis, inggih pirsa, bilih kawula
remen dhateng Gusti." Pangandikané
Yésus, "Engonen wedhus-wedhusku!
18 Satemen-temené Aku pitutur marang
kowé: Nalika kowé isih enom, kowé
sabukan dhéwé lan kowé lumaku
menyang ngendi baé kang kokkarepaké,
nanging samangsa kowé wus tuwa,
kowé bakal mulung tanganmu lan wong

liya kang bakal nyabuki kowé, banjur
nggawa kowé menyang panggonan kang
ora kokkarepaké."
19 Bab iku dipangandikakaké kanggo
nélakaké kepriyé anggoné Pétrus bakal
mati lan ngluhuraké Allah. Sawusé
ngandika mangkono mau, tumuli
dhawuh marang Pétrus, "Mèlua Aku!"
20 Bareng Pétrus nolèh, weruh sakabat
kang dikasihi déning Yésus ndhèrèk,
yaiku sakabat kang nalika bujana
lungguh cedhaké Yésus, sarta munjuk,
"Gusti, sinten tiyangipun ingkang badhé
ngulungaken Gusti?"
21 Nalika Pétrus weruh sakabat iku
mau, nuli munjuk marang Yésus,
"Gusti, piyambakipun punika lajeng
kadospundi?"
22 Pangandikané Yésus, "Saupama
dakkarepaké, supaya iku tetep urip
nganti satekaku, iku rak dudu urusanmu.
Nanging kowé: Mèlua Aku!"
23 Banjur sumebar pawarta ing antarané
para sadulur-sadulur, yèn sakabat iku
mau ora bakal mati. Nanging Yésus ora
ngandika marang Pétrus, yèn sakabat
mau bakal ora mati, nanging, "Saupama

dakkarepaké, supaya iku tetep urip
nganti satekaku, iku dudu urusanmu."
[24] Iya sakabat iku, kang neksèni lan
wus nulis bab iku mau kabèh, lan kita
padha mangerti, yèn paseksiné iku
nyata.
[25] Isih akèh bab-bab liyané manèh
kang katindakaké déning Yésus, nanging
saupama kabèh iku kudu ditulis siji-siji,
dakkira jagat iki ora bisa ngemot
sakèhing buku kang kudu ditulis iku.

Kisah Para Rasul

1 [1] Téofilus, ingkang kinurmatan, ing
kitab kula ingkang kapisan, kula
nyariyosaken sakathahing pakaryan lan
piwulangipun Yésus,
[2] ngantos dumugi ing dinten anggènipun
kasengkakaken dhateng swarga.
Sadèrèngipun, Panjenenganipun sampun
paring dhawuh lantaran Roh Suci
dhateng para rasul pepilihanipun.
[3] Sareng sampun rampung anggènipun
nandhang sangsara, Panjenenganipun
lajeng ngatingal dhateng para rasul wau,
sarta kalayan pratandha kathah paring
bukti, bilih Panjenenganipun gesang.
Amargi ngantos kawan dasa dinten
laminipun anggèning wongsal-wangsul
ngatingal saha paring pangandika bab
Kratoning Allah dhateng para rasul wau.
[4] Ing sawijining dina nalika Yésus
dhahar bebarengan karo para rasul,
padha ora diparengaké ninggal
Yérusalèm, sarta padha didhawuhi tetep
ana ing kono, ngentèni janjiné Sang

Rama, kang mangkéné pangandikané,
"Kowé wus padha krungu saka Aku,
5 Menawa Yohanes iku anggoné mbaptis
nganggo banyu, nanging ora suwé
manèh kowé bakal padha kabaptis
sarana Roh Suci."
6 Para rasul kang padha ngumpul
iku nuli nyuwun pirsa, "Gusti, punapa
sapunika anggèn Panjenengan badhé
mulihaken kraton tumrap Israèl?"
7 Paring wangsulané, "Kowé ora
prelu nyumurupi mangsa lan waktu,
kang katamtokaké déning Sang Rama
piyambak, manut pangwaosé.
8 Nanging kowé bakal padha tampa
pangwasa, samangsa Roh Suci wus
nedhaki kowé kabèh, sarta kowé bakal
padha dadi seksi-seksiku ana ing
Yérusalèm lan ing Yudéa sarta Samaria
kabèh, tuwin tumeka ing pungkasaning
bumi."
9 Sawisé ngandika mangkono,
Panjenengané nuli sinengkakaké
menyang swarga, sineksènan déning
para rasul, banjur wus ora katingal,
amarga kaaling-alingan méga.
10 Nalika lagi padha tumenga ing langit
ngawasaké anggoné Panjenengané

sumengka iku, dumadakan ana priya
loro jumeneng ing sacedhaké, padha
ngagem ageman putih,
11 kang tumuli mangandikani
mangkéné, "Hé, wong-wong Galiléa,
yagéné kowé padha ngadeg tumenga
ing langit? Yésus, kang sinengkakaké
menyang swarga, nilar kowé kabèh
iki, bakal rawuh maméh kanthi patrap
kaya kang padha kokdeleng nalika
Panjenengané minggah menyang
swarga."
12 Para rasul banjur padha bali menyang
Yérusalèm saka gunung Zaitun, kang
saka Yérusalèm adohé mung salakon ing
dina Sabat.
13 Satekané ing kutha, nuli padha
munggah menyang kamar ing dhuwur,
kang dipondhoki, yaiku: Pétrus lan
Yohanes, Yakobus lan Andréas, Filipus
lan Tomas, Bartoloméus lan Matius,
Yakobus anaké Alféus, lan Simon wong
Zélot sarta Yudas anaké Yakobus.
14 Kabèh padha saiyeg anggoné
mempeng ing pandonga, bebarengan
karo wanita sawatara sarta Maria, ibuné
Yésus, tuwin para sadhèrèké Yésus.

15 Ing nalika samana Pétrus banjur
jumeneng ana ing satengahé para
sadulur tunggal pracaya, kang lagi padha
nglumpuk, cacahé watara satus rong
puluh, sarta ngandika,
16 "Hé, para Sadulur, pangandika
ing Kitab Suci, kang kalairaké déning
Roh Suci lantaran Daud, iku kudu
kayektènan, yaiku bab Yudas, kang
dadi pangiridé wong-wong kang nyekel
Yésus.
17 Mauné wong iku klebu ing golongan
kita sarta mèlu nindakaké ayahan leladi
iki."
18 Yudas iku wis tuku palemahan
sarana opahing pialané, banjur tiba
krungkeb, wetengé bedhah, nganti
jeroané mbrodhol kabèh.
19 Bab iku kasumurupan ing wong
Yérusalèm kabèh, mulané palemahan
mau banjur diarani nganggo basané
wong-wong mau dhéwé, "Hakal-Dama",
tegesé Palemahan Getih.
20 "Sabab ing kitab Masmur tinulis
mangkéné: ‘Kémah-kémahipun
dadosa suwung, sampun ngantos
wonten ingkang ngenggèni.’ Sarta:

‘Kalenggahanipun kapendheta déning
tiyang sanès.’
21 Awit saka iku anaa siji kang
diwuwuhaké marang kita saka
panunggalané wong-wong kang tansah
kekumpulan karo kita, nalika Gusti Yésus
isih tetunggilan karo kita,
22 yaiku wiwit saka pambaptisé Yohanes
nganti tekan dina sumengkané Yésus
menyang swarga, nilar kita, supaya mèlu
dadi seksi bab wunguné."
23 Wong-wong banjur ngusulaké wong
loro: Yusuf kang karan Barsabas lan
kang uga karan Yustus, tuwin Matias.
24 Kabèh nuli padha ndedonga lan
munjuk, "Dhuh, Gusti, Paduka ingkang
nguningani manahipun sadaya tiyang,
mugi karsa paring pitedah, tiyang kalih
punika pundi ingkang Paduka pilih,
25 supados nampèni kalenggahan
lelados, inggih punika kalenggahan
rasul, ingkang katilar déning Yudas,
ingkang sampun késah dhateng
panggénan ingkang samesthinipun
tumrap tiyang wau."
26 Banjur padha diundhi, satemah kang
kena Matias, mula banjur kawuwuhaké
marang para rasul sawelas.

2 [1] Bareng ing dina riyaya Péntakosta,
wong-wong kabèh padha nglumpuk.
[2] Dumadakan ana swara saka langit,
saèmper sumiyuting angin gedhé,
kang ngèbeki saomah kang kanggo
lelungguhan,
[3] banjur padha ndeleng urubing geni
ilat-ilatan, kang ambyar lan nibani saben
wong mau kabèh.
[4] Tumuli wong kabèh padha kapenuhan
ing Roh Suci sarta banjur padha wiwit
guneman nganggo basa-basa liya, kaya
kang kawisikaké déning Roh iku supaya
kaucapaké.
[5] Nalika samana ing Yérusalém ana
wong-wong Yahudi kang salèh saka
sarupaning bangsa ing sangisoring
langit.
[6] Bareng ana swara mangkono mau,
tumuli wong akèh padha teka kumrubut
sarta padha gumun, amarga saben
wong krungu para rasul lan para murid
iku padha guneman nganggo basané
wong-wong mau.
[7] Kabèh padha njenger kaéraman,
banjur padha ngucap, "Wong-wong kang
padha guneman iku rak wong Galiléa,
ta?

8 Kepriyé déné kita dhéwé-dhéwé padha
krungu anggoné guneman nganggo basa
kita dhéwé, yaiku basa kang kita anggo
ana ing nagara asal kita:
9 kita iki wong Partia, Média, Élam,
kang padha manggon ing Mésopotamia,
Yudéa lan Kapadokia, Pontus lan Asia,
10 Frigia lan Pamfilia, Mesir lan ing
wewengkoné Libia kang cedhak karo
Kiréné, wong-wong neneka saka Roma,
11 iya wong Yahudi iya wong kang
ngrasuk agama Yahudi, wong Kréta lan
wong Arab, kita krungu wong-wong
iku padha guneman nganggo basa kita
dhéwé-dhéwé bab pakaryan-pakaryan
agung kang katindakaké déning Allah."
12 Kabèh padha kaéraman sarta bingung
lan padha takon-tinakon, mangkéné,
13 "Apa ta tegesé iki?" Nanging wong
liyané ana kang moyoki, ujaré, "Wong
iku rak lagi padha mabuk anggur manis."
14 Pétrus tumuli jumeneng dalah
para kanthiné sawelas, sarta ngandika
kalawan swara sora marang wong-wong
mau, "Para Sadhèrèk Yahudi saha
panjenengan sadaya ingkang sami
manggèn ing Yérusalèm, mugi sami

nggatosaken saha ngretos punapa
ingkang kula andharaken.
15 Tiyang-tiyang punika mboten sami
mabuk, kados panginten panjenengan,
amargi sapunika saweg jam sanga
énjing.
16 Nanging inggih punika ingkang
kapangandikakaken déning Allah
lumantar Nabi Yoèl makaten:
17 Bésuk ing dina-dina kang wekasan --
mangkono pangandikané Allah -- Ingsun
bakal ngesokaké Rohingsun marang
sakèhing manungsa; anak-anakira
lanang lan wadon bakal padha medhar
wangsit, lan wong nom-nomanira
bakal padha nampa wahyu, sarta
wong-wongira kang wus tuwa bakal
padha olèh impèn.
18 Uga para abdiningsun lanang lan
wadon bakal sunesoki Rohingsun ing
dina-dina iku, lan bakal padha medhar
wangsit.
19 Sarta Ingsun bakal nganakaké
kaélokan-kaélokan ana ing dhuwur, ana
ing langit lan pratandha-pratandha ana
ing ngisor, ana ing bumi: getih lan geni
sarta kumeluning kukus.

20 Srengéngé bakal dadi peteng
ndhedhet lan rembulan bakal dadi getih
sadurungé tekan dinaning Pangéran
kang agung lan luhur iku.
21 Anadéné saben wong kang nyebut
asmané Pangéran iku bakal kapitulungan
rahayu.
22 Para Sadhèrèk Israèl, sami mirengna
andharan kula punika: Ingkang kula
kajengaken inggih punika Yésus
saking Nasarèt, satunggaling priya
ingkang sampun kapiji déning Allah
saha ingkang sampun kapratélakaken
dhateng panjenengan sadaya kalawan
pangwaos-pangwaos, tuwin kaélokan-
kaélokan sarta pratandha-pratandha
ingkang katindakaken déning Allah
lantaran Panjenenganipun, wonten
ing tengah-tengah panjenengan
sadaya, kadosdéné ingkang sampun
panjenengan mangertosi.
23 Panjenenganipun ingkang
kaulungaken déning Allah miturut karsa
saha rancanganipun punika sampun
panjenengan salib sarta panjenengan
sédani lumantar tanganipun bangsa-
bangsa ingkang duraka.

24 Nanging lajeng kawungokaken
déning Allah, kauwalaken saking
sangsaraning pejah, amargi mboten
badhé Panjenenganipun lestantun
kawengku déning pangwaosing pejah
punika.
25 Awit Daud ngandika bab
Panjenenganipun makaten: Aku
tansah mandeng marang Pangéran,
amarga Panjenengané jumeneng ing
tengenku, satemah aku ora kéguh.
26 Mulané atiku sukarena lan ilatku
surak-surak; malah badanku bakal lerem
sajroning pangarep-arep,
27 amargi Paduka mboten masrahaken
kawula dhateng jagatipun tiyang pejah,
sarta mboten négakaken Abdi Paduka
ingkang suci ngalami risak.
28 Paduka paring sumerep dhateng
kawula bab margining gesang; Paduka
badhé nglubèraken kabingahan dhateng
kawula wonten ing pangayunan Paduka.
29 Para Sadhèrèk, kula badhé cariyos
dhateng panjenengan sadaya kanthi
blaka-suta bab Daud, leluhuripun bangsa
kita. Panjenenganipun sampun séda
saha kasarèkaken, saha pasaréanipun
dumugi ing dinten punika taksih wonten.

30 Nanging panjenenganipun punika
jumeneng nabi saha pirsa, bilih Allah
sampun paring prajanji dhateng
panjenenganipun kalayan supaos,
bilih Allah badhé nglenggahaken
tedhakipun Daud piyambak wonten ing
dhamparipun.
31 Margi saking punika panjenenganipun
uninga sadèrèngipun saha
ngandikakaken bab wungunipun
Mésias, inggih punika nalika ngandika,
bilih Panjenenganipun mboten dipun
tégakaken wonten ing jagatipun tiyang
pejah, saha bilih sariranipun mboten
badhé ngalami risak.
32 Inggih Yésus punika ingkang
kawungokaken déning Allah, saha
tumrap prakawis punika kula sadaya
ingkang sami dados seksinipun.
33 Punapadéné sareng Panjenenganipun
sampun jinunjung déning asta
tengenipun Allah tuwin tampi
saking Sang Rama, Roh Suci
ingkang kaprasetyakaken punika,
Panjenenganipun lajeng ngesokaken
Roh punika kados ingkang sampun
panjenengan sumerepi saha

panjenengan pireng wonten ing
ngriki.
34 Amargi sanès Daud ingkang minggah
dhateng swarga, malah Daud piyambak
ngandika makaten: Pangéran wus
ngandika marang Gustiku:
35 Sira lenggaha ing satengeningsun,
nganti mungsuhira kabèh wus padha
sundadèkaké ancik-anciking tlapakanira.
36 Awit saking punika, umat Israèl
sadaya kedah mangertos kalayan saèstu,
bilih Allah sampun njumenengaken Yésus
ingkang panjenengan salib punika, dados
Gusti lan Kristus."
37 Bareng wong-wong mau padha
krungu pangandika mangkono iku, atiné
padha trenyuh, banjur padha matur
pitakon marang Pétrus lan para rasul
liyané, "Para Sadhèrèk, punapa ingkang
kedah sami kula lampahi?"
38 Paring wangsulané Pétrus,
"Sami mratobata sarta panjenengan
piyambak-piyambak sami kabaptisa ing
asmanipun Yésus Kristus, murih angsal
pangapuntening dosa panjenengan,
satemah panjenengan sami badhé
nampèni peparing, inggih punika Roh
Suci.

39 Awitdéné ingkang kaparingan prajanji
punika panjenengan sadaya saha putra-
putra panjenengan tuwin tiyang-tiyang
ingkang taksih tebih, sapinten ingkang
badhé tinimbalan déning Gusti Allah
kita."
40 Tuwin kalawan pangandika-
pangandika liyané akèh manèh
panjenengané paring paseksi lan
pambereg marang wong-wong kabèh,
pangandikané, "Sami sumingkira saking
patunggilanipun tiyang-tiyang ingkang
keblinger."
41 Wong-wong kang nampani
pangandikané Pétrus mau padha
kabaptis. Ing dina iku, cacahé para
murid wuwuh watara telung èwu.
42 Wong-wong mau padha ngantepi
ing piwulangé para rasul lan anggoné
tetunggalan sarta padha tansah
nglumpuk, saprelu nyuwil-nyuwil roti lan
ndedonga.
43 Wong kabèh padha kadunungan
rasa wedi, awit para rasul iku padha
nganakaké mukjijat lan pratandha akèh.
44 Sarta wong kang pracaya kabèh
padha lestari manunggal, sakèhing

barang darbèké padha dianggep duwèké
wong akèh.
45 Apadéné tansah ana panunggalané
kang ngedol barang darbèké, banjur
didum-dumaké marang wong kabèh,
miturut kabutuhané.
46 Sadina-dina tansah padha nglumpuk
ana ing Padaleman Suci kalawan tegen
sarta saiyeg. Padha nyuwil-nyuwil roti
ana ing omahé kanthi giliran, padha
mangan bebarengan kalawan bungah
lan ati kang tulus,
47 karo memuji marang Allah, apadéné
padha disenengi déning wong sabangsa
kabèh. Sarta manèh ing saben dinané
cacahé wong kang padha kapitulungan
rahayu diwuwuhi déning Gusti.

3 1 Ing sawijining dina, ngarepaké
wektu sembahyang, yaiku jam
telu awan, Pétrus lan Yohanes padha
minggah menyang Padaleman Suci.
2 Ing kono ana wong lumpuh lair mula,
mulané saben dina digéndhong lan
dipapanaké ing sacedhaké gapuraning
Padaleman Suci kang aran Gapura
Éndah, supaya ngemis marang wong
kang padha lumebu menyang Padaleman
Suci.

3 Bareng wong mau weruh Pétrus
lan Yohanes arep lumebet menyang
Padaleman Suci, banjur nyuwun
peparing.
4 Sakaroné padha mirsani wong iku
sarta Pétrus tumuli ngandika, "Aku
pandengen."
5 Wong mau iya banjur mandeng
marang sakaroné kanthi pangarep-arep
bakal kaparingan apa-apa.
6 Nanging Pétrus nuli ngandika, "Emas
lan pérak aku ora duwé, nanging kang
aku duwé, kowé dakwènèhi: Demi
asmané Yésus Kristus, wong Nasarèt
iku, ngadega lan lumakua!"
7 Panjenengané banjur ngasta tangané
tengen wong mau, nulungi anggoné
ngadeg. Sanalika iku uga sikilé lan
poloké wong mau dadi kukuh,
8 tumuli mlumpat sarta mlaku mrana-
mréné, banjur ndhèrèk sakaroné lumebu
menyang Padaleman Suci, kalawan
jingkrak-jingkrak sarta memuji marang
Allah.
9 Wong-wong kabèh weruh anggoné
mlaku karo memuji marang Allah iku
10 sarta iya banjur padha ora pangling,
yèn wong iku kang adaté lungguh ngemis

ana ing Gapura Éndah ing Padaleman
Suci, satemah padha kaéraman lan
gumun banget marang apa kang wus
kelakon mungguh ing wong mau.
11 Sarèhné wong iku tansah ngetutaké
Pétrus lan Yohanes, mulané wong akèh
kang padha gumun banget iku kabèh
padha teka ngrubung ana ing srambi
kang aran Srambi Salomo.
12 Bareng Pétrus pirsa wong akèh iku,
banjur ngandika, "Para Sadhèrèk Israèl,
punapaa déné panjenengan sadaya sami
gumun dhateng lelampahan punika saha
punapa sababipun déné panjenengan
sami ningali dhateng kula kekalih,
kados-kados ingkang murugaken tiyang
punika saged lumampah, margi saking
pangwaos utawi kamursidan kula kekalih
piyambak?
13 Allahipun Abraham, Ishak lan
Yakub, Allahipun leluhur kita sampun
mulyakaken Abdinipun, inggih punika
Yésus ingkang panjenengan ulungaken
saha panjenengan tampik wonten ing
ngarsanipun Pilatus, sanadyan Pilatus
mutusaken bilih Panjenenganipun kedah
dipun luwari.

14 Nanging panjenengan sampun
nampik Ingkang Suci saha Leres,
sarta milih tiyang ingkang damel
pepejah, supados kaparingaken dhateng
panjenengan.
15 Dados panjenengan nyédani
Panjenenganipun ingkang dados
Sumbering Gesang, nanging lajeng
sampun kawungokaken déning Allah
saking antawisipun tiyang pejah; saha
tumrap bab punika kula ingkang sami
dados seksinipun.
16 Punapa déné margi saking pitados
dhateng asma Yésus punika, mila asma
punika sampun kelampahan ngiyataken
tiyang ingkang panjenengan sumerepi
saha ingkang panjenengan tepangi
punika; sarta inggih kapitadosan punika
ingkang njalari sarasipun tiyang punika
wonten ing ngajeng panjenengan
sadaya.
17 Para Sadhèrèk, kula mangertos, bilih
anggèn panjenengan sami tumindak
makaten punika, amargi saking
kiranging pangertosan, sami kados para
pangageng panjenengan sadaya.
18 Nanging kanthi patrap makaten, Allah
sampun kelampahan nuhoni punapa

ingkang kala rumiyin kapangandikakaken
lantaran para nabinipun, inggih punika
bilih Mésias ingkang kautus punika
kedah nandhang sangsara.
19 Awit saking punika, sami èngeta
saha sami mratobata, supados dosa
panjenengan kaapunten,
20 supados Pangéran lajeng paring
wekdal ingkang damel lega saha ngutus
Yésus, ingkang wiwit sakawit sampun
katamtokaken dados Kristus kanggé
panjenengan sadaya.
21 Kristus punika kedah lenggah wonten
ing swarga ngantos dumugi titimangsa
pulihipun samukawis sadaya, kadosdéné
ingkang sampun dipun ngandikakaken
déning Allah lumantar para nabinipun
ingkang suci nalika jaman rumiyin.
22 Rak sampun dipun ngandikakaken
déning Musa, ‘Gusti Allah bakal
njumenengaké nabi saka ing antarané
para sadulurmu, padha kayadéné
aku. Yaiku padha ngrungokna
marang panjenengané sarta sakèhing
pangandika kang bakal kaparingaké
marang kowé.

23 Sarta bakal kelakon, wong kabèh
kang ora ngrungokaké nabi iku, bakal
katumpes saka ing antarané umat.’
24 Punapadéné sadaya nabi ingkang
naté nglairaken pangandika, wiwit
Samuèl saha sapengkeripun, sampun
sami meca bab jaman punika.
25 Inggih panjenengan sadaya punika
ingkang marisi pameca-pameca punika
saha angsal bagéan tumrap ing
prajanjian ingkang dipun wontenaken
déning Allah kaliyan leluhur kita, nalika
Panjenenganipun ngandika dhateng
Abraham: Marga saka turunira, sakèhing
bangsa ing salumahing bumi bakal
binerkahan.
26 Lan ingkang rumiyin inggih
kanggé panjenengan sadaya punika
anggènipun Allah njumenengaken
Abdinipun saha ngutus Panjenenganipun
nuwèni panjenengan sadaya, supados
panjenengan sami kabarkahan saha
nuntun panjenengan piyambak-
piyambak nilar sakathahing piawon
panjenengan."

4 1 Nalika Pétrus lan Yohanes lagi
ngandikani wong akèh, dumadakan
padha katekan para imam lan lelurahé

jaga-baya Padaleman Suci sarta para
wong Saduki.
2 Wong-wong iku padha nepsu banget,
jalaran sakaroné padha mulang marang
wong akèh sarta wewarta, menawa
ana ing Yésus ana patangèn saka ing
antarané wong mati.
3 Banjur padha dicepeng lan ditahan
nganti dina candhaké, amarga wayahé
wus wiwit peteng.
4 Nanging wong kang padha
ngrungokaké piwulangé mau akèh
kang padha pracaya, temahan cacahé
wong lanang kira-kira dadi limang èwu.
5 Kacarita ésuké para pangarepé wong
Yahudi lan para pinituwa sarta para ahli
Torèt padha nganakaké parepatan ana
ing Yérusalèm
6 karo Imam Agung Hanas lan Kayafas,
Yohanes lan Aleksander apadéné wong
kabèh, kang kagolong trah Imam Agung.
7 Pétrus lan Yohanes banjur diadhepaké
marang ngarsaning parepatan tuwin
wiwit dipriksa kalawan didangu,
mangkéné, "Panggawému kang
mangkono mau kalawan pangwasa apa
lan atas jenengé sapa?"

8 Pétrus, kapenuhan ing Roh Suci,
tumuli matur, "Kula nuwun, para
pangajenging bangsa saha para
pinisepuh,
9 sarèhning sapunika kula sami
kapriksa bab pandamel saé dhateng
tiyang sakit saha kedah nerangaken
kalayan pangwaos punapa tiyang punika
anggènipun kasarasaken,
10 pramila panjenengan sadaya dalah
sabangsa Israèl sami kula aturi uninga,
bilih punika margi saking asmanipun
Yésus Kristus saking Nasarèt, ingkang
sampun panjenengan salib, nanging
ingkang sampun kawungokaken saking
antawisipun tiyang pejah déning Allah --
inggih margi saking Yésus punika tiyang
punika saged ngadeg, pinanggih sampun
saras wonten ing ngarsa panjenengan
sapunika.
11 Yésus punika séla ingkang kabucal
déning para juru yasa padaleman --
inggih punika panjenengan piyambak
-- éwadéné sampun dados sélaning
pojokan.
12 Kaliyan malih mboten wonten
karahayon wonten ing sintena kémawon,
kajawi wonten ing Panjenenganipun,

amargi ing sakurebing langit punika
mboten wonten asma sanèsipun ingkang
kaparingaken dhateng manungsa,
ingkang dados margining karahayon
kita."
13 Bareng parepatan nguningani
kakendelané Pétrus lan Yohanes mangka
pirsa, yèn sakaroné iku mung wong
lumrah lan dudu wong pasinaon,
banjur padha éram, sarta padha ora
pangling, yèn loro-loroné iku padha dadi
pandhèrèké Yésus.
14 Nanging sarèhné padha mirsani
wong kang diwarasaké iku ngadeg ana
ing sandhingé para rasul, dadi ora bisa
mbantah apa-apa.
15 Para rasul tumuli didhawuhi metu
saka papan parepatan, pradata banjur
rembagan,
16 pangandikané, "Tiyang punika kedah
kita punapakaken? Awit sampun nyata,
tumrap sadaya tiyang ingkang manggèn
ing Yérusalèm, bilih kekalihipun sami
ngawontenaken mukjijat ingkang nyolok,
ingkang mboten saged kita sélaki.
17 Namung kémawon supados bab
punika sampun ngantos saya sumebar
wonten ing satengahing tiyang kathah,

prayoginipun tiyang kalih punika kita
ancam saha kita awisi, supados sampun
ngantos rembagan malih kaliyan sintena
kémawon atas asmanipun Yésus."
18 Bareng sakaroné wus didhawuhi
lumebu, padha diawisi supaya babar-
pisan aja rembugan utawa memulang
manèh kalawan asmané Yésus.
19 Nanging Pétrus lan Yohanes padha
mangsuli, "Panjenengan kula aturi
menggalih piyambak, pundi ingkang
leres wonten ing ngarsaning Allah: nurut
dhateng panjenengan sadaya punapa
dhateng Allah.
20 Amargi tumrap kula sadaya mboten
saged mèndel anggèn kula sami
rembagan bab punapa ingkang sampun
sami kula tingali sarta ingkang sampun
sami kula pireng."
21 Pradata saya banget anggoné
ngancam marang para rasul mau,
nanging wekasané iya banjur padha
dililani mundur, sabab parepatan ora
manggih bab kang kena kanggo ngukum,
sarta wong akèh padha ngluhuraké
asmané Allah, awit saka anané bab kang
mentas kelakon.

22 Jalaran wong kang kasarasaké sarana
mukjijat iku umuré wus luwih saka
patang puluh taun.
23 Sawusé kaluwaran, Pétrus lan
Yohanes banjur murugi mitra-mitrané
sarta banjur nyariyosaké bab apa
kang wus didhawuhaké déning para
pangareping imam lan para pinituwa.
24 Bareng para mitrané krungu bab
iku, banjur padha bebarengan nyebut
marang Allah, unjuké, "Dhuh Pangéran,
Paduka ingkang nitahaken langit, bumi,
saganten tuwin saisinipun sadaya,
25 sarta ingkang sampun ngandika
kanthi pakaryanipun Roh Suci lumantar
abdi Paduka Daud, leluhur kawula
sadaya, makaten: Yagéné para bangsa
padha waringuten, lan para suku-
bangsané padha ngangen-angen prakara
kang tanpa guna?
26 Para raja ing donya padha siyaga lan
para panggedhé padha nglumpuk arep
lumawan marang Pangéran lan marang
Jebadané.
27 Awitdéné sayektosipun Hérodès saha
Pontius Pilatus, kaliyan para bangsa
tuwin suku-bangsa Israèl sampun sami
nglempak wonten ing kitha ngriki,

sumedya nglawan Yésus, Abdi Paduka
ingkang suci, ingkang Paduka jebadi
28 supados nglampahi sadaya ingkang
sampun Paduka tamtokaken wiwit
sakawit déning pangwaos saha karsa
Paduka.
29 Déné sapunika, dhuh Pangéran,
Paduka mugi karsa nguningani
pangancamipun dhateng kawula
sadaya, saha para abdi Paduka mugi
sami kaparingan kakendelan kanggé
martosaken pangandika Paduka.
30 Mugi Paduka karsa mulungaken
asta Paduka, ingkang ndhatengaken
kasarasan, punapa déné ngawontenaken
pratandha-pratandha saha mukjijat-
mukjijat kalayan asmanipun Yésus, Abdi
Paduka ingkang suci."
31 Nalika padha ndedonga iku,
panggonané kumpulan banjur horeg,
sarta kabèh padha kapenuhan ing Roh
Suci, tuwin tumuli padha martakaké
pangandikaning Allah kalawan kendel.
32 Anadéné sagolonganing wong kang
wus pracaya iku padha tunggal ati lan
tunggal budi, lan ora ana wong siji-sijia
kang ngucap, yèn barang darbèké iku

duwèké dhéwé, nanging samubarang
padha diduwèni bebarengan.
33 Sabanjuré para rasul anggoné
neksèni bab wunguné Gusti Yésus
kalawan pangwasa kang gedhé sarta
kabèh padha kalubèran ing sih-rahmat.
34 Sabab ora ana wong siji-sijia ing
panunggalané kang kekurangan, amarga
wong kabèh kang duwé palemahan
utawa omah, iku padha diedol, pepayoné
digawa,
35 dicaosaké ing ngarsané para rasul,
banjur didum-dum marang saben wong,
manut kabutuhané.
36 Samono uga Yusuf, kang diparabi
Barnabas déning para rasul, tegesé
anaking panglipur, wong Lèwi saka
Siprus.
37 Iku duwé pategalan, diedol, dhuwit
pepayoné banjur digawa kacaosaké ing
ngarsané para rasul.
5 1 Ana wong lanang jenengé Ananias
karo somahé aran Safira, adol
palemahané.
2 Kanthi sarujuké somahé, wong mau
ngunthet sapéranganing pepayoné iku,
déné liyané banjur digawa dicaosaké ing
ngarsané para rasul.

3 Nanging Pétrus ngandika, "Ananias,
yagéné atimu dikwasani déning Iblis,
nganti kowé nggorohi Roh Suci sarta
ngunthet sapéranganing pepayoné
palemahan iku?
4 Saupama palemahan iku ora diedol,
apa iku ora tetep dadi duwèkmu, lan
sawusé diedol, apa pepayoné iku ora
tetep kokkwasani? Yagéné kowé kok
ngrancang pratingkah mangkono ana ing
atimu? Dudu manungsa kang kokgorohi,
nanging Allah."
5 Bareng Ananias krungu pangandika
mangkono iku, banjur nggeblag pegat
nyawa, temah wong kabèh kang krungu
bab iku padha wedi banget.
6 Para nom-noman tumuli padha teka,
ngulesi mayité, banjur digotong metu
sarta dikubur.
7 Sawusé watara telung jam somahé
Ananias lumebu, nanging ora sumurup
apa kang mentas kelakon.
8 Pétrus banjur ngandika, "Aku
kandhanana, apa palemahan iku kokedol
kalawan rega samono?" Wangsulané
wong wadon iku, "Inggih samanten."
9 Pangandikané Pétrus, "Yagéné kowé
sakloron padha sekuthon nyoba marang

Rohing Pangéran? Delengen, wong-wong
kang mentas ngubur somahmu padha
ngadeg ana ing ngarep lawang, iku uga
bakal nggotong kowé metu."
10 Wong wadon iku banjur nggeblag
sanalika iku uga ana ing ngarsané
Pétrus lan pegat nyawa. Nalika para
nom-noman padha lumebu, wong wadon
mau tinemu wus mati, banjur digotong
metu lan dikubur ing sacedhaké sing
lanang.
11 Wong sapasamuwan kabèh sarta
wong kang krungu bab iku padha banget
wediné.
12 Anadéné para rasul padha nganakaké
pratandha lan mukjijat akèh ana ing
antarané wong akèh. Wong kabèh kang
padha pracaya tansah padha nglumpuk
ana ing Srambi Salomo ing sajroné
patunggalan kang raket.
13 Wong-wong liyané ora ana kang wani
ngemori, nanging wong-wong akèh iku
padha banget anggoné ngajèni marang
para wong kang pracaya iku.
14 Cacahé wong kang padha pracaya
marang Gusti iku saya wuwuh-wuwuh,
lanang lan wadon,

15 malah padha nggawa wong-wong
kang lara menyang dalan gedhé,
kasèlèhaké ing ambèn utawa klasa,
supaya menawa Pétrus langkung, saora-
orané ana sing kena ayang-ayangané.
16 Dalah saka kutha-kutha ing
sakubenging Yérusalèm padha teka
gumrudug nggawa wong kang padha
lara utawa kang padha kabidhung ing
roh reged. Kabèh padha kasarasaké.
17 Wasana, marga saka bangeting
drengkiné, Imam Agung lan para
pandhèrèké, yaiku wong-wong saka
golongan Saduki, padha tumindak.
18 Para rasul padha ditangkep lan
dilebetaké ing pakunjaran umum.
19 Nanging bareng bengi ana malaékaté
Pangéran kang ngengakaké lawang-
lawangé pakunjaran mau lan banjur
ngirid metu para rasul, sarta ngandika,
20 "Padha menyanga Padaleman
Suci, ngadega lan nggelarna sakèhé
pangandikaning urip iku marang wong
akèh."
21 Para rasul padha mbangun miturut
marang piweling mau sarta bareng
bangun ésuk, padha lumebet ing
Padaleman Suci lan banjur wiwit

memulang ana ing kono. Nalika samana
Imam Agung lan para pandhèrèké
dhawuh marang Pradata Agama supaya
marepat, yaiku pakumpulané para
pinituwaning bangsa Israèl, sarta banjur
dhawuh mapag para rasul menyang
pakunjaran.
22 Nanging bareng para abdi tekan ing
pakunjaran, para rasul ora ketemu ana
ing kono. Banjur padha bali ngaturi
uninga,
23 aturé, "Wau pakunjaran pinanggih
taksih kuncèn kekah, sarta sadaya tiyang
jagi wonten ing papan jaginipun ing
ngajeng kori, nanging sareng kula bikak,
ing nglebet mboten wonten tiyangipun
satunggal-satunggala."
24 Bareng pemimpining jaga-baya
Padaleman Suci lan para pangareping
imam krungu katrangan mangkono iku,
padha kuwur atiné, banjur rerasanan
bakal kepriyé kadadéané.
25 Nanging banjur ana wong teka kang
pratéla, "Kauningana, tiyang-tiyang
ingkang sampun panjenengan lebetaken
ing pakunjaran punika, samangké
wonten ing Padaleman Suci memulang
dhateng tiyang kathah."

26 Pemimpiné jaga-baya lan para
punggawané banjur padha menyang
Padaleman Suci, nyepeng para rasul,
nanging ora kanthi roda-peksa, jalaran
wedi, menawa dibenturi watu wong
akèh.
27 Para rasul mau diirid lan diajokaké
ing ngarsané Pradata Agama. Imam
Agung nuli wiwit ndangu,
28 pangandikané: "Kowé rak wus
padha dakwanti-wanti aja memulang
demi Jeneng kuwi? Nanging nyatané,
Yérusalèm wus kokkebaki piwulangmu,
lan kowé sumedya nekakaké walating
getihé Wong iku marang aku."
29 Pétrus lan para rasul banjur padha
mangsuli, aturé, "Kita kedah langkung
mbangun-turut dhateng Allah katimbang
dhateng manungsa.
30 Allahipun leluhur kita sampun
mungokaken Yésus, ingkang sampun
panjenengan gantung ing kajeng salib
saha panjenengan sédani.
31 Inggih Panjenenganipun punika
ingkang sampun sinengkakaken ing
ngaluhur déning Allah kalayan astanipun
ingkang tengen, kajumenengaken dados
Panuntun tuwin Juruwilujeng, supados

Israèl saged mratobat saha tampi
pangapuntening dosa.
32 Déné ingkang sami dados seksinipun
prakawis punika, kula sadaya saha Roh
Suci ingkang sampun kaparingaken
déning Allah dhateng tiyang sadaya
ingkang mbangun-turut dhateng
Panjenenganipun."
33 Mireng atur mangkono iku, kabèh
padha muntab sarta banjur padha
ngangkah nyédani para rasul.
34 Nanging ing Pradata Agama iku, ana
wongé Farisi, nama Gamalièl, ahli Torèt
kang kajèn banget ana ing antarané
wong akèh, kang nuli ngadeg sarta usul,
supaya para rasul padha didhawuhi metu
sadhéla.
35 Sawusé mangkono banjur ngaturi
pamrayoga, "Para Sadhèrèk Israèl, kula
aturi sami manggalih saèstu, punapa
ingkang badhé panjenengan tandukaken
dhateng tiyang-tiyang punika!
36 Amargi kala rumiyin sampun
muncul Téudas, ingkang ngaken tiyang
linangkung saha ingkang gadhah
panganut kirang langkung tiyang kawan
atus; nanging tiyang wau lajeng dipun

pejahi, para panganutipun sadaya sami
buyar saha sirna.
37 Sasampunipun tiyang punika, nalika
dipun wontenaken cacah-jiwa, Yudas
muncul, tiyang Galiléa. Kathah tiyang
ingkang kasèrèd ing pambalélanipun,
nanging Yudas punika inggih tiwas,
sadaya panganutipun sami buyar.
38 Awit saking punika atur kula dhateng
panjenengan sadaya: Sampun tumindak
punapa-punapa tumrap tiyang-tiyang
punika. Sami kaetogna kémawon, awit
manawi kakajengan saha pandamelipun
punika asalipun saking manungsa, tamtu
badhé sirna,
39 nanging manawi asalipun saking
Allah, panjenengan sadaya mboten
badhé saged nyirnakaken tiyang-tiyang
punika; bokmanawi mangké badhé
kabuktèn ugi, bilih panjenengan sami
nglawan dhumateng Allah." Pamrayoga
iku dituruti.
40 Pradata Agama iku banjur nimbali
lan mecuti para rasul sarta nglarang
memulang atas asmané Yésus. Sawusé
mangkono padha kélilan mundur.
41 Para rasul padha mundur saka
ing ngarsané Pradata Agama kalawan

bingah, jalaran wus padha kaanggep
pantes nandhang sangsara marga saka
asma Yésus.
42 Sarta saben dina padha nglajengaké
anggoné memulang ana ing Padaleman
Suci lan ana ing omah-omah tuwin
martosaké Injil, kang mratélakaké, yèn
Yésus iku Mésias.
6 1 Ing nalika iku, bareng cacahé para
murid saya wuwuh, tumuli thukul
panggrundel ing antarané wong-wong
Yahudi kang basané Yunani marang
wong-wong Ibrani. amarga para rasul
ing paladèn saben dinané nglirwakaké
pandumané para randhané wong-wong
mau.
2 Mulané rasul rolas banjur nimbali para
murid kabèh, padha diklumpukaké lan
dipangandikani, "Aku padha rumangsa
ora prayoga, menawa marga saka
leladi bab pangan nganti nglirwakaké
paladosan bab pangandikaning Allah.
3 Mulané, para Sadulur, padha miliha
wong pitu saka ing antaramu, kang wus
katitik becik, lan kapenuhan ing Roh
sarta kawicaksanan, supaya aku padha
bisa ngangkat wong-wong mau kanggo
ayahan iku,

4 satemah aku kabèh bisa nggatèkaké
pikiran kita mung ana ing pandonga lan
ing paladosan pangandika."
5 Usul iku dituruti déning wong
sapasamuwan kabèh, banjur milih
Stéfanus, wong kang kapenuhan ing
pracaya lan Roh Suci, sarta Filipus,
Prokhorus, Nikanor, Timon, Parménas,
tuwin Nikolaus, wong kang ngrasuk
agama Yahudi saka Antiokhia.
6 Wong-wong iku padha diaturaké
ing ngarsané para rasul, lan para
rasul banjur padha ndongakaké sarta
numpangi asta.
7 Pangandikaning Allah saya sumebar,
sarta cacahé murid ing Yérusalèm saya
mundhak akèh. Dalah para imam akèh
kang padha pasrah dadi wong pracaya.
8 Anadéné Stéfanus iku penuh ing
rahmat lan pangwasa, nganakaké
mukjijat-mukjijat lan pratandha-
pratandha ana ing antarané wong
akèh.
9 Nanging banjur ana wong sawatara
saka pasamuwan Yahudi, kang kasebut
pasamuwané wong-wong mardika --
para wargané pasamuwan iku wong saka
ing Kiréné lan Alèksandria -- bebarengan

karo wong Yahudi sawatara saka ing
Kilikia lan tanah Asia, kang padha
bebantahan karo Stéfanus,
10 nanging padha ora bisa nglawan
kawicaksanané sarta Roh kang nuntun
wicarané.
11 Nuli padha ngojok-ojoki wong
sawatara supaya padha duwéa atur
mangkéné, "Kula sampun sami mireng
tiyang menika nyenyamah dhateng Musa
saha Allah."
12 Kanthi patrap mangkono wong-wong
mau padha gawé ributé wong akèh lan
para pinituwa tuwin para ahli Torèt;
tumuli padha bebarengan nangkep lan
ngglandhang Stéfanus, diladèkaké ing
ngarsané Pradata Agama,
13 sarta banjur ngajokaké seksi-seksi
palsu kang padha matur mangkéné,
"Tiyang punika mboten kèndel-kèndel
anggènipun nglairaken tetembungan
ingkang nyenyamah dhateng panggènan
suci punika saha dhateng angger-
anggering Torèt,
14 amargi kula sampun sami mireng
wicantenipun, bilih Yésus, tiyang Nasarèt
punika badhé mbibrah panggènan punika

tuwin badhé nyantuni adat-tata-cara
peparingipun Musa dhateng kita."
15 Kabèh kang padha lenggah ing
Parepatané Pradata Agama padha
maspadakaké Stéfanus, banjur padha
sumerep praupané Stéfanus kaya
pasuryaning malaékat.

7 1 Imam Agung tumuli ngandika, "Apa
iya bener mangkono?"
2 Wangsulané Stéfanus, "Para Sadhèrèk
saha para bapa, sumangga sami
karsa midhangetaken. Allah ingkang
Mahamulya sampun ngatingal dhateng
leluhur kita Abraham nalika taksih
wonten ing Mésopotamia, sadèrèngipun
dedalem wonten ing Haran,
3 saha ngandikani makaten: Sira
lungaa saka ing tanahira lan saka ing
sanak-sadulurira sarta menyanga ing
tanah kang bakal suntedahaké marang
sira.
4 Panjenenganipun lajeng jengkar
saking tanahipun tiyang Kasdim, saha
dedalem wonten ing Haran. Sasédanipun
ingkang rama, lajeng kadhawuhan
déning Allah pindhah saking ngriku
dhateng tanah ngriki, ingkang sami
panjenengan dalemi sapunika.

5 Wonten ing ngriku Allah
mboten maringi warisan dhateng
panjenenganipun, siti sapecak kémawon
mboten, nanging paring prajanji,
badhé maringaken tanah punika dados
kagunganipun turun-tumurun, sanadyan
kala samanten dèrèng peputra.
6 Saha Allah nunten ngandika, bilih
tedhak-turunipun badhé dados tiyang
neneka wonten ing nagari manca punapa
malih badhé kadadosaken budhak sarta
dipun aniaya laminipun kawan atus taun.
7 Nanging bangsa kang bakal dikawulani
iku - makaten pangandikanipun Allah
-- bakal sunukum, lan sawusé iku,
bakal padha metu saka kono tuwin
bakal ngabekti marang Ingsun ana ing
panggonan kéné.
8 Allah lajeng maringi prajanjian
tetak dhateng panjenenganipun,
sarta makaten anggènipun Abraham
peputra Iskak, ingkang nunten dipun
supiti ing wolung dintenipun. Déné
Iskak nurunaken Yakub, tuwin Yakub
nurunaken bapa-leluhur kita taler kalih
welas.
9 Margi saking drengkinipun, para
bapa-leluhur kita wau lajeng nyadé

Yusuf dhateng tanah Mesir, nanging Allah
nunggil kaliyan panjenenganipun,
10 sarta dipun luwari saking sakathahing
sangsaranipun saha kaparingan sih-
rahmat tuwin kawicaksanan, nalika
wonten ing ngarsanipun Firaun, raja ing
Mesir, lajeng kawisudha déning Firaun
dados tiyang ingkang ngasta pangwaos
tumrap ing tanah Mesir tuwin tumrap
kedhatonipun sadaya.
11 Ing saindenging tanah Mesir lan
ing tanah Kanaan lajeng kadhatengan
paceklik saha kasisahan ageng, ngantos
leluhur kita mboten saged angsal tedha.
12 Nanging sareng Yakub midhanget,
bilih ing tanah Mesir wonten gandum,
lajeng utusan para leluhur kita mrika.
Punika ingkang kapisan.
13 Sareng lampahipun ingkang kaping
kalih, Yusuf walèh dhateng para
sadhèrèkipun, satemah asal-usulipun
Yusuf lajeng kauningan déning Firaun.
14 Yusuf lajeng utusan mapag Yakub,
ramanipun, saha sadaya sanak-
sadhèrèkipun, cacah-jiwa wonten pitung
dasa gangsal.

15 Yakub lajeng tindak dhateng Mesir,
wasana séda wonten ing ngrika dalah
para leluhur kita.
16 Layonipun sami kabekta dhateng
Sikhèm, kasarèkaken wonten ing
pasaréan, ingkang sampun dipun
pundhut déning Abraham sarana arta
pérak saking para putranipun Hémor ing
Sikhèm.
17 Nanging saya celak kalampahaning
prajanji ingkang dipun paringaken
déning Allah dhateng Abraham, bangsa
wau saya mindhak kathah wonten ing
Mesir,
18 ngantos wonten raja sanès ingkang
ngasta pepréntahan ing tanah Mesir,
ingkang mboten ngretos bab Yusuf.
19 Raja punika nindakaken paékan
dhateng bangsa kita, para leluhur kita
dipun siya-siya saha dipun purih mbucali
bayi-bayinipun, supados sami pejah.
20 Kala samanten punika Musa miyos;
panjenenganipun saé ing ngarsanipun
Allah, lajeng kagulawenthah wonten ing
dalemipun ingkang rama tigang wulan
laminipun.
21 Lajeng kabucal, nanging tumunten
kapupu déning putra putrinipun

Firaun, ingkang nggulawenthah kados
putranipun piyambak.
22 Musa nunten kawulang ing bab
kasagedanipun tiyang Mesir sadaya,
satemah lajeng kadunungan kawibawan
ing wicara saha pandamel.
23 Sareng sampun yuswa kawan dasa
taun, panjenenganipun kagungan karsa
badhé nuwèni para kadangipun inggih
punika tiyang Israèl.
24 Nalika punika panjenenganipun
pirsa tiyang dipun aniaya déning tiyang
Mesir, nunten dipun pitulungi saha dipun
bélani, tiyang Mesir wau dipun pejahi.
25 Pangintenipun, para kadangipun
badhé mangertos, bilih panjenenganipun
dipun agem déning Allah ngluwari para
kadangipun wau sadaya, nanging sami
mboten mangertos.
26 Énjingipun panjenenganipun
rawuh malih, kapinujon wonten
tiyang Israèl kalih ingkang saweg
kerengan, tumunten mbudidaya badhé
ngrukunaken, pangandikanipun: Para
Sadulur, kowé iku rak padha sadulur?
Yagéné kok padha siya-siniya?

27 Nanging tiyang ingkang nganiaya
dhateng kancanipun punika lajeng
mabeni Musa, aturipun:
28 Sinten ingkang ngangkat
panjenengan dados pangageng
saha hakim kula? Punapa panjenengan
kagungan karsa badhé mejahi kula,
kadosdéné anggèn panjenengan mejahi
tiyang Mesir kala wingi punika?
29 Sareng midhanget atur makaten
punika, Musa lajeng ngungsi saha dados
tiyang neneka wonten ing tanah Midian.
Wonten ing ngriku peputra kakung kalih.
30 Sareng sampun kawan dasa taun,
lajeng wonten malaékat ingkang
ngatingal dhateng panjenenganipun
wonten ing ara-ara samun ing redi Sinai,
wonten ing latu murub ing grumbul eri.
31 Musa gumun mirsani tetingalan
punika, saha sareng nyelak badhé niti-
priksa, nunten midhanget swantening
Pangéran makaten:
32 Ingsun iki Allahé leluhurira, Allahé
Abraham, Ishak lan Yakub. Musa
satemah gumeter saha ajrih mirsani.
33 Lajeng dipun ngandikani déning
Pangéran: Copoten trumpahé sikilira,

amarga panggonan kang sira idak iku
lemah kang suci.
34 Ingsun wis nggatosaké kalawan
temenan marang kasangsaraning
umatingsun kang ana ing tanah Mesir,
sarta wis miyarsakaké pasambaté, tuwin
Ingsun wis tumedhak bakal ngluwari;
mulané mrénéa, sira bakal sunutus
menyang tanah Mesir.
35 Musa ingkang sampun dipun tampik
déning tiyang-tiyang wau sarana
pangucapipun: Sinten ingkang ngangkat
panjenengan dados pangageng saha
hakim? -- inggih Musa punika ingkang
kautus déning Allah dados pangageng
sarta juru pangluwar, lumantar malaékat,
ingkang sampun ngatingal dhateng
panjenenganipun wonten ing grumbul
eri.
36 Inggih panjenenganipun punika
ingkang ngirid medal tiyang-tiyang wau
sarana nindakaken mukjijat-mukjijat
tuwin pratandha-pratandha wonten
ing tanah Mesir, wonten ing Saganten
Abrit tuwin wonten ing ara-ara samun,
ngantos kawan dasa taun dangunipun.
37 Inggih Musa punika ingkang ngandika
dhateng tiyang-tiyang Israèl: Allah bakal

ngangkat nabi kaya aku iki kanggo kowé
saka ing antarané para sadulurmu.
38 Inggih Musa punika ingkang
dados pantawis wonten ing salebeting
pasamuwan ing ara-ara samun,
ing antawisipun malaékat ingkang
medharaken pangandika dhateng
panjenenganipun wonten redi Sinai
kaliyan leluhur kita; saha inggih
panjenenganipun ingkang tampi
pangandika-pangandika ingkang
gesang, supados kaparingaken dhateng
kula lan panjenengan sadaya.
39 Nanging leluhur kita mboten
sami mbangun-turut dhateng
panjenenganipun, malah dipun
tampik. Ing salebeting manah sami
kepéngin wangsul dhateng tanah Mesir.
40 Dhateng Harun aturipun tetiyang
punika makaten: Kula sadaya
panjenengan damelaken sesembahan
sawatawis, ingkang badhé ngirid lampah
kula, amargi Musa ingkang sampun
nuntun kula sadaya medal saking tanah
Mesir -- kula sami mboten sumerep
kadospundi kawontenanipun.
41 Kala samanten lajeng sami damel
reca pedhèt, sarta brahala punika

nunten dipun sajèni, saha lajeng sami
sukan-sukan tumrap punapa ingkang
dipun damel piyambak punika.
42 Allah lajeng mengkeraken tiyang-
tiyang wau, sami dipun uja anggènipun
sami nyembah dhateng wadya-balaning
langit, kados ingkang sampun kaserat
wonten ing kitabipun para nabi
makaten: Apa sira tau nyaosaké kurban
sembeléhan lan pisungsung marang
Ingsun, sajroné patang puluh taun ana
ing ara-ara-samun, hé turuné Israèl?
43 Ora tau, malah sira padha ngusung
kémahé Molokh lan lintangé déwamu
Réfan, reca-reca kang padha sira gawé
sarta sira dadèkaké sesembahan. Mulané
sira bakal sunbuwang nganti tekan ing
sabranging tanah Babél.
44 Kémahing Paseksi wonten ing
satengahing leluhur kita wonten ing
ara-ara samun, ingkang kayasa awit
saking dhawuhipun Allah dhateng Musa,
miturut conto ingkang sampun dipun
tingali.
45 Kémah wau tinampèn déning leluhur
kita sarta lajeng kabekta lumebet
dhateng tanah punika kalayan katuntun
déning Yosua, inggih punika nalika tanah

punika karebat saking bangsa-bangsa
sanès, ingkang katundhung déning
Allah saking sangajenging leluhur kita;
makaten ngantos dumugi jamanipun
Daud.
46 Daud sampun tampi sih-rahmat
wonten ing ngarsanipun Allah saha
nyuwun, supados dipun parengna
mbangun padaleman kagem Allahipun
Yakub.
47 Nanging Salomo ingkang yasa
padaleman kagem Allah.
48 Namung kémawon Ingkang
Mahaluhur mboten dedalem ing yasaning
tanganipun manungsa, kados ingkang
kapangandikakaken déning nabi
makaten:
49 Langit iku dhamparingsun, sarta bumi
iku ancik-anciking sampéyaningsun.
Padaleman apa kang bakal sira
yasa kagem Ingsun? Mangkono
pangandikaning Pangéran, papan
apa kang bakal dadi panggonan
palerebaningsun?
50 Apa dudu astaningsun piyambak
kang yasa samubarang iki kabèh?
51 Hé, tiyang ingkang sami ndableg,
wangkot ing manah, sarta mbudheg,

sampéyan tansah sami nglawan Roh
Suci, sami kados leluhur sampéyan,
inggih makaten ugi sampéyan sadaya.
52 Nabi-nabi pundi ingkang mboten
dipun aniaya déning leluhur sampéyan.
Malah sami mejahi tiyang-tiyang
ingkang langkung rumiyin memeca bab
rawuhipun Sang Kayektèn, ingkang
sapunika sampun sampéyan cidrani lan
sampéyan sédani.
53 Sampéyan sampun sami tampi
angger-anggering Torèt, ingkang dipun
paringaken lumantar para malaékat,
nanging sami mboten sampéyan tetepi."
54 Bareng para warganing Pradata
Agama mireng iku mau kabèh, padha
rumaos katuwek panggalihé sarta dadi
padha kerot-kerot, gregeten marang
Stéfanus.
55 Nanging Stéfanus kapenuhan ing Roh
Suci, tumenga ing langit, banjur pirsa
kamulyaning Allah lan Yésus jumeneng
ing tengening Allah.
56 Nuli ngandika, "Sanyata, aku weruh
langit menga lan Putraning Manungsa
jumeneng ing tengené Allah."

57 Wong-wong nuli pada bengok-bengok
ngebyuk marang Stéfanus kambi nutupi
kupingé.
58 Banjur diglandhang menyang
sanjabaning kutha, lan dibenturi watu.
Para seksi padha cucul jubah ana ing
ngarepé wong anom kang jenengé
Saulus.
59 Stéfanus sajroné dibenturi watu mau,
ndedonga unjuké, "Dhuh Gusti Yésus,
mugi karsa nampèni roh kawula."
60 Kalawan jèngkèng nuli nywanten
sora, "Dhuh Gusti, dosa punika mugi
sampun Paduka tempahaken dhateng
tiyang-tiyang punika." Sawusé munjuk
mangkono iku banjur séda.

8 1 (8:1b) Ing nalika iku pasamuwan
ing Yérusalèm wiwit ngalami
panganiaya kang banget. Wong kabèh
padha buyar, pating slebar menyang
tlatah Yudéa lan Samaria, kejaba para
rasul.
2 Para wong salèh padha ngubur layoné
Stéfanus, sarta banget anggoné padha
nangisi.
3 Nanging Saulus ngudi sirnané
pasamuwan, saben omah dileboni,
wong lanang lan wong wadon padha

diglandhang lan digawa menyang
pakunjaran.
4 Wong-wong kang buyar mau padha
ndlajahi ing satanah kabèh karo
ngabaraké Injil.
5 Lan Filipus tindak menyang
sawenèhing kutha ing Samaria
martakaké bab Mésias marang
wong-wong ing kono.
6 Nalika wong akèh ngrungokaké
apa kang diwartakaké déning Filipus
sarta nyumurupi pratandha-pratandha
kang ditindakaké, banjur padha saiyeg
nampani pawartané iku.
7 Amarga wong akèh kang padha
kapanjingan roh reged, rohé mau padha
metu kalawan bengok-bengok, lan uga
akèh wong lumpuh sarta wong pincang
kang padha diwarasaké,
8 temahan ana kabungahan gedhé ing
kutha kono.
9 Ing kutha kono ana wong jenengé
Simon, kang wiwit biyèn dadi tukang
sihir lan gawé éramé rakyat Samaria,
apadéné ngaku-aku wong kang pinunjul.
10 Wong-wong, gedhé, cilik, padha
nganut marang wong iku, pangucapé,

"Wong iki wujuding pangwaosé Allah
kang kasebut Pangwaos Agung."
11 Mulané padha manut marang wong
iku, jalaran wis suwé anggoné gawé
éram sarana sihiré.
12 Nanging saiki padha pracaya marang
Filipus, kang martakaké Injilé Kratoning
Allah sarta bab asmané Yésus Kristus
tuwin padha kabaptis, wong lanang
dalasan wong wadon.
13 Simon dhéwé iya dadi pracaya
lan sawusé dibaptis, tansah rumaket
marang Filipus sarta sumlengeren
nyumurupi pratandha-pratandha lan
mukjijat-mukjijat linuwih kang wus
kelakon.
14 Bareng para rasul ing Yérusalèm
padha midhanget, yèn wong ing
tanah Samaria wus padha nampani
pangandikaning Allah, Pétrus lan
Yohanes padha kautus mrana.
15 Sarawuhé ing kono, sakaroné banjur
padha ndedonga supaya wong-wong ing
Samaria padha kaparingan Roh Suci.
16 Amarga Roh Suci durung tumedhak
marang wong siji-sijia ing antarané
wong-wong mau, awit mung padha
dibaptisi ing asmané Gusti Yésus.

17 Mulané kabèh banjur padha
katumpangan asta déning para rasul
mau, satemah padha katedhakan Roh
Suci.
18 Bareng Simon sumurup, menawa
anggoné padha pinaringan Roh Suci iku
marga katumpangan astané para rasul,
banjur nawèni dhuwit marang para rasul,
19 karo matur, "Kula mugi kaparingan
kasektèn punika ugi, supados tiyang
ingkang kula tumpangi tangan, inggih
lajeng katedhakan Roh Suci."
20 Nanging Pétrus banjur ngandika
marang wong mau, "Dhuwitmu sirnaa
bareng karo kowé, amarga kowé ngira,
yèn kowé bisa nuku peparinging Allah
nganggo dhuwit.
21 Kowé ora duwé panduman utawa
wewenang tumrap prakara iki, amarga
atimu ora jujur ana ing ngarsané Allah.
22 Mulané mratobata saka durakamu
iki sarta ndedongaa marang Pangéran,
supaya niyating atimu iki kaparingan
pangapura,
23 amarga aku sumurup, yèn atimu iku
wus kayadéné rempelu kang pait lan
kajiret ing piala."

24 Simon mangsuli, aturé, "Mugi
panjenengan karsa ndongakaken kula
dhateng Pangéran, supados sadaya
pangandika panjenengan tumrap kula
punika sampun ngantos kelampahan."
25 Para rasul mau sawisé paring paseksi
lan martakaké bab pangandikaning
Gusti banjur padha kondur menyang
Yérusalèm sarta sadalan-dalan padha
ngabaraké Injil ing désa akèh ing
Samaria.
26 Tumuli ana malaékating Pangéran
kang ngandika marang Filipus,
mangkéné, "Ngadega, lan mangkata
mangidul liwat dalan kang mudhun saka
Yérusalèm menyang Gaza." Dalan iku
sepi.
27 Filipus jumeneng, banjur tindak.
Ana priyagung Étiopia, panggedhé, lan
juru kahartakané Kandaké, ratu nagara
Étiopia, kang tindak menyang Yérusalèm
prelu ngibadah.
28 Nalika samono panjenengané lagi
kondur nitih kréta kambi maos kitabé
Nabi Yésaya.
29 Filipus banjur kadhawuhan déning
Roh, "Mronoa, cedhakana kréta iku!"

30 Filipus banjur énggal-énggal murugi
lan mireng priyagung iku lagi maos
kitabé Nabi Yésaya. Filipus matur,
"Panjenengan punapa mangertos
ingkang panjenengan waos punika?"
31 Paring wangsulané, "Kadospundi
anggèn kula saged mangertos, manawi
mboten wonten ingkang nuntun?" Filipus
banjur didhawuhi minggah lan lenggah
ing sandhingé.
32 Anadéné nas kang diwaos iku
surasané mangkéné: Kayadéné wedhus,
Panjenengané katuntun menyang papan
panyembelèhan, lan kaya cempé kang
ora nyuwara ana ing ngarepé wong kang
ngguntingi wuluné, mangkono anggoné
Panjenengané ora mbikak tutuké.
33 Sajroning kaasorané Panjenengané
ora tampi kaadilan; sapa kang bakal
nyaritakaké tedhak-turuné? Sabab
nyawané kapundhut saka ing donya.
34 Priyagung mau banjur ngandika
marang Filipus, "Kula pitakèn dhateng
panjenengan, sinten ingkang dipun
ngandikakaken déning nabi punika?
Punapa sariranipun piyambak, punapa
tiyang sanès?"

35 Filipus tumuli wiwit cariyos, wiwit
saka nas iku, banjur martosaké Injilé
Yésus.
36 Sakaroné padha nglajengaké tindaké,
nuli rawuh ing papan kang ana banyuné.
Priyagung mau banjur ngandika, "Lah
punika wonten toya. Punapa wonten
pambenganipun, manawi kula dipun
baptis?"
37 [Wangsulané Filipus, "Manawi
panjenengan pitados kanthi gumolonging
panggalih, kénging." Wangsulané
priyagung mau, "Kula pitados, bilih
Yésus Kristus punika Putranipun Allah."]
38 Priyagung Étiopia mau banjur dhawuh
ngendhegaké krétané lan sakaroné nuli
padha mandhap marani banyu, Filipus
lan priyagung mau, sarta priyagung iku
nuli dibaptis déning Filipus.
39 Bareng sakaroné wus padha
mentas saka ing banyu, Rohing
Pangéran tumuli nambut Filipus, lan
ora kasumerepan déning priyagung
iku manèh. Panjenengané banjur
nglajengaké tindaké kalawan renaning
panggalih.
40 Nanging Filipus tinemu wus ana ing
Asdod, tindak nglangkungi tlatah kono

sarta ngabaraké Injil ana ing kutha-kutha
kabèh nganti tekan Kaisaréa.

9 [1] Anadéné Saulus atiné isih kebak
pangancam sarta pangigit-igit arep
matèni para muridé Gusti, banjur sowan
ing ngarsané Imam Agung,
[2] lan nyuwun layang pangwasa kang
arep digawa menyang papan-papan
pangibadah ing Damsyik, supaya
samangsa mrangguli wong lanang
utawa wong wadon kang padha nganut
Margining Gusti, banjur kena ditangkep
lan digawa menyang Yérusalèm.
[3] Sajroné lumaku iku, bareng wus
cedhak kutha Damsyik, dumadakan nuli
ana cahya tumlorong saka ing langit
kang nglimputi wong mau.
[4] Saulus banjur tiba ing lemah
sarta krungu swara kang ngandikani
mangkéné, "Saulus, Saulus, yagéné sira
nganiaya Ingsun?"
[5] Atur wangsulané Saulus, "Paduka
punika sinten, Gusti?" Pangandikané
Gusti, "Ingsun iki Yésus, kang sira aniaya
iku.
[6] Nanging ngadega, lumebua ing kutha,
ana ing kono sira bakal didhawuhi apa
kang kudu sira lakoni."

7 Anadéné wong-wong kang dadi
kanthining lakuné, padha njenger,
marga pancèn padha krungu swara mau,
nanging ora weruh wong siji-sijia.
8 Saulus banjur ngadeg lan ngelèkaké
mripaté, nanging ora bisa ndeleng
apa-apa. Tumuli dituntun lumebu
menyang Damsyik.
9 Nganti telung dina lawasé anggoné
ora bisa ndeleng sarta ora mangan lan
ngombé.
10 Ing Damsyik ana muridé Gusti
jenengé Ananias, iku didhawuhi déning
Gusti ing sajroning tetingalan, "Ananias!"
11 Unjuké, "Kawula, Gusti." Dhawuhé
Gusti, "Ngadega, menyanga lurung
kang aran Lurung Kenceng, menyanga
omahé Yudas, golèkana wong kang saka
Tarsus kang jenengé Saulus, saiki lagi
ndedonga,
12 lan sajroning tetingalan weruh
wong aran Ananias kang lumebu sarta
numpangi tangan, supaya bisa ndeleng
manèh."
13 Ananias mangsuli, unjuké, "Gusti,
kawula sampun mireng saking tiyang
kathah bab tiyang punika, bilih kathah
sanget piawon ingkang dipun tindakaken

tumrap para suci kagungan Paduka
ingkang wonten ing Yérusalèm,
14 saha anggènipun mriki punika
kalayan mundhi dhawuh saking para
pangajenging imam supados nangkepi
sakathahing tiyang ingkang nyebut asma
Paduka."
15 Éwadéné Gusti ngandika, "Sira
mangkata, jalaran wong iki piranti
pilihaningsun kanggo martakaké
asmaningsun marang bangsa-bangsa
liya sarta para raja lan wong-wong
Israèl.
16 Ingsun piyambak bakal nuduhaké
marang wong iku, sapira akèhing
kasangsaran, kang bakal kasandhang
awit saka asmaningsun."
17 Ananias tumuli mangkat mrono lan
lumebu ing omah kono. Saulus banjur
ditumpangi tangan sarta tembungé,
"Saulus, sadulurku, Gusti Yésus, kang
wus ngatingal marang kowé ana ing
dalan kang kokliwati, iku ngutus aku
marani kowé, supaya kowé bisa ndeleng
manèh lan kapenuhan ing Roh Suci."
18 Padha sanalika, kaya-kaya banjur
ana kulit tipis kang rupané mèmper sisik
padha rontog saka mripaté, satemah

Saulus bisa ndeleng manèh, banjur
ngadeg sarta kabaptis.
19 Déné sawisé mangan, kakuwatané
nuli pulih. (9-19b) Saulus ana ing
satengahing para murid ing Damsyik
sawatara dina.
20 Nalika iku Saulus iya martakaké bab
Yésus ana ing papan-papan pangibadah
sarta pratéla yèn Yésus iku Putraning
Allah.
21 Wong kabèh kang ngrungokaké
padha éram lan ngucap, "Apa iku dudu
sing ana ing Yérusalèm arep numpes
wong kang nyebut jenengé Yésus iku,
sarta tekané ing kéné iku apa ora
sumedya nangkepi wong-wong mau
banjur diladèkaké ing ngarsané para
pangareping imam?"
22 Nanging Saulus saya mundhak
gedhé prabawané lan gawé judheging
wong-wong Yahudi kang manggon ing
Damsyik, jalaran anggoné awèh paseksi,
menawa Yésus iku Mésias.
23 Bareng wus sawatara dina, wong
Yahudi padha ngrembug bab rancangan
anggoné arep matèni Saulus.
24 Nanging sedya kang ala iku
kaweruhan déning Saulus. Rina-wengi

wong Yahudi padha jaga ing gapura-
gapuraning kutha, supaya bisa matèni
Saulus.
25 Nanging ing wayah bengi banjur
dipapag déning para muridé kaudhunaké
saka bètènging kutha nganggo kranjang.
26 Satekané Yérusalèm Saulus banjur
ngudi bisané nunggal karo para murid,
nanging kabèh padha wedi, awit padha
ora ngandel, menawa Saulus iku uga
wus dadi murid.
27 Mung baé banjur ditampa déning
Barnabas lan dilantaraké menyang
ngarsané para rasul sarta padha
dicaritani, bab anggoné Saulus ana ing
dalan diketingali déning Gusti tuwin
anggoné diparingi pangandika, apadéné
anggoné memulang kalawan asmané
Gusti kanthi kendel ana ing Damsyik.
28 Saulus lestari tetunggilan karo para
rasul ana ing Yérusalèm lan kanthi
kendel memulang demi asmané Gusti,
29 apadéné uga rerembugan lan
bebantahan karo para wong Yahudi kang
basané Yunani, nanging wong-wong iku
padha ngarah patiné.
30 Mung baé, bareng bab iku
kasumurupan déning para sadulur

tunggal pracaya, banjur padha
ngungsèkaké Saulus menyang Kaisaréa
lan saka ing kono menyang Tarsus.
31 Anadéné ing sawatara wektu
pasamuwan ing satanah Yudéa, Galiléa
lan Samaria kabèh kaanané tentrem,
padha kabangun sarta padha wedi-asih
marang Pangéran. Cacahé saya wuwuh
akèh marga kapitulungan déning Roh
Suci.
32 Nalika samana Pétrus tindak mider-
mider, tetuwi menyang ngendi-endi.
Panjenengané uga ngrawuhi para suci
ing Lida.
33 Ana ing kono mrangguli wong kang
aran Énéas, kang wis wolung taun
nggluntung ana ing paturon amarga
lumpuh.
34 Wong iku dingandikani déning Pétrus,
"Énéas, Yésus Kristus nyarasaké kowé;
tangia lan paturonmu tatanen!" Sanalika
iku uga wong mau banjur tangi.
35 Wong ing Lida lan Saron kabèh padha
weruh wong mau, satemah banjur padha
mratobat marang Gusti.
36 Ing Yopé ana murid wadon jenengé
Tabita -- ing basa Yunani: Dorkas.

Wong wadon iku akèh banget anggoné
nindakaké kabecikan lan dedana.
37 Nanging nalika samana wong iku lara
banjur tilar-donya. Sawusé disucèni,
layoné nuli diturokaké ana ing kamar
ndhuwur.
38 Lida iku cedhak karo Yopé. Bareng
para murid padha krungu, yèn Pétrus
ana ing Lida, banjur kongkonan wong
loro sowan ing ngarsané, ngaturaké
panyuwun mangkéné, "Kula aturi énggal
rawuh dhateng panggènan kula!"
39 Pétrus nuli énggal-énggal tindak
bebarengan karo wong-wong mau.
Bareng wis rawuh ing kana, banjur
didhèrèkaké menyang kamar ndhuwur.
Para warandha padha ngadeg ing
sacedhaké apadéné kalawan nangis
padha nuduhaké kabèh klambi lan
sandhangan, gawéané Dorkas nalika isih
urip.
40 Nanging kabèh nuli didhawuhi
metu déning Pétrus. Panjenengané
banjur jèngkèng lan ndedonga. Sawusé
mangkono nuli minger ngadhepaké layon
mau sarta ngandika, "Tabita, tangia!"
Tabita nuli melèk lan bareng ndeleng
Pétrus, banjur njenggèlèk linggih.

41 Tumuli tangané diasta déning Pétrus,
dibantu anggoné ngadeg. Sawisé
mangkono nuli nimbali para suci lan para
warandha sarta nedahaké, yèn wong
wadon mau wis urip.
42 Lelakon iku sumebar ing sakutha
Yopé sarta akèh wong kang padha dadi
pracaya marang Gusti.
43 Sawusé mangkono Pétrus isih lereb
ana ing Yopé sawatara dina, ana ing
omahé wong aran Simon, tukang
walulang.

10 1 Ing Kaisaréa ana wong aran
Kornélius, perwiraning pasukan
kang diarani pasukan Italia.
2 Wong mursid, dalah sabrayaté kabèh
ngabekti marang Allah, sarta akèh
sedhekahé marang umat Yahudi tuwin
tansah ndedonga marang Allah.
3 Watara jam telu awan Kornélius ing
sajroning tetingalan sumurup kalawan
cetha ana malaékaté Allah kang lumebet
ing omahé lan ngandikani, "Kornélius!"
4 Kornélius mandeng marang malaékat
mau lan matur kalawan wedi, "Wonten
punapa, Gusti?" Paring wangsulané
malaékat mau, "Sakèhing pandongamu
lan sedhekahmu wus padha sumengka

marang ngarsaning Allah sarta Allah
ènget marang kowé.
5 Déné saiki kongkonana wong sawatara
menyang Yopé, methuk wong aran
Simon, kang peparab Pétrus.
6 Wong iku nginep ana ing omahé
tukang walulang, kang jeneng Simon,
omahé ing pinggir sagara."
7 Sapengkeré malaékat kang ngandikani
mangkono mau, Kornélius banjur nimbali
abdiné loro tuwin prajurit siji kang
mursid, panunggalané kang tansah
tetunggalan karo panjenengané,
8 sarta sawisé diparingi katrangan bab
sakabèhé, nuli padha diutus menyang
Yopé.
9 Ésuké nalika utusan mau isih padha
ana ing dalan lan wus cedhak karo
kutha, watara jam rolas awan, Pétrus
minggah ing payon arep ndedonga.
10 Banjur kraos luwé lan kepéngin
dhahar, nanging nalika dhaharan lagi
dicawisaké, dumadakan rohé kalimputan
ing pangwaosing Allah.
11 Panjenengané pirsa langit menga
sarta banjur ana barang kang wujud
lawon amba, poncoté papat katalènan,
kaudhunaké menyang lemah.

12 Lawon mau isi sakèhing kéwan kang
sikilé papat, kéwan kang rumangkang
sarta manuk.
13 Tumuli ana swara kapireng kang
dhawuh, "Pétrus, ngadega, nyembelèha
lan mangana kéwan-kéwan iku!"
14 Nanging Pétrus munjuk, "Mboten
Gusti, sabab kawula dèrèng naté nedha
punapa-punapa ingkang haram saha
najis."
15 Tumuli kapireng swara manèh kang
kaping pindhoné, dhawuh, "Apa kang wis
kapangandikakaké halal déning Allah,
aja kokarani haram."
16 Bab iku nganti kelakon kaping telu lan
sawisé iku lawon mau banjur kaangkat
menyang langit manèh.
17 Nalika Pétrus isih judheg bab
maknaning tetingalan kang mentas
ditampèni mau, wong-wong kang diutus
déning Kornélius, sawisé takon-takon
bab omah palerebané Pétrus, wus ana
ing ngarep régol,
18 sarta banjur ngundang sawenèhing
wong lan takon, apa Simon kang peparab
Pétrus lereb ana ing omah kono.
19 Nalika Pétrus isih manggalih bab
tetingalan mau, banjur dipangandikani

déning Roh, "Lah ana wong telu nggolèki sira,
20 mulané ngadega, mudhuna lan
mangkata bebarengan karo wong-wong
iku, aja mangu-mangu, sabab Ingsun
kang ngutus wong-wong iku."
21 Pétrus banjur mandhap sarta
ngandika marang wong-wong mau,
"Inggih kula punika tiyang ingkang
sampéyan padosi; punapa prelunipun
sampéyan sami mriki?"
22 Atur wangsulané, "Kornélius, perwira
ingkang manahipun tulus saha ngabekti
dhateng Allah, punapadéné ingkang
sampun kondhang saé wonten ing
antawisipun bangsa Yahudi, tampi
wangsiting Allah lumantar malaékat suci,
supados ngaturi rawuh panjenengan
dhateng griyanipun saha mirengaken
punapa ingkang badhé panjenengan
ngandikakaken."
23 Wong-wong mau banjur didhawuhi
nginep ana ing kono. Ésuké sawisé
wungu, Pétrus tumuli tindak bebarengan
karo wong-wong mau sarta ana wong
Yopé sawatara kang ndhèrèkaké tindaké.
24 Ésuké manèh tindaké wus tekan
Kaisaréa, Kornélius wus ngentèni lan

wus ngulemi sanak-saduluré lan para
mitrané.
25 Nalika Pétrus rawuh, Kornélius
methukaké kambi sumungkem ing
ngarsané sarta sujud.
26 Nanging diadegaké déning Pétrus
kalawan dingandikani, "Kula aturi
jumeneng, kula punika namung
manungsa limrah."
27 Pétrus nuli lumebet kambi ngandikan
karo Kornélius lan pinanggih wong akèh
kang wus padha nglumpuk.
28 Tumuli padha dingandikani
mangkéné, "Panjenengan sadaya sami
mangertos, bilih tiyang Yahudi punika
dipun awisi sanget srawung kaliyan
tiyang-tiyang ingkang sanès Yahudi
utawi lumebet ing griyanipun. Nanging
Allah sampun paring pitedah dhateng
kula, bilih kula mboten dipun parengaken
nyebut sok sintena najis utawi haram.
29 Inggih punika sababipun kula lajeng
mboten kawratan mriki. Pramila kula
kepéngin sumerep, punapa sababipun
déné kula panjenengan dhatengaken?"
30 Aturé Kornélius, "Kawan dinten
kapengker, ing wekdal kinten-kinten
sami kaliyan sapunika, inggih punika

jam tiga siyang, kula saweg ndedonga
wonten ing griya.
31 Dumadakan wonten priya jumeneng
ing ngajeng kula, pangagemanipun
gumilap ingkang lajeng ngandika,
‘Kornélius, pandongamu wus
kapiyarsakaké déning Allah lan
sedhekahmu wus kaèngetan ana ing
ngarsaning Allah.
32 Mulané kongkonana wong menyang
Yopé methuk Simon kang peparab
Pétrus, kang lagi mondhok ing omahé
Simon, tukang walulang, ing pinggir
sagara.’
33 Awit saking punika kula énggal-
énggal kéngkénan tiyang sowan
panjenengan saha panjenengan sampun
rawuh kalayan renaning penggalih.
Sapunika kula sadaya sampun nglempak
ing ngriki, wonten ing ngarsanipun Allah,
badhé mirengaken punapa ingkang
kadhawuhaken déning Allah dhateng
panjenengan."
34 Pétrus banjur medhar pangandika
mangkéné, "Kula sampun mangertos
saèstu, bilih Allah mboten mbédak-
mbédakaken tiyang.

35 Saben tiyang saking golongan
bangsa punapa kémawon, ingkang
ngabekti dhateng Pangéran saha
ingkang nindakaken punapa ingkang
leres, punika ndadosaken keparengipun
Allah.
36 Punika pangandika ingkang
kadhawuhaken dhateng tiyang-
tiyang Israèl, nalika Panjenenganipun
martosaken bab tentrem-rahayu lantaran
Yésus Kristus ingkang jumeneng dados
Gustinipun tiyang sadaya.
37 Panjenengan sadaya sampun
nguningani samukawis ingkang sampun
kelampahan wonten ing saindenging
tanah Yudéa wiwit saking Galiléa,
sasampunipun baptisan ingkang
kaundhangaken déning Yohanes,
38 inggih punika bab Yésus saking
Nasarèt: anggènipun jinebadan déning
Allah kalawan Roh Suci saha daya-
pangwaos. Panjenenganipun tindak
mider-mider kalayan nindakaken
kasaénan sarta nyarasaken sakathahing
tiyang ingkang kawasésa déning
Iblis, amargi Allah nunggil kaliyan
Panjenenganipun.

39 Wondéné kula sadaya punika sami
dados seksi tumrap sadaya ingkang
dipun tindakaken wonten ing tanahipun
tiyang Yahudi saha ing Yérusalèm;
wasana lajeng kasédanan sarana
kagantung ing kajeng salib.
40 Ing tigang dintenipun Yésus punika
dipun wungokaken déning Allah saha
sampun dados keparenging Allah, bilih
Panjenenganipun lajeng ngatingal,
41 mboten dhateng tiyang sabangsa
sadaya, nanging namung dhateng
para seksi, ingkang sadèrèngipun
sampun katemtokaken déning Allah,
inggih punika dhateng kula sadaya
ingkang sampun ndhèrèk nedha lan
ngombé kaliyan Panjenenganipun,
sasampunipun Panjenenganipun wungu
saking antawisipun tiyang pejah.
42 Punapadéné Panjenenganipun
sampun paring ayahan dhateng kula
sadaya, martosaken dhateng tiyang
sabangsa sadaya saha dados seksi,
bilih inggih Panjenenganipun punika
ingkang pinasthi déning Allah dados
Hakim tumrap tiyang ingkang gesang
saha ingkang pejah.

43 Inggih Panjenenganipun punika
ingkang dipun seksèni para nabi
sadaya, bilih sinten ingkang pitados
dhateng Panjenenganipun, badhé tampi
pangapuntening dosa margi saking
asmanipun."
44 Nalika Pétrus lagi ngandika mangkono
iku, wong kabèh kang ngrungokaké
pangandika padha katedhakan Roh Suci.
45 Sakèhing wong pracaya saka
golongan tetakan kang ndhèrèkaké
Pétrus, padha éram, jalaran padha
sumurup, yèn Roh Suci iku uga
kaparingaké marang bangsa-bangsa
liya;
46 amarga padha krungu anggoné
wong-wong mau banjur padha guneman
nganggo basa ilat lan ngluhuraké Allah.
Pétrus banjur ngandika,
47 "Apa ana kang bisa ngalang-alangi
wong-wong iki padha dibaptisi nganggo
banyu, marga wus padha tampa Roh
Suci kayadéné kita?"
48 Banjur dhawuh, supaya wong-wong
mau padha dibaptisi ing asmané Yésus
Kristus. Sawusé iku nuli padha nyuwun,
supaya Pétrus lereb ana ing kono
sawatara dina.

11 [1] Para rasul lan sadulur-sadulur
tunggal pracaya ing Yudéa padha
krungu, menawa bangsa-bangsa liya uga
nampani pangandikaning Allah.
[2] Bareng Pétrus rawuh ing Yérusalèm
wong-wong golongan tetakan padha
padudon karo panjenengané,
[3] pangucapé, "Panjenengan sampun
lumebet ing griyanipun tiyang-tiyang
ingkang mboten tetak saha dhahar
sesarengan kaliyan tiyang-tiyang wau."
[4] Nanging Pétrus banjur nerangaké
samubarang kabèh kanthi runtut,
pangandikané,
[5] "Kula saweg ndedonga wonten
ing kitha Yopé, dumadakan roh kula
kalimputan ing pangwaosipun Allah,
kula lajeng sumerep tetingalan: wonten
barang ingkang wujud lawon wiyar,
gumantung ing poncotipun sekawan
kaedhakaken saking langit ngantos
dumugi ing ngajeng kula.
[6] Sareng kula tamataken, kula sumerep
sawarnining kéwan wonten ing lebetipun,
kéwan suku sekawan, kéwan wanan,
kéwan rumangkang saha peksi-peksi.

7 Kula lajeng mireng swanten ingkang
ngandika dhateng kula: Ngadega,
Pétrus, nyembelèha lan mangana!
8 Nanging kula matur, ‘Mboten, Gusti,
amargi dèrèng naté wonten barang
ingkang karam utawi ingkang mboten
resik, ingkang lumebet ing cangkem
kawula.’
9 Éwadéné swanten saking swarga
wau lajeng ngandika dhateng kula
ingkang kaping kalihipun, ‘Apa kang
kapangandikakaké déning Allah, menawa
iku halal, aja kokarani haram!’
10 Bab punika kalampahan ngantos
kaping tiga, sadaya wau nunten
kaangkat malih dhateng langit.
11 Sanalika punika wonten tiyang tiga
ingkang ngadeg ing sangajenging griya,
ingkang kula sipengi; tiyang-tiyang wau
utusan saking Kaisaréa murugi kula.
12 Kula nunten dipun ngandikani
déning Roh, ‘Mangkata bebarengan karo
wong-wong iku lan aja mangu-mangu!’
Sadhèrèk enem punika tumut. Sareng
kula lumebet ing griyanipun tiyang wau,
13 tiyang punika tumunten nyariyosaken
dhateng kula sadaya, anggènipun
sumerep malaékat jumeneng ing

griyanipun saha ngandika dhateng
piyambakipun, ‘Kongkonana wong
menyang Yopé methuk Simon kang
peparab Pétrus.
14 Iku bakal awèh pawarta marang
kowé, kang bakal nekakaké karahayon
tumrap kowé dalah sabrayatmu kabèh.’
15 Sareng kula wiwit wicanten, tiyang-
tiyang wau lajeng sami katedhakan Roh
Suci, sami kadosdéné kita kala rumiyin.
16 Kula nunten kèngetan dhateng
pangandikaning Gusti, ‘Yohanes mbaptis
nganggo banyu, nanging sira kabèh
bakal kabaptis kalawan Roh Suci.’
17 Dados manawi Allah maringaken
rahmatipun dhateng tiyang-tiyang wau
sami kadosdéné dhateng kula nalika
kita wiwit pitados dhateng Gusti Yésus
Kristus, kadospundi anggèn kula saged
nulak karsanipun Allah?"
18 Bareng krungu kang mangkono iku,
pasamuwan banjur bisa nampa sarta
padha ngluhuraké Allah, pangucapé,
"Dadiné Allah uga paring pitobat marang
bangsa-bangsa liya, kang nuntun
marang urip."
19 Kacarita marga saka panganiaya
kang kelakon sawusé Stéfanus kaukum

pati, akèh sadulur tunggal pracaya
padha buyar nganti tekan Fénisia, Siprus
lan Antiokhia, déné anggoné martakaké
Injil mung marang wong Yahudi.
20 Nanging ana sawatara panunggalané
wong Siprus lan wong Kiréné, kang teka
ing Antiokhia lan banjur wawan-rembug
karo wong-wong kang nggunakaké basa
Yunani sarta martakaké Gusti Yésus.
21 Astané Gusti nunggil karo wong-
wong mau, satemah akèh kang padha
dadi pracaya sarta mratobat marang
Panjenengané.
22 Pawarta bab wong-wong mau
keprungu déning pasamuwan ing
Yérusalèm; Barnabas banjur kautus
déning pasamuwan menyang Antiokhia.
23 Bareng wis rawuh ing kono lan pirsa
sih-rahmating Allah, Barnabas bingah.
Sarta paring pitutur marang wong-wong
mau, supaya padha tetep setya marang
Gusti,
24 awit Barnabas iku saé penggalihé,
kapenuhan ing Roh Suci lan pracaya.
Temahan ana wong akèh kang padha
kawuwuhaké ing pasamuwané Gusti.
25 Barnabas banjur tindak menyang
Tarsus madosi Saulus. Bareng wus

pinanggih tumuli diajak menyang
Antiokhia,
26 sarta padha tetunggilan karo
pasamuwan nganti sataun lawasé,
sinambi memulang marang wong akèh.
Ana ing Antiokhia kono para murid wiwit
padha kasebut Kristen.
27 Nalika samana ana nabi sawatara
kang rawuh ing Antiokhia saka
Yérusalèm.
28 Ana siji kang asmané Agabus,
jumeneng sarta marga saka kwaosing
Roh ngandika, yèn ing saindenging jagat
bakal katekan paceklik gedhé, kang iya
kelakon nalika jamané Klaudius.
29 Para murid banjur padha mutus
arep nglumpukaké sumbangan miturut
kekuwatané dhéwé-dhéwé, bakal
dikirimaké marang para sadulur tunggal
pracaya ing Yudéa.
30 Iku iya kelakon lan banjur dikirimaké
marang para pinituwa lumantar Barnabas
lan Saulus.

12 1 Kurang-luwih ing wektu iku,
Hérodès wiwit tumindak keras
marang wong pasamuwan sawatara.

2 Panjenengané dhawuh nyédani
Yakobus, sadhèrèké Yohanes, sarana
pedhang.
3 Bareng pirsa, menawa bab iku
ndadèkaké senengé atiné wong Yahudi,
banjur nglajengaké tindaké kang
mangkono iku sarta dhawuh nahan
Pétrus. Nalika iku pinuju dina riyaya Roti
Tanpa Ragi.
4 Bareng Pétrus wus dicepeng, Hérodès
dhawuh supaya dikunjara kanthi dijaga
déning prajurit patang regu, saben regu
wong papat. Karsané, salebaré Paskah
bakal kaladèkaké ing ngarepé wong
akèh.
5 Iya kaya mangkono iku anggoné
Pétrus katahan ana ing pakunjaran.
Nanging pasamuwan kalawan adreng
ndongakaké panjenengané marang
Allah.
6 Nalika bengi sadurungé kaladèkaké
ing ngarepé wong akèh déning Hérodès,
Pétrus saré kaapit déning prajurit loro,
kabanda nganggo ranté loro, astané
karanté karo tangané prajurit mau.
Kejaba saka iku, ing ngarep lawang ana
prajurit kang padha jaga.

7 Dumadakan ana malaékaté Pangéran
jumeneng ing sacelaké Pétrus lan sèl
kono kapadhangan ing cahya. Malaékat
mau banjur nyablèk Pétrus, supaya
wungu kalawan ngandika, "Énggal
tangia!" Ranténé nuli ucul saka ing
astané Pétrus.
8 Malaékat iku banjur ngandika,
"Sabukana lan enggonen trumpahmu!"
Iku iya ditindakaké. Malaékat tumuli
ngandika, "Jubahmu anggonen lan
ngetutna aku!"
9 Panjenengané iya banjur tindak
medal ndhèrèkaké malaékat sarta
ora pirsa, yèn apa kang ditindakaké
déning malaékat iku kelakon temenan,
rumangsané mung pirsa tetingalan.
10 Bareng wus padha nglangkungi
pajagan kapisan lan kapindho, nuli
rawuh ing gapura wesi kang anjog ing
kutha. Lawangé iku menga dhéwé.
Bareng wus rawuh ing jaba, banjur
padha tindak tekan pungkasaning dalan;
dumadakan malaékat mau banjur nilar
panjenengané.
11 Bareng wus ènget kanthi cetha bab
kawontenané, Pétrus nuli ngunandika,
"Saiki aku ngerti temenan, yèn Gusti

wus ngutus malaékaté sarta ngluwari
aku saka ing astané Hérodès lan saka
samubarang kabèh, kang dikarepaké
déning wong Yahudi."
12 Sawusé manggalih sadhéla, banjur
tindak menyang omahé Maria, ibuné
Yohanes kang uga karan Markus. Ing
kono wong kang padha nglumpuk
ndedonga, akèh.
13 Bareng panjenengané nothok
lawang régol, ana abdi wadon jenengé
Rodé teka arep nyumurupi sapa kang
thothok-thothok iku.
14 Wong wadon mau ora pangling
menawa iku swarané Pétrus, nanging
marga saka bungahé, ora banjur
ngengakaké lawang, nanging énggal-
énggal lumebu ngaturi pirsa, yèn Pétrus
ana ing ngarep régol.
15 Wong iku banjur dilokaké, "Kowé iku
ngomyang." Ewasamono tetep anggoné
matur, menawa iku nyata temenan.
Banjur padha kandha, "Iku malaékaté."
16 Nanging Pétrus terus baé anggoné
thothok-thothok. Bareng padha
ngengakaké lawang lan ndeleng
panjenengané, padha kagèt kaéraman.

17 Nanging Pétrus tumuli paring sasmita
sarana astané, supaya padha meneng,
banjur padha dingandikani, kepriyé
anggoné Gusti nuntun medal saka
pakunjaran. Pangandikané, "Yakobus lan
para Sadulur kita padha kandhanana bab
iki." Banjur miyos lan tindak menyang
panggonan liya.
18 Ésuké para prajurit padha ribut-ribut,
padha takon-tinakon apa kang wus
kelakon ing ngatasé Pétrus iku.
19 Hérodès banjur dhawuh madosi
Pétrus, nanging ora ketemu, nuli dhawuh
mriksa para kang jaga, kang wusanané
padha dipatèni. Hérodès nuli tindak saka
Yudéa menyang Kaisaréa sarta lereb ana
ing kono.
20 Kacarita Hérodès duka banget
marang wong Tirus lan Sidon. Wong-
wong mau padha saiyeg bebarengan
sowan menyang ngarsané sarta padha
kelakon bisa ngrimuk Blastus, punggawa
kraton, supaya mbiyantu wong-wong
mau. Banjur padha nyuwun bedhami,
awit nagarané iku olèh pangan saka
wilayahé raja.
21 Ing dina kang wus katamtokaké,
Hérodès ngagem busana keprabon

banjur lenggah ing dhampar lan paring
pangandika marang wong-wong mau.
22 Ing kono rakyat padha nampani
pangandika iku kanthi surak-surak, sarta
ngucap, "Punika swantening déwa, sanès
swantening manungsa!"
23 Padha sanalika Hérodès banjur
kagebag déning malaékating Pangéran,
jalaran ora ngunjukaké pakurmatan
marang Allah. Panjenengané séda
dipangan cacing-cacing.
24 Kacarita pangandikané Allah
saya sumebar lan saya akèh kang
ngrungokaké.
25 Barnabas lan Saulus, sawusé
ngrampungaké kuwajibané, banjur
kondur nilar Yérusalèm, Yohanes kang
uga peparab Markus didhawuhi ndhèrèk.

13 1 Nalika iku ing pasamuwan
Antiokhia ana nabi lan guru
sawatara, yaiku: Barnabas lan Siméon
kang karan Niger, lan Lukius wong
Kiréné, sarta Menahèm, kang biyèn
diemong bareng karo Hérodès raja
wilayah, lan Saulus.
2 Ing sawijining dina, nalika lagi
padha nindakaké pangibadah marang
Gusti sarta pasa, Roh Suci ngandika,

"Barnabas lan Saulus padha pijinen,
supaya padha nglakoni ayahan, kang wis
suntemtokaké tumrap sakaroné."
3 Mulané banjur padha pasa lan
ndedonga, sarta sawisé ditumpangi asta,
sakaroné padha dililani mangkat.
4 Sakaroné, kang padha kautus déning
Roh Suci iku, nuli tindak menyang
Séléukia; saka ing kono padha lelayaran
menyang Siprus.
5 Bareng wus rawuh ing Salamis, banjur
padha martosaké pangandikaning Allah
ana ing papan-papan pangibadahé
wong Yahudi, sarta Yohanes ndhèrèkaké
minangka pambantu.
6 Nuli padha ndlajahi saindengé pulo
mau, nganti tekan ing Pafos; ana ing
kono kepanggih wong Yahudi, jenengé
Baryésus. Iku dadi tukang sihir lan nabi
palsu.
7 Apamanèh dadi mitrané gubernur
ing pulo kono, priyagung kang lantip,
asmané Sèrgius Paulus. Gubernur iku
nimbali Barnabas lan Saulus sabab
kepéngin mirengaké pangandikaning
Allah.
8 Nanging Élimas -- mangkono
jenengé tukang sihir mau -- ngalang-

alangi sakaroné sarta mbudi-daya
ngénggokaké supaya Gubernur aja
nganti pracaya.
9 Nanging Saulus, kang uga asma
Paulus, kang kapenuhan ing Roh Suci,
nuli mencerengi wong mau
10 lan ngandika, "Hé, anak Iblis, kang
kebak ing kaculikan lan piala, kowé iku
mungsuhé sakèhing kayektèn, apa kowé
ora uwis-uwis anggonmu ngingeraké
Margining Pangéran, kang lenceng iku?
11 Saiki delengen, astaning Pangéran
nempuh marang kowé, kowé dadi picak,
sawatara dina kowé ora bisa weruh
srengéngé." Lan sanalika iku uga wong
mau rumangsa kalimputan ing pedhut
lan pepeteng, banjur grayah-grayah
golèk wong kang nuntun.
12 Ndeleng apa kang mentas kelakon
iku, Gubernur banjur pitados, sarta
kaéraman marga saka piwulangé Gusti
iku.
13 Paulus sakanthiné banjur tindak saka
Pafos lan lelayaran menyang Pérga ing
Pamfilia. Nanging Yohanes tumuli misah
lan bali menyang Yérusalèm.
14 Saka Pérga padha nglajengaké
tindaké menyang Antiokhia ing Pisidia.

Bareng dina Sabat sakaroné tindak
menyang papan pangibadah, tumuli
lenggah ana ing kono.
15 Sawisé angger-anggering Torèt
lan kitabé para nabi kawaca, para
punggawaning papan pangibadah padha
kongkonan matur marang sakaroné,
"Para Sadhèrèk, bokbilih panjenengan
sami kagungan pangandika minangka
pambangun saha panglipur tumrap
umat punika, sumangga kula aturi
ngandikakaken."
16 Paulus banjur jumeneng sarta sawusé
paring sasmita kalawan astané, nuli
ngandika, "Para Sadhèrèk Israèl saha
para ingkang sami ngabekti ing Allah,
kula aturi sami midhangetaken.
17 Allahipun bangsa Israèl sampun
milih leluhur kita, tuwin kadadosaken
bangsa ingkang ageng, nalika dados
tiyang neneka wonten ing tanah Mesir,
tumunten kairid medal saking nagari
wau déning Panjenenganipun sarana
ngangkat astanipun.
18 Salebetipun kawan dasa taun
Panjenenganipun nyabari pratingkahipun
wonten ing ara-ara samun.

19 Sarta sasampunipun nyirnakaken
bangsa pepitu ing tanah Kanaan,
Panjenenganipun lajeng mbagé-bagé
tanah wau dhateng leluhur kita
kadadosaken tanah pusaka.
20 Sasampunipun watawis kawan atus
sèket taun, lajeng kaparingan hakim-
hakim ngantos dumugi ing jamanipun
Nabi Samuèl.
21 Sasampunipun makaten sami
nyuwun kaparingana raja. Allah nunten
maringi Saul, anakipun Kish, saking
taler Bényamin, laminipun sekawan dasa
taun.
22 Sasampunipun Saul kasingkiraken,
Allah lajeng ngangkat Daud,
kajumenengaken raja. Tumrap
Daud punika, Allah sampun pratéla,
‘Ingsun wus manggih Daud, anaké Isai,
wong kang ndadèkaké keparenging
panggalihingsun sarta kang nglakoni
sakèhing karsaningsun’.
23 Inggih saking trahipun punika, Allah
-- ngetrepi kaliyan ingkang sampun
kaprasetyakaken -- miyosaken Juru-
wilujeng tumrap tiyang Israèl, inggih
punika Yésus.

24 Nalika ngajengaken rawuhipun,
Yohanes sampun ngatag-atag dhateng
bangsa Israèl sadaya, supados sami
mratobat saha kabaptis.
25 Salajengipun, nalika Yohanes sampun
mèh rampung anggènipun nindakaken
ayahanipun, panjenenganipun ngandika
makaten, ‘Aku iki kokkira sapa? Aku
iki dudu Panjenengané. Sayektiné
Panjenengané iku bakal rawuh sawisé
aku. Nadyan nguculi agemé trumpah
saka ing sampéyané baé, aku ora
pantes’.
26 Lah para Sadhèrèk ingkang kalebet
trahipun Abraham, saha para ingkang
sami ngabekti dhumateng Allah,
kabar kawilujengan punika sampun
kaparingaken dhateng kita.
27 Para ingkang sami manggèn ing
Yérusalèm saha para pangagengipun
sami mboten purun ngakeni
Yésus. Sarana anggènipun
ndhawahaken paukuman pejah
tumrap Panjenenganipun, sami dados
kayektosaning pangandikanipun para
nabi, ingkang kawaos ing saben dinten
Sabat.

28 Sanadyan tiyang-tiyang mboten
manggih bab-bab ingkang njalari Yésus
kaukum pejah, éwasemanten sami
nyuwun sédanipun dhateng Pilatus.
29 Saha sasampunipun sami nglampahi
sadaya ingkang sinerat tumrap
Panjenenganipun, Panjenenganipun
lajeng kaedhakaken saking kajeng salib
tuwin kasarèkaken.
30 Nanging nunten kawungokaken
déning Allah saking antawisipun tiyang
pejah,
31 sarta ngantos sawatawis wekdal
anggènipun ngatingal dhateng para
ingkang sami ndhèrèk Panjenenganipun
saking Galiléa dhateng Yérusalèm.
Inggih tiyang-tiyang punika ingkang
sapunika sami dados seksinipun wonten
ing sangajengipun umat punika.
32 Déné kula sadaya sapunika sami
martosaken kabar-kabingahan dhateng
panjenengan sadaya, inggih punika,
bilih prajanjian ingkang kaparingaken
dhateng para leluhur kita punika,
33 sampun dipun tetepi déning Allah
tumrap kita, para turunipun, sarana
anggènipun mungokaken Yésus, kados
ingkang kaserat ing masmur ingkang

kaping kalih: Sira iku Putraningsun!
Ingsun wis jumeneng Ramanira ing dina
iki.
34 Allah sampun mungokaken
Panjenenganipun saking antawisipun
tiyang pejah saha mboten badhé
kapasrahaken malih dhateng karisakan.
Bab punika kapratélakaken déning
Pangéran wonten ing pangandikanipun,
makaten: Ingsun bakal netepi prajanji-
prajanji kang suci kang kena kapracaya
tumrap sira, kang wis sunparingaké
marang Daud.
35 Awit saking punika wonten ing
masmur sanèsipun pangandikanipun
makaten: Paduka mboten badhé
masrahaken Abdi Paduka ingkang suci
dhateng karisakan.
36 Awit Daud nglampahi karsaning
Allah ing jamanipun, lajeng séda
saha kasarèkaken nunggil kaliyan
para leluhuripun, punapadéné pancèn
kaulungaken dhateng karisakan.
37 Nanging Yésus ingkang
kawungokaken déning Allah, mboten
ngalami makaten.
38 Pramila ndadosna ing kauningan,
para Sadhèrèk, margi saking

Panjenenganipun punika, panjenengan
sadaya sami kawartosan bab
pangapuntening dosa. Déning angger-
anggeripun Musa, panjenengan mboten
badhé saged kaleresaken.
39 Déné wonten ing Panjenenganipun
saben tiyang ingkang pitados,
kaleresaken.
40 Pramila sami kula aturi waspada,
supados sampun ngantos kalampahan
tumrap panjenengan punapa ingkang
sampun kapangandikakaken wonten ing
kitabipun para nabi, ingkang suraosipun:
41 Padha diéling, hé wong kang padha
seneng ngina, padha érama lan sirnaa,
sabab Ingsun nindakaké pakaryan ing
jamanira, yaiku pakaryan kang sira ora
bakal ngandel, saupama dicaritakaké
marang sira."
42 Nalika Paulus lan Barnabas miyos,
wong-wong padha nyuwun supaya
sakaroné ing dina Sabat candhaké karsa
paring pangandika manèh bab mau.
43 Sarampungé nindakaké pangibadah,
wong Yahudi lan para wong kang ngenut
agama Yahudi kang padha ngabekti
marang Allah, padha ndhèrèkaké Paulus
lan Barnabas; rasul loro iku padha paring

piwulang lan pitutur marang wong-wong
mau, supaya padha lestari dumunung
ana ing sajroning sih-rahmaté Allah.
44 Ing dina Sabat candhaké, mèh
wong sakutha kabèh padha nglumpuk
ngrungokaké pangandikaning Allah.
45 Nanging bareng wong Yahudi padha
weruh wong akèh iku, banget anggoné
padha mèri lan karo misuh-misuh padha
mbantah apa kang dingandikakaké
déning Paulus.
46 Nanging Paulus lan Barnabas
kanthi kendel ngandika, "Pancèn
pangandikanipun Allah punika kedah
kawartosaken dhateng panjenengan
sadaya langkung rumiyin, nanging
panjenengan sami nampik lan nganggep
mboten pantes tampi gesang langgeng.
Pramila kula lajeng sami murugi
bangsa-bangsa sanès,
47 awit dhawuhipun Pangéran dhateng
kula kekalih, mekaten: Sira wus
suntetepaké dadi pepadhang tumrap
bangsa-bangsa liya, supaya sira dadi
marganing karahayon nganti tumeka ing
pungkasaning bumi."
48 Krungu kang mangkono iku, wong
kabèh kang saka panunggalané bangsa-

bangsa liya padha bungah sarta padha
ngluhuraké pangandikaning Pangéran,
sarta wong kabèh kang kapasthèkaké
déning Allah tampa urip langgeng, padha
dadi pracaya.
49 Pangandikané Pangéran banjur
kawartakaké ing saindenging tanah
kono.
50 Wong Yahudi padha ngojok-ojoki
wong-wong wadon kajèn kéringan kang
bekti marang Allah sarta para panggedhé
ing kutha kono. Wong-wong mau banjur
njalari anané panguya-uya marang
Paulus lan Barnabas, temahan sakaroné
padha ditundhung saka wilayah kono.
51 Nanging, Paulus lan Barnabas nuli
padha ngetabaké lebu kang ana ing
samparané, minangka pamelèh marang
wong-wong mau, banjur tindak menyang
Ikonium.
52 Déné para murid ing Antiokhia padha
kebak kabungahan lan kapenuhan Roh
Suci.

14 1 Ana ing Ikonium rasul
sakaroné iya lumebet ing
papan-pangibadahé wong Yahudi lan
memulang, satemah wong Yahudi lan

wong Yunani akèh kang padha dadi
pracaya.
[2] Nanging wong-wong Yahudi kang
nampik pawartosé, padha gawé panasing
atiné wong-wong kang dudu Yahudi,
temahan wong-wong mau padha ora
seneng marang para Sadulur kang
pracaya iku.
[3] Mulané Paulus lan Barnabas lereb
ana ing kono nganti sawatara mangsa.
Sakaroné padha memulang kanthi
kendel, déné Gusti nyantosakaké
pawartos bab sih-rahmaté iku sarana
paring pangwaos, kanggo nganakaké
pratandha-pratandha lan mukjijat-
mukjijat.
[4] Nanging golonganing wong akèh ing
kutha kono pecah dadi loro; ana kang
nganut wong Yahudi, lan ana kang
nganut rasul-rasul iku.
[5] Wong-wong Yahudi mau dalah para
pangarepé, bebarengan karo para wong
kang dudu Yahudi, banjur padha sarujuk
bakal nyiksa lan mbenturi rasul loro mau
nganggo watu.
[6] Bareng rasul-rasul mau nguningani
bab iku, banjur sumingkir menyang

kutha-kutha ing Likaonia, yaiku Listra lan
Dèrbé sarta ing wilayah sakiwa-tengené.
7 Ana ing kono padha nerusaké
martosaké Injil.
8 Ing Listra ana wong lanang kang
mung lungguh baé, jalaran sikilé pepes,
lumpuh wiwit lair mula, durung tau bisa
lumaku.
9 Nalika Paulus memulang, wong
lumpuh iku ngrungokaké. Paulus
mirsani lan nguningani, menawa wong
mau kadunungan pangandel lan kena
diwarasaké,
10 banjur ngandika kalawan sora,
"Ngadega jejeg!" Wong mau banjur
mlumpat ngadeg lan mlaku mrana-
mréné.
11 Bareng wong akèh nyumurupi apa
kang mentas ditindakaké déning Paulus,
tumuli padha nguwuh-uwuh nganggo
basa Likaonia, "Déwa-déwa wus padha
tumedhak ing tengah-tengah kita dadi
manungsa."
12 Barnabas disebut Zéus, déné Paulus
diarani Hèrmès, amarga panjenengané
kang paring pangandika.
13 Imaming déwa Zéus, kang kuilé ana
ing jaban kutha, nuli teka ing gapuraning

kutha karo nggawa sapi-sapi lanang lan
reroncèn kembang kang arep dicaosaké
minangka kurban, bebarengan karo
wong akèh.
14 Mireng kang mangkono iku Barnabas
lan Paulus banjur nyuwèk-nyuwèk
agemané lan lumajeng menyang
satengahing wong akèh iku kambi
nywanten sora,
15 "Para Sadhèrèk, kadospundi déné
panjenengan sami tumindak makaten?
Kula punika sami manungsa limrah
kadosdéné panjenengan sadaya.
Kula wonten ing ngriki punika prelu
ngabaraken Injil dhateng panjenengan,
supados panjenengan sami nilar
tumindak ingkang tanpa gina punika
saha lajeng mratobat dhateng Allah
ingkang asipat gesang, ingkang sampun
nitahaken langit kaliyan bumi saha
saganten dalah saisinipun sadaya
punika.
16 Ing jaman kapengker bangsa
sadaya anggènipun sami lumampah ing
marginipun piyambak, dipun kèndelaken
kémawon déning Allah,
17 nanging Panjenenganipun inggih
tansah ngatingalaken kamirahanipun,

inggih punika srana maringi jawah
sarta mangsa kamirahan dhateng
panjenengan sadaya saking langit, sarta
hasiling siti ing mangsanipun, dhateng
panjenengan sadaya. Panjenenganipun
paring tedha dhateng panjenengan sarta
panggalih panjenengan tinuwukan ing
kabingahan."
18 Sanadyan para rasul padha ngandika
mangkono, éwadéné mèh-mèh baé ora
bisa menggak anggoné padha arep caos
kurban marang para rasul iku.
19 Nanging banjur ana wong Yahudi
kang padha teka saka Antiokhia lan
Ikonium, kang padha ngojok-ojoki
wong akèh, wasana padha kèlu marang
wong-wong iku. Paulus banjur dibenturi
watu lan kasèrèd menyang sanjabaning
kutha, jalaran dikira wus séda.
20 Nanging bareng karubung déning
para muridé, panjenengané nuli
wungu lan banjur lumebet ing kutha.
Ésuké banjur tindak menyang Dèrbé
bebarengan karo Barnabas.
21 Ing kutha Dèrbé kono, Paulus
lan Barnabas padha ngabaraké Injil,
temahan akèh kang padha pracaya

marang Yésus. Sawusé iku, kondur
menyang Listra, Ikonium lan Antiokhia.
22 Ana ing kutha-kutha mau, rasul
sakaroné padha nyantosakaké atiné para
kang pracaya marang Yésus sarta paring
piweling, supaya padha mantep ing
pracaya, apadéné padha dingandikani,
menawa sadurungé bisa lumebu ing
Kratoning Allah iku, kita kudu nglakoni
kasangsaran.
23 Ana ing saben pasamuwan para rasul
mau padha netepaké pinituwa-pinituwa
kanggo pasamuwan iku, lan sawusé
ndedonga lan pasa, para pinituwa mau
padha disaosaké marang Gusti, kang
padha dipracaya iku.
24 Sawisé mangkono tumuli ndlajahi
saindenging Pisidia lan banjur rawuh ing
Pamfilia.
25 Ana ing kono sakaroné padha
nggelaraké pangandika ana ing Pérga,
banjur tindak menyang Atalia.
26 Saka kono padha lelayaran menyang
Antiokhia; iya ana ing kono iku anggoné
biyèn padha kasaosaké marang sih-
rahmating Allah supaya wiwit nglakoni
ayahan, kang saiki wus dirampungaké
iku.

27 Sarawuhé ing kono banjur
nglumpukaké pasamuwan, padha
dicariyosi bab samubarang kang wus
katindakaké déning Allah lumantar
sakaroné; apadéné bab anggoné Allah
wus mengani lawanging pracaya marang
bangsa-bangsa liya.
28 Sakaroné padha lereb ing kono
nganti rada suwé, nunggil karo para
murid mau.

15 1 Tumuli ana wong sawatara saka
Yudéa teka ing Antiokhia, kang
padha mulang marang para sadulur
tunggal pracaya ing kono, mangkéné,
"Manawi panjenengan sadaya mboten
sami nglampahi tetak manut adat-tata-
cara ingkang dipun warisaken déning
Musa, panjenengan mboten badhé saged
kawilujengaken."
2 Nanging Paulus lan Barnabas banget
anggoné padha nglawan lan mbantah
panemuné wong-wong mau. Wekasané
pasamuwan banjur mutus, Paulus lan
Barnabas sarta warga pasamuwan liyané
sawatara kautus menyang Yérusalèm
nemoni para rasul lan para pinituwa,
saprelu ngrembug bab mau.

3 Para utusan mau diuntapaké déning
pasamuwan nganti tekan ing jaban
kutha, banjur padha nglajengaké
tindaké ngliwati Fénisia lan Samaria,
sadalan-dalan padha nyariyosaké
pamratobaté wong-wong kang dudu
Yahudi. Iki banget ndadèkaké bungahé
para sadulur tunggal pracaya ing kono.
4 Sarawuhé ing Yérusalèm, para utusan
padha ditampa déning pasamuwan lan
para rasul sarta para pinituwa, banjur
padha nyariyosaké samubarang kabèh
kang wis katindakaké déning Allah
lumantar pandamelé.
5 Nanging nuli ana wong sawatara
kang kalebu golonganing wong Farisi,
kang wis manjing pracaya, kang padha
ngadeg lan matur, "Ingkang sanès tiyang
Yahudi kedah dipun tetaki saha dipun
wajibaken netepi angger-anggeripun
Musa."
6 Para rasul lan para pinituwa banjur
padha nganakaké parepatan, ngrembag
prakara iku mau.
7 Bareng wus sawatara suwé anggoné
padha bebantahan, Pétrus banjur
jumeneng sarta ngandika, "Para
Sadhèrèk, panjenengan sadaya sampun

sami nguningani, bilih sampun wiwit kala
rumiyin mila kula kapiji déning Allah
saking antawis kita, supados lumantar
kula bangsa-bangsa sanès sami mireng
pawartos bab Injil satemah lajeng sami
pitados.
8 Mangka Allah, ingkang nguningani
manahing manungsa, sampun paring
paseksi dhateng tiyang-tiyang wau,
sarana sami kaparingan Roh Suci
kadosdéné kita,
9 punapadéné Panjenenganipun babar
pisan mboten mbéda-mbédakaken
tiyang-tiyang wau kaliyan kita,
sasampunipun nucèkaken manahipun
sarana pitados.
10 Pramila kadospundi déné
panjenengan sadaya sami nyobi
dhateng Allah kanthi patrap ngetrapaken
momotan ing pundhakipun para murid,
ingkang leluhur kita utawi kita piyambak
mboten kiyat nyanggi?
11 Kosok-wangsulipun, kita pitados
bilih kita badhé tampi karahayon margi
saking sih-rahmatipun Gusti Yésus
Kristus kadosdéné sadhèrèk-sadhèrèk
punika."

12 Kabèh kang padha marepat
banjur padha mèndel, tumuli padha
mirengaké cariyosé Paulus lan Barnabas
bab pratandha lan kaélokan kang
katindakaké déning Allah lumantar rasul
loro iku ana ing antarané bangsa-bangsa
liya.
13 Bareng Paulus lan Barnabas wus
rampung anggoné cariyos, Yakobus
banjur ngandika, "Para Sadhèrèk, sami
kula aturi midhangetaken atur kula:
14 Sadhèrèk Simon mentas
nyariyosaken, bilih wiwit wiwitan
mila Allah sampun ngatingalaken sih-
rahmatipun, inggih punika anggènipun
milih saking antawisipun bangsa-bangsa
sanès wau, satunggaling umat kagem
asmanipun.
15 Bab punika cocog kaliyan
pangandikanipun para nabi, kados
ingkang kaserat, suraosipun:
16 Sawisé mangkono Ingsun bakal
wangsul sarta mbangun manèh
kémahé Daud kang wis runtuh, lan
reruntuhané bakal sunbangun manèh
sarta sunsantosakaké,
17 supaya wong-wong liyané kabèh
padha ngupaya marang Pangéran,

mangkono uga bangsa liya kabèh
kang tumrapé bangsa-bangsa mau
asmaningsun kasebut, mangkono
pangandikané Pangéran, kang nindakaké
iku kabèh,
18 kang wis kauningan wiwit sakawit.
19 Awit saking punika pamanggih kula,
kita sampun ngantos damel rekaosipun
para sadhèrèk saking bangsa-bangsa
sanès, ingkang sami mratobat dhateng
Allah.
20 Prayoginipun kita kintun serat
dhateng sadhèrèk-sadhèrèk punika,
supados sami nyirik tetedhan ingkang
sampun kajemberaken déning brahala,
saha nebihi lampah jina, punapadéné
nyirik dagingipun kéwan ingkang
pejahipun mboten karana kasembelèh,
tuwin rah.
21 Amargi sampun wiwit jaman rumiyin
angger-anggeripun Musa punika
kaundhangaken wonten ing saben kitha,
saha dumugi sapriki ing saben dinten
Sabat kawaos wonten ing papan-papan
pangibadah."
22 Wasana para rasul tuwin para
pinituwa sarta wong sapasamuwan
kabèh padha netepaké milih wong

sawatara saka ing antarané kang bakal
kautus menyang Antiokhia, bebarengan
karo Paulus lan Barnabas, yaiku Yudas
kang peparab Barsabas lan Silas. Iku
wong kang padha kajèn ana ing antarané
para sadulur tunggal pracaya.
23 Para utusan mau padha digawani
layang kang surasané, "Salam kula
para rasul saha para pinisepuh, sarta
para sadhèrèk panjenengan, katur para
Sadhèrèk ing Antiokhia, Siria lan Kilikia
ingkang aslinipun saking bangsa-bangsa
sanès.
24 Kula sampun sami mireng,
bilih wonten tiyang sawatawis
panunggilan kula, ingkang sami damel
gorèhing panggalih saha damel kuwur
panjenengan sarana piwulangipun,
mangka mboten sami kula weling.
25 Pramila kula sampun sami sarembag
saha mutus kèngkènan tiyang sawatawis
manggihi panjenengan sesarengan
kaliyan sadhèrèk Barnabas tuwin Paulus
ingkang kula tresnani,
26 inggih punika sadhèrèk kalih ingkang
sampun ngetohaken nyawanipun margi
saking asmanipun Gusti kita Yésus
Kristus.

27 Wondéné ingkang kula kèngkèn
sadhèrèk Yudas saha Silas, ingkang
badhé ngaturaken kalayan lésan
piweling ingkang kaserat punika dhateng
panjenengan.
28 Amargi Roh Suci lan kula sampun
damel putusan, supados panjenengan
sampun ngantos kabebahan nglangkungi
ing samesthinipun:
29 Sami nyirika sesajèning brahala, rah
saha daging kéwan ingkang pejahipun
mboten karana kasembelèh, punapadéné
lampah jina. Punika sadaya manawi
sami panjenengan singkiri, panjenengan
sampun tumindak saé. Cekap samanten
atur kula, mugi sami ginanjar wilujeng."
30 Bareng wus padha pamitan, Yudas lan
Silas padha bidhal menyang Antiokhia.
Ana ing kono wong sapasamuwan banjur
padha ditimbali marepat, layangé nuli
diparingaké.
31 Bareng wus diwaca, padha bungah
awit layang mau isi panglipur.
32 Anadéné Yudas lan Silas, sarèhné
iya nabi, mulané nganti sawatara suwé
anggoné mituturi para sadulur tunggal
pracaya lan nyantosakaké atiné.

33 Lan sawusé ana ing kono sawatara
mangsa, banjur padha diaturi déning
para sadulur kondur kanthi tentrem
menyang ngarsané kang ngutus.
34 [Nanging Silas ngarsakaké isih
kantun ana ing kono.]
35 Paulus lan Barnabas anggoné ana
ing Antiokhia nganti sawatara suwéné,
padha bebarengan karo wong akèh
liyané memulang sarta nggelaraké
pangandikané Gusti.
36 Nanging bareng wus sawatara
lawasé Paulus banjur ngandika marang
Barnabas, "Prayogané saiki kita padha
bali niliki para Sadulur ing saben kutha,
kang wis padha kita sebari pangandikané
Gusti, kepriyé kaanané."
37 Barnabas kepéngin uga ngajak
Yohanes kang apeparab Markus;
38 nanging Paulus ngandika kanthi
keras, ora prayoga yèn ta ngajak wong
kang wus ninggal lunga ana ing Pamfilia
lan ora gelem diajak nyambut-gawé
bebarengan.
39 Bab iki ndadèkaké pasulayaning
sakaroné, temahan padha pepisahan.
Barnabas ngajak Markus lan banjur
lelayaran menyang Siprus.

40 Déné Paulus milih Silas, lan sawusé
kacaosaké déning para sadulur tunggal
pracaya marang sih-rahmaté Gusti,
41 banjur mangkat ndlajahi Siria lan
Kilikia, sarta nyantosakaké pasamuwan-
pasamuwan ing kono.

16 1 Paulus uga rawuh ing Dèrbé
lan Listra. Ing kono ana murid
jenengé Timotius, ibuné wong Yahudi
kang wus dadi pracaya, déné bapakné
wong Yunani.
2 Timotius iku wis kaseksènan beciké
déning para sadulur tunggal pracaya ing
Listra lan ing Ikonium.
3 Karsané Paulus, iku dadia kanthiné ing
lampah. Paulus banjur dhawuh supaya
Timotius ditetaki marga saka anané
wong Yahudi kang padha ana ing wilayah
kono, awit wong kabèh padha sumurup,
yèn bapakné iku wong Yunani.
4 Sajroné ndlajahi kutha-kutha iku,
Paulus lan Silas padha masrahaké
putusané para rasul lan para pinituwa
ing Yérusalèm kalawan piweling supaya
dièstokaké.
5 Marga saka mangkono pasamuwan-
pasamuwan padha kasantosakaké

pracayané lan saya suwé saya wuwuh
cacahé.
6 Tindaké nglangkungi tanah Frigia
lan tanah Galatia, amarga dipambengi
déning Roh Suci nggelaraké Injil ana ing
propinsi Asia.
7 Sarawuhé ing Misia, banjur padha
ngangkah lumebet ing Bitinia, nanging
Rohé Yésus ora marengaké.
8 Bareng wus nglangkungi Misia, banjur
tekan Troas.
9 Benginé Paulus mirsa tetingalan:
ana wong Makédonia ngadeg lan matur
marang panjenengané, "Panjenengan
kula aturi nyabrang mriki saha mitulungi
kula sadaya!"
10 Bareng Paulus wis mirsa tetingalan
mau, aku kabèh banjur padha ngarah
mangkat menyang Makédonia, awit
marga saka anané tetingalan mau,
aku padha namtokaké, yèn Allah wus
nimbali kita kakarsakaké nggelaraké Injil
marang wong-wong ing kono.
11 Aku banjur padha mangkat
nunggang prau saka Troas, terus ngener
Samotraké, lan ésuké nuli menyang
Néapolis.

12 Saka ing kono banjur padha menyang
Filipi, kutha kawitan ing wilayah
Makédonia, kalebu kutha-koloni Roma.
Aku padha nginep ana ing kutha kono
sawatara dina.
13 Nalika dina Sabat aku padha
menyang sanjabaning gapurané kutha,
lumaku urut pinggir kali, banjur
mrangguli papan pangibadahé wong
Yahudi, kang manut pangiraku ana ing
kono. Sawisé linggih, aku nuli padha
rembugan karo wong-wong wadon kang
padha ngumpul ana ing kono.
14 Ing antarané wong wadon
panunggalané, jenengé Lidia, mèlu
ngrungokaké. Wong mau dadi bakul
kain wungu, pinangkané saka Tiatira,
wong kang bekti ing Allah. Atiné wus
binuka déning Gusti, mulané nggatèkaké
marang apa kang kapangandikakaké
déning Paulus.
15 Sawisé kabaptis sabrayaté kabèh,
banjur matur mangkéné, "Manawi
panjenengan sampun sami manggalih,
bilih kula saèstu pitados dhateng Gusti,
sumangga sami kula aturi rawuh saha
nyaré ing griya kula." Mangka banget

panyuwuné, nganti aku kabèh padha
nuruti.
16 Ing sawijining dina nalika aku padha
menyang papan pangibadahé iku, aku
padha mrangguli batur wadon kang dadi
juru-tenung kang njalari para bendarané
olèh kauntungan akèh.
17 Iku ngetutaké Paulus lan aku kabèh
kalawan alok-alok, ujaré, "Wong-wong
iku abdiné Allah kang Mahaluhur, kang
martakaké dalaning karahayon marang
kowé kabèh."
18 Kang mangkono iku ditindakaké
nganti pirang-pirang dina. Ananging
bareng Paulus wis ora tahan manèh
marang anané gangguan mau, nuli
minger sarta dhawuh marang roh iku,
"Atas asmané Yésus Kristus, dhawuhku
marang kowé: Metua saka wong wadon
iki." Sanalika iku uga roh mau iya banjur
metu.
19 Bareng para bendarané wong wadon
mau weruh, yèn pangarep-arepé
olèh kauntungan wis ilang, banjur
padha nangkep Paulus lan Silas, padha
diglandhang menyang pasar kaaturaké
marang pamaréntah.

20 Sawisé padha diajokaké ing ngarsané
para panggedhéné kutha kono, nuli
padha matur, "Tiyang punika sami damel
ributing nagari kita ngriki, amargi sami
tiyang Yahudi
21 sarta sami mulangaken adat-tata-
cara ingkang mboten kénging kita tampi
utawi kita lampahi, awit kita punika
tiyang Roma."
22 Anadéné wong akèh iya padha
mèlu nglawan marang Paulus lan Silas.
Para panggedhéning kutha mau banjur
dhawuh mblèjèdi pangagemané sarta
nggebugi.
23 Sawusé digebagi bola-bali banjur
padha dijeblosaké ing pakunjaran.
Panggedhéné pakunjaran didhawuhi
njaga kanthi ketat.
24 Sarèhné mangkono préntahé, mulané
sakaroné nuli dilebokaké ing kamar
pakunjaran kang ana ing tengah dhéwé,
sarta padha kabelok sikilé.
25 Watara wayah tengah wengi Paulus
lan Silas padha ndedonga kalawan
ngidungaké pamuji marang Allah,
déné wong ukuman liyané padha
ngrungokaké.

26 Dumadakan banjur ana lindhu gedhé,
pondhasiné pakunjaran nganti horeg;
lan sanalika iku uga lawang-lawangé
padha menga, lan ranténé wong kabèh
padha ucul.
27 Panggedhéné pakunjaran gragapan
tangi lan bareng weruh lawangé
pakunjaran padha menga, banjur
ngunus pedhang arep nglalu, awit ngira
yèn wong-wong ukuman wus padha
mlayu.
28 Nanging Paulus tumuli nywanten
sora, pangandikané, "Sampun nyilakani
badan piyambak, awit kula sadaya taksih
wonten ing ngriki!"
29 Panggedhéné pakunjaran dhawuh
nggawa obor lan lumayu mlebu, apadéné
nuli sumungkem ana ing ngarsané
Paulus lan Silas kalawan gumeter.
30 Tumuli padha diirid metu, karo matur,
"Dhuh, para Sadhérék ingkang kula
urmati, punapa ingkang kedah kula
lampahi, supados wilujeng?"
31 Banjur dingandikani, "Kula aturi
pitados dhateng Gusti Yésus Kristus,
temah panjenengan badhé wilujeng,
panjenengan dalah brayat panjenengan."

32 Banjur diwartani pangandikané
Pangéran, samono uga wong saisiné
omahé kabèh.
33 Ing waktu iku uga sakaroné padha
diresiki tatuné, sarta ing bengi iku uga
panggedhéné pakunjaran mau dalah
kulawargané padha kabaptis.
34 Sakaroné banjur didhèrèkaké
menyang omahé lan padha disegah.
Panggedhéné pakunjaran mau banget
bungahé, déné awaké dhéwé lan brayaté
wus padha dadi pracaya marang Allah.
35 Ésuké, para panggedhéning kutha
banjur utusan para bawahané
nglantaraké dhawuh marang
panggedhéné pakunjaran mangkéné,
"Wong loro iku padha luwarana!"
36 Panggedhéné pakunjaran banjur
nerusaké dhawuh mau marang Paulus,
aturé, "Para pangagenging kitha sampun
paring dhawuh, supados panjenengan
sami kaluwaran. Awit saking punika
panjenengan sami kula aturi medal lan
tindak kanthi wilujeng!"
37 Nanging Paulus banjur paring
pangandika marang wong-wong mau,
"Kula sami tiyang Roma dipun gebagi
wonten ing sangajengipun tiyang kathah

tanpa dipun adili, lajeng kalebetaken ing
pakunjaran. Sapunika kula sami badhé
kaluwaran sidheman? Mboten kénging
makaten punika. Para pangageng punika
supados rawuh piyambak ngirid kula
medal."
38 Para bawahan mau banjur ngaturaké
bab iku marang para panggedhéning
kutha. Bareng padha mireng, yèn Paulus
lan Silas iku wong Roma, temahan padha
ajrih.
39 Banjur padha rawuh nyuwun
pangapura, sakaroné tumuli kairid medal
sarta diaturi nilar kutha kono.
40 Lan banjur padha nilar pakunjaran lan
tindak menyang omahé Lidia, manggihi
para sadulur tunggal pracaya ing kono,
sarta sawisé paring panglipur sakaroné
banjur padha tindak.
17 1 Paulus lan Silas tumuli padha
tindak langkung Amfipolis lan
Apolonia, banjur tekan Tésalonika. Ing
kono ana papan pangibadahé wong
Yahudi.
2 Kaya adaté, Paulus nuli lumebet
mrono, sarta nganti telung dina Sabat
terus-terusan anggoné rerembagan karo

wong Yahudi bab pérang-péranganing
Kitab Suci.
3 Panjenengané nerangaké lan
nedahaké, yèn Mésias iku kudu
nandhang sangsara lan wungu manèh
saka ing antarané wong mati, banjur
ngandika, "Menggah Mésias punika
inggih punika Yésus, ingkang kula
wartosaken dhateng panjenengan."
4 Ana sawatara panunggalané wong-
wong mau kang padha yakin lan banjur
manunggal karo Paulus lan Silas lan uga
ana wong Yunani sawatara akèh kang
padha bekti ing Allah, samono uga para
wanita kang kajèn ora sathithik cacahé.
5 Nanging wong-wong Yahudi iku padha
mèri lan dibantu déning wong ala
sawatara kang kluyuran ing pasar, padha
gawé ribut sarta ngisruhaké kutha kono.
Wong-wong iku padha nyerang omahé
Yason, sedyané arep ngladèkaké Rasul
Paulus lan Silas marang parepataning
rakyat.
6 Nanging bareng padha ora ketemu,
Yason lan sadulur sawatara padha
diglandhang menyang ngarsané para
panggedhéning kutha, kalawan nywara
sora, "Tiyang-tiyang ingkang sampun

sami damel ributing jagat sadaya punika
ugi sampun sami dumugi ing ngriki,
7 tuwin Yason punika nampèni tiyang-
tiyang wau wonten ing griyanipun.
Tiyang punika sami nglawan dhateng
pranatan-pranatanipun Kaisar, sami
mratélakaken, bilih wonten raja sanès,
inggih punika Yésus."
8 Nalika wong akèh lan para
panggedhéning kutha padha mireng,
banjur padha ribut.
9 Nanging bareng Yason lan sadulur-
sadulur tunggal pracaya liyané padha
masrahaké dhuwit tanggungan, banjur
padha dililani mundur.
10 Nanging ing bengi iku uga Paulus lan
Silas diaturi déning para sadulur tunggal
pracaya ing kono supaya énggal tindak
menyang Béréa. Sarawuhé ing kono
banjur padha tindak menyang papan
pangibadahé wong Yahudi.
11 Wong-wong Yahudi ing kutha kono
atiné padha luwih longgar tinimbang
para wong Yahudi ing Tésalonika, sabab
padha nampani pangandika kalawan
legawa sarta saben dina padha niti-
priksa Kitab Suci supaya bisa sumurup,
apa iku kabèh wis bener mangkono.

12 Akèh panunggalané kang dadi
pracaya; uga ora sathithik panunggalané
bangsa Yunani, lanang lan wadon kang
kajèn.
13 Nanging bareng wong-wong Yahudi
ing Tésalonika padha ngerti, yèn
Paulus ana ing Béréa uga martakaké
pangandikaning Allah, banjur padha
teka mrono ngojok-ojoki lan nggorèhaké
atiné wong akèh.
14 Nanging para sadulur tunggal pracaya
banjur padha ngaturi Paulus supaya
énggal tindak menyang pasisir, déné
Silas lan Timotius isih padha kantun ana
ing Béréa.
15 Wong-wong kang nguntapaké Paulus
padha ndhèrèk tekan Aténa, banjur
padha bali kalawan diwéling supaya Silas
lan Timotius énggal padha nusul.
16 Paulus sajroné ngentosi ana ing
Aténa iku, banget sungkawa ing galih,
amarga nguningani kutha kono kebak
reca-reca brahala.
17 Awit saka iku, ana ing papan
pangibadah banjur wawan pangandika
karo wong-wong Yahudi lan wong-wong
kang padha bekti marang Allah,

apadéné saben dina ana ing pasar karo
wong-wong kang ketemu ana ing kono.
18 Uga ana ahli pikir sawatara saka
golongan Épikuros lan Stoa kang padha
saraséhan karo panjenengané. Ana kang
ngucap, "Apa ta kang arep dikandhakaké
tukang ngocèh iku?" Nanging liyané
kandha, "Sajaké wong iku nggiyaraké
piwulangé déwa-déwa manca." Sabab
kang diwartakaké iku Injil bab Yésus lan
patangèn.
19 Wong-wong mau banjur padha
ngaturi Paulus rawuh ing Aréopagus
lan matur, "Punapa kula sami kepareng
mirengaken piwulang énggal ingkang
panjenengan wulangaken punika?
20 Amargi kula sami panjenengan
wartosi prakawis-prakawis ingkang
anèh. Pramila kula sami kepéngin
mangertos, punapa tegesipun punika
sadaya."
21 Wong-wong Aténa lan wong-wong
manca kang padha manggon ing
kono iku ora kober nindakaké bab
liyané kajaba mung ngandhakaké lan
ngrungokaké samubarang kang anyar.
22 Paulus banjur jumeneng ana
ing Aréopagus lan ngandika, "Para

Sadhèrèk ing Aténa, kula sumerep, bilih
panjenengan sadaya punika tumrap
punapa kémawon sakalangkung bekti
dhateng para déwa.
23 Amargi nalika kula mider-mider
wonten ing kitha panjenengan
saha ningali barang-barang ingkang
panjenengan pundhi-pundhi, kula inggih
mrangguli misbyah ingkang kaseratan
makaten: Konjuk ing Allah ingkang
mboten kasumerepan. Wondéné ingkang
sami panjenengan sembah-sembah,
sanadyan panjenengan mboten tepang
punika, inggih punika ingkang badhé
kula wartosaken.
24 Allah ingkang nitahaken jagat
saisinipun sadaya punika, sarèhning
jumeneng Pangéraning langit lan bumi,
pramila mboten dumunung wonten ing
kuil-kuil damelanipun manungsa,
25 sarta ugi mboten dipun ladosi
tanganing manungsa, kados-kados
Panjenenganipun kakirangan punapa-
punapa; amargi inggih Panjenenganipun
punika ingkang paring gesang sarta
napas saha samukawis ingkang dados
kabetahanipun manungsa sadaya.

26 Bangsa lan umat sadaya punika
kadadosaken déning Panjenenganipun
saking tiyang satunggal, supados
sami ngenggèni jagat punika sadaya,
punapadéné Panjenenganipun sampun
namtokaken mangsa-mangsa tuwin
wates-watesing pamanggènipun.
27 Punika supados tiyang sami
madosi Panjenenganipun saha kanthi
gagap-gagap sageda pinanggih
kaliyan Panjenenganipun, sanadyan
Panjenenganipun punika mboten tebih
kaliyan kita piyambak-piyambak.
28 Jalaran wonten ing Panjenenganipun,
kita punika gesang, ébah, lan wonten,
kadosdéné ingkang ugi sampun
kapratélakaken déning para pujangga
panjenengan: Sabab kita punika ugi
sami dados tedhak-turunipun Allah.
29 Sarèhning kita punika tedhak-
turunipun Allah, mila kita mboten
kénging gadhah pamanggih, bilih
kawontenanipun Allah punika kadosdéné
pepethan emas, pérak utawi séla,
ingkang kadamel srana kagunan saha
kawasisanipun manungsa.
30 Tanpa ngèngeti malih dhateng
jamanipun manungsa kirang

pangretosan, Allah sapunika martosaken
dhateng manungsa, bilih wontena ing
pundi-pundia kémawon, tiyang sadaya
kedah mratobat.
31 Amargi Panjenenganipun sampun
namtokaken dinten anggènipun
badhé ngakimi jagat kanthi adil,
lumantar Tiyang ingkang sampun
kapiji; mawi dipun buktèkaken dhateng
tiyang sadaya, srana anggènipun
kawungokaken saking antawisipun
tiyang pejah."
32 Wong-wong mau bareng krungu bab
tanginé wong mati, banjur ana kang
padha moyoki, lan ana liyané kang
padha ngucap, "Sanès wekdal kémawon
kula sami badhé mirengaken sesorah
panjenengan bab punika malih."
33 Paulus banjur tindak saka ing
satengahé wong-wong mau.
34 Éwasamono iya ana wong sawatara
kang nunggal karo Paulus lan padha
dadi pracaya, kayata Dionisius,
warganing pradata Aréopagus, lan wong
wadon kang aran Damaris, sarta uga
wong-wong liyané bebarengan karo
wong-wong mau.

18 [1] Sawisé mangkono Paulus banjur
nilar Aténa, tindak menyang
Korintus.
[2] Ana ing Korintus kepanggih karo
wong Yahudi jenengé Akwila, asalé saka
Pontus, kang lagi baé teka saka Italia
karo Priskila, somahé, sabab Kaisar
Klaudius dhawuh, supaya wong Yahudi
kabèh padha ninggal Roma. Paulus
banjur pinarak ing omahé.
[3] Sarèhné pagawéané padha, Paulus
banjur manggèn ing kono. Sakaroné
nyambutgawé bebarengan, amarga
padha-padha tukang gawé kémah.
[4] Saben dina Sabat, Paulus memulang
ana ing papan pangibadah lan ngudi
ngyakinaké wong-wong Yahudi lan
wong-wong Yunani.
[5] Bareng Silas lan Timotius rawuh saka
Makédonia, Paulus bisa mligi nyebar
pangandika sarta paring paseksi marang
para wong Yahudi, yèn Yésus iku Mésias.
[6] Nanging bareng wong-wong iku padha
madoni lan nyenyamah, panjenengané
nuli ngetabaké lebu kang ana ing
pangagemané tuwin ngandika, "Getihmu
nempuha marang awakmu dhéwé; aku

resik, ora luput. Wiwit saiki aku bakal
marani bangsa-bangsa liya."
7 Sawisé mangkono banjur miyos saka
kono, lan banjur tindak menyang omahé
wong kang aran Titius Yustus, kang
ngabekti marang Allah lan kang omahé
sandhing papan pangibadah.
8 Nanging Krispus, panggedhéné papan
pangibadah, dadi pracaya marang
Gusti dalah sabrayaté sarta wong
Korintus akèh, kang padha ngrungokaké
pangandikané Paulus, banju r dadi
pracaya, nuli padha kabaptis.
9 Ing sawijining bengi, Gusti ngandika
marang Paulus sarana tetingalan, "Aja
wedi! Terusna anggonmu martakaké
pangandika lan aja lèrèn!
10 Amarga Ingsun nunggal karo kowé
lan ora ana wong kang bakal nyekel lan
nganiaya marang kowé, awit umatingsun
akèh ana ing kutha kéné."
11 Mulané Paulus nganti sataun nem
sasi anggoné manggèn ana ing kono
sarta mulangaké pangandikané Allah
ana ing satengahé wong-wong iku.
12 Ananging bareng Galio jumeneng
gubernur ana ing Akhaya, wong-wong
Yahudi banjur bebarengan nglawan

Paulus, lan ngadhepaké panjenengané
ing pangadilan,
13 aturé, "Tiyang punika mbudidaya
ngyakinaken tiyang-tiyang supados
ngabekti dhateng Allah kanthi patrap
ingkang cengkah kaliyan angger-
anggering Torèt."
14 Bareng Paulus arep ngaturaké
panjawab, Galio ngandika marang
wong-wong Yahudi mau, "Hé, wong-
wong Yahudi, saupama pandakwamu
iku bab pelanggaran utawa kadursilan,
wus samesthiné menawa aku nampani
prakaramu,
15 nanging menawa ana padudon
bab tembung utawa jeneng, utawa
angger-angger tumrap kowé kabèh,
iku urusen dhéwé; aku emoh ngakimi
prakara kang mangkono iku."
16 Banjur padha ditundhung saka
pangadilan.
17 Wong iku kabèh banjur nyekel
Sostenès, panggedhéné papan
pangibadah, lan digebugi ana ing
pangadilan, nanging Galio babar pisan
ora mreduli bab iku.
18 Paulus isih lereb sawatara dina
manèh ana ing Korintus, banjur pamitan

marang para sadulur tunggal pracaya ing
kono lan sawisé paras ana ing Kèngkréa,
jalaran kagungan nadar, tumuli bidhal
lelayaran menyang Siria. Priskila lan
Akwila padha ndhèrèk.
19 Bareng wus rawuh ing Éfesus, Priskila
lan Akwila ditilar déning Paulus ana ing
kono. Panjenengané piyambak lumebet
ing papan pangibadah lan rerembagan
karo wong-wong Yahudi.
20 Wong-wong mau padha nyuwun
marang panjenengané, supaya karsa
lereb sawatara suwé ana ing kono,
nanging ora karsa.
21 Panjenengané pamitan kalawan
ngandika, "Kula badhé mriki malih,
manawi Allah ngarsakaken." Banjur
bidhal saka Éfesus.
22 Bareng wus rawuh ing Kaisaréa
sawusé munggah ing dharatan lan
paring salam marang pasamuwan, nuli
tindak menyang Antiokhia.
23 Sawusé lereb sawatara dina ana
ing kono, panjenengané banjur tindak
manèh ndlajahi satanah Galatia lan
Frigia kabèh, nyantosakaké atiné para
murid.

24 Nalika samana ana wong Yahudi
jenengé Apolos, asalé saka Alèksandria,
teka ing Éfesus. Iku wong kang micara
lan kawruhé bab isining Kitab Suci
mumpuni banget.
25 Wong iku wus tampa piwulang
bab Margining Pangéran. Kalawan
semangat sarta patitis anggoné
nglairaké piwulangé bab Yésus, nanging
kang disumurupi mung bab baptis manut
piwulangé Yohanes.
26 Anggoné wiwit memulang kalawan
kendel ana ing papan pangibadah.
Nanging bareng Priskila lan Akwila
krungu, Apolos banjur diajak menyang
omahé sarta diwènèhi katrangan kanthi
cetha lan tliti bab Margining Allah.
27 Sarèhné Apolos kepéngin nyabrang
menyang Akhaya, sadulur-sadulur
tunggal pracaya ing Éfesus nuli nggawani
layang kanggo para murid ing kono,
supaya ditampa. Satekané ing Akhaya,
marga saka sih-rahmaté Allah banjur
dadi wong kang migunani banget tumrap
para wong kang padha pracaya.
28 Awitdéné kanthi semangat anggoné
mbantah wong-wong Yahudi ana ing
ngarepé wong akèh sarta mbuktèkaké

adhedhasar Kitab Suci, menawa Yésus
iku Mésias.

19 [1] Nalika Apolos isih ana ing
Korintus, Paulus wus ndlajahi
tanah-tanah pagunungan lan rawuh ing
Éfesus. Ana ing kono panjenengané
kepanggih karo murid sawatara.
[2] Iku padha didangu mangkéné,
"Punapa panjenengan sampun sami
nampèni Roh Suci, nalika sami pitados?"
Nanging banjur padha matur, "Dèrèng,
malah kula dèrèng naté sami mireng,
bilih Roh Suci punika wonten."
[3] Paulus nuli ndangu, "Manawi makaten,
panjenengan sami kabaptis nganggé
baptisan punapa?" Atur wangsulané,
"Nganggé baptisanipun Yohanes."
[4] Pangandikané Paulus, "Baptisanipun
Yohanes punika baptisan pamratobat,
sarta panjenenganipun lajeng ngandika
dhateng tiyang kathah, bilih kedah
pitados dhateng ingkang rawuhipun
kantun, inggih punika Yésus."
[5] Nalika padha krungu bab iku, banjur
padha kabaptis ing asmané Yésus.
[6] Lan nalika Paulus numpangi asta
wong-wong mau, banjur padha
katedhakan Roh Suci sarta padha wiwit

guneman nganggo basa warna-warna
tuwin padha medhar wangsit.
7 Wong-wong mau gunggungé kira-kira
ana rolas.
8 Sajroning telung sasi, Paulus rawuh
ing papan pangibadah lan memulang
kanthi tatag; sarana dhébatan mbudi-
daya supaya padha kadunungan
kayakinan bab Kratoning Allah.
9 Ananging bareng ana sawatara kang
wangkot lan tetep ora gelem diyakinaké,
malah ngala-ala Margining Pangéran ana
ing ngarepé wong akèh, Paulus banjur
nilar wong-wong mau, para muridé
dipisah saka wong-wong kang wangkot
iku, sarta ing saben dinané memulang
ana ing papan pamulangané Tiranus.
10 Bab iki ditindakaké rong taun lawasé,
satemah wong saisining propinsi Asia
kabèh, wong Yahudi lan wong Yunani
padha ngrungokaké pangandikané Gusti.
11 Lumantar Paulus, Allah
ngawontenaké mukjijat-mukjijat
kang ngédab-édabi,
12 malah nganti kacu utawa lawon kang
tau diagem déning Paulus ditumpangaké
ing wong lara, temahan dadi lan warasé
sarta roh-roh jahat padha metu.

13 Ana dhukun Yahudi sawatara kang
mider-mider ing tanah kono, kang
padha nyoba nyebut asmané Gusti
Yésus tumrap wong kang kasurupan
roh-roh jahat, kalawan ngucap, "Kowé
daksupatani atas asmané Yésus, kang
diwartakaké déning Paulus."
14 Wong-wong kang nindakaké
mangkono iku cacahé pitu, yaiku putrané
pangareping imam Yahudi, kang asma
Skéwa.
15 Nanging roh jahat iku mangsuli,
"Kang asma Yésus iku aku wis wanuh,
lan Paulus aku wis weruh, nanging kowé,
sapa kowé iku?"
16 Wong kang kasurupan roh jahat
iku banjur nubruk marang wong-wong
mau, padha kalah rosa, mulané kalah,
temahan kalawan kawudan lan ketaton
padha lumayu saka omahé wong iku.
17 Bab iku kasumurupan déning
sakèhing wong ing Éfesus, wong Yahudi
lan wong Yunani, temah kabèh padha
wedi, sarta asmané Gusti Yésus dadi
saya kondhang.
18 Akèh wong panunggalané kang
wus padha pracaya, padha teka ana

ing ngarepé wong akèh lan ngakoni
panggawéné.
19 Uga akèh wong panunggalané kang
wus tau nindakaké sihir, kang banjur
nglumpukaké buku-bukuné lan diobong
ana ing ngarepé wong akèh. Ajiné
buku-buku iku ditaksir ana sèket èwu
dhuwit pérak.
20 Marga saka mangkono iku,
pangandikané Gusti saya sumebar lan
saya gedhé wibawané.
21 Sawusé kelakon iku mau kabèh,
déning panuntuné Roh, Paulus kagungan
karsa arep tindak menyang Yérusalèm
nglangkungi Makédonia lan Akhaya.
Pangandikané, "Sawisé mrono aku iya
kudu weruh Roma."
22 Banjur utusan pembantuné loro,
yaiku Timotius lan Érastus, kadhawuhan
ndhisiki menyang Makédonia, déné
panjenengané piyambak kantun ana ing
Asia sawatara mangsa.
23 Nalika samana tuwuh kaributan
gedhé marga saka Margining Pangéran.
24 Déné jalarané ana wong lanang
tukang pérak jenengé Démétrius, kang
panguripané gawé pepethan pérak
tetironing kuilé Dèwi Artémis. Iku

ngolèhaké kauntungan ora sathithik
marang wong kang padha nunggal
sapagawéan.
25 Wong-wong iku padha diklumpukaké
dalah para tukang-tukangé kang tunggal
sapagawéan sarta padha dituturi
mangkéné, "Hé, para Sadulur, kowé
kabèh padha sumurup, yèn kecukupan
kita iku marga saka pagawéan iki!
26 Mangka saiki kowé padha sumurup
lan krungu, yèn Paulus iki ora mung ana
ing Éfesus baé, nanging uga mèh ana
ing saindenging Asia, wus mbebujuk lan
nasaraké wong pirang-pirang kalawan
mratélakaké, yèn apa kang digarap
déning tanganing manungsa iku dudu
déwa.
27 Marga saka iku, ora mung pagawéan
kita baé kang bakal ana sajroning bebaya
dirèmèhaké déning wong, nanging uga
kuilé Artémis, dèwi agung iku, bakal
tanpa teges. Lan Artémis piyambak,
Artémis kang disembah-sembah déning
wong-wong sa-Asia kabèh lan wong
sajagat kang wus maju, bakal sirna
kaluhurané."
28 Wong-wong mau bareng krungu kang
mangkono iku banjur padha banget

nepsuné, sarta padha nywara sora,
"Kaluhurna Dèwi Artémis, sesembahané
wong Éfesus!"
29 Kaanan ing sakutha kabèh banjur
dadi kisruh, wong-wong kabèh padha
gumrudug menyang papan pagelaran-
tontonan lan ngglandhang Gayus sarta
Aristarkhus, sakaroné padha wong
Makédonia, kang padha dadi kanca
tindaké Paulus.
30 Bareng Paulus arep tindak menyang
satengah-tengahing wong akèh iku,
dipenggak déning para muridé.
31 Malah ana panggedhé sawatara kang
asalé saka Asia, kang wis dadi mitrané
Paulus, iku padha utusan ngèngetaké
marang panjenengané, supaya aja tindak
menyang papan pagelaran-tontonan.
32 Wong-wong kang padha nglumpuk
ana ing papan iku padha bengok-bengok,
ana kang nywara sora mangkéné, ana
kang mangkono, sabab kaanané
kumpulan iku kisruh ora karuwan, kang
akèh malah padha ora sumurup apa
preluné nglumpuk iku.
33 Banjur ana wong kang jenengé
Alèksander kang dipurih maju déning
wong-wong Yahudi. Wong iku tampa

katrangan saka wong akèh bab apa kang
kelakon, banjur kumlawé tangané, arep
awèh katrangan minangka panjawab
marang wong akèh.
34 Nanging bareng wong-wong padha
ngerti, yèn iku wong Yahudi, banjur
padha nywara sora bebarengan nganti
suwéné kira-kira rong jam, "Kaluhurna
Artémis, sesembahané wong Éfesus!"
35 Nanging tumuli disirep déning
panitraning kutha, pangucapé, "Hé,
wong-wong Éfesus! Sapa ta kang ora
ngerti, yèn kutha Éfesus iku kang
rumeksa marang kuilé Dèwi Artémis,
kang mahaagung, sarta recané kang
tumurun saka langit?
36 Bab iku ora kena dibantah, mulané
Sadulur kabèh, padha tenanga lan aja
kesusu tumandang.
37 Déné mungguh wong-wong kang
padha kokgawa mréné, iku ora
ngrampog kuilé sesembahan kita sarta
ora nyenyamah asmané.
38 Dadi menawa Démétrius lan tukang-
tukangé duwé prakara karo sawenèhing
wong, rak wus ana pangadilan lan
ana gubernur, dadi karebèn padha
gugat-gugatan ana ing kono.

39 Déné yèn ana bab liyané
kang kokkarepaké, iku prayogané
dirampungaké ana ing parepataning
rakyat kang absah.
40 Amarga kita bakal padha nemu
bebaya, yèn nganti ana pandakwa,
menawa anggon kita ing dina iki padha
gawé kaributan iki; awit ora ana dhasaré
kang kena kanggo mbeneraké anané
kumpulan kang kisruh ora karu-karuwan
iki."
41 Kalawan pitutur mangkono iku
anggoné mbubaraké kumpulaning rakyat
mau.

20 1 Bareng kaributan wis sirep,
Paulus tumuli nimbali para
murid padha disantosakaké atiné lan
sawisé pamitan banjur bidhal menyang
Makédonia;
2 ndlajahi wilayah kono sarta
nyantosakaké atiné para sadulur tunggal
pracaya ing kono kalawan pitutur
akèh-akèh. Banjur rawuh ing tanah
Yunani.
3 Sawusé telung sasi ana ing kono,
panjenengané arep lelayaran menyang
Siria. Nanging ing nalika iku, wong-
wong Yahudi padha ngrancang arep

nyédani panjenengané. Mulané banjur
ngarsakaké kondur miyos Makédonia.
4 Tindaké didhèrèkaké déning Sopater
anaké Pirus, wong ing Béréa, Aristarkhus
lan Sekundus, sakaroné wong ing
Tésalonika, Gayus saka Dèrbé, Timotius,
lan wong loro saka Asia, yaiku Tikhikus
lan Trofimus.
5 Nanging wong-wong iku padha
mangkat dhisik lan ngentèni aku kabèh
ana ing Troas.
6 Nanging sawusé riyaya Roti Tanpa
Ragi, aku kabèh padha budhal lelayaran
saka Filipi lan sajroné limang dina tekan
Troas sarta ketemu karo sadulur-sadulur
mau kabèh. Ana ing kono aku padha
nginep pitung dina.
7 Nalika ing dina kapisan ing minggu
iku, aku padha nglumpuk nyuwil-nyuwil
roti. Paulus reraosan karo para sadulur
tunggal pracaya ing kono, jalaran
karsané arep bidhal ésuké. Anggoné
ngandikan iku nganti tengah wengi.
8 Ing kamar ndhuwur kang padha
dakanggo kumpulan iku, akèh lampuné.
9 Ing kono ana wong nom-noman
jenengé Éutikhus, linggih ing cendhéla.
Sarèhné Paulus suwé banget anggoné

ngandikan, wong anom mau ora bisa
nahan ngantuké, wasana kebacut turu,
temahan tiba saka tingkat telu. Bareng
digotong, wong mau wus mati.
10 Nanging Paulus banjur mandhap,
ngrungkebi wong anom iku, dirangkul
kalawan ngandika, "Aja padha kuwatir,
wong iki isih urip."
11 Bareng wangsul minggah, Paulus
banjur nyuwil-nyuwil roti lan dhahar, isih
ngandikan manèh nganti suwé, nganti
mèh ésuk, banjur bidhal.
12 Déné wong-wong padha ngeteraké
wong nom-noman kang wus urip mau
mulih, temahan kabèh padha banget
anggoné kalipur.
13 Aku padha ndhisiki nunggang kapal
lan lelayaran menyang Asos. Ana ing
kono anggonku bakal padha methuk
Paulus, awit piwelingé mangkono, déné
panjenengané piyambak ngarsakaké
tindak miyos ing dharatan.
14 Bareng wis kepanggih karo aku
kabèh ana ing Asos, banjur kadhèrèkaké
menyang kapal, tumuli mbacutaké
lelayaran menyang Mètiléné.
15 Sawusé bidhal saka kono, ésuké
tekan sangarepé pulo Khios. Ing dina

candhaké aku padha menyang Samos
lan let sadina manèh tekan Milétus.
16 Paulus wus ngrancang ora bakal
pinarak ing Éfesus supaya aja kesuwèn
ana ing Asia. Sabab karsané ngénggalaké
tindaké, supaya sabisa-bisa ing dina
riyaya Péntakosta wis rawuh ing
Yérusalèm.
17 Marga saka iku Paulus banjur utusan
wong saka Milétus menyang Éfesus
nimbali para pinituwané pasamuwan.
18 Satekané padha dingandikani
mangkéné, "Kowé padha sumurup,
kepriyé anggonku tetepungan karo kowé
wiwit tekaku ana ing Asia iki;
19 anggonku kalawan andhap-asor
ngabdi marang Gusti. Sajroning
pangabdi iku aku kerep banget
ngetokaké eluh nganti crocosan sarta
ngalami pangrantamé wong Yahudi
pirang-pirang, kang arep matèni aku.
20 Sanadyan mangkono, aku ora tau
nglirwakaké apa kang migunani tumrap
kowé kabèh. Kabèh wus dakcaritakaké
lan dakwulangaké marang kowé, ana
ing sangarepé wong akèh utawa ana ing
pakumpulan-pakumpulan ing omahmu;

21 aku tansah ngyakinaké marang
wong-wong Yahudi lan Yunani, supaya
padha mratobat marang Allah sarta
padha pracaya marang Gusti kita Yésus.
22 Nanging ing saikiné aku lelungan
menyang Yérusalèm kayadéné tawanané
Roh, aku ora ngerti apa kang bakal
kelakon tumraping aku ana ing kana,
23 kejaba kang diwedharaké déning Roh
Suci marang aku ana ing saben kutha,
yèn aku bakal kinunjara lan sinangsara.
24 Ananging aku sathithik baé ora
mreduli marang nyawaku, angger
aku bisa tekan garis pungkasaning
lakuku lan ngrampungaké bubuhan
kang kaparingaké marang aku déning
Gusti Yésus, iya iku neksèni bab Injilé
sih-rahmating Allah.
25 Apadéné saiki aku sumurup, yèn
kowé bakal padha ora weruh aku manèh,
kowé kabèh kang wis padha dakparani
supaya dakwartani bab Kratoning Allah.
26 Mulané ing dina iki, aku pratéla
marang kowé kalawan temen-temen,
menawa aku resik, ora kalèpètan getihé
sapa baé.

27 Sabab aku ora nglirwakaké ing bab
martakaké sakèhing karsané Allah
marang kowé.
28 Mulané awakmu sarta pepanthan
kabèh padha reksanen, amarga kowé
kang padha dipiji déning Roh Suci dadi
pamong kang kakarsakaké ngengon
pasamuwaning Allah kang kadarbé
sarana rahé piyambak.
29 Aku sumurup, yèn saungkurku bakal
ana asu ajag kang galak kang padha
nekani kowé lan kang ora ngéman
marang pepanthan mau.
30 Malah saka ing antaramu bakal ana
wong kang padha muncul lan mulangaké
prakara kang palsu, pamurihé supaya
bisa nggèndèng para murid saka dalan
kang bener tuwin banjur padha nganut
marang wong-wong mau.
31 Mulané padha diwaspada lan padha
diéling, yèn aku telung taun lawasé,
anggonku rina-wengi ora kendhat-
kendhat kalawan eluh mituturi marang
kowé dhéwé-dhéwé.
32 Déné saiki kowé padha dakpasrahaké
marang Gusti lan pangandikaning
sih-rahmaté, kang kwasa mbangun kowé
lan ngganjar marang kowé warisan kang

katamtokaké tumrap wong kabèh kang
wis kasucèkaké déning Panjenengané.
33 Pérak, emas utawa sandhangan, aku
ora tau kepéngin, saka sapa baé.
34 Kowé dhéwé padha sumurup, yèn
kalawan tanganku dhéwé anggonku
nyambut-gawé, amrih bisané olèh
apa kang dadi kabutuhanku sarta
kabutuhané para kang padha mèlu aku.
35 Tumrap ing sadhéngah prakara aku
wis awèh tuladha marang kowé, yèn
wong padha kuwajiban nyambut-gawé
mangkono kagawé mbiyantu wong-wong
kang sèkèng sarta kudu éling marang
pangandikané Gusti Yésus, sabab
Panjenengané piyambak wis ngandika:
Luwih begja wong wèwèh, katimbang
karo nampani."
36 Sawisé ngandika mangkono
Paulus banjur jèngkèng lan ndedonga
bebarengan karo wong-wong mau
kabèh.
37 Wong kabèh padha nangis
sesenggrukan lan banjur padha
ngrangkul Paulus kalawan ngambungi
bola-bali.
38 Kabèh padha susah, apa manèh
marga ana pangandikané, yèn bakal

padha ora sumurup marang pasuryané
manèh. Nuli padha nguntapaké
panjenengané menyang kapal.

21 [1] Sawisé aku padha pamitan karo
para pinituwané pasamuwan
ing kutha Éfesus, prauné nuli mangkat
nyabrang menyang pulo Kos. Ésuké aku
padha tekan pulo Rodhos. Saka kono
aku padha terus layaran menyang kutha
Patara.
[2] Ing kutha Patara kono ana kapal sing
arep mangkat menyang tanah Fénisia.
Aku padha nunggang kapal mau, nuli
mangkat.
[3] Aku padha tekan panggonan sing saka
kono bisa weruh pulo Siprus. Aku banjur
padha ngidul nganti tekan tanah Siria.
Ing kutha Tirus aku padha mudhun,
sebab ana ing kutha kono prauné kudu
bungkar momotané.
[4] Ing kutha Tirus kono aku padha
kepethuk karo sedulur Kristen sawetara,
nuli nginep ana ing omahé para sedulur
mau, lawasé nganti seminggu. Merga
olèh wangsité Pangéran, para sedulur
mau padha mènèhi weruh marang Rasul
Paulus, supaya aja lunga menyang kutha
Yérusalèm.

5 Nanging bareng wis tekan mangsané,
aku banjur padha nerusaké laku. Para
sedulur mau kabèh, saanak-bojoné,
padha nguntapaké aku tekan sanjabané
kutha. Ana ing gisik aku padha jèngkèng
ndedonga.
6 Sawisé padha andum slamet, aku
banjur padha munggah ing prau, lan
para sedulur mau padha mulih.
7 Aku padha mbanjuraké laku saka
kutha Tirus, menyang kutha Ptolémais.
Aku padha tilik para sedulur Kristen sing
ana ing kono, sarta nginep ing kono
sewengi.
8 Ésuké nuli mangkat menèh nganti
tekan kutha Kaisaréa. Ing kono aku
padha nginep ana ing omahé guru
Injil, sing aran Filipus. Filipus kuwi
panunggalané wong pitu sing biyèn
ditetepaké dadi juru-tulung ana ing
kutha Yérusalèm.
9 Filipus mau duwé anak prawan papat,
sing uga padha ngabaraké Injilé Gusti
Allah.
10 Sawisé ana ing kono seminggu
lawasé, nuli ana nabi teka saka Yudéa,
jenengé Agabus.

11 Agabus mau marani aku sakanca, nuli
njupuk sabuké Rasul Paulus. Sabuk mau
dienggo nalèni sikil lan tangané dhéwé,
karo muni: "Mengkéné pangandikané
Gusti Allah: ‘Wong sing duwé sabuk iki
bakal dibanda kaya mengkéné iki ana
ing kutha Yérusalèm déning wong-wong
Yahudi, lan wong kuwi bakal dipasrahaké
marang bangsa liya.’"
12 Bareng aku padha krungu sing
mengkono mau, aku lan para sedulur
kabèh nuli padha ngandhani Rasul
Paulus, supaya mbatalaké enggoné arep
lunga menyang kutha Yérusalèm.
13 Nanging Rasul Paulus mangsuli:
"Yagéné kowé padha nangis lan ngrimuk
aku? Aku wis cumadhang ora mung
dibanda waé, malah senajan nganti
dipatèni pisan ana ing kutha Yérusalèm
krana Gusti Yésus aku lila."
14 Aku padha ora bisa ngeluk karepé
Rasul Paulus, mulané aku mung padha
sumarah, karo muni: "Muga apa sing
bakal kelakon kuwi kersané Gusti Allah."
15 Sawisé ana ing kono sawetara
dina, aku banjur padha ngringkesi
barang-barangku lan mangkat menyang
kutha Yérusalèm.

16 Ana sedulur Kristen sawetara saka
kutha Kaisaréa sing mèlu ngeteraké
aku sakanca menyang omahé Manason,
sing arep padha dakinepi. Manason kuwi
asalé saka pulo Siprus, lan klebu wong
Kristen sing kawitan.
17 Nalika aku sakanca tekan kutha
Yérusalèm, para sedulur Kristen ing kono
padha mbagèkaké klawan bungah.
18 Ésuké Rasul Paulus karo aku
kabèh tilik Yakobus. Para pinituwané
pasamuwan kabèh uga padha teka.
19 Rasul Paulus nuli awèh salam, sarta
nyritakaké apa waé sing ditindakaké
déning Gusti Allah ing antarané wong
kapir lantaran dhèwèké.
20 Krungu critané Rasul Paulus sing
mengkono mau, wong kabèh nuli padha
memuji asmané Gusti Allah. Sawisé kuwi
wong-wong mau banjur padha kandha
marang Paulus mengkéné: "Sedhèrèk
Paulus, kula aturi mirengaken atur
kula! Ing ngriki wonten pinten-pinten
èwu tiyang Yahudi ingkang pitados
dhateng Gusti Yésus, lan ugi sami netepi
Torètipun Nabi Musa.
21 Nanging para sedhèrèk wau mireng
kabar bilih Panjenengan wonten ing

negari manca mulang dhateng sedaya
tiyang Yahudi ingkang wonten ing ngrika,
supados mboten sami nurut dhateng
Torètipun Nabi Musa, lan mboten sami
netaki anak-anakipun, utawi nganut adat
tata-caranipun tiyang Yahudi.
22 Sedhèrèk-sedhèrèk wau temtunipun
inggih sami mireng bilih panjenengan
rawuh. Samenika lajeng kadospundi,
menapa ingkang prelu kita tindakaken?
23 Kula sami mrayogèkaken,
panjenengan kersaa nindakaken
panyuwun kula sedaya, mekaten: Ing
ngriki wonten sedhèrèk sekawan ingkang
sami gadhah nadar.
24 Panjenengan kula aturi sesarengan
kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk menika
nindakaken tata-cara sesuci, lan mbayar
ragadipun, supados para sedhèrèk wau
saged sami nyukur rambutipun. Srana
mekaten sageda cetha tumrap tiyang
sedaya, bilih menapa ingkang dipun
pireng bab panjenengan menika mboten
leres, malah ketitika bilih panjenengan
piyambak inggih netepi Torètipun Nabi
Musa.
25 Tumrap tiyang-tiyang sanès Yahudi,
kita pancèn sampun kintun serat,

ingkang ngewrat putusan kita sedaya,
bilih para sedhèrèk wau dipun awisi
nedha tetedhan ingkang dipun anggé
sajèn dhateng brahala, nedha rah utawi
kéwan ingkang pejahipun srana dipun
tekak; mekaten ugi sami dipun awisi
lampah jina."
26 Ésuké Rasul Paulus nuli ngajak
wong papat mau, lan sawisé nindakaké
sesuci bebarengan, miturut tata-carané
wong Yahudi, banjur padha mlebu ing
Pedalemané Allah. Ana ing kono padha
ngumumaké pira lawasé wektu pasucèn,
apa déné kurban tumrap wong siji-sijiné
kang bakal disaosaké.
27 Ngarepaké genep pitung dina entèké
mangsa sesuci mau, ana wong Yahudi
sawetara saka ing tanah Asia padha
weruh Rasul Paulus ana ing Pedalemané
Allah. Wong-wong mau nuli ngojok-ojoki
wong akèh supaya nyekel Rasul Paulus.
28 Wong-wong mau padha nguwuh-
uwuh mengkéné: "Sedhèrèk-sedhèrèk,
tiyang Israèl, nyuwun tulung! Menika
tiyangipun, ingkang késah dhateng
pundi-pundi memucal, supados
tiyang sedaya nglawan bangsa
Israèl lan Torètipun Nabi Musa sarta

Pedalemanipun Allah menika. Samenika
tiyang menika ugi ngajak tiyang-
tiyang kapir sami mlebet wonten ing
Pedalemanipun Allah, lan srana mekaten
damel najisipun Pedalemanipun Allah!"
29 Enggoné padha muni mengkono mau
merga padha weruh Trofimus, wong
Éfesus, ana ing Yérusalèm, bebarengan
karo Rasul Paulus. Dikira yèn Rasul
Paulus sing ngajak Trofimus mau mlebu
ing Pedalemané Allah.)
30 Wong sakutha kabèh banjur gègèr,
lan kabèh padha kemrubut ngumpul.
Rasul Paulus nuli dicekel lan diglandhang
metu saka Pedalemané Allah. Lawangé
Pedalemané Allah nuli énggal-énggal
ditutup.
31 Bareng wong akèh sing gawé gègèr
mau lagi nyoba arep matèni Rasul
Paulus, komandhané tentara Rum
krungu, yèn sakutha Yérusalèm kabèh
lagi brontak.
32 Sanalika komandhan mau teka,
nggawa perwira lan prejurit sawetara lan
énggal-énggal nglabrag wong akèh mau.
Bareng padha weruh para prejurit lan
komandhan teka, wong-wong mau nuli

padha lèrèn enggoné nggebugi Rasul
Paulus.
33 Komandhan mau marani Rasul
Paulus, nuli préntah supaya Rasul Paulus
tangané diranté loro-loroné. Sawisé kuwi
komandhan mau banjur takon marang
wong-wong sing ana ing kono: "Wong
kuwi sapa, lan apa sing ditindakaké?"
34 Ing antarané wong akèh mau ana
sing kandha mengkéné, ana sing kandha
mengkono. Sarèhné kisruh banget,
nganti komandhan mau ora bisa olèh
ketrangan sing sanyatané. Mulané
banjur préntah, supaya Rasul Paulus
digawa menyang bètèng.
35 Bareng tekan undhak-undhakané
bètèng, Rasul Paulus kepeksa disunggi,
sebab wong-wong sing padha gawé
rusuh mau ambyuk dhesek-dhesekan.
36 Karo nguwuh-uwuh: "Wong kuwi
dipatèni waé!"
37 Nalika arep digawa mlebu déning
para prejurit ana ing bètèng, Rasul
Paulus kandha karo komandhané
pasukan: "Menapa kula kepareng matur
sekedhik?" Komandhan mau nuli takon:
"Menapa panjenengan ngertos basa
Yunani?

38 Menawi mekaten panjenengan
menika sanès tiyang Mesir ingkang
dèrèng dangu menika miwiti
pembrontakan lan mbekta bala
tiyang kawan èwu dhateng ara-ara
samun?"
39 Wangsulané Rasul Paulus: "Kula
menika tiyang Yahudi dipun lairaken
wonten kitha Tarsus, ing tanah Kilikia,
warga kitha ingkang kesuwur menika.
Kula nyuwun dipun parengaken
nyukani katerangan sekedhik dhateng
tiyang-tiyang menika."
40 Komandhan mau ngidini lan Rasul
Paulus nuli ngadeg ana ing undhak-
undhakan, mènèhi sasmita nganggo
tangané. Bareng wong kabèh wis
meneng, Rasul Paulus nuli mènèhi
ketrangan marang wong akèh mau
nganggo basa Ibrani, mengkéné:

22 1 "Sadhèrèk-sadhèrèk saha
Bapak-bapak, sumangga
sapunika sami kula aturi midhangetaken
panjawab kula dhateng panjenengan."
2 Nalika wong akèh krungu anggoné
ngandika ngagem basa Ibrani, saya
mundhak tenangé. Panjenengané banjur
ngandika,

3 "Kula punika tiyang Yahudi, kalairan
Tarsus ing tanah Kilikia, nanging ageng
kula wonten ing kitha ngriki, kadhidhik
kalayan tliti déning Gamalièl ing bab
netepi angger-anggeripun para leluhur
kita, satemah kula lajeng dados tiyang
ingkang mempeng ing pangabekti
dhateng Allah, kados panjenengan
sadaya punika.
4 Punapadéné tiyang-tiyang ingkang
sami nganut Margining Pangéran punika,
sami kula kuya-kuya ngantos pejah;
jaler-èstri sami kula tangkepi tuwin kula
lebetaken dhateng pakunjaran.
5 Menggah prakawis punika
panjenenganipun Imam Agung
saha Pradataning Pinisepuh sapepakipun
sami saged paring paseksi, kula inggih
kaparingan serat-serat kanggé para
Sadhèrèk ing Damsyik, lajeng késah
mrika badhé nangkepi tiyang-tiyang ing
ngriku, ingkang sami nganut Margining
Pangéran wau, badhé kula bekta dhateng
Yérusalèm supados sami kaukum.
6 Nanging sareng lampah kula sampun
celak Damsyik, ing wanci siang,
dumadakan wonten cahya ingkang
tumlorong saking langit nglimputi kula.

7 Kula lajeng dhawah ing siti saha
mireng swanten ingkang ngandika
dhateng kula makaten: Saulus, Saulus,
yagéné sira nganiaya marang Ingsun?
8 Atur wangsulan kula: Paduka punika
sinten, Gusti? Pangandikanipun: Ingsun
iki Yésus saka Nasarèt, kang sira
kuya-kuya.
9 Tiyang-tiyang ingkang sami
sesarengan kaliyan kula, inggih sumerep
cahya wau, nanging swantening
Panjenenganipun ingkang ngandika
dhateng kula, sami mboten mireng.
10 Kula lajeng munjuk: Gusti, punapa
ingkang kedah kawula lampahi?
Paring wangsulanipun Gusti dhateng
kula: Ngadega, mangkata menyang
Dhamsyik. Ana ing kana sira bakal
diparingi sumurup, apa kang kudu sira
tindakaké.
11 Sarèhning kula mboten saged ningali,
jalaran saking kénging cahya ingkang
mblerengi mripat wau, mila kanca-kanca
ingkang tunggil lampah kaliyan kula
lajeng nyepeng tangan kula, kula
katuntun dhateng Damsyik.
12 Ing ngriku wonten tiyang nama
Ananias, tiyang ingkang netepi angger-

anggering Torèt saha kaseksènan saé
wonten ing satengahing tiyang Yahudi
sadaya ing ngriku.
13 Tiyang punika dhateng, saha ngadeg
ing sacelak kula tuwin wicanten: Saulus,
sadulurku, kowé bisaa ndeleng manèh!
Sanalika punika ugikula saged ningali
malih saha sumerep piyambakipun.
14 Ananias lajeng wicanten: Allahé
leluhur kita wus netepaké kowé supaya
nyumurupi karsané, nyumurupi Kang
Bener sarta krungu swara kang miyos
saka ing lésané.
15 Sabab kowé pinasthi dadi seksining
Panjenengané ana ing ngarepé wong
kabèh ing bab samubarang kang wus
kokdeleng lan kokrungu.
16 Lan saiki kepriyé, déné kowé isih
mangu-mangu? Ngadega, lan kabaptisa
sarta dosamu karesikana kalawan
nyebut asmané Gusti!
17 Sasampunipun makaten, kula lajeng
wangsul dhateng Yérusalèm lan nalika
kula saweg ndedonga wonten ing
Padaleman Suci, roh kula linimputan ing
pangwaosipun Allah.
18 Kula ningali Panjenenganipun,
ingkang lajeng ngandika dhateng kula:

Diénggal, mangkata saka Yérusalèm,
amarga wong-wong ora bakal nampa
paseksinira bab Ingsun.
19 Atur wangsulan kula: Gusti, tiyang-
tiyang punika sami sumerep, bilih kawula
punika ingkang ndhatengi papan-papan
pangibadah saha ingkang nglebetaken
tiyang-tiyang ingkang sami pitados
dhateng Paduka dhateng pakunjaran
sarta ingkang mecuti tiyang-tiyang wau.
20 Salajengipun nalika rahipun Stéfanus,
seksi Paduka, kawutahaken, kawula
wonten ing ngriku, saha kawula ngrujuki
pandamel punika, punapa déné kawula
nengga panganggénipun tiyang-tiyang
ingkang sami mejahi.
21 Nanging pangandikanipun Gusti
dhateng kula: Mangkata, sabab Ingsun
bakal ngutus sira menyang panggonané
bangsa-bangsa liya kang adoh saka
kéné."
22 Sawusé wong akèh padha
ngrungokaké Paulus nganti tekan
pangandikané kang mangkono iku,
banjur wiwit nywara sora, "Wong iku
kasirnakna baé saka bumi, ora pantes
urip!"

23 Wong-wong mau terus baé anggoné
bengok-bengok karo nguncalaké
jubahé sarta nyawur-nyawuraké lebu
mandhuwur,
24 mulané panggedhéning prajurit
banjur dhawuh nglebokaké Paulus
menyang bètèng sarta mriksa lan
mecuti panjenengané, supaya bisa
kasumurupan apa sababé déné
wong-wong iku padha bengok-bengok
mangkono ing bab panjenengané.
25 Nanging nalika Paulus diprenahaké
arep dipecuti, panjenengané banjur
ngandika marang opsir kang nglakoni
wajib, "Punapa panjenengan dipun
parengaken mecuti warganagari Roma,
punapa malih tanpa dipun adili?"
26 Krungu katrangan mangkono
iku, opsir mau banjur lapur marang
panggedhéning prajurit, aturé, "Punapa
ingkang badhé panjenengan tindakaken?
Tiyang punika warganagari Roma?"
27 Panggedhéning prajurit banjur
murugi Paulus lan ndangu, "Kandhaa,
apa bener kowé iku warganagari Roma?"
Atur wangsulané Paulus, "Inggih."
28 Panggedhéné prajurit banjur
ngandika manèh, "Anggonku dadi

warganagari Roma iku sarana tuku
kalawan rega larang." Paulus mangsuli,
"Nanging kula gadhah wewenang punika
wiwit lair mila."
29 Wasana wong-wong kang kuwajiban
mecuti nuli énggal-énggal mundur. Déné
panggedhéné prajurit iku bareng ngerti
yèn Paulus iku wong Roma, iya wedi,
mangka panjenengané kang dhawuh
mbanda.
30 Éwasamono panggedhéné prajurit
mau kepéngin nguningani kalawan tliti
apa kang dadi pandakwané wong-wong
Yahudi marang Paulus. Mulané ésuké
dhawuh nimbali Paulus saka pakunjaran
lan dhawuh, supaya pangarepé imam
lan Pradata Agama nglumpuk. Banjur
dhawuh ngirid Paulus saka bètèng
diladèkaké marang ngarsané Pradata
mau.

23 1 Paulus banjur mandeng para
warganing Pradata Agama sarta
matur, "Para Sadhèrèk, ngantos dumugi
dinten punika kula tetep gesang kalayan
raosing manah ingkang resik wonten ing
ngarsanipun Allah."
2 Nanging Imam Agung Ananias dhawuh
marang wong-wong kang padha ngadeg

cedhak Paulus, supaya napuk tutuké
Paulus.
3 Paulus nuli mangsuli, aturé, "Allah
badhé napuk panjenengan, hé, témbok
ingkang kalabur pethak. Panjenengan
lenggah wonten ing ngriki badhé ngadili
kula miturut angger-anggering Torèt,
nanging panjenengan piyambak nerak
angger-anggering Torèt, jalaran dhawuh
napuk kula."
4 Wong-wong kang padha ana ing kono
ngucap, "Kowé iku nyenyamah marang
Imam Agungé Allah!"
5 Paring wangsulané Paulus, "O, para
Sadhèrèk, kula mboten mangertos bilih
panjenenganipun punika Imam Agung.
Pancèn wonten seratan makaten: Sira
aja ngucapaké tembung ala marang
panggedhéning bangsamu!"
6 Sarèhné panjenengané pirsa, yèn
ing antarané Pradata iku ana kang
kalebu golonganing wong Saduki lan
ana kang kalebu golonganing wong
Farisi, mulané banjur nywanten sora
ana ing ngarsaning Pradata Agama,
"Para Sadhèrèk, kula punika tiyang
Farisi; kula dipun ladosaken dhateng
ngarsanipun Pradata punika, jalaran

kula ngajeng-ajeng dhateng tanginipun
tiyang pejah."
7 Bareng panjenengané ngandika
mangkono, wong-wong Farisi lan
wong-wong Saduki padha padu satemah
wong akèh banjur pecah dadi rong
golongan.
8 Amarga wong Saduki iku padha
nganggep, yèn patangèn iku ora ana lan
iya ora ana malaékat utawa roh, balik
wong Farisi nganggep loro-loroné.
9 Mulané banjur dadi ribut banget.
Ana ahli Torèt sawatara saka golongan
Farisi kang maju sarta mbantah kalawan
keras ujaré, "Tumrap kula, tiyang punika
mboten gadhah kalepatan! Mbokmanawi
wonten roh utawi malaékat ingkang
sampun ngandikani piyambakipun."
10 Temahan kaanan ing kono saya
kisruh banget. Panggedhéning prajurit
kuwatir, menawa Paulus nganti
dipothèng-pothèng déning wong-wong
mau, mulané nuli dhawuh marang
prajurit-prajurit, supaya padha mudhun
ngrebut Paulus saka satengahing wong
akèh lan digawa menyang bètèng.
11 Benginé Gusti rawuh jumeneng ana
ing sandhingé lan ngandika marang

panjenengané, "Sing teteg atinira, sabab
kayadéné anggonira kalawan kendel
neksèni Ingsun ana ing Yérusalèm,
mangkono uga sira iya prelu neksèni ana
ing Roma."
12 Bareng wus raina wong-wong Yahudi
nganakaké komplotan lan sumpah
kalawan nyupatani awaké dhéwé, ora
bakal mangan utawa ngombé sadurungé
nyédani Paulus.
13 Komplotan iku gunggungé patang
puluh luwih.
14 Wong-wong mau padha nemoni para
pangareping imam lan para pinituwané
bangsa Yahudi lan pratéla, "Kula sampun
sami sumpah kalayan nyupaosi badan
kula piyambak, mboten badhé nedha
utawi ngombé sadèrèngipun mejahi
Paulus.
15 Awit saking punika mugi panjenengan
sadaya sesarengan kaliyan Pradata
Agami karsa ngaturi rembag dhateng
pangagenging prajurit supados
ngladosaken Paulus dhateng ngarsa
panjenengan malih, kados-kados
panjenengan badhé mriksa prakawisipun
ingkang langkung tliti. Déné kula sadaya
mangké sampun sami mirantos badhé

mejahi piyambakipun sadèrèngipun
dumugi ing ngarsa panjenengan."
16 Nanging keponakané Paulus, yaiku
putrané sadhèrèké putri, krungu
bab rancangan cegatan iku lan
banjur menyang bètèng. Bareng wus
diparengaké mlebu, nuli matur bab mau
marang Paulus.
17 Paulus tumuli ngaturi sawijining opsir
lan matur, "Nèm-nèman punika kula
aturi nyowanaken dhateng ngarsaning
pangagengipun prajurit, jalaran
wonten prakawis ingkang prelu dipun
uningakaken ing panjenenganipun."
18 Opsir iku banjur nyowanaké
wong anom iku menyang ngarsané
panggedhéning prajurit lan matur,
"Kula dipun undang Paulus, tahanan
punika, dipun tedhani tulung supados
nyowanaken laré anèm punika dhateng
ngarsa panjenengan, awit wonten bab
ingkang prelu dipun aturaken dhateng
panjenengan."
19 Panggedhéning prajurit mau banjur
nganthi wong anom mau diajak
miyambak, nuli didangu, "Apa kang arep
koklapuraké marang aku?"

20 Wangsulané, "Tiyang-tiyang Yahudi
sampun sami sarujuk badhé nyuwun
dhateng panjenengan, supados bénjing-
énjing panjenengan ngladosaken Paulus
malih dhateng ngarsaning Pradata
Agami, kados-kados Pradata wau
kepéngin angsal katrangan ingkang
langkung tliti saking piyambakipun.
21 Nanging panjenengan sampun
ngantos midhangetaken tiyang-tiyang
wau, amargi wonten panunggilanipun
ingkang cacahipun langkung saking
kawan dasa, ingkang sampun mirantos
badhé nyegat. Tiyang-tiyang wau
sampun sami sumpah kalayan nyupaosi
badanipun piyambak mboten badhé
nedha saha ngombé sadèrèngipun
mejahi Paulus. Sapunika sampun
sami siyaga, kantun ngentosi putusan
panjenengan."
22 Panggedhéné prajurit banjur dhawuh
marang wong anom mau supaya mulih
kalawan dingandikani mangkéné, "Kowé
aja kandha-kandha marang sapa-sapa,
yèn kowé wus nglapuraké bab iki marang
aku."
23 Sawisé mangkono panggedhéné
prajurit mau banjur nimbali opsir loro

sarta didhawuhi mangkéné, "Siyagakna
prajurit rong atus kang bakal menyang
Kaisaréa karo prajurit jaranan pitung
puluh sarta prajurit kang sikep gegaman
tumbak rong atus, kira-kira jam sanga
bengi iki.
24 Cawisna uga kuldi tunggangan
sawatara kanggo Paulus, lan supaya
koksowanaké ing ngarsané Gubernur
Féliks."
25 Panggedhéné prajurit mau nuli damel
serat, surasané mangkéné,
26 "Salam kula, Klaudius Lisias, katur
ing ngarsanipun Gubernur Féliks ingkang
minulya.
27 Tiyang punika dipun tangkep déning
tiyang-tiyang Yahudi. Sareng badhé
dipun pejahi, kula lajeng dhateng
kalayan mbekta wadya-bala prelu
menggak saha ngluwari piyambakipun,
awit kula mireng, bilih tiyang punika
warganagari Roma.
28 Amrih sagedipun nyumerepi punapa
sabab-sababing pandakwanipun dhateng
tiyang wau, lajeng kula ladosaken
dhateng Pradataning Agaminipun.
29 Tumrap kula lajeng sampun cetha,
bilih pandakwanipun punika gegayutan

kaliyan angger-anggering Torètipun
tiyang-tiyang wau, namung kémawon
mboten wonten pandakwa ingkang
njalari kénging paukuman pejah utawi
kedah kalebetaken ing pakunjaran.
30 Salajengipun kula tampi palapuran,
bilih wonten komplotan ingkang
badhé mejahi tiyang wau. Awit saking
punika kula lajeng énggal-énggal
kèngkènan nyowanaken dhateng ngarsa
panjenengan. Wondéné para ingkang
sami ndakwa sampun sami kula kèn,
supados sami ngajengaken prakawis
punika dhateng panjenengan."
31 Para prajurit banjur padha nindakaké
kaya kang kadhawuhaké. Ing bengi iku
uga, Paulus digawa menyang Antipatris.
32 Ésuké para prajurit jaranan padha
dikon mbacutaké lakuné karo Paulus,
déné liyané padha bali menyang bètèng.
33 Satekané ing Kaisaréa, para
prajurit jaranan ngaturaké layangé lan
masrahaké Paulus marang Gubernur.
34 Bareng wus maos layang mau,
Gubernur nuli ndangu marang Paulus,
asalé saka propinsi ngendi. Bareng
mireng, yèn Paulus saka Kilikia,

35 banjur ngandika, "Aku bakal mriksa
prakaramu, yèn wong kang padha
ndakwa marang kowé wus teka ing
kéné." Banjur dhawuh, supaya Paulus
ditahan ana ing kratoné Hérodès.

24 1 Bareng wus limang dina Imam
Agung Ananias rawuh bebarengan
karo pinituwa sawatara lan pengacara,
jenengé Tertulus. Wong-wong mau
padha sowan ing ngarsané Gubernur
sarta ngaturaké pandakwané tumrap
Paulus.
2 Paulus ditimbali maju, déné Tertulus
banjur wiwit ngaturaké panggugaté,
unjuké, "Féliks ingkang minulya, margi
saking pambudi-daya panjenengan kula
sadaya tansah ngraosaken karaharjan
saha jalaran saking kawicaksanan
panjenengan, kathah sanget éwah-
éwahan saé ingkang tumindak tumrap
bangsa punika.
3 Bab punika sadaya wontena ing pundi
kémawon tansah kula tampi kalayan
agenging panuwun.
4 Nanging supados sampun ngantos
kadangon anggèn kula ngribedi dhateng
panjenengan, kula nyuwun, mugi
panjenengan karsa midhangetaken

atur kula sakedhap kémawon kalayan
panggalih panjenengan ingkang sampun
misuwur lubèripun punika.
5 Menggahing kula sadaya sampun
tetéla, bilih tiyang punika dados penyakit
pès, tiyang ingkang damel kisruh
wonten ing satengahing tiyang Yahudi
sajagat, saha bilih tiyang punika salah
setunggaling pangajengipun aliran
Nasrani.
6 Malah sampun nyobi ngrisak
kasucèning Padaleman Suci. Awit saking
punika lajeng kula tangkep saha badhé
kula adili manut angger-anggering Torèt
kula.
7 Nanging pangagenging prajurit Lisias
lajeng rawuh mambengi saha ngrebat
piyambakipun kanthi roda-peksa,
8 sarta dhawuh, supados sadaya
tiyang ingkang ndakwa sami sowan
ing ngarsa panjenengan. Manawi
panjenengan mriksa piyambak, tamtu
badhé nguningani sadaya prakawis
ingkang kula gigataken punika."
9 Lan wong-wong Yahudi iya padha
nyarujuki pandakwa iku lan matur, yèn
iya pancèn mangkono.

10 Gubernur banjur paring sasmita
marang Paulus, yèn wis diparengaké
ngaturaké panjawab. Paulus banjur
matur, "Kula sumerep, bilih sampun
mataun-taun anggèn panjenengan
ngasta pangadilan tumrap bangsa
punika. Pramila tanpa raos mangu-
mangu anggèn kula badhé ngaturaken
panjawab tumrap prakawis punika
wonten ing ngarsa panjenengan:
11 Panjenengan saged nguningani, bilih
mboten langkung saking kalih welas
dinten kapengker punika anggèn kula
dhateng Yérusalèm prelu nindakaken
pangibadah.
12 Mboten naté wonten tiyang ingkang
nyumerepi kula saweg dredah utawi
damel kaributan, dadosa wonten ing
Padaleman Suci, utawi ing papan
pangibadah, mekaten ugi wonten ing
panggènan sanès ing salebeting kitha
punika.
13 Tiyang-tiyang punika mboten saged
mbuktèkaken wonten ing ngarsa
panjenengan, punapa ingkang sapunika
kagigataken tumrap kula punika.
14 Namung kémawon kula ngakeni
wonten ing ngarsa panjenengan, bilih

kula ngabekti dhateng Allahipun leluhur
kula sadaya kalayan nganut Margining
Pangéran punika, inggih punika Margi
ingkang déning tiyang-tiyang wau dipun
wastani aliran. Kula ngugemi sadaya
ingkang kaserat ing angger-anggering
Torèt saha ing kitabipun para nabi.
15 Kula gadhah pangajeng-ajeng
dhateng Allah, sami kaliyan tiyang-
tiyang punika, bilih badhé wonten
patangènipun tiyang pejah, tiyang
ingkang mursid utawi tiyang mursal.
16 Awit saking punika kula tansah ngudi
gesang kalayan raosing manah ingkang
murni wonten ing ngarsaning Allah saha
wonten ing ngajenging manungsa.
17 Sareng sampun sawatawis taun
dangunipun, kula wangsul dhateng
Yérusalèm prelu badhé nyukani bantuan
dhateng bangsa kula saha caos
pisungsung.
18 Nalika kula saweg nindakaken
punika sadaya, wonten tiyang Yahudi
sawatawis ingkang dhateng saking
Asia, sami pinanggih kula wonten ing
Padaleman Suci sasampunipun kula
nucèkaken badan kula, mboten kaliyan

tiyang kathah utawi mboten nuwuhaken
kaributan.
19 Inggih tiyang-tiyang punika ingkang
pancènipun kedah sowan ing ngarsa
panjenengan saha ngajengaken
panggigat, manawi gadhah prakawis
kaliyan kula.
20 Éwasemanten, tiyang-tiyang ingkang
sapunika wonten ing ngriki punika
kajengipun sami munjuk, piawon punapa
ingkang pinanggih wonten ing kula,
nalika kula wonten ing ngarsaning
Pradata Agami.
21 Punapa mbokmanawi namung margi
saking pangucap kula, nalika kula
ngadeg wonten ing satengahing tiyang-
tiyang wau, inggih punika: Margi saking
bab patangènipun tiyang-tiyang pejah,
kula ing dinten punika dipun ladosaken
wonten ing ngarsa panjenengan."
22 Nanging Féliks, kang wus nguningani
temenan bab Margining Pangéran,
karsané ngundur prakara iku,
pangandikané, "Yèn panggedhéné
prajurit Lisias wus mréné, aku bakal
mutus prakaramu."
23 Banjur dhawuh marang opsir, supaya
Paulus tetep ditahan, nanging kanthi

kalonggaran, sarta para mitrané kang
padha ngladèni, aja dipenggak.
24 Let sawatara dina Féliks rawuh
karo garwané, Drusila, putri Yahudi,
banjur dhawuh nimbali Paulus sarta nuli
midhangetaké katrangané bab pracaya
marang Yésus Kristus.
25 Nanging nalika Paulus matur bab
kayektèn, bab ngendhalèni dhiri, lan bab
pangadilan kang bakal kelakon, Féliks
banjur rumaos ajrih, nuli ngandika,
"Cukup saméné baé dhisik, saiki
mundura; bésuk yèn aku pinuju sela,
kowé bakal daktimbali manèh."
26 Karodéné panjenengané ngajeng-
ajeng nampi dhuwit saka Paulus, mulané
kerep ditimbali diajak ngandikan.
27 Nanging bareng wus ganep rong
taun, Féliks digentosi Pèrkius Féstus lan
kanggo nyenengaké atiné wong Yahudi,
Féliks nglestarèkaké Paulus katahan ana
ing pakunjaran.

25 1 Telung dina sawisé rawuh ing
propinsi iku, Féstus banjur tindak
saka Kaisaréa menyang Yérusalèm.
2 Para pangareping imam lan wong-
wong Yahudi kang kajèn kéringan

padha sowan lan ngaturaké pandakwa
mungguhing Paulus,
3 sarta nyuwun kamirahan, kang gawé
ruginé Paulus, yaiku supaya Paulus
didhawuhi menyang Yérusalèm. Sabab
wong-wong mau padha ngrancang arep
nyédani panjenengané ana ing dalan.
4 Nanging Féstus paring wangsulan,
menawa Paulus tetep ditahan ana ing
Kaisaréa, déné panjenengané piyambak
bakal énggal-énggal kondur mrana.
5 Pangandikané, "Mulané wong-wong
panunggalanmu kang padha nyekel
pangwasa supaya padha mrana
bebarengan karo aku lan ngajokaké
pandakwané, menawa ana kaluputané."
6 Féstus anggoné lereb ana ing
Yérusalèm ora luwih saka wolu utawa
sapuluh dina, banjur kondur menyang
Kaisaréa. Ésuké panjenengané nggelar
pangadilan lan dhawuh ngladosaké
Paulus.
7 Bareng Paulus wus disowanaké, wong
Yahudi kabèh kang teka saka Yérusalèm
padha ngadeg ngepung lan ngaturaké
gugatan akèh kang abot tumrap
panjenengané, tanpa bisa mbuktèkaké.

8 Kosok-baliné Paulus ngaturaké
panjawab mangkéné, "Kula sakedhik
kémawon mboten lepat, dadosa tumrap
angger-anggering Torètipun tiyang
Yahudi, punapadéné Padaleman Suci
utawi dhateng Kaisar."
9 Éwadéné sarèhné Féstus karsa
nglegani atiné wong Yahudi, nuli
maringi wangsulan marang Paulus,
pangandikané, "Apa kowé saguh
menyang Yérusalèm, supaya diadili ana
ing kana ana ing ngarepku bab prakara
iki?"
10 Nanging Paulus matur, "Sapunika kula
wonten ing ngarsaning pangadilanipun
Kaisar, kula kedah dipun adili wonten
ing ngriki. Kadosdéné ingkang sampun
panjenengan uningani saèstu, sakedhik
kémawon kula mboten damel kalepatan
dhateng tiyang Yahudi.
11 Dados, manawi kula saèstu lepat
lan nindakaken piawon ingkang pantes
kaukum pejah, kula éklas pejah,
nanging manawi punapa ingkang
kagigataken tumrap kula punika
kabuktèn mboten leres, mboten wonten
tiyang ingkang wenang masrahaken kula
dhateng tiyang-tiyang punika minangka

kamirahan. Kula nyuwun minggah
bandhing dhateng Kaisar!"
12 Bareng wus karembag karo para
anggotaning pangadilan, Féstus banjur
ngandika, "Kowé nyuwun munggah
bandhing marang Kaisar, yèn mangkono
kowé kudu sowan ing ngarsané Kaisar."
13 Let sawatara dina, Raja Agripa karo
Bèrniké rawuh ing Kaisaréa minangka
pakurmatan marang Féstus.
14 Sarèhné lereb ana ing kono sawatara
dina, Féstus nyariyosaké prakarané
Paulus marang Raja, aturé, "Ing ngriki
wonten tiyang tahanan tilaranipun Féliks.
15 Kala kula wonten ing Yérusalèm,
para pangajenging imam saha para
pinisepuhipun tiyang Yahudi sami
nggigat tiyang wau, saha nyuwun
supados tiyang punika dipun ukum.
16 Kula mangsuli, bilih tiyang Roma
mboten gadhah adat masrahaken dakwa,
sadèrèngipun dipun aben-ajengaken
kaliyan ingkang sami ndakwa saha
dipun lilani ngaturaken panjawab tumrap
gigatanipun.
17 Pramila tiyang-tiyang wau lajeng sami
tumut mriki sesarengan kaliyan kula.
Énjingipun kula lajeng ngawontenaken

parepatan pangadilan saha akèn
ngladosaken tiyang punika.
18 Nanging sareng tiyang-tiyang
ingkang sami nggigat ngadeg ngupengi
tiyang wau, sami mboten ngajengaken
gigatan bab pandamel awon, kados
panginten kula.
19 Tiyang-tiyang wau namung sami
padudon bab-bab ingkang gegayutan
kaliyan agaminipun saha wonten tiyang
nama Yésus ingkang sampun pejah,
mangka Paulus mratélakaken kanthi
yakin, bilih Yésus wau gesang.
20 Sarèhning kula ajrih anggèn kula
mriksa prakawis ingkang kados makaten
punika, kula lajeng naros piyambakipun,
punapa purun dhateng Yérusalèm,
supados prakawisipun dipun adili wonten
ing ngrika.
21 Nanging Paulus minggah bandhing.
Pramila nyuwun, supados lestantun
dipun tahan, ngantos prakawisipun
kaputus déning Kaisar. Milanipun lajeng
kula préntahaken, supados tiyang punika
lestantun katahan ngantos saged kula
sowanaken dhateng ngarsanipun Kaisar."
22 Agripa ngandika marang Féstus, "Kula
kepéngin mirengaken panjawabipun

tiyang punika piyambak." Atur
wangsulané Féstus, "Bénjing-énjing
panjenengan badhé midhangetaken."
23 Ésuké Agripa lan Bèrniké padha
rawuh kalayan sakèhing ubarampé
upacara kaprabon sarta bareng wus
lumebet ing gedhong pangadilan
bebarengan karo para panggedhéning
wadya-bala lan para panggedhé ing
kono, Féstus banjur dhawuh, supaya
Paulus disowanaké.
24 Féstus nuli ngandika, "Raja Agripa
saha para priyagung ingkang sami
lenggah ing ngriki sesarengan kaliyan
kula sadaya. Sami kula aturi mirsani
tiyang punika, ingkang dipun gigat
déning tiyang Yahudi sadaya, wonten
ing Yérusalèm saha wonten ing ngriki.
Tiyang-tiyang sadaya sami ndhatengi
kula saha sami pratéla kaliyan bengok-
bengok, bilih tiyang punika mboten
pantes gesang langkung dangu malih.
25 Nanging tumrap kula sampun cetha,
bilih tiyang punika mboten nglampahi
prekawis ingkang kénging kaukum pejah
sarta sarèhning tiyang punika nyuwun
minggah bandhing dhateng Kaisar, mila

kula lajeng mutus badhé nyowanaken
ing ngarsanipun Kaisar.
[26] Namung kémawon mboten wonten
alesan ingkang maton, ingkang kedah
kula aturaken ing serat dhateng
ngarsanipun Kaisar bab tiyang punika.
Inggih jalaran saking punika mila lajeng
kula ladosaken wonten ing ngarsa
panjenengan sadaya, mirungganipun
panjenengan Raja Agripa, supados
sasampunipun kapriksa lajeng wontena
ingkang saged kula serat.
[27] Amargi pamanggih kula, mokal
nyowanaken tiyang tahanan tanpa
kinanthènan gigatan ingkang dipun
ajengaken tumrap tiyang wau."

26 [1] Agripa tumuli ngandika marang
Paulus, "Kowé wus kalilan
ngaturaké panjawab." Paulus banjur
paring sasmita ngagem astané sarta
ngaturaké panjawab mangkéné,
[2] "Dhuh, Raja Agripa, kawula rumaos
tampi kabegjan, déné ing dinten
punika kawula dipun parengaken
ngaturaken panjawab wonten ing ngarsa
panjenengan tumrap sadaya gigatanipun
tiyang-tiyang Yahudi dhateng kula,

3 punapa malih margi panjenengan
nguningani saèstu bab adat utawi
tata-cara tuwin padudonipun tiyang
Yahudi. Awit saking punika kula
keparenga nyuwun wonten ing
ngarsa panjenengan, mugi karsa
midhangetaken atur kula kalayan sabar.
4 Sadaya tiyang Yahudi sami nyumerepi
gesang kula wiwit anèm, amargi wiwit
wiwitan mila kula gesang wonten
satengahing bangsa kula ing Yérusalèm.
5 Sampun dangu sanget anggènipun
sami pitepangan kaliyan kula saha
manawi purun, sami saged suka paseksi,
bilih kula gesang kadosdéné tiyang Farisi
manut golongan ingkang keras wonten
ing salebeting agami kita.
6 Déné sapunika kula kedah ngadhep
wonten ing ngarsaning pangadilan
punika, jalaran kula ngajeng-ajeng
dhateng kaleksananing prajanjian,
ingkang dipun paringaken déning Allah
dhateng para leluhur kita,
7 saha ingkang dipun antos-antos
déning taler kita kalih welas ing
salebetipun sami nindakaken
pangibadahipun rinten-dalu kaliyan
tegen. Inggih margi saking pangajeng-

ajeng punika, dhuh, Raja Agripa, kula
dipun gigat déning tiyang-tiyang Yahudi.
8 Kadospundi, déné panjenengan
sadaya manggalih mokal, bilih Allah
nangèkaken tiyang pejah?
9 Sanadyan kadospundia kémawon,
kula piyambak naté nginten, bilih
kula kedah tumindak keras nglawan
asmanipun Yésus saking Nasarèt.
10 Bab punika kawula tindakaken
ugi wonten ing Yérusalèm. Kula
mboten namung nglebetaken para suci
kémawon dhateng pakunjaran, nanging
sasampunipun kula tampi pangwaos
saking para pangajenging imam, kula
inggih nyarujuki, bilih tiyang-tiyang
punika sami kaukum pejah.
11 Wonten ing papan-papan pangibadah,
kula asring nganiyaya tiyang-tiyang
wau, saha sami kula peksa supados sami
nyélaki kapitadosanipun, punapadéné
margi saking sanget muntabing manah
kula, tiyang-tiyang wau sami kawula
oyak-oyak, malah ngantos dumugi
nagari-nagari manca."
12 "Lan ing salebeting kawontenan
ingkang makaten punika, nalika kula
kanthi kebak pangwaos sarta mundhi

dhawuhipun para pangajenging imam,
lumampah dhateng Damsyik,
13 dumadakan, dhuh, Raja Agripa,
ing wanci siang, wonten ing tengah
margi kula sumerep cahya ingkang
nglangkungi padhanging surya, tumurun
saking langit ingkang lajeng nglimputi
kula saha kanca-kanca ingkang sareng
kula.
14 Kula sadaya nunten sami rebah
ing siti, tuwin lajeng mireng swanten
ingkang ngandikani kula mawi basa
Ibrani: Saulus, Saulus, yagéné sira
nganiaya Ingsun? Rekasa tumraping sira
nglawan marang Kang ngwasani sira.
15 Kula tumunten munjuk: Paduka
punika sinten, Gusti? Paring
wangsulanipun Gusti: Ingsun iki
Yésus kang sira aniyaya.
16 Nanging saiki tangia lan ngadega.
Ingsun ngatingal marang sira iku prelu
netepaké sira dadi paladèn sarta seksi
tumrap samubarang kabèh kang wus
sira deleng saka Ingsun lan kang bakal
Ingsun katingalaké marang sira ing
tembé.
17 Sira bakal Ingsun sengker saka
bangsa iki tuwin bangsa-bangsa liyané,

sarta sira bakal Ingsun utus marani
bangsa-bangsa iku,
18 supaya ngelèkaké mripaté, satemah
banjur padha ninggal pepeteng,
marani pepadhang sarta uwal saka
ing pangwasaning Iblis lan ngungsi
marang Allah, karebèn padha olèh
pangapuraning dosa marga saka pracaya
marang Ingsun, apadéné banjur tampa
warisan ana ing satengahé para kang
wus kasucèkaké.
19 Awit saking punika, dhuh, Raja
Agripa, kula mboten naté mboten
mbangun miturut dhateng wahyu saking
swarga punika.
20 Nanging ing sakawit kula martosaken
dhateng tiyang-tiyang Yahudi ing
Damsyik, ing Yérusalèm saha ing
tanah Yudéa sadaya, tuwin ugi dhateng
bangsa-bangsa sanès, bilih kedah sami
mratobat lan ngabekti dhumateng
Allah, punapadéné lajeng nglampahi
pandamel-pandamel ingkang laras
kaliyan pamratobat wau.
21 Inggih margi saking punika tiyang-
tiyang Yahudi lajeng sami nangkep
kula wonten ing Padaleman Suci saha
ngangkah pejah kula.

22 Nanging margi saking pitulunganipun
Allah, kula saged gesang ngantos dumugi
samangké sarta saged nglairaken paseksi
dhateng tiyang-tiyang alit saha dhateng
para pangageng. Wondéné ingkang
kula wartosaken punika mboten sanès
kajawi ingkang sadèrèngipun sampun
kawartosaken déning para nabi lan ugi
déning Musa,
23 inggih punika, bilih Mesias
kedah nandhang sangsara saha
Panjenenganipun punika ingkang
rumiyin piyambak badhé wungu
saking antawisipun tiyang pejah, saha
Panjenenganipun badhé martosaken
pepadhang dhateng bangsa punika saha
dhateng bangsa-bangsa sanès."
24 Bareng Paulus ngaturaké bab iku
mau kabèh minangka panjawab, Féstus
banjur ngandika kalawan sora, "Kowé
iku gendheng, Paulus! Kawruhmu kang
akèh iku njalari kowé dadi édan."
25 Nanging Paulus nuli matur, "Kula
mboten gendheng, dhuh, Féstus ingkang
minulya! Kawula ngaturaken kasunyatan
kalayan pikiran ingkang saras!
26 Raja Agripa ugi nguningani prakawis
punika sadaya, awit saking punika kula

kalayan tatag saha tanpa tèdhèng aling-
aling matur wonten ing ngarsanipun.
Kula yakin, bilih sadaya punika mboten
wonten satunggal kémawon ingkang
dèrèng naté kapirengaken, awit prakawis
punika mboten kalampahan wonten ing
panggénan ingkang kepencil.
27 Punapa panjenengan, dhuh, Raja
Agripa, pitados dhateng para nabi? Kula
sumerep, bilih panjenengan pitados."
28 Paring wangsulané Raja Agripa, "Mèh
baé kowé ngyakinaké aku supaya dadi
wong Kristen!"
29 Unjuké Paulus, "Kula badhé ndedonga
dhateng Allah, supados mboten namung
panjenengan kémawon, nanging ugi
tiyang-tiyang sanès ingkang wonten
ngriki saha mirengaken atur kula
punika, énggal utawi dangu, sami dados
kadosdéné kula, kajawi blenggu punika."
30 Raja, Gubernur tuwin Bèrniké lan
wong kabèh kang padha lenggah banjur
padha jumeneng.
31 Nalika miyos, padha reraosan,
"Tiyang punika mboten nglampahi
pandamel ingkang kénging kaukum
pejah utawi paukuman kunjara."

32 Agripa ngandika marang Féstus,
"Tiyang punika sajatosipun sampun
saged luwar, upami mboten minggah
bandhing dhateng Kaisar."

27 1 Bareng wus diputus, aku kabèh
bakal lelayaran menyang Italia,
Paulus lan wong tahanan liyané sawatara
dipasrahaké marang opsir wadyabalané
Kaisar, jenengé Yulius.
2 Aku padha nunggang kapal saka
palabuhan Adramitium, kang bakal
lelayaran menyang palabuhan-
palabuhan ing sauruting pesisiré Asia,
tumuli padha mangkat. Aristarkhus,
wong Makédonia saka Tésalonika,
mbarengi lakuku.
3 Ésuké mampir ing Sidon.
Pangrengkuhé Yulius marang Paulus
becik, mulané dililani nemoni para
mitrané, supaya padha nyukupi
kabutuhané.
4 Sarèhné nampek angin, anggonku
padha lelayaran saka ing kono mlipir ing
pesisiring pulo Siprus,
5 banjur nrajang sagara ing sangareping
Kilikia lan Pamfilia, nuli padha tekan Mira
ing wilayah Likia.

6 Ana ing kono, opsir mrangguli kapal
saka Alèksandria, kang arep lelayaran
menyang Italia. Aku kabèh padha
dipindhah mrono.
7 Nganti pirang-pirang dina anggonku
padha lelayaran mèh ora bisa maju,
sarta kalawan rekasa banget anggonku
padha bisa nyedhaki Knidus. Sarèhné
anginé terus baé nampek, aku kabèh
mlipir ing pesisiré pulo Kréta, ngliwati
tanjung Salmoné.
8 Kalawan rekasa banget anggonku
ngliwati tanjung mau, tumuli tekan
panggonan, kang aran Palabuhan Éndah,
ing sacedhaké kutha Laséa.
9 Nalika samana wus akèh wektu kang
muspra. Wektu puwasa wus kliwat,
mulané menawa mbacutaké anggonku
padha lelayaran mbebayani. Awit saka
iku Paulus nuli ngèngetaké marang wong
kabèh, pangandikané,
10 "Para Sadhèrèk, saking pangraos
kula, anggèn kita sami lelayaran punika
badhé manggih alangan kathah saha
badhé kapitunèn ageng, mboten namung
baita samomotanipun kémawon, nanging
dalasan gesang kita pisan."

11 Éwadéné opsir mau luwih ngandel
marang juru-mudhi lan nakodha
tinimbang karo pangandikané Paulus.
12 Sarèhné palabuhan iku ora kapénak
kanggo labuh ing mangsa adhem,
mulané wong-wong mau kang akèh
padha sarujuk, menawa mbacutaké
laku lan mbudidaya bisané tekan kutha
Féniks, sarta banjur lèrèn ana ing kono
sajroné mangsa adhem iku. Kutha Féniks
iku sawenèhing palabuhané pulo Kréta,
kang adhepé ngidul ngulon lan ngalor
ngulon.
13 Ing nalika iku ana angin sumilir saka
kidul, mulané wong-wong padha ngira,
yèn sedyané mesthi bakal kaleksanan.
Banjur padha mbedhol jangkar lan layar
mlipir cedhak banget karo pulo Kréta.
14 Nanging ora antara suwé nuli ana
prahara saka pulo iku, kang diarani
angin "Lor-Wétan".
15 Kapalé kabuncang lan ora bisa
nahan tumempuhing angin saka ngarep.
Mulané aku kabèh banjur pasrah manut
ing salakuné angin.
16 Wasana aku padha kéntir tekan
pasisiring pulo cilik kang aran Kauda;

ana ing kono kalawan rekasa anggonku
padha bisa nggondhèli sekocining kapal.
17 Bareng sekoci mau diunggahaké ing
kapal, wong-wong padha masang piranti
kanggo nylametaké kapalé srana diubedi
tali. Sarèhné sumelang menawa kapalé
bakal kandhas ing dhasar pasir Sirtis,
layaré nuli diudhunaké lan banjur ngèli
baé manut salakuné angin.
18 Sarèhné banget anggonku padha
katempuh ing prahara, mulané ésuké
wong-wong padha wiwit mbuwangi
momotaning kapal menyang sagara.
19 Ing telung dinané padha mbuwangi
dhéwé pirantining kapal.
20 Bareng nganti sawatara dina
srengéngé utawa lintang-lintang ora
katon sarta tansah kaancam ing angin
prahara kang nggegirisi, aku kabèh
wus ora duwé pangarep-arep yèn bakal
slamet.
21 Lan sarèhné wong-wong wus suwé
anggoné padha ora mangan, Paulus
tumuli jumeneng ana ing satengahé
sarta ngandika, "Para Sadhèrèk, manawi
sami ndhahar atur kula, supados mboten
lelayaran saking pulo Kréta, kita tamtu

mboten ngraosaken kasisahan saha
mboten kapitunan makaten punika!
22 Éwadéné sapunika ing salebeting
kasangsaran punika, keparenga kula
ngaturi pamrayogi, sami kula aturi tatag
kémawon ing salebeting panggalih,
amargi panunggilan panjenengan
satunggal kémawon mboten wonten
ingkang badhé tiwas, kajawi namung
baitanipun.
23 Awit kala wau dalu wonten
malaékating Allah, inggih punika Allah,
ingkang kula sembah tuwin ingkang
ndarbèni kula, jumeneng wonten ing
sandhing kula
24 sarta ngandika: Aja wedi, Paulus!
Kowé kudu sowan marang ngarsané
Kaisar lan sanyatané marga sih-
rahmating Allah, wong kabèh kang
bebarengan karo kowé ana ing kapal iki
bakal padha slamet, marga bareng karo
kowé.
25 Milanipun dipun tatag kémawon
panggalih panjenengan, para Sadhèrèk!
Awit kula pitados dhateng Allah, bilih
sadaya tamtu badhé kalampahan, kados
ingkang kapangandikakaken dhateng
kula wau.

26 Ananging kula sadaya kedah
ngandhasaken kapal punika wonten ing
salah satunggaling pulo."
27 Ing benginé kang kaping patbelas
aku kabèh isih terus diontang-antingaké
ana ing sagara Adria. Nanging bareng
tengah wengi wong-wong kapal padha
krasa, yèn wus cedhak karo dharatan.
28 Banjur ngukur jeroné banyu sagara
nganggo bandhul jajagan, tinemu
kira-kira patang puluh meter. Bareng
wus maju sawatara, nuli njajagi manèh,
tinemu kira-kira telung puluh meter.
29 Sarèhné aku kabèh sumelang, yèn
bakal kandhas ing salah sawijining
karang, mulané wong-wong padha
mbuwangi jangkar papat kang ana ing
buritan sarta aku padha ngarep-arep,
muga-muga énggal ésuk.
30 Nanging wong-wong kapal padha
sumedya minggat saka kapalé, sarta
padha ngudhunaké sekoci, éthok-éthok
arep mbuwangi jangkar saka ing ngarep.
31 Mulané Paulus banjur matur marang
opsir lan para prajurit, "Manawi tiyang-
tiyang punika mboten tetep wonten
ing kapal, panjenengan sadaya mboten
badhé wilujeng."

32 Para prajurit banjur ngethoki talining
sekoci, tumuli diceguraké.
33 Bareng wus ngarepaké raina, Paulus
ngajak wong kabèh, padha didhawuhi
mangan, pangandikané, "Sampun
kawan welas dinten dangunipun anggèn
panjenengan sami ngantos-antos
kémawon, nahan luwé mboten dhahar
punapa-punapa.
34 Pramila kula ngaturi pamrayogi, sami
karsaa dhahar rumiyin. Bab punika prelu
kanggé kawilujengan panjenengan. Ing
antawis panjenengan mboten wonten
satunggal kémawon ingkang badhé
kécalan rambuting sirahipun sanadyan
namung saeler kémawon."
35 Sawusé ngandika mangkono,
panjenengané nuli mundhut roti, lan
sawusé saos sokur marang Allah ana
ing ngarepé wong akèh, rotiné banjur
dicuwil-cuwil sarta wiwit dhahar.
36 Wong kabèh banjur padha lejar atiné
pulih semangaté, lan iya banjur padha
mangan.
37 Gunggungku kabèh kang ana ing
kapal iku ana rong atus pitung puluh
enem.

38 Sawusé padha wareg, momotan
gandum padha dibuwangi menyang
sagara, supaya kapalé dadi ènthèng.
39 Lan bareng wus awan, wong-wong
padha ndeleng teluk kang pesisiré
warata. Sanadyan padha durung tau
weruh dharatan ing kono, éwasamono
banjur netepaké bisané ngandhasaké
kapalé ana ing kono.
40 Tali-talining jangkar dikethoki,
jangkaré padha ditinggal ana ing
dhasaring sagara. Tali-tali kemudhi
padha diuculi, banjur masang layar
panampek, supaya angin bisa nyurung
kapalé menyang pesisir.
41 Nanging banjur nabrak wedhi
dhasaré sagara, temahan kapalé
kandhas. Pérangan kang ngarep ambles
ora bisa obah, déné kang buri remuk
marga saka panempuhing alun kang
nggegirisi.
42 Nalika samana para prajurit sedyané
arep matèni pasakitan kabèh, supaya ora
ana siji-sijia kang bisa nglangi minggat.
43 Nanging opsire kepéngin milujengaké
Paulus. Mulané niyaté para prajurit
mau digagalaké sarta préntah, supaya
wong-wong kang bisa nglangi padha

ndhisiki nyegur ing sagara lan munggah
ing dharatan,
44 déné wong-wong liyané nusul
migunakaké blabag utawa remukané
kapal. Dadiné wong kabèh mau padha
bisa munggah ing dharatan kanthi
slamet.

28 1 Bareng aku kabèh wus tekan
pasisir kanthi slamet, aku lagi
padha ngerti, yèn dharatan iku pulo
Malta.
2 Pendhudhuk pribumi ing pulo kono
becik banget tangkepé marang aku
kabèh. Padha gawé bedhiyang gedhé
sarta banjur ngajak aku kabèh mrono,
jalaran wus wiwit udan, lan hawané
adhem.
3 Nalika Paulus mundhut kayu garing
sabongkok lan ditumpangaké ing geni
mau, ana ula mandi kang metu, amarga
saka panasé.
4 Bareng wong-wong padha ndeleng
ula kumlawèr kanthil ing astané Paulus,
banjur padha rerasanan, "Wong iki
mesthi wong kang dosa pati, sabab
sanadyan wis bisa oncat saka bebaya ing
sagara, Déwi Kaadilan ora marengaké
lestari urip."

5 Nanging Paulus nuli ngipataké ula
mau menyang geni, déné panjenengané
babar pisan ora apa-apa.
6 Éwadéné wong-wong padha ngira, yèn
bakal abuh utawa bakal séda sanalika
iku uga. Nanging dientèni nganti suwé,
padha weruh, yèn panjenengané ora
apa-apa, satemah mbalik panemuné,
ngarani yèn Paulus iku déwa.
7 Ora adoh saka ing panggonan
kono ana palemahan, kagungané
panggedhéné pulo iku, asmané Publius.
Panjenengané nampani lan paring
pamondhokan marang aku kabèh lawasé
telung dina kanthi sumanak.
8 Kacarita nalika samana ramané
Publius saréan baé marga gerah bentèr
lan désèntri. Paulus banjur tindak
lumebet ing kamaré nuli ndedonga sarta
banjur numpangaké astané ing sarirané,
satemah dadi saras.
9 Sawisé lelakon kang mangkono iku,
wong-wong lara liyané ing pulo kono
padha sowan, lan iya padha disarasaké.
10 Awit saka iku wong-wong mau banget
anggoné padha ngajèni marang aku
kabèh sarta bareng aku padha mangkat,
padha nyangoni apa sakabutuhanku.

11 Sawusé telung sasi, aku padha
mangkat saka kono, nunggang kapal
saka Alèksandria kang sajroné mangsa
bedhidhing labuh ana ing pulo kono.
Kapal mau nganggo lambang Dioskuri.
12 Aku padha mampir ing kutha Sirakusa
lan lèrèn ana ing kono telung dina.
13 Saka ing kono banjur lelayaran turut
pesisir, nuli tekan Regium. Sadinané
manèh banjur ana angin saka kidul lan
ing dina kapindhoné padha tekan Putioli.
14 Ana ing kono kepanggih karo para
sadulur tunggal pracaya, banjur diaturi
nginep pitung dina. Sawisé mangkono
nuli bidhal menyang Roma.
15 Para Sadulur tunggal pracaya ing
kono wis padha krungu warta bab tekaku
kabèh, banjur padha methuk nganti
tekan papan kang aran Forum Apius
lan Très Tabérné. Bareng Paulus mirsa
para Sadulur mau, banjur ngunjukaké
panuwun marang Allah sarta iku
ndadosaké santosaning panggalihé.
16 Bareng aku wis padha tekan Roma,
Paulus diparengaké dedalem piyambak
karo prajurit siji kang ngawal.
17 Sawusé telung dina Paulus ngaturi
rawuh para panggedhéning bangsa

Yahudi lan bareng wus padha nglumpuk,
banjur dingandikani mangkéné, "Para
Sadhèrèk, sanadyan kula mboten
kalepatan dhateng bangsa kita utawi
dhateng adat utawi tata caranipun para
leluhur kita, éwadéné kula dipun tangkep
wonten ing kitha Yérusalèm saha lajeng
dipun pasrahaken dhateng tiyang Roma.
18 Sareng kula sampun kapriksa, sami
sumedya ngluwari, amargi mboten
wonten kalepatan kula satunggal
kémawon, ingkang pantes kapatrapan
paukuman pejah.
19 Ananging tiyang-tiyang Yahudi sami
mabeni, mila kula lajeng kapeksa
minggah bandhing dhateng Kaisar,
nanging mboten kanthi sedya badhé
nggigat bangsa kita.
20 Pramila kula lajeng ngaturi rawuh
panjenengan sadaya prelu badhé
pirembagan, amargi saking pangajeng-
ajengipun bangsa Israèl punika kula
lajeng karanté."
21 Nanging banjur padha mangsuli,
"Kula mboten sami tampi serat-serat
saking tanah Yudéa bab panjenengan,
punapa déné inggih mboten wonten
satunggal kémawon saking sadhèrèk-

sadhèrèk kita ingkang mriki martosaken
bab ingkang awon tumrap panjenengan.
22 Nanging kula sami kepéngin mireng
saking panjenengan, kadospundi
pamanggih panjenengan, awit kula sami
sumerep, bilih aliran punika wonten ing
pundi-pundi dipun lawan."
23 Banjur padha namtokaké dinané.
Ing dina kang wus katamtokaké iku,
ana wong akèh padha teka ing dalem
pondhokané Paulus. Panjenengane
nuli paring katrangan lan paseksi bab
Kratoning Allah sarta ngyakinaké bab
Yésus adhedhasar angger-anggeré Musa
lan kitabé para nabi. Pamulangé wiwit
ésuk nganti soré.
24 Ana kang banjur padha nganggep
marang pangandikané, nanging iya ana
kang tetep ora pracaya.
25 Banjur padha bubar tanpa mupakat
ing panemu. Nanging Paulus isih
ngandikakaké saprakara iki, kang
mangkéné, "Saèstu kasinggihan
pangandikanipun Roh Suci lumantar Nabi
Yésaya dhateng leluhur kita, suraosipun:
26 Sira maranana bangsa iki lan tutura:
Sira bakal padha krungu lan krungu
manèh, nanging ora mangerti, bakal

ndeleng lan ndeleng manèh, nanging ora
sumurup.
27 Sabab atiné bangsa iki ndableg, lan
kupingé wus dadi budheg, tuwin mripaté
padha dieremaké; supaya aja nganti
ndeleng lan kupingé aja nganti krungu
tuwin atiné aja nganti ngerti banjur
mratobat temah sunwarasaké.
28 Pramila kauningana, bilih
kawilujengan ingkang saking Allah
punika lajeng kaparingaken dhateng
bangsa-bangsa sanès ingkang sami
purun mirengaken."
29 [Sawisé Paulus ngandika mangkono,
wong Yahudi banjur padha bubar
kalawan akèh béda-bédaning panemu.]
30 Kacarita Paulus nganti genep rong
taun anggoné manggèn ana ing dalem
kang diséwa piyambak. Wong kabèh
kang sowan padha ditampi.
31 Panjenengané martakaké Kratoning
Allah lan mulang bab Gusti Yésus Kristus
kalawan terang-terangan sarta ora ana
kang mambengi.

Roma

1 [1] Saka Paulus, abdiné Kristus Yésus,
kang katimbalan dadi rasul, kapiji
nggelaraké Injilé Allah,
[2] Injil iku wus kaprasetyakaké lantaran
para nabi kaya kang katulis ing
kitab-kitab suci,
[3] bab Sang Putra, kang cara kadagingan
mijil saka tedhaké Daud,
[4] lan miturut Rohing kasucèn
Panjenengané iku Putrané Allah, katitik
ana ing wunguné saka ing antarané
wong mati, yaiku Yésus Kristus, Gusti
kita.
[5] Lantaran Panjenengané, aku padha
nampa sih-rahmat sarta kalenggahan
rasul marga asmané, kadhawuhan
nuntun marang sakèhing bangsa kang
ora wanuh marang Allah, supaya padha
pracaya lan mbangun-turut.
[6] Kowé uga padha klebu ing antarané
wong-wong mau, kowé kang wus padha
katimbalan dadi kagungané Yésus
Kristus,

7 marang para Sadulur kabèh kang
manggon ing Roma, kang padha
ditresnani déning Allah, kang katimbalan
lan kadadèkaké para suci. Sih-rahmat
anaa ing kowé kabèh lan tentrem-rahayu
saka Allah, Rama kita lan saka Gusti
Yésus Kristus.
8 Kang kapisan, aku saos sokur marang
Allahku marga déning Yésus Kristus ing
ngatasé kowé kabèh, awit kabar bab
pracayamu wus sumebar ing saindenging
jagat.
9 Sabab Allah, kang dakladosi
kanthi gumolonging atiku ing sajroné
martakaké Injil bab Sang Putra, iku
kang dadi seksiku menawa ing sajroné
pandongaku, aku tansah ngèlingi
marang kowé:
10 Aku ndedonga, muga-muga marga
saka karsané Allah, ing wekasané aku
bisa olèh wewengan niliki kowé kabèh.
11 Awit aku kepéngin banget ketemu
kowé, saprelu andum ganjaran
kasukman, supaya kowé padha
dikuwataké,
12 yaiku, supaya aku ana ing antaramu
lan mèlu kalipur déning pracaya kita,

aku déning pracayamu, lan kowé déning
pracayaku.
13 Para Sadulur, karepku supaya kowé
padha mangerti, yèn aku wis kerep
duwé niyat niliki kowé -- nanging nganti
sapréné tansah ana alangan -- supaya
ana ing tengah-tengahmu aku bisa nemu
wohé, padha kaya ana ing satengahing
para bangsa kang ora wanuh marang
Allah.
14 Aku kapotangan budi marang
wong Yunani, mangkono uga marang
bangsa-bangsa kang ora wanuh marang
Allah, wong wasis lan wong bodho.
15 Iya kang mangkono iku, kang njalari
aku uga kepéngin martakaké Injil
marang kowé kang padha manggon ing
Roma.
16 Sabab aku ora isin mungguhing Injil,
awit Injil iku kakiyatané Allah kang
njalari kaslametané saben wong kang
pracaya, wiwitané wong Yahudi, nanging
uga wong Yunani.
17 Sabab ing kono kapratélakaké
anggoné Allah mbeneraké, kang metu
saka ing pracaya lan nuntun marang
pracaya, kaya kang katulis, surasane,

"Wong kang kabeneraké marga saka
pracayané, bakal urip."
18 Sabab bebenduné Allah wis
kawedharaké saka ing swarga tumrap
sarupaning duraka lan pialaning
manungsa kang nindhes prakara kang
bener marga déning pialané.
19 Awit kang disumurupi mungguhing
Allah iku wis cetha tumrap wong-wong
mau, jalaran Allah wis mratélakaké
marang wong-wong mau.
20 Awitdéné kawontenané Allah kang ora
katon, yaiku kakiyatané kang langgeng
sarta kaallahané, bisa katon lan
dimangertèni, saka ing pakaryané, wiwit
dumadiné jagat, satemah wong-wong
mau padha ora bisa sélak.
21 Amarga sanadyan padha mangerti
marang Allah, wong-wong mau ora
padha ngluhuraké Panjenengané kang
jumeneng Allah, utawa ora padha saos
sokur marang Panjenengané. Nanging
pangangen-angené dadi padha tanpa
guna, lan atiné kang bodho padha dadi
peteng.
22 Wong-wong mau padha rumangsa
pinter, nanging satemené bodho.

23 Kamulyané Allah kang langgeng
dilironi wewujudan kang mèmper
manungsa kang ora langgeng, manuk-
manuk, kéwan-kéwan sikil papat, utawa
kang rumangkang.
24 Mulané Allah banjur nguja
pepénginaning atiné kang jember,
satemah badané dianggo jember-
jinemberan.
25 Wong-wong iku iya padha nglironi
prakara kang bener mungguhing
Allah sarana apus-apus, sarta padha
memuji lan ngabekti marang titah
kanthi nglalèkaké kang nitahaké, kang
mesthiné pinuji-puji ing salawas-lawasé,
Amin.
26 Mulané Allah nguja wong-wong mau
padha nuruti hawa-napsuné kang nistha,
sabab kang wadon padha ora awor turu
salumrahé karo bojoné, nanging padha
nyulayani kodrat.
27 Mangkono uga kang lanang, padha
ninggal patrap sapaturon kang lumrah
karo kang wadon, nanging klawan
ati kang ngangah-angah tanpa isin
nindakaké iku karo pepadhané wong
lanang, satemah wong-wong iku padha

nampani piwales kang mruwat karo durakané.
28 Dadi sarèhné padha rumangsa ora prelu ngakoni Allah, mulané Allah nguja wong-wong mau marang pangangen-angen kang nistha, satemah padha nindakaké patrap kang ora patut,
29 kebak ing sarupané kadurakan, kadursilan, kasrakahan, piala, kebak drengki, gawé pati, tukar padu, culika sarta pikiran ala.
30 Padha seneng misuh, mitenah, sengit marang Allah, kurang ajar, gumunggung, umuk, julig, ora mbangun-turut marang wong tuwa,
31 tanpa budi, ora setya, ora welasan, tegelan.
32 Sabab sanadyan padha mangerti marang pepundhutaning angger-anggeré Allah, yaiku yèn saben wong kang padha nglakoni kaya mangkono mau pantes kaukum pati, wong-wong mau malah ora mung nglakoni dhéwé, nanging iya nyarujuki marang kang padha nglakoni mangkono.

2 1 Mulané, hé manungsa, sapa baé kang ngadili wong liya, kowé dhéwé ora duwé dhasar kanggo mbélani

awakmu dhéwé. Awit sarana kowé
ngadili wong, kowé ngadili awakmu
dhéwé, amarga kowé kang ngadili wong
iku, kalakuanmu dhéwé iya mangkono.
2 Kita rak padha mangerti yèn
paukumané Allah iku tumindhaké kanthi
adil ing atasé sapa baé kang nglakoni
mangkono.
3 Déné kowé, hé manungsa kang ngadili
wong kang tumindak mangkono mau,
mangka kowé dhéwé uga nglakoni, apa
kowé ngira, yèn kowé bakal luput saka
ing paukumané Allah?
4 Apa kowé arep ngrèmèhaké lubèring
kamirahan sarta sabar-sarèhé Allah?
Apa kowé ora mangerti menawa
kamirahané Allah iku nuntun kowé
marang pamratobat?
5 Nanging marga saka wangkoting
atimu kang ora gelem mratobat
iku, dadiné kowé numpuk bebendu
tumrap awakmu dhéwé, nganti tumeka
ing dinané kababaring bebendu lan
paukumané Allah kang adil,
6 Panjenengané bakal males marang
saben wong miturut panggawéné,
7 yaiku urip langgeng tumrap wong
kang taberi nglakoni panggawé becik,

tansah ngupaya kamulyan, lan kaluhuran
sarta prakara kang ora bisa sirna,
8 nanging wong kang mburu
kapentingané dhéwé, ora mbangun-turut
marang apa kang bener, rumaket ing
duraka, iku bakal padha nampa deduka
lan bebendu.
9 Panandhang lan kasangsaran bakal
tumama marang saben wong kang
nindakaké piala, wiwitané wong Yahudi,
samono uga wong Yunani,
10 nanging kamulyan, kaluhuran lan
tentrem-rahayu bakal kaparingaké
marang wong kabèh kang nindakaké
kabecikan, wiwitané wong Yahudi,
mangkono uga wong Yunani.
11 Sabab Allah ora pilih-kasih.
12 Awit sakèhing wong kang gawé dosa
tanpa angger-anggering Torèt iku bakal
padha sirna iya klawan tanpa angger-
anggering Torèt; lan sakèhing wong
kang gawé dosa ing sajroning kawengku
ing angger-anggering Torèt, iku bakal
padha diadili sarana angger-anggering
Torèt.
13 Amarga wong kang bener ana
ing ngarsané Allah iku dudu kang
ngrungokaké angger-anggering Torèt,

nanging kang netepi angger-anggering
Torèt.
14 Menawa bangsa-bangsa liya kang
ora nduwèni angger-anggering Torèt
marga saka naluriné nglakoni apa
kang kamot ing angger-anggering
Torèt, iya wong-wong iku mau kang
dadi angger-anggering Torèt tumrap
awaké dhéwé, sanadyan ora nduwèni
angger-anggering Torèt.
15 Kang mangkono iku, wong-wong
mau padha nélakaké, menawa pepakoné
angger-angger wus katulis ana ing
atiné lan swaraning atiné mèlu neksèni,
sarta pangangen-angené padha genti
ngluputaké utawa genti mbeneraké.
16 Bab iku bakal tetéla ing dina
samangsa Allah lantaran Kristus Yésus
ngadili manungsa, cocog karo Injil kang
dakwartakaké.
17 Nanging menawa kowé iku nyebut
awakmu dhéwé wong Yahudi, sarta
ngandelaké marang angger-anggering
Torèt, apadéné ngegungaké Allah,
18 sarta mangerti kang dadi karsané, lan
marga kawulang ing angger-anggering
Torèt, bisa mbédakaké endi kang becik
sarta endi kang ala,

19 lan menawa kowé yakin, yèn
kowé iku dadi panuntuné wong wuta,
sarta pepadhangé wong kang ana ing
pepeteng,
20 panggulawenthahé wong bodho,
guruné wong kang durung diwasa;
marga ana ing angger-anggering Torèt
iku, kowé kadunungan wujuding kawruh
sarta kayektèn.
21 Banjur kepriyé mungguhing kowé,
kang mulang wong liya, apa kowé ora
mulang awakmu dhéwé? Kowé kang
mulang: "Aja nyolong," yagéné kowé
dhéwé kok nyolong?
22 Kowé kang kandha: Aja laku
bédhang, yagéné kowé dhéwé kok laku
bédhang? Kowé kang gething marang
brahala, yagéné kowé dhéwé kok malah
njarah rayah papan brahala?
23 Kowé kang ngegungaké angger-
anggering Torèt, yagéné kowé kok
malah nyenyamah Allah kalawan nerak
angger-anggering Torèt iku?
24 Kaya kang katulis, surasané,
"Iya marga saka kowé, asmané
Allah dicecamah ana ing antarané
bangsa-bangsa liya."

25 Tetak iku pancèn ana paédahé,
menawa kowé temen-temen netepi
angger-anggering Torèt, nanging
menawa kowé nerak angger-anggering
Torèt, tetakmu iku ora ana gunané
manèh.
26 Dadi menawa wong kang ora tetak
netepi angger-anggering Torèt, apa iku
ora bakal dianggep padha karo wong
kang wus tetak?
27 Yèn mangkono, wong kang ora tetak
nanging netepi angger-anggering Torèt,
iku bakal ngadili kowé kang nduwèni
angger-angger kang katulis lan tetak,
nanging nerak angger-anggering Torèt.
28 Awit kang diarani Yahudi iku dudu
tata-lairé, lan kang diarani tetak kang
sejati iku uga dudu tetak ing tata-lairé.
29 Nanging kang diarani wong Yahudi
sajati iku yaiku kang ora katon Yahudiné,
lan tetak kang sejati iku tetaking ati
yaiku tata karohanèn, dudu tata-lair. Lan
iku olèh pangalembana saka Allah, dudu
saka manungsa.
3 1 Yèn mangkono, apa ta kaluwihané
wong Yahudi, lan apa ta paédahé
tetak iku?

2 Akèh banget lan ing sakèhing prakara,
kang kapisan: Sabab iya marang
wong iku mau pangandikané Allah
dipitayakaké.
3 Dadiné kepriyé, menawa ana ing
antarané wong-wong mau ana kang ora
setya, apa bab anggoné ora setya mau
bisa njalari wurunging prasetyané Allah?
4 Babar pisan ora! Malah kosok-baliné:
Allah iku asipat bener, lan manungsa
kabèh tukang goroh, kaya kang katulis,
surasané "Supados Paduka katitik
manawi leres ing sapangandika Paduka,
saha unggul manawi Paduka dipun adili."
5 Ananging menawa duraka kita iku
nélakaké yèn Allah iku bener, banjur apa
kang bakal padha kita kandhakaké? Apa
Allah iku ora adil yèn ta ngetingalaké
bebenduné? -- Omonganku iki nganggo
cara manungsa. --
6 Mesthi baé ora! Yèn mangkono,
kepriyé Allah anggoné bakal ngadili
jagat?
7 Nanging menawa marga saka gorohku
iku, apa kang bener tumraping Allah
malah sangsaya nglubèraké kaluhurané,
yagéné aku kok isih diadili manèh padha
kaya wong dosa?

[8] Kena apa kita ora kandha, "Payo
kita padha nglakoni panggawé ala baé
supaya tuwuh kang becik saka ing
kono." Pancèn ana pitenahing wong
kang ngandhakaké menawa kita kandha
mangkono. Wong kang kaya mangkono
iku wus samesthiné tampa paukuman.
[9] Banjur kepriyé? Apa kita luwih unggul
katimbang wong liya? Babar pisan ora!
Sabab ing ngarep kita rak wis ndakwa,
menawa wong Yahudi lan wong Yunani
iku kabèh padha nandhang dosa.
[10] Kaya kang wis katulis, surasané, "Ora
ana wong kang bener, siji baé ora ana.
[11] Ora ana wong siji baé kang duwé
pangertèn, ora ana wong siji baé kang
ngupaya Allah.
[12] Wong kabèh padha nylèwèng, kabèh
tanpa guna, ora ana kang gawé becik,
siji baé ora ana.
[13] Gurungé iku kaya kubur menga, ilaté
dianggo mbujuki, lambéné ngemu wisa.
[14] Telaké kebak supata lan ipat-ipat.
[15] Ènthèng sikilé yèn arep ngwutahaké
getih.
[16] Karusakan lan kasirnan didèlèh ana
ing dalané,

17 lan dalaning tentrem-rahayu ora
dimangertèni;
18 padha ora duwé rasa wedi-asih
marang Allah."
19 Nanging kita padha mangerti, yèn
kabèh kang kamot ing kitab Torèt iku
katujokaké marang wong-wong kang
kawengku ing angger-anggering Torèt,
supaya wong kabèh padha kabungkem
telaké, lan sajagat kabèh iki kapatrapan
ing pangadilané Allah.
20 Sabab ora ana wong siji baé kang
kabeneraké ana ing ngarsané Allah
marga saka anggoné netepi angger-
anggering Torèt; awit iya marga saka
angger-anggering Torèt iku wong padha
mangerti dosa.
21 Nanging saiki, tanpa angger-
anggering Torèt, kaya kang
kapratélakaké ing kitab Torèt lan
kitab-kitabé para nabi, apa kang
kabeneraké déning Allah iku wus
kalairaké,
22 yaiku apa kang kabeneraké déning
Allah lantaran pracaya marang Yésus
Kristus, tumrap wong kabèh kang
pracaya, awit ora ana bédané.

23 Marga wong kabèh wus padha gawé
dosa sarta kélangan kamulyaning Allah,
24 lan awit saka sih-rahmaté padha
kabeneraké kanthi lelahanan lantaran
panebusé Kristus Yésus.
25 Panjenengané wus katetepaké déning
Allah dadi sarananing karukunan, awit
saka pangandel marang rahé. Bab
iki katindakaké kagem ngatingalaké
kaadilané, sabab Panjenengané wus
ngèndelaké dosa-dosa kang wus
kapungkur ing wektu kasabarané Allah.
26 Karsané yaiku kagem ngatingalaké
kaadilané ing jaman saiki, supaya tetéla
menawa Panjenengané iku bener, lan
uga mbeneraké wong kang pracaya
marang Yésus.
27 Yèn mangkono, apa kang kena
kanggo dhasar gumunggung? Ora ana.
Banjur dhasaré apa? Apa adhedhasar
panggawé? Ora, nanging adhedhasar
pangandel.
28 Marga kita yakin, yèn manungsa
iku anggoné kabeneraké awit saka
pracaya, ora marga saka anggoné netepi
angger-anggering Torèt.
29 Karomanèh, Allah iku apa mung
dadi Allahé wong Yahudi baé? Apa

Panjenengané iku dudu Allahé
bangsa-bangsa liyané uga? Iya,
bener. Panjenengané uga dadi Allahé
bangsa-bangsa liya.
30 Tegesé, menawa Allah iku pancèn
mung siji, Panjenengané bakal
mbeneraké wong kang padha tetak awit
saka pracaya, lan wong kang padha ora
tetak iya awit saka pracaya.
31 Yèn mangkono, apa aku padha
mbatalaké angger-anggering Torèt
awit saka pracaya? Babar pisan
ora! Kosokbaliné, aku malah padha
njejegaké.
4 1 Yèn mangkono, miturut kita, apa
kang wus katampa déning Abraham,
leluhur kita cara kadagingan?
2 Sabab, menawa Abraham anggoné
kabeneraké marga saka pandamelé,
panjenengané bisa gumunggung,
nanging ora ana ing ngarsané Allah.
3 Sabab apa kang kapratélakaké déning
Kitab Suci?, surasané, "Abraham banjur
kumandel marang Allah, lan iya bab iku
kang ndadèkaké panjenengané kaétang
bener déning Allah."

4 Tumrap wong kang nyambut-gawé
iku, opahé ora kena kaanggep ganjaran,
nanging pancèn haké.
5 Déné tumrap wong kang ora nyambut-
gawé, nanging kumandel marang
Panjenengané kang mbeneraké wong
duraka, kumandelé iku kang kaétung
bener.
6 Kayadéné Daud iya nyebut rahayu
tumrap wong kang kabeneraké déning
Allah ora adhedhasar panggawéné,
7 "Rahayu wong kang padha kaapura
paneraké, lan kang dosa-dosané
kaaling-alingan;
8 rahayu wong kang kaluputané ora
kaétang déning Allah."
9 Pangandika bab rahayu iku apa
kalakoné mung kanggo wong kang tetak
baé, apa iya kanggo kang padha ora
tetak uga? Aku rak wis kandha, menawa
tumrap Abraham iku pracayané kaétang
dadi apa kang bener.
10 Déné anggoné kaétang mangkono
iku genahé kepriyé? Sadurungé apa
sawisé tetak? Ora sawisé tetak, nanging
sadurungé.
11 Pratandha tetak iku ditampani
minangka cap tumrap apa kang bener

adhedhasar pracayané ing sadurungé
tetak. Iya kang mangkono iku anggoné
panjenengané banjur bisa dadi bapa
tumrap para wong pracaya kang ora
tetak, supaya wong-wong iku mau
kabeneraké,
12 lan uga dadi bapa tumrap para wong
kang tetak, yaiku para wong kang ora
mung padha tetak baé, nanging uga
padha napak tilas pracayané Abraham,
leluhur kita, nalikané durung tetak.
13 Sabab janji kang kaparingaké marang
Abraham satedhak-turuné, menawa
bakal marisi jagat, iku ora lantaran
angger-anggering Torèt, nanging
adhedhasar apa kang bener lantaran
pracaya.
14 Awit menawa wong-wong kang
pangarep-arepé adhedhasar angger-
anggering Torèt padha mèlu tampa
panduman kang kaprasetyakaké Allah,
pracaya iku banjur dadi muspra lan
prasetyané dadi batal.
15 Amarga angger-anggering Torèt iku
nekakaké bebendu, nanging menawa
ora ana angger-anggering Torèt, iya ora
ana panerak.

16 Mulané, prasetya iku adhedhasar
pracaya supaya ngetrepi sih-rahmat,
satemah prasetya iku iya kanggo tedhak-
turuné Abraham kabèh, ora mung kang
urip miturut angger-anggering Torèt baé,
nanging uga kang padha urip miturut
pracayané Abraham. Sabab Abraham iku
bapa-leluhur kita kabèh, --
17 iya kaya kang katulisan, surasané,
"Sira iku wis suntetepaké dadi bapa
tumrap sakèhé bangsa," ana ing
ngarsané Allah kang dipracaya, yaiku
Allah kang nguripaké wong mati sarta
kang srana sabdané nitahaké apa kang
ora ana dadi ana.
18 Sabab sanadyan ora ana dhasaring
pangarep-arep, éwasamono Abraham
tetep kagungan pangarep-arep lan
pracaya yèn panjenengané bakal dadi
bapa tumrap sakèhé bangsa, miturut apa
kang wus kapangandikakaké, "Cacahing
turunira bakal dadi samono akèhé."
19 Lan pracayané ora dadi kendho,
sanadyan rumangsa yèn sarirané wus
lungsé, awit yuswané wis watara satus
taun, sarta Sara wus lungsé ing wanci.
20 Éwasamono panjenengané tetep
ngugemi prasetyané Allah, tanpa

mangu-mangu saka ora pracayané,
nanging panjenengané kasantosakaké
ing pracayané, sarta ngluhuraké Allah,
21 kanthi kebak pangandel menawa
Allah mesthi kwaos mujudaké apa kang
wus kaprasetyakaké.
22 Mulané bab iki kaétung dadi prakara
kang mbeneraké.
23 Tetembungan iki, yaiku, "bab iki
kaétung tumrap panjenengané", iku
anggoné katulis ora mung mligi kanggo
Abraham baé,
24 nanging iya katulis kanggo kita
uga; sabab kita bakal kaétung kaya
mangkono uga, awit kita padha
pracaya ing Panjenengané kang wus
ngwungokaké Yésus, Gusti kita, saka ing
antarané wong mati.
25 Yaiku Yésus kang wis kaulungaké awit
saka panerak kita, sarta kawungokaké
supaya kita padha kabeneraké.

5 1 Mulané kita kang wis padha
kabeneraké awit saka pracaya, kita
padha urip kalawan rukun karo Allah
marga déning Gusti kita, Yésus Kristus.
2 Panjenengané iku kang njalari kita
padha olèh dalan kang anjog ing
sih-rahmat marga saka pracaya. Ana ing

sih-rahmat iki dumunung kita sarta kita
bombong sajroning pangarep-arep bakal
tampa kamulyaning Allah.
3 Lan ora mung iku baé. Kita malah
iya padha bombong sajroning sangsara
kita, awit kita padha mangerti menawa
sangsara iku njalari tataging ati,
4 lan tataging ati iku njalari tanggon,
tanggon nukulaké pangarep-arep.
5 Déné pangarep-arep iku mesthi ora
bakal nguciwani, awit sihé Allah wis
kaesokaké ing ati kita déning Roh Suci,
kang wis pinaringaké marang kita.
6 Awitdéné ing nalika kita isih padha
apes, ing wektu kang katemtokaké
déning Allah, Kristus wis nglampahi séda
kanggo kita para wong duraka.
7 Sabab ora gampang wong gelem mati
nglabuhi wong bener -- éwadéné kanggo
wong utama, bisa uga ana wong kang
wani mati. --
8 Nanging Allah wus ngatingalaké sihé
marang kita ing bab iki, nalika kita isih
kawengku déning dosa, Kristus wis
nglampahi séda kanggo kita.
9 Luwih manèh, awit kita saiki wis
padha kabeneraké sarana rahé, mulané

kita mesthi bakal kaslametaké lantaran
Panjenengané saka bebenduning Allah.
10 Sabab, menawa ing nalikané kita
isih padha dadi satru wis karukunaké
karo Allah déning sédané Kang
Putra, méndahané manèh saiki
sawisé karukunaké, mesthi kita bakal
kaslametaké awit saka gesangé.
11 Ora mung iku baé! Kita malah iya
bakal padha ngalembana marang Allah
marga déning Yésus Kristus, Gusti kita,
awit lantaran Panjenengané kita saiki
wus padha oleh pirukun iku.
12 Mulané, padha kaya tekané dosa ing
jagat jalaran saka wong siji, sarta tekané
pati marga saka dosa mau, mangkono
iku pati wus nyrambahi marang wong
kabèh, jalaran wong kabèh mau wis
padha gawé dosa.
13 Sabab sadurungé ana angger-
anggering Torèt ing jagat wus ana dosa.
Nanging dosa mau ora kaétung menawa
ora ana angger-anggering Torèt.
14 Sanadyan mangkono, wiwit jamané
Adam tumekané Musa, pati uga wis
ngwasani wong-wong kang dosané ora
padha karo panerak kang katindakaké
déning Adam, iya iku kang dadi

gegambarané Panjenengané kang bakal
rawuh.
15 Nanging sih-rahmaté Allah iku ora
padha karo paneraké Adam. Sabab,
menawa jalaran saka paneraké wong
siji wong kabèh padha tumiba ing
pangwasaning pati, luwih agung manèh
sih-rahmat sarta peparingé Allah kang
kalubèraké marang wong akèh, kang
marga saka wong siji, yaiku Yésus
Kristus.
16 Lan sih-rahmat iku ora timbang
karo dosané wong siji. Awit pangadilan
tumrap paneraké wong siji iku nekakaké
paukuman, nanging peparingé sih-
rahmat marga saka panerak kang
akèh iku njalari pakaryané Allah kang
mbeneraké.
17 Sabab, yèn marga saka paneraké
wong siji, pati wis ngwasani marga saka
wong siji iku, méndahané manèh wong
kang wis padha nampani kalubèraning
sih-rahmat sarta ganjaran awujud
pakaryané Allah kang mbeneraké,
mesthi bakal urip lan ngwasani marga
déning wong siji, yaiku Yésus Kristus.
18 Dadiné padha kaya panerak siji
nekakaké paukuman marang wong

kabèh, mangkono uga marga saka
panggawéné wong siji kang bener,
njalari wong kabèh padha kabeneraké
supaya urip.
[19] Sabab, padha kaya pambangkangé
wong siji njalari wong kabèh padha
dadi dosa, mangkono uga marga saka
pambangun-turuté wong siji wong kabèh
banjur padha dadi wong bener.
[20] Nanging bareng angger-anggering
Torèt kaparingaké, panerak dadi
saya akèh, menawa dosa saya akèh,
sih-rahmat dadi saya lubèr,
[21] supaya, padha kayadéné dosa
nduwèni pangwasa ing alam pati,
mangkono uga sih-rahmat iya bakal
nduwèni pangwasa kang njalari urip
langgeng marga saka pakaryané Allah
kang mbeneraké, lantaran Yésus Kristus,
Gusti kita.

6 [1] Yèn mangkono, apa kang bakal
kita kandhakaké? Apa kita kepareng
padha ndlarung ing sajroning dosa,
supaya wuwuha gedhéné sih-rahmat?
[2] Babar pisan ora! Kita rak wis mati
tumraping dosa, kepriyé anggon kita isih
padha bisa urip ing sajroning dosa mau?

3 Apa kowé padha ora mangerti, yèn
kita kang wus padha kabaptis ana ing
Kristus Yésus, iku wis padha kabaptis
ana ing sédané?
4 Dadi, kita wus padha ndhèrèk kakubur
kalawan Panjenengané, sarana baptising
pati mau, supaya padha kayadéné
Kristus wus kawungokaké saka ing
antarané wong mati déning kamulyaning
Sang Rama, mangkono uga kita bakal
urip ana ing sajroning urip kang anyar.
5 Sabab yèn kita wis padha nunggal
kalawan apa kang padha karo sédané,
kita iya bakal padha nunggal kalawan
apa kang padha karo wunguné.
6 Amarga kita padha mangerti yèn
kamanungsan kita kang lawas iku wis
ndhèrèk sinalib, supaya si dosa sirna
pangwasané, lan kita padha ora ngawula
marang dosa manèh.
7 Sabab, sapa kang wis mati, iku wis
luwar saka ing dosa.
8 Dadi menawa kita wis padha ndhèrèk
mati karo Kristus kita padha ngandel yèn
iya bakal padha urip karo Panjenengané.
9 Amarga kita padha mangerti, yèn
Kristus sawisé kawungokaké saka ing
antarané wong mati, ora séda manèh:

Pati wis ora ngwasani Panjenengané
manèh.
10 Awit sédané iku, séda tumraping
dosa, mung sapisan kanggo salawasé;
lan gesangé iku gesang lumados marang
Allah.
11 Samono uga anggonmu mawas
iya mangkénéa: Kowé wis padha mati
tumraping dosa, nanging kowé padha
urip lumados marang Allah ana ing
Kristus Yésus.
12 Mulané dosa aja nganti ngwasani
badanmu kang kena ing pati manèh,
supaya kowé aja nganti nuruti
pepénginané.
13 Sarta kowé aja masrahaké
gegelitaning badanmu marang si dosa
kanggo gegamaning kadurakan, nanging
badanmu saosna marang Allah, kaya
wong kang mauné mati, nanging saiki
urip. Sarta gegelitaning badanmu
iku saosna marang Allah, minangka
gegaman kanggo nindakaké apa kang
bener.
14 Sabab dosa ora bakal ngwasani
kowé manèh, marga kowé padha ora
kawengku ing angger-anggering Torèt,
nanging kawengku ing sih-rahmat.

15 Dadiné kepriyé? Apa kita banjur arep
nglakoni dosa marga ora kawengku
ing angger-anggering Torèt, ananging
kawengku ing sih-rahmat? Babar pisan
ora!
16 Apa kowé padha ora mangerti,
menawa kowé masrahaké awakmu
marang sawijining wong dadi abdi kang
mituhu, iku ateges kowé dadi baturé
wong kang kudu kokpituhu, embuh ing
bab dosa kang nggèndèng kowé marang
pati, embuh pamituhu kang nuntun kowé
marang kang bener?
17 Nanging puji sokur marang Allah!
Ing mauné kowé iku dadi baturé dosa,
nanging saiki kanthi gumolonging atimu
kowé wis padha mituhu marang piwulang
kang katerusaké marang kowé.
18 Kowé wis padha kaluwaran saka ing
dosa lan dadi abdining apa kang bener.
19 Bab iki dakpituturaké cara manungsa,
awit kamanungsanmu kang ringkih.
Sabab kayadéné kowé wis masrahaké
gegelitaning badanmu dadi baturing
jejember lan duraka tumuju marang
kadurakan, mangkono uga kowé saiki
kudu masrahaké gegelitaning badanmu

dadi abdining kabeneran kang tumuju
marang kasucèn.
20 Sabab nalika kowé padha dadi
baturing dosa, kowé padha ora
kawengku déning kabeneran.
21 Lan apa pikolèhmu saka iku mau
kabèh kang njalari saiki kowé rumangsa
isin? Wekasané iku kabèh, yaiku pati.
22 Nanging saiki bareng kowé wus
padha kauwalaké saka ing dosa lan
bareng kowé wis padha dadi abdining
Allah, kowé padha ngundhuh woh kang
nuntun kowé marang kasucèn sarta
wekasané iku urip langgeng.
23 Awit pituwasé dosa iku pati, balik
peparingé Allah iku urip langgeng ana
ing Kristus Yésus, Gusti kita.
7 1 Para Sadulur, apa kowé padha ora
mangerti, -- awit aku pitutur marang
kang padha paham ing bab angger-
angger, -- menawa angger-angger iku
ngwasani wong kanggo ing sajegé urip?
2 Sabab wong wadon iku kacencang
déning angger-angger marang somahé,
sasuwéné somahé isih urip, nanging
menawa somahé mati, wong wadon
mau uwal saka ing angger-angger kang
nancang mau.

3 Dadi sajroné somahé isih urip, wong
wadon dianggep laku bédhang yèn dadi
bojoné wong lanang liyané. Nanging
menawa bojoné iku wis mati, wong
wadon mau wis uwal saka angger-
angger, lan ora laku bédhang, menawa
dadi somahé wong lanang liya.
4 Iya kaya mangkono iku, para
Sadulurku, kowé iya wis padha mati
tumrap ing angger-anggering Torèt,
jalaran saka sarirané Kristus, supaya
kowé dadia kagunganing liyan, yaiku
kagungané Panjenengané, kang wis
kawungokaké saka antarané wong mati,
supaya kita padha ngetokaké woh,
kagem Allah.
5 Awit nalika kita isih padha urip ana
ing daging, hawa-napsuning dosa kang
kagugah déning angger-anggering Torèt,
iku makarya ana ing gegelitaning badan
kita, satemah kita padha ngetokaké woh
kanggo si pati,
6 Nanging saiki kita wis kauwalaké saka
ing angger-anggering Torèt, awit kita
wis padha mati tumrap kang mauné
ngunjara kita, satemah saiki kita leladi
ana ing kaanan kang anyar, manut ing

Roh, ora ana ing kaanan lawas manut
ing tulisané angger-anggering Torèt.
7 Yèn mangkono apa sing arep kita
kandhakaké? Apa angger-anggering
Torèt iku dosa? Babar pisan ora! Kosok
baliné, malah marga saka angger-
anggering Torèt iku aku mangerti dosa.
Awit aku uga ora ngerti apa kang diarani
mélik iku, menawa angger-anggering
Torèt ora dhawuh, "Sira aja mélik!"
8 Nanging marga saka pepakon mau,
dosa olèh jalaran kanggo nenangi
sarupaning kamélikan kang ana ing aku,
sabab tanpa angger-anggering Torèt,
dosa iku mati.
9 Biyèn aku iki urip tanpa angger-
anggering Torèt. Nanging satekané
pepakon mau, dosa wiwit urip,
10 balik aku mati. Pepakon kang
mesthiné nuntun marang urip,
tumraping aku malah dadi jalaraning
pati.
11 Awit saka ananing pepakon iku, dosa
olèh jalaran anggoné nasaraké aku,
lan marga saka pepakon iku mau dosa
matèni aku.
12 Dadi angger-anggering Torèt iku suci,
lan pepakon iku iya suci, bener lan becik.

13 Yèn mangkono, apa kang becik iku
kang njalari patiku? Babar pisan ora!
Nanging supaya tetélaa yèn iku mau
si dosa, dosa iku migunakaké kang
becik kanggo nekakaké patiku, satemah
marga saka pepakon mau, wujudé dosa
dadi saya cetha manèh.
14 Sabab kita mangerti, menawa
angger-anggering Torèt iku sipaté rohani,
nanging aku iki asipat kadagingan,
kaedol marang pangwasaning dosa.
15 Sabab apa baé kang daktindakaké
iku, aku dhéwé ora mangerti. Awit
apa kang daktindakaké iku mau dudu
kang dakkarepaké; nanging apa kang
daksengiti, iku kang daktindakaké.
16 Dadi menawa aku nindakaké bab
kang ora dakkarepaké, iku ateges aku
ngakoni yèn angger-anggering Torèt iku
becik.
17 Menawa mangkono dudu aku manèh
kang nindakaké, nanging dosa kang ana
ing sajroning atiku.
18 Sabab aku mangerti, yèn ing aku
iki, yaiku aku cara kadagingan, ora ana
kang becik. Sabab karep nindakaké
kang becik pancèn ana ing aku, nanging
nglakoni apa kang becik, ora.

19 Sabab dudu kang dakkarepaké, yaiku
kang becik, kang daktindakaké, nanging
kang ora dakkarepaké, yaiku kang ala,
kang daktindakaké.
20 Dadi yèn aku nindakaké apa kang ora
dakkarepaké, ateges dudu aku manèh
kang nindakaké, nanging si dosa kang
dumunung ana ing aku.
21 Kang iku, aku nemu wewaton
mangkéné: Menawa aku kepéngin
nindakaké kang becik, kang ala wis
cumepak ana ing aku.
22 Sabab sajroning batinku, aku seneng
marang angger-anggeré Allah,
23 nanging ana ing gegelitaning
badanku weruh ana angger-angger liya
kang cengkah karo angger-anggering
akal-budiku, sarta njalari aku dadi
tawananing angger-anggeré dosa kang
ana ing gegelitaning badanku.
24 Aku iki pancèn wong kang cilaka!
Sapa kang bakal ngluwari aku saka
badan rèh-rèhané pati iki?
25 Puji sokur marang Allah, lantaran
Yésus Kristus, Gusti kita. (7-26) Dadi
sarana akal-budiku, aku ngawula
marang angger-anggeré Allah, nanging

sarana daging aku ngawula marang
angger-anggeré dosa.

8 [1] Kang iku saiki wis ora ana
paukuman manèh tumrap wong kang
padha ana ing Kristus Yésus.
[2] Sabab angger-anggeré Roh kang
paring urip, wis ngluwari kowé kabèh
ana ing Kristus, saka angger-anggering
dosa lan pati.
[3] Awit apa kang ora bisa ditindakaké
déning angger-anggering Torèt jalaran
tanpa daya marga déning daging,
wis katindakaké déning Allah sarana
ngutus Kang Putra piyambak, padha
karo manungsa kang nandhang dosa,
Panjenengané wis matrapi paukuman
tumrap dosa ana ing sajroning daging,
[4] supaya apa kang dadi pangajabé
angger-anggering Torèt katetepana ana
ing kita, kang ora padha urip nuruti
daging, nanging manut marang Roh.
[5] Sabab wong kang urip miturut daging,
iku padha ngangen-angen prakara-
prakara kang saka ing daging; nanging
wong kang uripé manut marang Roh, iku
padha ngangen-angen prakara-prakara
kang saka Roh.

6 Awitdéné pepénginané daging iku
pati, balik pepénginané Roh iku urip lan
tentrem-rahayu.
7 Sabab pepenginaning daging iku
nyatru marang Allah, awit ora cundhuk
marang angger-anggeré Allah, lan
pancèn iya ora bisa.
8 Wong kang urip miturut daging iku ora
bakal ndadèkaké keparengé Allah.
9 Balik kowé iku padha ora urip miturut
daging, nanging miturut Roh, mangkono
iku menawa Rohing Allah pancèn
dedalem ana ing kowé. Nanging sing
sapa ora kadunungan Rohé Kristus,
wong iku dudu kagungané Kristus.
10 Nanging menawa Kristus dedalem
ana ing kowé, sanadyan badan iku mati
marga saka dosa, nanging roh iku urip
awit saka kabeneraké.
11 Menawa Rohé kang wis mungokaké
Yésus saka ing antarané wong mati
iku dedalem ana ing kowé, dadiné
kang wis mungokaké Kristus saka
ing antarané wong mati iku iya bakal
nguripaké badanmu kang kena ing pati
iku, lantaran Roh kang dedalem ana ing
kowé.

12 Mulané para Sadulur, kita iki padha
dadi wong kang kapotangan, nanging
ora marang daging supaya urip nuruti
daging.
13 Sabab menawa urip nuruti daging,
kowé bakal padha mati; nanging
menawa déning Roh kowé matèni
panggawéning badanmu, kowé bakal
padha urip.
14 Sakèhé wong kang katuntun déning
Rohé Allah, iku padha dadi putrané Allah.
15 Awit kowé padha ora nampani rohing
pangawulan kang njalari kowé dadi
wedi manèh, nanging kowé wis padha
nampani Roh kang njalari kowé dadi
putrané Allah. Marga saka Roh iku kita
banjur padha nyebut, "Abba, Rama!"
16 Roh iku neksèni bebarengan karo roh
kita, yèn kita iku para putrané Allah.
17 Déné menawa kita iki dadi putra,
dadi iya ahli waris, tegesé wong kang
padha nduwèni hak nampani prasetyané
Allah, kang bakal katampa bebarengan
karo Kristus, yaiku menawa kita padha
ndhèrèk nandhang sangsara karo
Panjenengané, supaya kita iya ndhèrèk
kamulyakaké bareng karo Panjenengané.

18 Sabab aku yakin, yèn kasangsaraan
ing jaman saiki iku ora kena
katandingaké karo kamulyan kang
bakal kaparingaké marang kita.
19 Sabab kanthi cecengklungen
sakèhing titah anggoné padha nganti-
anti marang wektu kababaré para
putrané Allah.
20 Awit sakèhing titah wis katelukaké
marang prakara-prakara kang tanpa
guna, ora saka karepé dhéwé, nanging
marga saka karsané Panjenengané kang
nelukaké,
21 ananging sajroning pangarep-arep,
marga titah iku dhéwé uga bakal
kaluwaran saka ing pangawulaning
karusakan, lan lumebu marang
kamardikan lan kamulyané para putrané
Allah.
22 Sabab kita padha mangerti, yèn
nganti sapréné sakèhing titah iku
iya padha sesambat lan iya padha
ngrasakaké larané wong kang arep
nglairaké.
23 Ora mung wong-wong iku baé,
nanging kita kang wis kaparingan
Roh minangka ganjaran wiwitan, uga
padha sesambat sajroning ati kalawan

nganti-anti wektuné kaangkat putra,
yaiku pangluwaraning badan kita.
24 Sabab kita padha kaslametaké
ana ing pangarep-arep. Nanging
pangarep-arep kang katon iku dudu
pangarep-arep manèh, marga kepriyé
wong isih ngarep-arep barang kang wis
dideleng?
25 Nanging menawa kita ngarep-arep
marang apa kang ora kita deleng,
anggon kita ngarep-arep iku kalawan
sabar.
26 Mangkono uga Roh iya mbiyantu kita
ing sajroning karingkihan kita; awit kita
ora mangerti kepriyé kuduné anggon
kita ndedonga; nanging Roh piyambak
ngaturaké panyuwun marang Allah,
kanthi pasambat kang ora kaucapaké.
27 Sarta Allah kang nitipriksa sajroning
ati, pirsa karsané Roh, yaiku menawa
Panjenengané nyenyuwun kanggo para
suci, nyondhongi karsané Allah.
28 Saiki kita padha mangerti, yèn Allah
uga makarya ana ing samubarang
kabèh, minangka beciké wong kang
padha tresna marang Panjenengané,
yaiku para kang tinimbalan miturut ing
karsané Allah.

29 Marga wong kabèh kang wis kapilih
saka ing wiwitan déning Panjenengané,
iku iya katamtokaké saka ing wiwitan
dadi madha rupa karo citrané Kang
Putra, supaya Kang Putra iku dadi
pambarep ana ing antarané sadulur
kabèh.
30 Wong-wong kang padha katamtokaké
saka ing wiwitan iku iya padha
katimbalan. Lan kang wus padha
katimbalan, iku iya padha kabeneraké.
Apadéné kang wus kabeneraké, iku iya
padha kamulyakaké.
31 Kang iku apa kang bakal kita
kandhakaké tumrap kabèh mau?
Menawa Allah ana ing pihak kita, sapa
kang bakal nglawan kita?
32 Kang ora ngéman Kang Putra
piyambak, nanging malah nganti
masrahaké Panjenengané kanggo kita
kabèh, apa iya kalakon ora maringaké
samubarang kabèh marang kita bareng
lan Panjenengané?
33 Sapa kang bakal nggugat para
pilihané Allah? Apa Allah kang
mbeneraké wong-wong mau? Sapa kang
bakal matrapi paukuman?

34 Apa Kristus Yésus kang wis séda?
Malah luwih saka iku, apa kang wis
wungu, kang lenggah ana ing satengené
Allah, malah dadi kang mbélani kita?
35 Sapa kang bakal misahaké kita
saka sihé Kristus? Apa panganiaya, apa
kasangsaran, apa panguya-uya, apa
kaluwèn, apa kawudan, apa bebaya, apa
pedhang?
36 Kaya kang wis katulisan, "Margi
saking Paduka, kawula sami wonten
ing salebeting bebaya pejah sadinten
muput, kawula sami kaanggep kados
ménda sembelèhan."
37 Nanging tumrap iku mau kabèh,
kita padha ngluwihi wong-wong kang
menang, lantaran Panjenengané kang
wus ngasihi kita.
38 Sabab aku yakin, menawa pati utawa
urip, para malaékat apa para pangwasa,
kang saiki ana utawa kang bakal ana,
39 apa sakèhing pangwasa kang ana
ing dhuwur utawa ing ngisor, utawa
sawenèhing titah liyané, ora bakal bisa
misahaké kita saka ing sihé Allah, kang
ana ing Kristus Yésus, Gusti kita.
9 1 Aku ngandhakaké apa kang bener
ana ing Kristus, aku ora goroh.

Sabab osiking atiku mèlu neksèni marga
déning Roh Suci,
2 menawa aku nandhang prihatin
banget, lan tansah sedhih.
3 Malah aku saguh nampa ipat-ipat,
sarta kapisah saka Kristus marga para
Sadulurku, golonganing bangsaku cara
daging.
4 Sabab wong-wong kabèh iku wong
Israèl kang wis kaangkat dadi putra
lan wis kaparingan kamulyan tuwin
prajanjian-prajanjian sarta angger-
anggering Torèt, apadéné pangibadah
lan prasetya-prasetya.
5 Wong-wong iku padha tedhak-turuné
para bapa leluhur, kang cara kadagingan
nurunaké Kristus, kang ngungkuli
samubarang kabèh. Panjenengané
iku Allah kang kudu pinuji-puji ing
salawas-lawasé. Amin.
6 Éwadéné pangandikané Allah iku
mokal yèn ta nganti gagal. Awit ora
kabèh wong kang asalé saka Israèl iku
wong Israèl,
7 lan iya ora kabèh kang kagolong
putrané Abraham iku tedhaké Abraham
kang sejati, nanging, "Kang asalé saka
Ishak iku kang bakal kasebut turunira."

8 Tegesé: Dudu anak-anak kang cara
kadagingan kang dadi para putrané
Allah, nanging para anak prasetyan kang
kaétung dadi turun kang sah.
9 Sabab pangandika iku isi prasetya,
mangkéné, "Ing watara pendhak mangsa
iki Ingsun bakal rawuh, sarta Sarah
bakal duwé anak lanang."
10 Malah ora mung iku baé. Kang luwih
cetha manèh yaiku Ribka kang mbobot
saka priya siji, yaiku Ishak, bapa leluhur
kita.
11 Sabab nalika bayi-bayi mau durung
padha lair, lan durung nglakoni
panggawé becik utawa ala, -- supaya
rancangané Allah bab pamilihé tetepa,
ora adhedhasar panggawé nanging
adhedhasar timbalané --
12 dingandikakaké marang Ribka,
mangkéné, "Sing tuwa bakal ngawula
marang sing enom,"
13 iya kaya kang katulis, surasané,
"Yakub sunkasihi, nanging Ésau
sunsengiti."
14 Yèn mangkono, apa kang bakal kita
kandhakaké? Apa Allah ora adil? Mokal!
15 Sabab Panjenengané wis ngandika
marang Musa, mangkéné, "Ingsun

bakal melasi marang sapa baé kang
sunkarsakaké sunwelasi, sarta Ingsun
bakal paring sih-kamirahan marang
sapa baé kang sunkarsakaké sunparingi
sih-kamirahan."
16 Dadi bab iku ora gumantung marang
kareping wong utawa réka-dayaning
wong, nanging gumantung marang
sih-kamirahané Allah.
17 Marga ing Kitab Suci ana pangandika
marang Firaun, mangkéné, "Ya
mangkono iku sababé anggoningsun
ngangkat sira, yaiku supaya Ingsun
bisa ngatingalaké pangwaosingsun ana
ing sira, sarta asmaningsun supaya
kasuwurna ing salumahing bumi."
18 Dadi Panjenengané maringi
sih-piwelas marang sapa baé kang
dikarsakaké, lan Panjenengané
mangkotaké sapa baé kang dikarsakaké.
19 Saiki kowé arep kandha marang aku,
"Yèn mangkono, apa manèh kang isih
kaanggep luput déning Panjenengané?
Sabab sapa kang bisa nglawan karsané?"
20 Nanging, hé manungsa, kowé iku
sapa ta déné kok madoni Allah? Apa iya
bisa ta, kang kagawé kandha marang
kang nggawé, mangkéné, "Yagéné

déné anggonmu gawé aku kok kaya
mangkéné?"
[21] Apa tukang grabah iku ora duwé
wewenang tumrap lempungé; saka
prongkolan kang padha, sapérangan
kagawé barang kang mulya, sapérangan
kagawé barang liyané kang lumrah?
[22] Dadiné, saupama kangggo
ngatingalaké bebendu lan nedahaké
pangwaosé, Allah paring kasabaran kang
gedhé marang wadhahing bebendu, kang
wus kacawisaké marang karusakan,
[23] mangka iku malah kagem
ngatingalaké anggoné sugih kamulyan
marang wadhahing sih-piwelasé, kang
wis kacawisaké marang kamulyan?
[24] Yaiku kita, kang wis padha
katimbalan, ora mung saka ing antarané
wong Yahudi baé, nanging uga saka ing
antarané bangsa-bangsa liya,
[25] kaya kang wus kapangandikakaké
uga ana ing kitab Hoséa, surasané,
"Kang dudu umatingsun bakal sunsebut
umatingsun, lan kang dudu kekasih, iku
sunsebut kekasih."
[26] Lan ing panggonan kang wong-
wongé dipangandikani, "Sira iku dudu
umatingsun," ing kono wong-wong mau

bakal dipangandikani, "Para Putrané
Allah kang gesang."
27 Lan Yésaya nguwuh ing ngatasé
Israel, mangkéné, "Sanadyan Banisraèl
iku cacahé kaya wedhiné sagara,
nanging mung kekarèné baé kang bakal
kaslametaké.
28 Sabab apa kang wus
kapangandikakaké, bakal tumuli
katindakaké déning Pangéran ana ing
bumi, kalawan sampurna lan tumuli."
29 Kaya kang sadurungé wus kaweca
déning Yésaya, mangkéné, "Saupama
Pangéran kang murbèng dumadi ora
nyisakaké turun marang kita, kita
wus dadi kaya Sodom lan padha kaya
Gomora."
30 Yèn mangkono, apa kang bakal
kita kandhakaké? Sanyatané: Bangsa-
bangsa liya kang padha ora ngupaya
apa kang bener, wus padha kabeneraké,
yaiku kabeneraké marga saka pracaya.
31 Nanging: Bangsa Israèl sanadyan
ngupaya apa kang bener lantaran
angger-angger, ora bisa netepi
angger-angger mau.
32 Yagéné kok ora? Sabab bangsa
Israèl anggoné ngupaya ora adhedhasar

pracaya, nanging adhedhasar panggawé.
Bangsa iku padha kasandhung ing watu
sandhungan,
33 kaya kang katulis, surasané, "Lah
ing Sion Ingsun sèlèhi watu tetanggoran
lan watu gedhé kang njalari wong
tiba, lan sapa kang kumandel marang
Panjenengané, ora bakal kawirangan."

10 1 Para Sadulur, kang dadi
pepénginaning atiku lan
pandongaku marang Allah yaiku, supaya
wong-wong mau padha kaslametaké.
2 Amarga aku neksèni, yèn pancèn
padha mempeng anggoné padha
ngabekti marang Allah, nanging tanpa
pangertèn kang bener.
3 Sabab, amarga padha ora mangerti
marang pakaryaning Allah kang
mbeneraké, sarta ngupadi beneré
dhéwé, mulané padha ora sumuyud
marang apa kang bener tumraping Allah.
4 Sabab Kristus iku kang dadi
kawusanané angger-anggering Torèt,
satemah saben wong kang pracaya
banjur kabeneraké.
5 Sabab Musa nyerat apa kang bener
miturut angger-anggering Torèt,
mangkéné, "Sapa kang nglakoni

angger-angger, iku bakal urip marga
saka iku."
6 Nanging apa kang bener awit saka
pracaya, iku uniné mangkéné, "Aja
ngunandika ing sajroning atimu: Sapa
ta kang bakal sumengka menyang
swarga?" yaiku kanggo ngaturi Kristus
tumedhak,
7 utawa, "Sapa ta kang bakal mudhun
menyang teleng-palimenganing pati?"
yaiku: Kanggo nginggahaké Kristus saka
ing antarané wong mati.
8 Nanging kepriyé uniné? Mangkéné,
"Pangandika iku cedhak karo kowé, ana
ing cangkemmu lan ana ing atimu."
Yaiku pangandika bab pracaya, kang
dakwartakaké.
9 Sabab, menawa sarana cangkemmu
kowé ngakoni yèn Yésus iku Gusti,
lan atimu ngandel menawa Allah
wus mungokaké Panjenengané saka
ing antarané wong mati, kowé bakal
kaslametaké.
10 Sabab, sarana ati wong anggoné
pracaya sarta kabeneraké, lan sarana
cangkem wong anggoné ngakoni
pracayané, sarta kaslametaké.

11 Awit Kitab Suci mratélakaké,
mangkéné, "Sapa kang pracaya marang
Panjenengané, ora bakal kawirangan."
12 Sabab wong Yahudi lan wong Yunani
iku ora ana bédané. Awit, Gustiné
wong kabèh, iku sejatiné padha, sarta
lubèr kadarmané marang sadhéngaha
wong kang padha nyebut marang
Panjenengané.
13 Awitdéné, "sapa kang nyebut
asmaning Pangéran bakal kaslametaké."
14 Nanging kepriyé wong bisa nyebut
marang Panjenengané kang durung
dipracaya? Kepriyé wong bisa pracaya
marang Panjenengané, menawa durung
tau krungu bab Panjenengané? Kepriyé
wong bisa krungu bab Panjenengané
menawa ora ana kang martakaké?
15 Lan kapriyé wong bisa martakaké
bab Panjenengané, menawa ora kautus?
Kaya kang katulis, surasané, "Iba
anggoné nyenengaké tekané wong kang
padha nggawa pawarta becik."
16 Ananging ora saben wong padha
nampani pawarta becik iku mau.
Sabab Yésaya matur, mangkéné, "Dhuh
Pangéran, sinten ingkang badhé pitados

dhateng punapa ingkang sami kawula
wartosaken?"
17 Dadiné, pracaya iku thukulé awit
saka apa kang karungu, sarta apa kang
karungu iku marga saka pangandikané
Kristus.
18 Ananging aku takon: Apa wong-wong
iku ora padha krungu? Sejatiné wis
padha krungu, "Swarané wong-wong
kang martakaké wis sumrambah ing
salumahing bumi. Sarta pawartané wis
tekan ing pungkasaning jagat."
19 Nanging aku takon manèh: Apa
kirané Israèl ora mangerti? Wiwitané ana
pangandikané Musa, mangkéné, "Ingsun
bakal ndandèkaké kumèrènira marang
wong-wong kang dudu umat, sarta
ndadèkaké nepsunira marang bangsa
kang bodho."
20 Lan kalawan kendel Yésaya ngandika,
"Ingsun wis marengaké wong kang
ora ngupaya Ingsun padha nemokaké
Ingsun. Ingsun wus ngatingal marang
wong-wong kang ora nakokaké Ingsun."
21 Balik tumrap Israèl pangandikané,
mangkéné, "Sadina muput astaningsun
mulung marang bangsa kang ora
mbangun-turut sarta maido."

11 [1] Kang iku aku takon: Apa
kirané Allah wis nampik umaté?
Babar pisan ora! Awit aku dhéwé iya
wong Israèl trahé Abraham, saka suku
Bényamin.
[2] Allah ora nampik umaté kang
kapilih wiwit biyèn. Apa kowé
padha ora mangerti, apa kang wis
kapangandikakaké ing Kitab Suci bab
Élia, nalika nggugat Israèl ana ing
ngarsané Allah,
[3] "Dhuh Pangéran, para nabi Paduka
sampun sami dipun pejahi, misbyah-
misbyah Paduka sampun dipun
brukaken, namung kawula piyambak
ingkang taksih gesang, mangka tiyang-
tiyang punika sami kepéngin mejahi
kawula."
[4] Nanging kepriyé pangandikané Allah
marang Élia mau? Mangkéné, "Ingsun
isih ngèngèhaké wong pitung èwu kagem
Ingsun, kang ora tau sujud nyembah
marang Baal."
[5] Mangkono uga ing wektu saiki, iya ana
sisa sapantha kang pamilihé adhedhasar
sih-rahmat.
[6] Menawa bab iku kelakoné awit saka
sih-rahmat, dadiné ora marga saka

panggawé manèh, sabab yèn ora
mangkono, kang diarani sih-rahmat iku
dudu sih-rahmat manèh.
7 Dadiné kepriyé? Israèl ora bisa
nggayuh apa kang diupaya, nanging
para wong kang pinilih iku kang bisa
olèh. Déné liyané, atiné wus padha
kawangkotaké,
8 kaya kang katulis, surasané, "Allah
ndadosaké wong-wong mau padha kaya
turu kepati, maringi mripat kang ora
kanggo ndeleng, lan kuping kang ora
kanggo ngrungokaké, nganti tumeka ing
dina iki uga."
9 Apadéné Daud munjuk, "Méja
pakembulanipun dadosa kalajiret lan
pasangan, séla sandhungan, punapadéné
piwales tumrap tiyang-tiyang punika.
10 Saha mripatipun sami kadamela
peteng, satemah sami mboten ningali,
sarta gegeripun kadamela wungkuk ing
salaminipun."
11 Kang iku aku takon: Apa wong mau
anggoné padha kesandhung iku supaya
tiba? Babar pisan ora! Nanging awit saka
paneraké, karahayon banjur tumiba
marang bangsa-bangsa liya, supaya
padha mèri.

12 Awit menawa panerak mau ateges
kasugihan tumraping jagat, lan
kagagalané dadi kasugihané bangsa-
bangsa liya, méndahané manèh
kasampurnané.
13 Aku pitutur marang kowé, hé para
bangsa kang dudu bangsa Yahudi. Iya
marga aku iki dadi rasulé para bangsa
kang dudu bangsa Yahudi, aku nganggep
yèn bab iki dadi kamulyaning anggonku
leladi,
14 yaiku mbokmenawa aku bisa
nuwuhaké rasa mèri ing sajroning
batiné para Sadulurku tunggal bangsa
miturut daging, sarta bisa nylametaké
marang sawatara wong panunggalané
wong-wong iku.
15 Sabab yèn panampiké iku ateges
pirukun tumrap ing jagat, panampané
wong-wong iku apa nduwèni teges liya
kajaba urip saka ing antarané wong
mati?
16 Menawa jladrèn kang sapisanan iku
suci, dadiné jladrèné kabèh uga suci, lan
yèn oyodé suci, pang-pangé uga suci.
17 Mulané, menawa pang-pangé wis ana
sawatara kang dikethoki, lan kowé kang
dadi thukulan alas wis kacangkokaké

minangka gantiné, temahan mèlu olèh
bagéan saka oyodé wit zaitun kang
kebak tlutuh iku,
18 kowé aja padha gumunggung marang
pang-pang iku! Menawa kowé padha
gumunggung, padha diéling, yèn dudu
kowé kang nyangga oyodé, nanging
oyod iku kang nyangga kowé.
19 Bisa uga kowé bakal kandha: Ana
pang kang padha dikethoki, iku supaya
aku kacangkokaké.
20 Iya bener! Anggoné padha dikethoki
iku, awit saka anggoné ora pracaya,
lan kowé bisa jejeg iku mung marga
pracaya. Kowé aja umuk, nanging malah
wedia!
21 Sabab, menawa Allah ora ngéman
marang pang-pang kang asli,
Panjenengané ora bakal ngéman
marang kowé uga.
22 Mulané waspadakna sih-kamirahané
Allah, nanging uga pandamelé kang
keras, yaiku pandamelé kang keras
tumrap wong kang wis padha tiba,
nanging kamirahané tumrap kowé,
samono iku menawa kowé tetep ana
ing kamirahané, menawa ora, kowé iya
bakal padha kapagas uga.

23 Nanging pang kang wis padha
kapagas mau uga bakal kacangkokaké,
menawa ora puguh anggoné ora
pracaya, jalaran Allah kagungan
pangwasa nyangkokaké iku manèh.
24 Sabab menawa kowé kang dadi pangé
wit zaitun alas wis padha kakethok,
lan cengkah karo kaananmu iku, kowé
wis padha kacangkokaké ing wit zaitun
sejati, méndahané manèh pang-pang
kang asli, mesthi bakal kacangkokaké
ing wit zaitun asliné dhéwé.
25 Para Sadulur, supaya kowé aja padha
rumangsa pinter, karepku kowé padha
mangertia wewadi iki: Wong Israèl
iku sapérangan padha mangkotaké
atiné, nganti tekan ganeping cacahé
wong-wong saka bangsa-bangsa liyané
kang sowan marang Allah.
26 Kanthi patrap kang mangkono,
wong Israèl bakal kaslametaké kabèh,
kaya kang katulis, surasané, "Saka
ing Sion bakal rawuhé Juru-wilujeng,
Panjenengané bakal nyingkiraké
sakèhing pamblasaré Yakub.
27 Lan iki prasetyaningsun karo
wong-wong iku, nalika Ingsun mbirat
dosané."

28 Mungguhing Injil, wong-wong iku
padha dadi mungsuhé Allah marga
kowé, ananging mungguhing pilihan,
wong-wong iku padha dadi kekasihé
Allah, marga para leluhuré.
29 Sabab Allah ora keduwung tumrap
peparing lan timbalané.
30 Sabab iya padha karo kowé ing biyèn,
anggonmu padha ora mbangun-turut
marang Allah, nanging saiki wus padha
nampa sih-kawelasan marga wong-wong
iku padha ora mbangun-turut,
31 mangkono uga, wong-wong iku saiki
iya padha ora mbangun-turut, supaya
marga saka sih-kawelasan kang wis
koktampa, wong-wong mau uga bakal
nampa sih-kawelasan.
32 Sabab Allah wis ngungkung
manungsa kabèh ana ing kaanan ora
mbangun-turut, supaya Panjenengané
bisa nélakaké sih-kawelasané marang
wong-wong kabèh mau.
33 Wah, saiba gunging kasugihan,
kawicaksanan sarta kawaskithané Allah!
Sanyata putusané ora kena jinajagan,
sarta marginé ora kena katlusuran.

34 Sabab, sapa ta kang nyumurupi
marang panggalihané Pangéran? Utawa,
sapa ta kang bisa dadi paramparané?
35 Utawa, sapa ta kang wus tau
nyaosaké samubarang marang
Panjenengané, satemah Panjenengané
kudu paring leliru?
36 Awitdéné samubarang kabèh iku
saka Panjenengané, krana Panjenengané
sarta kagem Panjenengané; kamulyan
kagema Panjenengané salawas-lawasé!
Amin.

12 1 Kang iku para Sadulur, marga
saka sih-kamirahané Allah, aku
pitutur marang kowé, padha nyaosna
badanmu minangka kurban kang urip,
kang suci lan kang dadi keparengé Allah:
Iya kang mangkono iku pangibadahmu
kang sejati.
2 Kowé aja madha rupa kaya donya
iki, nanging padha salina marga saka
budimu kaanyaraké, satemah kowé bisa
mbédakaké endi kang dadi karsané
Allah: Apa kang becik, kang dadi
keparengé lan kang sampurna.
3 Adhedhasar sih-rahmat kang
kaparingaké marang aku, aku pitutur
marang saben wong ing antaramu: Aja

padha mikiraké prakara-prakara kang
luwih dhuwur katimbang kang patut
kok pikiraké, nanging anggonmu mikir
kudu kanthi duga-prayoga, satemah
kowé padha bisa ngwasani badanmu
miturut ukuraning pangandel, kang
kaparingaké déning Allah marang kowé
dhéwé-dhéwé.
4 Sabab padha kaya badan siji, kita
nduwèni gegelitan kang akèh, nanging
ora kabèh gegelitan iku duwè ayahan
kang padha,
5 mangkono uga kita iki, sanadyan
akèh, padha dadi badan siji ana ing
Kristus; ananging siji-sijiné kita padha
dadi gegelitan tumrap liyané.
6 Iya mangkono iku, kita iki padha
duwé ganjaran kang béda-béda, miturut
peparing kang kaparingaké marang kita:
Menawa ganjaran iku kanggo meca,
tindakna miturut pangandel kita.
7 Menawa ganjaran kanggo leladi, iya
padha leladia; menawa ganjaran kanggo
memulang, iya padha memulanga;
8 menawa ganjaran kanggo awèh
pitutur, iya padha awèha pitutur. Sing
sapa ngedum-edum, tindakna kanthi
éklasing ati; sapa kang mimpin, tindakna

kanthi taberi; sapa kang nélakaké
kawelasan, tindakna kanthi bungah.
9 Tresna iku aja lamis! Padha sengita
marang piala sarta nglakonana
panggawé becik.
10 Kowé padha tresna-tinresnanana
dikaya sadulur, lan padha dhisik-dhisikan
anggonmu urmat-ingurmatan.
11 Kasregepanmu aja nganti kendho,
rohmu ngalad-alada, lan padha leladia
marang Pangéran.
12 Padha bungaha sajroning pangarep-
arep, disabar sajroning kasusahan,
dimantep anggonmu ndedonga!
13 Padha mèlua nanggung kekurangané
para suci lan padha awèh panginepan!
14 Berkahana sapa kang nganiaya kowé,
berkahana lan aja koksupatani.
15 Mèlua bungah karo wong kang
bungah, lan nangisa karo wong kang
nangis.
16 Padha ditunggal ati ing sajroning
uripmu bebarengan; aja mikiraké
prakara kang dhuwur-dhuwur, nanging
enerna uripmu kanggo prakara-prakara
kang prasaja. Aja kuminter!

17 Aja males ala marang wong kang
gawé piala; padha nindakna apa kang
becik tumrap wong kabèh.
18 Sabisa-bisa, yèn pancèn gumantung
marang kowé, uripa kanthi rukun karo
wong kabèh.
19 Para Sadulurku kang kinasih, kowé
dhéwé aja nganti padha nandukaké
piwales, nanging prakara iku pasrahna
marang bebenduné Allah, sabab ana
tulisan, mangkéné, "Pamales iku
wewenangingsun. Ingsun kang bakal
malesaké," mangkono pangandikaning
Pangéran.
20 Nanging, "Menawa mungsuhmu
kaluwèn, wènèhana mangan; yèn
ngelak, wènèhana ngombé. Sabab
kanthi patrap mangkono iku, kowé gawé
wirangé, prasasat numpuk mawa ing
sirahé."
21 Kowé aja nganti dikalahaké déning
piala, nanging piala iku kalahna sarana
kabecikan.

13 1 Saben wong sumuyuda marang
pangwasa kang mbawahaké,
sabab ora ana pangwasa kang asalé ora
saka Allah; lan para pangwasa kang ana
iku padha katetepaké déning Allah.

2 Mulané sing sapa mbaléla marang
pamaréntah, ateges mbangkang marang
pranatané Allah, lan sapa baé kang
mbaléla, bakal nekakaké paukuman
tumrap awaké dhéwé.
3 Awit sing sapa tumindak becik, ora
usah wedi marang pamaréntah, mung
menawa nglakoni panggawé ala baé.
Apa kowé gelem urip tanpa wedi marang
pamaréntah? Nindakna apa kang becik,
temah kowé bakal olèh pangalemé.
4 Awit pamaréntah iku abdiné Allah
kanggo kabecikanmu. Nanging menawa
kowé nindakaké piala, pancèn iya kudu
wedi, marga ora tanpa gawé anggoné
pamaréntah iku nganggar pedhang.
Pamaréntah iku abdiné Allah kanggo
malesaké bebenduné Allah tumrap kang
padha nindakaké piala.
5 Mulané kita prelu padha sumuyud,
ora mung marga bebenduné Allah baé,
nanging uga marga saka osiking ati kita.
6 Iya marga saka iku anggonmu padha
mbayar pajeg. Awit kang padha ngurusi
iku mau padha dadi abdiné Allah.
7 Mbayara marang wong kabèh apa
baé kang kudu kokbayar. Pajeg marang
wong kang wenang nampani pajeg, béya

marang wong kang wenang nampani
béya; pakèring marang wong kang
wenang nampa pakèring lan pakurmatan
marang wong kang wenang nampa
pakurmatan.
8 Kowé aja padha duwé utang apa-apa
marang sapa baé, kajaba mung utang
tresna-tinresnan. Awit sing sapa
nresnani pepadhané, iku wus netepi
angger-anggering Torèt.
9 Awit dhawuh, "Aja laku jina, aja
matèni, aja nyenyolong, aja mélik,"
apadéné dhawuh liyané, wus kacakup
ana ing pangandika iki, yaiku, "Tresnaa
marang sapepadhanira dikaya marang
awakira dhéwé!"
10 Katresnan iku ora nindakaké piala
marang sapepadhané, mulané katresnan
iku ngganepi angger-anggering Torèt.
11 Prakara iki kudu koktindakaké, sabab
kowé mangerti kaanané wektu saiki,
yaiku wus tekan wanciné kowé tangi
saka anggonmu turu. Awit saiki wektu
kang kanggo nylametaké kita wus saya
cedhak, katimbang nalika kita dadi wong
pracaya.
12 Wektuné wis lingsir wengi, wis mèh
raina. Mulané payo kita padha ngrucat

sakèhing panggawé kang peteng, sarta
sikep gegamaning pepadhang!
13 Payo kita padha urip kang patut,
kaya ing wayah awan, aja padha nguja
memangan lan mendem-mendeman;
aja padha laku jina lan ngumbar
hawa-napsu; aja padha tukar padu lan
kumèrèn.
14 Nanging padha ngrasuka Gusti Yésus
Kristus lan aja nuruti watak kang asipat
daging kanggo ngumbar pepénginané.

14 1 Wong kang ringkih pracayané
iku tampanana, lan aja ngrembug
panemuné.
2 Ana wong kang yakin, yèn kena
mangan sawernaning pangan, nanging
wong kang ringkih pracayané mung
mangan jejanganan baé.
3 Sapa kang mangan, aja ngrèmèhaké
kang ora mangan, sarta sapa kang ora
mangan aja ngadili wong kang mangan,
awit Allah wus kepareng nampa wong
mau.
4 Kowé iku sapa ta, déné kok ngadili
baturing liyan? Wong iku ngadeg apa
tiba, iku rak urusané bendarané dhéwé.
Nanging wong iku bakal tetep ngadeg,

marga Pangéran kwaos njaga wong mau
supaya terus ngadeg.
5 Ana wong kang nganggep yèn ana
dina kang luwih wigati katimbang
dina-dina liyané, nanging ana manèh
kang ngarani menawa kabèh dina iku
padha baé. Saben wong iku yakina
kanthi temenan ana ing sajroné atiné
dhéwé.
6 Sapa kang nggondèli salah siwijining
dina, anggoné tumindak mangkono mau
kagem ngurmati Gusti. Déné wong kang
mangan, nindakaké kang mangkono iku
kagem Gusti, awit wong iku ngaturaké
panuwun marang Allah. Lan sapa kang
ora mangan, wong mau nindakaké
iku kagem Gusti, lan uga ngaturaké
panuwun marang Allah.
7 Sabab ora ana siji baé ing antara kita
kang uripé kanggo awaké dhéwé, lan ora
ana siji baé ing antara kita kang patiné
kanggo awaké dhéwé.
8 Marga menawa kita urip, urip kita iku
kagem Gusti, lan menawa kita mati,
mati kita iku iya kagem Gusti. Dadiné,
urip utawa mati, kita iki padha dadi
kagungané Gusti.

9 Sabab, iya minangka iku Kristus
wus séda lan wungu manèh, supaya
Panjenengané jumeneng Gusti tumrap
wong-wong mati apadéné kang isih urip.
10 Nanging mungguhing kowé, yagéné
kowé kok ngadili sadulurmu tunggal
pracaya? Utawa yagéné kowé kok
ngrèmèhaké sadulurmu iku? Awit kita
kabèh kudu ngadhep dhamparing
pangadilané Allah.
11 Awit ana tulisan, surasané,
"Demi gesangingsun," mangkono
pangandikaning Pangéran, "kabèh
dhengkul bakal padha sujud ana ing
ngarsaningsun, sarta sakèhé ilat bakal
ngluhuraké Allah."
12 Dadiné saben wong ing antara
kita bakal ngaturaké panjawab kita
dhéwé-dhéwé marang Allah.
13 Mulané kita aja padha adil-ingadilan
manèh! Nanging luwih becik kowé
nganut panemu iki: Kita aja nganti dadi
jalarané sadulur tunggal pracaya kita
tiba utawa kesandhung!
14 Aku mangerti lan yakin ana ing Gusti
Yesus, yèn ora ana barang kang najis
saka kaanané dhéwé; mung kanggo
wong kang nganggep sawijining barang

iku najis, tumrapé wong mau barang iku
dadi najis.
15 Sabab yèn kowé nglarakaké atiné
sadulurmu tunggal pracaya marga saka
apa kang kokpangan, dadiné kowé ora
urip awewaton katresnan manèh. Kowé
aja gawé rusaké sadulurmu marga saka
panganmu, sabab Kristus wus séda
kanggo wong iku.
16 Kanthi mangkono, kowé aja nganti
gelem dipitenah bab apa kang becik
tumrapmu.
17 Sabab Kratoné Allah iku dudu bab
pangan lan ombén-ombèn, nanging
bab kayektèn, tentrem-rahayu sarta
suka-pirena marga déning Roh Suci.
18 Awit sapa baé kang ngladosi Kristus
kanthi patrap mangkono, iku dadi
keparengé Allah sarta kaajènan ing
wong.
19 Mulané payo kita padha nggayuh
marang apa kang ndadèkaké rukun sarta
bangun-binangun.
20 Kowé aja mbubrah pakaryané Allah
marga déning pangan! Samubarang
kabèh iku suci, nanging wong dadi
luput, yèn pangané njalari wong liya
kesandhung.

21 Beciké kowé aja mangan daging sarta
aja ngombé anggur, utawa nindakaké
apa baé kang dadi sandhungan tumrap
sadulurmu tunggal pracaya.
22 Antepana kang dadi keyakinanmu
iku tumrap awakmu dhéwé ana ing
ngarsané Allah. Rahayu wong kang ora
ngukum awaké dhéwé tumrap apa kang
dianggep becik katindakaké.
23 Nanging sing sapa mangan
kanthi mangu-mangu, iku ateges wis
kaukum, awit anggoné nindakaké
iku ora kadhasaran pracaya. Mangka
samubarang kang ora kadhasaran
pracaya iku dosa.

15 1 Anadéné kita kang kuwat, mèlu
nyangga karingkihané wong kang
ora kuwat, lan aja ngupaya kasenengan
kita dhéwé.
2 Saben wong ing antara kita, kudu
ngudi kasenengané sapadha-padha,
murih beciké supaya padha kabangun.
3 Awit Kristus uga ora ngupaya
karemenané piyambak, nanging kaya
kang katulisan, surasané, "Tembung-
tembung panacadipun tiyang ingkang
sami nyacad Paduka, dhumawah dhateng
kawula."

4 Ujer samubarang kang biyèn wus
katulis, iku katulis minangka piwulang
kanggo kita, supaya kita gondhèlan
kanthi kenceng ing pangarep-arep
kalawan sabar mantep sarta panglipur
kang saka ing Kitab Suci.
5 Muga-muga Allah kang dadi etuking
sabar mantep sarta panglipur, karsa
maringi pirukun marang kowé, kaya
kang dikarsakaké déning Kristus Yésus,
6 satemah kalawan saiyeg sarta tunggal
tembung, kowé padha ngluhuraké Allah,
lan Ramané Gusti kita, Yésus Kristus.
7 Mulané kowé padha tampa-
tinampanana, padha kaya Kristus
anggoné uga wus nampani kita, kagem
kaluhurané Allah.
8 Kang dakkarepaké yaiku, marga
kayektèné Allah, Kristus wus dadi
peladosé para wong tetakan, kanggo
ngukuhaké prasetyané kang wus
kaparingaké marang para leluhur kita,
9 sarta supaya para bangsa padha
bisa ngluhuraké Allah, awit saka
sih-palimirmané, kaya kang katulis,
surasané, "Mila kawula badhé
ngluhuraken Paduka, wonten ing

satengahing para bangsa, saha memuji
asma Paduka kanthi pangidung mazmur."
10 Lan saterusé mangkéné, "Hé para
bangsa, padha bungah-bungaha bareng
karo umaté."
11 Lan manèh, "Hé para bangsa, padha
saosa puji marang Pangéran, sarta
sakèhé suku bangsa padha memujia
marang Panjenengané."
12 Sarta sabanjuré pangandikané
Yésaya, "Bakal ana sogol thukul
saka tunggaké Isai, kang bakal
jumeneng ngerèh para bangsa, sarta
iya Panjenengané iku kang bakal dadi
pangarep-arepé para bangsa."
13 Muga-muga Allah, etuking pangarep-
arep, menuhi kowé kabèh kanthi
sakèhing kabungahan sarta tentrem-
rahayu ing sajroning pracayamu, supaya
marga saka sawabé Roh Suci, kowé
nduwèni lubèring pangarep-arep.
14 Para Sadulur, aku dhéwé pancèn
yakin mungguhing kowé, yèn kowé
wus padha sugih kabecikan, mumpuni
ing sakèhing kawruh, sarta kaconggah
padha éling-ingélingaké.
15 Éwadéné marga saka sih-rahmat
peparingé Allah marang aku, ana ing

layang iki ing kana-kéné aku rada wani
awèh pepéling marang kowé kabèh,
16 yaiku menawa aku kepareng dadi
peladosé Kristus Yésus minangka
imam kanggo bangsa-bangsa liya, ing
bab martakaké Injilé Allah, supaya
bangsa-bangsa mau bisa katampi déning
Allah, minangka pisungsung kang dadi
keparengé, kang kasucèkaké déning Roh
Suci.
17 Dadi aku bisa nglairaké
panggunggung ana ing patunggilané
Kristus tumrap peladosanku ana ing
ngarsaning Allah.
18 Awit aku ora bakal kumawani
nyritakaké bab liyané, kajaba
samubarang kang wis katindakaké
déning Kristus lantaran aku, yaiku
nuntun bangsa-bangsa liya marang
pambangun-turut, srana pangucap sarta
panggawé,
19 kanthi kwasa awujud tandha
pangéram-éram sarta kanthi
pangwaosing Rohé Allah. Iya mangkono
iku, sajroning mider-mider wiwit saka
Yérusalèm nganti tekan Ilirikum, aku wis
martakaké Injilé Kristus sakatogé.

20 Lan sajroné martakaké mau aku
nganggep dadi utamaning lakuku,
menawa anggonku martakaké ora ana
ing panggonan-panggonan kang asmané
Kristus wus dimangretèni ing wong,
supaya anggonku mbangun iku aja
nganti ana ing dhasar kang wis kapasang
déning wong liya,
21 nanging padha karo kang katulis,
surasané, "Wong kang padha durung
kawartanan bab Panjenengané, bakal
padha ndeleng Panjenengané, sarta kang
padha durung tau krungu pawartané,
bakal padha mangerti."
22 Ya marga saka iku aku tansah
kepalang anggonku arep nemoni kowé
kabèh.
23 Nanging saiki, sarèhné aku wus ora
duwé papan nyambut-gawé manèh ana
ing wilayah kéné, sarta sarèhné aku wis
sawatara taun kepéngin nemoni kowé
kabèh,
24 mulané ing lakuku menyang Spanyol,
bisaa mampir menyang padununganmu,
lan ketemu karo kowé, temah kowé
banjur padha bisa ngeteraké aku mrana,
sawisé aku bisa ngrasakaké seneng

sawatara marga bisa ketemu karo kowé
kabèh.
25 Ananging wektu saiki, aku lagi
ana ing sajroning lakuku menyang
Yèrusalèm, ngeteraké sumbangan
kanggo para suci.
26 Sabab para sadulur ing Makédonia
lan ing Akhaya wis padha gawé putusan
nyumbang apa-apa marang wong-wong
miskin panunggalané para suci ing
Yèrusalèm
27 Prakara iku wis diputusaké kanthi
éklas, lan pancèn wis dadi kuwajibané.
Sabab, menawa bangsa-bangsa liya
wis padha tampa panduman bandha
karohanèné wong Yahudi, bangsa-
bangsa mau iya wajib ngladèni uga
marang wong Yahudi kalawan bandha
kadonyané.
28 Kang mangkono, menawa aku
wis nindakaké ayahan iku sarta wis
masrahaké wohing pambudidayané
bangsa-bangsa liya mau, aku tumuli
mangkat menyang Spanyol liwat ing
kuthamu.
29 Lan aku mangerti, menawa anggonku
tilik kowé, aku bakal nindakaké kanthi
kebak berkahé Kristus.

30 Ananging marga Kristus, Gusti kita,
lan marga katresnan kang sumberé
saka Roh, kowé padha dakpituturi, para
Sadulur, supaya mbudidaya bebarengan
karo aku ana ing pandonga marang Allah
kanggo aku,
31 supaya aku kauwalaké saka
wong-wong ing Yudéa kang padha
ora mbangun-miturut, lan supaya
peladosanku kanggo Yérusalèm iku
katanggapana kanthi becik déning para
suci ing kono,
32 supaya aku bisa kanthi kebak
kabungahan nemoni kowé awit saka
karsané Allah, lan anggonku bebarengan
karo kowé bisa nyegeraké ati.
33 Allah, etuking tentrem-rahayu
nunggila karo kowé kabèh! Amin.

16 1 Aku njaluk kawigatènmu tumrap
Fébé, sadulur wanita tunggal
pracaya kang dadi pelados ana ing
pasamuwan Kéngkréa,
2 supaya koktampani ana ing
patunggilané Gusti, kanthi patrap
kang samesthiné tumrap para suci,
sarta wènèhana, pitulungan samangsa
dibutuhaké. Sabab wong iku wus awèh

pitulungan marang wong akèh, klebu
aku dhéwé.
3 Salam marang Priska lan Akwila,
kanca-kancaku sapagawéan ana ing
Kristus Yésus.
4 Wong-wong mau wus padha
ngetohaké nyawané kanggo uripku. Ora
mung aku baé kang awèh panarima,
nanging iya sakèhing pasamuwan kang
dudu Yahudi.
5 Uga salam marang pasamuwan
kang ana ing omahé. Salam marang
Épénétus, sadulur tunggal pracaya
kang daktresnani, kang dadi woh kang
kapisanan saka wilayah Asia kagem
Kristus.
6 Salam marang Maria, kang wus
nyambut-gawé tanpa ngétung sayah
kanggo kowé kabèh.
7 Salam marang Andronikus lan Yunias,
sadulurku tunggal bangsa, kang wis tau
kinunjara bareng aku, kang padha kajèn
ana ing antarané para rasul, sarta kang
anggoné dadi Kristen sadurungé aku.
8 Salam marang Ampliatus kang
daktresnani ana ing Gusti.

9 Salam marang Urbanus kancaku
sapagawéan ana ing Kristus, sarta salam
marang Stakhis, kang daktresnani.
10 Salam marang Apèlès, kang wus
katitik tahan uji ana ing Kristus.
Salam marang wong kang padha klebu
kulawargané Aristobulus.
11 Salam marang Hérodion, kancaku
tunggal bangsa. Salam marang wong
kang padha klebu kulawargané Narkisus,
kang ana ing patunggilané Gusti.
12 Salam marang Triféna lan Trifosa,
kang padha mempeng banget anggoné
lelados kagem Gusti. Salam marang
Persis, kang daktresnani, kang wus
mbudi daya kanthi mempeng kagem
Gusti.
13 Salam marang Rufus, wong kang
pinilih ana ing Gusti, sarta salam marang
ibuné kang tumraping aku uga dadi
ibuku.
14 Salam marang Asinkritus, Flégon,
Hèrmès, Patrobas, Hèrmas sarta para
Sadulur tunggal pracaya kang padha
tetunggalan karo sadulur-sadulur.
15 Salam marang Filologus lan Yulia,
Néréus sarta saduluré wadon, lan
Olimpas, apadéné sakèhé para suci kang

padha tetunggalan karo sadulur-sadulur
mau.
16 Padha sesalamana kalawan
pangambung kang suci. Salam marang
kowé kabèh saka sakèhing pasamuwané
Kristus.
17 Nanging kowé padha dakpituturi,
para Sadulur, padha diwaspada marang
para wong kang nyebar pasulayan,
gawé sandhungan, cengkah karo
piwulang kang wis koktampa. Singkirana
wong-wong iku.
18 Sabab wong-wong kang kaya
mangkono iku, padha ora lelados
marang Kristus, Gusti kita, nanging
padha ngawula marang wetengé
dhéwé. Lan kanthi tetembungan kang
muluk-muluk sarta basané kang manis,
padha ngapusi marang wong-wong kang
tulus atiné.
19 Pawarta bab kasetyanmu wus
keprungu wong akèh. Mulané aku
bungah banget ing ngatasé kowé.
Nanging karepku, kowé padha
wicaksanaa tumrap apa baé kang becik
sarta kalis saka sarupaning piala.
20 Allah, kang dadi etuking tentrem-
rahayu, bakal énggal nglebur Iblis

ana ing sangisoring tlapakané sikilmu.
Sih-rahmaté Yésus, Gusti kita, nunggila
ing kowé kabèh.
21 Salam marang kowé kabèh saka
Timotius, kancaku sapagawéan, lan
saka Lukius, Yason apadéné Sosipatèr,
kanca-kancaku tunggal bangsa.
22 Kula Tèrtius ingkang nyerat serat
punika, inggih kintun salam dhateng
panjenengan sadaya ing patunggilanipun
Gusti.
23 Salam marang kowé kabèh saka
Gayus, kang awèh panginepan marang
aku, lan marang pasamuwan kabèh.
Salam marang kowé kabèh saka Érastus,
hartakaning nagara, lan saka Kwartus
sadulur kita tunggal pracaya.
24 [Sih-rahmaté Yésus Kristus, Gusti
kita, nunggila ing kowé kabèh! Amin.]
25 Kagem Panjenengané, kang kwasa
nyantosakaké kowé kabèh, -- manut
Injil kang dakwartakaké, sarta pawarta
bab Yésus Kristus, cocog karo kawiyaké
wewadi kang sumimpen pirang-pirang
abad lawasé,
26 nanging kang saiki wis kababar,
sarta wis kawartakaké déning kitab-
kitabé para nabi, manut dhawuhé

Allah kang langgeng marang sakèhing
bangsa, kanggo nuntun marang ing
pambangun-turuting pracaya --
27 kagem Allah, iya mung Panjenengané
piyambak kang kebak kawicaksanan,
awit saka Yésus Kristus: sakèhing
kamulyan langgeng ing salawas-lawasé!
Amin.

1 Korintus

1 [1] Saka Paulus, kang katimbalan
dadi rasulé Kristus Yésus, awit
saka karsané Allah, lan saka Sostenès,
sadulur kita tunggal pracaya,
[2] marang pasamuwané Allah kang ana
ing Korintus, yaiku para kang sinucèkaké
ana ing Kristus Yésus, sarta kang padha
katimbalan dadi wong suci, dalah sakèhé
wong ing endi-endi, kang padha nyebut
asmané Gusti kita Yésus Kristus, yaiku
Gustiné wong-wong mau lan iya Gusti
kita.
[3] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yésus
Kristus, anaa ing kowé kabèh.
[4] Aku tansah saos sokur marang
Allahku karana kowé kabèh, awit saka
sih-rahmaté Allah kang kaparingaké
marang kowé ana ing Kristus Yésus.
[5] Awitdéné ana ing Panjenengané, kowé
wus padha dadi sugih samubarang,
iya sarupaning pitembungan lan
sawarnaning kawruh,

[6] laras karo paseksi bab Kristus, kang
wus kateguhaké ana ing antaramu.
[7] Satemah kowé padha ora kekurangan
ing bab sadhéngah ganjaran, sajroné
kowé padha nganti-anti kababaré Gusti
kita Yésus Kristus.
[8] Panjenengané iya bakal neguhaké
kowé nganti tumeka ing wekasan, temah
kowé padha tanpa cacad bésuk ing
dinané Gusti kita Yésus Kristus.
[9] Allah, kang wus nimbali kowé marang
patunggilané Kang Putra Yésus Kristus,
Gusti kita, iku setya tuhu.
[10] Éwadéné panjalukku kanthi banget
marang kowé kabèh, para Sadulur,
marga saka asmané Gusti kita Yésus
Kristus, kowé kabèh dipadha saiyeg sarta
aja nganti ana pasulayan ing antaramu;
nanging kowé dipadha manunggal,
tunggal budi sarta tunggal pangrasa.
[11] Sabab, para Sadulurku, aku wus
diwartani déning wong-wong saka
brayaté Khloè bab kowé kabèh, yèn ing
antaramu ana pasulayan.
[12] Kang dakkarepaké yaiku siji-sijiné
panunggalanmu kandha: Aku iki
golongané Paulus! Aku golongané

Apolos! Aku golongané Kéfas! Utawa aku
golongané Kristus!
13 Apa Kristus iku kabagi-bagi? Apa
Paulus iku kasalib marga saka kowé?
Utawa apa kowé padha kabaptis ing
jenengé Paulus?
14 Aku saos sokur déné siji baé saka ing
antaramu ora ana kang dakbaptis kajaba
Krispus lan Gayus,
15 satemah ora ana wong kang bisa
kandha yèn kowé padha kabaptis ing
jenengku.
16 Aku iya mbaptis brayaté Stéfanus.
Kejaba iku aku ora kèlingan, apa isih ana
wong liyané manèh kang dakbaptis.
17 Sabab Kristus anggoné ngutus aku
iku ora supaya mbaptis, nanging supaya
ngabaraké Injil, lan bab iku ora nganggo
kawicaksananing tembung, supaya
salibé Kristus aja nganti tanpa guna.
18 Awit pawarta bab salib iku pancèn
kaanggep bodho tumrapé wong kang
bakal padha tiwas, nanging kanggo
kita kang padha kapitulungan rahayu,
pawarta iku dadi kakiyataning Allah.
19 Sabab ana tulisan mangkéné,
"Ingsun bakal nglebur kawicaksanané

para wong wicaksana, lan kapinterané
para wong pinter bakal sunsirnakaké."
[20] Ana ing ngendi wong kang wicaksana?
Ana ing ngendi ahli Torèt? Ana ing ngendi
juru bantah ing jaman iki? Allah rak
wus ndadèkaké kawicaksanané jagat iki
bodho?
[21] Awit sarèhné sajroning
kawicaksanané Allah jagat ora
wanuh marang Panjenengané kalawan
kawicaksanané, mulané wus dadi
keparengé Allah mitulungi rahayu
marang para wong kang padha pracaya
marga saka kabar Injil kang kaanggep
bodho.
[22] Wong Yahudi padha ngudi pratandha,
lan wong Yunani padha ngupaya
kawicaksanan,
[23] balik aku padha martakaké Kristus
kang sinalib: Mungguhing wong Yahudi
dadi sandhungan lan tumrap kang dudu
Yahudi kaanggep bodho,
[24] nanging tumrap para kang
katimbalan, wonga Yahudi, wonga
kang dudu Yahudi, Kristus iku dadi
kakiyataning Allah lan kawicaksananing
Allah.

25 Awit apa kang kaanggep bodhoning
Allah iku luwih wicaksana katimbang
karo manungsa, lan karingkihaning
Allah iku luwih rosa katimbang karo
manungsa.
26 Padha ngélingana baé, para Sadulur,
kepriyé kaananmu nalikané kowé
padha katimbalan, miturut ukuraning
manungsa ora akèh kang kalebu wong
wicaksana, ora akèh wong kang kalebu
gedhé wibawané, ora akèh kang kalebu
wong luhur.
27 Nanging kang kaanggep bodho
mungguhing jagat, kapilih déning
Allah kanggo mirangaké para wong
wicaksana, apadéné kang kaanggep
ringkih mungguhing jagat, kapilih déning
Allah kanggo mirangaké kang rosa,
28 lan kang asor sarta nistha
mungguhing jagat, iku kapilih déning
Allah, malah kang ora ana ajiné kapilih
déning Allah kanggo ngorakaké kang aji,
29 supaya aja ana manungsa siji baé
kang gumunggung ana ing ngarsané
Allah.
30 Nanging awit saka Panjenengané,
kowé wis padha ana ing Kristus
Yésus kang marga saka Allah wus

dadi kawicaksanan tumrap kita.
Panjenengané wis ngleresaké, nucèkaké
sarta nebus kita,
31 mulané kaya kang katulis,
suraosé, "Sing sapa gumunggung, iku
gumunggunga ana ing Pangéran."
2 1 Mangkono uga nalikané aku nemoni
kowé, para Sadulur, tekaku ora
kanthi pitembungan kang muluk-muluk
utawa nganggo kawicaksanan kang
luhur anggonku nglantaraké wewadining
Allah marang kowé.
2 Sabab aku wis mutusaké menawa ora
duwé sedya nyumurupi apa-apa ana ing
antaramu kajaba Yésus Kristus, yaiku
Panjenengané kang sinalib.
3 Lan manèh tekaku nemoni kowé iku
kalawan apes lan wedi banget sarta
gumeter.
4 Anggonku guneman utawa anggonku
martakaké ora nganggo tembung-
tembunging kawicaksanan kang
ngyakinaké, nanging kanthi buktining
kakiyatané Roh,
5 supaya pracayamu aja gumantung
marang kawicaksananing manungsa,
nanging kakiyataning Allah.

6 Sanadyan mangkono aku padha
nglairaké kawicaksanan ana ing
kalangané wong kang wis padha mateng
kawruhé, nanging dudu kawicaksanané
jagat iki, lan dudu kawicaksanané para
pangwasané jagat iki, yaiku pangwasa
kang bakal kasirnakaké.
7 Nanging kang padha dakwartakaké iku
kawicaksanané Allah kang kineker sarta
winadi, kang wis kacawisaké déning
Allah ing sadurungé jagat dumadi,
kanggo kamulyan kita.
8 Lan pangwasaning jagat iki ora ana
kang nyumurupi kawicaksanan iki, awit
menawa padha nyumurupi mesthi ora
nganti padha nyalib Gusti kang minulya.
9 Nanging kaya kang tinulis, suraosé,
"Kang ora tau kadeleng ing mripat, lan
ora tau rinungu ing kuping, sarta kang
ora tau tuwuh ing atining manungsa,
kang wus kacawisaké déning Allah, iku
mau kabèh kanggo para kang padha
nresnani Panjenengané."
10 Awit Allah wis nglairaké bab iku
marang kita sarana Roh, sabab Roh iku
nitipriksa samubarang kabèh, dalah bab
kang winados ing Allah.

[11] Awit sapa ta ing antarané manungsa
kang bisa nyumurupi apa kang tinemu
ana ing atiné, kajaba mung rohé
manungsa iku dhéwé kang ana ing
batiné? Mangkono uga ora ana wong
kang sumurup apa kang dumunung ing
Allah kajaba Rohé Allah.
[12] Kita ora nampani rohé jagat, nanging
Roh kang asalé saka Allah, supaya kita
padha bisa nyumurupi apa kang dadi
sih-peparingé Allah marang kita.
[13] Lan sarèhné aku padha awèh
katrangan bab-bab karohanèn marang
wong-wong kasukman, anggonku
ngrembug bab sih-kamirahané Allah
iku nganggo tetembungan kang ora
diwulangaké marang aku kabèh déning
kawicaksananing manungsa, nanging
déning Roh.
[14] Nanging manungsa kadonyan ora
nampani apa kang asalé saka Rohé
Allah, awit bab iku tumraping wong mau
kaanggep bodho; sarta wong iku ora
bisa ngerti, awit bab mau mung bisa
kawawas cara kasukman.
[15] Balik wong kasukman iku nitipriksa
samubarang kabèh, nanging awaké
dhéwé ora katiti déning liyan.

16 Sabab, "Sapa ta kang nyumurupi
panggalihé Pangéran, nganti bisa atur
pirembag marang Panjenengané?"
Nanging aku padha kadunungan
panggalihé Kristus.

3 1 Anadéné aku, para Sadulur, nalika
iku ora bisa guneman karo kowé
kaya marang wong kasukman, nanging
mung kaya marang wong kadagingan
kang isih kaya bayi ana ing Kristus.
2 Kang dakwènèhaké marang kowé iku
susu, dudu pangan kang akas, sabab
kowé durung bisa nampa. Malah ing
waktu saiki uga, kowé iya durung bisa.
3 Marga kowé isih wujud manungsa
kadagingan. Sabab, menawa ing
antaramu tinemu rasa kumèrèn sarta
pasulayan, apa iku ora dadi tandha-
yekti, yèn kowé kabèh iku manungsa
kadagingan tuwin pratingkahmu apa ora
cara manungsa lumrah?
4 Awit yèn kang siji kandha, "Aku
golongané Paulus," lan liyané kandha,
"Aku golongané Apolos," apa iku ora
nélakaké yèn kowé iku mung manungsa
lumrah?
5 Dadi Apolos iku apa? Paulus iku
apa? Iku para abdi kang dadi lantarané

anggonmu padha dadi pracaya,
miturut ayahané dhéwé-dhéwé kang
kaparingaké déning Pangéran.
[6] Aku kang nandur, Apolos kang nyirami
nanging Allah kang nuwuhaké.
[7] Mulané kang penting iku dudu kang
nandur utawa kang nyirami, nanging
Allah kang nuwuhaké.
[8] Anadéné kang nandur, lan kang
nyirami iku padha; siji-sijiné bakal padha
nampani pituwasé dhéwé-dhéwé, laras
karo kangèlané.
[9] Awit aku kabèh iki padha bebarengan
nyambut-gawé kagem pakaryané
Allah, déné kowé iku padha dadi lahan
garapané Allah, iya dalem yasané Allah.
[10] Laras karo sih-rahmaté Allah kang
kaparingaké marang aku, aku kang
dadi ahli gawé omah kang trampil wis
masang pondhasiné, lan wong liya padha
nerusaké mbangun ing sandhuwuré.
Nanging saben wong kudu nggatèkaké,
kepriyé anggoné padha mbangun ing
sandhuwuré iku.
[11] Sabab ora ana wong kang bisa
masang pondhasi liyané kajaba kang
wus dipasang, yaiku Yésus Kristus.

12 Embuh anggoné mbangun ing
sandhuwuré iku mau migunakaké emas,
pérak, watu aji, kayu, suket garing
utawa damèn,
13 bésuk garapané saben wong mau
bakal kawiyak, awit dinané Gusti kang
bakal nélakaké. Amarga kebabaré dina
iku srana geni, garapané saben wong
bakal kadadar ing geni mau.
14 Menawa garapané bisa lestari, wong
iku bakal tampa pituwas.
15 Menawa garapané kobong, wong iku
bakal ora tampa pituwas, nanging wongé
dhéwé bakal kapitulungan rahayu, mung
baé kaya wong kang oncat saka geni.
16 Apa kowé padha ora sumurup,
yèn kowé bebarengan iku padha dadi
padalemaning Allah, sarta Rohé Allah iya
dedalem ana ing kowé?
17 Menawa ana wong kang ngrusak
padalemaning Allah, Panjenengané bakal
ngrusak wong mau. Sabab padalemaning
Allah iku suci, yaiku kowé kabèh.
18 Aja nganti ana wong kang ngapusi
awaké dhéwé. Yèn ing antaramu ana
kang rumangsa wicaksana miturut jagat
iki, karebèn wong iku dadi bodho, supaya
dadi wicaksana.

19 Awit kawicaksanané jagat iki
kaanggep bodho tumrap Allah. Sabab
ana tulisan suraosé, "Panjenengané
nangkep para wicaksana sajroning
kajuligané."
20 Lan ing panggonan liya, mangkéné,
"Pangéran pirsa pikirané para wong
wicaksana, menawa iku kabèh tanpa
guna."
21 Mulané aja nganti ana wong kang
ngegungaké para manungsa, amarga
samubarang kabèh iku dadi darbèkmu:
22 dadia Paulus, Apolos, utawa Kéfas,
dadia jagat, urip utawa pati, dadia wektu
saiki utawa wektu kang bakal kelakon.
Kabèh iku darbèkmu,
23 nanging kowé padha dadi kagungané
Kristus, sarta Kristus iku kagungané
Allah.
4 1 Kang iku, aku padha dianggepa
kaya mangkono iku: dadi abdiné
Kristus, kang pinitaya rumeksa ing
kekerané Allah.
2 Wondéné para abdi kang kaya
mangkono iku, saraté kudu katitik
katemenané.
3 Tumraping aku dakanggep sepélé, apa
kowé utawa sadhéngah pangadilaning

manungsa kang ngadili marang aku.
Malah awakku dhéwé iya ora dakadili.
4 Sabab aku pancèn ora rumangsa
apa-apa mungguhing awakku dhéwé,
nanging ora awit saka iku anggonku
kabeneraké. Kang ngadili aku iku Gusti.
5 Mulané kowé aja ngadili sadurungé
tekan waktuné, yaiku sadurungé Gusti
rawuh. Panjenengané kang bakal nyunari
samubarang kang sumimpen ana ing
pepeteng, lan kang bakal nglairaké
ciptaning ati. Ing kono saben wong bakal
olèh pangalem saka Allah.
6 Para Sadulur, kandhaku iki mau
daketrapaké marang awakku dhéwé
lan marang Apolos, marga saka kowé,
supaya marga saka tuladhaku iku,
kowé padha sinau ngerti apa ta tegesé
unèn-unèn, "Aja ngungkuli apa kang
tinulis," supaya ing antaramu aja
nganti ana kang kumlungkung kanthi
ngegungaké kang siji ngrèmèhaké sijiné.
7 Awit sapa ta kang nganggep kowé iku
kinacèk? Lan apa ta kang kokdarbèni
kang ora saka anggonmu tampa? Déné
yèn marga saka anggonmu tampa,
yagéné kowé kok kumalungkung,
kaya-kaya ora saka anggonmu tampa?

8 Kowé iku wus padha wareg, kowé wus
padha dadi sugih, tanpa aku kowé wus
padha dadi raja. Saiba beciké yèn ta
pancèn nyata mangkono, menawa kowé
wus padha dadi raja, satemah aku iya
padha mèlu dadi raja karo kowé!
9 Sabab mungguhing panemuku Allah
maringi papan kang asor dhéwé marang
aku kabèh, para rasul, padha karo wong
kang wus kapatrapan ing paukuman pati,
marga aku wus padha dadi tontonaning
jagat, para malaékat sarta manungsa.
10 Aku iki padha bodho awit saka
Kristus, nanging kowé padha wasis ana
ing Kristus. Aku padha apes, nanging
kowé padha rosa. Kowé padha mulya,
nanging aku padha ora kajèn.
11 Nganti tumeka ing waktu iki aku
padha luwé, ngelak, kawudan, digebugi
sarta urip nglembara,
12 nganggo tanganku dhéwé aku
nindakaké pagawéan kang abot. Yèn aku
dipoyoki, aku padha mujèkaké becik;
yèn aku dikuya-kuya, aku padha sabar;
13 yèn aku dipitenah, aku padha
mangsuli kanthi sumanak; aku wus
padha dadi leletheking jagat, padha karo

jejembering samubarang nganti tumeka
saiki.
14 Bab iki daktulis ora nedya gawé
isinmu, nanging kanggo ngélingaké
kowé kabèh kang dadi anak-anakku
kang daktresnani.
15 Marga sanadyan kowé padha duwé
panuntun maèwu-èwu ana ing Kristus,
nanging ora duwé bapa akèh. Marga iya
aku kang dadi bapakmu ana ing Kristus
Yésus sarana Injil.
16 Mulané kowé padha dakpituturi:
Padha nulada marang aku!
17 Iya iku mulané aku banjur kongkonan
Timotius anakku kang kinasih lan kang
setya ana ing Gusti. Iku kang bakal
ngélingaké kowé bab lakuku ana ing
Kristus Yésus, kaya kang dakwulangaké
ana ing endi-endi ing saben pasamuwan.
18 Nanging ana wong sawatara kang
banjur padha kumenthus, marga wong
mau padha duwé pangira, yèn aku ora
bakal nekani kowé manèh.
19 Nanging menawa Gusti marengaké,
aku bakal énggal nekani kowé. Ing kono
aku bakal nyumurupi, dudu tembungé
wong kang kumenthus mau, nanging
kakuwatané.

[20] Sabab kratoné Allah iku ora awujud
tembung, nanging wujud kakiyatan.
[21] Apa ta kang padha kokkarepaké?
Apa tekaku marang kowé kudu nggawa
penthung, apa kalawan katresnan lan
budi sarèh?

5 [1] Pancèn wis kaprungu, yèn ing
antaramu ana kang laku cabul,
malah anggoné laku cabul mau, patrapé
ora tau kelakon ana ing antarané para
bangsa kang ora wanuh marang Allah,
yaiku ana wong kang ngepèk somahé
bapakné.
[2] Éwadéné kowé kok padha
kumlungkung. Apa ora luwih becik
kowé padha prihatin, satemah
nyingkiraké wong kang duwé pratingkah
mangkono mau saka ing tengahmu?
[3] Sabab aku, sanadyan ing tata lair
adoh, nanging sacara rohani adu-arep,
lan kanthi cara kang mangkono, kaya-
kaya aku wis matrapi paukuman marang
wong kang nglakoni mangkono iku.
[4] Menawa kowé padha kumpul
ing asmané Gusti Yésus, sarta aku
uga nunggal sajroning Roh, kanthi
pangwaosé Yésus, Gusti kita,

5 wong iku kudu kapasrahaké marang
Iblis, satemah dagingé rusak, supaya
sukmané kapitulungan rahayu bésuk ing
dinané Gusti.
6 Ora becik gumunggungmu iku. Apa
kowé padha ora sumurup, yèn ragi
sathithik iku rumasuk ing jladrèn kabèh?
7 Buwangen ragi kang lawas iku, supaya
kowé padha dadi jladrèn kang anyar,
sabab kowé rak pancèn tanpa ragi.
Awit Cempéning Paskah kita uga wus
disembelèh, yaiku Kristus.
8 Mulané payo kita padha pésta, ora
nganggo ragi kang lawas, ragi piala
utawa duraka, nanging nganggo roti
kang tanpa ragi, yaiku kamurnèn lan
kayektèn.
9 Aku wus nulis ana ing layangku
marang kowé, supaya kowé aja srawung
karo wong kang padha laku cabul.
10 Kang dakkarepaké iku ora karo
sakèhing wong kang laku cabul ing jagat
iki, utawa karo wong kabèh kang srakah
sarta tukang njarah-rayah, utawa wong
kabèh kang padha nyembah brahala,
amarga yèn ta mangkonoa kowé mesthi
kudu padha metu saka jagat iki.

11 Nanging, anggonku nulis marang
kowé iku mau mangkéné: kowé aja
nganti srawung karo wong, kang
sanadyan wong mau ngaku sadulur
tunggal pracaya, nyatané laku cabul,
srakah, nyembah brahala, gawéné
mitenah, seneng endem-endeman
utawa tukang njarah-rayah; kowé aja
pisan-pisan mangan bebarengan karo
wong kang kaya mangkono iku.
12 Sabab kanggo apa aku padha
ngakimi wong-wong kang ana
sanjabaning pasamuwan? Wong-wong
kang ana ing sajroning pasamuwan iku
rak kang kuduné kokhakimi?
13 Para wong kang padha ana ing
sanjabaning pasamuwan, iku bakal
dihakimi déning Allah. Wong kang padha
nandukaké piala iku tundhungen saka
ing tengah-tengahmu.

6 1 Apa ana wong ing antaramu kang
menawa prakaran karo padha
sadulur, wani golèk kaadilan marang
wong kang padha ora pracaya, ora
marang para suci?
2 Utawa apa kowé padha ora sumurup,
yèn para suci bakal ngadili jagat? Lan
menawa pangadilané jagat iku ana

ing tanganmu, apa kowé ora saguh
ngrampungi prakara-prakara kang
rèmèh?
3 Apa kowé padha ora sumurup, yèn
kita bakal ngakimi para malaékat?
Apamanèh prakara-prakara padinan.
4 Sanadyan mangkono menawa kowé
arep ngurus prakara-prakara padinan,
apa banjur kokpasrahaké marang wong
kang ora kepétung ana ing pasamuwan?
5 Bab iki dakkandhakaké, supaya kowé
padha rumangsa isin. Apa siji baé ora
ana ta ing antaramu kang wicaksana,
kang bisa ngrampungi prakarané para
saduluré kang tunggal pracaya?
6 Apa sadulur kang prakaran karo
sadulur liyané, malah golèk kaadilan
marang wong-wong kang ora pracaya?
7 Bab anané prakara kang tuwuh ana
ing antaramu iku baé, wus nélakaké
kekalahanmu. Yagéné kowé ora luwih
becik nandhang sangsara marga digawé
sawenang-wenang? Yagéné kowé ora
luwih becik nandhang kapitunan?
8 Ananging kowé dhéwé malah padha
tumindak sawenang-wenang lan padha
gawé pituna kanthi ngapusi, lan iku

malah koktandukaké marang para
sadulurmu tunggal pracaya.
9 Utawa kowé padha ora sumurup, yèn
wong kang padha ora adil iku bakal
ora tampa warisan Kratoning Allah? Aja
padha kesasar. Wong kang laku cabul,
nyembah brahala, seneng laku jina,
wong lanang kang kawin karo padha
lanang, lan pasangané wong-wong mau,
10 kang nyenyolong, srakah, seneng
endem-endeman, tukang mitenah lan
tukang njarah-rayah, iku ora bakal
tampa warisan Kratoning Allah.
11 Sawenèhing panunggalanmu biyèn
iya kaya mangkono iku, nanging kowé
wis padha masrahaké awakmu supaya
diresiki, kowé wis padha kasucèkaké,
wis padha kabeneraké ing asmané Gusti
Yésus Kristus lan ing Rohé Allah kita.
12 "Samubarang diparengaké tumraping
aku", nanging ora samubarang maédahi.
Samubarang diparengaké tumraping
aku, nanging awakku dakjaga aja nganti
dikwasani déning apa baé.
13 Pangan iku kanggo weteng, lan
weteng kanggo pangan: nanging
sakaroné bakal dilebur déning Allah.
Badan iku ora kanggo laku cabul,

nanging kagem Gusti, lan Gusti kanggo
badan.
14 Allah wus mungokaké Gusti; kita
iya bakal katangèkaké marga saka
pangwaosé.
15 Apa kowé padha ora sumurup, yèn
badanmu iku dadi gegelitaning Kristus?
Kang iku gegelitaning Kristus apa bakal
dakjupuk, tuwin dakdadèkaké gegelitané
pelacur? Babar pisan ora!
16 Utawa, apa kowé ora sumurup, yèn
sing sapa rumaket marang pelacur,
iku dadi nunggal sabadan? Rak ana
pangandika mangkéné, "Loro-loroné
bakal dadi daging siji."
17 Balik sing sapa rumaket ing Gusti, iku
dadi nunggal roh kalawan Panjenengané.
18 Padha ngedohana laku cabul!
Sarupaning dosa liyané kang dilakoni
wong iku tumindaké sanjabaning
badané. Nanging wong kang nindakaké
laku cabul iku ateges dosa marang
badané dhéwé.
19 Apa kowé padha ora sumurup, yèn
badanmu iku padha dadi padalemané
Roh Suci kang dedalem ana ing kowé,
Roh Suci kang kaparingaké marang kowé

déning Allah, sarta menawa awakmu iku
dudu awakmu dhéwé?
[20] Sabab kowé wus padha tinuku lan
wus kabayar lunas: Mulané padha
ngluhurna Allah srana badanmu!

7 [1] Saiki, masalah kang kasebut
ing layangmu marang aku. Becik
menawa wong lanang ora sesomahan,
[2] nanging ngélingi anané bebaya laku
cabul, beciké saben wong lanang duwé
somahé dhéwé lan wong wadon iya duwé
somahé dhéwé.
[3] Sing lanang netepana kuwajibané
marang sing wadon, mangkono uga sing
wadon marang sing lanang.
[4] Sing wadon ora ngwasani badané
dhéwé, nanging sing lanang. Mangkono
uga sing lanang iya ora ngwasani badané
dhéwé, nanging sing wadon.
[5] Kowé aja padha cegah-cinegah,
kajaba kalawan padha sarujuké kanggo
sawatara mangsa, supaya kowé bisa
mligèkaké waktu kanggo ndedonga.
Nanging sawusé iku padha kumpula
manèh, supaya Iblis aja nganti nggodha
kowé, awit saka anggonmu ora kuwat
nahan napsumu.

6 Bab iki dakkandhakaké marang kowé
minangka palilah, ora minangka préntah.
7 Sanadyan mangkono saiba beciké
menawa wong kabèh padha nglakoni
kaya aku; nanging saben wong
kaparingan ganjaran dhéwé-dhéwé
déning Allah, kang siji ganjaran
mangkéné, sijiné ganjarané mangkono.
8 Déné wong kang ora sesomahan lan
para randha, dakprayogakaké, supaya
padha tetep kaya aku iki.
9 Nanging menawa ora kuwat nyegah
napsuné, karebèn padha omah-
omah. Awit luwih becik omah-omah
tinimbang ngangah-angah marga déning
hawa-napsu.
10 Mungguh para wong kang padha
sesomahan -- dudu aku, nanging Gusti
kang ndhawuhi, -- supaya wong wadon
aja nganti pegatan karo somahé.
11 Lan yèn pegatan, tetepa anggoné
ora jejodhoan utawa rukuna manèh karo
sing lanang. Lan wong lanang ora kena
megat somahé.
12 Nanging marang wong liya aku --
dudu Gusti -- mituturi mangkéné: Yèn
ana sadulur tunggal pracaya duwé
somah kang ora pracaya, mangka wong

wadon iku gelem manggon tetunggalan,
sadulur mau aja nganti megat sing
wadon iku.
13 Lan wong wadon menawa duwé
somah kang ora pracaya, mangka wong
lanang iku gelem manggon tetunggalan,
wong wadon mau aja nganti megat sing
lanang iku.
14 Amarga wong lanang kang ora
pracaya iku, wis kasucèkaké marga
saka sing wadon, lan wong wadon
kang ora pracaya mau wis kasucèkaké
marga saka sing lanang. Saupama ora
mangkono, anak-anakmu iku rak banjur
dadi anak-anak kang najis, mangka saiki
padha suci.
15 Nanging menawa kang ora pracaya
iku kepéngin pegatan, iya karebèn
megat; menawa mangkono iku sadulur
lanang utawa wadon mau padha ora
kacencang ing wajib. Nanging Allah
nimbali kowé supaya padha urip ing
sajroné atut-rukun.
16 Sabab kepriyé anggonmu bisa
sumurup, hé wong wadon, menawa
kowé ora bakal nylametaké somahmu?
Utawa kepriyé anggonmu sumurup, hé

wong lanang, menawa kowé ora bakal
nylametaké somahmu?
17 Sabanjuré, saben wong iku lestaria
uripé kaya kang wus katetepaké déning
Gusti, lan ing sajroning kaanan kaya ing
nalikané katimbalan déning Allah. Iya
iki pranatan kang dakwènèhaké marang
sakèhé pasamuwan.
18 Menawa ana wong kang katimbalan
wus tetak, aja mbudidaya ngilangi
tandaning tetaké. Lan menawa ana wong
kang katimbalan ora tetak, aja banjur
nglakoni tetak.
19 Sabab tetak utawa ora tetak
iku ora penting. Kang prelu netepi
angger-anggeré Allah.
20 Saben wong iku tetepa ing timbalané
kaya nalikané katimbalan déning Allah.
21 Menawa nalikané katimbalan kowé
dadi batur tukon, iku aja kokgrantesaké!
Nanging menawa kowé bisa dadi wong
mardika, gunakna kamardikanmu iku
kanthi prayoga.
22 Sabab batur tukon kang katimbalan
ing Gusti iku dadi wong mardika
kagungané Gusti. Mangkono uga wong
mardika, kang katimbalan déning
Kristus, iku dadi abdiné Kristus.

23 Kowé wus padha tinuku lan wus
kabayar lunas. Mulané kowé aja padha
dadi batur tukoning manungsa.
24 Para Sadulur, saben wong iku tetepa
ana ing ngarsané Allah, kaya nalikané
katimbalan.
25 Saiki bab para wong kang durung
omah-omah. Aku ora olèh dhawuh
saka Gusti tumrap bab iki. Nanging
aku nglairaké panemuku kayadéné
wong kang kena dipracaya, awit saka
palimirmané Allah.
26 Kang iku panimbangku, ngélingi
gawating kaanan ing waktu saiki, becik
menawa wong iku kaanané ora owah.
27 Menawa kowé wus kacancang
ing wong wadon, aja ngarah pegaté!
Menawa kowé durung kacancang ing
wong wadon, ora prelu golèk!
28 Éwadéné menawa kowé omah-omah,
iku kowé ora dosa. Lan yèn ana prawan
omah-omah, iku iya ora dosa. Nanging
wong-wong kang mangkono iku bakal
nandhang kasusahan mungguh ing
daging, mangka karepku kowé aja
nganti ketaman ing kasusahan iku.
29 Para Sadulur, kang dakkarepaké
mangkéné: Waktuné wus kari sathithik!

Mulané ing waktu kang mung kari
sadhéla iki, wong lanang kang padha
sesomahan tumindaka kaya-kaya ora
sesomahan;
30 lan wong kang padha nangis, dikaya
ora nangis; lan kang bungah dikaya ora
bungah; sarta para wong kang tetuku,
dikaya ora nduwèni kang dituku.
31 Dadiné, wong kang padha nganggo
barang-barang kadonyan iki, dikaya ora
nganggo. Sabab donya kang wujudé
kaya saiki iki, bakal sirna.
32 Kang dakkarepaké, supaya kowé
padha urip tanpa was-sumelang. Wong
lanang kang ora sesomahan, tansah
nggatèkaké prakara-prakara kang
mungguh ing Gusti, kepriyé murih dadi
keparengé Gusti.
33 Déné wong lanang kang sesomahan,
tansah nggatèkaké prakara-prakara
kadonyan, kepriyé bisané gawé senengé
sing wadon,
34 lan marga saka mangkono pikirané
banjur kabagé-bagé. Wong wadon
kang ora sesomahan, sarta para
prawan, padha tansah nggatèkaké
prakara-prakara kang mungguh ing
Gusti, supaya jiwa-ragané dadi suci.

Nanging wong wadon kang sesomahan
tansah nggatèkaké prakara-prakara
kadonyan, kepriyé bisané gawé senengé
sing lanang.
35 Kabèh iki mau dakkandhakaké
kanggo kabutuhanmu dhéwé, ora
nedya ngalang-alangi kekarepanmu,
nanging supaya kowé padha nglakoni
samubarang kang patut sarta supaya
anggonmu leladi marang Gusti tanpa
alangan.
36 Déné menawa ana wong duwé
pangira, yèn anggoné ngrengkuh
marang pacangané kurang samesthiné,
menawa prawan mau sangsaya tuwa,
mangka duwé rasa adreng kudu
neningkahan, menawa pancèn karepé
mangkono, karebèn neningkahan. Iku
ora dosa.
37 Déné menawa ana wong kang atiné
yakin, ora kapeksa lan bisa ngerèh
kekarepané, sarta wus kenceng sedyané
ora arep omah-omah karo pacangané,
iku tumindak becik.
38 Dadi wong kang omah-omah karo
pacangané, iku tumindak becik, déné
kang ora omah-omah karo pacangané,
iku tumindak luwih becik.

[39] Wong wadon somahan iku kacancang
salawasé somahé isih urip. Nanging yèn
bojoné wus tilar donya, wong wadon
mau wenang neningkahan manèh karo
sapa baé kang dikarepaké, anggeré
wong kang pracaya.
[40] Nanging mungguhing panemuku,
luwih binerkahan, menawa wong mau
tetep kaya mangkono. Lan pangrasaku,
aku iya kadunungan Rohé Allah.

8 [1] Mungguh daging sesajèning brahala
iku, kita padha sumurup, "Kita kabèh
padha duwé kawruh." Kawruh kang
mangkono iku marakaké kumenthus,
nanging katresnan iku mbangun.
[2] Menawa ana wong duwé pangira, yèn
duwé "kawruh" iku ateges durung bisa
nggayuh kawruh kang kuduné digayuh.
[3] Nanging wong kang tresna marang
Allah, iku ditepangi déning Allah.
[4] Mungguh bab mangan daging
sesajèning brahala, kita padha sumurup,
"Yèn brahala iku ing jagat satemené
ora ana, lan ora ana Allah liyané kajaba
mung Panjenengané."
[5] Sabab, sanadyan ta ana kang sinebut
"ilah", dadia ing swarga, utawa ing bumi
-- sarta pancèn bener ana "ilah" akèh,

lan "gusti" akèh kang kaya mangkono
iku --,
6 nanging mungguh ing kita mung
ana Allah siji, yaiku Sang Rama,
kang dadi etuking samubarang kabèh,
lan kita padha urip lumados marang
Panjenengané, sarta Gusti iya mung
siji, yaiku Yésus Kristus, kang lumantar
Panjenengané samubarang katitahaké
lan kita padha urip.
7 Déné kang duwé kawruh mangkono
iku ora saben wong. Ana wong, kang
awit saka anggoné isih kacancang ing
brahala-brahala, anggoné mangan
daging iku kaya mangan sesajèning
brahala. Lan amarga pangrasaning atiné
ringkih banjur dadi cacad.
8 "Pangan iku ora njalari kita saya
cedhak karo Allah. Kita padha ora
kapitunan apa-apa menawa ora mangan,
lan ora bathi apa-apa menawa kita
padha mangan."
9 Nanging poma kowé padha diawas,
aja nganti wewenangmu iku dadi
sandhungan tumrap wong kang padha
ringkih.
10 Awit menawa nganti ana wong kang
weruh kowé kang duwé kawruh, lagi

mangan ana ing omahing brahala, apa
wong kang pangrasaning atiné ringkih
ora bakal kawanèkaké mangan daging
sesajèning brahala?
11 Kalawan patrap mangkono wong
kang ringkih, yaiku sadulurmu tunggal
pracaya, dadi nemu tiwas marga saka
"kawruhmu", mangka Kristus wus
nglampahi séda kanggo wong iku.
12 Menawa kanthi patrap mangkono,
kowé gawé dosa marang para
Sadulurmu tunggal pracaya sarta natoni
pangrasaning atiné kang ringkih, iku
sajatiné kowé gawé dosa marang
Kristus.
13 Mulané menawa pangan dadi
sesandhungan tumrap sadulurku tunggal
pracaya, ing salawasé aku ora arep
mangan daging manèh, supaya aja
nganti dadi sesandhungan tumrap
sadulurku.
9 1 Apa aku iki dudu wong mardika?
Apa aku iki dudu rasul? Apa aku ora
wis ndeleng Yésus, Gusti kita? Kowé iku
apa ora dadi wohing garapanku ana ing
Gusti?
2 Sanadyan kanggoné wong liya aku iki
dudu rasul, nanging tumraping kowé aku

iki rasul. Amarga uripmu ana ing Gusti
iku minangka tandha cap tumraping
karasulanku.
3 Iki panjawabku marang wong kang
padha nacad aku.
4 Apa aku ora duwé wewenang mangan
lan ngombé?
5 Apa aku ora duwé wewenang ngajak
wong wadon tunggal pracaya kang
dadi somahku ing sajroning lakuku,
padha kaya para rasul liyané lan para
sadhèrèké Gusti apadéné Kéfas?
6 Utawa apa mung aku lan Barnabas baé
kang ora duwé wewenang kabébasaké
saka ing pagawéan kanggo golèk
pangan?
7 Sapa ta kang wus tau mèlu maju
perang kanthi wragad dhéwé? Sapa
ta kang nanduri kebon anggur lan
ora mangan wohé? Utawa sapa ta
kang angon pepanthan wedhus lan ora
ngombé susuné?
8 Kandhaku kang mangkono iku
apa mung gagasaning manungsa
baé? Angger-anggering Torèt rak iya
mratélakaké mangkono, ta?
9 Sabab ing angger-anggeré Musa ana
tulisan mangkéné, "Sira aja mbrangus

cangkeming sapi kang lagi kanggo
nggiling." Apa Allah iku nggumatosi sapi?
10 Apa dudu kita kang kakarsakaké?
Iya, bab iki katulis kanggo kita, yaiku:
kang mluku iya kudu mluku kanthi
pangarep-arep, lan kang nggiling iya
kudu nggiling kanthi pangarep-arep olèh
pandumané.
11 Kang iku menawa aku kang wus
padha nyebar wiji kasukman kanggo
kowé kabèh, apa ora kena aku padha
ngenèni pametumu tata kadonyan?
12 Menawa wong liya padha wenang
ngarep-arep panduman saka kowé,
luwih-luwih aku kabèh! Nanging aku
padha ora migunakaké wewenang
mau. Balik aku malah padha nahanaké
samubarang, supaya aja nganti
ngalang-alangi pakabaraning Injilé
Kristus.
13 Apa kowé padha ora sumurup, yèn
wong kang padha leladi ing papan kang
suci iku pangané iya saka ing papan suci,
lan wong kang padha leladi ing misbyah,
iku iya padha olèh panduman saka ing
misbyah kono?

14 Mangkono uga Gusti iya wus mranata,
para kang ngabaraké Injil, iku uripé iya
saka anggoné ngundhangaké Injil iku.
15 Nanging aku, ora tau migunakaké
wewenang iku mau siji-sijia. Anggonku
nulis kabèh iki, ora supaya aku uga
nampa pituwas kang kaya mangkono.
Sabab aku aluwung mati katimbang
tumindak mangkono. Temenan,
mongkoging atiku iki ora kena dibatalaké
déning sapa baé!
16 Sabab yèn aku ngabaraké Injil, aku
ora duwé dhasar kanggo gumunggung.
Marga iku kuwajibanku. Malah bilai aku
menawa ora ngabaraké Injil.
17 Saupama anggonku nindakaké iku
mung manut karepku dhéwé, pancèn
aku wenang nampa pituwas. Nanging
menawa ora saka karepku dhéwé, iku
dadi ayahan kang kabubuhaké marang
aku.
18 Yèn mangkono banjur apa pituwasku?
Pituwasku yaiku: Aku diparengaké
ngabaraké Injil tanpa pituwas, lan aku
ora migunakaké wewenangku anggonku
dadi juru ngundhangaké Injil.
19 Sanadyan aku iki mardika tumraping
wong kabèh, éwadéné aku ngabdèkaké

awakku marang wong kabèh, supaya
aku kepareng nggèndèng wong akèh.
[20] Dadiné, tumrapé wong Yahudi aku
dadi kaya wong Yahudi, supaya aku
bisa nggèndèng wong Yahudi. Tumrap
para wong kang kawengku ing angger-
anggering Torèt aku dadi kaya wong
kang kawengku ing angger-anggering
Torèt, -- sanadyan aku dhéwé ora
kawengku ing angger-anggering Torèt --
supaya aku bisa nggèndèng para wong
kang kawengku ing angger-anggering
Torèt.
[21] Tumrapé wong kang padha ora
kawengku ing angger-anggering Torèt,
aku dadi kaya wong kang ora kawengku
ing angger-anggering Torèt -- sanadyan
uripku iku ora tanpa angger-anggering
Allah, sabab aku kawengku ing
angger-anggeré Kristus -- supaya aku
bisa nggèndèng para wong kang ora
kawengku ing angger-anggering Torèt.
[22] Tumrapé wong kang padha ringkih,
aku dadi kaya wong ringkih, supaya
aku bisa nggèndèng marang wong
kang padha ringkih. Tumrap sarupaning
wong aku dadi kaya wong-wong mau,

supaya sabisa-bisa aku nylametaké
wong sawatara saka ing antarané.
23 Samubarang kabèh iku mau
daktindakaké marga saka Injil, supaya
aku mèlu nampa pandumané.
24 Apa kowé padha ora sumurup, yèn
ana ing glanggang, wong kang padha
mèlu iku kabèh padha lumayu, nanging
mung siji kang tampa ganjaran? Mulané
padha lumayua amrih kowé bisa tampa
ganjaran.
25 Saben wong kang mèlu balapan, iku
njaga awaké ing samubarang prakara.
Wong mau padha tumindak mangkono
supaya olèh makutha kang bisa rusak;
balik kita supaya olèh makutha kang
langgeng.
26 Mulané anggonku lumayu iku ora
tanpa tujuan, lan aku dudu jago tinju
kang mung waton njotos baé.
27 Nanging aku nggladhi sarta ngerèh
badanku, supaya sawisé ngabaraké Injil
marang wong liya, aja nganti aku dhéwé
ditampik.

10 1 Anadéné karepku, para Sadulur,
supaya kowé padha mangerti,
yèn para leluhur kita padha ingauban

ing méga, lan kabèh wus padha lumaku
nratas sagara.
2 Supaya dadi pandhèrèké Musa, kabèh
wus padha kabaptis sarana méga lan
sarana sagara.
3 Wong kabèh mangan pangan
kasukman kang padha,
4 lan wong kabèh ngombé ombèn-
ombèn kasukman kang padha uga,
awit padha ngombé saka ing parang
kasukman kang ngetutaké lakuné; déné
parang mau yaiku Kristus.
5 Éwadéné akèh saka panunggalané
kang padha ora ndadèkaké keparengé
Allah, iku padha katumpes ana ing
pasamunan.
6 Kabèh iki mau wis kelakon minangka
tuladha lan pepéling tumrap kita, supaya
kita aja nganti padha kepéngin marang
piala, kaya kang wis katindakaké déning
wong-wong mau,
7 lan kita aja nganti padha dadi wong
nyembah brahala kaya sawenèhing
panunggalané, kaya kang katulis,
suraosé, "Wong sabangsa iku padha
lungguh, mangan lan ngombé; banjur
padha ngadeg lan seneng-seneng
jejogèdan."

8 Kita aja padha laku cabul, kaya kang
padha katindakaké déning sawenèhing
panunggalané, temahan ana wong telu
likur èwu kang padha mati sadina.
9 Karomanèh kita aja padha nyoba
marang Kristus, kaya kang padha
katindakaké déning sawenèhing
panunggalané, satemah padha tiwas
déning ula.
10 Sarta aja padha grundelan kaya
sawenèhing panunggalané, satemah
padha ditumpes déning malaékating
pati.
11 Kabèh iki mau wus tumempuh
marang wong-wong mau minangka
conto, lan katulis supaya dadi pepéling
tumrap kita kang padha urip ing
pungkasaning jaman kang wus wiwit
kelakon.
12 Mulané sapa kang rumangsa ngadeg
jejeg, dingati-ati aja nganti tiba!
13 Kang padha kokalami iku pacoban-
pacoban kang lumrah, kang ora ngluwihi
kakuwataning manungsa. Sabab Allah
iku setya tuhu, mulané ora bakal
négakaké kowé kacoba ngluwihi saka ing
kakuwatanmu. Menawa kowé kena ing
pacoban, Panjenengané bakal maringi

dalaning pangluwaran, satemah kowé
padha bisa tahan.
14 Mulané para Sadulurku kinasih,
padha nyingkirana panyembahing
brahala.
15 Aku pitutur marang kowé iku
kaya marang wong kang padha duwé
pangertèn. Padha timbangen dhéwé apa
kang dakpituturaké!
16 Tuwunging pamuji sokur kang kita
sukuri iku, apa ora dadi wujuding
patunggilan kalawan rahé Kristus? Apa
roti kang kita cuwil-cuwil iku ora dadi
wujuding patunggilan kalawan sarirané
Kristus?
17 Sarèhné rotiné iku mung siji, mulané
kita kang akèh, dadi badan siji; marga
kabèh padha olèh panduman saka roti
siji iku.
18 Padha titènana bangsa Israèl
jasmani: Wong kang padha mangan
kurban iku rak padha ndhèrèk ing
paladosaning misbyah, ta?
19 Apa ta kang dakkarepaké kandha
mangkono iku? Apa sesajèning brahala
iku ana tegesé? Utawa, apa brahala iku
ana maknané?

20 Ora! Déné kang dakkarepaké,
sesajèné wong-wong iku mau tumuju
marang roh-roh jahat, ora marang Allah.
Lan ora dadi karepku yèn kowé padha
tetunggalan karo para roh jahat.
21 Ora bisa kowé padha ngombé ing
tuwungé Gusti lan iya saka ing tuwungé
para roh jahat. Ora bisa kowé padha
tampa panduman ing méjané Gusti lan
iya ing méjané para roh jahat.
22 Utawa apa kita nedya memungu
bentèring panggalihé Gusti? Apa iya
karosan kita ngungkuli Panjenengané?
23 "Samubarang diparengaké",
nanging ora samubarang iku maédahi.
"Samubarang diparengaké", nanging ora
samubarang mbangun.
24 Aja nganti ana wong kang mung
golèk untungé dhéwé, nanging saben
wong ngaraha untunging liyan.
25 Kowé padha kena mangan apa baé
kang diedol ana ing pasar daging, aja
nganggo neges apa-apa marga saka
osiking ati.
26 Sabab, "bumi saisiné kabèh iku
kagungané Pangéran."
27 Menawa kowé padha diulemi déning
wong kang ora pracaya, lan uleman

iku koktampani, padha mangana apa
baé kang disuguhaké marang kowé, aja
nganggo neges apa-apa marga saka
osiking ati.
28 Nanging yèn ana wong kang
ngandhani kowé, "Iku sesajèning
brahala!" aja kokpangan, marga saka
kang ngandhani mau lan iya awit saka
osiking ati.
29 Kang dakkarepaké osiking ati iku
dudu osiking atimu dhéwé, nanging
osiking atiné wong liya iku. Mbokmenawa
ana wong kandha, "Yagéné ta, déné
kamardikanku kok ditemtokaké déning
osiking atiné wong liya?
30 Menawa aku mèlu mangan apa-apa
kanthi saos sokur, yagéné aku kok
dicacad marga saka panganan kang
daksukuri iku mau?"
31 Mulané, dadia kowé mangan, dadia
kowé ngombé, dadia nglakoni apa baé
liyané, kabèh iku mau lakonana kagem
kaluhurané Allah.
32 Kowé aja nganti padha gawé
sandhungan, dadia marang wong
Yahudi, dadia marang wong Yunani,
apadéné marang pasamuwané Allah.

33 Dikaya aku iki iya ngarah nglegakaké
atiné wong kabèh ing bab apa baé, ora
kanggo kapreluanku dhéwé, nanging
kanggo kabutuhané wong akèh, supaya
padha kaslametaké.

11 1 Padha nulada marang aku,
dikaya aku iya nulad marang
Kristus.
2 Aku ngalem kowé, sabab ana ing
samubarang prakara kowé padha tetep
éling marang aku lan padha ngantepi
tata cara kang dakwulangaké marang
kowé.
3 Nanging karepku, kowé padha
nyumurupana bab iki, yaiku sesirahé
saben wong lanang iku Kristus, déné
sesirahé wong wadon iku kang lanang,
sarta sesirahé Kristus iku Allah.
4 Saben wong lanang kang ndedonga
utawa medhar wangsit kanthi sirah
kudhungan, iku ngina sirahé dhéwé.
5 Nanging saben wong wadon kang
ndedonga utawa medhar wangsit sirahé
tanpa kudhung, iku ngina sirahé dhéwé,
sabab padha baé karo wong wadon kang
nggundhuli sirahé.
6 Sabab wong wadon menawa ora
gelem kudhungan, iku aluwung cukura

pisan. Nanging menawa cukuran iku
njalari wong wadon iku ina, beciké iya
padha nganggoa kudhung.
7 Déné wong lanang iku ora prelu
nganggo kudhung, awit wong lanang
iku nyunaraké citra lan kamulyaning
Allah. Déné wong wadon iku nyunaraké
kamulyaning wong lanang.
8 Marga wong lanang iku asalé ora saka
wong wadon, nanging wong wadon kang
asalé saka wong lanang.
9 Sarta wong lanang iku anggoné
katitahaké ora marga saka wong wadon,
nanging wong wadon kang katitahaké
marga saka wong lanang.
10 Mulané wong wadon iku nganggo
pratandhaning kawibawané ana ing
sirahé, marga saka para malaékat.
11 Éwadéné, ana ing Gusti ora ana wong
wadon tanpa wong lanang, lan ora ana
wong lanang tanpa wong wadon.
12 Awit kayadéné anané wong wadon
iku saka wong lanang, mangkono uga
anané wong lanang iku lantaran wong
wadon; lan samubarang kabèh iku
pinangkané saka Allah.

13 Padha timbang-timbangen dhéwé:
Apa pantes wong wadon ndedonga
marang Allah, sirahé kok ora kudhungan?
14 Saka kodraté dhéwé rak wus tetéla
tumrap kowé, yèn asor mungguhing
wong lanang, samangsa rambuté diingu
dawa?
15 Nanging tumrap wong wadon ngingu
rambut iku dadi lan kamulayané. Awit
rambut iku kaparingaké minangka
kudhung.
16 Nanging yèn ana wong ngèyèl, aku
utawa pasamuwan-pasamuwané Allah
padha ora duwé pakulinan kang kaya
mangkono iku.
17 Ing sajroné aku awèh pituduh-
pituduh sabanjuré iki aku ora bisa
ngalem kowé, awit anggonmu padha
kumpulan iku ora ndadèkaké mundhak
becik, nanging malah mundhak ala.
18 Sabab, dhisiké aku krungu, samangsa
kowé padha masamuwan, ing antaramu
ana crah kang njalari pepisahan, mangka
setengahé aku iya ngandel.
19 Awit ing antaramu pancèn kudu ana
golongan-golongan, supaya ing mengko
katitik sapa saka ing antaramu kang
padha tahan uji.

[20] Menawa kowé padha kumpulan iku
ora nedya kembul bujanané Gusti.
[21] Sabab nalikané padha kembul
mangan iku, saben wong ndhisiki njupuk
pangané dhéwé, satemah kang siji
kaluwèn, sijiné mendem.
[22] Apa kowé ora duwé omah dhéwé kang
kena kokenggo mangan lan ngombé?
Apa kowé padha arep ngrèmèhaké
pasamuwané Allah, sarta mirangaké
wong kang padha ora deduwèn? Apa
ta kang kudu dakkandhakaké marang
kowé? Apa aku kudu ngalem kowé?
Tumrap prakara iki, aku ora ngalem.
[23] Sabab apa kang wus daktampa saka
Gusti iku, iya wus dakterusaké marang
kowé, yaiku, yèn Gusti Yésus, ing wayah
bengi nalika Panjenengané ndungkap
kaulungaké, mundhut roti,
[24] lan sawusé saos sokur, tumuli
nyuwil-nyuwil rotiné sarta ngandika,
"Iki badanku, kang kaulungaké marga
saka kowé; iki padha tindakna kanggo
pangéling-éling marang Aku!"
[25] Mangkono uga tuwungé, sawusé
dhahar, pangandikané, "Tuwung iki
prajanjian anyar kang kaecap kalawan
getihku. Saben-saben kowé padha

ngombé, iku padha tindakna kanggo
pangéling-éling marang Aku!"
[26] Awit saben-saben kowé padha
mangan roti iki sarta ngombé ing tuwung
iki, iku ateges kowé padha martakaké
sédané Gusti nganti tumeka ing rawuhé.
[27] Dadi sing sapa kanthi sawiyah-wiyah
anggoné mangan roti sarta ngombé ing
tuwungé Gusti, iku dosa marang sarira
lan rahé Gusti.
[28] Mulané saben wong ndadara awaké
dhéwé, lan sawusé mangkono lagi
mangan roti lan ngombé ing tuwung iku.
[29] Sabab sing sapa mangan sarta
ngombé ora kalawan ngakoni bab
sarirané Gusti, iku bakal nekakaké
paukuman marang awaké dhéwé.
[30] Mulané akèh ing antaramu kang
padha ringkih lan laranen, sarta ora
sathithik kang padha nemahi pati.
[31] Nanging menawa kita padha ndadar
awak kita dhéwé, kita ora bakal tampa
paukuman.
[32] Déné menawa kita padha tampa
paukuman saka Gusti, iku kita padha
kaperdi, supaya kita aja nganti kaukum
bebarengan karo jagat.

33 Mulané para Sadulurku, samangsa
kowé padha kembul mangan, padha
entèn-ingentènana.
34 Déné yèn ana wong kang luwé, beciké
mangan dhisik ana ing omahé, supaya
anggonmu padha kembul mangan iku aja
nganti nekakaké paukuman. Mungguh
bab-bab liyané bakal dakpranata bésuk
satekaku.

12 1 Saiki bab peparingé Roh. Para
Sadulur, karepku kowé padha
nyumurupana ing sanyatané.
2 Kowé rak padha sumurup, yèn ing
nalikané kowé durung padha wanuh karo
Allah, kowé padha kagèndèng marang
brahala-brahala kang bisu.
3 Mulané kowé padha daksumurupaké,
menawa ora ana wong kang guneman
marga saka Rohé Allah kok bisa kandha,
"Yésus kena ing ipat-ipat!" lan uga ora
ana wong kang bisa ngakoni, "Yésus iku
Gusti," yèn ora marga déning Roh Suci.
4 Peparing iku warna-warna, nanging
Roh iku mung siji.
5 Lan wujuding paladosan iku rupa-rupa,
nanging Gusti iku mung siji.
6 Apadéné panggawé kang ngéram-
éramaké iku manéka warna, nanging

Allah mung siji kang nindakaké
samubarang ana ing wong kabèh.
7 Nanging saben wong kaparingan
wedharané Roh kanggo kapreluaning
wong akèh.
8 Sabab, kang siji kaparingan déning
Roh ganjaran bisa guneman kanthi
kawicaksanan, sijiné tampa peparing
bisa guneman kanthi kawruh iya saka
Roh iku uga.
9 Kang siji kaparingan pracaya, iya
déning Roh iku mau, lan sijiné tampa
peparing bisa marasaké iya saka
Panjenengané uga.
10 Kang siji peparing bisa nganakaké
mukjijat, sijiné pamedhar wangsit, sijiné
manèh kabisan mbédak-mbédakaké
sawarnaning roh. Kang siji kabisan
guneman nganggo basa roh, sijiné
manèh kabisan njarwakaké basa roh
mau.
11 Nanging iki mau kabèh katindakaké
déning Roh siji iku uga, kang paring
ganjaran marang saben wong dhéwé-
dhéwé ing sakarsané.
12 Sabab, kayadéné badan iku siji,
mangka anggotané akèh; sarta sakèhing
anggotané badan iku sanadyan akèh,

padha dadi badan siji; mangkono uga
Sang Kristus.
13 Marga sajroning Roh siji kita kabèh
wus padha kabaptis dadi badan siji,
padha kaombénan saka Roh siji, dadia
wong Yahudi, dadia wong Yunani; dadia
batur tukon, dadia wong mardika.
14 Awitdéné badan iku pérangané rak
ora mung siji, nanging akèh.
15 Saupama sikil kandha mangkéné,
"Sarèhné aku dudu tangan, mulané
aku ora klebu péranganing badan," apa
bener yèn sikil iku ora klebu péranganing
badan?
16 Lan saupama kuping kandha
mangkéné, "Sarèhné aku dudu mripat,
mulané aku ora klebu péranganing
badan," kang iku apa iya bener yèn
kuping mau ora klebu péranganing
badan?
17 Saupama badan sakojur iku mung
wujud mripat, banjur pangrunguné ana
ing ngendi? Saupama badan sakojur iku
mung wujud kuping, panggandané ana
ing ngendi?
18 Nanging Allah wus mrenahaké
anggota iku, ing papané dhéwé-dhéwé
ana ing badan, manut ing sakarsané.

19 Saupama kabèh iku mau mung dadi
anggota siji, banjur badané iku ana ing
ngendi?
20 Pancèn anggotané iku akèh, nanging
badané mung siji.
21 Kang iku mripat ora kena kandha
marang tangan mangkéné, "Aku ora
butuh kowé." Lan sirah ora kena kandha
marang sikil mangkéné, "Aku ora butuh
kowé."
22 Malah péranganing badan kang
katoné ringkih dhéwé, iku kang
dibutuhaké banget.
23 Lan anggotaning badan kang miturut
wawasan kita ora pati ana ajiné, iku
padha kita paèsi ngluwihi liyané. Sarta
péranganing badan kita kang saru, iku
padha kita rumati kalawan kusus.
24 Déné pérang-péranganing badan kita
kang wus pantes iku ora prelu karumat
mangkono. Ujer Allah anggoné ndhapuk
badan kita iku kalawan paring pangaji-aji
kang linuwih marang pérangan kang
rupané ora pantes,
25 supaya ing sajroning badan aja
nganti ana pasulayan, nanging kabèh
pérangan kang béda-béda kaanané iku
malah padha reksa-rineksa.

[26] Mulané yèn ana pérangan siji kang
lara, pérangan liyané kabèh padha mèlu
ngrasakaké; menawa ana siji kang
ingajénan, kabèh padha mèlu bungah.
[27] Kowé iku padha dadi sarirané Kristus,
sarta siji-sijiné padha dadi pérangané.
[28] Lan Allah wus netepaké wong
sawatara ana ing pasamuwan: sapisan
dadi rasul, kapindho dadi nabi, ping
teluné dadi guru. Sabanjuré ana
kang kaparingan ganjaran nganakaké
mukjijat, marasaké, leladi, nenuntun,
sarta kabisan migunakaké basa roh.
[29] Apa kabèh iku dadi rasul utawa nabi
utawa guru? Apa kabèh mau padha
tampa peparing nganakaké mukjijat,
[30] utawa marasaké, utawa migunakaké
basa roh utawa njarwakaké basa roh?
[31] Mulané padha nggayuha marang
peparing-peparing kang luwih penting.
Anadéné aku nuduhaké kowé dalan kang
ora ana tandhingé.

13 [1] Sanadyan aku bisa ngucapaké
sarupaning basané manungsa
lan malaékat, nanging yèn sepi ing
katresnan, aku padha baé kaya gong
kang ngumandhang utawa kecèr kang
gumenjrèng.

[2] Sanadyan aku kadunungan peparing
bisa medhar wangsit, ngerti sarupaning
wewadi lan sumurup sakèhé kawruh,
sarta sanadyan aku duwé pangandel
kang sampurna nganti bisa mindhah
gunung, nanging yèn aku sepi ing
katresnan, iku aku ora aji babar pisan.
[3] Lan sanadyan aku ndanakaké
sabarang darbèkku kabèh, malah
sanadyan aku masrahaké badanku
supaya diobong, nanging yèn sepi ing
katresnan, iku ora maédahi apa-apa
marang aku.
[4] Katresnan iku sabar; katresnan iku
loma; ora kumèrèn, ora gumunggung
lan kumenthus.
[5] Katresnan iku ora saru polahé lan ora
golèk kepénaké awaké dhéwé. Katresnan
iku ora gampang nepsu lan ora nyimpen
kaluputaning liyan.
[6] Katresnan iku ora bungah awit saka
anané tumindak kang ora adil, nanging
awit saka kayektèn.
[7] Katresnan iku nutupi samubarang,
ngandel ing samubarang, ngarep-arep
samubarang, nyabari samubarang.
[8] Katresnan iku ora ana entèké;
pamedhar wangsit iku bakal ana

pungkasané; basa roh bakal sigeg;
kawruh bakal sirna.
9 Awit kawruh kita iku ora ganep, lan
pamedhar wangsit kita ora sampurna.
10 Nanging satekané kang sampurna,
kang ora sampurna iku bakal sirna.
11 Nalika aku isih bocah, gunemanku
kaya bocah, pangrasaku kaya bocah,
pamikirku kaya bocah. Bareng saiki aku
wus diwasa, kaananku kaya bocah mau
wus dakbuwang.
12 Amarga kita saiki padha ndeleng
gambar kang ora cetha ana ing pangilon,
nanging bésuk kita bakal padha ndeleng
adu arep. Saiki aku mung sumurup ora
kalawan sampurna, nanging bésuk aku
bakal sumurup kanthi sampurna, padha
kaya anggonku kapirsanan.
13 Dadiné kari telung prakara iki, yaiku:
Pracaya, pangarep-arep lan katresnan,
nanging kang pinunjul dhéwé ing
antarané iku, yaiku: katresnan.

14 1 Padha nggayuha katresnan lan
ngudia ganjaran-ganjaran saka
Roh, luwih-luwih peparing bab medhar
wangsit.
2 Sapa kang ngucapaké basa roh,
iku pangucapé ora tumuju marang

manungsa nanging marang Allah. Sabab
ora ana wong kang ngerti basané, déning
Roh wong iku ngucapaké bab-bab kang
winadi.
3 Balik sapa kang medhar wangsit iku,
anggoné ngucap marang manungsa
awujud pambangun, pitutur sarta
panglipur.
4 Sing sapa guneman nganggo basa
roh, iku mbangun awaké dhéwé; balik
sapa kang medhar wangsit iku mbangun
pasamuwan.
5 Aku seneng baé menawa kowé kabèh
padha bisa ngucap nganggo basa roh,
nanging luwih seneng manèh menawa
kowé padha medhar wangsit. Sabab
sapa kang medhar wangsit iku luwih
migunani katimbang karo kang ngucap
nganggo basa roh, kajaba menawa
wong iku iya banjur nerangaké jarwané,
satemah pasamuwan kabangun.
6 Kang iku para Sadulur, saupama
aku nekani kowé lan ngucap nganggo
basa roh, iku apa paédahé tumraping
kowé, menawa aku ora mratélakaké
bab wahyu, apa kawruh, apa pamedhar
wangsit apa piwulang?

7 Iku padha baé karo piranti kang tanpa
nyawa, nanging bisa muni, kayata suling
lan clempung - yèn iku swarané ora
béda, kepriyé bisané wong nyumurupi
lagu apa kang diunèkaké nganggo suling
utawa clempung mau?
8 Utawa menawa swarané slomprèt
ora cetha, sapa kang bakal siyaga ing
perang?
9 Mangkono uga kowé, kang padha
guneman nganggo basa roh: menawa
kowé ora migunakaké tembung-tembung
kang cetha, kepriyé bisané wong padha
ngerti kang kokucapaké? Dadiné
tetembunganmu tanpa guna kaya
guneman karo angin!
10 Ana basa rupa-rupa ing jagat iki --
embuh pira cacahé -- éwasamono ora
ana siji baé ing antarané basa-basa mau
kang tanpa teges.
11 Nanging menawa aku ora ngerti
marang basa mau, aku rak ateges dadi
wong manca tumraping wong kang
migunakaké basa iku, lan wong iku dadi
wong manca tumraping aku.
12 Mangkono uga kowé: Kowé pancèn
padha nggayuh marang peparingé
Roh, nanging luwih becik manèh padha

ngudia, supaya kowé bisa migunakaké
kanggo pambanguning pasamuwan.
13 Mulané sing sapa ngucapaké
basa roh, nyenyuwuna supaya bisa
njarwakaké.
14 Sabab yèn anggonku ndedonga
nganggo basa roh, iku rohku kang
ndedonga, nanging akal budiku ora
ngasilaké apa-apa.
15 Kang iku apa kang kudu
daktindakaké? Aku arep ndedonga
nganggo rohku, nanging aku uga
ndedonga nganggo akal-budiku; aku
arep ngidung lan memuji nganggo
rohku, nanging uga ngidung lan memuji
nganggo akal-budiku.
16 Sabab, menawa anggonmu muji
sokur mung nganggo rohmu, wong
lumrah kang padha ana ing kono, kepriyé
anggoné padha bisa ngamini pamuji
sokurmu iku? Wong mau rak ora padha
ngerti apa kang kokucapaké?
17 Sabab sanadyan pamuji sokurmu
iku becik banget, nanging wong liya ora
kabangun.
18 Aku saos sokur marang Allah, déné
anggonku ngucapaké basa roh iku
ngluwihi kowé kabèh.

19 Nanging ana ing pasamuwan
aku luwih seneng ngucapaké limang
tembung kang bisa dingretèni kanggo
mulang wong liya, katimbang tembung
pirang-pirang èwu ing basa roh.
20 Para Sadulur, pikiranmu aja kaya
bocah. Ing bab piala baé dikaya bocah,
nanging ing bab pikiran dikaya wong
diwasa.
21 Ing angger-anggering Torèt ana
tulisan mangkéné, "Ingsun bakal
ngandikani bangsa iki lumantar
wong kang basané séjé, sarta
lumantar lambéné wong manca;
éwasamono bangsa iku ora bakal
ngrungokaké marang Ingsun, mangkono
pangandikané Pangéran."
22 Dadiné basa roh iku minangka
pratandha kanggo wong kang padha ora
pracaya, ora kanggo wong kang padha
pracaya; déné pamedhar wangsit iku
minangka pratandha kanggo wong kang
padha pracaya, ora kanggo wong kang
padha ora pracaya.
23 Kang iku menawa pasamuwan kabèh
padha nglumpuk, lan saben wong padha
guneman nganggo basa roh, nuli ana
wong njaba utawa wong kang ora

pracaya padha lumebu, apa wong iku ora
bakal padha ngarani, yèn kowé padha
ngomyang?
24 Balik menawa kabèh padha medhar
wangsit, nuli ana wong kang ora pracaya
utawa wong anyar lumebu, iku bakal
kayakinaké déning wong akèh, sarta
dititi-priksa déning wong akèh mau;
25 sakèhé wewadi kang sumimpen
ana ing batiné bakal kelair, satemah
bakal sumungkem sujud marang Allah
sarta ngakoni, "Sanyata Allah ana ing
tengah-tengahmu."
26 Kang iku saiki kepriyé, para Sadulur?
Samangsa kowé padha kumpulan, saben
wong padha nyaosna: kang siji masmur,
sijiné piwulang utawa wahyu, utawa
peparing basa roh, utawa njarwakaké
basa roh, nanging kabèh iku mau
katindakna kanggo mbangun.
27 Déné menawa ana kang ngucap
nganggo basa roh, beciké wong loro
utawa akèh-akèhé wong telu baé, giliran,
lan anaa siji kang njarwakaké.
28 Nanging menawa ora ana wong kang
bisa njarwakaké, beciké wong-wong mau
ana ing pasamuwan padha menenga

baé, mung mosika ana ing atiné dhéwé,
lan munjuk ana ing ngarsaning Allah.
29 Mungguhing nabi-nabi -- beciké anaa
loro utawa telu saka ing antarané kang
padha medharaké pitutur, déné liyané
padha nimbang-nimbanga kang padha
diwedharaké mau.
30 Nanging menawa wong panunggalané
kang padha lungguhan iku ana kang
kaparingan wahyu, prayogané kang
dhisik iku menenga.
31 Marga kowé kabèh padha bisa
gentènan medhar wangsit, satemah
kowé padha olèh piwulang sarta olèh
panglipur.
32 Karodéné rohing para nabi iku manut
marang nabiné.
33 Awit kang dadi keparengé Allah
iku dudu kaanan kang kisruh, nanging
kaanan kang kebak tentrem-rahayu.
34 Padha kaya ana ing sakèhé
pasamuwané para suci, yèn pinuju
kumpulan wong wadon padha menenga,
marga padha ora diparengaké guneman,
nanging prelu padha sumuyud, kaya
kang kapangandikakaké ana ing
angger-anggering Torèt.

35 Déné menawa kepéngin nyumurupi
apa-apa, beciké padha takona marang
somahé ana ing omah. Awit ora pantes
tumraping wong wadon menawa
guneman ana ing pasamuwan.
36 Apa pangandikané Allah iku wiwité
saka kowé? Utawa, apa tekané
pangandika iku mung marang kowé
dhéwé?
37 Menawa ana wong kang rumangsa
dadi nabi utawa wong kasukman, iku
kudu éling, menawa apa kang daktulis
marang kowé iku, dhawuhé Gusti.
38 Nanging menawa wong iku ora
nggatèkaké, iya aja kokgatèkaké.
39 Mulané, para Sadulurku, padha
ngudia supaya tampa peparing medhar
wangsit, lan aja ngalang-alangi wong
kang guneman nganggo basa roh.
40 Nanging samubarang kabèh iku
tumindaka kalawan patut lan tumata.

15 1 Para Sadulur, ing saikiné aku
arep ngélingaké bab Injil kang
wus dakwartakaké marang kowé, kang
iya wus padha koktampa, lan uga
kokantepi.
2 Iya Injil iku kang dadi margané
kowé padha kapitulungan rahayu,

anggeré kowé padha mantep anggonmu
ngugemi, kaya kang wus dakwartakaké
marang kowé, kajaba yèn anggonmu
padha dadi pracaya iku mung tanpa
guna.
3 Sabab kang wigati banget wus
dakterusaké marang kowé, iya kaya
kang wus daktampa dhéwé, yaiku yèn
Kristus wus nglampahi séda marga saka
dosa-dosa kita, nyondhongi surasaning
Kitab Suci,
4 menawa Panjenengané wus
kasarèkaké, sarta ing telung dinané wus
kawungokaké, cundhuk karo surasaning
Kitab Suci,
5 apadéné Panjenengané wus ngatingal
marang Kéfas nuli marang para sakabaté
rolas.
6 Sawisé iku, banjur ngatingal marang
sadulur luwih saka limang atus
bebarengan; kang akèh nganti sapréné
isih padha urip, salong iya wis padha
mati.
7 Nuli ngatingal marang Yakobus, banjur
marang para rasul kabèh.
8 Déné kang kèri dhéwé, ngatingal
marang aku, padha kaya marang anak
kang lair durung mangsané.

9 Sabab aku iki kang asor dhéwé ing
antarané para rasul, ora patut disebut
rasul, awit aku wis tau nguya-uya
pasamuwané Allah.
10 Nanging marga saka sih-rahmaté
Allah, aku dadi kaya aku saiki iki, lan
sih-rahmat kang kaparingaké marang
aku iku ora kothong. Kosok-baliné,
aku wis nglakoni pagawéan luwih akèh
katimbang para rasul kabèh; mung baé
dudu aku, nanging sih-rahmaté Allah
kang nunggil kalawan aku.
11 Kang iku, dadia aku, dadia para
rasul liyané, kaya mangkono anggonku
padha martakaké, lan kaya mangkono
anggonmu padha pracaya.
12 Anadéné yèn diwartakaké, menawa
Kristus kawungokaké saka ing antarané
wong mati, yagéné ing antaramu kok
ana kang ngarani menawa ora ana
tanginé wong mati?
13 Yèn ta ora ana tanginé wong mati,
dadi Kristus iya ora kawungokaké.
14 Mangka menawa Kristus ora
kawungokaké, dadi kang padha
dakwartakaké iku kothong lan
pracayamu iya kothong.

15 Malah aku iya banjur padha katitik
dadi goroh ing ngatasé Allah, awit aku
padha martakaké, yèn Panjenengané
wis mungokaké Kristus, mangka ora
mungokaké, iku mau saupama bener
yèn ora ana wong mati katangèkaké.
16 Sabab menawa nyata wong mati
ora katangèkaké, dadi Kristus iya ora
kawungokaké.
17 Lan menawa Kristus ora
kawungokaké, pracayamu iku dadi
tanpa guna, lan kowé isih padha
kawengku ing dosamu.
18 Apadéné mungguh para wong kang
wis padha mati ana ing Kristus, dadiné
iya padha sirna.
19 Menawa anggon kita ngarep-arep
marang Kristus iku mung ing sajroné
urip iki baé, dadi kita kalebu wong kang
cilaka dhéwé ing antarané manungsa
kabèh.
20 Nanging kang bener yaiku menawa
Kristus wis kawungokaké saka ing
antarané wong mati, minangka kang
kawitan saka panunggalané kang wis
padha mati.
21 Sabab, sarèhné tekané pati iku
marga saka wong siji, mangkono uga

tanginé wong mati iya marga saka wong siji.
22 Awit padha kaya ana ing Adam wong kabèh padha mati, mangkono uga ana ing Kristus wong kabèh iya bakal padha kauripaké manèh.
23 Nanging saben wong manut urut-urutané: Kristus minangka kang kawitan, sawisé iku kang padha dadi kagungané, bésuk ing sarawuhé.
24 Sawisé mangkono tumeka pungkasané jaman, yaiku samangsa Panjenengané masrahaké Kraton marang Allah Sang Rama, sawisé Panjenengané nyirnakaké sakèhé papréntahan, pangwasa sarta kakuwatan.
25 Sabab Panjenengané pinesthi ngratoni nganti tumeka sakèhing mungsuhé padha disèlèhaké ana ing sangisoring sampéyané.
26 Mungsuh kang pungkasan, kang disirnakaké iku pati.
27 Marga, "Samubarang kabèh wis ditelukaké ing sangisoring sampéyané". Nanging menawa ana pangandika: Samubarang katelukaké, dadi wis tetéla yèn Panjenengané kang nelukaké samubarang kabèh ing sangisoré

sampéyané Kristus iku mau, mesthi ora
kalebu ing kono.
28 Déne bésuk samangsa samubarang
kabèh wis kelakon katelukaké ing
sangandhapé Kristus, Panjenengané
piyambak kang jumeneng Putra iku
bakal nelukaké sarirané marang kang
nelukaké samubarang kabèh marang
Panjenengané mau, supaya Allah
jumeneng ngabèhi ing sakabèhé.
29 Yèn ora mangkono, apa paédahé
nglakoni kabaptis kanggo wong mati?
Menawa babar pisan ora ana wong mati
katangèkaké, sabab apa déné padha
gelem kabaptis kanggo wong mati iku?
30 Lan uga aku kabèh -- yagéné aku
sawayah-wayah padha gelem nemahi
bebaya?
31 Para Sadulur, sadina-dina aku siyaga
mati. Demi panggunggungku ing ngatasé
kowé ana ing Kristus Yésus, Gusti kita,
kandhaku iki bener.
32 Yèn ta cara manungsa, nalika
ana ing Éfesus aku nganti gelut karo
kéwan galak, bab iku apa ta paédahé
mungguhing aku? Menawa wong mati
padha ora katangèkaké, "Payo padha

mangan lan ngombé, awit sésuk kita
padha mati."
33 Kowé aja padha kesasar:
Pasrawungan kang ala iku ngrusak
padatan kang becik.
34 Padha diéling manèh kang temenan
lan aja gawé dosa manèh! Sabab ing
antaramu ana kang ora wanuh marang
Allah. Bab iki dakpituturaké, supaya
kowé padha rumangsa isin.
35 Nanging mbokmenawa ana wong
kang takon, "Wong mati iku kepriyé
anggoné katangèkaké? Lan tekané
manèh nganggo badan kang kaya apa?"
36 Hé wong bodho! Apa kang koksebar
iku ora bakal thukul sarta urip, menawa
ora mati dhisik.
37 Lan apa kang koksebar iku dudu
wujuding tanduran kang bakal thukul,
nanging wiji las-lasan, upamané wiji
gandum utawa wiji liyané.
38 Nanging Allah maringi wujud, kaya
kang kinarsakaké, saben wiji, kaparingan
wujud dhéwé.
39 Sarupané daging iku ora padha:
Daging manungsa béda karo daging
kéwan, béda karo daging manuk, béda
karo daging iwak.

40 Ana badan kaswargan lan ana
badan kadonyan, nanging kamulyané
kang kaswargan ora padha karo kang
kadonyan.
41 Kamulyaning srengéngé béda
karo kamulyaning rembulan, sarta
kamulyaning rembulan béda karo
kamulyaning lintang-lintang, lan
kamulyaning lintang kang siji béda karo
kamulyaning lintang sijiné.
42 Mangkono uga mungguh bakal
tanginé wong mati. Kang kasebar iku
nandhang karusakan, kang katangèkaké
iku sinandhangan kalanggengan.
43 Kang kasebar iku nandhang
kanisthan, kang katangèkaké
sinandhangan kamulyan. Kang
kasebar iku nandhang kaapesan, kang
katangèkaké kadunungan kakuwatan.
44 Kang kasebar iku badan wadhag,
kang katangèkaké iku badan kasukman.
Yèn ana badan wadhag, uga ana badan
kasukman.
45 Kaya kang tinulis, suraosé,
"Manungsa kawitan, Adam, iku dadi titah
kang urip." Nanging Adam kang wekasan
iku dadi sukma kang nguripaké.

46 Anadéné kang dhisik tekané iku dudu
kang kasukman, nanging kang wadhag,
sawusé iku nuli kang kasukman.
47 Manungsa kang kawitan iku asalé
saka lemah sarta asipat kadonyan, déné
manungsa kang kapindho asalé saka
swarga.
48 Titah-titah kadonyan iku padha
karo kang asalé saka lemah mau, déné
titah-titah kaswargan iku padha karo
Panjenengané kang asalé saka swarga.
49 Sarta kayadéné kita wus kadunungan
rupa kadonyan, mangkono uga kita iya
bakal kadunungan rupa kaswargan.
50 Iki kang dakpituturaké marang kowé,
para Sadulur: Daging lan getih ora bisa
tampa panduman Kratoning Allah, lan
kang kena ing rusak iku ora tampa
panduman kang ora rusak.
51 Padha gatèkna, aku nglairaké wewadi
marang kowé: Kita bakal padha ora
ngalami mati kabèh, nanging kita kabèh
bakal padha malih rupa,
52 ing sakedhap nétra, bareng karo
uniné kalasangka kang wekasan.
Awitdéné kalasangkané bakal muni, para
wong mati banjur bakal katangèkaké
kalawan kadunungan kaanan kang ora

kena ing rusak lan kita padha malih rupa
kabèh.
53 Sabab kang kena ing rusak iki kudu
ngrasuk kang ora kena ing rusak, lan
kang kena ing pati iki ngrasuk kang ora
kena ing pati.
54 Lan sawisé kang kena ing rusak
iki ngrasuk kang ora kena ing rusak,
sarta kang kena ing pati iki ngrasuk
kang ora kena ing pati, ing kono bakal
kayektènan pangandikaning Pangéran
kang tinulis, suraosé, "Pati wis kalebur
déning kaunggulan."
55 Hé pati, ana ing ngendi
kaunggulanmu? Hé pati, ana ing
ngendi entupmu?
56 Mungguh entupé pati iya iku dosa, lan
pangwasané dosa iku angger-anggering
Torèt.
57 Nanging puji sokur konjuk ing
ngarsané Allah, kang paring kaunggulan
marang kita marga saka Yésus Kristus,
Gusti kita.
58 Mulané para Sadulurku kang kinasih,
kowé padha dibakuh, ditanpa gingsir,
lan tansah disregep anggonmu nglakoni
ayahané Gusti! Awit kowé padha

sumurup, yèn ana ing patunggilaning
Gusti, kangèlanmu mesthi ora muspra.

16 [1] Bab nglumpukaké dana kang
tumuju marang para suci, iku
padha tindakna manut pituduh-pituduh
kang wus dakwènèhaké marang
pasamuwan-pasamuwan ing Galatia.
[2] Ing dina kapisan ing saben minggu,
sawiji-wijining panunggalanmu --
adhedhasar apa kang padha koktampa
-- padha nisihna sawatara lan simpenen
ana ing omah, supaya anggonmu
padha nglumpukaké iku aja nganti lagi
koktindakaké samangsa aku teka.
[3] Déné bésuk satekaku, aku arep
kongkonan wong-wong kang kokwawas
prayoga dakkongkon ngeteraké
pisumbangmu menyang Yérusalèm,
nganggo padha kinanthènan layang.
[4] Menawa prelu aku iya mèlu mangkat,
wong iku mau bakal padha mangkat
bareng karo aku.
[5] Déné anggonku bakal nekani
kowé, bésuk sawusé aku liwat nratas
Makédonia, awit lakuku metu Makédonia.
[6] Bisa uga ana ing Korintus aku bakal
tetunggalan karo kowé nganti sawatara
suwé, utawa mbokmenawa ing sajroné

mangsa bedhidhing, temah kowé padha
bisa awèh pitulungan ing bab anggonku
nerusaké lakuku.
7 Sabab karepku sapisan iki ora mung
sakeplasan baé anggonku bakal niliki
kowé, malah menawa Gusti marengaké
anggonku tetunggalan karo kowé iku
bisaa nganti rada suwé.
8 Nanging aku bakal lèrèn ana ing
Éfesus nganti riyaya Péntakosta.
9 Marga ana ing kono, ana wewengan
tumraping aku, kanggo nindakaké
ayahan kang agung lan penting,
sanadyan akèh wong kang padha
nglawan.
10 Déné samangsa Timotius teka,
padha ngaraha supaya sajroné ana ing
satengahmu iku aja duwé rasa wedi,
sabab wong iku nglakoni ayahané Gusti
padha kaya aku.
11 Mulané aja nganti ana wong
kang nyepélékaké! Malah wènèhana
pitulungan, amrih bisané nerusaké
lakuné kanthi slamet, supaya bali
nemoni aku, awit dakanti-anti tekané
karo para Sadulur tunggal pracaya
liyané.

12 Déné mungguh sadulur Apolos,
anggonku mrayogakaké wus bola-bali
supaya niliki kowé bareng karo para
Sadulur tunggal pracaya liyané, nanging
durung dadi karepé nglakoni ing wektu
saiki. Sedyané arep teka mengko yèn
wus ana wektu kang becik.
13 Padha meléka! Padha dibakuh ing
pangandel! Dadia kendel, disantosa!
14 Sakèhing ayahanmu lakonana kanthi
katresnan.
15 Ana manèh panjalukku marang kowé,
para Sadulur. Kowé padha sumurup yèn
Stéfanas sabrayaté iku kang kawitan
padha mratobat ana ing Akhaya, sarta
wus padha ngabdi marang paladosan
kanggo para suci.
16 Mulané padha manut-mituruta
marang wong kang kaya mangkono iku
lan saben wong kang mèlu tumindak ing
gawé sarta padha nglakoni rekasa.
17 Aku bungah awit saka tekané
Stéfanas, Fortunatus lan Akhaikus,
amarga wong-wong iku padha minangka
gantimu;
18 sabab para Sadulur iku padha gawé
segering atiku lan atimu. Mulané padha

ngajènana wong kang kaya mangkono
iku.
19 Salam kanggo kowé kabèh, saka
sakèhé pasamuwan ing Asia Cilik.
Akwila, Priskila dalah pasamuwan kang
ana ing omahé padha kirim salam
sajroning Gusti mawantu-wantu marang
kowé.
20 Sadulur tunggal pracaya kabèh
padha kirim salam marang kowé. Padha
salam-salamana kalawan pangambung
suci.
21 Kalawan tanganku dhéwé, anggonku
nulis iki: Salam saka Paulus.
22 Sapa kang ora tresna marang Gusti,
iku kenaa ing ipat-ipat. Maranata!
23 Sih-rahmaté Gusti Yésus, nunggila
ing kowé kabèh.
24 Tresnaku anaa ing kowé kabèh
sajroning Kristus Yésus.

2 Korintus

1 [1] Saka Paulus, kang awit saka
karsaning Allah dadi rasulé Kristus
Yésus, lan saka Timotius sadulur kita
tunggal pracaya, marang pasamuwaning
Allah ing Korintus karo sakèhing wong
suci ing sawrataning Akhaya.
[2] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yésus
Kristus anaa ing kowé kabèh.
[3] Pinujia Allah, Ramané Gusti kita Yésus
Kristus, Rama kang kebak sih palimirma
lan Allah kang dadi sumbering panglipur,
[4] kang nglipur aku kabèh ing sajroning
kasusahanku, satemah aku padha bisa
nglipur wong-wong kang nandhang
sarupaning kasangsaran kanthi panglipur
peparingé Allah marang aku dhéwé.
[5] Sabab kaya anggonku padha nampani
panduman ing sangsarané Kristus
kalawan lubèr, samono uga marga saka
Kristus aku padha kaparingan panglipur
nganti lubèr.
[6] Yèn aku padha nemu kasusahan, iku
dadi panglipur lan karahyonmu; déné

yèn aku padha kalipur, iku iya dadi
panglipurmu, satemah kowé padha olèh
kakuwatan kang njalari kowé padha
sabar ing sajroning kasangsaran kang
padha kaya kang daksandhang.
7 Lan pangarep-arepku kabèh tumrap
kowé iku tetep, awit aku padha sumurup,
menawa padha kaya anggonmu mèlu
kapanduman kasangsaranku kabèh,
kowé iya padha mèlu kapanduman
panglipur.
8 Sabab karepku kabèh, para
Sadulur, supaya kowé padha sumurup
mungguhing sangsara kang dakalami
ana ing Asia Cilik; aku padha nandhang
sangsara kang samono gedhéné lan
aboté, nganti aku padha ora duwé
pangarep-arep yèn bisa urip.
9 Malah aku kabèh rumangsa kaya wus
kapatrapan paukuman pati. Nanging
bab iku anggoné kelakon supaya aku
aja padha nganti ngendelaké marang
awakku dhéwé, nanging ngemungna
marang Allah kang nangèkaké para
wong mati.
10 Panjenengané wus nguwalaké lan
bakal nguwalaké aku kabèh saka ing
pati kang nggegirisi banget iku: Iya

marang Panjenengané iku anggonku
nggantungaké pangarep-arep, yèn
Panjenengané bakal ngluwari aku kabèh
manèh,
11 marga kowé uga mbiyantu aku kabèh
kanthi pandonga, supaya akèh wong
kang padha saos sokur mungguhing sih-
rahmat kang kaparingaké marang aku
kabèh, marga saka akèhé pandongané
tumrap aku.
12 Iki kang padha dakegung-egungaké,
yaiku paseksiné swaraning atiku, yèn
lakuku ana ing jagat iki, apa manèh ing
bab gegayutanku karo kowé kabèh, iku
temen lan murni kang asalé saka Allah,
ora marga saka kawicaksanan cara
kadonyan, nanging marga saka dayaning
sih-rahmaté Allah.
13 Sabab kang padha daktulis iki
mung apa kang bisa kokwaca sarta
kokngertèni. Lan pangarep-arepku
muga-muga kowé padha bisa ngerti
kabèh,
14 kayadéné anggonmu wus padha
ngerti sawatara saka aku kabèh, yaiku
yèn kowé bakal ngegung-egungaké aku,
kayadéné anggonku iya bakal padha

ngegung-egungaké kowé bésuk, ing
dinané Gusti Yésus.
15 Adhedhasar keyakinan iki, aku mauné
wus tau ngrancang arep niliki kowé
dhisik, supaya kowé olèh sih-rahmat
kang kaping pindhoné.
16 Banjur arep nerusaké lakuku
menyang Makédonia, saka Makédonia
bali manèh menyang panggonanmu,
lan kalawan pitulunganmu aku bisa
nerusaké lakuku menyang Yudéa.
17 Dadi, apa anggonku ngrancang
mangkono iku sapénaké baé? Utawa
apa mung manut pepénginanku dhéwé,
temahan aku banjur duwé ujar "iya, iya"
lan "ora, ora"?
18 Demi Allah kang setya tuhu, janjiku
marang kowé ora "iya" lan "ora".
19 Awit Yésus Kristus, Putraning Allah,
kang wus padha dakwartakaké ana
ing antaramu, yaiku déning aku lan
Silwanus sarta Timotius, dudu "iya" lan
"ora", nanging kosok-baliné ana ing
Panjenengané iku kang ana mung "iya".
20 Sabab Kristus iku "iya" tumraping
sakèhé prasetyané Allah. Iya iku sababé
anggon kita marga saka Panjenengané,

banjur ngucap "Amin" minangka
kamulyaning Allah.
21 Sabab Panjenengané kang wus
nyantosakaké aku kabèh bebarengan
karo kowé ana ing Kristus, yaiku Allah
kang wus njebadi,
22 lan wus maringi tandha cap marang
kita yèn kita iku dadi kagungané lan kang
maringi Roh Suci ana ing ati minangka
panjer tumrap sakèhing prakara kang
wus kacawisaké kanggo kita.
23 Nanging aku nyebut marang Allah
minangka seksiku kang nguningani
isining atiku menawa anggonku ora
teka ing Korintus iku sabab aku ngéman
kowé.
24 Ora marga saka anggonku padha
kepéngin mréntah, apa kang kudu
kokpracaya, awit pracayamu santosa.
Nanging aku padha kepéngin mèlu
mbiyantu tumrap kabungahanmu.
2 1 Ing sajroning atiku aku wus
netepaké, menawa aku ora bakal
nekani kowé manèh kalawan susah.
2 Awit, menawa aku kang gawé
sedhihmu, sapa manèh kang bisa gawé
bungahku kajaba kang padha sedhih
marga saka aku.

3 Lan iya iku karepé layangku iki, yaiku
supaya menawa aku teka, aja nganti aku
sedhih marga saka wong-wong, kang
kuduné padha gawé bungahku. Sabab
aku yakin ing bab kowé kabèh, menawa
kabungahanku iku iya kabungahanmu.
4 Sabab anggonku nulis marang kowé
iku kanthi was-was lan sedhihing ati
kang banget lan kanthi nètèsaké eluh
akèh, ora supaya kowé dadi sedhih,
nanging supaya kowé padha sumurup
sapira gedhéné katresnanku marang
kowé kabèh.
5 Déné menawa ana wong kang
gawé sedhih, iku dudu atiku kang
digawé sedhih, nanging kowé kabèh,
utawa saora-orané wong sawatara ing
antaramu. Aku ora mbanget-bangetaké
prakara iki.
6 Wong kang kaya mangkono iku wus
cukup nampa paukuman saka wong
akèh ing antaramu,
7 malah kosok-baliné kowé padha
ngapuraa lan nglipura wong iku, supaya
aja nganti ngenes marga saka bangeting
sedhihé.

8 Mulané aku pitutur marang kowé
kabèh, padha nandukna katresnan
marang wong mau.
9 Awit iya iku tujuané anggonku nulis
layang marang kowé, yaiku kanggo
ndadar kowé, apa kowé padha tetep
mituhu ing samubarang kabèh.
10 Awit sapa kang kokapura kaluputané,
iku iya dakapura. Sabab yèn aku ngapura
-- saupama ana kang kudu dakapura -
anggonku ngapura iku marga saka kowé
ana ing ngarsané Kristus,
11 supaya Iblis aja nganti ngapusi kita,
sabab kita sumurup apa karepé.
12 Nalikané aku tekan Troas prelu
martakaké Injilé Kristus, aku wus
kawenganan lawang kanggo makarya
déning Gusti ana ing kana.
13 Nanging atiku ora rumangsa tentrem,
sabab aku ora kepethuk karo Titus,
sadulurku tunggal pracaya, mula aku
banjur pamitan lan mangkat menyang
Makédonia.
14 Nanging puji sokur konjuk ing
Allah, kang ana ing Kristus tansah
nuntun aku kabèh ana ing dalaning
kaunggulané. Lan lumantar aku kabèh

Panjenengané nyebar aruming kawruh
bab Panjenengané ing saenggon-enggon.
15 Awit kagem Allah aku kabèh iki dadi
ganda kang arum saka Kristus ana ing
tengah-tengahing wong kang padha
nemu karahayon lan ana ing antarané
wong kang padha nemu karusakan.
16 Tumrap kang nemu karusakan, aku
kabèh iki gandaning pati kang njalari
pati, lan tumrap kang nemu karahayon,
gandaning urip kang nguripaké. Nanging
sapa ta kang kaconggah nglakoni ayahan
kang kaya mangkono iku?
17 Awit aku kabèh ora padha karo
wong akèh liyané, kang padha mburu
nawak-nawakaké pangandikaning
Allah. Kosok-baliné ana ing Kristus aku
padha ngucap ing samesthiné kanthi
maksud-maksud kang murni awit saka
dhawuhing Allah lan ana ing ngarsané.
3 1 Apa aku padha wiwit ngalem
marang awakku dhéwé manèh?
Utawa apa prelu aku kaya wong-
wong liya padha nuduhaké layang
pangalembana marang kowé kabèh
utawa saka kowé?
2 Kowé iku layang pangalembanaku
kang katulis ing atiku lan kang

disumurupi sarta kang bisa kawaca
déning wong kabèh.
3 Awit wus tetéla, menawa kowé iku
layangé Kristus, kang katulis ing sajroné
aku padha leladi, katulis ora nganggo
mangsi, nanging nganggo Rohé Allah
kang asipat gesang, dudu ing lèmpèngan
watu, nanging ing lèmpèngan daging,
yaiku ing atiné manungsa.
4 Iya kaya mangkono iku gedhéning
kayakinanku marang Allah lantaran
Kristus.
5 Kalawan awakku dhéwé aku padha
ora bisa nganggep samubarang iku
pagawéanku dhéwé; ora, anggonku bisa
nindakaké samubarang iku marga saka
pakaryaning Allah.
6 Panjenengané uga kang wus
mbisakaké aku padha dadi abdining
prajanjian kang anyar, kang ora saka
angger-angger kang katulis, nanging
saka Roh, sabab angger-angger kang
katulis iku matèni, déné Roh iku
nguripaké.
7 Pranatan leladi kang nuntun marang
pati iku katulis ing watu nganggo
aksara. Éwasamono nalika kaparingaké
kinanthènan kamulyaning Allah, kang

njalari wong Israèl padha ora betah
nyawang marang wedanané Musa,
sanadyan sunaré kang mancorong mau
banjur mbleret. Menawa paladèn mau
dumadiné kanthi kamulyan kang kaya
mangkono iku,
8 méndahané manèh ayahaning Roh
yèn oraa kinanthènan kamulyan kang
ngluwihi iku.
9 Awit, menawa ayahan kang nekakaké
paukuman iku luhur, méndahané manèh
ayahaning kayektèn yèn oraa ngluwihi
kamulyané.
10 Satemené apa kang biyèn kaanggep
luhur, iku dudu apa-apa menawa
katandhing karo kamulyan kang pinunjul
iki.
11 Awit menawa kang bisa mbleret baé
kinanthènan kamulyan, apamanèh kang
tetep ora mbleret yèn oraa kinanthènan
kamulyan kang ngluwihi iku.
12 Sarèhné aku padha duwé pangarep-
arep kang kaya mangkono, mulané aku
padha tumindak kanthi kendel banget,
13 ora kaya Musa, kang nganggo nutupi
wedanané, supaya mripaté wong-wong
Israèl aja nganti padha ndeleng ilanging
cahyané kang mbleret iku.

14 Nanging budiné wong-wong iku wus
padha dadi kethul, sabab nganti ing
dina iki tutup iku mau isih tetep nutupi
wong-wong mau, pamacaning prajanjian
kang lawas tanpa kaungkap, marga
mung ana ing Kristus piyambak tutup
iku kabukak.
15 Malah nganti ing dina iki, saben maca
kitab Musa, isih ana tutup kang nutupi
atiné.
16 Nanging wong kang mratobat marang
Gusti, iku tutupé banjur kasingkiraké.
17 Awit Gusti iku Roh; lan ing ngendi ana
Rohé Gusti ing kono ana kamardikan.
18 Lan kita kabèh iki padha ngatonaké
kamulyané Gusti kalawan rai kang ora
katutupan. Amarga kamulyan mau
pinangkané saka Gusti kang asipat
Roh, mulané kita lagi kasalinan rupa
madhani citraning Panjenengané,
kalawan kamulyan kang saya mundhak-
mundhak.

4 1 Kang iku sarèhné aku wus padha
nampani ayahan iki, marga saka
sih-palimirmané Allah, mulané atiku ora
semplah.
2 Ananging aku padha nampik
sakèhing panggawé dhedhelikan kang

nistha; aku ora ngapusi lan ora malsu
pangandikaning Allah, kosok-baliné
aku nglairaké kayektèn lan awit saka
iku aku masrahaké awakku supaya
ditimbang-timbang déning wong kabèh
sarana osiking atiné, ana ing ngarsané
Allah.
3 Menawa Injil kang padha
dakwartakaké isih meksa katutup
uga, mesthi iku katutup tumrap wong
kang bakal padha nemu karusakan,
4 yaiku wong kang ora pracaya, kang
angen-angené wus dipicakaké déning
ilahé jaman iki, temahan wong mau
ora padha ndeleng cahyaning Injilé
kamulyaning Kristus, kang dadi citrané
Allah.
5 Awit kang padha dakwartakaké iku
dudu awakku dhéwé, nanging Yésus
Kristus kang jumeneng Gusti, lan aku
kang padha dadi abdimu marga saka
karsané Yésus.
6 Awit Allah kang wus ngandika, "Saka
ing pepeteng bakal ana pepadhang
kang sumorot!" Panjenengané uga kang
nyorotaké pepadhangé ana ing ati kita,
supaya kita kapadhangan ing kawruh

bab kamulyané Allah kang katingal ana
ing wedanané Kristus.
7 Nanging rajabrana iki kawadhahan
ing grabah, supaya tetéla menawa
kakuwatan kang ngédab-édabi iku asalé
saka Allah, dudu saka awakku dhéwé.
8 Mungguhing samubarang aku iki
padha katindhes, nanging ora remuk
kejepit; aku padha kentèkan akal,
nanging ora kélangan pangarep-arep;
9 aku padha dikuya-kuya, nanging ora
ditinggal ijèn; aku padha kabanting,
nanging ora nemu bilai.
10 Aku tansah nggawa sédané Yésus
ing badanku, supaya sugengé Yésus uga
kawedhar ana ing badanku.
11 Awit aku kang isih urip iki, tansah
kaulungaké marang pati marga saka
Yésus, supaya gesangé Yésus uga
kawedhar ing badanku kang ora
langgeng iki.
12 Kanthi mangkono iku, pati tansah
nandukaké dayané ana ing badanku,
déné urip nandukaké dayané ana ing
kowé.
13 Nanging sarèhné aku padha
kadunungan rohing pracaya kang padha,
kaya kang tinulis, "Aku kumandel,

mulané aku ngucap", awit saka iku aku
iya pracaya lan marga saka iku aku uga
ngucap.
14 Sabab aku padha sumurup menawa
Panjenengané kang wus mungokaké
Gusti Yésus, iya bakal nangèkaké aku
bareng karo Yésus. Lan bebarengan karo
kowé kabèh kasowanaké ing ngarsané.
15 Jalaran iku kabèh kelakoné marga
saka kowé, supaya sih-rahmat kang
sangsaya mundhak gedhé, marga
sangsaya akèhé wong kang dadi
pracaya, ndadèkna sangsaya lubèré
pamuji sokur kang konjuk marang
kaluhuraning Allah.
16 Marga saka iku aku padha ora
rumangsa semplah, malah sanadyan
kamanungsanku kang lair sangsaya
rusak, nanging kamanungsanku kang
batin kaanyaraké saben dina.
17 Awitdéné kasangsaran kang ènthèng
saiki iki, iku ngolèhaké kamulyan
langgeng kang ngluwihi samubarang
tumrap aku kabèh, banget anggoné
ngungkuli kasangsaranku.
18 Marga kang padha dakgatèkaké
dudu kang katon, nanging kang ora
katon, awit kang katon iku anané mung

sawatara mangsa, mangka kang ora
katon iku langgeng.
5 [1] Awit aku padha sumurup, menawa
kémah padunungan kita ing bumi
iki kabongkar, Allah wus nyawisaké
panggonan ing swarga kanggo kita,
kang langgeng, kang ora kagawé déning
tanganing manungsa.
[2] Salawasé kita ana ing kémah iki, kita
padha sesambat, marga kita kepéngin
banget ngenggoni papan padunungan
kaswargan,
[3] jalaran ana ing kono kita padha
nganggo sandhangan sarta ora bakal
tinemu wuda.
[4] Sabab salawasé isih manggon ing
kémah iki, kita sesambat déning aboté
momotan, awit kita kepéngin nganggo
sadhangan kang anyar iku, tanpa cucul
sandhangan kang lawas, supaya kang
kena ing pati kauntal déning urip.
[5] Nanging iya Allah kang malah
nyadhangaké kita tumrap bab iku, lan
kang maringi Roh marang kita minangka
jaminan.
[6] Awit saka iku atiku tansah padha
tatag, sanadyan aku padha ngerti,
menawa salawasé aku padha manggon

ing sajroning badan iki, isih adoh karo
Gusti, --
7 sabab urip kita iki sarana pracaya, ora
sarana apa kang kena kadeleng --
8 nanging atiku padha tatag, lan aku
kabèh luwih seneng pindhah saka ing
badan iki lan manggon nunggil karo
Gusti.
9 Marga saka iku aku padha ngudi,
sajroné aku padha manggon ing badan
iki, utawa ana ing sajabané, supaya aku
padha dadi kaparengaké.
10 Sabab kita kabèh kudu padha
ngadhep ana ing ngarsané dhamparing
pangadilané Kristus, prelu nampani
ganjaran kang cundhuk karo kang padha
kita lakoni dhéwé-dhéwé ing sajroné urip
iki, dadia kang becik, dadia kang ala.
11 Kang iku sarèhné aku padha sumurup
bab wedi marang Gusti, mulané aku
ngudi ngyakinaké wong-wong. Tumrap
Allah sedyaku iku wus cetha, lan
pangarep-arepku uga mangkonoa
tumrap osiking atimu.
12 Awit aku ora padha mbecikaké
awakku dhéwé manèh marang kowé,
nanging aku padha awèh margané kowé
bisa ngegung-egungaké aku kabèh,

supaya kowé bisa ngadhepi para wong
kang gumunggung tumrap prakara tata
lair, ora tumrap prakara-prakara tata
batin.
13 Sabab menawa aku padha ora bisa
ngemudhèni dhiri, iku marga demi Allah,
lan saupama bisa, iku marga demi kowé.
14 Sabab iya sih-katresnané Kristus
kang ngwasani aku kabèh, awit aku wus
padha sumurup, menawa wong siji wus
mati kanggo wong kabèh, dadiné kabèh
wus padha mati.
15 Lan Kristus wus nglampahi séda
kanggo wong kabèh, supaya wong kang
padha urip, uripé ora lumadi marang
awaké dhéwé manèh, nanging lumadia
marang kang wus séda lan kang wus
kawungokaké marga saka wong-wong
mau.
16 Mulané wiwit saiki aku ora padha
nyawang wong siji baé manut ukuraning
manungsa manèh. Lan menawa aku
wus padha tau mawas Kristus manut
ukuraning manungsa, saiki aku ora
padha mawas Panjenengané kanthi
patrap mangkono manèh.

17 Dadi sapa kang ana ing Kristus, iku
dadi titah anyar: Kang lawas wus sirna,
lan kang anyar satemené wus teka.
18 Lan kabèh iku pinangkané saka Allah,
kang lumantar Kristus wus ngrukunaké
kita kalawan Panjenengané lan kang wus
masrahaké ayahan kanggo ngrukunaké
iku marang aku kabèh.
19 Awit Allah lumantar Kristus
ngrukunaké jagat karo Panjenengané,
ora ngétang paneraké, lan masrahaké
pawarta karukunan iku marang aku
kabèh.
20 Mulané aku iki iya padha dadi utusané
Kristus, kang ateges Allah paring pitutur
marang kowé kabèh lumantar aku; atas
asmané Kristus panjalukku marang
kowé: Padha gelema karukunaké karo
Allah.
21 Panjenengané kang ora tepang karo
dosa, wus kadosakaké marga saka
kita, supaya ana ing Panjenengané kita
kabeneraké déning Allah.

6 1 Anadéné aku iki sarèhné padha
dadi kanca tunggal ayahan, pituturku
marang kowé kabèh, supaya aja nganti
padha gawé muspraning sih-rahmaté
Allah, kang wis koktampa.

[2] Sabab Allah ngandika, "Ing waktu
kang prayoga, Ingsun miyarsakaké
sira, lan ing dina kaslametan, Ingsun
mitulungi sira." Satemen-temené, iya
waktu iki waktu kang prayoga iku; iya
dina iki dina kaslametan iku.
[3] Ing prakara apa baé aku ora
padha gawé dhadhakan wong padha
kesandhung, supaya anggonku padha
leladi aja nganti dicacad.
[4] Nanging ing sadhéngah prakara aku
nélakaké menawa aku iki padha abdining
Allah, yaiku: Kebak kasabaran sajroning
nandhang kasangsaran, ing karupekan,
lan ing karibedan,
[5] ing sajroné kasiksa, kakunjara lan
kaributan, rekasa, kepeksa melèk, lan
nglakoni puwasa;
[6] ing kasucèning ati, ing kawruh,
kasabaran, lan kadarman; ing Roh Suci
lan ing sih katresnan kang salugu;
[7] ing sajroning martakaké kayektèn lan
pangwaosing Allah; kanthi migunakaké
gegamaning kaadilan kanggo nempuh
utawa nanggulangi;
[8] nalika diaji-aji lan nalika dirèmèhaké;
nalika diundhat-undhat utawa nalika

dialem; nalika kadakwa dadi juru apus,
nanging kena dipracaya,
9 kaya wong kang ora ana kang wanuh,
nanging kondhang; kaya wong kang
mèh mati, mangka padha urip, kaya
wong kang disiksa nanging ora mati,
10 kaya wong kang sedhih, nanging
tansah bungah-bungah; kaya wong kang
mlarat nanging nyugihaké wong akèh;
kaya wong kang ora duwé apa-apa,
nanging aku padha nduwèni samubarang
kabèh.
11 Hé wong Korintus! Aku wus padha
kandha kanthi blak-blakan marang
kowé, atiku menga amba tumrap kowé!
12 Kowé iku padha olèh papan kang
jembar ana ing atiku, nanging aku mung
koksedhiyani papan kang rupek ana ing
atimu.
13 Mulané saiki, supaya padha-padha,
-- anggonku pitutur iku kaya marang
anak-anakku --: Atimu wengakna kang
ngeblak!
14 Aja nganti kowé padha dadi pasangan
kang ora timbang karo wong kang ora
pracaya. Sabab apa kayektèn iku bisa
kapadhaké karo kadurakan? Utawa

kepriyé bisané pepadhang tetunggalan
karo pepeteng?
15 Apa Kristus iku bisa kapadhakaké
karo Bélial? Panduman apa kang
diduwèni bebarengan déning wong kang
pracaya lan wong kang ora pracaya?
16 Apa gegayutané padalemané Allah
karo brahala? Awit kita iki padha
dadi padalemané Allah kang gesang
kaya kang dingandikaké déning Allah
mangkéné, "Ingsun bakal dedalem
bebarengan karo wong-wong mau, lan
gesang ana ing tengah-tengahé, lan
Ingsun bakal dadi Allahé, lan wong-wong
mau bakal padha dadi umatingsun.
17 Mulané: Sira padha metua saka
panunggalané wong-wong iku, lan
sira misaha, mangkono pangandikané
Pangéran, lan aja padha gepok-sénggol
karo kang najis, tumuli sira bakal padha
suntarimah.
18 Lan Ingsun bakal dadi ramanira,
sarta sira bakal padha dadi putraningsun
lanang lan wadon. Mangkono
pangandikané Pangéran, Kang
Mahakwasa."
7 1 Kang iku sarèhné kita kaparingan
prasetya-prasetya mau, para Sadulur

kinasih, mulané payo kita padha
nucèkaké badan kita saka sarupaning
jejember jasmani lan rohani, sarta
kalawan mangkono kita nyampurnakaké
kasucèn kita sajroné wedi-asih marang
Allah.
2 Aku padha wènèhana papan ana ing
atimu; aku ora tau kaluputan marang
sapa baé, ora gawé kapitunaning sapa
baé lan uga ora ngasil-asil marang sapa
baé.
3 Anggonku kandha mangkono
iku ora marga saka arep matrapi
paukuman marang kowé, awit mau
wis dakkandhakaké, menawa kowé
wis padha olèh papan ana ing atiku,
temahan kita bareng urip lan bareng
mati.
4 Karo kowé iku aku blak-blakan
banget, lan uga banget anggonku
ngegung-egungaké kowé. Sajroné aku
padha nandhang susah, aku kebak
panglipur, lan kalubèran kabungahan.
5 Nalika aku padha teka ing Makédonia,
aku padha ora bisa tentrem. Malah
ana ing endi-endi aku padha nemu
kasusahan: Saka jaba ana pasulayan lan
saka jero ana rasa wedi.

6 Nanging Allah kang nglipur marang
wong kang padha lembah atiné iku wus
nglipur aku kabèh marga saka tekané
Titus.
7 Ora mung marga saka tekané baé,
nanging uga marga saka panglipur kang
dialami ana ing tengah-tengahmu. Awit
wong iku wus nyaritakaké marang aku
mungguhing kangenmu, pasambatmu,
katemenanmu anggonmu mbélani aku,
temahan saya wuwuh kabungahanku.
8 Dadi sanadyan aku wis gawé
sedhihmu marga saka layangku iku,
nanging aku ora kaduwung. Pancèn aku
tau kaduwung, marga aku sumurup
menawa layang iku nyedhihaké atimu,
sanadyan mung sawatara mangsa,
9 nanging saiki aku bungah, ora
marga anggonmu wis sedhih, nanging
marga kasedhihanmu iku njalari kowé
mratobat: Sabab anggonmu padha
sedhih iku nyondhongi karsané Allah,
temahan sathithik baé kowé ora
dakrugèkaké.
10 Sabab kasusahan kang nyondhongi
karsané Allah iku nuwuhaké pitobat kang
nuntun marang karahayon kang ora

gawé getun, nanging kasusahan kang
saka ing jagat iki nuwuhaké pati.
11 Sabab padha gatèkna saiba
kasedhihan kang nyondongi karsané
Allah iku malah marakaké kowé saya
mempeng anggonmu padha nélakaké
menawa ora salah, jèngkèl, wedi,
kangen, greget, paukuman! Ing bab
iku kabèh kowé wus padha nélakaké
menawa ora kaluputan.
12 Mulané, anggonku wis nulis layang
marang kowé, iku ora marga ana kang
luput, utawa marga ana kang nandhang
susah jalaran panggawé kang salah,
nanging supaya gumatimu marang
aku dadi cetha tumrap kowé ana ing
ngarsané Allah.
13 Iya marga saka iku aku padha
kalipur. Lan kajaba saka panglipur iku,
aku padha saya bungah manèh amarga
saka kabungahané Titus, sabab kowé
kabèh wis padha ngayemaké atiné.
14 Sabab menawa aku nglairaké
pangalembana tumrap kowé marang
Titus, iku kowé ora gawé gelaku;
nanging padha kaya anggonku tansah
ngandhakaké apa kang bener marang
kowé, samono uga pangalembanaku ana

ing ngarepé Titus iku iya wis kayektènan
temenan.
15 Lan katresnané marang kowé saya
mundhak gedhé, yèn ngélingi marang
pamanutmu kabèh, kepriyé anggonmu
nampani tekané kalawan wedi lan geter.
16 Aku bungah banget, awit aku bisa
pracaya marang kowé ing sabarang
prakara.
8 1 Sadulur-sadulur, aku padha
awèh weruh marang kowé bab
sih-rahmat kang kaparingaké marang
pasamuwan-pasamuwan ing Makédonia.
2 Awit sajroning tampa pacoban
kang abot kang wujud kasangsaran
mawarna-warna, kabungahané ngluwihi,
lan sanadyan padha miskin banget,
éwasamono sugih kamurahan.
3 Sabab aku neksèni yèn wong iku wis
padha wèwèh manut kakuwatané, malah
ngluwihi kakuwatané.
4 Sarta metu saka prentuling atiné
dhéwé padha njaluk kanthi banget
marang aku, supaya uga padha olèh
kanugrahan mèlu ing sajroning ayahan
ngladèni marang para suci.
5 Déné kang padha dipasrahaké iku
ngluwihi pangiraku, awit nganti padha

nyaosaké awaké dhéwé marang Allah
dhisik, sabanjuré iya marang aku kabèh
uga awit saka karsané Allah.
6 Awit saka iku aku padha ngatag
marang Titus, supaya nekani kowé lan
ngrampungaké ayahan sih-katresnan,
kang biyèn wis miwiti ayahan iku.
7 Mula saikiné, padha kaya anggonmu
wis sugih ing samubarang, -- ing
pracaya, ing pamicara, ing kawruh, ing
tumemenmu anggonmu mbiyantu, lan
ing sih-katresnanmu marang aku kabèh
-- samono uga kowé iya padha pinunjula
ing ayahan sih-katresnan iki.
8 Anggonku mituturi mangkono iku ora
ateges préntah, nanging mung marga
saka anggonku kepéngin nguji éklasing
sih-katresnanmu kalawan nuduhaké
sakèhing pambudidayané wong-wong
kang padha awèh pambiyantu.
9 Marga kowé wis padha sumurup
marang sih-rahmaté Gusti kita Yésus
Kristus, yaiku menawa Panjenengané,
kang amarga saka kowé dadi mlarat,
sanadyan Panjenengané iku sugih,
supaya kowé dadia sugih marga
kamlaratané.

10 Iya iki panemuku tumrap bab iku,
kang mbokmenawa maédahi tumrap
kowé. Pancèn wis wiwit taun kang
kapungkur anggonmu wiwit nindakaké
lan sumedya ngrampungaké uga.
11 Mulané saiki, rampungna kang
koktindakaké iku! Wondéné anggonmu
ngrampungaké iku cundhukna karo
éklasing atimu sarta tindakna kalawan
ngélingi sapira kang kokduwèni.
12 Awit menawa anggonmu wèwèh iku
kalawan éklas, pawèwèhmu iku mesthi
bakal ditampani, menawa pawèwèhmu
iku awewaton apa kang kokduwèni, ora
awewaton apa kang ora kokduwèni.
13 Awit anggonmu dieboti iku ora
supaya wong liya padha kaènthèngna,
nanging supaya dadi timbang.
14 Mulané beciké saiki kaluwihanmu
kanggoa nyukupi kakuranganing liyan,
supaya kaluwihaning liyan mengko
genti kanggo nyukupi kekuranganmu,
temahan banjur dadi timbang.
15 Kaya kang katulis, "Wong kang olèh
akèh, ora turah lan kang olèh sathithik
ora kurang."
16 Nanging puji sokur konjuk marang
Allah, kang maringi katemenan kang

kaya mangkono uga ana ing atiné Titus
ing bab anggoné mbiyantu kowé,
17 déné nganti nuruti panjalukku, malah
saka bangeting tumemené anggoné
tumandang ing gawé, banjur metu saka
karepé dhéwé mangkat nemoni kowé.
18 Lakuné dakkanthèni sadulur kita,
kang wus olèh pangalembanané
pasamuwan kabèh bab anggoné
nggelaraké Injil.
19 Lan ora mung iku baé! Sadulur
mau uga wis kapiji déning pasamuwan-
pasamuwan kanggo ngancani anggonku
padha nindakaké ayahan sih-katresnan
iki, kang daktindakaké minangka
kaluhuraning Gusti lan minangka bukti
bab legawané atiku.
20 Sabab aku kabèh padha arep
nyingkiri bab iki: Menawa ana wong
kang nacad anggonku nindakaké ayahan
sih-katresnan kang wohé akèh banget
iku.
21 Awit aku padha mikiraké kang utama,
ora mung ana ing ngarsané Gusti baé,
nanging uga ana ing ngarepaning wong.
22 Karodéné wong loro mau padha
dakkanthèni sadulur kita, kang wis
dakuji lan katitik anggoné tansah

mbudidaya mbiyantu, lan saiki saya
banget anggoné mbudidaya marga saka
gedhéning piandelé marang kowé.
23 Déné Titus, iku kancaku lan
réwangku nyambut-gawé kanggo kowé;
lan sadulur-sadulurku liyané iku padha
dadi utusaning pasamuwan-pasamuwan
lan minangka kaluhurané Kristus.
24 Awit saka iku buktining katresnanmu
lan pangalembanaku marang kowé
kabèh, iku tuduhna marang para
Sadulur mau ana ing ngareping
pasamuwan-pasamuwan.
9 1 Déné bab leladi marang para suci
ora prelu aku nulis manèh marang
kowé.
2 Sabab aku wis sumurup mungguh
legawaning atimu, mulané kowé
padha dakalem ana ing ngarepé wong
Makédonia. Tembungku, "Akhaya wis
cecawis wiwit taun kang kapungkur." Lan
kasregepanmu wus dadi pangatag-atag
tumrap wong akèh.
3 Nanging anggonku kongkonan
sadulur-sadulur iku supaya pangalemku
marang kowé aja nganti tinemu tanpa
guna, nanging supaya tetéla anggonmu

cecawis kanthi temenan kaya kang wis
dakkandhakaké,
4 supaya, menawa wong-wong
Makédonia teka bareng karo aku, aja
nganti nyumurupi anggonmu durung
cecawis, satemah aku kabèh -- supaya
ora nyebut kowé kabèh -- rumangsa
padha kawirangan ing bab kayakinanku
iku.
5 Mulané dakanggep prelu, yèn sadulur-
sadulur iku dakbereg mangkat ndhisiki,
supaya bisa ngurus luwih dhisik dana
kang wus dadi kasaguhanmu biyèn,
temahan mengko wis cumawis minangka
tandha-buktiné kamurahaning atimu lan
dudu dana peksan.
6 Iki gatèkna: Wong kang nyebar
sathithik, iya bakal ngenèni sathithik,
lan wong kang nyebar akèh, uga bakal
ngenèni akèh.
7 Saben wong pisungsungé dikaya kang
dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih
utawa marga kapeksa, awit Allah iku
ngasihi wong kang misungsung kanthi
bungah.
8 Lan Allah kwaos nglubèraké
sawernaning sih-rahmat marang
kowé kabèh, supaya kowé padha

tansah kacukupan ing samubarang lan
padha linuwihna anggonmu nglakoni
sarupaning panggawé becik.
9 kaya kang katulis, "Panjenengané
ngedum-edum, Panjenengané maringi
marang wong miskin, kaadilané tetep
ing salawas-lawasé."
10 Panjenengané kang nyawisaké winih
kanggo kang nyebar, lan roti kanggo
pangan, Panjenengané uga bakal nyawisi
winih marang kowé lan ditikelaké sarta
nuwuhaké pametuning bebeneranmu;
11 kowé bakal disugihaké ing sarupaning
kamurahané ati kang nuwuhaké pamuji
sokur konjuk marang Allah marga saka
aku.
12 Awit ayahan katresnan kang
kokladèkaké iki ora mung nyukupi
kabutuhané para suci baé, nanging uga
nglubèraké pamuji sokur marang Allah.
13 Lan marga saka anggonmu
mantep ing sajroning leladi iki, wong
iku padha ngluhuraké Allah awit
saka pambangunturutmu ing bab
ngakoni Injilé Kristus lan marga saka
murahing atimu ing bab ngedum-edum
samubarang kanggo wong-wong mau
apadéné wong kabèh.

14 Sarta manèh sajroning pandongané,
kowé uga padha dikangeni marga saka
sih-rahmaté Allah kang nglubèri kowé.
15 Puji sokur konjuk marang Allah
marga saka sih peparingé kang ora kena
winirasa iku!

10 1 Aku Paulus, wong kang jirih
yèn adu-arep karo kowé, nanging
wani marang kowé yèn adoh, aku
ngélingaké kowé demi Kristus kang
lembah-panggalihé lan rumaket.
2 Panjalukku marang kowé: Kowé aja
meksa aku ngatonaké kuwanènku ana
ing ngarepmu kayadéné niyatku arep
tumindak keras marang wong-wong
sawenèh kang ngira menawa uripku iku
padha nurut tata kadonyan.
3 Aku kabèh iki pancèn isih urip ana ing
donya, nanging aku ora padha perang
cara kadonyan,
4 awit gegamaning perangku iku dudu
gegaman kadonyan, nanging gegaman
kang kadunungan pangwaosing Allah,
kang bisa njugrugaké bètèng.
5 Aku padha nyirnakaké sakèhing
siasaté manungsa lan ngambrukaké
saben bètèng kumalungkunging
manungsa kanggo nglawan pangawruh

marang Allah, sarta padha nawan
sarupaning pangangen-angen,
daktelukaké marang Kristus,
6 sarta aku padha sumadhiya ngukum
sakèhing duraka, menawa pambangun-
turutmu wus dadi sampurna.
7 Sawangen apa kang ana ing
sangareping mripatmu! Menawa
ana wong kang yakin temenan dadi
kagungané Kristus, iku supaya mikir ing
sajroning atiné, yèn aku uga padha dadi
kagungané Kristus kaya wong mau.
8 Malah yèn aku rada keladuk anggonku
ngegungaké wewenang kang diparingaké
déning Gusti marang aku kabèh kanggo
mbangun, ora kanggo ngrusak kowé,
aku ora bakal kewirangan.
9 Nanging aku emoh yèn katoné kaya
aku arep medèn-medèni kowé srana
layang-layangku.
10 Awit, manut gunemé wong, layang-
layangé pancèn tegas lan keras, nanging
yèn adu-arep katon ora sapiraa lan
tembung-tembungé rèmèh.
11 Nanging wong kang kandha
mangkono iku kuduné ngerti menawa
anggonku tumindak samasa adu-arep,
padha baé karo tembung-tembungku

ing layang-layangku, samasa aku ora
adu-arep.
12 Pancèn aku padha ora wani
nggolongaké utawa nandhingaké
awakku karo wong-wong kang ngalem
awaké dhéwé. Wong iku ngukur awaké
nganggo ukurané dhéwé lan nandhing
awaké mung karo awaké dhéwé. Bodho
banget wong iku!
13 Kosok-baliné aku padha ora gelem
ngegungaké dhiri nganti ngluwihi wates,
nanging mung tetep ing sajroning
watesing ayahan kang wus katetepaké
déning Allah kanggo aku kabèh,
sumrambahé nganti tekan kowé uga.
14 Marga anggonku padha martakaké
Injilé Kristus wis luwih dhisik tekan
panggonanmu, dadiné aku ora ngliwati
watesé wilayahing pagawéanku,
kaya-kaya menawa durung tekan
panggonanmu.
15 Aku ora padha ngegungaké pagawéan
kang dilakoni déning wong liya, ana
ing wilayah pagawéan kang ora kanggo
aku, nanging pangarep-arepku, menawa
pracayamu saya mundhak, aku bakal
olèh pakurmatan luwih gedhé manèh
ana ing antaramu, yèn katandhing karo

wilayah pagawéan kang katemtokaké
kanggo aku.
16 Iya, uripku iki pancèn supaya padha
bisa martakaké Injil menyang ing
laladan kang luwih adoh katimbang karo
laladanmu, lan ora ngegung-egungaké
wohing pagawéan kang wus katindakaké
déning liyan ana ing wilayah kang
katemtokaké kanggo wong mau.
17 "Nanging sapa kang ngegung-
egungaké, iku ngegungna ana ing
Pangéran."
18 Awit dudu wong kang ngalem awaké
dhéwé kang tanggon, nanging wong
kang dialem déning Pangéran.

11 1 Iba beciké yèn kowé padha
sabar tumrap aku kang rada
bodho iki. Pancèn kowé padha nyabari
aku!
2 Sabab aku cemburu ing ngatasé kowé
kanthi cemburuning Allah. Awit kowé wis
padha dakpacangaké karo wong lanang,
kang nuntun kowé kayadéné prawan
suci marang Kristus.
3 Nanging aku sumelang mbokmenawa
angen-angenmu kasasaraké saka
kasetyanmu kang sejati marang Kristus,

padha kaya Hawa kablithuk déning ula
sarana kajuligané.
4 Awit kowé mung sabar baé yèn ana
wong teka martakaké Yésus kang béda
karo apa kang wus dakwartakaké, utawa
awèh roh kang béda karo kang wis
koktampa utawa Injil kang béda karo
kang wus koktampa.
5 Nanging manut panemuku sathithik
baé aku ora kalah karo rasul-rasul kang
pinunjul iku.
6 Menawa aku kurang pinter ing bab
guneman, nanging ora mangkono ing bab
kawruh, awit aku wis padha mratélakaké
marang kowé ing sadhéngah waktu lan
ing sabarang prakara.
7 Apa aku dosa menawa aku ngasoraké
awakku dhéwé kanggo ngluhurake
kowé, marga aku martakaké Injilé Allah
marang kowé tanpa opah?
8 Pasamuwan-pasamuwan liya wis
dakrampog srana anggonku nampani
wragad saka pasamuwan-pasamuwan
mau, supaya aku bisa ngladèni kowé!
9 Karo manèh nalika aku ana ing
satengahmu, aku nandhang kakurangan,
aku ora gawé rubeding wong, awit apa
kang kurang wis dicukupi déning para

Sadulur tunggal pracaya kang teka saka
Makédonia. Ing samubarang prakara
dakjaga aja nganti dadi gawému, lan
saterusé aku bakal mangkono.
10 Demi apa kang bener miturut
Kristus kang ana ing aku, dakantebaké
kandhaku menawa panggunggungku
iku ora bakal kaalang-alangan déning
sapa baé kang ana ing wilayah-wilayah
Akhaya.
11 Sababé apa, kok ora? Apa marga aku
wis ora tresna marang kowé? Allah kang
nguningani.
12 Nanging apa kang daktindakaké
bakal dakterusaké kanggo ngawékani
wong kang padha golèk dhadhakan
kanggo nuduhaké, yèn wong-wong iku
padha kaya aku sakanca ing sajroning
prakara kang bisa diegung-egungaké.
13 Awit wong-wong kang mangkono
iku rasul-rasul palsu, wong kang padha
tumindak cidra, kang nyamar dadi rasulé
Kristus.
14 Prakara iku ora nggumunaké,
sabab Iblis uga mindha-mindha dadi
malaékating Pepadhang.
15 Dadi dudu prakara kang anèh,
menawa batur-baturé uga mindha-

mindha dadi abdi-abdining kayektèn.
Kawusanané wong-wong iku bakal
timbang karo panggawéné.
16 Dakbalèni manèh: Aja ana wong
kang ngarani aku bodho. Déné menawa
kowé uga nganggep mangkono, aku
tampanana kayadéné wong kang bodho,
supaya aku bisa gumunggung sawatara.
17 Apa kang dakkandhakaké, iku
anggonku ngandhakaké ora kaya wong
kang guneman manut pangandikaning
Allah, nanging kayadéné wong kang
bodho, kang nduwèni kayakinan menawa
bisa gumunggung.
18 Amarga akèh wong kang nglairaké
panggunggung cara kadonyan, aku
kepéngin gumunggung uga.
19 Sabab kowé padha gelem nyabari
wong kang bodho, marga kowé iku
padha luwih déning wicaksana.
20 Jalaran kowé sabar, menawa
ana wong nganggep kowé batur-
tukon, menawa ana wong nggrogoti
kowé, menawa ana wong ngwasani
kowé, menawa ana wong ngetokaké
gumunggungé marang kowé, menawa
ana wong napuk kowé.

21 Aku kudu ngakoni kanthi isin banget,
yèn ing bab kang kaya mangkono iku
aku kabèh padha ora keduga. Sanadyan
mangkono menawa ana wong kang wani
ngegung-egungaké sawijining prakara --
kandhaku iki ing sajroning kabodhoanku
-- aku iya wani uga!
22 Apa wong-wong iku wong Ibrani?
Aku iya wong Ibrani! Apa wong-wong iku
wong Israèl? Aku iya wong Israèl! Apa
wong-wong iku trahé Abraham? Aku iya
trahé Abraham!
23 Apa wong-wong iku abdiné Kristus?
-- kandhaku iki kaya wong ora waras --
aku luwih manèh! Anggonku keraya-raya
luwih akèh, luwih kerep dikunjara,
digebugi kaliwat-liwat, kerep kaancam
ing bebaya pati.
24 Aku digebugi déning wong Yahudi
kaping patang puluh kurang siji nganti
ambal kaping lima,
25 aku disabeti ambal kaping telu, aku
dibenturi watu sapisan, kaping telu aku
nunggang prau kèrem, sadina sawengi
aku kompal-kampul ana ing tengah
sagara.
26 Lakuku kerep diancam ing bebaya
banjir lan ing bebaya bégal, bebaya saka

wong Yahudi lan saka wong-wong kang
dudu Yahudi, bebaya ana ing kutha lan
bebaya ana ing pasamunan, bebaya
ana ing tengah sagara, lan bebaya saka
sadulur-sadulur palsu.
27 Aku kerep rekasa lan nyambut-gawé
abot; aku kerep melèk; luwé lan ngelak;
aku kerep pasa, katisen lan kawudan,
28 lan tanpa nyebutaké prakara liyané
manèh, momotanku sadina-dina, yaiku
mikiraké bot-repoté pasamuwan kabèh.
29 Yèn ana wong rumangsa apes, apa
aku ora rumangsa mèlu apes? Yèn ana
wong kesandhung, apa atiku ora remuk
déning kasedhihan?
30 Menawa prelu kudu gumunggung,
aku bakal ngegung-egungaké ing bab
kaapesanku.
31 Allah, Ramané Yésus, Gusti kita,
kang pinuji nganti salawas-lawasé, pirsa,
menawa aku ora goroh.
32 Ana ing Damsyik gubernur
kang kaangkat déning Raja Arétas
ndhawuhaké njaga Damsyik, karsané
nyepeng aku.
33 Nanging aku kaudhunaké nganggo
kranjang metu cendhéla, menyang

sajabané bètèng, temah aku oncat saka
astané.

12 [1] Aku kudu ngegung-egungaké,
sanadyan iku pancèn ora
ana paédahé, éwasamono aku arep
nyritakaké bab tetingalan lan wahyu-
wahyu kang daktampa saka Gusti.
[2] Aku wanuh sawenèhing wong ana
ing Kristus; patbelas taun kepungkur
-- embuh ing sajroning badan, aku ora
mangerti, embuh ing sanjabaning badan,
aku ora ngerti, Allah kang nguningani --
wong iku dumadakan diangkat menyang
swarga tataran katelu.
[3] Aku iya wanuh wong iku, -- embuh ing
sajroning badan embuh ing sanjabaning
badan, aku ora ngerti, Allah kang
nguningani --
[4] dumadakan diangkat menyang Firdaus
lan krungu pangandika kang ora kena
dikandhakaké, kang ora kena kaucapaké
déning manungsa.
[5] Iya wong iku kang dakegung-
egungaké, nanging awakku dhéwé ora
bakal dakegung-egungaké, kajaba mung
bab kaapesanku.
[6] Awit saupama aku arep ngegungaké
awak, aku dudu wong bodho manèh,

awit aku ngandhakaké apa kang bener.
Nanging aku nahan dhiri, supaya aja ana
wong kang ngukur awakku luwih saka
apa kang dideleng ana ing aku utawa
kang dirungu saka aku.
7 Lan supaya aku aja ngunggul-
unggulaké awak marga saka anané
wahyu-wahyu kang linuwih iku, aku
banjur kaganjar eri ing dagingku,
yaiku kongkonané Iblis kang milara
aku, supaya aku aja nganti ngunggul-
unggulaké awak.
8 Mungguh bab iku aku wus kaping
telu ngaturaké panyuwun marang Gusti,
supaya kongkonané Iblis iku sumingkir
saka aku.
9 Nanging paring wangsulané Gusti
marang aku, "Sih-rahmatingsun iku wis
cukup tumrap sira, awit kwasaningsun
iku malah kasampurnakaké ana ing
sajroning kaapesan." Awit saka iku
aku luwih seneng ngegung-egungaké
kaapesanku, supaya pangwaosé Kristus
dumunung ana ing aku.
10 Mulané aku seneng lan rila ana ing
kaapesanku, ing sajroning kasiksa,
ing karubedan, ing panguya-uya lan

kasangsaran marga saka Kristus. Awit
yèn aku apes, iku aku kuwat.
11 Aku pancèn wis dadi bodho, nanging
kowé kang padha meksa marang aku.
Beneré aku kokalembana. Tumrap
samubarang kabèh aku ora kalah karo
para rasul kang pinunjul iku, sanadyan
aku ora ana tegesé babar pisan.
12 Titikané yèn aku rasul iku wis
katuduhaké ana ing antaramu kalawan
sakèhing sabar-mantep, kanthi
pratandha-pratandha, mukjijat-mukjijat
lan kasektèn-kasektèn.
13 Sabab, apa kurangmu yèn katandhing
karo pasamuwan-pasamuwan liyané,
kajaba mung saprakara, yaiku déné
aku dhéwé ora nganti dadi gawému?
Anggonku ora adil iki apuranen!
14 Satemené iki wis kang kaping teluné
anggonku cecawis arep nemoni kowé,
lan aku ora bakal dadi gawému. Awit
dudu barang darbèkmu kang dakgolèki,
nanging kowé dhéwé. Marga dudu anak-
anak kang padha wajib nglumpukaké
bandha kanggo wong tuwané, nanging
wong-tuwa kanggo anak-anaké.
15 Awit saka iku aku kanthi bungah
masrahaké barang darbèkku, malah aku

masrahaké awakku kanggo kowé kabèh.
Dadi menawa aku tresna banget marang
kowé, masa iya saya suda anggonku
ditresnani?
16 Ya pancèn mangkono, aku dhéwé
ora dadi gawému. Nanging kandhamu,
sarèhné aku iki julig, kowé dakjiret
kalawan akal.
17 Dadi, apa wus tau aku njupuk
kauntungan saka kowé lumantar wong
kang saka ing antarané wong kang
dakkongkon nemoni kowé?
18 Pancèn aku wus njaluk tulung marang
Titus supaya mangkat lan aku banjur
akon sadulur liyané iku supaya ngancani.
Apa Titus njupuk kauntungan saka
kowé? Apa aku sakloron ora tumindak
manut roh kang padha, lan apa aku
sakloron ora tumindak manut cara kang
padha?
19 Wis kepara suwé anggonmu padha
ngira, menawa aku bakal mbeneraké
awakku dhéwé ana ing ngarepmu.
Nanging aku kandha ana ing ngarsané
Allah lan demi Kristus, yèn kabèh iku
kanggo mbangun pracayamu.
20 Awit aku sumelang, menawa bésuk
samasa aku teka, kowé ora padha

tinemu kaya kang dakkarepaké lan
kowé ketemu aku ora kaya kang padha
kokkarepaké. Aku sumelang ing bab
anané pasulayan, kumèrèn, kanepson,
brangasan, mung mikir awaké dhéwé,
pitenah, panyatur ala, kumenthus, lan
rerusuh.
21 Aku sumelang menawa aku teka
manèh, Allahku bakal ngesoraké aku
ana ing ngarepmu, sarta aku bakal
sedhih awit déning wong akèh kang
ing wektu kapungkur padha nglakoni
dosa lan mangka durung mratobat saka
panggawéné kang jember, laku cabul lan
pamblunthah kang padha ditindakaké.
13 1 Iki kang kaping teluné anggonku
nemoni kowé: Sahing prakara iku
menawa wis ana katrangané seksi loro
utawa telu.
2 Tumrap wong-wong kang ing waktu
kang kapungkur padha nglakoni
dosa, lan sakèhé wong liyané, wis
dakkandhakaké luwih dhisik lan bakal
dakkandhakaké sapisan manèh -- saiki
sajroné aku adoh karo kowé kabèh
padha kaya nalika tekaku kang kapindho
-- menawa aku teka manèh aku ora
bakal ngéman sapa baé.

[3] Marga kowé kepéngin bukti, yèn
Kristus ngandika lumantar aku. Lan
Panjenengané iku ora apes ana ing
ngarepmu, malah nindakaké pangwaosé
ana ing antaramu.
[4] Sabab sanadyan Panjenengané wis
kasalib marga saka kaapesan, nanging
gesang awit saka pangwaosé Allah.
Pancèn aku kabèh iki apes ana ing
Panjenengané, nanging bakal padha urip
bebarengan karo Panjenengané kanggo
kowé marga saka pangwaosé Allah.
[5] Awakmu dhéwé ujinen, apa padha isih
teguh ing pracaya. Titinen awakmu! Apa
padha ora yakin ora tahan uji, menawa
Kristus Yésus dumunung ana ing kowé?
Awit yèn ora mangkono, kowé ora tahan
uji.
[6] Nanging pangarep-arepku, kowé bakal
padha sumurup menawa dudu aku kang
padha ora tahan uji.
[7] Pandongaku marang Allah, supaya
kowé aja nindakaké piala, ora supaya
aku padha katitik tanggon, nanging
supaya kowé padha nglakoni apa kang
becik, sanadyan aku dhéwé katon padha
kaya ora tahan uji.

8 Marga aku kabèh padha ora bisa
nglakoni apa-apa kang sulaya karo
kayektèn, nanging kang bisa daklakoni
yaiku kang cundhuk karo kayektèn.
9 Awit aku padha bungah, menawa aku
apes nanging kowé padha rosa. Déné
kang padha daksuwun, yaiku supaya
kowé dadi sampurna.
10 Iya iku sababé anggonku nulis
prakara-prakara iki saka kadohan,
supaya menawa aku mengko ana ing
antaramu, aku ora kapeksa tumindak
kereng miturut wewenang kang
kaparingaké déning Gusti marang
aku, kanggo mbangun, ora kanggo
ngrubuhaké.
11 Wasana, para Sadulurku, padha
bungaha, ngudia dadi sampurna.
Tampanana sakèhing pituturku. Padha
disarujuk, lan padha olah atut-rukun,
temahan Allah etuking sih-katresnan
lan tentrem-rahayu bakal nunggil karo
kowé!
12 Padha salam-salamana kanthi
pangambung suci.
13 (13-12b) Sakèhé para suci kirim
salam marang kowé kabèh.

14 (13-13) Sih-rahmaté Gusti Yésus
Kristus, lan sihé Allah tuwin patunggilané
Roh Suci, anaa ing kowé kabèh!

Galatia

1 [1] Saka Paulus, rasul kang ora marga
saka manungsa lan ora déning
kekarepané manungsa, nanging déning
Yésus Kristus lan Allah, Sang Rama,
kang wis mungokaké Panjenengané saka
antarané wong mati,
[2] lan saka sakèhé sadulur tunggal
pracaya kang dadi kanthiku, marang
pasamuwan-pasamuwan ing Galatia:
[3] Sih-rahmat anaa ing kowé kabèh lan
tentrem-rahayu saka Allah, Rama kita,
lan saka Gusti Yésus Kristus,
[4] kang wis masrahaké sarirané karana
dosa-dosa kita, supaya kita kaluwaran
saka jagat-ala kang saiki iki, manut
karsané Allah lan Rama kita,
[5] kang sayogya kaluhurna ing
salawas-lawasé! Amin.
[6] Aku gumun, déné kowé énggal temen
padha nyingkur Panjenengané, kang
marga sih-rahmaté Kristus wis nimbali
kowé, sarta banjur kèlu marang injil
liyané,

7 kang satemené dudu Injil; mung
jalaran ana wong kang ngisruhaké kowé
lan kang sumedya ngingar-inger Injilé
Kristus.
8 Nanging sanadyan aku kabèh utawa
malaékat saka ing swarga martakaké
marang kowé injil kang béda karo Injil
kang wus padha dakwartakaké marang
kowé, iku kenaa ing laknat!
9 Kaya anggonku biyèn wus padha
mituturi, saiki iku dakkandhakaké
sapisan manèh: menawa ana wong kang
martakaké marang kowé kabèh injil
kang béda karo kang wus koktampani,
iku kenaa ing laknat!
10 Dadi kepriyé saiki: kang dakgolèki
iku senengé manungsa apa renané
Allah? Apa aku ngudi gawé senengé
manungsa? Saupama aku isih kepéngin
gawé senengé manungsa, dadi aku dudu
abdiné Kristus.
11 Amarga aku wis tau nerangaké
kanthi cetha marang kowé, para Sadulur,
menawa Injil kang dakwartakaké iku
dudu injil kang saka manungsa.
12 Awit anggonku nampani ora saka
manungsa, lan iya dudu manungsa kang

mulangaké bab iku marang aku, nanging
marga saka wangsité Yésus Kristus.
13 Sabab kowé wis padha krungu bab
uripku biyèn ana ing wewengkoné
agama Yahudi: Luwih déning banget
anggonku nguya-uya lan ngudi sirnané
pasamuwaning Allah.
14 Malah, ing bab agama Yahudi
aku ngluwihi kanca-kanca akèh
tunggal bangsa sabarakanku; aku dadi
wong kang sregep banget ngleluri
adat-tata-carané para leluhurku.
15 Nanging bareng Allah, kang wis
miji aku wiwit aku isih ana ing
guwagarbaning ibuku, lan nimbali aku
marga saka sih-rahmaté,
16 kepareng mbabaraké Kang Putra
ana ing aku, supaya aku martakaké
Panjenengané ana ing antarané bangsa-
bangsa kang dudu bangsa Yahudi,
aku babar pisan ora njaluk rembugé
manungsa.
17 Aku uga ora lunga menyang
Yérusalèm nemoni para wong kang wus
dadi rasul sadurungé aku, nanging aku
menyang tanah Arab, lan saka ing kono
bali manèh menyang Damsyik.

18 Sawusé telung taun aku banjur
menyang Yèrusalèm prelu nemoni Kéfas
lan aku nginep ing dalemé limalas dina.
19 Nanging aku ora ketemu rasul liyané
siji-sijia, kajaba Yakobus, sadhèrèké
Gusti Yésus.
20 Padha gatèkna: Ana ing ngarsané
Allah aku mesthèkaké, menawa kang
daktulis marang kowé iki nyata. Aku ora
goroh.
21 Sawisé iku aku banjur menyang
wilayah Siria lan Kilikia.
22 Nanging pasamuwan-pasamuwané
Kristus ing Yudéa tetep ora padha weruh
marang rupaku;
23 mung padha krungu, menawa wong
kang biyèn nguya-uya wong-wong mau,
saiki martakaké iman kang biyèn diarah
sirnané.
24 Lan wong-wong mau banjur padha
ngluhuraké Allah marga aku.

2 1 Sawusé mangkono, bareng wis
luwih saka patbelas taun, aku
menyang Yèrusalèm manèh karo
Barnabas, déné Titus uga dakajak.
2 Anggonku mrana mau awit saka
wangsité Allah. Lan tumrap sadulur-
sadulur ing kono aku nerangaké bab Injil

kang dakwartakaké ana ing antarané
para bangsa dudu Yahudi. -- sajroning
rerembugan mirunggan karo para kang
kajèn-kéringan --, supaya anggonku
mbudi-daya tekan saiki iku aja nganti
muspra.
3 Nanging Titus kang bebarengan
karo aku iku, sanadyan wong Yunani,
éwasamono ora kudu tetak.
4 Pancèn ana pandheseké wong-
wong kang ngaku-aku sadulur, kang
padha nyusup mlebu, saprelu malangi
kamardikan kita ana ing Kristus Yésus,
supaya kanthi mangkono kita padha dadi
kawulané.
5 Nanging sathithik baé aku padha ora
gelem mundur lan emoh teluk marang
wong-wong mau, supaya kayektèné Injil
bisa tetep ana ing kowé.
6 Lan mungguh para wong kang
kaanggep kajèn-kéringan iku -- kepriyé
bab kalenggahané biyèn, iku ora prelu
tumrap aku, sabab Allah ora mawas
wong adhedhasar kalungguhan --
sanadyan kapriyé baé, aku ora dipeksa
nindakaké prakara kang liya déning
wong-wong kang kajèn iku.

7 Nanging kosok-baliné, sawisé wong-
wong iku padha ngerti menawa aku
wis dipracaya martakaké Injil marang
wong-wong kang ora tetak, padha kaya
Pétrus kanggo wong-wong kang tetak
8 -- awit Panjenengané kang wis
maringi kakuwatan marang Pétrus
dadi rasul tumrap wong-wong kang
tetak, -- Panjenengané uga kang wis
maringi kakuwatan marang aku kanggo
wong-wong kang ora tetak.
9 Lan sawusé nyumurupi sih-rahmat
kang kaparingaké marang aku, Yakobus,
Kéfas lan Yohanes, kang kaanggep
padha dadi saka-guruning pasamuwan,
banjur sesalaman karo aku lan Barnabas
minangka pratandhaning patunggalan,
supaya aku marani marang wong-wong
kang ora tetak, padha karo Yakobus,
Kéfas lan Yohanes marang para kang
tetakan;
10 mung aku kabèh kudu tansah
éling marang wong-wong miskin lan
pancèn iya iku kang padha dakprelokaké
kalawan temen-temen.
11 Nanging nalika Kéfas teka ing
Antiokhia, tanpa tèdhèng aling-aling
dakpadoni, sabab panjenengané lepat.

12 Awit sadurungé ana wong sawatara
saka golongané Yakobus teka,
panjenengané kembul dhahar karo
sadulur-sadulur tunggal pracaya kang
ora tetak, nanging satekané wong-wong
mau, banjur mengker lan misah marga
ajrih marang sadulur kang tetak.
13 Lan para wong Yahudi liyané uga
mèlu-mèlu tumindak lamis kaya Kéfas,
dalah Barnabas dhéwé iya banjur kèlu.
14 Nanging bareng aku ngerti tumindaké
iku ora cocog karo kayektèné Injil, aku
matur marang Kéfas ana ing sangarepé
wong kabèh, "Manawi panjenengan,
tiyang Yahudi, gesang kadosdéné tiyang
ingkang sanès Yahudi lan mboten
kados tiyang Yahudi, kadospundi
déné panjenengan kok badhé meksa
sadhèrèk-sadhèrèk ingkang mboten
tetak supados gesang kados tiyang
Yahudi?"
15 Aku kabèh iki wong Yahudi
adhedhasar keturunan, dudu wong dosa
saka bangsa-bangsa liya.
16 Kita padha ngerti menawa ora ana
wong siji baé kang kaanggep bener
marga saka nglakoni angger-anggering
Torèt, nanging mung marga pracaya ana

ing Kristus Yésus. Mulané aku uga wus
padha pracaya marang Kristus Yésus,
supaya aku padha kaanggep bener, ora
marga saka nglakoni angger-anggering
Torèt. Awit, "Ora ana wong siji baé
kang kaanggep bener", marga nglakoni
angger-anggering Torèt.
17 Nanging menawa aku dhéwé ing
sajroné padha ngudi supaya kaanggep
bener ana ing Kristus iku nyatané
wong-wong dosa, apa iku banjur
ateges menawa Kristus iku jumeneng
paladosing dosa? Babar pisan ora.
18 Awit menawa aku mbangun manèh
apa kang wis dakrusak, iku aku
ngétokaké menawa aku iki nerak
angger-anggering Torèt.
19 Sabab aku wis mati marga saka
anggger-anggering Torèt kanggo
angger-anggering Torèt, supaya aku urip
kagem Allah. Aku wis ndhèrèk kasalib
karo Kristus,
20 nanging aku urip, éwadéné dudu aku
dhéwé manèh kang urip, mung Kristus
kang gesang ana ing aku. Urip jasmaniku
kang saiki dakalami iki, urip marga saka
pracaya ana ing Putraning Allah kang

wis ngasihi aku sarta wis masrahaké
sarirané kanggo aku.
21 Aku ora nampik sih-rahmaté Allah.
Awit saupama ana kang kabeneraké
marga saka angger-anggering Torèt,
sédané Kristus iku dadi tanpa guna.
3 1 Hé wong Galatia kang bodho, sapa
ta kang mblithuk kowé? Yésus Kristus
kang kasalib iku rak wus katerangaké
kanthi gamblang ana ing ngarepmu?
2 Kang arep dakngertèni saka kowé,
mung iki: Apa anggonmu wus padha
nampani Roh iku marga saka nglakoni
angger-anggering Torèt, apa marga
pracaya marang pangundhanging Injil?
3 Apa nganti samono bodhomu? Kowé
wus miwiti kalawan Roh, apa kowé saiki
arep mungkasi kalawan daging?
4 Apa muspra baé kabèh kang wis
padha kokalami kang samono akèhé iku?
Mongsok yèn muspra!
5 Dadi saiki kepriyé, apa Panjenengané
kang maringi Roh marang kowé nganti
lubèr-lubèr lan nindakaké mukjijat
ana ing antaramu, anggoné nindakaké
mangkono iku, marga kowé nglakoni
angger-anggering Torèt, apa marga
pracaya marang pangundhanging Injil?

[6] Iya kanthi patrap mangkono iku
anggoné Abraham pracaya marang
Allah, sarta iya iku kang njalari kaanggep
bener déning Allah.
[7] Dadi kowé ngerti menawa wong-wong
kang urip saka pracaya iku padha dadi
putrané Abraham.
[8] Lan Kitab Suci, kang sadurungé wis
sumurup menawa Allah nganggep bener
marang wong-wong kang dudu Yahudi
marga saka pracaya, wis luwih dhisik
martakaké kabar kabungahan marang
Abraham, "Iya ana ing sira sakèhing
bangsa bakal diberkahi."
[9] Dadi wong-wong kang urip saka
pracaya, iya iku kang padha diberkahi
bebarengan karo Abraham kang pracaya
iku.
[10] Awit wong kabèh, kang uripé saka
ayahaning angger-anggeré Torèt iku
kabawah ing laknat, sabab ana tulisan
mangkéné, "Kenaa ing laknat wong
kang ora setya anggoné nglakoni
samubarang kang katulis ana ing kitab
angger-anggering Torèt."
[11] Lan iya wus cetha yèn ora ana wong
kang kaanggep bener ana ngarsané Allah
marga saka nglakoni angger-anggering

Torèt, awit, "Wong kang kaanggep bener
iku bakal urip marga saka pracaya."
12 Awit angger-anggering Torèt iku
dhasaré dudu iman, nanging sapa kang
nglakoni angger-angger, iku bakal urip
déning angger-angger.
13 Kristus wis nebus kita saka laknaté
angger-anggering Torèt srana jumeneng
laknat piyambak marga saka kita, sabab
ana tulisan mangkéné, "Kenaa ing laknat
saben wong kang digantung ing kayu
salib!"
14 Yésus Kristus wus nglampahi iku,
supaya berkahé Abraham ana ing
Panjengenané sumrambah marang
bangsa-bangsa liya, temahan marga
saka pracaya, kita bisa nampani Roh
kang kaprasetyakaké.
15 Para Sadulur, beciké aku dakngangg o
conto padinan. Layang wasiyat kang
wis kaabsahaké iku, sanadyan saka
manungsa, ora ana wong kang bisa
mbatalaké utawa nambahi.
16 Anadéne prasetya iku kabèh
kapangandikakaké marang Abraham
lan marang turuné. Panjenengané ora
ngandika, "Marang turun-turuné" kang
kaya-kaya ateges wong akèh, nanging

mung wong siji, "lan marang turunmu",
yaiku Kristus.
17 Maksudku yaiku prasetya kang
sadurungé wis kaabsahaké déning
Allah iku ora kena dibatalaké déning
angger-anggering Torèt, kang lagi ana
sawisé patang atus telung puluh taun,
nganti prasetya iku ilang kakuwatané.
18 Sabab menawa kang kaabsahaké
déning Allah iku asalé saka angger-
anggering Torèt, mesthiné iku asalé ora
saka prasetya; nanging malah marga
saka prasetya, Allah wis maringaké
sih-rahmaté marang Abraham.
19 Yèn mangkono, apa maksudé
angger-anggering Torèt iku? Iku
katambahaké awit saka anané panerak-
panerak, nganti tekané turun kang
dikarsakaké ing prasetya iku -- lan
angger-anggering Torèt iku kaparingaké
lumantar malaékat-malaékat marang
astané sawijining pantara.
20 Déné anggoné jumeneng pantara iku
ora mung makili wong siji baé, mangka
Allah iku siji.
21 Menawa mangkono, apa angger-
anggering Torèt iku sulaya karo sakèhé
prajanjining Allah? Babar pisan ora.

Sabab saupama angger-anggering Torèt
kang kaparingaké iku bisa nguripaké,
mesthiné apa kang bener iku pancèn
tuwuh saka angger-anggering Torèt.
22 Nanging Kitab Suci wis ngurung
samubarang marang pamengkuning
dosa, supaya awit saka pracaya marang
Yésus Kristus janji mau kaparingaké
marang wong kang padha pracaya.
23 Nanging sadurungé pracaya iku
ana, kita kawengku ing pangreksané
angger-anggering Torèt, kakurung
nganti pracaya iku wis kababar.
24 Dadi angger-anggering Torèt iku
minangka panuntun kita nganti Kristus
rawuh, supaya kita kaanggep bener
marga saka pracaya.
25 Nanging saiki bareng kita wis
pracaya, wis ora kabawah manèh ing
pangreksané panuntun mau.
26 Sabab marga saka pracaya marang
Yésus Kristus kowé padha dadi putrané
Allah.
27 Awit kowé kabèh, kang padha
kabaptis ana ing Kristus, wis padha
ngrasuk Kristus.
28 Ing bab iki ora ana wong Yahudi
utawa wong Yunani, ora ana batur utawa

wong mardika, ora ana lanang utawa
wadon, awit kowé kabèh padha dadi siji
ana ing Kristus Yésus.
29 Mangka yèn kowé kagungané
Kristus, ateges kowé padha dadi trahing
Abraham lan padha dadi ahli-waris
miturut prasetyané Allah.
4 1 Kang dakarepake mangkéné:
Sajroné ahli-waris durung diwasa,
ora ana bédané sathithik-thithika karo
abdi, sanadyan iku kang ngwasani
samubarang,
2 nanging kawengku ing wali lan
pamomong nganti tumeka ing waktu
kang wis katemtokaké déning bapakné.
3 Samono uga kita: Sajroné durung
diwasa kita iya kawengku déning para
rohing jagat.
4 Nanging bareng wis tekan ing ganepé
mangsa, Allah ngutus Kang Putra, kang
miyos saka wanita, miyos kawengku ing
angger-anggering Torèt,
5 saprelu nebus sakèhing wong kang
padha kawengku ing angger-anggering
Torèt, supaya kita bisa katarimah dadi
putra.
6 Lan sarèhné kowé iku padha dadi
putra, mulané Allah wis ngutus Rohé

Kang Putra marang sajroning ati kita,
kang nyebut, "Abba, Rama!"
7 Dadiné kowé kabèh iku wus dudu
batur manèh, nanging putra; lan yèn
kowé kabèh iku putra, kowé iku uga
padha dadi ahli-waris marga pakaryaning
Allah.
8 Biyèn, nalika kowé durung wanuh
marang Allah, kowé ngawula marang
kang kokanggep Allah, nanging sajatiné
dudu Allah.
9 Nanging saiki sawisé kowé wanuh
marang Allah, malah luwih saka iku,
sawisé Allah tepang karo kowé, kepriyé
déné kowé mbalik manèh marang
roh-roh donya kang apes lan papa, sarta
arep wiwit kokkawulani manèh?
10 Kowé padha netepi pétungané
dina-dina, sasi-sasi, mangsa-mangsa,
apadéné taun-taun.
11 Aku kuwatir yèn kangélanku kanggo
kowé iku dadi muspra.
12 Para Sadulur, panjalukku marang
kowé, kowé padha dadia kaya aku, sabab
aku uga wis dadi padha kaya kowé.
Durung tau kowé kaluputan marang aku.
13 Kowé padha sumurup, menawa aku
martakaké Injil marang kowé kang

wiwitan iku jalaran lelara kang ana ing
awakku.
14 Sanadyan kaya mangkono kaanané
awakku, kang dadi pacoban kanggo
kowé kabèh, éwadéné ora kokanggep
kaya barang kang nistha lan kang njijiki,
nanging kowé wis padha nampani aku
padha kaya nampani malaékaté Allah,
malah padha kaya nampani Kristus
Yésus piyambak.
15 Kaya apa begjamu nalika samana!
Lan saiki ana ngendi kabegjanmu iku?
Awit aku bisa neksèni mungguhing
kowé, yèn bisaa mangkono, kowé wis
padha nyuplaki mripatmu, kokwènèhaké
marang aku.
16 Apa aku banjur dadi satrumu, marga
aku mratélakaké bab kayektèn marang
kowé?
17 Wong-wong iku kanthi mempeng
padha ngudi nggèndèng kowé, nanging
ora kalawan tulusing ati, awit karepé
bakal misahaké kowé, supaya kowé
nganut marang wong-wong mau kalawan
tumemen.
18 Pancèn becik menawa wong kalawan
sregep ngudi ing bab-bab kang becik,

anggeré terus mangkono, lan ora mung
yèn aku lagi ana ing antaramu baé.
19 Hé anak-anakku, iya marga saka
kowé aku ngrasakaké lara kaya nglarani
manèh, nganti sipat-sipaté Kristus katon
cetha ana ing kowé.
20 Kaya apa kangenku kepéngin ana
ing tengah-tengahmu ing waktu iki lan
banjur bisa rerembugan kalawan swara
kang béda, awit aku wis kentèkan akal
ing ngatasé kowé iku.
21 Coba wangsulana pitakonku, hé kowé
kang padha kepéngin urip kawengku ing
angger-anggering Torèt, apa kowé padha
ora ngrungokaké angger-anggering
Torèt?
22 Rak ana tulisan, yèn Abraham iku
kagungan putra loro, kang siji saka abdi
lan sijiné saka wanita mardika?
23 Nanging putra saka abdi iku miyosé
manut tata kadagingan, déné putra
saka wanita kang mardika iku awit saka
prasetya.
24 Iki sawijining pralambang. Sabab
wanita loro iku mralambangi prajanjian
loro: kang siji asalé saka gunung Sinai
lan nglairaké anak-anak pangawulan,
yaiku Hagar --

25 Hagar iku gunung Sinai ing tanah
Arab -- lan padha karo Yérusalèm kang
saiki, awit uripé ana ing pangawulan
saanak-anaké.
26 Nanging Yérusalèm kaswargan iku
wanita kang mardika lan iya iku ibu kita.
27 Awit ana tulisan, "Padha bungaha,
hé wong gabug kang ora tau nglairaké!
Padha bungaha lan surak-suraka, hé
kowé kang ora tau nglarani! Sabab kang
ditinggal bojoné, bakal duwé anak luwih
akèh tinimbang kang duwé bojo."
28 Lan kowé para Sadulur, padha
kayadéné Ishak, kowé uga padha dadi
anaking prasetyan.
29 Nanging padha kaya biyèn, kang
kalairaké manut tata kadagingan,
nguya-uya marang kang kalairaké
miturut Roh, samono uga saiki iki.
30 Nanging kepriyé surasané nas Kitab
Suci? "Tundhungen batur wadon iku
saanaké, sabab anaké batur wadon iku
ora bakal mèlu kapanduman warisan
karo anaké wanita kang merdika iku."
31 Awit saka iku, sadulur-sadulur, kita iki
dudu anak-anaké batur wadon, nanging
padha dadi anak-anaké wanita kang
mardika.

5 [1] Supaya kita mardika temenan,
Kristus wus mardikakaké kita. Awit
saka iku ngadega kang jejeg lan aja
gelem dietrapi pasangan pangawulan
manèh.
[2] Satemen-temené, aku, Paulus pitutur
marang kowé: Menawa kowé tetak,
Kristus bakal ora migunani babar pisan
tumrap kowé.
[3] Sapisan manèh dakpituturaké marang
saben wong kang tetak, menawa
wong iku wajib nglakoni sakèhing
angger-anggering Torèt.
[4] Menawa kowé ngarah supaya
kaanggep bener marga saka angger-
anggering Torèt, kowé dadiné uwal
saka Kristus; kowé urip ing sanjabaning
sih-rahmat.
[5] Marga saka Roh, lan awit saka pracaya
kita nganti-anti padha kabeneraké kaya
kang kita arep-arep.
[6] Sabab tumraping wong-wong kang
ana ing Kristus Yésus, bab tetak utawa
ora tetak iku ora ana paédahé, kajaba
mung pracaya kang tumindaké kalawan
katresnan.
[7] Biyèn anggonmu mèlu tetandhingan
iku kalawan becik. Sapa ta kang

memalangi kowé, satemah kowé banjur
ora manut ing kayektèn manèh?
8 Pambujuk supaya ora manut manèh
iku ora saka Panjenengané, kang nimbali
kowé kabèh.
9 Ragi sathithik wis bisa njalari jladrèné
mekar.
10 Ana ing Gusti aku yakin mungguh
ing kowé, menawa kowé ora nduwèni
panemu liya kajaba panemu iki. Nanging
sapa kang ngisruhaké kowé, iku bakal
nyangga paukumané, sanadyan sapa
baé wong iku.
11 Lan manèh, tumrap aku, Sadulur-
sadulur, menawa aku isih martakaké
bab tetak, généya aku isih dikuya-kuya?
Sabab yèn mangkono, salib iku ora dadi
sandhungan manèh.
12 Beciké wong-wong kang padha
mbujuki kowé iku padha ngebiria awaké
sisan baé!
13 Para Sadulur, kowé wus padha
katimbalan, supaya mardika, nanging
aja nganti kowé migunakaké kamardikan
iku dadi dhadhakan tumrap urip
tata kadagingan, nanging padha
ladèn-linadènana srana katresnan.

14 Sabab angger-anggering Torèt kabèh
iku kacakup ing pangandika siji iki, yaiku,
"Sira tresnaa marang sapepadhanira
dikaya marang awakira dhéwé."
15 Déné menawa kowé padha kerah lan
padha mangsa-minangsa, padha diawas,
aja nganti padha tumpes-tinumpes.
16 Maksudku yaiku: Lakumu padha
manuta marang Roh, satemah kowé ora
nuruti pepénginaning daging.
17 Awit pepénginaning daging iku
nyulayani karsané Roh lan karsané Roh
iku nyulayani pepénginaning daging
-- awit sakaroné padha lelawanan
-- satemah kowé saben-saben ora
nindakaké apa kang kokkarepaké.
18 Ananging menawa kowé padha
masrahaké awakmu supaya dituntun
déning Roh, mesthi kowé padha ora
kawengku ing angger-anggering Torèt.
19 Déné panggawéning daging wus
cetha: laku cabul, laku rusuh, hawa
napsu,
20 panyembah brahala, sihir, sesatron,
pasulayan, kamèrèn, kanepson, pamrih,
padudon, cecongkrahan,
21 drengki, endem-endeman, ropyan-
ropyan lan sapanunggalané. Tumrap

sakabèhé iku kowé dakélingaké -- kaya
kang wus daktindakaké biyèn -- menawa
sapa kang nindakaké bab-bab kang kaya
mangkono iku, ora bakal tampa warisan
Kratoning Allah.
22 Déné wohing Roh yaiku: katresnan,
kabungahan, tentrem-rahayu, sabar-
sarèh, paramarta, kabecikan, kasetyan,
23 alusing budi, bisa ngemudhèni dhiri.
Ora ana angger-angger kang nglawan
iku mau kabèh.
24 Lan sapa kang dadi kagungané
Kristus Yésus, iku wis nyalib daging
dalah sakèhing hawa napsu lan
pepénginané.
25 Menawa kita urip marga saka Roh,
urip kita uga katuntun déning Roh
26 lan kita aja mendem drajad, aja
padha tantang-tantangan, sarta aja
padha drengki.
6 1 Para Sadulur, yèn ana wong kang
tinemu nglakoni panerak, kowé
kang kasukman, kudu nuntun wong iku
marang dalan kang bener kalawan budi
kang sarèh, karo njaga awakmu dhéwé,
supaya kowé aja kena ing panggodha.

2 Padha tulung-tinulungana ing bot-
répot! Iya kaya mangkono iku anggonmu
netepi angger-anggeré Kristus.
3 Sabab yèn ana sawenèhing wong kang
rumangsa menawa awaké aji, mangka
babar pisan ora aji, iku ngapusi awaké
dhéwé.
4 Beciké saben wong ndadara
pagawéané dhéwé; lagi kena mongkog
ndeleng kaanané dhéwé lan ora ndeleng
kaanané wong liya.
5 Sabab saben wong bakal mikul
tanggungané dhéwé.
6 Lan wong kang nampani piwulanging
pangandika iku ngedumna samubarang
kang becik marang wong kang awèh
piwulang iku.
7 Aja padha kesasar! Allah ora kena
digawé geguyon. Awit apa kang disebar
ing wong, iya iku kang bakal dienèni.
8 Sabab sing sapa nyebar ing dagingé,
bakal ngenèni karusakan saka dagingé
-- nanging sapa kang nyebar ing Roh,
iya bakal ngenèni urip langgeng saka ing
Roh iku.
9 Aja nganti kita bosen anggon kita
gawé kabecikan, awit menawa wis tekan

ing kala-mangsané, kita bakal ngenèni,
anggeré kita ora nganti nglokro.
[10] Awit saka iku mumpung isih ana
wewengan, ayo padha gawé becik
marang wong kabèh, luwih-luwih
marang sadulur-sadulur kita kang
nunggal pracaya.
[11] Padha delengen, sapira gedhéné
aksara-aksara kang daktulis marang
kowé nganggo tanganku dhéwé.
[12] Wong-wong kang cara lair seneng
nonjolaké awaké dhéwé, iya wong-wong
iku kang padha mbudidaya bisané meksa
kowé supaya tetak, karepé mung supaya
padha ora dikuya-kuya marga saka
salibé Kristus.
[13] Sabab wong-wong kang padha
tetak iku iya padha ora netepi angger-
anggering Torèt. Nanging karepé supaya
kowé padha tetak amrih wong mau bisa
gumunggung ing bab kaananmu tata
lair.
[14] Déné aku ora pisan-pisan gelem
gumunggung, kajaba ing salibé Gusti
kita Yésus Kristus, sabab marga saka
Panjenengané jagat wis disalib kanggo
aku lan aku kanggo jagat.

15 Sabab tetak utawa ora tetak ora ana
paédahé, nanging dadi titah kang anyar
iku kang ana paédahé.
16 Lan tumrap wong kabèh kang
lakuné katuntun déning wewaton iki,
tentrem-rahayu lan rahmat muga
tumurun marang wong-wong iku lan
marang Israèl kagungané Allah.
17 Sabanjuré aja ana kang gawé
ribedku, marga ing awakku ana
tilas-tilas tatu tandha kagungané Yésus.
18 Sih-rahmaté Gusti kita Yésus Kristus
nunggila ing rohmu, Sadulur-sadulur!
Amin.

Efesus

1 [1] Saka Paulus, rasulé Kristus Yésus
awit saka karsané Allah, marang
para suci ing Éfesus, iya para wong kang
padha pracaya ana ing Kristus Yésus.
[2] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah, Rama kita lan saka Gusti Yésus
Kristus anaa ing kowé kabèh.
[3] Pinujia Allah lan Ramané Gusti kita
Yésus Kristus, kang wus mberkahi kita
ana ing Kristus kalawan sarupané berkah
kasukman kang ana ing swarga.
[4] Awit iya ana ing Panjenengané iku
Allah wis milih kita sadurungé jagat
katitahaké, supaya kita padha suci tanpa
cacad ana ing ngarsané.
[5] Marga saka sih-palimirmané wiwit
wiwitan mula Panjenengané wus
kepareng netepaké kita kaangkat dadi
para putrané, marga saka Yésus Kristus,
manut sakeparenging karsané.
[6] Supaya pinujia sih-rahmaté kang
luhur, kang kaparingaké marang kita ana
ing Panjenengané kang kinasih.

7 Sabab iya ana ing Panjenengané,
kita kaparingan tebusan, yaiku
pangapuraning dosa marga saka rahé,
manut gunging sih-rahmaté,
8 kang wus kalubèraké marang kita
kalawan sagunging kawicaksanan lan
pangertèn.
9 Marga Panjenengané wis medharaké
wewadining karsané marang kita,
miturut rancanganing-keparengé, yaiku
kang wiwit sakawit wus katetepaké ana
ing Kristus.
10 Minangka pacawisan ganeping
mangsa anggoné nunggilaké
samubarang kabèh ana ing Kristus, kang
dadi sesirahing samubarang kang ana
ing swarga apadéné ing bumi.
11 Ana ing Kristus, awit iya ana ing
Panjenengané iku aku kabèh padha
olèh warisan kang kaprasetyakaké
-- aku kang saka wiwitan wis padha
kapilih déning Panjenengané cocog
karo karsané Allah, kang nindakaké
samubarang manut putusaning karsané
--
12 supaya aku kang sadurungé wis
padha duwé pangarep-arep ana ing

Kristus, kepareng dadi srana pamujining
kaluhurané.
13 Ana ing Panjenengané kowé kabèh
uga padha kaecap kalawan Roh Suci
kang kaprasetyakaké iku, -- awit kowé
wis padha ngrungokaké pangandikaning
kayektèn, yaiku Injiling karahayonmu, --
sawusé kowé kabèh padha pracaya.
14 Déné Roh Suci iku kang dadi
tanggunganing warisan kita nganti kita
padha tampa tebusan kang njalari kita
dadi kagungané Allah, supaya memuji
kaluhurané.
15 Mulané, aku iki sawisé krungu warta
bab pracayamu ana ing Gusti Yésus lan
bab tresnamu marang sakèhé para suci,
16 ora kendhat anggonku saos sokur
marga saka kowé kabèh. Lan aku tansah
ngélingi kowé sajroning pandongaku,
17 supaya Allahé Gusti kita Yésus
Kristus, yaiku Sang Rama kang mulya
iku, karsa paring Rohing kawicaksanan
lan wahyu marang kowé, supaya
wanuhmu marang Panjenengané kanthi
bener temenan.
18 Sarta murih Panjenengané
madhangaké mripating atimu, supaya
kowé ngerti mungguh pangarep-arep

apa kang kamot ing timbalané: Iba
gedhéning warisan kamulyané kanggo
para suci,
19 lan iba gunging pangwaosé tumrap
kita, kang pracaya, cocog karo dayaning
pangwaosé kang gedhé,
20 kang katindakaké ana ing Kristus
kalawan anggoné mungokaké saka
antarané wong mati lan nglenggahaké
ing swarga ana ing sisih tengené,
21 banget anggoné ngungkuli luhuré
sakèhing pamaréntah lan pangwasa
sarta wisésa tuwin kraton lan
sadhéngaha jeneng kang kena sinebut,
ora ngamungaké ana ing donya iki
baé, nanging uga ing jaman kang bakal
kelakon.
22 Karodéné samubarang wis
kapapanaké ing sangisoring sampéyané
Kristus lan Panjenengané wis
kaparingaké marang pasamuwan
minangka sesirahing samubarang kang
sarwa dumadi.
23 Déné pasamuwan iku kang dadi
sarirané, yaiku kapenuhan kasampurnan
ing Panjenengané, kang menuhi
samubarang.

2 [1] Kowé biyèn padha mati marga saka
sakèhing panerak lan dosa-dosamu.
[2] Kowé biyèn padha dumunung ana
ing kono, awit kowé manut lakuning
donya iki, lan mbangun-miturut marang
pamaréntahé pangwasaning akasa,
yaiku roh kang saiki lagi nandukaké
dayané ana ing satengahé para wong
duraka.
[3] Satemené biyèn aku kabèh uga padha
klebu ing antarané wong-wong iku,
nalika urip ana ing sajroning hawa-
napsuning daging lan nuruti pakaremané
daging lan pangangen-angenku kang
ala. Samesthiné aku padha kaparingan
deduka, kayadéné wong-wong liyané.
[4] Nanging Allah kang sugih kawelasan,
awit saka gedhéning katresnan kang
kalubèraké marang kita,
[5] wis nguripaké kita bareng karo
Kristus, sanadyan kita wis padha mati
awit saka kaluputan-kaluputan kita --
marga saka sih-rahmat kowé padha
kapitulungan rahayu --
[6] lan ana ing Kristus kita padha
ditangèkaké lan uga diparingi papan
bareng karo Panjenengané ana ing
swarga,

7 supaya ing jaman kang bakal kelakon
Panjenengané ngatingalaké marang
kita anggèné sugih sih-rahmat kang
lubèr-lubèr cocog karo kasaénané
marang kita ana ing Kristus Yésus.
8 Sabab anggonmu padha kaslametaké
iku saka sih-rahmat marga pracaya;
lan iku dudu wohing pambudidayamu,
nanging peparingé Allah,
9 iku dudu wohing panggawému;
supaya aja ana wong kang gumunggung.
10 Marga kita iki titahé Allah,
katitahaké ana ing Kristus Yésus,
supaya padha nglakoni panggawé becik
kang kacawisaké Allah sadurungé.
Panjenengané ngarsakaké supaya kita
padha urip kaya mangkono.
11 Mulané ngélingana, menawa
biyèn kowé -- wong-wong kang cara
kajasmanèn dudu wong Yahudi, kang
sinebut wong-wong kang ora tetak
déning wong-wong kang ngarani awaké
dhéwé "tetak", yaiku tetak tata-lair
srana tanganing manungsa. --
12 Nalika samana kowé tanpa Kristus,
ora klebu warga Israèl lan ora olèh
panduman tumrap prasetya kang

kaprasetyakaké, tanpa pangarep-arep
lan tanpa Allah ana ing donya.
13 Nanging saiki kowé ana ing Kristus
Yésus, kowé kang nalika samana "adoh",
saiki wus dadi "cedhak" marga saka rahé
Kristus.
14 Marga iya Panjenengané iku tentrem-
rahayu kita, kang wus nunggilaké
sakaroné dadi siji lan kang wus
ngrubuhaké tembok singgetan, yaiku
sesatron,
15 awit Panjenengané sarana sédané
cara manungsa, wus mbatalaké angger-
anggering Torèt dalasan sakèhing
pepakon lan katamtuané, supaya
sakaroné dadi manungsa anyar siji
ana ing Panjenengané, lan kalawan
mangkono iku banjur njalari anané
tentrem-rahayu,
16 lan kanggo ngrukunaké sakaroné ana
ing badan siji, karo Allah srana salib,
kanthi ngilangaké sesatron ana ing salib
iku.
17 Panjenengané rawuh lan martakaké
tentrem-rahayu marang kowé kabèh
kang "adoh" lan tentrem-rahayu marang
wong-wong kang "cedhak",

18 awit iya marga saka Panjenengané
iku kita sakaroné ana ing Roh siji padha
olèh dalan marang ngarsané Sang Rama.
19 Marga saka iku, kowé dudu wong
manca lan wong neneka manèh, nanging
wus nunggal dadi sagolongan karo para
suci lan nunggal dadi brayating Allah,
20 kang kabangun kanthi dhasar para
rasul lan para nabi, kalawan Kristus
Yésus kang minangka watu pojokan.
21 Ana ing Panjenengané sawetahing
bangunan iku tuwuh, tinata kanthi becik
dadi Padalemaning Allah kang Suci, ana
ing sajroné Gusti.
22 Ana ing Panjenengané iku kowé
uga padha mèlu kabangun dadi
Padalemaning Allah, ana ing sajroné
Roh.

3 1 Iya iku sababé aku iki, Paulus,
dikunjara marga saka Kristus Yésus
kanggo kowé wong-wong kang dudu
Yahudi,
2 Kowé rak wis padha krungu bab
ayahaning sih-rahamaté Allah, kang
kapitayakaké marang aku marga saka
kowé kabèh,

3 yaiku anggonku wis kasumurupaké
bab wewadi iku srana wahyu, kaya kang
wis daktulis ing dhuwur kanthi ringkes.
4 Yèn kokwaca, kowé bisa nyumurupi
pangertènku bab wewadiné Kristus,
5 kang ing biyèn-biyèné ora
kawartakaké marang anak-anaké
manungsa, nanging kang saiki
kawedharaké sajroning Roh marang
rasul-rasul lan nabi-nabiné Gusti kang
suci,
6 yaiku menawa wong-wong dudu
Yahudi, marga saka Injil mèlu dadi ahli
waris lan gegelitaning sarira sarta mèlu
duwé panduman ana ing prasetyan kang
kaparingaké ana ing Kristus Yésus.
7 Krana Injil iku aku wus dadi abdiné
miturut ganjaraning sih-rahmaté Allah
kang kaparingaké marang aku cocog
karo makaryaning pangwaosé.
8 Aku, wong kang asor dhéwé
ing antarané para suci kabèh, wis
kaparingan sih-rahmat iki, kanggo
martakaké marang wong-wong dudu
Yahudi bab kasugihané Kristus, kang ora
kena kinira-kira iku,
9 sarta kanggo nerangaké marang wong
kabèh apa isiné ayahaning wewadi kang

wis atusan taun kineker ing Allah, kang
nitahaké samubarang,
10 supaya saiki sawarnaning
kawicaksanané Allah disumurupaké
marang para pamaréntah lan para
pangwasa ing swarga lantaran
pasamuwan,
11 laras karo karsané kang langgeng,
kang wus katindakaké ana ing Kristus
Yésus, Gusti kita.
12 Ana ing Panjenengané kita olèh
kakendelan lan dalan kang anjog ing
ngarsané Allah kalawan kebak ing
pangandel marga saka pracaya kita
marang Panjenengané.
13 Mulané panjalukku marang kowé
kabèh, aja nganti padha semplah
nyawang marang kasangsaranku marga
saka kowé, awit kasangsaranku iku
kamulyanmu.
14 Iya iku mulané aku sujud ana ing
ngarsané Sang Rama,
15 kang saka Panjenengané sakèhing
trah kang ana ing swarga lan ing bumi
padha kaparingan jeneng.
16 Aku ndedonga supaya Panjenengané,
saka gunging kamulyané nyantosakaké

kowé srana pangwasa lantaran Rohé ing
batinmu,
17 temahan marga saka pracayamu,
Kristus dedalem ana ing atimu sarta
kowé padha ngoyoda lan tetalesa ing
katresnan.
18 Aku ndedonga, supaya kowé karo
sakèhing para suci bisa nyumurupi sapira
ambané lan dawané sarta dhuwuré lan
jeroné sihé Kristus
19 sarta bisa ngawruhi marang sihé
kang ngungkuli sakèhing kawruh iku.
Aku ndedonga, supaya kowé padha
kapenuhan kasampurnaning Allah.
20 Kagem Panjenengané, kang kwaos
nindakaké luwih akèh tinimbang apa
kang kita dongakaké utawa kita pikir,
kaya kang kacetha ana ing daya-
kakuwatan kang makarya ana ing
kita,
21 iya Panjenengané iku kang sayogya
kasaosan kamulyan turun-tumurun
nganti salawas-lawasé ana ing
pasamuwan lan ana ing Kristus Yésus.
Amin.

4 1 Mulané, aku kang dadi wong
ukuman marga saka Gusti, mituturi
kowé, supaya kowé kang wus padha

katimbalan iku, uripmu laras karo
timbalan mau.
2 Ditansah andhap-asor, sarèh lan
sabar. Padha lairna katresnanmu sarana
tulung-tinulung.
3 Lan ngudia lestariné anggonmu
tetunggalan ing Roh sarana tentrem-
rahayu kang minangka taliné:
4 Mung ana badan siji, lan iya Roh
siji, kayadéné anggonmu wus padha
katimbalan marang pangarep-arep siji
kang dumunung ana ing timbalanmu,
5 mung ana Gusti siji, pracaya siji lan
baptis siji,
6 mung ana Allah siji, Ramané wong
kabèh, Allah kang mengku samubarang,
lumantar samubarang, lan ana ing
samubarang.
7 Nanging saben gegelitaning
panunggalan kita wus kaparingan
sih-rahmat undha-usuk manut ukuran
peparing kang saka Kristus.
8 Mulané ana pangandika mangkéné,
"Nalika sumengka dhateng ngaluhur,
Panjenenganipun ngasta tiyang-tiyang
tawanan, Panjenenganipun paring
ganjaran-ganjaran dhateng manungsa."

9 Déné, "Panjenengané wis sumengka"
iku rak ateges menawa Panjenengané
iya wis tumedhak menyang péranganing
bumi kang ngisor dhéwé?
10 Panjenengané kang wis tumedhak,
iya Panjenengané kang wis sumengka
ngungkuli sakèhing langit, supaya
menuhi samubarang.
11 Lan iya Panjenengané kang maringi
para rasul, para nabi, para juru-warta
Injil, mangkono uga para pangon lan
para pamulang,
12 supaya padha nyamektakaké para
suci anggoné nindakaké ayahan leladi,
minangka pambanguning sarirané
Kristus,
13 nganti kita kabèh wus padha bisa
nggayuh manunggaling pracaya lan
kawruh kang bener tumrap Putraning
Allah, kadiwasan kang sampurna, lan
tataraning tumuwuh kang laras karo
kasampurnaning Kristus,
14 temahan kita ora dadi bocah
manèh, kang diontang-antingaké déning
sarupaning anginé piwulang, déning
pratingkah nasar lan culikané manungsa
kang mblasukaké,

15 nanging kalawan tatag ngandhemi
kayektèn sajroning katresnan, kita
mundhak-mundhak ing samubarang
ngener marang Kristus kang jumeneng
sesirah.
16 Iya marga Panjenengané iku badan
sakojur -- kang tumata runtut lan
tinalènan dadi siji déning paladosaning
pérangané kabèh, cocog karo boboting
pakaryané saben pérangan iku --
kepareng tumuwuh sarta mbangun dhiri
ana ing sajroning katresnan.
17 Mula iki dakkandhakaké lan
daktandhesaké marang kowé ana
ing patunggilané Gusti: Uripmu aja
kaya lakuning wong-wong kang ora
wanuh marang Allah manèh, kang
pangangen-angené tanpa guna
18 lan kang peteng pikirané, adoh saka
urip kang asalé saka Allah, marga saka
bodhoné lan marga saka wangkoting
atiné.
19 Pangrasané wis kethul, temahan
padha masrahaké awaké marang
hawa-napsu lan kanthi srakah nglakoni
sakèhing panggawé kang rusuh.

[20] Nanging ora kanthi patrap kang
mangkono iku anggonmu padha sinau
bab Kristus.
[21] Awit kowé wis krungu bab
Panjenengané lan nampani piwulang ana
ing Panjenengané manut kayektèn kang
kawedhar ana ing Yésus,
[22] yaiku menawa kowé, ing bab lakumu
kang biyèn, kudu ngrucat kamanungsan
lawas, kang nemahi rusak awit saka
anané hawa-napsu kang nasaraké,
[23] supaya kowé padha dianyaraké ing
roh lan pikiranmu,
[24] lan ngrasuk kamanungsan anyar,
kang wis tinitahaké manut karo
karsaning Allah ing kayektèn lan kasucèn
kang satuhu.
[25] Awit saka iku aja padha goroh
lan ngucapa kang bener marang
para Sadulur siji lan sijiné, awit kita
padha-padha dadi gegelitaning badan
siji.
[26] Menawa kowé nepsu aja nganti
gawé dosa: Nepsumu kudu wus ilang,
sadurungé srengéngé angslup,
[27] lan aja awèh papan marang Iblis.
[28] Wong kang gawéné nyolong,
aja nyolong manèh, nanging becik

nyambuta-gawé kanthi mempeng lan
nglakoni pagawéan kang becik nganggo
tangané dhéwé, supaya bisa mbiyantu
wong kang kekurangan.
29 Aja nganti ana tembung reged
kawetu saka ing cangkemmu, nanging
munga tembung kang becik kanggo
mbangun, supaya kang krungu olèh
sih-rahmat, cocog karo kabutuhané.
30 Lan kowé aja gawé sekelé Rohing
Allah kang suci, kang wus mratandhani
kowé ndungkap dinaning panebusan.
31 Sadhéngahing rasa serik, ngigit-igit,
brangasan, tukar-padu lan pitenah
buwangen saka ing antaramu, samono
uga sadhéngahing piala.
32 Nanging kowé, siji lan sijiné dipadha
sumanak, kebak ing sih-katresnan lan
apura-ingapuraa kayadéné Allah ana ing
Kristus iya wus ngapura marang kowé
kabèh.
5 1 Awit saka iku padha nulada marang
Allah, dikaya putra-putra kang
kinasihan
2 lan padha uripa ing katresnan,
kayadéné Kristus Yésus uga wis ngasihi
kowé kabèh lan masrahaké sarirané

kanggo kita minangka pisungsung lan
kurban kang arum kagem Allah.
3 Nanging, kaya kang pantes tumraping
para suci, laku-cabul lan sarupané
pratingkah rusuh utawa kasrakahan iku
aja nganti tinemu ana ing antaramu,
sanadyana mung kasebut baé.
4 Samono uga aja ngucap tetembungan
kang kotor, clemang-clemong utawa
sembranan -- marga iku kabèh ora
pantes -- nanging luwih prayoga ngucapa
pamuji sokur.
5 Awit padha élinga temenan bab iki:
Ora ana sundel, wong kang najis utawa
kang srakah, yaiku kang nyembah
brahala, olèh panduman ana ing kratoné
Kristus lan Allah.
6 Aja nganti kowé kena disasaraké
kanthi tetembungan kang ngayawara,
awit prakara-prakara kang mangkono
iku nekakaké dedukaning Allah tumrap
wong-wong duraka.
7 Marga saka iku aja nganti kowé
kekancan karo wong-wong iku.
8 Pancèn, biyèn kowé iku pepeteng,
nanging saiki kowé iku pepadhang
ana ing Gusti. Mulané uripa kaya
putra-putraning pepadhang.

9 Marga wohing pepadhang iku mung
sarupaning kabecikan, kaadilan lan
kayektèn.
10 Lan titi-priksanen apa kang dadi
keparengé Gusti.
11 Aja mèlu-mèlu pratingkahé
pepeteng kang ora metokaké woh
apa-apa. Nanging kosok-baliné welèhna
pratingkah-pratingkah iku:
12 Awit mung ngucapaké baé apa kang
katindakaké déning wong-wong iku ana
ing pasingidan, iku wis jeneng saru.
13 Nanging samubarang kang wis
kawiyak déning pepadhang iku dadi
katon, awit kabèh kang katon iku
pepadhang.
14 Awit saka iku ana pangucap, "Meléka,
hé kowé kang turu lan tangia saka
antarané wong mati, temahan Kristus
bakal madhangi kowé."
15 Marga saka iku, padha gatèkna
temenan kepriyé mungguhing uripmu,
aja kaya wong kang bodho, nanging
dikaya wong kang pinter,
16 lan pigunakna waktu kang isih ana,
awit jaman iki ala.

17 Mulané aja padha bodho, nanging
udinen supaya kowé ngreti, apa kang
dadi karsané Gusti.
18 Lan aja nganti kowé mendem anggur,
awit anggur iku nggugah hawa-napsu,
nanging kapenuhana ing Roh,
19 lan padha ngucapa tumraping siji
lan sijiné nganggo masmur, kidung
pamuji lan kidung kasukman. Ngidunga
lan surak-suraka kagem Gusti kanthi
tulusing ati.
20 Tansah saosa sokur marang Allah
Rama kita tumrap samubarang ing
asmané Gusti kita Yésus Kristus.
21 Diandhap-asor tumraping siji lan
sijiné ana ing sajroné wedi-asih marang
Kristus.
22 Para wong wadon, manut mituruta
marang somahmu dhéwé kayadéné
marang Gusti,
23 awit kang lanang iku sesirahé kang
wadon, kayadéné Kristus iya sesirahing
pasamuwan. Iya Panjenengané kang
jumeneng Pamartaning sarirané.
24 Awit saka iku kayadéné pasamuwan
sumuyud marang Kristus, mangkonoa
uga para wong wadon marang kang
lanang tumraping sabarang prakara.

25 Para wong lanang, padha tresnaa
marang somahmu kayadéné Kristus
anggoné wis ngasihi pasamuwané nganti
masrahaké sarirané kanggo pasamuwan
iku,
26 supaya dadi suci, sawusé
Panjenengané nucèkaké pasamuwan
srana padusan banyu lan pangandika;
27 kanthi mangkono pasamuwan
kapapanaké ana ing ngarsané, éndah
tanpa cacad lan ora njengkerut utawa
sapepadhané, satemah pasamuwan dadi
suci lan tanpa cacad.
28 Mangkono uga para wong lanang
padha kudu tresna marang somahé
dhéwé kaya marang awaké dhéwé: Sing
sapa tresna marang somahé dhéwé, iku
nresnani awaké dhéwé.
29 Marga ora tau ana wong sengit
marang awaké dhéwé, nanging awaké
mau malah diopèni lan diupakara, padha
kaya Kristus marang pasamuwan,
30 awit kita iki gegelitaning sarirané.
31 Marga saka iku wong lanang bakal
ninggal bapa lan biyungé lan rumaket
marang somahé, temahan sakaroné iku
dadi daging siji.

32 Iki wewadi gedhé, nanging kang
dakkarepaké yaiku gegayutané Kristus
karo pasamuwan.
33 Dadi tumraping kowé: Padha tresnaa
marang somahmu dhéwé kaya marang
awakmu dhéwé, déné para wong wadon
padha ngajènana marang kang lanang.
6 1 Para bocah, manut-mituruta
marang wong-tuwamu ana ing
patunggilané Gusti, mangkono iku kang
bener.
2 "Sira ngajènana bapa-biyungira", iki
pepakon kang wigati, kaya kang kacetha
ana ing prasetya iki,
3 "supaya sira slamet lan dawa umurira
ana ing donya."
4 Lan kowé para bapa, aja padha gawé
seriking atiné anak-anakmu, nanging
gulawenthahen ing bab piwulang lan
pepéling kang saka Gusti.
5 Para batur, manut-mituruta marang
bendaramu kang ana ing donya kanthi
wedi lan geter sarta kalawan tulusing ati,
padha kaya anggonmu manut-miturut
marang Kristus,
6 aja mung menawa ana ing ngarepé
baé kanggo nyenengaké atining wong,
nanging dikaya abdiné Kristus kang

kalawan gumolonging ati nindakaké
karsané Allah,
7 lan kang kanthi éklas anggoné leladi,
kaya wong kang lelados marang Gusti
lan ora marang manungsa.
8 Kowé padha sumurup, menawa saben
wong, apa batur-tukon, apa wong
mardika, yèn wus nindakaké kabecikan,
bakal tampa pituwasé saka Gusti.
9 Lan kowé para bendara, iya
mangkonoa uga pangrengkuhmu
marang para baturmu lan aja nganggo
pangancam. Élinga, menawa Gustiné
wong-wong mau lan Gustimu ana ing
swarga, lan Panjenengané iku ora pilih
kasih.
10 Wasana, padha dadia santosa ana ing
patunggilané Gusti, lan ing kakiyataning
pangwaosé.
11 Padha nggawaa gegamané peranging
Allah, supaya kowé bisa nglawan
kajuligané Iblis;
12 awit anggon kita perang iku ora
nglawan daging lan getih, nanging
para pamaréntah, para pangwasa, para
panggedhéning jagat kang peteng iki,
para roh ala kang ana ing langit.

13 Mulané padha nggawaa sakèhing
praboté peranging Allah, supaya kowé
bisa nindakaké panglawan ing tekané
dina kang ala iku lan tetep ngadeg jejeg,
sawusé kowé ngrampungaké iku kabèh.
14 Mulané padha ngadega kang jejeg,
pinggangmu sabukana ing kayektèn lan
nganggoa kotang-waja arupa kaadilan,
15 sikilmu nganggoa trumpahing
suka-lila tumrap pangundhanging Injilé
tentrem-rahayu;
16 ing kaanan apa baé padha nganggoa
pangandel minangka tamèng, sabab iya
tamèng kang kaya mangkono iku kang
kena kokanggo nangkis sakèhing panah
geni saka si pangawak dursila,
17 karomanèh padha nampanana
tetopong karahayon lan pedhang Roh,
yaiku sabdaning Allah,
18 kanthi sakèhing pandonga lan
panyuwunmu, padha tansah ndedongaa
ana ing patunggilaning Roh, sarta padha
meléka ing sajroné pandongamu iku
kanthi panyuwun kang tanpa kendhat
kanggo para suci kabèh;
19 uga kanggo aku, supaya menawa aku
ngucap, aku diparingana tetembungan

kang bener, lan supaya kanthi kendel
anggonku nggiyaraké kekeraning Injil,
20 kang dakladosi nganti aku dadi
utusan kang dikunjara. Padha
ndedongaa, supaya aku bisa nglairaké
bab iku kalawan kendel, awit pancèn
kudu mangkono.
21 Supaya kowé uga padha sumurup
marang kaananku, mula Tikhikus,
sadulur kita tunggal pracaya kang
kinasih lan abdi kang tumemen ana
ing Gusti, bakal awèh sumurup marang
kowé bab iku mau kabèh.
22 Iya kanthi maksud kang mangkono
mau anggonku kongkonan Tikhikus
nemoni kowé kabèh, supaya kowé padha
ngerti kaananku lan supaya nglipur
atimu.
23 Tentrem-rahayu lan katresnan kang
kanthi pracaya saka Allah Sang Rama lan
saka Gusti kita Yésus Kristus nunggila
ing para Sadulur kabèh.
24 Sih-rahmat nunggila ing wong kabèh,
kang padha nresnani Gusti kita Yésus
Kristus kanthi katresnan kang ora bisa
sirna.

Filipi

1 [1] Saka Paulus lan Timotius abdi-
abdiné Kristus Yésus marang
sakèhing para suci ana ing Kristus Yésus
kang ana ing Filipi lan para pamomongé
pasamuwan sarta para Dhiaken.
[2] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah Rama kita lan saka Gusti Yésus
Kristus anaa ing kowé kabèh.
[3] Aku saos sokur marang Allahku,
saben-saben aku ngélingi marang kowé
kabèh.
[4] Lan saben aku ndongakaké kowé
kabèh, anggonku ndedonga tansah
kalawan bungah.
[5] Aku ngunjukaké panuwun marang
Allahku marga saka anggonmu padha
tetunggalan ing bab Injil wiwit ing dina
wiwitan nganti sapréné.
[6] Tumraping iku aku yakin banget,
menawa Panjenengané, kang miwiti
pakaryan becik ana ing antaramu, iku
bakal nglajengaké nganti tumeka ing
wekasané, ing dinané Kristus Yésus.

7 Pancèn wis sapantesé menawa aku
mikir mangkono tumraping kowé kabèh,
awit kowé padha klebu ing atiku, amarga
kowé kabèh padha olèh panduman ing
sajroning sih-rahmat kang kaparingaké
marang aku, iya nalikané aku dikunjara,
iya nalikané mbélani sarta ngantepi Injil.
8 Awit Allah kang dadi seksiku, kaya apa
kangenku marang kowé kabèh kalawan
sih-katresnané Kristus Yésus.
9 Lan iya iki pandongaku: Muga-muga
katresnanmu saya mundhak-mundhak
ing kawruh kang bener lan ing
sarupaning pangertèn,
10 satemah kowé padha bisa milih apa
kang becik, supaya kowé padha dadi
resik lan ora cacad ndungkap dinané
Kristus,
11 padha kapenuhan wohing kayektèn
pakaryané Yésus Kristus minangka
kamulyan lan pamuji tumrap Allah.
12 Kang dakkarepaké, para Sadulur,
supaya kowé padha sumurup, menawa
apa kang wus dakalami iki, malah njalari
majuning Injil,
13 satemah dadi cetha tumrap sakèhing
punggawa kraton lan wong liya-liyané

kabèh, menawa aku dikunjara marga
saka Kristus.
14 Apa manèh Sadulur ing patunggilané
Gusti, akèh-akèhé wus nampa keyakinan
marga saka anggonku dikunjara lan
dadi luwih kendel sarta ora kalawan
wedi anggoné nglairaké pangandikaning
Allah.
15 Ana wong martakaké Kristus amarga
drengki lan dhemen pasulayan, nanging
ana uga kang martakaké Panjenengané
kalawan sedya kang becik.
16 Wong iki padha martakaké Kristus
marga saka tresna, awit padha ngerti,
menawa aku ana ing kéné kanggo
mbélani Injil,
17 nanging liyané marga saka
kabutuhané dhéwé lan ora kanthi
kekarepan kang éklas, pangirané bisa
ngundhakaké aboté kasangsaranku ana
ing pakunjaran.
18 Nanging ora dadi apa, awit sanadyan
ta kepriyé baé Kristus kawartakaké, apa
kanthi sedya kang palsu, apa kanthi
jujur. Tumrap iku aku bungah. Lan aku
bakal tetep bungah,
19 awit aku sumurup menawa
kawusanané iki kabèh iku karahayonku

sab ab saka pandongamu lan
pitulunganing Rohé Yésus Kristus.
[20] Amarga kang banget dakpéngini
lan dakarep-arep, yaiku yèn tumraping
samubarang kabèh aku ora bakal
kewirangan, nanging kaya sing uwis-
uwis, mangkono uga saiki, Kristus kanthi
cetha kaluhuraké ana ing badanku, dadia
sarana uripku, utawa sarana patiku.
[21] Awit mungguh ing aku urip iku
Kristus, déné mati iku kabegjan.
[22] Nanging menawa aku kudu urip ana
ing donya iki, iku tumraping aku ateges
nyambut-gawé ngetokaké woh. Dadi
endi kang kudu dakpilih, aku ora ngerti.
[23] Aku kabereg déning rong prakara:
Aku kepéngin lunga lan nunggal karo
Kristus -- iku pancèn luwih déning becik;
[24] nanging urip ana ing donya iki isih
luwih prelu marga saka kowé kabèh.
[25] Lan ing sajroning keyakinan iki aku
mangerti: aku isih bakal manggon lan
urip bebarengan manèh karo kowé
kabèh, supaya kowé padha sangsaya
maju lan bungah-bungah ana ing
sajroning pracaya,
[26] temahan sangsaya mongkog
anggonmu ana ing Kristus Yésus marga

saka aku, samangsa aku nekani kowé
manèh.
[27] Mung baé kelakuanmu kacundhukna
karo Injilé Kristus, supaya menawa aku
teka aku ndeleng, déné menawa aku
ora teka aku krungu, yèn kowé padha
mantep tunggal roh lan saiyeg padha
mbudidaya sakatogé kanggo pangandel
kang tuwuh saka Injil
[28] kalawan ora wedi babar pisan
marang mungsuhmu. Iku mau kabèh
tumraping mungsuh-mungsuhmu dadi
pratandhaning karusakan, nanging
tumrap kowé kabèh dadi pratandhaning
karahayon, lan iku asalé saka Allah.
[29] Amarga kowé wis padha kaparingan
kanugrahan ora mung supaya pracaya
marang Kristus baé, nanging uga
supaya nandhang sangsara kagem
Panjenengané,
[30] padha kaya tarungku kang wus
kokdeleng biyèn, lan kang saiki
kokrungu mungguh ing aku.
2 [1] Dadi sarèhné ana ing Kristus iku
ana pepéling, ana panglipuring
katresnan, ana patunggilaning Roh, ana
sih-katresnan lan piwelas,

2 mulané padha sampurnakna
kabungahanku kalawan mangkéné:
Dipadha sarujuk, tunggal katresnan,
tunggal budi, tunggal sedya,
3 sepi ing pamrih utawa pangalembana
kang tanpa guna. Nanging kosok-
baliné kalawan andhap-asor kang siji
nganggepa marang sijiné luwih utama
katimbang awaké dhéwé;
4 lan saben wong aja mung mikir
marang kabutuhané dhéwé, nanging
élinga uga marang kabutuhaning liyan.
5 Ing sajroné anggonmu padha urip
bebarengan padha kadunungana
pangangen-angen lan pangrasa kang
uga tinemu ana ing Kristus Yésus,
6 kang sanadyan ngagem wujuding
Allah, éwadéné anggoné sadrajat karo
Allah iku ora kaanggep barang darbé
kang kudu dikekahi,
7 nanging malah wus nyuwungaké
sarirané piyambak, lan ngagem
wujuding abdi, sarta wus dadi padha
karo manungsa.
8 Apamanèh ing sajroné wujud
manungsa iku Panjenengané wis
ngasoraké sarirané lan sumuyud nganti

séda, malah nganti séda ana ing kayu
salib.
[9] Iya iku sababé Allah banget anggoné
banjur ngluhuraké Panjenengané lan
maringi asma marang Panjenengané
ngungkuli sadhéngahing jeneng,
[10] supaya ana ing asmané Yésus,
samubarang kang ana ing langit lan kang
ana ing bumi lan kang ana ing sangisoré
bumi, padha sujud
[11] lan sakèhing ilat padha ngakonana,
"Yésus Kristus iku jumeneng Gusti",
murih kaluhuraning Allah, Sang Rama!
[12] Para Sadulur kang kinasih, kowé iku
tansah padha mituhu, mulané padha
tansah udinen karahayonmu kalawan
wedi lan geter, ora mung kaya nalikané
aku isih ana ing satengahmu, nanging
luwih-luwih saiki ing waktu aku adoh
karo kowé;
[13] awit iya Allah kang makarya ana ing
kowé, iya ing bab kekarepan, iya ing bab
panggawé miturut sakeparengé.
[14] Lakonana samubarang kabèh tanpa
panggrundel lan pambantah,
[15] supaya kowé ora padha nistha lan
ora padha ciri, padha dadi putraning
Allah kang tanpa cacad ing satengahing

golongan kang jahat lan mblasar iki,
satemah ana ing satengahing wong-
wong iku kowé sumunar dadi pepadhang
ana ing jagat,
16 kanthi ngandhemi sabdaning urip,
supaya aku bisa mongkog ing dinané
Kristus, déné ora nglaha anggonku
nglakoni balapan sarta ora nglaha
anggonku kangélan.
17 Nanging sanadyan getihku
kawutahaké ana ing kurban lan
pangibadahing pracayamu, aku bungah,
lan aku bungah bebarengan karo kowé
kabèh.
18 Lan kowé iya padha bungaha kaya
mangkono, lan bungaha bebarengan
karo aku.
19 Nanging ana ing sajroning Yésus
aku kepéngin endang bisané kongkonan
Timotius nemoni kowé, supaya ayem
atiku menawa wis krungu bab kaananmu.
20 Awit aku ora duwé wong liyané
manèh kang tunggal budi lan tunggal
pangangen-angen lan kang temen-
temen nggatèkaké kabutuhanmu;
21 sabab kabèh mburu butuhé dhéwé,
dudu kabetahané Kristus Yésus.

22 Kowé rak wis padha ngerti bab
kasetyané kang wus kauji lan anggoné
wus ngréwangi aku ing bab anggonku
ngladèni Injil, kayadéné anak anggoné
ngréwangi bapakné.
23 Iya iku kang tumuli arep dakkongkon,
sawusé cetha tumraping aku kepriyé
kadadéané prakaraku,
24 nanging ana ing Gusti aku pracaya,
menawa aku dhéwé uga bakal énggal
teka.
25 Mung baé dakkira prelu aku
kongkonan Épafroditus bali manèh
marang kowé, yaiku sadulurku tunggal
pracaya lan kanca nyambut-gawé
sarta kancaku sapeperangan, kang
kokkongkon nulungi aku ing bab
kabutuhanku.
26 Awit banget kangené marang kowé
kabèh lan uga prihatin marga kowé
krungu anggoné lara.
27 Pancèn iya lara temenan nganti mèh
mati, nanging Allah paring kawelasan,
lan ora mung marang Épafroditus baé,
uga marang aku, supaya kasusahanku
aja tumpa-tumpa.
28 Iya iku sababé anggonku kongkonan
luwih cepet, supaya samangsa ketemu

kowé, kowé padha bisa bungah manèh
lan kuwatirku suda.
[29] Mulané tampanana ana ing
patunggilaning Gusti kalawan sakèhing
kabungahan lan wong kang kaya
mangkono iku padha ajènana.
[30] Marga saka ayahané Kristus, nganti
mèh tinggal donya lan ngetohaké
nyawané kanggo ngganepi apa kang isih
kurang sajroning anggonmu padha leladi
marang aku.
3 [1] Wasana Sadulur-sadulurku, padha
bungaha ana ing patunggilané Gusti.
Tumraping aku ora ana angèlé nulis
manèh lan awèh katemtuan bab iki
marang kowé.
[2] Dipadha ngati-ati tumraping asu-asu,
dipadha ngati-ati karo wong-wong kang
nglakoni panggawé ala, dipadha ngati-ati
karo para juru tetak.
[3] Awit iya kita iki wong tetakan, kang
padha ngabekti marga saka Rohé Allah
lan mongkog ana ing Kristus Yésus
lan ora ngandelaké prakara-prakara
tata-lair,
[4] sanadyan aku uga duwé dhasar
kanggo ngandelaké prakara-prakara
tata-lair. Yèn ana wong liya rumangsa

bisa ngandelaké prakara-prakara
tata-lair, aku iki luwih manèh:
5 Ditetaki ing dina kang kawolu, trahé
bangsa Israèl, saka taler Bènyamin,
wong Ibrani tulèn, tumrap wawasan bab
angger-anggering Torèt aku wong Farisi,
6 mungguhing panggawé, aku iki tukang
nguya-uya pasamuwan, ing bab netepi
angger-anggering Torèt aku tanpa cacad.
7 Nanging apa kang biyèn dadi kabegjan
tumraping aku, saiki dakanggep
kapitunan marga saka Kristus.
8 Malah samubarang kabèh dakanggep
kapitunan, marga wanuh marang Kristus
Yésus, Gustiku, kang mulyané ngungkuli
iku mau kabèh. Iya marga saka
Panjenengané iku aku wis mbuwang
samubarang kabèh iku lan dakanggep
uwuh, supaya aku olèh Kristus
9 lan dumunung ana ing Panjenengané,
iku ora jalaran aku bener marga
netepi angger-anggering Torèt, nanging
aku bener marga saka pracaya
marang Kristus, yaiku kayektèn kang
kaparingaké déning Allah adhedhasar
pracaya.
10 Kang dakkarepaké yaiku wanuh
marang Panjenengané lan dayaning

wunguné sarta nunggal ing sajroning
sangsarané, temahan aku dadi madha-
rupa karo Panjenengané ana ing
sédané,
11 supaya wekasané aku olèh patangèn
saka ing antarané wong mati.
12 Ora kok kaya-kaya aku wis
kadunungan bab iki utawa wis
sampurna, nanging iku dakoyak,
mbokmenawa bisa kecandhak, awit aku
iya wus dicandhak déning Kristus Yésus.
13 Para Sadulur, aku dhéwé ora
rumangsa menawa aku wis bisa
nyandhak, nanging iki kang
daktindakaké: Kalawan nglalèkaké
apa kang wis ana ing samburiku sarta
ngener marang apa kang ana ing
sangarepku,
14 lan aku lumayu nuju marang tujuan
supaya olèh ganjaran, yaiku timbalan
kaswargan kang saka ing Allah ing
sajroné Kristus Yésus.
15 Awit saka iku payo kita, kang padha
sampurna iki duwéa pikiran kang
mangkono. Lan menawa tumraping
salah sawijining prakara panemumu
séjé, Allah kang bakal nélakaké prakara
iku marang kowé.

16 Mung baé tataraning pangertèn kang
wus kita gayuh iku terusna nurut dalan
kang wus kita liwati.
17 Para Sadulur, padha nulada marang
aku lan gatèkna wong kang lakuné
padha kaya aku kabèh, kang padha dadi
tuladhamu.
18 Awit, kaya kang wis kerep banget
dakkandhakaké marang kowé kabèh,
lan kang saiki dakpratélakaké manèh
kalawan nangis, akèh wong kang uripé
dadi satruning salibé Kristus.
19 Wekasané wong-wong iku nemahi
karusakan, kang dadi allahé yaiku
wetengé, kang dadi kamulyané yaiku
kanisthané, pangangen-angené mung
tumuju marang prakara kadonyan.
20 Sabab kita iki wargané swarga
lan saka kono uga kita nganti-anti
Gusti Yésus Kristus kang jumeneng
Juruwilujeng,
21 kang bakal nyantuni badan
kita kang nistha iki, temahan dadi
madha-rupa karo sarirané kang
mulya, manut pangwaosé kang bisa
nelukaké samubarang kabèh marang
Panjenengané.

4 [1] Awit saka iku Sadulur-sadulurku
kang daktresnani lan kang
dakkangeni, kang dadi kabungahanku
lan makuthaku, padha disantosa ana
ing Gusti, hé Sadulur-sadulurku kang
kinasih.
[2] Éudia dakpituturi lan Sintikhé iya
dakpituturi, dipadha sarujuk ana ing
Gusti.
[3] Lan aku uga duwé panjaluk marang
kowé, Sunsugos, kancaku kang setya:
Iku padha tulungana. Awit wong-
wong iku wis padha nyambut-gawé
bebarengan karo aku ana ing pakabaran
Injil, sarta bebarengan karo Klèmèns lan
kanca-kancaku nyambut-gawé liyané,
kang jenengé padha kapacak ana ing
buku kauripan.
[4] Padha tansah bungah-bungaha ing
sajroning Gusti! Dakbalèni manèh
pituturku: Padha bungah-bungaha!
[5] Kabecikanmu iku disumurupana
déning wong kabèh. Gusti wus celak!
[6] Aja padha nyumelangaké bab apa baé,
nanging sakèhing pepénginanmu padha
aturna marang Allah ana ing pandonga
lan panyuwun kalawan saos sokur.

7 Tentrem-rahayu kang saka ing Allah,
kang ngungkuli saliring budi, bakal
rumeksa marang ati lan pangangen-
angenmu ana ing Kristus Yésus.
8 Wasana, Sadulur-sadulur, sabarang
kang bener, sabarang kang luhur,
sabarang kang adil, sabarang kang suci,
sabarang kang manis, sabarang kang
kepénak dirungu, sabarang kang sinebut
kautaman lan pantes dialem, iku kabèh
tansah padha udinen.
9 Lan apa kang wis padha koksinau lan
kang koktampani sarta kokrungu tuwin
kokdeleng ana ing aku, iku lakonana;
temahan Allah etuking tentrem-rahayu
bakal nunggal karo kowé kabèh.
10 Aku bungah banget ana ing Gusti,
déné wusanané pangangen-angen lan
pangrasamu tumrap aku tuwuh manèh.
Kowé pancèn tansah padha nggatèkaké,
nanging ora ana kobermu.
11 Bab iki dakkandhakaké ora marga
kakurangan, awit aku wis sinau nyukupi
awakku dhéwé ing sadhéngah kaanan.
12 Aku mangerti kakurangan iku apa
lan iya ngerti kalubèran iku apa. Ing
sadhéngah bab lan ing sadhéngah
prakara ora ana kang dadi wadi tumrap

aku; ing bab kawaregan, ing bab
kaluwèn, ing bab kalubèran apa ing bab
kakurangan.
13 Sakèhing prakara bisa daksangga
ana ing Panjenengané kang paring
kakuwatan marang aku.
14 Nanging iya prayoga tumindakmu,
déné kowé wis padha mèlu ngrasakaké
karibedanku.
15 Lan kowé dhéwé uga padha sumurup,
hé wong-wong Filipi, nalikané aku miwiti
ngabaraké Injil, nalikané aku mangkat
saka Makédonia, ora ana pasamuwan
siji-sijia kang mèlu ngrasakaké pawèwèh
lan panampa bebarengan karo aku,
kajaba kowé.
16 Amarga ana ing Tésalonika baé
kaping pisan pindho kowé wis ngirimaké
apa kang dadi kabutuhanku marang aku.
17 Mung baé kang dakudi dudu
pawèwèh iku, nanging wohé, kang
sangsaya nggedhèkaké kauntunganmu.
18 Saiki aku wis tampa sadéngah
kabutuhanku saka kowé, malah luwih
saka iku, aku kalubèran, awit aku wis
tampa kirimanmu lumantar Épafroditus,
pisungsung kang arum, korban sesaosan

kang nengsemaké lan ndadèkaké
renaning Allah.
[19] Allahku bakal nyekapi sakèhing
kabutuhanmu laras karo kasugihaning
kamulyané ana ing Kristus Yésus.
[20] Allah iya Rama kita kaluhurna ing
salawas-lawasé! Amin.
[21] Aku titip salam marang saben wong
suci ana ing Kristus Yésus. Salam
marang kowé saka sadulur-sadulur
tunggal pracaya kang bebarengan karo
aku.
[22] Salam marang kowé saka sakèhing
para suci, luwih manèh saka kang ana
ing kratoné Kaisar.
[23] Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus
nunggila ing rohmu!

Kolose

1 [1] Saka Paulus, rasulé Kristus Yésus,
marga saka karsané Allah, lan saka
sadulur kita Timotius,
[2] marang para Sadulur kang suci lan
kang pracaya ana ing patunggilané
Kristus, kang ana ing Kolosé. Sih-rahmat
lan tentrem-rahayu saka Allah, Rama
kita, anaa ing kowé kabèh.
[3] Saben-saben ndongakaké kowé, aku
tansah padha saos sokur marang Allah,
Ramané Gusti kita Yésus Kristus,
[4] awit aku wis padha krungu bab
pracayamu ana ing Kristus Yésus,
mangkono uga bab katresnanmu marang
para suci kabèh,
[5] marga saka pangarep-arep marang
apa kang wis kacawisaké marang kowé
ana ing swarga. Mungguh pangarep-arep
mau ing sadurungé wis kokrungu saka
pangandikaning kayektèn, yaiku Injil,
[6] kang wis padha koktampa. Injil mau
ngetokaké woh lan mekar sumrambah
ing sajagat, malah iya tekan ing
antaramu wiwit ing dina anggonmu

padha krungu lan mangerti temenan
marang sih-rahmaté Allah.
7 Iku mau kabèh wis koksumurupi saka
Épafras kancaku leladi kang daktresnani,
kang tumraping kowé dadi abdiné Kristus
kang setya.
8 Iya wong iku kang ngabari aku bab
katresnanmu ing patunggilané Roh.
9 Marga saka iku, wiwit aku olèh
kabar mau, tanpa kendhat anggonku
ndongakaké kowé. Kang daksuwun
supaya kowé kaparingan sakèhing
kawicaksanan lan kawruh kasukman
kanggo nyumurupi bab karsané
Pangéran.
10 Temah uripmu ana ing ngarsané bisa
kaya kang wis samesthiné lan ndadèkaké
keparengé tumrap sadhéngah prakara,
lan sajroné nindakaké sakèhing
panggawé becik bisa ngetokaké woh,
lan manèh kawruhmu bab Allah saya
mundhak.
11 Apadéné kowé padha kasantosakaké
sarana daya pangwaosing kamulyané
Pangéran, supaya anggonmu nanggung
samubarang kabèh kalawan tumemen
lan sabar.

12 Sabanjuré padha saosa sokur kanthi
bungah marang Sang Rama, kang wis
ndadèkaké kowé patut kapanduman apa
kang wis katamtokaké tumrap para suci
ana ing pepadhang.
13 Panjenengané wis ngluwari kita saka
pangwasaning pepeteng, kapindhah
menyang kratoné Sang Putra kang
kinasih.
14 Ana ing Panjenengané anggon kita
nduwèni tebusan, yaiku pangapuraning
dosa.
15 Panjenengané iku citrané Allah kang
ora katingal, kang pambajeng, kang
luwih utama katimbang samubarang
kabèh kang katitahaké,
16 marga dumadiné samubarang kabèh
iku déning Panjenengané, iya kang ana
ing swarga, iya kang ana ing bumi,
kang kasat mripat, lan kang ora kasat
mripat, dadia awujud dhampar dadia
kaprabon, apadéné para pamaréntah
lan para pangwasa; samubarang kabèh
katitahaké déning Panjenengané lan
lumadi kagem Panjenengané;
17 Panjenengané iku ana sadurungé
samubarang kabèh ana, lan samubarang
kabèh iku nunggil ana ing Panjenengané;

18 Panjenengané iku jumeneng dadi
mustakaning sarira, yaiku pasamuwan.
Panjenengané dadi pambajeng, kang
ndhisiki wungu saka ing antarané
wong mati, mulané luwih utama ing
samubarang kabèh.
19 Marga sakèhing kasampurnané
Allah kepareng dedalem ana ing
Panjenengané,
20 sarta ngrukunaké samubarang kabèh
kang ana ing bumi lan kang ana ing
swarga karo sarirané; yaiku sawisé
ngawontenaké pirukun sarana rahé
Kristus kang sinalib.
21 Mangkono uga kowé kabèh kang
mauné urip adoh saka Allah, sajroning
ati lan pikiranmu dadi mungsuh tumrap
Panjenengané, kaya kang katitik saka
panggawému kang ala,
22 saiki wis karukunaké ana ing sarira
kadagingané Kristus sarana sédané,
supaya kowé padha tinemu suci tanpa
cacad lan resik anggonmu kasowanaké
ana ing ngarsané.
23 Marga saka iku, kowé kudu padha
mantep ing pracaya, tetep santosa ora
kéguh, lan aja nganti nylèwèng saka ing
pangarep-areping Injil kang wis padha

kokrungu lan wis kagelaraké ana ing
salumahing bumi sakurebing langit, lan
aku iki, Paulus, kang wis dadi abdiné.
24 Saiki aku bungah déné aku kepareng
nandhang sangsara marga saka kowé
lan sangsaraning awakku ngganepi
kakuranganing sangsarané Kristus
tumrap sarirané, yaiku pasamuwan.
25 Anggonku wis dadi abdiné
pasamuwan iku nyondhongi ayahan
kang kaparingaké déning Allah marang
aku, yaiku nglantaraké sabdané kanthi
jangkep marang kowé,
26 yaiku kekeran kang sumimpen
sajroning pirang-pirang abad lan
turun-tumurun, nanging kang saiki
wis kawedharaké marang para suci
kagungané.
27 Iku padha diparingi sumurup sapira
ajiné lan mulyané wewadi mau ana ing
antarané para bangsa liya, yaiku: Kristus
ana ing satengahmu, lan iya Kristus iku
kang jumeneng pangarep-arep marang
kamulyan.
28 Iya Panjenengané iku kang
dakwartakaké samangsa aku padha
mituturi lan mulang saben wong bab
sarupané kawruh kanggo nuntun saben

wong marang kasampurnan kang ana
ing Kristus,
29 iku kang dakudi lan daklabuhi
kanthi ngetog kakuwatan, laras karo
pangwasané kang makarya kanthi kuwat
ana ing aku.
2 1 Amarga karepku, supaya kowé
padha sumurup, sapira gedhéné
kangèlanku kang dakalami kanggo kowé
lan para wong kang ana ing Laodikia, lan
iya kanggo sapa baé kang durung tau
ngreti marang pribadiku,
2 supaya padha kalipur atiné, lan
padha manunggal sajroning katresnan,
satemah bisa nggayuh aji sarta
kayakinaning pangertèn apadéné
nyumurupi kekerané Allah yaiku Kristus,
3 sabab ana ing Panjenengané
sumimpen sakèhing ajiné kawicaksanan
lan kawruh.
4 Bab iki dakwedharaké marang kowé,
supaya aja nganti ana wong kang
mbebujuk kowé nganggo pitembungan
kang éndah.
5 Sabab sanadyan aku dhéwé ora ana
ing satengahmu, nanging ana ing sajroné
roh aku lan kowé padha tetunggalan,
lan aku rumangsa bungah nyumurupi

uripmu kang tumata lan pracayamu
kang santosa ana ing Kristus.
6 Kowé wis padha nampani Kristus
Yésus, Gusti kita, mulané uripmu tetepa
ana ing Panjenengané.
7 Padha dinganti ngoyod ana ing
Panjenengané lan kabanguna
lelandhesan Panjenengané, saya
wuwuha santosaning pracayamu,
kayadéné kang wis kawulangaké marang
kowé lan atimu kebak panuwun.
8 Diprayitna, aja nganti ana kang
nawan kowé nganggo ngèlmu filsafaté
kang ngayawara lan manut piwulang
turun-temurun lan roh-rohing jagat,
kang ora manut marang Kristus.
9 Sabab ana ing Panjenengané iku,
sawetahé kasampurnaning kaallahané
Allah dedalem ana ing sarirané,
10 lan kowé wis padha kapenuhan
ana ing Panjenengané, kang jumeneng
mustakané sarupaning pamaréntah lan
pangwasa.
11 Ana ing Panjenengané anggonmu
padha katetakan, dudu tetak kang
katindakaké déning manungsa, nanging
sarana supité Kristus kang awujud
pangrucating badan kang dosa,

12 marga ana ing Panjenengané kowé
padha ndhèrèk kakubur sarana baptis,
lan ana ing Panjenengane ndhèrèk
katangèkaké uga lantaran pracayamu
marang pakaryané kwasaning Allah,
kang wis mungokaké Panjenengané saka
antarané wong mati.
13 Mangkono uga kowé, sanadyan
ing mauné kowé padha mati déning
panerakmu lan ora tetak sacara lair,
wis diuripaké déning Allah bareng
karo Panjenengané, yaiku sawisé
Panjenengané ngapura sakèhing
panerak kita,
14 sarana mbatalaké layang pratandha
utang, kang adhedhasar katemtuan-
katemtuaning angger-angger kang
ndakwa lan ngancam marang kita. Déné
iku wis kalebur sarana kapaku ana ing
kayu salib.
15 Panjenengané wis mblèjèdi para
pamaréntah lan para pangwasa sarta
padha kadadèkaké tontonan umum, ana
ing arak-arakan kaunggulané.
16 Marga kang mangkono, aja nganti
ana wong kang ngadili kowé bab mangan
lan ngombé, utawa bab dina riyaya, sasi
anyar lan dina Sabat.

17 Sabab iku kabèh mung dadi
wewayangané apa kang bakal kelakon,
déné wujudé yaiku Kristus.
18 Aja nganti kaunggulanmu iku
diwurungaké déning wong kang katoné
andhap-asor lan ngibadah marang
malaékat, sarta manèh ngegung-
egungaké wangsit bab kaanan kang ora
katon, apadéné tanpa waton anggoné
gumunggung déning pikirané kang cara
kadonyan,
19 mangka ora ngugemi marang sirah,
kang njalari badan sakojur kasangga
lan kaiket dadi siji déning otot-otot lan
ros-rosan, tuwuh miturut caraning Allah.
20 Menawa kowé wis ndhèrèk mati
bareng karo Kristus lan luwar saka para
rohing jagat, yagéné kowé kok isih nurut
marang pranatan rupa-rupa, kaya-kaya
kowé isih padha urip ana ing donya,
21 kayata: aja ndemèk iki, aja ngicipi
kuwi, aja nyénggol iki,
22 kabèh iku mung tumrap barang
kang bakal rusak sajroné kagunakaké
lan mung nuruti préntah lan piwulangé
manungsa.
23 Pranatan-pranatan mau sanadyan
katoné kebak kawicaksanan, nganggo

pangibadah rerékané dhéwé, kayata:
andhap-asor, nyiksa-awak, iku ora
ana paédahé kajaba mung kanggo
kamaremaning urip kadonyan.

3 1 Marga saka iku yèn kowé wis
padha ndhèrèk katangèkaké bareng
karo Kristus, padha ngupayaa sabarang
kang ana ing ngaluhur, yaiku papan
pamanggèné Kristus, kang lenggah ing
satengené Allah.
2 Padha nggatèkna apa kang ana ing
ngaluhur, aja kang ana ing bumi.
3 Sabab kowé wis padha mati lan
uripmu iku ndèrèk sinengker nunggil
karo Kristus, ana ing Allah.
4 Yèn Kristus kang dadi urip kita iku ing
tembé ngatingal, kowé iya bakal padha
ndhèrèk ngaton karo Panjenengané ana
ing kamulyan.
5 Mulané kowé padha matènana
samubarang kang asipat kadonyan kang
ana ing awakmu, yaiku laku-cabul,
tindak rusuh, ngumbar hawa napsu,
kapéncuting daging, mangkono uga budi
srakah, kang padha karo panyembah
marang brahala,
6 kabèh iku njalari dukané Allah
[marang para wong duraka].

7 Ing mauné kowé iya padha nglakoni
mangkono, nalika kowé isih padha
rumaket marang prakara-prakara mau.
8 Nanging saiki, iku mau kabèh
buwangen, yaiku nepsu, brangasan,
piala, pitenah lan tembung-tembung
kotor kang kokucapakaké.
9 Aja nganti kowé padha goroh-
ginorohan manèh, marga kowé wis
padha ngrucat kamanungsan lawas
sapratingkahé,
10 lan wis ngrasuk kamanungsan anyar
kang tansah kaanyaraké, supaya olèh
kawruh kang bener miturut citrané Kang
Nitahaké;
11 ing kono wis ora ana wong Yunani
utawa Yahudi, wong tetakan lan wong
kang ora tetakan, wong Barbar utawa
wong Skit, abdi utawa wong mardika,
nanging Kristus iku kang sakabèhé lan
ana ing samubarang kabèh.
12 Mulané sarèhné kowé wis padha dadi
pepilihané Allah, kang wis kasucèkaké
lan kinasihan, padha duwéa welas-asih,
loma, andhap-asor, alusing budi, lan
sabar.
13 Padha sabar-sinabarana, apura-
ingapuraa menawa ana kang duwé niat

kepéngin males pialané, kayadéné Allah
anggoné wis ngapura kowé, kowé uga
tumindaka mangkono.
14 Lan kang ngungkuli iku kabèh:
nindakna katresnan, iku kang ngesuhi
lan nyampurnakaké.
15 Muga tentrem-rahayuné Kristus
ngerèh ana ing atimu, marga iya
kaya mangkono iku anggonmu padha
katimbalan dadi badan siji. Padha saosa
sokur.
16 Muga-muga pangandikané Kristus
dumunung ana ing antaramu kalawan
lubèr, satemah anggonmu padha
wulang-winulang lan éling-ingélingaké
nganggo sakèhing kawicaksanan
apadéné sinambi ngidungaké masmur,
kidung pamuji sarta kidung kasukman,
kowé padha saos sokur marang Allah
sajroning atimu.
17 Lan sadhéngah apa kang
koktindakaké kalawan tembung
utawa kalawan panggawé, iku kabèh
lakonana ing asmané Yésus, kanthi saos
sokur marang Allah, Rama kita lumantar
Panjenengané.

18 Para wong wadon, padha sumuyuda
marang somahmu, dikaya sapatuté ana
ing Gusti.
19 Para wong lanang, somahmu
tresnanana lan aja nganti kokkasari.
20 Para bocah, padha manut-mituruta
marang wong-tuwamu ing sadhéngah
prakara, sabab iku ndadèkaké keparengé
Gusti.
21 Para bapa, aja nglarakaké atiné
anakmu, supaya aja nganti semplah.
22 Para batur, mituhua marang
bendaramu kadonyan ing sadhéngah
prakara, aja mung ana ing sapangarepan
anggonmu gawé senengé, nanging
diklawan tulusing ati kang marga saka
wedi marang Gusti,
23 lan sadhéngah apa kang koktindakaké
iku tindakna kalawan terus ing batin
kayadéné kagem Gusti, ora kanggo
manungsa.
24 Kowé wus padha sumurup, yèn
Gusti bakal maringi warisan kang wus
katemtokaké minangka ganjaranmu.
Kristus iku bendara, lan kowé dadi
abdiné.

25 Sapa baé kang gawé kaluputan, iku
bakal nanggung kaluputané, marga
Gusti ora mbédakaké wong.

4 1 Para bendara, tumindaka adil lan
jujur marang baturmu, élinga yèn
kowé uga duwé bendara kang ana ing
swarga.
2 Sing tegen ndedonga, lan sajroné
mangkono iku padha diwaspada kambi
saos sokur.
3 Aku kabèh iya dongakna, supaya Allah
maringi wewengan tumrap anggonku
padha nyebar pangandika, lan bisa
nyaritakaké bab kekerané Kristus, kang
njalari anggonku kinunjara.
4 Sarana mangkono iku aku bisa
nerangaké bab mau ing samesthiné.
5 Tumindaka kanthi sakèhing
kawicaksanan tumrap wong njaba,
sarta padha nggemènana waktu.
6 Tetembunganmu sing tansah kebak
katresnan, aja cemplang, satemah kowé
sumurup, kepriyé anggonmu bakal
padha mangsuli pitakoné saben wong.
7 Sakèhé kabar bab kaananku bakal
dikandhakaké marang kowé kabèh
déning Tikhikus, sadulur kita kang

kinasih, abdi kang setya lan kanca
tunggal paladosan ana ing Gusti,
8 kang dakkongkon nemoni kowé
supaya kowé nyumurupi kaananku
kabèh lan supaya nglipur atimu.
9 Lakuné dikanthèni Onésimus, sadulur
kita kang setya lan kinasih, wong
saka ing antaramu, iku bakal padha
nyaritakaké marang kowé samubarang
kabèh kang kelakon ana ing kéné.
10 Salam marang kowé saka
Aristarkhus, kancaku kinunjara,
lan saka Markus keponakané Barnabas --
tumrap wong iku kowé rak wis diweling
-- yèn nekani kowé tampanana.
11 Lan salam saka Yésus kang apeparab
Yustus. Saka antarané para wong
tetakan, iya mung wong telu iku kancaku
tunggal-gawé kagem Kratoné Allah; iku
padha ndadèkaké lipuring atiku.
12 Salam kanggo kowé saka Épafras,
kang asalé saka ing antaramu, iku
abdiné Kristus Yésus, kang tansah
ngganter anggoné ndongakaké kowé,
supaya kowé tetep tanggon, kayadéné
wong-wong kang diwasa lan kang yakin
temenan marang apa kang dadi karsané
Allah.

13 Mungguh Épafras iku aku bisa awèh
paseksi, bab anggoné keraya-raya
nyambut-gawé kanggo kowé lan para
wong ing Laodikia lan ing Hiérapolis.
14 Salam marang kowé saka Lukas,
dhokter kang kinasih lan saka Démas.
15 Salamku marang para Sadulur
tunggal pracaya ing Laodikia; uga
marang Nimfa lan pasamuwan kang ana
ing omahé.
16 Sarta manèh samangsa layang iki
wis diwacakaké ana ing antaramu,
udinen supaya diwacakaké uga ana ing
pasamuwan Laodikia, lan layang kang
marang Laodikia supaya uga diwacakaké
ana ing ngarepmu.
17 Lan Arkhipus kandhanana mangkéné:
Poma gatèkna, kawajiban lelados, kang
wis koktampani ing Gusti iku tetepana
kalawan samesthiné.
18 Salam saka aku Paulus. Salam iki
daktulis nganggo tanganku dhéwé.
Élinga yèn aku diblenggu. Sih-rahmat
nunggila ing kowé.

1 Tesalonika

1 [1] Saka Paulus, Silwanus lan Timotius
marang pasamuwané wong-wong
ing Tésalonika, kang ana ing Allah Sang
Rama lan ana ing Gusti Yésus Kristus.
Sih-rahmat lan tentrem-rahayu anaa ing
kowé kabèh.
[2] Aku tansah padha saos sokur marang
Allah marga saka kowé kabèh sarta
ngélingi kowé ana ing pandongaku.
[3] Sabab aku tansah padha éling marang
pagawéaning pracayamu, pambudi-
dayaning katresnanmu sarta anteping
pangarep-arepmu marang Gusti kita
Yésus Kristus ana ing ngarsané Allah lan
Rama kita.
[4] Sarta aku padha sumurup, hé para
Sadulur kang kinasihan déning Allah,
yèn Panjenengané wis milih kowé kabèh.
[5] Awit Injil kang kita wartakaké iku,
mungguhing kowé kabèh iku ora mung
lantaran tembung-tembung baé, nanging
uga kalawan daya-kakuwataning Roh
Suci sarta kalawan katamtuan kang
mantep. Pancèn kowé padha sumurup,

kepriyé anggonku padha makarya ana
ing antaramu marga saka kowé kabèh.
6 Lan kowé wus padha nulad aku sarta
nulad Gusti; sajroning kasangsaran
kang banget, kowé wus padha nampani
pangandika iku kalawan bungah marga
saka pakaryané Roh Suci,
7 satemah kowé padha dadi tuladha
tumrap wong kabèh kang pracaya ing
tlatah Makédonia lan Akhaya.
8 Amarga saka ing antaramu
pangandikané Gusti ngumandhang
ora mung ana ing Makédonia lan ing
Akhaya baé, nanging ana ing sakèhing
panggonan wis kawentar kabar bab
pracayamu marang Allah, mulané aku
wis ora susah ngandhakaké apa-apa bab
iku.
9 Sabab wong-wong iku dhéwé kang
wis padha nyritakaké bab aku sakanca,
kepriyé anggonmu padha ngrengkuh aku
kabèh, sarta anggonmu padha ninggal
brahala-brahala banjur mratobat marang
Allah tuwin leladi marang Panjenengané
kang gesang lan sejati,
10 sarta kanggo nganti-anti rawuhé
Sang Putra saka ing swarga, kang wis
kawungokaké saka antarané wong mati,

yaiku Yésus, kang ngluwari kita saka ing
bebendu kang bakal kelakon.

2 [1] Kowé dhéwé iya wis padha
sumurup, para Sadulur, yèn
anggonku padha teka ana ing antaramu
iku ora nglaha.
[2] Sanadyan sadurungé, kaya kang
wis padha koksumurupi, aku padha
kaaniaya lan kagawé wirang ana ing
Filipi, éwadéné marga saka pitulungané
Allah kita, aku padha olèh kekendelan
kanggo martakaké Injiling Allah marang
kowé kabèh ana ing pambudidaya kang
abot.
[3] Amarga pituturku iku pinangkané ora
saka panasaran utawa saka kekarepan
kang ora murni sarta ora kaworan
kaculikan.
[4] Kosok-baliné, amarga Allah wis
manggalih, yèn aku kabèh pantes
kapitayanan Injil, mulané aku padha
rembugan iku ora murih senenging
manungsa, nanging supaya ndadèkaké
keparenging panggalihé Allah, kang
ndadar ati kita.
[5] Awit kaya kang padha koksumurupi,
aku padha ora tau migunakaké tembung

manis, utawa nganggo budi-srakah kang
siningidaké - iku Allah kang neksèni.
6 Samono uga aku padha ora tau golèk
pangalem saka manungsa, dadia saka
kowé utawa saka wong-wong liya,
sanadyan aku padha bisa tumindak
mangkono, amarga padha dadi rasulé
Kristus.
7 Nanging kalawan sumanak anggonku
ana ing tengahmu, kaya patrapé biyung
anggoné momong lan ngopèni anaké.
8 Kaya mangkono anggonku padha
nélakaké gedhéning katresnanku marang
kowé kabèh, ora mung kalawan rila
anggonku padha mènèhi Injiling Allah
marang kowé, nanging uga uripku pisan,
jalaran kowé kabèh padha daktresnani.
9 Amarga kowé isih padha kèlingan,
para Sadulur, marang kangèlan lan
rekasaku kabèh. Anggonku nyambut-
gawé rina-wengi nalika nggelaraké
Injiling Allah marang kowé, supaya aja
nganti ngrépoti sapa baé ing antaramu.
10 Kowé padha dadi seksi, samono uga
Allah, bab anggonku padha tumindak
kanthi salèh, adil lan tanpa cacad ana
ing antaramu kang padha pracaya.

11 Kowé padha sumurup, kepriyé
anggonku wis mituturi kowé sarta
nyantosaké atimu dhéwé-dhéwé,
kayadéné bapa marang anak-anaké,
12 sarta anggonku ngatag kalawan
banget, supaya kowé kabèh padha urip
laras karo karsané Allah, kang nimbali
kowé marang Kratoné lan kamulyané.
13 Awit saka iku aku iya tansah padha
saos sokur marang Allah, amarga kowé
padha nampani pangandikané Allah kang
dakwartakaké iku, ora kaya pituturing
manungsa, nanging -- lan iki pancèn
sanyata mangkono -- iku sabdaning
Allah, kang uga makarya ana ing kowé
kang padha pracaya.
14 Sabab kowé, para Sadulur, wis padha
niru pasamuwan-pasamuwané Allah ing
Yudéa, yaiku pasamuwan-pasamuwan
ana ing Kristus Yésus, jalaran kowé uga
wis padha nandhang sangsara marga
saka panggawéné wong-wong kang
tunggal bangsa karo kowé, padha kaya
kang sinandang déning pasamuwan ing
Yudéa kono, marga saka panggawéné
wong-wong Yahudi.
15 Malah wong-wong Yahudi mau wis
nyédani Gusti Yésus lan para nabi

apadéné wis nganiaya aku kabèh. Apa
kang dadi keparenging Allah ora padha
dipreduli sarta wong kabèh padha
dimungsuhi.
16 Awit arep padha ngalang-alangi
anggonku padha martakaké pangandika
marang bangsa-bangsa liya murih
karahayoné. Dadiné padha tansah
ngundhaki dosané sakatogé, lan
wekasané padha ketaman paukuman.
17 Nanging aku kabèh, para Sadulur,
kang sawatara mangsa pisah karo kowé,
adoh ing pandulu, nanging ora adoh
ing ati, temen-temen kalawan kangen
banget wis mbudi-daya bisané ketemu
adu-arep karo kowé.
18 Amarga niyatku kabèh arep nemoni
kowé, -- aku, Paulus, malah ora mung
sapisan baé -- nanging aku padha
kapalangan déning Iblis.
19 Sabab sapa ta kang dadi pangarep-
arepku utawa kabungahanku utawa
makutha kaunggulanku kabèh ana ing
ngarsané Yésus, Gusti kita, mbésuk ing
dina rawuhé menawa dudu kowé?
20 Sanyata, kowé iku kang dadi
kamulyan lan kabungahanku kabèh.

3 [1] Sarèhné aku wis padha ora betah
ngampet kangenku, mulané aku
padha sarujuk yèn aku dhéwé kèri ana
ing Aténa,
[2] banjur padha kongkonan Timotius,
sadulur kita tunggal pracaya lan kanca
tunggal pakaryané Allah bab martakaké
Injilé Kristus, supaya nyantosakaké
atimu lan mituturi kowé kabèh bab
pracayamu,
[3] murih aja ana wong kang goyah
pracayané marga saka kasusahan-
kasusahan iki. Kowé dhéwé padha
sumurup, yèn kita iki padha kagadhang
mangkono.
[4] Amarga, uga nalika aku isih padha
ana ing antaramu, kowé wis padha
dakkandhani, menawa kita bakal padha
ngalami panguya-uya. Lan kaya kang
wis padha koksumurupi, iku mau wis
kelakon.
[5] Iya iku sababé, nalika wis ora betah
manèh, aku nuli kongkonan Timotius,
supaya aku sumurup bab pracayamu,
jalaran aku kuwatir, menawa kowé wis
padha kacoba déning si panggodha sarta
menawa pambudi-dayaku kabèh dadi
tanpa guna.

6 Nanging saiki, bareng Timotius
wis bali saka panggonanmu kalawan
nggawa kabar kang mbungahaké
bab pracayamu lan katresnanmu,
apadéné bab anggonmu padha tansah
ngéling-éling apa kang becik ing ngatasé
aku kabèh lan bab anggonmu kepéngin
ketemu karo aku kabèh, kayadéné
anggonku kabèh uga padha kepéngin
ketemu karo kowé,
7 mulané, para Sadulur, ana ing
sajroning panganiyaya lan sangsara,
aku padha kalipur marga saka kowé lan
marga saka pracayamu.
8 Saiki aku padha krasa urip manèh,
anggeré kowé padha tetep-mantep ana
ing Gusti.
9 Amarga apa ta kang padha kena
daksaosaké marang Allah minangka
panuwun sokur tumrap sakèhing
kabungahan kang wis padha daktampani
marga saka kowé kabèh ana ing
ngarsané Allah kita?
10 Rina-wengi aku padha ndedonga
kanthi adreng, supaya bisa ketemu
adu-arep karo kowé lan nyampurnakaké
kakuranganing pracayamu.

[11] Muga-muga Panjenengané, Allah lan
Rama kita, sarta Yésus, Gusti kita, karsa
paring wewengan marang aku kabèh,
supaya padha bisa ketemu kowé.
[12] Muga Gusti karsa ndadèkaké saya
wuwuh lan lubèring katresnanmu
marang padha sadulur lan marang wong
kabèh, padha kaya anggonku iya padha
nresnani kowé.
[13] Muga Panjenengané karsa
nyantosakaké atimu, supaya tanpa
cacad lan suci ana ing ngarsané Allah
lan Rama kita, samangsa rawuhé Yésus,
Gusti kita, ginarebeg sakèhing para suci
kagungané.

4 [1] Wasana, para Sadulur, panjaluk lan
pituturku kabèh marang kowé ana
ing patunggilané Gusti Yésus: Kowé wis
padha krungu saka aku, kepriyé kuduné
lakumu supaya ndadèkaké keparenging
Allah. Bab iku pancèn wis padha
koktindakaké, éwasamono prayogané
kowé saya tumemena anggonmu padha
tumindak mangkono.
[2] Kowé uga wis padha ngerti marang
pituduh-pituduh kang wis padha
dakwènèhaké marang kowé awit saka
asmané Gusti Yésus.

3 Amarga kang dadi karsané Allah iku:
kasucènmu, yaiku supaya kowé padha
nyingkiri laku-cabul,
4 supaya wong panunggalanmu ngepèk
wong wadon siji dadi somahé dhéwé
sarta urip ing sajroning kasucèn lan
kasusilan,
5 ora amarga saka derenging hawa-
napsu, kayadéné tumindaking wong
kang padha ora wanuh marang Allah,
6 apamanèh wong aja gawé pitunané
utawa ngapusi saduluré tunggal pracaya.
Amarga Gusti kang bakal malesaké
iku kabèh, kaya kang wis tau padha
dakkandhakaké lan daktandhesaké
marang kowé.
7 Allah anggoné nimbali kita iku ora
supaya laku-najis, nanging supaya
nindakaké apa kang suci.
8 Mulané sapa baé kang nampik bab
iki, iku ora nampik manungsa, nanging
nampik marang Allah kang uga wis
maringaké Rohé kang suci marang kowé
kabèh.
9 Bab katresnaning pasaduluran ora
prelu daktulis marang kowé, awit
kowé dhéwé wus padha ngulinakaké
tresna-tinresnan saka Allah.

10 Bab iku uga padha koktindakaké
marang sadulur tunggal pracaya kabèh
ing saindenging Makédonia. Éwadéné,
para Sadulur, aku padha pitutur
marang kowé, supaya kowé padha
luwih mempeng anggonmu nindakaké
mangkono.
11 Apadéné anggepen sawijining
pakurmatan menawa bisa urip tentrem,
bisa ngurus prakara-prakarané dhéwé,
sarta bisa nyambut-gawé kalawan
tanganmu, kaya kang wis tau padha
dakwelingaké marang kowé,
12 satemah uripmu dadi wong-wong
sopan ing ngarepé wong njaba sarta ora
gumantung marang wong-wong mau.
13 Sabanjuré, para Sadulur, karepku
kowé aja nganti padha ora mangerti bab
para wong kang wus mati, supaya kowé
aja padha sedhih kaya wong-wong liya
kang ora duwé pangarep-arep.
14 Amarga yèn kita pracaya, menawa
Yésus wus séda lan wus kawungokaké,
kita uga pracaya, menawa lantaran
Yésus, Allah bakal ngempalaké wong-
wong kang wis mati mau bareng karo
Panjenengané.

15 Bab iku padha dakkandhakaké
marang kowé sarana pangandikané
Gusti: Kita kang isih urip, kang isih kari
nganti tumeka rawuhé Gusti, babar
pisan ora bakal ndhisiki kang wis padha
mati.
16 Sabab sawusé ana tengara, yaiku
samangsa panggedhéné malaékat
nyuwanten sora, sarta kalasangkaning
Allah kaunèkaké, Gusti piyambak bakal
tumedhak saka swarga, lan wong-wong
kang mati ana ing Kristus bakal padha
tangi dhisik.
17 Sawusé iku, kita kang isih urip, kang
isih kari, bakal padha kapulung bareng
karo wong-wong mau ana ing méga,
methukaké Gusti menyang awang-
awang. Mangkono kita bakal bebarengan
karo Gusti ing salawas-lawasé.
18 Mulané kowé padha lipur-linipura
sarana tembung-tembung iki.

5 1 Nanging para Sadulur, mungguh
mangsa lan waktuné ora prelu ditulis
kanggo kowé,
2 amarga kowé dhéwé wis padha
sumurup kalawan cetha, yèn dinané
Gusti iku tekané kaya maling ing wayah
bengi.

3 Menawa wong-wong padha kandha:
Kabèh tentrem lan ora ana bebaya --
mangka dumadakan wong-wong padha
katempuh ing bilai, kayadéné wong
wadon ngandheg dhadhakan nglarani --
mesthi bakal padha ora bisa ngoncati.
4 Nanging kowé, para Sadulur, kowé
padha ora urip ana ing pepeteng, nganti
kowé padha keblejog ing dina iku kang
tekané kaya maling,
5 amarga wong kabèh iku padha dadi
anaking pepadhang lan anaking raina.
Kita iku dudu wong-wonging wengi
utawa wong-wonging pepeteng.
6 Awit saka iku prayogané kita aja
padha turu kaya wong-wong liyané,
nanging padha tangia lan siyaga.
7 Jalaran wong kang padha turu, iku
turuné ing wayah bengi, lan kang padha
mendem, iku anggoné mendem ing
wayah bengi.
8 Nanging kita iki wong-wonging raina,
mulané kita padha diwaspada, kudu
ngrasuk keréning pracaya lan katresnan
sarta tetopong pangarep-areping
karahayon.
9 Awit Allah ora netepaké kita supaya
nampa deduka, nanging supaya olèh

karahayon marga déning Yésus Kristus,
Gusti kita,
10 kang wis séda kanggo kita, supaya
kita, dadia siyaga, dadia turu, padha urip
bareng karo Panjenengané.
11 Mulané kowé padha éling-ingélingna
lan bangun-binanguna, kayadéné kang
pancèn padha koklakoni.
12 Panjalukku marang kowé kabèh, para
Sadulur, padha urmatana wong-wong
kang mempeng ing gawé ana ing
antaramu, kang nuntun kowé ana ing
Gusti lan kang awèh pepéling marang
kowé,
13 lan supaya padha kokajèni kang
banget kalawan katresnan marga saka
pagawéané. Tansah padha uripa kanthi
rukun ana ing antaramu.
14 Aku uga padha awèh pitutur marang
kowé, para Sadulur, wong kang uripé
padha ora tumata, perdinen; wong kang
padha cilik atiné, bombongen; wong
kang padha ringkih, bélanana; disabar
marang wong kabèh.
15 Padha gatèkna, supaya aja ana wong
kang males ala marang wong kang gawé
piala, nanging tansah padha ngudia

marang kang becik, marang pepadhamu
lan marang wong kabèh.
16 Tansah padha bungaha.
17 Aja kendhat anggonmu ndedonga.
18 Padha ngunjukna panuwun ing
sabarang prakara, awit iku kang
dikarsakaké déning Allah ana ing Kristus
Yésus tumrap kowé.
19 Aja nyirep Roh,
20 lan aja ngrèmèhaké pamedhar
wangsit.
21 Titinen samubarang kabèh, lan
ugemana kang becik.
22 Padha ngedohana sarupaning piala.
23 Muga Allah kang kagungan
tentrem-rahayu iku nucèkaké kowé ing
sasampurnané lan muga roh, jiwa lan
badanmu kareksa kanthi tanpa cacad
nalika rawuhé Yésus Kristus, Gusti kita.
24 Panjenengané kang nimbali kowé
iku setya, Panjenengané uga bakal
minangkani.
25 Para Sadulur, aku kabèh padha
dongakna.
26 Salamku kabèh marang para Sadulur
tunggal pracaya kalawan pangambung
kang suci.

[27] Demi asmané Gusti panjalukku
kanthi banget marang kowé, supaya
layang iki kawacakaké marang sadulur
tunggal pracaya kabèh.
[28] Sih-rahmaté Yésus Kristus, Gusti
kita, nunggila ing kowé kabèh.

2 Tesalonika

1 [1] Saka Paulus, Silwanus lan Timotius,
marang pasamuwané wong-wong ing
Tésalonika ana ing Allah Rama kita lan
ing Gusti Yésus Kristus.
[2] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yésus
Kristus anaa ing kowé kabèh.
[3] Para Sadulur, Aku kabèh padha
kuwajiban tansah saos sokur marang
Allah marga saka kowé kabèh.
Lan pancèn patuté mangkono, awit
pracayamu sangsaya mundhak-mundhak
lan anggonmu padha tresna-tinresnan
sangsaya banget,
[4] satemah ana ing pasamuwan-
pasamuwané Allah aku dhéwé bombong
atiku tumrap kowé amarga anggonmu
padha tatag sarta pracaya ana ing
sajroning sakèhé panganiaya lan
panindhes kang padha kokalami.
[5] Iku dadi tandha-bukti mungguh
pangadilané Allah kang adil, kang
mratélakaké yèn kowé kabèh iku pantes
dadi warganing Kratoné Allah, kowé

kang saiki padha nandhang sangsara
amarga Kraton iku.
6 Jalaran pancèn adil kagem Allah
malesaké panindhes marang wong-wong
kang padha nindhes kowé kabèh,
7 sarta murih leganing atimu kang
padha ditindhes, lan uga kanggo aku
kabèh, samangsa Gusti Yésus bakal
ngatingal saka swarga ginarebeg para
malaékaté kang gedhé pangwasané, ing
sajroning geni kang murub ngalad-alad,
8 lan nandukaké piwales marang wong-
wong kang padha ora gelem wanuh
marang Allah sarta ora mbangun-turut
marang Injilé Yésus, Gusti kita.
9 Wong-wong iku bakal padha nampa
paukuman kang gawé rusak ing
salawas-lawasé, diedohaké saka ing
ngarsané Gusti lan saka ing kamulyaning
pangwaosé,
10 samangsa Panjenengané rawuh ing
dina iku, supaya kaluhuraké ana ing
antarané para suci kagungané, sarta
supaya dadi pangéram-éramé wong
kabèh kang pracaya, awit paseksi kang
wis padha daklairaké marang kowé
kabèh iku wis padha kokpracaya.

[11] Awit saka iku, aku kabèh tansah
padha ndedonga uga kanggo kowé
kabèh, supaya Allah kita nganggep kowé
padha sembada tumrap timbalané lan
kalawan pangwaosé nyampurnakaké
sakèhing pepénginanmu tumindak
becik sarta nyampurnakaké sakèhé
pakaryaning pracayamu,
[12] satemah asmané Yésus, Gusti kita,
kaluhuraké ana ing kowé kabèh lan kowé
kabèh ana ing Panjenengané, miturut
sih-rahmating Allah kita lan Gusti Yésus
Kristus.

2 [1] Bab rawuhé Gusti kita Yésus Kristus
lan anggon kita bakal katunggilaké
kalawan Panjenengané, panjalukku
kabèh marang kowé, para Sadulur,
[2] supaya kowé aja padha gampang
bingung lan sumelang, marga saka
wangsiting roh utawa marga saka
pakabaran utawa marga saka layang
kang diakokaké saka aku kabèh,
kaya-kaya dinané Gusti wis kelakon.
[3] Kowé aja nganti padha disasaraké
nganggo patrap kepriyé baé! Awitdéné
sadurungé dina iku kelakon mesthi
didhisiki anané pamurtad lan kababaré

manungsa duraka, kang kudu
kasirnakaké,
4 yaiku tukang-nglawan kang ngunggul-
unggulaké awaké dhéwé ngluwihi
sakèhé kang disebut utawa disembah
kayadéné Allah, nganti wani lungguh ing
Padaleman Suci sarta ngaku Allah.
5 Apa kowé ora padha éling yèn bab iku
wis kerep dakkandhakaké marang kowé,
nalika aku isih ana ing satengahmu?
6 Déné saiki kowé padha sumurup apa
kang nyandhet tekané, satemah lagi
bakal jumedhul ing waktu kang wis
katemtokaké.
7 Amarga kanthi patrap sesidheman,
duraka iku wiwit tumindak, nanging saiki
isih ana kang nyandhet. Menawa kang
saiki nyandhet wis kasingkiraké,
8 ing waktu iku manungsa duraka lagi
arep muncul, nanging Gusti Yésus nuli
bakal numpes kalawan napasing tutuké
lan samangsa rawuh, bakal nyirnakaké
sarana ngatingalé.
9 Tekané manungsa duraka iku marga
saka panggawéné Iblis lan bakal
dikanthèni kasektèn warna-warna
sarta pratandha-pratandha apadéné
mukjijat-mukjijat palsu;

10 kalawan réka-daya ala rupa-rupa
tumrap wong-wong kang bakal nemu
karusakan, jalaran padha ora nampani
sarta nresnani kayektèn kang ndadèkaké
karahayoné.
11 Iya iku sababé Allah anggoné
ndhatengaké panasaran marang wong-
wong iku, kang njalari padha pracaya
marang kang goroh,
12 supaya wong kabèh kang padha ora
pracaya marang kayektèn, kaukum lan
seneng marang piala.
13 Nanging para Sadulur, aku kudu
padha tansah saos sokur marang Allah
marga saka kowé kabèh, kang dikasihi
déning Gusti, amarga Allah wiwit wiwitan
mula wus milih kowé kabèh supaya
dislametaké ana ing sajroning Roh, kang
nucèkaké kowé lan ana ing sajroning
kayektèn kang padha kokpracaya.
14 Tumrap kang mangkono iku
Panjenengané wis nimbali kowé kabèh
lantaran Injil, kang padha dakwartakaké,
satemah kowé padha kepareng nampa
kamulyané Yésus Kristus, Gusti kita.
15 Mulané, kowé padha dibakuh lan
padha ngantepana piwulang-piwulang

kang wis padha koktampani saka aku
kabèh, kanthi patrap lésan utawa tulisan.
16 Anadéné Panjenengané, Gusti kita
Yésus Kristus lan Allah, Rama kita, kang
sajroning sih-rahmaté wis ngasihi kita
sarta kang wis ngganjar panglipur kang
17 muga karsa paring panglipur lan
nyantosakaké atimu ing sadhéngah
panggawé lan pitembungan kang becik.
3 1 Sabanjuré, para Sadulur, padha
ndedongaa kanggo aku kabèh,
supaya pangandikané Gusti saya maju
lan diluhuraké, kayadéné kang wis
kelakon ana ing antaramu kabèh,
2 lan supaya aku padha uwal saka para
wong kang padha gawé rerusuh lan
para wong ala, sabab ora saben wong
kaparingan pracaya.
3 Nanging Gusti iku setya-tuhu.
Panjenengané bakal nyantosakaké atimu
lan ngayomi kowé kabèh saka piala.
4 Anadéné aku kabèh padha pracaya
ana ing Gusti, yèn apa kang wis padha
dakpituturaké marang kowé kabèh, iku
padha koklakoni lan bakal koklakoni.
5 Muga Gusti tansah ngeneraké atimu
marang katresnané Allah lan marang
kasetyané Kristus.

[6] Nanging welingku marang kowé
kabèh, para Sadulur, ana ing asmané
Gusti Yésus Kristus, padha sumingkira
saka saben sadulur tunggal pracaya
kang ora nindakaké pagawéané lan kang
ora manut marang piwulang kang wis
padha koktampani saka aku kabèh.
[7] Sabab kowé dhéwé padha sumurup,
kepriyé anggonmu kudu padha nulad
marang aku kabèh, amarga aku padha
ora nglirwakaké pagawéan ana ing
antaramu,
[8] sarta ora tau mangan rotining liyan
kanthi lelahanan, nanging aku kabèh
padha mbudi-daya lan nyambut-gawé
rina-wengi kalawan rekasa, supaya aja
dadi gawéné sapa baé ana ing antaramu.
[9] Ora marga aku padha ora duwé hak
ing bab iku, nanging marga aku kabèh
bisaa dadi tuladha kanggo kowé kabèh,
supaya padha kokanut.
[10] Sabab, uga nalika aku padha ana
ing satengahmu, aku padha awèh
pepéling marang kowé kabèh: Yèn wong
ora gelem nyambut-gawé, iku iya aja
mangan.
[11] Iki padha dakkandhakaké amarga
aku padha krungu, yèn ana wong ing

antaramu kang uripé seneng kluyuran,
ora nyambut-gawé, kejaba mung
nindakaké bab-bab kang tanpa guna.
12 Wong-wong kang kaya mangkono iku
padha dakélingaké lan padha dakpituturi
ing sajroning Gusti Yésus Kristus supaya
padha tansah nindakaké pagawéané
kanthi tentrem sarta kalawan mangkono
padha mangana rejekiné dhéwé.
13 Lan kowé, para Sadulur, aja padha
bosen nindakaké panggawé becik.
14 Menawa ana wong kang ora gelem
ngrungokaké apa kang dakkandhakaké
ing layang iki, iku titènana lan aja
sesrawungan karo wong iku, supaya dadi
isin.
15 Mung baé aja kokanggep mungsuh,
nanging élingna kaya marang sadulur
tunggal pracaya.
16 Muga Panjenengané, iya Gustining
tentrem-rahayu, tansah paring tentrem-
rahayu marang kowé kabèh kanthi
sadhéngah patrap. Gusti nunggila karo
kowé kabèh.
17 Salam saka aku, Paulus. Salam iki
daktulis nganggo tanganku dhéwé. Iki
minangka titikaning saben layangku: Iya
mangkéné iki tulisanku.

18 Sih-rahmaté Yésus Kristus, Gusti
kita, nunggila ing kowé kabèh.

1 Timotius

1 [1] Saka Paulus, rasulé Kristus Yésus
manut dhawuhé Allah, Juruslamet
kita, lan Kristus Yésus, pangarep-arep
kita,
[2] marang Timotius, anakku kang
sejati sajroning pracaya: Palimirma,
sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah Sang Rama lan Kristus Yésus, Gusti
kita anaa ing kowé.
[3] Nalika aku arep nerusaké lakuku
menyang wilayah Makédonia, kowé wis
dakwanti-wanti, supaya tetep ana ing
Éfesus lan mituturi wong-wong sawenèh,
supaya aja mulangaké piwulang liya,
[4] utawa dongèng lan sarasilah kang ora
ana entèké, kang olèh-olèhané mung
pangangen-angen, sarta dudu tatanan
keslametan kang kaparingaké Allah
sajroning pracaya.
[5] Kang dituju ing pitutur iku, yaiku
katresnan kang muncul saka ati kang
suci, saka swaraning batin kang murni
lan saka pracaya kang tulus-éklas.

6 Nanging ana wong kang nyimpang
saka iku lan banjur kesasar ing omongan
kang tanpa guna.
7 Wong-wong iku arep padha dadi
pamulanging angger-anggeré Torèt,
mangka ora ngerti marang tembung-
tembungé dhéwé sarta prakara-prakara
baku kang diwulangaké kanthi mutlak.
8 Kita padha sumurup, yèn angger-
anggering Torét iku becik, menawa
bener anggoné ngecakaké,
9 yaiku kanthi pangerti, yèn angger-
anggering Torèt iku ora kanggo wong
sampurna, nanging kanggo wong duraka
lan murang-sarak, wong lamis lan wong
dosa, kanggo wong kadonyan lan kang
tanpa agama, kanggo kang matèni bapa
lan biyungé, kanggo wong kang gawéné
matèni,
10 kanggo wong kang tumindak cabul
lan laku-jina padha lanangé, kanggo
wong kang gawéné nyulik, kanggo wong
kang tukang ngapusi, kanggo wong kang
dhemen sumpah palsu, lan sabanjuré
samubarang kabèh kang cengkah karo
piwulang kang bener,

11 kang adhedhasar Injiling Allah
kang luhur lan pinuji, kaya kang wis
kapitayakaké marang aku.
12 Aku saos sokur marang
Panjenengané, kang nyantosakaké
aku, yaiku Kristus Yésus, Gusti kita,
amarga Panjenengané karsa nganggep
aku setya, sarta mitayakaké bubuhan
leladi iki marang aku,
13 aku kang mauné tukang nyenyamah,
nganiaya sarta kejem, nanging wus
karentahan palimirma, awit iku kabèh
daklakoni saka ora ngertiku sajroning
ora pracaya.
14 Malah sih-rahmaté Gusti kita iku wis
kaparingaké nganti lubèr marang aku
kalawan pracaya lan katresnan sajroning
Kristus Yésus.
15 Tembung iki nyata lan pantes diugemi
temenan, "Kristus rawuh ing donya prelu
mitulungi rahayu marang wong dosa,"
lan antarané para wong dosa iku aku iki
kang gedhé dhéwé dosané.
16 Nanging malah marga saka iku aku
karentahan palimirma, supaya ana ing
aku kang gedhé dhéwé dosané iki, Yésus
Kristus nélakaké sakèhing kasabarané.
Sarana mangkono, aku dadia tuladha

tumrap wong kang bakal padha pracaya
marang Panjenengané lan olèh urip
langgeng.
17 Pakurmatan lan kamulyan ing
salawas-lawasé kasaosna marang
Rajané sakèhing jaman, Allah kang
langgeng, kang ora katingal lan kang
asipat tunggal! Amin.
18 Kuwajiban iki dakpasrahaké marang
kowé, anakku Timotius, cundhuk karo
apa kang wus kaweca tumrap kowé,
supaya marga pameca iku kowé ngudi
marang pambudidaya kang utama
kalawan pracaya sarta swaraning batin
kang murni.
19 Ana wong sawatara kang wus
ngemohi swaraning batin kang murni
iku, marga saka iku pracayané kandhas,
20 kayata: Himénéus lan Alèksander,
kang wus dakpasrahaké marang
Iblis, supaya padha kapok anggoné
nyenyamah.
2 1 Awit saka iku, kang dhisik dhéwé
aku mituturi: Padha ngaturna
panyuwun, pandonga safaat lan
panuwun sokur tumrap ing wong kabèh,
2 tumrap para raja sarta tumrap
sakèhing panggedhé, supaya urip kita

bisa tentrem lan ayem ana ing sajroning
sakèhé kamursidan lan kaurmatan.
3 Iya iku kang becik lan kang dadi
keparenging Allah, Pamarta kita,
4 kang ngarsakaké, supaya wong kabèh
padha kapitulungan rahayu lan padha
olèh kawruh bab kang bener.
5 Amarga Allah iku asipat tunggal,
samono uga Pantawis antarané Allah lan
manungsa iya mung siji, yaiku Kristus
Yésus kang jumeneng Manungsa,
6 kang wis masrahaké sarirané
minangka panebus kanggo wong
kabèh: Iku paseksi ing waktu kang wis
katemtokaké.
7 Iya kanggo paseksi iku aku wus
katetepaké dadi juru-warta lan rasul, --
kang dakkandhakaké iki bener, aku ora
goroh -- lan dadi guruné wong-wong
dudu Yahudi, sajroning pracaya lan apa
kang bener.
8 Awit saka iku, aku kepéngin supaya
ing sadhéngah papan wong lanang
padha ndedonga kalawan ngulukaké
tangan kang suci, aja nganggo nepsu
utawa padudon.
9 Mangkono uga wong wadon, padha
manganggoa kang pantes, sopan lan

prasaja, rambuté aja diklabang, aja
manganggo mas-masan, mutiyara utawa
sandhangan kang larang-larang,
10 nanging manganggoa sandhangan
kang wujud panggawé becik, dikaya
sapatuté wong wadon kang ngibadah.
11 Wong wadon iku kuduné anteng
lan nampani piwulang kalawan
mbangun-turut.
12 Wong wadon ora dakwenangaké
memulang sarta ora dakwenangaké
ngwasani wong lanang, padha antenga
baé.
13 Awitdéné Adam kang katitahaké
dhisik, banjur lagi Hawa.
14 Apamanèh dudu Adam kang kagodha,
nanging wong wadon iku kang kagodha
lan tumiba ing dosa.
15 Nanging wong wadon bakal
kapitulungan rahayu amarga saka
anggoné duwé anak, anggeré ngantepi
ing pracaya lan katresnan sarta kasucèn
kalawan prasaja.

3 1 Iki tembung kang bener, "Wong
kang kepéngin nggayuh kalungguhan
pamomonging pasamuwan, iku kepéngin
nindakaké pagawéan kang adi."

[2] Mulané pamomonging pasamuwan iku
kudu kang tanpa cacad, kang somahé
siji, bisa ngendhalèni dhiri, wicaksana,
sopan, seneng awèh pamondhokan,
pinter memulang,
[3] ora karem minum, ora gampang
nepsu, sumanak, dhemen ngrukunaké,
ora ngawula marang bandha,
[4] dadi sesirahing brayat kang becik,
kang diéringi lan diajèni déning
anak-anaké.
[5] Menawa wong ora bisa ngemudhèni
brayaté dhéwé, kepriyé anggoné bisa
ngurus pasamuwané Allah?
[6] Aja wong kang durung suwé anggoné
mratobat, supaya aja dadi gumunggung
lan kena paukuman kaya kang kelakon
tumrap Iblis.
[7] Apamanèh nduwènana jeneng kang
becik ing sanjabaning pasamuwan,
supaya aja kena ing panggugating wong
lan tumiba ing kala-jireting Iblis.
[8] Mangkono uga para Dhiaken iya
kudu wong kang kajèn, kang ora
méncla-ménclé, ora karem anggur, ora
srakah,

[9] nanging wong kang bisa nyimpen
wewadining pracaya ing sajroné
swaraning batin kang suci.
[10] Wong iku iya kudu ditliti dhisik,
banjur lagi padha ditetepaké ing ayahan
leladi iku, sawusé tetéla yèn tanpa
cacad.
[11] Mangkono uga somahé kudu kang
kajèn, kang ora dhemen mitenah, bisa
ngendhalèni dhiri sarta kena dipracaya
ing samubarang kabèh.
[12] Dhiaken iku kudu kang somahé siji
sarta becik anggoné ngurus anak-anaké
lan brayaté.
[13] Amarga wong-wong kang becik
anggoné leladi iku olèh kalungguhan
kang becik, satemah sajroning pracaya
marang Kristus Yésus bisa awèh paseksi
kalawan kendel.
[14] Kabèh iku daktulis marang kowé,
sanadyan pangarep-arepku bisaa énggal
niliki kowé.
[15] Dadi, yèn ana kasèpku kowé bisa
nyumurupi, kepriyé uripé wong kang
dadi brayating Allah, yaiku pasamuwané
Allah kang gesang, saka-pikukuh lan
dhasaring kayektèn.

16 Satemené luhur wewadiné
pangibadah kita iku, "Panjenengané
kang wis ngatingal ngagem wujud
manungsa wis kaleresaké marga déning
Roh kang ngatingal marang para
malaékat, kawartosaké ing antarané
para bangsa; kang dipracaya ana
ing jagat, sinengkakaké sajroning
kamulyan."

4 1 Ananging ana pangandikané Roh
kanthi cetha, yèn ing tembé bakal
ana wong kang padha murtad banjur
kèlu marang roh-roh panasaran lan
piwulangé sétan-sétan
2 marga saka pambujuking para tukang
ngapusi, kang swaraning batiné nganggo
ecaping sétan-sétan mau,
3 wong-wong iku nganakaké larangan
jejodhoan, larangan mangan pangan
kang dititahaké déning Allah, supaya
dipangan kalawan saos sokur déning
para wong kang pracaya lan kang wis
wanuh marang kayektèn.
4 Awitdéné kabèh kang dititahaké
déning Allah iku becik, lan siji baé ora
ana kang haram, angger ditampani
kanthi saos sokur,

5 amarga kabèh iku wis kasucèkaké
déning pangandikané Allah lan déning
pandonga.
6 Sarana ngélingaké bab-bab iku
marang sadulur-sadulur kita, kowé
bakal dadi abdiné Kristus Yésus kang
becik, kang kagulawenthah ing bab
dhasar-dhasaring pracaya kita sarta
ing bab piwulang kang becik kang wis
kokanut nganti sapréné.
7 Nanging dohana dongèng-dongèng
gugontuhoné wong nini-nini.
Nggegulanga ing pangibadah.
8 Nggegulang kajasmanèn iku winates
paédahé, nanging pangibadah iku
maédahi tumrap samubarang kabèh,
awit iku isi prajanji kanggo urip saiki lan
ing tembé.
9 Tembung iki bener lan wajib ditampani
kalawan temen-temen.
10 Iya iku sababé anggon kita padha
rekasa lan mbudidaya kanthi ngetog
kakuwatan, jalaran kita padha nduwèni
pangarep-arep marang Allah kang
gesang, kang dadi Pamartané wong
kabèh, kususé para wong kang pracaya.
11 Iku kabèh wartakna lan wulangna.

12 Aja nganti ana wong kang
ngrèmèhaké kowé, amarga kowé isih
enom. Dadia tuladha tumrap para
wong kang pracaya, ing bab tembung-
tembungmu, tindak-tandukmu,
katresnanmu, kasetyanmu tuwin ing
kasucènmu.
13 Sabanjuré, nganti satekaku tegena
anggonmu macakaké pérangan-
péranganing Kitab Suci, sarta anggonmu
mbangun lan memulang.
14 Aja nglirwakaké anggonmu
migunakaké kanugrahan kang ana ing
kowé, kang wis kaparingaké marang
kowé sarana pameca lan sarana
tumpangan-tanganing parepatané para
pinituwa.
15 Kabèh iku mau gatèkna, uripa
sajroning iku kabèh, supaya
kemajuanmu tetéla marang wong
kabèh.
16 Awasana awakmu dhéwé lan
piwulangmu. Tegena anggonmu
nindakaké iku kabèh, amarga sarana
mangkono, kowé bakal mitulungi
awakmu dhéwé lan wong kabèh kang
padha ngrungokaké piwulangmu.

5 [1] Wong kang wis tuwa aja
koksrengeni, nanging élingna
kayadéné marang bapa. Wong nom-
noman padha élingna kayadéné
sadulurmu,
[2] para wong wadon kang wis tuwa
kayadéné ibu, para wong wadon kang
isih enom kayadéné adhimu, kalawan ati
kang resik.
[3] Para randha kang tetep dadi randha
lan uripé ijèn, iku padha ajènana.
[4] Nanging randha kang duwé anak
utawa putu, anak utawa putuné iku
prayogané luwih dhisik padha sinau bekti
marang kulawargané dhéwé lan males
kabecikané wong-tuwané tuwin embahé,
amarga iku kang dadi keparengé Allah.
[5] Déné randha kang tetep dadi randha,
kang uripé mung ijèn, iku pangarep-
arepé marang Allah lan tansah nenuwun
sarta ndedonga rina-wengi.
[6] Nanging randha kang uripé nguja
kasenengan, iku wis mati sajroning urip.
[7] Sakèhé randha mau padha élingna
bab-bab iki, supaya uripé tanpa cacad.
[8] Déné menawa ana kang ora mikiraké
sanak-saduluré, apamanèh brayaté, iku

wis murtad lan luwih ala katimbang karo
wong kang ora pracaya.
9 Randha kang kadhaftar iku kang
umuré ora kurang saka sewidak taun,
kang mung omah-omah sapisan
10 lan kabuktèn anggoné wis nindakaké
panggawé becik, kayata: Nggulawenthah
anak, dhemen awèh pamondhokan,
ngwisuhi sikilé para Sadulur tunggal
pracaya, nulungi wong kang uripé
kesrakat, cekaké kang tansah mrelokaké
nindakaké sarupaning panggawé becik.
11 Para randha kang luwih enom iku aja
kokdhaftar, awit menawa kataman napsu
birai kang njalari pisahé saka Kristus,
banjur padha kepéngin omah-omah,
12 satemah padha nyingkur kasetyané
kang sekawit marang Panjenengané,
iku padha nekakaké paukuman tumrap
awaké dhéwé.
13 Sarta manèh, sarana mlebu-metu
ing omahé wong, padha kulina
kesèd-kesèdan, malah ora mung
kesèd-kesèdan baé, nanging iya seneng
nyatur lan nyampuri urusané wong liya
sarta ngandhak-ngandhakaké prakara
kang ora patut.

14 Awit saka iku karepku supaya
randha-randha kang isih enom padha
omah-omah manèh, padha duwé anak,
nuntun brayaté sarta aja padha awèh
dhadhakan marang mungsuh, kanggo
ngala-ala jeneng kita.
15 Amarga wis ana sawatara randha
kang kesasar nuruti Iblis.
16 Menawa ana wong kang pracaya,
lanang utawa wadon, kang ing brayaté
ana randha-randhané, wong iku
mbiyantua para randha mau, supaya
padha ora dadi sesanggané pasamuwan.
Sarana mangkono, pasamuwan bisa
mitulungi randha kang uripé ijèn.
17 Para pinituwa kang becik pangrèhé
iku pantes diajèni tikel loro, luwih manèh
kang kanthi tumemen anggoné khotbah
lan memulang.
18 Sabab ing Kitab Suci ana pangandika
mangkéné, "Sapi kang lagi dianggo
nggiling aja dibrangus," lan manèh,
"Wong kang nyambut-gawé iku patut
olèh pituwasé."
19 Aja ngladèni pandakwa marang
sawijining pinituwa, kajaba yèn ana
seksiné loro utawa telu.

20 Wong-wong kang padha nglakoni
dosa iku welèhna ing ngarepé wong
kabèh, supaya wong-wong liyané uga
padha wedi.
21 Ana ing ngarsané Allah lan Kristus
Yésus sarta para malaékat pepilihané,
aku weling kalawan temen-temen
marang kowé: Gatèkna pituduh iki tanpa
sangga-runggi lan tumindakmu ing
samubarang ditanpa pilih kasih.
22 Aja kesusu numpangaké tangan
marang wong lan aja nganti katut ing
dosané wong liya. Jaganen resiking
atimu dhéwé.
23 Aja mung ngombé banyu baé,
nanging tambahana anggur sathithik,
amarga wetengmu ringkih lan awakmu
kerep lara.
24 Dosané wong sawatara iku wis cetha
banget, kaya-kaya ndhisiki wong-wong
mau menyang pangadilan, nanging
dosané wong sawatara manèh lagi cetha
mbésuk.
25 Samono uga panggawé becik iku
énggal kasumurupan, lan yèn ora
mangkono, panggawé iku tetep ora
tansah kaaling-alingan.

6 [1] Wong kabèh kang nyangga
momotan marga anggoné dadi
batur, iku nganggepa bendarané wus
sapantesé nampa sakèhing pakurmatan,
supaya asmané Allah lan piwulang kita
aja dicamah.
[2] Menawa bendarané mau wong
pracaya, aja nganti dikurangi
pakurmatané amarga padha tunggal-
sadulur ana ing Kristus, nanging malah
saya dibecik anggoné ngladèni, amarga
bendara kang nampa wohing leladiné iku
sadulur kang pracaya lan kinasih. (6:2b)
Kabèh iki wulangna lan pituturna.
[3] Menawa ana wong kang mulangaké
piwulang liya lan ora miturut pangandika
kang bener -- yaiku pangandikané Gusti
kita Yésus Kristus -- lan kang ora miturut
piwulang kang laras karo paugeraning
kamursidan kita,
[4] wong iku kaya ngerti-ngertia, nanging
sejatiné ora ngerti apa-apa. Penyakité
yaiku golèk-golèk prakara lan waton
sulaya, kang njalari drengki, padudon,
pitenah, sangga-runggi,
[5] regejegan ing antarané wong-wong
kang pikirané ora waras manèh lan kang

wis kélangan kayektèn, kang ngira yèn
iku dadi sumbering kauntungan.
6 Pancèn menawa kamursidan iku
dikanthèni ati kang marem, iku
ngolèhaké kauntungan gedhé.
7 Sabab anggon kita teka ana ing donya
ora kanthi nggawa apa-apa, lan kita uga
ora bisa nggawa apa-apa, anggon kita
ninggalaké donya mau.
8 Angger wis ana pangan lan sandhang,
wis cukup.
9 Nanging wong kang kepéngin sugih
padha tumiba ing panggodha lan
kena ing kala-jiret sarta pepénginan
warna-warna kang kothong lan gawé
cilaka, kang ngèremaké manungsa
marang bilai tuwin karusakan.
10 Awit oyoding sakèhing piala iku
karem bandha, lan karana anggoné
mburu dhuwit iku sawenèhing wong
padha nyimpang saka pracaya sarta
nyiksa awaké dhéwé sarana kasusahan
warna-warna.
11 Nanging kowé, hé, manungsaning
Allah, ngedohana iku kabèh, ngaraha
marang kaadilan, kamursidan,
pangandel, katresnan, kasabaran lan
budi sarèh.

12 Nindakna tetandhingan kang becik
ana ing gelangganging pangandel,
nggayuha urip langgeng. Iya tumrap
kang kaya mangkono iku anggonmu
katimbalan sarta nglairaké sahadat kang
bener, sineksènan déning wong akèh.
13 Ana ing ngarsané Allah kang maringi
urip marang samubarang lan ana ing
ngarsané Kristus Yésus kang wis paring
paseksi kang bener ing ngarepé Pontius
Pilatus, aku ngatag marang kowé:
14 Pepakon iki tetepana ditanpa cacad
lan tanpa luput, nganti tumekané
titimangsa Gusti kita Yésus Kristus
ngatingal,
15 yaiku ing titimangsa kang bakal
katemtokaké déning Pangwaos tunggal
lan kang dadi sumbering karahayon,
Rajané para raja sarta Gustiné para
gusti.
16 Iya mung Panjenengané iku kang
kalis ing pati, kang ngedhaton ana ing
pepadhang, kang tan kena cinelakan.
Ora ana wong siji baé kang tau weruh
Panjenengané, jalaran pancèn ora
bisa ndeleng Panjenengané. Kagem
Panjenengané iku kaurmatan lan
pangwaos kang langgeng! Amin.

17 Para wong sugih ing donya iki padha
élingna, supaya aja padha gumunggung
lan aja padha duwé pangarep-arep
marang samubarang kang ora tetep
kaanané, kayata kasugihan, nanging
ngarep-arepa marang Allah, kang
maringi kita samubarang kanthi lubèr,
supaya padha kita rasakaké.
18 Padha élingna, supaya padha
nglakoni panggawé becik, dadi sugih
ing bab kabecikan, dhangan wèwèh lan
ngedum-edum barang darbèké
19 sarta sarana mangkono padha
ngumpulaké bandha kanggo pawitan
kang becik, supaya ing tembé, padha
olèh urip kang sanyata.
20 Hé, Timotius, apa kang wis
kapitayakaké marang kowé iku
reksanen. Guneman kang ngayawara
lan ora suci sarta padudon kang asalé
saka apa kang dianggep kawruh, iku
singkirana.
21 Amarga ana wong sawatara kang
mulangaké iku, lan sarana mangkono
wis padha nyimpang saka pracayané.
Sih-rahmat nunggila ing kowé!

2 Timotius

1 [1] Saka Paulus, rasulé Kristus Yésus
kang awit saka karsaning Allah,
supaya martakaké prasetya bab urip ana
ing sajroné Kristus Yésus,
[2] marang Timotius, anakku kang
kinasih: Palimirma, sih-rahmat lan
tentrem-rahayu saka Allah Sang Rama
lan Kristus Yésus, Gusti kita, anaa ing
kowé.
[3] Aku saos sokur marang Allah, kang
dakladosi kalawan swaraning ati kang
resik, kaya kang dilakoni déning para
leluhurku. Sarta aku tansah ngélingi
kowé sajroning panyuwunku rina-wengi.
[4] Menawa aku kélingan anggonmu
nètèsaké eluh, aku banjur kepéngin
weruh kowé manèh, supaya atiku
kapenuhan ing kabungahan.
[5] Amarga aku kélingan marang
pracayamu kang tulus-éklas, yaiku
pracaya kang wiwitané dumunung ana
ing embahmu-putri Lois lan ibumu
Éunike lan aku yakin iku iya dumunung
ana ing kowé.

6 Marga saka iku kowé dakélingaké
supaya tetep gawé ngrembakané
sih-peparingé Allah kang ana ing kowé
sarana anggonmu wis katumpangan
tanganku.
7 Sabab Allah maringi kita dudu roh
kang njalari jirih, nanging roh kang
nuwuhaké kakuwatan, katresnan lan
katertiban.
8 Mulané aja isin nglairaké paseksi
bab Gusti kita sarta aja isin marga
saka aku, kang dadi wong ukuman
marga saka Panjenengané, nanging
mèlua nandhang sangsara kanggo Injilé
kalawan kakuwataning Allah.
9 Panjenengané kang milujengaké
kita lan nimbali kita kalawan timbalan
kang suci, ora adhedhasar panggawé
kita, nanging adhedhasar karsa lan
sih-rahmaté piyambak, kang wus
kaparingaké marang kita ana ing Kristus
Yésus sadurungé wiwitaning jaman.
10 Lan saiki kawujudaké ana ing
rawuhé Juru-wilujeng kita Yésus Kristus,
kang lantaran Injil wus nyirnakaké
pangwasaning pati sarta mbabaraké urip
kang ora bisa rusak.

11 Iya kanggo Injil iki aku wis katetepaké
dadi juru-warta, dadi rasul lan dadi guru.
12 Iya iku kang njalari kasangsaranku
iki kabèh, nanging aku ora isin, sabab
aku sumurup sapa kang dakpracaya
sarta aku yakin yèn Panjenengané iku
kwaos rumeksa marang apa kang wis
dipitayakaké Panjenengané marang aku
nganti tumeka dinané Gusti.
13 Samubarang kang wis kokrungu
saka aku, iku antepana, dadia tuladha
piwulang kang bener sarta lakonana
sajroning pracaya lan katresnan ana ing
Kristus Yésus.
14 Rajabrana kang éndah, kang wis
dipitayakaké Panjenengané, déning Roh
Suci, kang dedalem ana ing kita, iku
reksanen.
15 Kowé wis padha sumurup, menawa
wong-wong ing tlatah Asia-Cilik iku
padha nyingkur aku; kalebu Figelus lan
Hérmogenès.
16 Muga Gusti karsa paring sih-rahmat
marang Onésiforus sabrayat, kang wus
bola-bali gawé senenging atiku. Wong
iku ora isin niliki aku ana ing pakunjaran.

17 Nalika ana ing Roma, wis ngudi
nggolèki aku lan iya wis bisa nemoni
aku.
18 Muga Gusti karsa maringaké sih-
rahmaté marang wong mau mbésuk ing
dinané Gusti. Sapira anggoné leladi ana
ing Éfesus, kowé luwih ngerti katimbang
aku.
2 1 Mulané, hé anakku, disantosa
marga saka sih-rahmat kang ana ing
Kristus Yésus.
2 Apa kang wis kokrungu saka aku
kang sineksènan déning wong akèh,
iku pitayakna marang wong-wong kang
padha kena dipracaya, kang uga bisa
memulang wong liya.
3 Mèlua nandhang sangsara kayadéné
prajurité Kristus Yésus kang utama.
4 Prajurit kang lagi perang iku ora
mreduli marang prakara-prakara kang
magepokan karo panguripané, supaya
marga saka mangkono iku ndadèkaké
senenging komandhané.
5 Wong kang mèlu tetandhingan
iku anggoné bisa olèh makuthaning
kamenangan mung menawa manut
tatanan olah-raga.

[6] Wong tani kang panyambut-gawéné
kanthi rekasa iku kuduné kang wiwitan
ngrasakaké wohing pagawéané.
[7] Apa kang dakkandhakaké iku gatèkna,
amarga Gusti bakal paring pangerti bab
samubarang marang kowé.
[8] Élinga: Yésus Kristus, kang wus
kawungokaké saka antarané wong mati,
kang dadi tedhaké Daud, miturut Injil
kang dakwartakaké.
[9] Iya marga saka martakaké Injil
iku, aku nandhang sangsara, malah
kablenggu kayadéné durjana, nanging
pangandikané Allah ora bisa kablenggu.
[10] Mulané, kalawan sabar aku nglakoni
iku kabèh kanggo para pepilihané Allah,
supaya wong-wong iku iya padha olèh
karahayon ana ing Kristus Yésus kalawan
kamulyan kang langgeng.
[11] Iki tembung kang bener, "Menawa
kita ndhèrèk Panjenengané ana ing
sédané, kita iya ndhèrèk Panjenengané
ana ing wunguné.
[12] Menawa kita tegen, kita iya
bakal ndhèrèk ngerèh bareng karo
Panjenengané. Menawa kita nyélaki
Panjenengané, kita iya bakal disélaki
Panjenengané.

13 Menawa kita ora setya, Panjenengané
tetep setya, awit Panjenengané ora bisa
nyélaki sarirané piyambak."
14 Wong-wong padha élingna lan
pituturana ing bab iku kabèh kalawan
temenan ana ing ngarsané Allah, supaya
aja padha mbulet tembungé, amarga
iku ora ana gunané babar pisan, malah
ngisruhaké kang padha ngrungokaké.
15 Udinen, supaya kowé pantes ana
ing ngarsané Allah anggonmu dadi abdi
kang ora usah isin, kang ngundhangaké
pangandikaning kayektèn kalawan terus
terang.
16 Nanging singkirana tetembungan
kang ngayawara lan panyenyamah kang
mung nambahi duraka.
17 Tembungé wong-wong kang
mangkono iku sumebar kaya lelara
kangker. Himénéus lan Filétus iku
panunggalané wong-wong iku,
18 kang wis nyimpang saka kayektèn
sarana anggoné mulangaké yèn
patangèn kita wis kelakon, sarta marga
saka iku banjur gawé rusaking pracayané
wong sawatara.
19 Nanging tetales kang dipasang déning
Allah iku santosa lan nganggo tenger

tulisan, surasané, "Gusti nguningani
sapa kang dadi kagungané," lan "Saben
wong kang nyebut asmané Pangéran iku
supaya ninggal pialané."
20 Ing sajroning omah gedhé iku kang
tinemu ora mung prabot emas lan
pérak, nanging uga barang-barang
kang kagawé saka kayu lan lemah;
kang kawitan iku kapigunakaké kanggo
kapreluan kang luhur, déné kang
pungkasan iku kanggo kapreluan kang
kurang luhur.
21 Menawa wong nucèkaké awaké saka
piala, iku bakal dadi praboting omah
kang mulya, iku disucèkaké, dianggep
pantes tumrap kang duwé lan dicawisaké
kanggo sadhénggah pakaryan kang
becik.
22 Mulané ngedohana hawa-napsuné
wong anom, ngudia kaadilan, kasetyan,
katresnan lan tentrem-rahayu
bebarengan karo wong-wong kang
padha nyebut Pangéran kalawan ati kang
tulus.
23 Sakèhing prakara kang diothak-athik,
kang tanpa budi lan kang ora pantes
iku singkirana. Kowé sumurup, yèn
prakara-prakara iku nuwuhaké dredah.

24 Mangka abdiné Gusti iku ora kena
cecongkrahan, nanging kudu sumanak
marang wong kabèh. Kudu bisa mulang,
sabar,
25 lan kalawan alus bisa nuntun
wong kang seneng nglawan, sabab
mbokmenawa Gusti maringi wewengan
marang wong-wong mau bisa mratobat,
sarta nuntun wong-wong mau nganti
padha wanuh marang kayektèn;
26 lan sarana mangkono, banjur padha
éling manèh, marga wis uwal saka
kala-jireting Iblis, kang wis ngendhalèni
wong-wong iku nindakna kekarepané.
3 1 Sumurupa, yèn ing dina-dina
pungkasan bakal ana mangsa kang
rekasa.
2 Wong bakal padha mung mikir
awaké dhéwé lan karem bandha. Bakal
padha umuk lan gumunggung, bakal
dadi tukang mitenah, bakal wani karo
wong tuwa sarta ora ngerti ngaturaké
panuwun, ora mreduli marang agama,
3 ora ngerti olah-tresna, ora gelem
rukun, seneng ngala-ala wong, ora bisa
ngendhalèni dhiri, galak, ora seneng
kang becik,

4 seneng cidra, ora mulur nalaré,
kumenthus, luwih seneng nuruti
hawa-napsuné katimbang nurut marang
Allah.
5 Anggoné padha nindakaké pangibadah
mung cara lair baé, nanging sajatiné
padha nyélaki sawabé, wong-wong iku
dohana!
6 Sabab ing antarané wong-wong
iku ana kang padha nylimpet lumebu
ing omahé wong liya lan mbebujuk
wong-wong wadon kang ringkih kang
kabotan dosa sarta kawengku déning
hawa-napsu rupa-rupa,
7 kang sanadyan kepéngin tansah
kawulang, nanging ora tau bisa sumurup
marang kayektèn.
8 Padha kaya Yanès lan Yambrès
anggoné padha nglawan Musa,
mangkono uga wong-wong mau padha
nglawan kayektèn. Pikirané bobrok lan
pracayané ora sembada.
9 Nanging wong-wong iku wis mesthi
ora bakal luwih maju, amarga kayadéné
Yanès lan Yambrès, bodhoné iku bakal
konangan déning wong kabèh.
10 Nanging kowé wis nampa lan
nindakaké piwulangku, caraku urip,

panemuku, pracayaku, kasabaranku,
katresnanku lan katemenanku.
11 Kowé wis mèlu tampa panganiaya
lan nandhang sangsara kaya kang
wis dakrasakaké ing Antiokhia lan ing
Ikonium sarta ing Listra. Sakèhing
panganiaya iku daklakoni lan Gusti wis
ngluwari aku saka iku kabèh.
12 Pancèn saben wong kang nedya
urip kalawan nindakaké pangibadah ing
sajroné Kristus Yésus, iku bakal tampa
panganiaya.
13 Déné wong ala lan culika iku alané
bakal saya ndadra, padha nasaraké lan
disasaraké.
14 Nanging kowé ngantepana kayektèn
kang wis koktampa lan kokyakini,
kalawan tansah éling marang wong kang
wis mulangaké iku marang kowé.
15 Élinga uga, yèn wiwit cilik kowé wis
wanuh Kitab Suci, kang bisa ngolèhaké
kawicaksanan marang kowé lan nuntun
kowé marang karahayon marga saka
pracaya marang Kristus Yésus.
16 Sakèhing tulisan ing Kitab Suci iku
kawangsitaké déning Allah lan migunani
kanggo memulang, kanggo melèhaké
kaluputan, kanggo mbangun kelakuan

tuwin kanggo nggulawenthah wong
sajroning kayektèn.
17 Marga saka mangkono saben wong
kagungané Allah iku disamektani kanggo
nindakaké sakèhing panggawé becik.
4 1 Ana ing ngarsané Allah lan Kristus
Yésus kang bakal ngadili wong kang
urip lan kang mati, aku pitutur marang
kowé ing satemené, demi rawuhé sarta
demi Kratoné.
2 Kowé nggelarna pangandika,
samektaa ing waktu kang becik utawa
kang ora becik, nuduhna apa kang
salah, ngélingna lan mituturana kalawan
sakèhing kasabaran lan piwulang.
3 Amarga bakal tumeka ing waktuné,
wong bakal ora bisa nampani manèh
piwulang kang becik, nanging bakal
padha ngumpulaké guru-guru kang
dikarepaké kanggo maremaké
pepénginaning kupingé.
4 Bakal padha ngingeraké kupingé saka
kayektèn lan ngrungokaké dongèng.
5 Nanging kowé, dibisa ngemudhèni
awakmu ing sajroning samubarang
kabèh, disabar sajroning nandhang
sangsara, nindakna pagawéané juru-

warta Injil, lan nglakonana kuwajibaning
leladi!
[6] Mungguh aku iki, getihku wis wiwit
kaesokaké minangka pisungsung lan
ajalku wis cedhak.
[7] Aku wis mungkasi tetandhingan kang
utama, aku wis tekan garis wekasan,
aku wis ngantepi ing pracaya.
[8] Saiki aku wis cinawisan makuthaning
kayektèn, kang bakal kaparingaké
marang aku déning Gusti, Hakim kang
adil, ing titi-mangsané; nanging ora
mung kanggo aku baé, malah uga
kanggo sakèhing wong kang padha
cecengklungen marang rawuhé.
[9] Udinen supaya kowé énggal bisa
nemoni aku,
[10] Démas wis ninggal aku awit kepéncut
marang donya iki, lan wis mangkat
menyang Tésalonika. Krèskès wis lunga
menyang Galatia lan Titus menyang
Dalmatia.
[11] Mung Lukas kang isih nunggal karo
aku. Markus pethuken lan ajaken mréné,
awit anggoné leladi migunani aku.
[12] Tikhikus wis dakkongkon menyang
Éfesus.

13 Yèn kowé mréné, jubah kang
daktinggal ana ing Troas ing omahé
Karpus iku cangkingen lan uga buku-
bukuku, sing prelu dhéwé buku kang
digawé saka walulang.
14 Alèksander tukang tembaga iku,
wis nindakaké piala akèh marang aku.
Iku bakal diwales déning Gusti miturut
panggawéné.
15 Kowé uga sing waspada marang
wong iku, awit banget anggoné nglawan
piwulang kita.
16 Nalika aku ngaturaké panjawab ing
pengadilanku kang kapisan, ora ana
wong siji-sijia kang mbélani aku, kabèh
padha ninggal aku -- bab iku muga aja
ditempuhaké marang wong-wong mau --
17 nanging Gusti wis ngamping-ampingi
aku lan nyantosakaké aku, supaya
lantaran aku, Injil kaundhangaké wutuh
lan sakèhing wong dudu Yahudi padha
ngrungokaké! Sarana mangkono, aku
luwar saka cangkemé singa.
18 Gusti bakal ngluwari aku saka
sarupaning panggawé ala. Panjenengané
bakal milujengaké aku, nganti aku
lumebu Kratoné ing swarga. Kaluhuran

kagema Panjenengané ing salawas-
lawasé! Amin.
19 Salam marang Priska lan Akwila lan
marang brayaté Onésiforus.
20 Érastus kari ana ing Korintus lan
Trofimus daktinggal lara ana ing Milétus.
21 Udinen anggonmu mréné sadurungé
mangsa bedhidhing. Salam saka Ébulus
lan Pudès sarta Linus lan Klaudia
apadéné saka sadulur kabèh.
22 Gusti mugi nunggil ing rohmu.
Sih-rahmaté nunggila ing kowé!

Titus

1 [1] Saka Paulus, abdining Allah
lan rasulé Yésus Kristus, kanggo
ngrumati pracayaning para pepilihané
Allah sarta kawruh ing bab kayektèn,
kaya kang kababar ing pangibadah kita,
[2] kadhasaran pangarep-arep marang
urip langgeng kang sadurungé
wiwitaning jaman wis kaprasetyakaké
déning Allah kang ora cidra.
[3] Ing waktu kang kinersakaké,
Panjenengané wis medhar pangandika
ana ing pangundhanging Injil, kang wis
kapitayakaké marang aku cundhuk karo
dhawuhing Allah, Pamarta kita.
[4] Marang Titus, anakku kang satuhu
awit saka tunggal pracaya: Sih-rahmat
lan tentrem-rahayu saka Allah Sang
Rama lan Kristus Yésus, Pamarta kita,
anaa ing kowé.
[5] Kowé daktinggal ana ing Kréta, supaya
mranata apa kang isih prelu ditata sarta
supaya ngangkat pinituwa-pinituwa
ana ing saben kutha, kaya kang wis
dakwelingaké marang kowé,

6 yaiku para wong kang tanpa cacad,
kang somahé siji, kang anak-anaké
padha pracaya lan ora didakwa marga
uripé ora pantes tuwin ora tumata.
7 Amarga pamomonging pasamuwan
iku dadi juru-pranatané padalemaning
Allah, mulané kudu tanpa cacad, ora
gumunggung, ora gampang nepsu, ora
seneng endem-endeman, ora brangasan,
ora srakah,
8 nanging seneng awèh pamondhokan,
seneng marang kang becik, wicaksana,
adil, salèh, bisa ngendhalèni dhiri
9 sarta ngantepi pitembungan kang
bener, kang cundhuk karo piwulang kang
sanyata, supaya bisa mituturi wong
adhedhasar piwulang iku tuwin bisa
ngyakinaké wong kang padha nglawan.
10 Amarga wis akèh wong kang uripé
padha ora tumata, luwih manèh saka
panunggalané wong kang ngugemi
pranatan tetak; iku padha nasaraké
wong nganggo tembung-tembung
ngayawara.
11 Wong-wong kang kaya mangkono
iku kudu dibungkem, awit iku gawé
kisruhing brayat akèh kalawan piwulangé

kang ora patut, supaya olèh kauntungan
kang nistha.
12 Ana panunggalané wong-wong iku,
yaiku nabiné dhéwé, iku tau kandha
mangkéné, "Dhasar wong Kréta iku
tukang goroh, kéwan galak lan wong
dremba kang kesèd."
13 Paseksi mangkono iku bener. Awit
saka iku welèhna kang banget, supaya
pracayané dadi pulih,
14 sarta aja manèh-manèh nggatèkaké
marang dongèng-dongèng Yahudi lan
angger-anggering manungsa kang
nyingkur kayektèn.
15 Tumrap wong kang suci, samubarang
kabèh iku resik, nanging tumrap wong
kang najis lan kang ora pracaya, ora ana
barang siji baé kang resik, awit pikirané
lan osiking atiné najis.
16 Wong-wong iku ngakuné padha
wanuh marang Allah, nanging kalawan
tingkah-lakuné, padha nyélaki
Panjenengané. Padha njemberi lan
murang sarak sarta ora bisa nindakaké
samubarang kang becik.

2 1 Nanging kowé, wartakna apa kang
cundhuk karo piwulang kang satuhu.

[2] Para wong lanang kang wis tuwa
supaya padha urip kajèn, prasaja,
wicaksana sarta mantep ing pracaya, ing
katresnan lan katemenan.
[3] Mangkono uga para wong wadon kang
wis tuwa, iku padha mujudna anggoné
dadi wong ngibadah, aja mitenah, aja
karem ngombé anggur, nanging bisa
memulang prakara-prakara kang becik,
[4] lan sarana mangkono bisa merdi
wong-wong wadon kang isih enom,
supaya padha tresna marang kang
lanang tuwin marang anak-anaké,
[5] urip kalawan wicaksana lan suci,
sregep mranata balé-omahé, becik atiné
sarta sumuyud marang kang lanang,
supaya pangandikané Allah aja nganti
dicecamah.
[6] Mangkono uga para wong nom-
noman, padha pituturana, supaya padha
bisa ngendhalèni awaké dhéwé ing
sadhéngah prakara,
[7] lan kowé dhéwé dadia tuladha
ing bab nindakaké panggawé becik.
Anggonmu memulang dikalawan jujur
sarta tumemen,
[8] tetembunganmu disatuhu lan tanpa
cacad, satemah wong kang nglawan

padha dadi wirang, amarga ora ana
prakara-prakara ora becik kang kena
kanggo ngala-ala kita.
9 Para abdi padha pituturana supaya
sumuyud marang bendarané tumrap
sadhéngah prakara, lan padha gawéa
senenging atiné lan aja mbantah,
10 aja clemer, nanging tansah nélakna
anggonmu temen lan setya, supaya
marga saka mangkono tumrap ing
sadhéngah prakara, padha ngluhuraké
piwulangé Allah, Pamarta kita.
11 Awitdéné sih-rahmaté Allah kang
nylametaké manungsa kabèh iku wis
kababar.
12 Iku merdi marang kita, supaya
kita ninggal pamblasar lan pepénginan
kadonyan sarta supaya kita urip kalawan
wicaksana, adil tuwin ngabekti ana ing
donya samengko iki,
13 kalawan nganti-anti kaleksananing
pangarep-arep kita kang kalubèran
berkah karahayon lan ngatingalaké
kamulyaning Allah kang mahaagung
sarta Pamarta kita Yésus Kristus,
14 kang wis masrahaké sarirané
kanggo kita, supaya ngluwari kita
saka sakèhing piala sarta nucèkaké

kagem Panjenengané, umat kagungané
piyambak, kang taberi ing panggawé
becik.
15 Iku mau kabèh kandhakna, wong-
wong padha pituturana lan welèhna
kalawan prabawamu ing sakatogé. Aja
nganti ana wong kang ngrèmèhaké
kowé.
3 1 Wong-wong padha élingna,
supaya padha sumuyud marang
pamaréntah lan para kang ngasta
pangwasa, mbangun-turuta sarta
padha cumadhang marang sadhéngah
panggawé becik.
2 Aja padha nyenyamah, aja padha
regejegan, nanging padha disumanak
lan dialus ing budi marang sadhéngah
wong.
3 Amarga ing mauné urip kita iya
padha tanpa budi: wangkal, nasar,
kawengku ing hawa-napsu rupa-rupa
lan kanikmatan kadonyan, urip ing
sajroning piala lan drengki, rusuh,
sengit-sinengitan.
4 Nanging bareng kamirahaning Allah,
Pamarta kita, wis kababar, sarta
katresnané marang manungsa,

5 ing waktu iku Panjenengané
nylametaké kita, ora marga saka
panggawé becik kang wis kita lakoni,
nanging marga saka sih-rahmaté
sarana padusan-lair-manèh lan marga
kaanyaraké déning Roh Suci,
6 kang wis kaparingaké marang kita
déning Yésus Kristus, Pamarta kita,
7 supaya kita, kang wis kabeneraké
déning sih-rahmaté, padha wenang
nampani urip langgeng, cundhuk karo
pangarep-arep kita.
8 Iki tembung kang satuhu lan karepku
supaya kowé kanthi yakin luwih
ngantepaké, supaya wong-wong kang
wis padha pracaya marang Allah, padha
ngudi kanthi temen-temen nglakoni
panggawé becik. Iku kang prayoga lan
migunani tumrap manungsa.
9 Nanging singkirana bebantahan
kang ora teges, prakara sarasilah,
apadéné padudon lan regejegan bab
angger-anggering Torèt, amarga kabèh
iku ora ana gunané sarta muspra.
10 Wong kang njalari crah, menawa wis
kokpituturi pisan, pindho, iku adohana.

11 Kowé mangerti, yèn wong kang
kaya mangkono iku nasar temenan lan
ngukum awaké dhéwé kalawan dosané.
12 Sawisé aku kongkonan Artémas
utawa Tikhikus mréné nemoni kowé,
udinen bisané kowé nemoni aku ana
ing Nikopolis, awit wis dakniyati arep
manggon ana ing kono sasuwéné
mangsa bedhidhing iki.
13 Zénas ahli Torèt lan Apolos, padha
tulungana sacukupé, supaya lakuné aja
nganti kekurangan sawiji apa.
14 Sarta wong-wong kita cikbèn padha
sinau nglakoni pagawéan kang migunani,
supaya bisa nyukupi kabutuhaning urip
kang baku, amrih uripé aja nganti tanpa
guna.
15 Wong kabèh kang bebarengan karo
aku padha kirim salam. Salamku marang
wong-wong kang padha tresna marang
aku kabèh sajroning pracaya. Sih-rahmat
muga nunggila ing kowé kabèh!

Filemon

1 [1] Saka Paulus, wong ukuman marga
saka Kristus Yésus, lan saka Timotius
sadulur kita tunggal pracaya marang
Filémon kang kinasih, kancaku tunggal
gawé,
[2] lan marang Apfia, sadulurku wadon
tunggal pangandel, sarta marang
Arkhipus, kanca kita sapagawéan,
tuwin marang pasamuwan kang ana ing
omahmu.
[3] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Allah Rama kita lan saka Yésus Kristus,
anaa ing kowé kabèh.
[4] Aku saos sokur marang Allahku,
samangsa aku ngèlingi kowé sajroné
pandongaku,
[5] sabab aku wis krungu bab
katresnanmu marang para suci lan
bab pracayamu marang Gusti Yésus.
[6] Lan aku ndongakaké, supaya
anggonmu tunggal pracaya iku mèlu
mbangun kawruh prakara-prakara kang
utama ana ing antara kita kagem Kristus.

7 Saka katresnanmu, aku wis nampa
kabungahan gedhé lan pambombong
marga kowé wus nglipur atiné para suci,
Sadulurku!
8 Marga saka iku, sanadyan ana
sajroning patunggilané Kristus, aku bisa
baé awèh préntah marang kowé bab apa
kang wajib koklakoni,
9 éwasamono ngèlingi katresnanmu
iku, luwih prayoga yèn aku duwé
panjaluk marang kowé mangkéné: Aku
Paulus kang wus tuwa, luwih-luwih saiki
kinunjara marga saka Kristus Yésus,
10 duwé panjaluk marang kowé, bab
anakku kang daktemu nalika aku ana
ing sajroné pakunjaran, yaiku Onésimus.
11 Biyèn, wong iku pancèn ora migunani
marang kowé, nanging saiki maédahi
banget marang kowé, samono uga
marang aku.
12 Wong mau, kang dadi woding atiku,
dak kongkon bali mèlu kowé.
13 Sanyatané, mauné arep dakendheg
ana ing pakunjaran, minangka sesulihmu
ngladèni aku sajroné dikunjara marga
saka Injil,
14 nanging tanpa palilahmu, aku ora
wani tumindak apa-apa, supaya prakara

kang becik iku aja nganti kok tindakaké
kaya-kaya kanthi kapeksa, nanging
kanthi lega-lila.
15 Sabab, mbokmenawa sarana patrap
mangkono iku wong mau kapisahaké
saka kowé kanggo sawatara mangsa,
supaya kowé bisa mengku ing salawasé,
16 ora kaya batur manèh, nanging
luwih saka iku, yaiku kayadéné sadulur
tunggal pracaya kang kinasih. Kanggoné
aku, pancèn iya wus mangkono iku,
saya manèh tumrap kowé, dadia cara
kamanungsan semono uga ana ing
Gusti.
17 Yèn aku kokanggep kanca tunggal
pracaya, wong iku iya tampanana kaya
anggonmu nampani aku dhéwé.
18 Déné yèn wong mau wis gawé
rugimu, utawa utang marang kowé, aku
kang bakal nanggung --
19 aku Paulus, kang nanggung kanthi
tulisaning tanganku iki: Aku kang bakal
nglunasi. Beciké aku aja nganti ngucap,
"Menawa kowé uga utang marang aku",
yaiku awakmu dhéwé.
20 Sadulurku, muga-muga kowé
migunanana tumrap aku ana ing Gusti:
Lipuren atiku ana ing Kristus.

21 Kanthi ngugemi ing pambangun-
turutmu, layang iki daktulis kanggo
kowé. Aku mangerti yèn kowé bakal
tumindak ngluwihi panjalukku.
22 Kajaba saka iku, aku uga
cawisana pamondhokan, marga saka
pandongamu, aku duwé pangarep-arep
yèn aku bakal bisa bali manèh.
23 Salam marang kowé saka Épafras,
kancaku sapakunjaran marga saka
Kristus Yésus,
24 lan saka Markus, Aristarkhus, Démas
lan Lukas padha kancaku sapagawéan.
25 Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus
nunggila ing rohmu!

Ibrani

1 [1] Sawusé ing jaman biyèn Allah
ngandika marang para leluhur kita
nganti marambah-rambah sarta kalawan
patrap mawarna-warna lantaran para
nabi,
[2] ing jaman pungkasan iki Panjenengané
wis ngandika marang kita lantaran Kang
Putra, kang wis katetepaké dadi
ahli-warisé samubarang kabèh; lan
iya lantaran Panjenengané, Allah wis
nitahaké jagat raya.
[3] Panjenengané dadi cahya kamulyané
Allah sarta gambar kawontenaning Allah
ing sanyatané lan nyanggi samubarang
kabèh sarana sabdané kang kebak
pangwaos. Sawisé rampung anggoné
mbirat dosa, Panjenengané lenggah ing
satengené Kang Mahaagung ana ing
ngaluhur;
[4] ngungkuli sakèhé malaékat, padha
kaya pinunjuling asmané kang wis
kaparingaké marang Panjenengané kang
luwih unggul katimbang asmané para
malaékat mau.

5 Awit sapa ta panunggalané para
malaékat kang tau dingandikani
mangkéné, "Sira iku Putraningsun!
Sira wis sunputrakaké ing dina iki?"
sarta "Ingsun bakal dadi Ramané, lan
Panjenengané bakal dadi Putraningsun?"
6 Apamanèh nalika Panjenengané
maringaké Ingkang Putra Pambajeng
marang jagat, Panjenengané ngandika,
"Sakèhé malaékating Allah kudu
nyembah Panjenengané."
7 Tumrap para malaékat Panjenengané
ngandika, "Kang ndadèkaké para
malaékaté dadi prahara sarta para
abdiné dadi geni kang ngalad-alad."
8 Nanging tumrap Kang Putra, "Dhuh,
Allah, dhampar Paduka punika langgeng
salaminipun, lantaran kaprabon Paduka
punika lantaraning kayektosan."
9 "Paduka punika tresna dhateng
kaadilan saha sengit dhateng duraka,
pramila, dhuh Allah, Allah Paduka
sampun njebadi Paduka mawi lisahing
kabingahan, nglangkungi para mitra
Paduka."
10 Lan manèh, "Dhuh Gusti, wiwitanipun
Paduka ingkang nalesi bumi, saha langit
punika yasanipun asta Paduka.

11 Sadaya punika badhé sirna, nanging
Paduka tetep langgeng sarta sadaya
punika badhé sami lungset kados
panganggé;
12 saha badhé Paduka gulung kados
jubah, saha sami badhé kasantunan
kados panganggé, nanging Paduka
punika lestantun sami, sarta taun-taun
Paduka badhé tanpa wates."
13 Sapa panunggalané para malaékat
kang naté dingandikani mangkéné,
"Lungguha ana ing tengeningsun,
nganti mungsuh-mungsuhira
padha sundadèkaké ancik-anciking
tlapakanira?"
14 Kabèh iku mau apa ora padha dadi
roh kang ngladèni, kang kautus leladi
marang wong-wong kang bakal marisi
karahayon?
2 1 Mulané kita kudu luwih teliti anggon
kita nggatèkaké apa kang wis kita
rungu, supaya kita ora kéntir ilining
banyu.
2 Sabab menawa pangandika kang
kadhawuhaké lantaran para malaékat
iku tetep tumindak, sarta sarupané
panerak lan pambangkang iku tampa
piwales kang murwat,

[3] kepriyé anggon kita bakal oncat,
menawa kita nglirwakaké karahayon
kang samono gedhéné, kang wiwitané
kaundhangaké déning Gusti sarta
kaantepaké marang kita déning kang
padha ngrungokaké?
[4] Déné Allah ngekahaké paseksiné
kanthi tandha-tandha lan mukjijat-
mukjijat sarta pangwaos warna-warna
apadéné peparing Roh Suci, kang
diparingaké manut sakarsané.
[5] Jalaran Panjenengané ora nelukaké
jagating jaman tembé, kang lagi kita
rembug iki, marang para malaékat.
[6] Ana wong kang nglairaké paseksi,
mangkéné, "Manungsa punika punapa
ta, déné ngantos Paduka èngeti, utawi
anaking manungsa, déné ngantos
Paduka gatosaken?
[7] Kanggé sawatawis wekdal sampun
Paduka dadosaken langkung asor
sakedhik tinimbang kaliyan para
malaékat, saha sampun Paduka
makuthani kaluhuran tuwin kaurmatan,
[8] samukawis sampun Paduka telukaken
ing sangandhaping tlapakanipun."
Amarga sajroning nelukaké samubarang
marang Panjenengané, ora ana siji

baé kang kliwatan, kang ora teluk
marang Panjenengané. Éwadéné ing
samengko kita padha durung weruh
samubarang kabèh wis ditelukaké
marang Panjenengané.
9 Nanging, kang padha kita sumurupi
yaiku Yésus kang sawatara mangsa
didadèkaké luwih asor sathithik
tinimbang karo para malaékat, kang
jalaran nglampahi sangsara séda, banjur
kaparingan makutha kamulyan lan
kaurmatan, supaya marga saka sih-
rahmaté Allah, Panjenengané nglampahi
séda iku kanggo manungsa kabèh.
10 Jalaran pancèn wis sapantesé Allah --
kang kagem Panjenengané sarta déning
Panjenengané samubarang kabèh iku
dititahaké, yaiku Allah kang nuntun
wong akèh marang kamulyan, uga
nyampurnakaké Pangarep kang ngirid
wong-wong iku marang karahayon,
sarana nandhang sangsara.
11 Jalaran Panjenengané kang
nucèkaké, sarta para kang padha
kasucèkaké iku asalé saka Siji; mulané
Panjenengané iya ora lingsem nyebut
sadulur marang wong-wong iku,

12 Pangandikané, "Kawula badhé
martosaken asma Paduka dhateng para
sadhèrèk Kawula, saha Kawula badhé
ngidungaken pangalembana dhumateng
Paduka wonten ing satengahing
pasamuwan."
13 Sarta manèh, "Aku bakal pracaya
marang Panjenengané," lan manèh,
"Satemené, lah iki Aku sarta para putra
kang wis diparingaké déning Allah
marang Aku."
14 Kang iku sarèhné para putra iku iya
para anaking getih lan daging, mulané
Panjenengané banjur dadi padha karo
para putra mau lan kadunungan kaanan
mangkono, supaya marga saka sédané,
Panjenengané nyirnakaké Iblis kang
ngwasani pati;
15 kanthi patrap mangkono,
Panjenengané ngluwari wong-wong,
kang sajegé urip padha kawengku ing
pangawulan marga saka wediné marang
pati.
16 Awit satemené dudu para
malaékat kang dipenggalihaké
déning Panjenengané, nanging trahé
Abraham kang dipenggalihaké.

17 Mulané, ing bab apa baé
Panjenengané kudu dipadhakaké
karo para sadhèrèké, supaya jumeneng
Imam Agung kang welasan sarta setya
marang Allah, minangka panebus tumrap
dosa-dosané umat.
18 Awit, sarèhné Panjenengané
piyambak wis nandhang sangsara marga
saka kagodha, dadi Panjenengané saged
mitulungi wong kang padha kena ing
panggodha.
3 1 Mulané, para Sadulur kang suci,
kang padha olèh pandumaning
timbalan kaswargan, padha nggatèkna
marang Yésus, Rasul sarta Imam Agung
kang kita akoni,
2 kang setya marang Panjenengané
kang wis njumenengaké, kayadéné Musa
uga setya ing padalemané Allah kabèh.
3 Jalaran Panjenengané sembada
kaparingan kamulyan kang ngluwihi
Musa, padha kayadéné kang gawé omah
luwih kajèn katimbang omah yeyasané.
4 Amarga saben omah digawé déning
ahliné gawé omah; nanging ahli kang
yasa samubarang kabèh iku Allah.
5 Musa pancèn tumemen anggoné
dadi pelados ana ing padalemané Allah

sakwewengkoné kabèh, dadi pelados,
supaya paring paseksi mungguh apa
kang ing tembé bakal dingandikakaké,
6 nanging Kristus kang jumeneng Putra
iku mengku tanggel jawab kanthi setya
tumrap padalemané; sarta padalemané
iku kita, angger kita padha kukuh ing
pracaya sarta ing pangarep-arep kang
kita gung-gungaké nganti tumeka ing
wekasan.
7 Jalaran saka iku, kaya kang
kapangandikakaké déning Roh Suci,
"Ing dina iki, menawa sira padha krungu
swantené,
8 aja padha mangkotaké atinira,
kaya nalika padha mbaléla, ing jaman
panyoba ana ing pasamunan,
9 ing kono para leluhurira padha nyoba
marang Ingsun, sarana ndadar Ingsun,
sanadyan padha weruh pakaryan-
pakaryaningsun, lawasé patang puluh
taun.
10 Iya iku sababé Ingsun duka marang
wong-wong iku sarta ngandika: Wong-
wong iku tansah nasar atiné, sarta
padha ora nyumurupi marginingsun,
11 temahan Ingsun supaos sajroning
dukaningsun: Wong-wong iku ora

bakal padha mlebu ing papan
paleremaningsun."
12 Para Sadulur, padha diwaspada,
supaya ing antaramu aja ana kang
kadunungan ati ala sarta ora pracaya
satemah murtad saka Allah kang gesang.
13 Nanging padha éling-ingélingna ing
sadina-dina sajroné isih bisa diarani
"dina iki", supaya panunggalanmu aja
ana kang dadi wangkot atiné, marga
saka pamblithuking dosa.
14 Jalaran kita wis padha olèh
panduman ana ing Kristus, angger kita
padha ngukuhi ing keyakinaning pracaya
kita kang wiwitan, nganti tumeka ing
wekasan.
15 Nalika kapangandikakaké, "Ing dina
iki, menawa sira krungu swantené, aja
padha mangkotaké atinira, kaya nalika
padha mbaléla."
16 Sapa ta kang memungu dukaning
Allah, sanadyan padha krungu swantené?
Apa iku dudu wong-wong kang padha
metu saka Mesir kairid déning Musa?
17 Sarta sapa kang dibendoni déning
Panjenengané lawasé patang puluh
taun? Apa dudu wong-wong kang padha

nglakoni dosa sarta kang jisimé padha
pating glimpang ana ing pasamunan?
18 Sapa kang wis disupaosi yèn
bakal ora padha lumebu ing papan
paleremané? Apa dudu wong-wong kang
padha ora mbangun-turut iku?
19 Dadiné kita padha sumurup, menawa
wong-wong iku padha ora bisa lumebu
amarga padha ora pracaya.
4 1 Marga saka iku, payo padha
diwaspada, supaya aja nganti ana
wong ing antaramu kang kaanggep
kèri, sanadyan prasetya bab lumebu
ing paleremaning Panjenengané isih
tumindak.
2 Amarga kita uga padha kawartanan
kabar kabungahan, padha kaya
wong-wong iku, nanging pangandika
kang kawartakaké iku tanpa guna
tumrap wong-wong mau, jalaran
ora tinunggilaké ing pracaya karo
wong-wong kang padha ngrungokaké.
3 Awit, kita kang padha pracaya,
bakal lumebu ing papan palereman,
kaya kang kapangandikakaké déning
Panjenengané, "Temahan Ingsun supaos
sajroning dukaningsun: Wong-wong
iku mesthi padha ora bakal lumebu

ing papan paleremaningsun" sanadyan
pakaryané wis rampung wiwit jagat
tinalesan.
4 Amarga bab dina kapitu iku wis tau
ana pangandika mangkéné, "Lan ing
dina kapitu Allah kèndel saka pakaryané
kabèh."
5 Ing pangandika iku, kita maca,
"Wong-wong iku bakal ora lumebu ing
papan paleremaningsun."
6 Dadi, wus cetha menawa ana sawatara
wong kang bakal lumebu ing papan
palereman iku, déné wong-wong
kang wis luwih dhisik diwartani kabar
kabungahan iku ora lumebu, amarga ora
padha mbangun-turut.
7 Mulané, Panjenengané nemtokaké
dina manèh, yaiku "dina iki", nalika
Panjenengané ngandika lantaran Daud
suwé sawisé iku, kaya kang wis kasebut
ing ngarep mau, "Ing dina iki, menawa
sira padha krungu swantené, aja padha
mangkotaké atinira!"
8 Jalaran, saupama Yosua wis
nglebokaké wong-wong iku ing papan
palereman, mesthi sawisé mangkono
Allah ora bakal ngandikakaké dina liyané
manèh.

9 Dadi isih ana dina palereman, dina
kapitu kanggo umaté Allah.
10 Awit sapa kang wis lumebu ing papan
paleremané Allah, wong iku dhéwé
wis lèrèn saka sakèhing pagawéané,
padha kaya Allah anggoné kèndel saka
pakaryané.
11 Mulané luwih becik kita mbudi-daya
lumebu ing palereman iku, supaya aja
nganti ana kang tiba amarga nuladha
marang pambaléla kang kaya mangkono.
12 Sabab pangandikané Allah iku gesang
lan kiyat sarta luwih landhep tinimbang
sakèhing pedhang kang landhep
kiwa-tengen. Nunjem jero nganti
misahaké nyawa lan roh, ros-rosan
lan sungsum; bisa ngadili pikiran sarta
pangangen-angening ati kita.
13 Ora ana titah siji baé kang sinamar
ana ing ngarsané, jalaran samubarang
kabèh katon ngeblak lan binuka ana ing
ngarsaning paningalé, kang mundhut
supaya kita padha ngaturaké tanggung
jawab kita.
14 Sarèhné kita padha duwé Imam
Agung Pinunjul, kang wus sumengka
nratas sakèhing langit, yaiku Yésus,

Putraning Allah, mulané kita padha
ngantepana sahadat kita.
15 Awit Imam Agung kita iku dudu
imam agung kang ora bisa ngrasakaké
sakèhing kaapesan kita. Nanging malah
kang padha karo kita, Panjenengané wis
ngalami kagodha nanging ora damel
dosa.
16 Kang iku payo padha sowan kalawan
tatag marang dhamparing sih-rahmat,
supaya kita olèh palimirma sarta nemu
sih-rahmat kang njalari kita kapitulungan
ing waktuné.
5 1 Awitdéné saben imam agung, kang
kapiji saka ing antarané manungsa,
iku katetepaké kanggo manungsa
minangka pantaraning manungsa karo
Allah, supaya nyaosaké pisungsung sarta
kurban karana dosa.
2 Panjenengané kudu saged tumut
ngraosaké kaanané para wong kang
ora ngerti lan kang kesasar, amarga
panjenengané piyambak uga kebak ing
kaapesan,
3 kang ngudokaké saos kurban
panebusing dosa, ora mung kanggo para
umat, nanging uga kagem panjenengané
piyambak.

4 Sarta ora ana wong kang nggunakaké
kaurmatan iku kanggo awaké dhéwé,
nanging katimbalan déning Allah kaya
kang wis kelakon tumrap Harun.
5 Mangkono uga Kristus ora mulyakaké
sarirané piyambak sarana jumeneng
Imam Agung, nanging kamulyakaké
déning Panjenengané kang ngandikani,
"Sira iku Putraningsun! Sira wis
Sunputrakaké ing dina iki,"
6 iya kaya pangandikané Allah ing
ayat liyané manèh, "Sira iku dadi
Imam kanggo salawas-lawasé, manut
pranatané Mèlkisèdèk."
7 Nalika sugengé cara manungsa,
Panjenengané wis ngaturaké pandonga
sarta panyuwun kanthi pasambat lan
muwun marang Sang Rama, kang kwaos
milujengaké saka pati, sarta marga
saka kamursidané Panjenengané wis
dipiyarsakaké.
8 Sanadyan Panjenengané iku Putra,
éwasamono wis sinau mbangun-turut
sarana anggoné nandhang sangsara,
9 lan sawisé Panjenengané
kasampurnakaké, banjur dadi sumbering
karahayon kang langgeng tumrap

sakèhing wong kang mituhu marang
Panjenengané,
10 sarta Panjenengané katimbalan
dadi Imam Agung déning Allah, manut
pranatané Mèlkisèdèk.
11 Mungguh prakara iku akèh kang kudu
padha dakkandhakaké, ananging angèl
diterangaké, marga kowé wis padha
lamban menawa ngrungokaké.
12 Sabab sanadyan kowé kuduné wis
padha dadi guru, yèn kapirid saka
ing waktu, éwadéné kowé isih prelu
diwulang manèh bab dhasar-dhasaring
pangandikané Allah sarta kowé isih
mbutuhaké banyu susu, dudu pangan
kang akas.
13 Amarga saben wong kang isih butuh
banyu susu, iku durung ngerti piwulang
bab kang bener, sabab isih dadi bayi
suson.
14 Nanging pangan kang akas iku
kanggo para wong diwasa, kang duwé
pangerti kang wus digladhi kanggo
mbédakaké kang becik lan kang ala.

6 1 Marga saka iku, payo padha ninggal
dhasar-dhasar wiwitaning piwulang
bab Kristus sarta padha ngalih marang
piwulang kang sampurna. Kita aja nganti

masang manèh tetalesing pamratobat
saka panggawé-panggawé kang tanpa
guna, sarta tetalesing pracaya marang
Allah,
2 yaiku piwulang bab baptisan kang
rupa-rupa, tumpangan tangan, tanginé
para wong mati sarta paukuman
langgeng.
3 Sarta iku kang bakal padha kita
tindakaké, menawa dadi keparengé
Allah.
4 Sabab mungguh wong-wong kang wis
tau kapadhangan atiné, kang wis tau
ngrasakaké peparing kaswargan sarta
kang wis tau kapanduman Roh Suci,
5 lan kang wis ngrasakaké pangandikané
Allah kang utama sarta daya
pangwasaning jaman kang bakal
kelakon,
6 nanging padha murtad manèh, iku ora
bisa dianyaraké sapisan maméh nganti
padha mratobat, amarga padha nyalib
Putrané Allah maméh kanggo awaké
dhéwé, sarta ngrèmèhaké Panjenengané
ana ing sangarepé wong akèh.
7 Sabab bumi kang nyerot banyu udan
kang kerep tumiba ing kono, banjur
ngetokaké tanem-tuwuh kang maédahi

kanggo kang nggarap iku, nampa berkah
saka Allah;
8 nanging menawa bumi iku nuwuhaké
eri bebondhotan lan rerungkudan, iku
tanpa guna sarta wis cepak kena ing
supata, kang wekasané kaobong.
9 Éwadéné, para Sadulur kang kinasih,
sanadyan aku padha pitutur mangkono
marang kowé, aku padha yakin menawa
kowé padha duwé prakara kang luwih
becik sarta isi karahayon.
10 Amarga Allah ora kurang adil,
nganti Panjenengané kesupèn marang
panggawé lan katresnanmu kang
koktindakaké kagem asmané srana
anggonmu padha ngladèni para suci,
kaya kang tansah padha koklakoni.
11 Nanging kang padha dakarep-arep,
supaya saben wong panunggalanmu
padha nélakna katemenan kang kaya
mangkono satemah bisa nggayuh
katemtuaning pangarep-arepmu, nganti
tumeka ing wekasan,
12 supaya kowé aja padha lamban,
nanging padha nulad marang wong kang
awit saka pracaya lan kasabarané padha
olèh warisan kang kaprasetyakaké iku.

13 Awitdéné nalika Allah maringaké
prasetyané marang Abraham, wis supaos
demi Panjenengané piyambak, amarga
ora ana kang ngungkuli Panjenengané,
14 pangandikané, "Satemené sira bakal
sunberkahi nganti lubèr sarta sira bakal
suntangkaraké dadi akèh banget."
15 Abraham ngentosi kalawan sabar
sarta marga saka mangkono banjur
nampi apa kang kaprasetyakaké marang
panjenengané.
16 Mungguh manungsa iku anggoné
sumpah demi kang luwih luhur sarta
sumpah iku minangka pikukuhé kang
mungkasi sakèhing padudon.
17 Marga saka iku, nalika Allah
kagungan karsa nedahaké amrih
saya ngyakinaké bab katemtuaning
prasetyané marang wong-wong kang
dadi ahli warisé, Panjenengané nanggel
kanthi supaos,
18 supaya marga prakara loro kang ora
owah-owah mau -- ing bab iku mokal
menawa Allah iku cidra -- kita kang
padha ngupaya pangayoman, padha olèh
pambereg kang kuwat amrih ngantepi
pangarep-arep kang kaprasetyakaké.

19 Déné pangarep-arep iku minangka
jangkar kang kuwat lan santosa tumrap
nyawa kita, kang wis ditibakaké tekan
samburining geber,
20 kang wis dilebeti déning Yésus
ngrumiyini kita, nalika Panjenengané
jumeneng Imam Agung ing salawas-
lawasé manut pranatané Mèlkisèdèk.
7 1 Awitdéné Mèlkisèdèk iku ratu Salèm
sarta imamé Allah Kang Mahaluhur,
kang methukaké sarta mberkahi
Abraham, nalika Abraham kondur saka
paprangan ngalahaké para raja.
2 Abraham uga nyaosaké saprasepuluhé
samubarang marang panjenengané.
Asma Mèlkisèdèk iku ateges ratuning
kaadilan, sarta uga raja Salèm, yaiku
rajaning tentrem-rahayu,
3 Panjenengané iku tanpa rama, tanpa
ibu, tanpa sarasilah, ora ana dina wiyosé,
sarta sugengé ora ana wekasané, lan
sarèhné panjenengané kasamèkaké karo
Putraning Allah, panjenengané lestari
jumeneng imam ing salawasé.
4 Padha gatèkna, saiba luhuré
panjenengané iku, déné Abraham
leluhur kita, nganti nyaosi saprasepuluhé

saka sakèhing jarahan kang becik
dhéwé.
5 Manut angger-anggering Torèt,
para turuné Lèwi kang padha tampa
kalungguhan imam, iku kang diwajibaké
nglumpukaké pisungsung prasepuluhan
saka umat Israèl, yaiku para Saduluré,
sanadyan wong-wong iku uga tedhaké
Abraham.
6 Nanging Mèlkisèdèk, kang ora tunggal
turun karo wong-wong iku, mundhut
prasepuluhan saka Abraham sarta
mberkahi panjenengané kang wis
kagungan prasetya iku.
7 Pancèn wis ora kena dibantah,
menawa kang luwih asor diberkahi
déning kang luwih luhur.
8 Imam-imam kang padha nampa
prasepuluhan iku wong-wong kang kena
ing pati, déné Mèlkisèdèk kang uga
nampa prasepuluhan iku sineksènan
menawa Panjenengané iku tetep gesang.
9 Malah kena dikandhakaké, menawa
alantaran Abraham, Lèwi kang wenang
nampani prasepuluhan iku iya saos
pisungsung prasepuluhan,

10 amarga Lèwi isih ana ing sariraning
leluhuré nalika Mèlkisèdèk methukaké
leluhuré mau.
11 Marga saka iku, saupama lantaran
kaimamané Lèwi kasampurnan iku bisa
digayuh -- jalaran marga kaimaman
iku, umat Israèl wis nampa Torèt -- apa
sababé déné isih ana imam agung liyané
kang prelu katetepaké manut pranatané
Mèlkisèdèk, kang ora kasebut manut
pranatané Harun?
12 Sabab, menawa pranataning
kaimaman iku ganti, wis samesthiné
angger-anggering Torèt iya bakal ganti.
13 Sabab Panjenengané, kang
dikarepaké ing kéné iki, kalebu taler liya,
saka taler iki ora ana sing tau leladi ing
misbyah.
14 Amarga wis disumurupi wong kabèh,
menawa Gusti kita iku trah saka Yéhuda;
déné tumrap taler iki Musa ora tau
ngandikakaké apa-apa bab imam-imam.
15 Sarta bab iku saya tetéla manèh,
menawa ana imam liyané kang
katetepaké kaya Mèlkisèdèk,
16 kang jumeneng imam ora alandhesan
pranataning manungsa, ananging

alandhesan dayaning urip kang ora bisa
lebur.
17 Sabab tumrap Panjenengané ana
paseksi mangkéné: "Sira iku dadi Imam
ing salawas-lawasé, manut pranatané
Mèlkisèdèk."
18 Ing sasisih, pranatan kang katetepaké
dhisik iku kabatalaké, menawa pranatan
iku ora nduwèni kakuwatan lan marga
saka iku tanpa guna,
19 -- sabab angger-anggering Torèt iku
babar pisan ora ngolèhaké kasampurnan
-- nanging ing sisih liyané, pangarep-
arep kang luwih prayoga katuwuhaké,
kang nyedhakaké kita marang Allah.
20 Lan bab iki anggoné dumadi ora
tanpa sumpah. Wong-wong liyané iku
anggoné dadi imam pancèn tanpa
sumpah,
21 nanging Panjenengané iki nganggo
supaos, amarga Allah kang ngandika
marang Panjenengané, "Gusti wis supaos
sarta Panjenengané ora bakal keduwung:
Sira iku Imam ing salawas-lawasé" --
22 Marga saka iku Yésus wis dadi
tanggelaning prajanjian kang luwih
becik.

23 Kang padha dadi imam iku cacahé
akèh, awit padha ora bisa lestari
anggoné jumeneng, jalaran kepalang
déning pati.
24 Nanging, sarèhning Panjenengané
tetep jumeneng salawas-lawasé,
kaimamané ora bisa lumèngsèr marang
wong liya.
25 Mulané Panjenengané uga saged
mitulungi rahayu kalawan sampurna
marang sakèhing wong kang sowan ing
ngarsané Allah lumantar Panjenengané.
Jalaran Panjenengané gesang ing
salawasé minangka Pantarané wong-
wong mau.
26 Sabab iya Imam Agung kang kaya
mangkono iku kang kita butuhaké,
yaiku kang mursid, tanpa salah, tanpa
blentong, kang kapisah saka para wong
dosa sarta kasengkakaké ngungkuli
tingkat-tingkatané swarga,
27 Panjenengané ora kaya para imam
agung liyané, kang saben dinané
kudu nyaosaké kurban tumrap dosané
dhéwé lan sawisé iku lagi tumrap
dosané umat. Sabab prakara iku wis
katindakaké déning Panjenengané
sapisan kanggo salawasé, nalika

Panjenengané ngurbanaké sarirané
piyambak.
28 Sabab angger-anggering Torèt iku
netepaké para wong kang nandhang
kaapesan dadi imam agung, nanging
supaos, kang kalairaké sawusé angger-
anggering Torét, njumenengaké Sang
Putra, kang wis kadadosaké sampurna
ing salawas-lawasé.
8 1 Wosé kabèh kang kita rembug iku
mangkéné: kita padha duwé Imam
Agung kang kaya mangkono, kang
lenggah ing satengening dhamparé kang
Mahaagung ing swarga,
2 sarta kang ngladosi pangibadah ing
papan kang suci, yaiku ing sajroné
kémah kang sejati, yasané Allah sarta
dudu gawéané manungsa.
3 Jalaran saben imam agung kapatah
nyaosaké kurban sarta pisungsung,
mulané imam agung prelu kagungan
kang kapisungsungaké.
4 Saupama Panjenengané ana ing bumi
iki, Panjenengané babar pisan ora bakal
jumeneng imam, amarga ing kéné wis
ana kang padha nyaosaké pisungsung
manut angger-anggering Torèt.

5 Anggoné padha leladi ana ing kémah
iku minangka gambar lan wewayangané
apa kang ana ing swarga, kaya kang
kapangandikakaké marang Musa,
nalika arep ngadani yasa kémah,
"gatèkna," mangkono dhawuhé, "kabèh
iku kudu sira gawé manut conto kang
wis katedahaké marang sira ana ing
ndhuwur gunung iku."
6 Nanging saiki Panjenengané wis
tampa ayahan kang luwih agung,
amarga Panjenengané jumeneng
Pantaraning prajanjian kang luwih
mulya, kang linandhesan prajanji kang
uga luwih mulya.
7 Sabab menawa prajanjian kang
kawitan iku tanpa cacad, kang kapindho
ora bakal digolèkaké panggonan manèh.
8 Déné Panjenengané nglepataké wong-
wong iku nalika ngandika, "Satemené,
bakal tumeka ing waktuné," mangkono
pangandikané Gusti, "Ingsun bakal
mranata prajanjian anyar kalawan
turuné Israèl sarta turuné Yéhuda,
9 ora kaya prajanjian kang wis
sunpranata karo para leluhuré wong-
wong iku, nalika Ingsun nganthi
wong-wong iku sunirid metu saka tanah

Mesir. Amarga wong-wong iku padha
ora setya marang prajanjianingsun,
sarta Ingsun nampik wong-wong iku,"
mangkono pangandikané Gusti
10 "Iya iki prajanjian kang bakal
sunpranata kalawan turuné Israèl sawisé
waktu iku," mangkono pangandikané
Gusti "Ingsun bakal maringaké angger-
anggeringsun ana ing budiné, sarta
sunserat ing atiné, satemah Ingsun
bakal jumeneng Allahé sarta wong-wong
iku bakal dadi umatingsun.
11 Sarta wong-wong iku ora bakal padha
mulang manèh marang pepadhané
warga utawa marang pepadhané sadulur
kanthi ngucap: Wanuha marang Gusti!
Amarga kang cilik dalah kang gedhé,
kabèh bakal padha wanuh marang
Ingsun.
12 Awit Ingsun bakal paring sih-piwelas
tumrap kaluputané sarta ora bakal
ngèngeti marang dosa-dosané."
13 Nalika Panjenengané ngandika
bab prajanjian anyar, iya mratélakaké
menawa kang kawitan iku prajanjian
kang wis dadi lawas. Sarta apa kang
wis dadi lawas lan kadaluwarsa iku wis
cepak sirnané.

9 [1] Anadéné mungguh prajanjian
kang wiwitan iku uga pancèn ana
pranatan-pranatané bab pangibadah
sarta bab pasucèn gawéané manungsa.
[2] Jalaran ana kémah kang kapasang,
yaiku pérangan kang ngarep dhéwé lan
ing kono ana cagak padamaran sarta
méja kanggo roti caosan. Pérangan iku
kaaranan pasucèn.
[3] Ing samburiné geber kang kapindho
ana kémahé manèh siji kang diarani
pasucèn pinunjul.
[4] Ing kono ana misbyahé padupan emas
sarta pethi prajanjian kang kalapis emas
warata; ing njeroné ana guci emas isi
manna sarta teken kagungané Harun
kang wis tau semi sarta watu blèbèkan
kang isi prajanjian,
[5] lan ing sandhuwuré ana kerubé
kamulyan loro kang ngaubi tutup
pangruwatan. Nanging prakara iki ing
samengko ora bisa kacaritakaké kanthi
wijang.
[6] Iya mangkono iku anggoné mranata
papan kang suci iku. Dadiné para imam
tansah lumebu ing pérangan kémah
kang ngarep dhéwé prelu nindakaké
pangibadahé,

7 nanging ing kémah kang kapindho iku
mung dilebeti imam agung piyambak
setaun sapisan, lan kudu ngasta
getih kang kacaosaké marga saka
sarirané piyambak sarta marga saka
panerak-paneraking umaté kang ora
kajarag.
8 Kalawan mangkono iku Roh
Suci anggoné nélakaké menawa
dalan menyang papan suci durung
kawengakaké, salawasé kémah kang
ngarep iku isih ana.
9 Iku minangka pasemon tumrap jaman
saiki. Cundhuk karo iku ana kurban
lan pisungsung kang kasaosaké, kang
ora bisa ndadèkaké sampurna tumrap
rumangsaning atiné wong-wong kang
padha nyaosaké,
10 nanging mung magepokan karo
bab pangan, ombèn-ombèn sarta cara
sesuci rupa-rupa, yaiku pranatan-
pranatan tata-lair kang mung tumindak
nganti tumekané jaman samubarang
kaanyaraké.
11 Ananging Kristus wis rawuh jumeneng
Imam Agung tumrap prakara-prakara
becik kang bakal kelakon; Panjenengané
wis nglangkungi kémah kang luwih

gedhé lan luwih sampurna, kang ora
kayasa déning tangané manungsa, --
tegesé dudu panunggalané kang tumitah
iki --,
12 sarta Panjenengané wis lumebet
ing pasucèn sapisan kanggo salawas-
lawasé, ora ngasta getihé wedhus lanang
sarta getihé pedhèt, nanging ngasta
rahé piyambak. Lan marga saka iku
Panjenengané wis ngangsalaké tebusan
kang langgeng.
13 Jalaran, menawa getihé wedhus
lanang sarta getihé sapi lanang
lan kepyuraning awuné pedhèt iku
ndadèkaké suciné wong kang najis,
satemah padha kasucèkaké tata-lair,
14 méndahané manèh rahé Kristus,
kang marga déning Roh kang langgeng
wis ngurbanaké sarirané piyambak
konjuk ing Allah minangka pisungsung
kang tanpa cacad, iku bakal nucèkaké
rumangsaning ati kita saka panggawé
kang tanpa guna, supaya kita bisa
ngabekti marang Allah kang gesang.
15 Mulané Panjenengané jumeneng
Pantawisé prajanjian anyar, supaya
wong-wong kang wis katimbalan padha
bisa tampa warisan langgeng kang

kaprasetyakaké, amarga wis ana kang
séda kanggo nebus panerak-panerak
kang ditindakaké sajroning prajanjian
kang kawitan.
16 Jalaran menawa ana layang wasiyat,
ing kono iya kudu ana katrangan kang
mratélakaké matiné kang gawé wasiyat
iku.
17 Sabab layang wasiyat iku lagi sah,
menawa kang gawé wasiyat iku wis
tilar donya, sabab wasiyat iku ora kena
katindakaké, sajroné kang gawé wasiyat
mau isih urip.
18 Iya iku sababé, prajanjian kang
kawitan ora dianggep sah menawa tanpa
getih.
19 Sabab nalika Musa wis ndhawuhaké
sakèhing pepakon miturut angger-
anggering Torèt marang umat kabèh,
banjur mendhet getihé pedhèt lan getihé
wedhus lanang sarta banyu lan wulu
abang sarta isop, banjur dikepyuraké
piyambak ing kitab iku sarta marang
umat kabèh,
20 kalawan ngandika, "Iki getihing
prajanjian kang katetepaké déning Allah
tumrap kowé."

21 Mangkono uga kémahé lan sakèhé
piranti kang kanggo ing pangibadah iya
padha dikepyuri getih.
22 Sarta mèh samubarang kabèh
karesikaké sarana getih manut angger-
anggering Torèt, sarta ora ana pangapura
menawa tanpa wutahing getih.
23 Dadiné, samubarang kang dadi
lambangé kabèh kang ana ing swarga
iku kudu kasucèkaké kalawan patrap
mangkono, nanging barang-barang
kaswargan dhéwé kasucèkaké sarana
kurban-kurban kang luwih becik
katimbang iku.
24 Sabab Kristus ora lumebet ing
pasucèn gawéaning tangané manungsa
kang mung dadi gegambarané kang
sejati, nanging lumebet ing swarga
piyambak prelu sowan ing ngarsané
Allah kanggo kapreluwan kita.
25 Panjenengané ora prelu bola-bali
lumebet ngurbanaké sarirané piyambak,
kayadéné imam agung kang saben taun
lumebet ing pasucèn ngasta getih kang
dudu rahé piyambak.
26 Jalaran menawa mangkono,
Panjenengané kudu bola-bali anggoné
nandhang sangsara wiwit jagat iki

dititahaké. Nanging saiki Panjenengané
mung sapisan anggoné ngetingalaké
sarirané, yaiku ing jaman wekasan
kanggo mbirat dosa sarana ngurbanaké
sarirané piyambak.
27 Kayadéné manungsa anggoné
katetepaké mati mung sapisan baé, lan
sawisé iku diadili,
28 mangkono uga Kristus iya mung
sapisan baé anggoné ngurbanaké
sarirané kanggo nanggel dosané wong
akèh. Sawisé iku, Panjenengané bakal
ngatingalaké sarirané kang kaping
pindhoné ora kanggo nanggel dosa,
nanging kanggo maringaké karahayon
marang wong kang padha nganti-anti
Panjenengané.

10 1 Ing sajroning angger-
anggeré Torèt iku mung tinemu
wewayangané prakara-prakara becik
kang bakal kelakon, dudu wujudé
prakara-prakara iku dhéwé. Marga
saka iku, sarana kurban kang padha,
kang saben taun tansah dikurbanaké,
angger-anggering Torèt ora bakal
gawé sampurnané wong kang padha
nindakaké pangibadah.

2 Jalaran saupama bisa kelakon
mangkono, wong-wong rak ora padha
nyaosaké kurban manèh? Sabab wong
kang padha nindakaké pangibadah iku
ora ngrumangsani dosa manèh, awit
wis padha kasucèkaké sapisan kanggo
salawas-lawasé.
3 Ananging iya marga saka kurban-
kurban iku saben taun wong-wong
padha diélingaké bab anané dosa.
4 Sabab mokal menawa getihé sapi
lanang utawa getihé wedhus lanang bisa
mbirat dosa.
5 Mulané nalika Panjenengané rawuh
ing jagat, Panjenengané matur, "Kurban
saha pisungsung mboten Paduka
karsakaken -- nanging Paduka sampun
nyawisaken sarira kanggé kawula --.
6 Kurban obaran saha kurban
pambirating dosa mboten ndadosaken
kepareng Paduka.
7 Kawula lajeng munjuk: Lah punika
kawula sowan; ing salebeting kitab
gulungan wonten seratanipun bab
kawula supados nglampahi karsa
Paduka, dhuh Allah kawula."
8 Sakawit Panjenengané matur, "Kurban
saha pisungsung, kurban obaran saha

kurban pambirating dosa sami mboten
Paduka karsakaken sarta mboten
ndadosaken kepareng Paduka" --
sanadyan kapisungsungaké manut
angger-anggering Torèt --.
9 Nuli pangandikané, "Lah punika
kawula sowan, badhé nglampahi karsa
Paduka." Kang kapisan kasuwak déning
Panjenengané, supaya kang kapindho
bisa kelakon.
10 Amarga saka karsané iki, kita wis
disucèkaké sapisan kanggo salawas-
lawasé sarana pisungsung awujud
sarirané Yésus Kristus.
11 Sabanjuré saben imam ing sadina-
dinané nindakaké ayahané sarta
bola-bali nyaosaké kurban kang padha,
kang babar pisan ora bisa mbirat dosa.
12 Nanging, sawisé nyaosaké kurban
kang mung siji baé karana dosa,
Panjenengané banjur lenggah ana ing
tengené Allah kanggo salawas-lawasé,
13 sarta ing samengko Panjenengané
mung ngantos-antos tekan waktuné
anggoné mungsuh-mungsuhé
kadadèkaké ancik-anciking sampéyané;
14 sabab sarana kurban siji baé
Panjenengané wis damel sampurna

kanggo salawas-lawasé tumrap para
wong kang padha kasucèkaké.
15 Lan Roh Suci uga maringi paseksi
marang kita,
16 sabab sawisé Panjenengané
ngandika, "Iki prajanjian kang bakal
sunanakaké karo wong-wong iku,
sawisé dina-dina iku," Panjenengané
banjur ngandika manèh: "Ingsun bakal
maringaké angger-anggeringsun ana ing
atiné, sarta sunserat ana ing budiné,
17 sarta Ingsun ora ngènget-ènget
manèh marang sakèhing dosa lan
paneraké."
18 Dadi menawa iku kabèh wis kaapura,
ora prelu ana kurban manèh kang
kasaosaké marga saka dosa.
19 Kang iku para Sadulur, sarana rahé
Yésus, ing samengko kita bisa lumebu
ing pasucèn kanthi kendel lan mantep,
20 amarga Panjenengané wis mbikak
dalan kang anyar sarta kang urip kanggo
kita metu ing geber, yaiku sarirané
piyambak,
21 lan kita duwé imam kang luhur
tumrap padalemané Allah.
22 Mulané, payo kita padha sowan ing
ngarsané Allah kanthi ati kang tulus lan

éklas sarta kalawan iman kang teguh,
amarga ati kita wis karesikaké saka
rumangsaning ati kang ala lan badan
kita wis dikumbah nganggo banyu kang
resik.
23 Payo padha dikukuh anggon kita
ngandhemi pangarep-arep kang wis dadi
paugeman kita, jalaran Panjenengané,
kang mrasetyakaké iku setya-tuhu.
24 Sarta payo padha nggatèkaké siji lan
sijiné, supaya kita padha atag-ingatag
ing katresnan lan ing panggawé kang
utama.
25 Kita aja padha ngedohi pakumpulan-
pakumpulan pangibadah kita, kaya
pakulinané sawenèhing wong, ananging
payo padha éling-ingélingaké, luwih
manèh anggon kita ngerti menawa dina
rawuhé Gusti wis saya cedhak.
26 Sabab menawa kita njarag gawé
dosa sawisé padha nampa kawruh bab
kayektèn, mesthi ora ana kurban manèh
kanggo mbirat dosa iku.
27 Ananging, anané mung nunggu
tekané pangadilan kang nggegirisi
sarta geni kang ngalad-alad kang bakal
ngobong sakèhé wong kang mbaléla.

28 Menawa ana wong nampik angger-
anggeré Musa, iku kaukum pati tanpa
palimirma kanthi paseksiné wong loro
utawa telu.
29 Méndah saya aboté paukuman kang
kudu kasangga déning wong kang
nyawiyah Putraning Allah, sarta kang
nganggep najis marang rahing prajanjian
kang nucèkaké wong mau, tuwin
nyenyamah marang Rohing sih-rahmat!
30 Jalaran kita sumurup marang
Panjenengané kang ngandika, "Piwales
iku wewenangingsun. Ingsun kang
bakal nindakaké piwales." Sarta manèh,
"Pangéran bakal ngadili umaté."
31 Nggegirisi banget, menawa tumiba
ing astané Allah kang gesang.
32 Padha élinga marang mangsa kang
wis kapungkur. Sawisé kowé tampa
pepadhang, kowé padha tahan nglakoni
perang kang abot sarta nandhang
sangsara,
33 dadia nalika kowé padha kagawé
tontonan kanthi diwewada sarta
dianiaya, samono uga nalika kowé
padha mèlu ngrasakaké panandhangé
wong-wong kang padha digawé kaya
mangkono mau.

34 Kowé pancèn padha ngrasakaké
panandhangé wong-wong ukuman sarta
nalika barang darbèkmu dijarah, kowé
nampa iku kanthi bungah, amarga kowé
padha sumurup, menawa kowé nduwèni
bandha kang luwih aji sarta langgeng.
35 Kang iku kowé aja padha ninggal
keyakinanmu, amarga gedhé ganjaran
kang wis kacawisaké.
36 Sabab kowé padha mbutuhaké
sabar-mantep, supaya sawisé kowé
nglakoni karsané Allah, padha nampa
apa kang wis kaprasetyakaké iku.
37 "Amarga kari sadhéla manèh,
malah mung kurang sadhéla banget,
Panjenengané kang bakal rawuh, bakal
tedhak, lan ora nyumenèkaké rawuhé.
38 Nanging wong kagunganingsun kang
bener iku uripé marga saka pracaya.
Déné menawa mundur saka pracayané,
Ingsun bakal ngemohi wong iku."
39 Balik kita iki dudu panunggalané
wong-wong kang mundur saka
pracayané sarta nemahi karusakan,
nanging wong-wong kang padha pracaya
lan kang kaparingan urip.

11 1 Pracaya iku dhasaring
samubarang kang kaarep-arep

sarta buktining samubarang kang ora
katon.
[2] Awit iya marga saka pracaya iku
wis kaparingaké paseksi menawa Allah
karenan marang para leluhur kita.
[3] Marga saka pracaya kita ngerti,
menawa alam jembar iku wis katitahaké
déning sabdaning Allah, satemah
samubarang kang katon iku dumadiné
saka kang ora katon.
[4] Marga saka pracaya Habél wis
nyaosaké kurban marang Allah kang
luwih becik katimbang kurbané Kain.
Marga saka iku banjur kaseksènan
menawa Habél iku wong bener, amarga
pisungsungé ndadèkaké keparengé
Allah sarta marga saka pracaya isih bisa
guneman sawusé mati.
[5] Marga saka pracaya Hénokh kapulung,
supaya ora ngalami mati, sarta ora ana
wong kang bisa nemokaké, jalaran wis
kapulung déning Allah. Awit sadurungé
kapulung, wis kaseksènan menawa
ndadèkaké keparengé Allah.
[6] Nanging menawa tanpa pracaya mokal
yèn ndadèkaké keparengé Allah. Jalaran
sapa kang sowan marang Allah, iku kudu
pracaya menawa Allah iku ana, sarta

maringi ganjaran marang wong-wong
kang padha temen-temen ngupaya
Panjenengané.
7 Marga saka pracaya, Nuh -- sawisé
kaparingan pepènget déning Allah bab
kang durung disumurupi - ngèstokaké
dhawuh yasa prau kanggo nylametaké
kulawargané; lan marga saka pracaya
iku panjenengané ngadili jagat sarta
dadi ahli-warising kayektèn, laras karo
pracayané.
8 Marga saka pracaya Abraham
mbangun-turut, nalika katimbalan
supaya bidhal menyang panggonan kang
bakal ditampèni dadi pusakané, banjur
bidhal mangka ora pirsa papan kang
katuju.
9 Marga saka pracaya, panjenengané
manggèn ing tanah kang kaprasetyakaké
iku dadi wong ngamanca sarta ana ing
kono panjenengané dedalem ana ing
kémah karo Ishak lan Yakub, kang padha
nunggil dadi ahli warisé prasetya.
10 Jalaran panjenengané ngantos-antos
kutha kang dhasaré karancang sarta
kayasa déning Allah.
11 Marga saka pracaya, sanadyan
Sara iku gabug, Abraham kagungan

putra-wayah, mangka yuswané wis
lungsé, amarga ngugemi menawa
Panjenengané kang paring prasetya iku
setya-tuhu.
12 Iya iku jalarané, saka wong siji,
kang prasasat wis mati, sumebar tedhak
turuné, kaya lintang ing langit sarta kaya
wedhi ing pinggir sagara kang tanpa
wilangan cacahé.
13 Iku mau kabèh sédané sajroning
pracaya, durung nganti nampani apa
kang kaprasetyakaké, nanging mung
mirsani sarta ngawé-awé saka kadohan,
lan padha ngakeni menawa dadi wong
manca sarta wong neneka ana ing bumi
iki.
14 Jalaran wong kang ngucap mangkono
iku nélakaké, menawa padha kepéngin
ngupaya tanah wutah-rah.
15 Saupama padha ngèngeti tanah asal
kang wis ditilar, padha kagungan waktu
kang ombèr kanggo kondur mrana.
16 Nanging saiki padha ngangen-angen
tanah wutah-rah kang luwih becik, yaiku
tanah wutah-rah kaswargan. Mulané
Allah ora lingsem sinebut Allahé, amarga
Panjenengané wis nyawisi kutha kanggo
wong-wong iku.

17 Marga saka pracaya Abraham
nalika kacoba, ngurbanaké Ishak.
Panjenengané kang wis nampi prasetya
iku, kanthi éklas ngurbanaké putrané
ontang-anting,
18 sanadyan marang panjenengané wis
dingandikani, "Trah kang saka Ishak iku
kang bakal kasebut turunira."
19 Jalaran panjenengané manggalih,
menawa Allah kwaos nangèkaké wong,
sanadyan saka antarané wong mati,
sarta saka ing kono anggoné prasasat
nampèni wangsul putrané.
20 Marga saka pracaya, Ishak anggoné
mberkahi marang Yakub lan Esau kanthi
mirsani kang bakal kelakon ing tembé.
21 Marga saka pracaya, Yakub nalika
ndungkap sédané, mberkahi putrané
Yusuf sakaroné, banjur nyembah karo
séndéan bongkoting tekené.
22 Marga saka pracaya, Yusuf nalika
ndungkap sédané, martosaké bab bakal
budhalé Banisraèl sarta paring piweling
bab layoné.
23 Marga saka pracaya, Musa sawusé
miyos, diumpetaké déning rama-ibuné
lawasé telung sasi, amarga padha pirsa

menawa bayi iku bagus rupané sarta ora
wedi marang préntahé raja.
24 Marga saka pracaya, Musa nalika
wis diwasa ora karsa sinebut putraning
putriné Firaun,
25 jalaran panjenengané milih nandhang
sangsara bareng karo umaté Allah,
katimbang ngraosaké kamuktèning dosa
kang mung sawatara mangsa,
26 sarta nganggep, menawa
karèmèhaké amarga Kristus iku
bandha kang luwih aji katimbang karo
sakèhing raja-branané Mesir, awit kang
dianti-anti iku ganjaran.
27 Marga saka pracaya, panjenengané
nilar Mesir, ora ajrih marang dukané
raja; awit tansah madhep-mantep
prasasat pirsa apa kang ora katon.
28 Marga saka pracaya, panjenengané
mranata Paskah sarta pangepyuring
getih, supaya juru-tumpes anak-anak
pambarep, aja nganti nggepok umat.
29 Marga saka pracaya, wong-wong iku
padha nyabrang Sagara Abang kaya
ngliwati dharatan, mangka wong-wong
Mesir padha klelep, nalika uga padha
nyoba mangkono.

30 Marga saka pracaya, bètèngé Yérikho
padha jugrug, sawusé diubengi pitung
dina lawasé.
31 Marga saka pracaya, Rahab sundel
iku, ora katut katumpes bareng karo
wong-wong duraka, amarga wus
nampani para telik-sandi iku kalawan
becik.
32 Apa manèh kang kudu
dakpratélakaké? Jalaran aku bakal
kakurangan waktu, menawa aku arep
nyaritakaké bab Gidéon, Barak, Simson,
Yéfta, Daud lan Samuèl sarta para nabi,
33 kang marga saka pracaya wis
nelukaké nagara-nagara, nindakaké
apa kang bener, nampani apa kang wis
kaprasetyakaké, mbungkem cangkemé
singa-singa,
34 nyirep geni kang ngalad-alad.
Wong-wong iku wis padha oncat
saka landhepé pedhang, wis nampa
kakuwatan sajroné kaapesan, wis padha
dadi santosa sajroning paprangan sarta
wis ngunduraké wadya-balané mungsuh.
35 Para wong wadon wis padha nampani
manèh wong-wongé kang wis mati,
jalaran padha ditangèkaké. Nanging
wong-wong liyané padha pilih dipilara

sarta ora gelem diluwari, supaya padha
tampa patangèn kang luwih becik.
36 Ana manèh kang dipoyoki lan
disiksa, lan ana uga kang dibanda sarta
dikunjara.
37 Padha dibenturi watu, digraji, dipatèni
kalawan pedhang; wong-wong iku padha
nglembara kalawan manganggo walulang
wedhus gèmbèl lan walulang wedhus
jawa, padha nandhang kacingkrangan,
kasangsaran sarta panganiaya.
38 Jagat iki ora pantes kanggo wong-
wong iku, mulané padha ngumbara ana
ing pasamunan sarta ing pagunungan,
sajroning guwa-guwa sarta sela-selaning
gunung.
39 Nanging wong-wong iku kabèh padha
ora tampa apa kang kaprasetyakaké iku,
sanadyan marga saka pracaya wis padha
kaparingan paseksi kang becik.
40 Jalaran Allah wis nyawisi kang luwih
becik tumrap kita; wong-wong iku
ora bakal bisa nggayuh kasampurnan
menawa ora bareng kita.

12 1 Sarèhné kita padha duwé seksi
akèh, kayadéné méga kang
ngupengi kita, mulané payo padha
mbuwang sakèhing momotan sarta dosa

kang tansah ngganggu-gawé kita, sarta
kalawan sabar-mantep padha lumayu
ing pabalapan kang kawajibaké tumrap
kita.
2 Payo padha kita lakoni kanthi mandeng
marang Yésus, kang ngasta kita ing
sajroning pracaya sarta kang nuntun
pracaya kita marang kasampurnan, kang
ora ngétang kanisthan kalawan mantep
manggul salib, sulihing kabungahan kang
kacawisaké kagem Panjenengané kang
samengko lenggah ana ing tengening
dhamparé Allah.
3 Padha tansah élinga marang
Panjenengané, kang mantep anggoné
nahan pambantahé para wong dosa
kang samono kerasé iku marang
Panjenengané, supaya kowé aja nganti
padha lesu sarta semplah.
4 Anggonmu perang nglawan dosa, iku
durung nganti padha ngwutahaké getih.
5 Apa kowé wis padha lali marang
pitutur kang kadhawuhaké marang kowé
kaya marang para putra, "Hé anakku,
aja nyepèlèkaké panggulawenthahé
Gusti, sarta aja padha nglokro menawa
kowé diélikaké;

[6] amarga Gusti matrapi marang wong
kang ditresnani, sarta nggitiki wong
kang kaanggep putra."
[7] Menawa kowé padha ngalami
dipatrapi, Allah iya ngrengkuh kowé kaya
marang putra. Endi ta ana anak kang ora
tau dipatrapi déning bapakné?
[8] Nanging menawa kowé ora tau
dipatrapi, kang kudu kasandhang déning
saben wong, dadiné kowé iku anak jadah
lan dudu putra.
[9] Sabanjuré, saka bapa kita kadonyan,
kita wis padha kapatrapan, mangka iya
padha kita éringi, menawa mangkono
apa kita ora kudu padha luwih sumuyud
marang Ramané sakèhing roh, supaya
kita kepareng urip?
[10] Bapa kita matrapi kita mung sawatara
mangsa miturut apa baé kang kaanggep
becik, nanging Panjenengané anggoné
matrapi kita iku murih beciké, supaya
kita kapanduman kasucèné.
[11] Sarupaning patrapan iku samangsa
lagi kaparingaké pancèn ora
mbungahaké, nanging nyedhihaké.
Déné saterusé banjur metokaké wohing
kayektèn kang njalari tentrem marang

wong-wong kang padha dikulinakaké ing
bab iku.
12 Mulané, kencengna tangan kang
lemes sarta dhengkul kang théklok;
13 sarta ratakna dalan kang kaambah
sikilmu, supaya kang pincang aja nganti
kesléo, nanging dadi waras.
14 Padha ngudia rukun karo wong
kabèh, sarta ngaraha marang kasucèn;
jalaran tanpa kasucèn, ora ana wong siji
baé kang bakal ndeleng Gusti.
15 Padha diprayitna aja nganti ana wong
kang ngoncati sih-rahmaté Allah, murih
aja nganti ana oyod pait kang thukul
sarta nuwuhaké rerusuh kang njemberi
wong akèh.
16 Aja ana wong kang laku cabul
utawa kang nduwèni napsu kang asor
kaya Ésau, kang ngedol wewenangé
pambarep diijolaké pangan sapiring.
17 Jalaran kowé padha sumurup,
menawa sawisé mangkono, nalika
arep nampani berkah, ditampik, sabab
ora olèh wewengan kanggo ndandani
kaluputané, sanadyan anggoné ngupaya
iku kanthi mbrebes mili.
18 Amarga kowé ora padha marani
apa kang bisa kagepok sarta geni kang

ngalad-alad, tuwin marang pepeteng,
palimengan lan prahara,
19 marang unining kalasangka apadéné
unining swara, kang ndadèkaké para
kang padha krungu nganti padha
nyuwun, supaya aja nganti dingandikani
manèh,
20 awit padha ora betah ngrungokaké
dhawuh iki, "Dalah kéwan baé menawa
ana kang nggepok gunung iku, kudu
dibenturi watu."
21 Sanyata nggegirisi banget apa kang
dipirsani iku, nganti Musa ngandika,
"Aku giris banget lan gumeter."
22 Nanging kowé wis sowan menyang
Gunung Sion, menyang kuthané
Allah kang gesang, Yérusalèm
kaswargan sarta marang golongané
malaékat maèwu-èwu, kumpulan kang
mbungahaké,
23 sarta marang pasamuwané para
pambarep, kang jenengé wis padha
katulis ana ing swarga, sarta marang
Allah, kang ngadili sakèhing wong, sarta
marang rohé para wong mursid kang wis
kasampurnakaké,
24 sarta marang Yésus, Pantawisé
prajanjian anyar, lan marang rah

pangepyuran, kang swarané luwih cetha
tinimbang karo getihé Habél.
25 Padha diprayitna, supaya aja
nampik Panjenengané, kang medhar
pangandika. Jalaran menawa wong-wong
kang nampik Panjenengané kang wis
paring dhawuh pepènget ana ing bumi
iki, ora bisa oncat, apamanèh kita,
menawa kita nyingkur Panjenengané,
kang ngandika saka ing swarga.
26 Ing nalika iku swantené nggonjingaké
bumi, nanging samengko Panjenengané
paring prasetya, "Ingsun bakal
ngoregaké sapisan engkas, ora mung
bumi baé, malah langit uga."
27 Tembung, "sapisan engkas" iku
nuduhaké owah-owahané samubarang
kang bisa digonjingaké, yaiku apa kang
katitahaké, supaya apa kang ora bisa
gonjing, iku lestari.
28 Kang iku, sarèhné kita padha
nampani kraton kang ora bisa gonjing,
payo padha ngaturaké panuwun lan
padha ngabekti marang Allah, miturut
patrap kang ndadèkaké keparengé,
kalawan urmat lan wedi-asih,
29 sabab Allah kita iku latu kang
memangsa.

13 [1] Katresnaning pasaduluran iku
padha rumatana!
[2] Kowé aja padha lali awèh
pamondhokan marang wong, jalaran
saka mangkono iku ana sawenèhing
wong tanpa kasumurupan wis ngaturi
pasugatan marang para malaékat.
[3] Padha élinga marang para wong
ukuman, jalaran kowé dhéwé uga wong
ukuman. Sarta padha élinga marang
wong kang padha dianiaya, amarga
kowé dhéwé iya isih urip ana ing donya
iki.
[4] Kowé kabèh padha ngajènana marang
nenikahan sarta aja padha njemberi
paturon, sabab Allah bakal matrapi para
sundel lan kang laku jina.
[5] Kowé aja padha karem bandha
sarta padha marema karo apa kang
kokduwèni. Awit Allah wis ngandika,
"Ingsun ora bakal négakaké sira lan sira
ora pisan-pisan bakal suntilar."
[6] Marga saka iku kanthi yakin kita
bisa ngucap, "Gusti iku pitulunganku.
Aku bakal ora wedi. Manungsa bisa
manggawé apa marang aku?"
[7] Padha élinga marang para
pemimpinmu, kang wis nggelaraké

pangandikané Allah marang kowé. Padha
gatèkna wekasaning sugengé sarta
padha nulada pracayané.
8 Yésus Kristus iku tetep, ora éwah-
gingsir, iya wingi, dina iki sarta ing
salawas-lawasé.
9 Kowé aja nganti padha kena
disasaraké déning piwulang warna-
warna liyané. Kang becik yaiku menawa
atimu kasantosakaké déning sih-rahmat,
sarta ora marga déning pranatan bab
pangan kang ora maédahi marang wong
kang nuruti iku.
10 Kita padha duwé misbyah, sarta
wong-wong kang padha ngladèni kémah
iku ora kena mangan apa kang saka ing
misbyah kono.
11 Mungguh kéwan-kéwan kang getihé
kagawa lumebu menyang pasucèn
déning imam agung minangka kurban
pambirating dosa, iku padha kaobong
ing saknjabané kémah.
12 Iya iku sababé Yésus wis nandhang
sangsara ana ing saknjabaning gapura
kanggo nucèkaké umat kagungané
sarana rahé piyambak.

13 Awit saka iku, payo padha sowan
Panjenengané ana ing saknjabané
kémah sarta nglabuhi kanisthané.
14 Amarga ana ing kéné kita padha
ora duwé kutha kang tetep; kita padha
ngupaya kutha ing jaman kang bakal
kelakon.
15 Kang iku, lantaran Panjenengané,
payo kita padha tansah saos kurban
pamuji-sokur marang Allah, iya iku kang
arupa tetembungan kang ngluhuraké
asmané.
16 Sarta aja lali nindakaké kabecikan
lan awèh pitulungan, jalaran iya
kurban-kurban kang mangkono iku kang
ndadèkaké keparengé Allah.
17 Padha mbangun-turuta sarta
sumuyuda marang para pemimpinmu,
awit iku kang padha rumeksa marang
nyawamu, kaya wong kang padha
kudu ngunjukaké tanggung-jawab,
supaya anggoné padha nglakoni kalawan
bungah, ora kalawan ngesah, awit iku
ora bakal maédahi tumrap kowé.
18 Aku padha tansah dongakna,
jalaran aku padha yakin, menawa duwé
rumangsaning ati kang becik, amarga

ing sakèhé prakara kita padha ngarah
urip kang becik.
[19] Mligi kanggo kowé aku pitutur, kowé
padha nglakonana, supaya aku énggal
diparengaké bali nunggal karo kowé.
[20] Muga Allahing tentrem-rahayu, kang
kanthi rahing prasetyan kang langgeng
wis mungokaké saka ing antarané
wong mati, Pangèn Agung tumrap para
wedhus, yaiku Yésus, Gusti kita,
[21] mirantènana kowé kalawan
samubarang kabèh kang becik kanggo
nindakaké karsané, sarta nindakaké
ana ing urip kita apa kang ndadèkaké
keparengé, lantaran Yésus Kristus.
Panjenengané iku kang sayogya
kamulyakaké nganti salawas-lawasé!
Amin.
[22] Aku pitutur marang kowé, para
Sadulur, tembung-tembung pepéling iki
padha tampanana kalawan éklasing ati,
sanadyan layangku marang kowé iki
mung cekak.
[23] Wruhanamu, Timotius, sadulur kita,
wis mangkat. Samangsa wis teka, aku
arep énggal bebarengan niliki kowé
kabèh.

[24] Salamku tumekaa marang sakèhing
pemimpinmu sarta marang para suci.
Para Sadulur tunggal pracaya ing Italia
ngirimaké salam marang kowé kabèh.
[25] Sih-rahmat nunggila ing kowé kabèh.

Yakobus

1 [1] Salam saka Yakobus, abdiné Allah
sarta Gusti Yésus Kristus, marang
taler rolas kang padha sumebar ana ing
tanah manca.
[2] Para Sadulurku, anggepen sawijining
kabungahan, menawa kowé padha
ketaman pacoban mawarna-warna,
[3] jalaran kowé padha sumurup, menawa
pandadar tumrap pracayamu iku
nuwuhaké sabar-mantep.
[4] Sarta sabar-mantep iku karebèn
metokaké woh kang sembada, supaya
kowé dadi sampurna lan mateng, sarta
ora kekurangan sawiji apa.
[5] Déné menawa panunggalanmu ana
kang kekurangan kawicaksanan, iku
nyuwuna marang Allah, kang maringi
marang sakèhing wong kanthi loma lan
éklas, temah bab iku bakal kaparingaké
marang wong mau.
[6] Mung baé panyuwuné iku kanthia
pracaya sarta aja nganggo mangu-
mangu, jalaran wong kang mangu-
mangu iku padha karo ombaking

sagara, kang diontang-antingaké angin
mrana-mréné.
7 Wong kang mangkono iku aja duwé
pangira, menawa bakal nampa apa-apa
saka Gusti.
8 Jalaran wong kang atiné mangro ora
bakal tentrem uripé.
9 Sadulur tunggal pracaya kang asor iku
mongkoga samangsa kaluhuraké,
10 déne wong kang sugih iku mongkoga
menawa kaasoraké, jalaran wong iku
bakal sirna kaya kembanging suket.
11 Sabab sawisé srengéngé mlethèk
kalawan panasé kang sumelèt,
banjur ngalumaké suket iku,
temahan gogrog kembangé, lan
ilang kaéndahané.Mangkono uga
mungguh wong sugih iya bakal sirna ing
sajroné sakèhing pambudidayané.
12 Rahayu wong kang tanggon sajroné
kena pacoban, jalaran menawa wis katitik
tanggon, bakal nampani makuthaning
urip, kang wis kaprasetyakaké déning
Allah marang wong-wong kang padha
tresna marang Panjenengané.
13 Menawa ana wong kang kena
pacoban aja ngucap mangkéné, "Aku
lagi dicoba déning Allah." Jalaran Allah

ora kena cinoba déning piala, sarta
Panjenengané ora nindakaké panyoba
marang sapa baé.
14 Nanging saben wong dicoba déning
pepénginané dhéwé, jalaran disèrèd
sarta dipilut déning pepénginan iku.
15 Menawa pepénginan iku wis
ngandhut, banjur nglairaké dosa, lan
samangsa dosa iku wis katog, bakal
nglairaké pati.
16 Para Sadulur kang daktresnani, aja
padha kesasar!
17 Saben peparing kang becik sarta
saben ganjaran kang sampurna iku asalé
saka ing ngaluhur, katedhakaké saka
Ramané sakèhing pepadhang; kagem
Panjenengané ora ana owah-owahan
utawa gambaran bakal molah-malih.
18 Marga saka karsané piyambak,
Panjenengané wis nitahaké kita sarana
pangandikaning kayektèn, supaya kita
padha ana ing tataran kang pinasthi
padha dadi putra pambarep ing antarané
para titah kabèh.
19 Para Sadulur kang daktresnani,
élinga marang bab iki: saben wong
diénggal menawa ngrungokaké, nanging

disarèh ing wicara, mangkono uga
disarèh menawa nepsu;
20 jalaran nepsuné manungsa iku ora
nindakaké apa kang bener ana ing
ngarsané Allah.
21 Mulané padha buwangen samubarang
kang reged sarta piala kang kliwat akèh
lan tampanana kanthi sarèh pangandika
kang katanem ing atimu, kang kwaos
nylametaké nyawamu.
22 Nanging padha dadia wong kang
nindakaké pangandika, aja mung
ngrungokaké baé, jalaran menawa
ora mangkono kowé ngapusi awakmu
dhéwé.
23 Sabab menawa wong mung
ngrungokaké baé, mangka ora dilakoni,
iku umpamané kaya wong kang lagi
maspadakaké rainé kang sanyatané ana
ing pangilon.
24 Sawusé ndeleng rainé banjur lunga
lan nuli lali kaya apa rupané mau.
25 Nanging sapa kang nliti angger-
angger kang sampurna, yaiku angger-
angger kang mardikakaké manungsa,
sarta padha diantepi, dadi ora mung
ngrungokaké banjur nglalèkaké, nanging

nglakoni kanthi temen-temen, iku bakal
rahayu marga saka panggawéné iku.
[26] Saupama ana wong kang rumangsa
ngibadah, mangka ora mekak ilaté, iku
ngapusi awaké dhéwé, lan pangibadahé
tanpa guna.
[27] Pangibadah kang murni sarta tanpa
cacad ana ing ngarsané Allah, Rama
kita, yaiku mitulungi bocah lola sarta
para randha sajroning kasusahané lan
njaga supaya awaké dhéwé aja nganti
dijemberaké déning donya.
2 [1] Para Sadulurku, kowé kabèh
iku wong kang pracaya marang
Yésus Kristus, Gusti kita kang mulya,
anggonmu ngetrapaké pracayamu aja
nganggo mawang wong.
[2] Jalaran saupama ana wong kang
lumebu ing kumpulanmu nganggo ali-ali
emas, nganggo sandhangan sarwa
mompyor sarta uga ana wong miskin
kang lumebu nganggo sarwa ala,
[3] nuli kowé padha ngajèni marang
wong kang manganggo mompyor mau,
banjur matur mangkéné, "Panjenengan
kula aturi lenggah ing papan ingkang
saé punika!", mangka tumrap wong
kang miskin kokkandhani mangkéné,

"Sampéyan ngadeg ngriku mawon!"
utawa, "Sampéyan linggih ngandhap
ngriki celak ancik-anciking suku kula!",
4 apa kowé ora wis padha mbédak-
mbédakaké sajroning atimu sarta
tumindak dadi hakim kang ala pikirané?
5 Rungokna ta, para Sadulur kang
daktresnani, Allah apa ora wis milih
wong-wong kang dianggep miskin déning
donya iki padha dadi sugih mungguhing
pracaya sarta padha dadi ahli-warisé
Kraton kang wis diprasetyakaké marang
kang padha nresnani Panjenengané?
6 Nanging kowé iku wis padha
ngrèmèhaké wong-wong miskin. Malah
apa dudu wong-wong sugih kang padha
nindhes sarta nyèrèd kowé marang
pangadilan?
7 Apa dudu wong-wong iku kang padha
nyenyamah Asma kang mulya, kang
njalari kowé padha dadi kagungané
Allah?
8 Menawa kowé netepi angger-angger
kang utama kang katulis ing Kitab Suci,
"Sira tresnaa marang sapepadhanira
dikaya marang awakira dhéwé," dadi
kowé tumindak becik.

9 Nanging, menawa kowé padha
mawang wong, kowé nglakoni dosa sarta
marga saka angger-angger iku, banjur
nyata yèn kowé nglakoni panerak.
10 Jalaran sing sapa ngangkah netepi
sakèhing angger-angger iku, nanging
nglirwakaké sapérangan baé, wong iku
kaluputan marang sakabèhé.
11 Jalaran Panjenengané kang
ngandika, "Sira aja laku bédhang," iku
uga ngandika, "Sira aja mematèni."
Dadi sanadyan kowé ora laku bédhang,
nanging yèn kowé gawé pepati, iku
kowé uga dadi wong kang nerak
angger-angger.
12 Ngucapa sarta tumindaka kaya wong
kang bakal diadili sarana angger-angger
kang mardikakaké wong.
13 Sabab pangadilan kang tanpa
welas bakal tumindak ing ngatasé
wong kang ora nglakoni kawelasan.
Mangka kawelasan iku bakal ngungguli
pangadilan.
14 Para Sadulurku, apa gunané menawa
ana wong ngaku nduwèni iman, mangka
ora ana panggawéné? Apa imané bisa
gawé slameté wong iku?

15 Saupama ana sadulur lanang utawa
wadon kang ora duwé sandhangan lan
kekurangan pangan sadina-dinané,
16 banjur ana panunggalanmu kang
kandha mangkéné, "Mangkata,
daksangoni slamet, nganggoa
sandhangan kang anget sarta mangana
sing wareg", nanging ora mènèhi wong
iku apa kang dadi kabutuhaning ragané,
iku apa gunané?
17 Mangkono uga tumraping iman:
Menawa iman iku ora dikanthèni
panggawé, iman iku sejatiné mati.
18 Nanging bisa uga ana kang ngucap
mangkéné, "Kowé duwé iman, aku
duwé panggawé." Aku bakal mangsuli,
"Coba tuduhna imanmu kang tanpa
panggawé iku marang aku lan aku bakal
nuduhaké marang kowé imanku saka
panggawé-panggawéku."
19 Kowé pracaya menawa mung ana
Allah siji? Iku becik! Nanging sétan-sétan
uga pracaya bab iku lan padha gumeter.
20 Hé, wong bodho, apa kowé saiki
gelem ngakoni, menawa iman tanpa
panggawé iku iman kang kothong?
21 Abraham, Rama leluhur kita, apa ora
awit saka pandamel-pandamelé anggoné

kaleresaké, nalika panjenengané
ngurbanaké Ishak, kang putra, ana ing
misbyah?
22 Kowé padha sumurup, menawa
iman iku tumindaké bebarengan karo
panggawé-panggawéné, sarta marga
saka panggawé-panggawé iku iman dadi
sampurna.
23 Sarana mangkono kayektènan
pangandika kang surasané mangkéné,
"Abraham pracaya marang Allah,
mangka iya pracayané iku kang njalari
Abraham kaanggep bener." Amarga saka
iku Abraham kasebut, "Mitrané Allah."
24 Dadi kowé padha sumurup, menawa
manungsa anggoné kabeneraké jalaran
saka panggawé-panggawéné, ora mung
saka imané baé.
25 Mangkono uga Rahab, sundel iku,
apa ora awit saka panggawéné anggoné
kabeneraké, nalika ndhelikaké para
telik-sandi ana ing omahé, banjur
mitulungi lolosé, metu dalan liya?
26 Sabab kayadéné badan tanpa roh
iku mati, mangkono uga iman tanpa
panggawé iku iya mati.

3 1 Para Sadulurku, ing antaramu aja
akèh kang kepéngin dadi pamulang;

jalaran kowé padha sumurup, menawa
kita dadi pamulang, bakal padha diadili
kalawan ukuran kang luwih abot.
2 Amarga kita kabèh padha kaluputan
ing prakara akèh; sing sapa ora
kaluputan ing tetembungané, iku wong
sampurna, kang bisa ngendhalèni awaké
sakojur.
3 Kita padha masang kendhali ing
cangkemé jaran, satemah nuruti
kekarepan kita, sarana mangkono kita
uga bisa ngendhalèni awaké sakojur.
4 Lan manèh, delengen kapal-kapal,
sanadyan gedhé banget sarta kasurung
déning angin banter, nanging kena
dikendhalèni déning kemudhi kang cilik
banget, manut kekarepané jurumudhi.
5 Mangkono uga ilat, sanadyan
dadi pérangané badan kang cilik,
éwadéné kena kanggo ngandhakaké
prakara-prakara kang gedhé. Delengen,
sanadyan mung sapelik, geni iku bisa
ngobong alas kang gedhé.
6 Ilat iku iya geni, prasasat jagating
kadurakan sarta dadi gegelitaning badan
kita, kang bisa ngregedi badan sakojur
sarta ngobong jantraning urip kita; déné

ilat iku dhéwé kaobong déning geni
naraka.
7 Sakèhing kéwan alas, bangsa manuk,
sarta kéwan-kéwan rumangkang lan
kéwan-kéwan segara, iku bisa digawé
tutut lan wis kelakon digawé ora giras
déning manungsa,
8 nanging ora ana wong sijia baé kang
bisa gawé tututing ilat; ilat iku piala kaya
kéwan galak kang ora kena dikendhalèni
sarta kebak wisa kang mematèni.
9 Sarana ilat kita memuji Pangéran,
Rama kita, sarta sarana ilat kita
nyupatani manungsa, kang katitahaké
manut citraning Allah,
10 saka cangkem siji metokaké berkah
lan ipat-ipat. Kang mangkono iku, para
Sadulurku ora kena kelakon.
11 Apa ana sumber kang metu banyuné
tawa lan pait saka etuk siji?
12 Para Sadulurku, wit anjir apa bisa
awoh zaitun utawa wit anggur awoh
anjir? Mangkono uga etuk banyu asin
ora bisa metokaké banyu tawa.
13 Sapa panunggalanmu kang
wicaksana sarta wasis? Iku nuduhna
panggawéné sarana caraning urip kang

becik marga kawicaksanan kang tuwuh
saka alusing budi.
14 Menawa kowé padha duwé rasa mèri
sarta mung mikir awakmu dhéwé, kowé
aja padha gumunggung sarta aja goroh,
iku nglawan kayektèn!
15 Iku dudu kawicaksanan kang
tumurun saka ngaluhur, nanging saka
donya iki, saka kamanungsan, saka
sétan-sétan.
16 Sabab angger ana kumèrèn sarta
mung mikir awaké dhéwé, mesthi
bakal ana kekisruhan sarta sarupané
panggawé ala.
17 Balik kawicaksanan kang saka
ngaluhur, iku kang dhisik dhéwé murni,
sabanjuré dhemen rukun, alus ing budi,
mbangun turut, sugih kawelasan sarta
awoh kabecikan, ora ilon-ilonen sarta
ora lamis.
18 Déné woh kang dumadiné saka
kayektèn iku kasebaraké sajroning
tentrem-rahayu kanggo wong-wong
kang padha mbangun tentrem-rahayu.

4 1 Saka ngendi tekané pasulayan sarta
cecongkrahan ing antaramu iku?
Apa ora saka hawa-napsu kang tansah
peprangan ana ing awakmu?

2 Kowé padha mélik sawijining barang,
nanging ora kelakon, kowé banjur
mematèni; kowé mèri, nanging ora
kegayuh tujuanmu, kowé banjur padha
padu sarta kerengan. Kowé padha
ora olèh apa-apa, amarga padha ora
ndedonga.
3 Utawa kowé uga padha ndedonga,
nanging padha ora olèh apa-apa,
amarga anggonmu ndedonga iku
klèru, jalaran apa kang koksuwun iku
bakal kokentèkaké kanggo ngumbar
hawa-napsumu.
4 Hé wong kang padha ora setya, apa
kowé padha ora sumurup, menawa
memitran karo donya iku ateges sesatron
karo Allah? Kang iku sapa baé kang dadi
mitrané donya, iku ndadèkaké awaké
dhéwé satruné Allah.
5 Aja padha duwé pangira, menawa
tanpa alesan ing Kitab Suci iku ana
pangandika, mangkéné, "Roh kang
wis kadunungaké Allah ana ing kita,
dikarsakaké kalawan cemburu."
6 Nanging sih-rahmat kang kaparingaké
marang kita iku ngluwihi saka iku.
Mulané Panjenengané ngandika, "Allah
nglawan wong kang gumunggung,

nanging maringi sih-rahmat marang
wong kang andhap-asor."
7 Mulané padha tumungkula
ing ngarsané Allah, sarta Iblis
tanggulangana, temahan bakal lumayu
saka ngarepmu!
8 Padha nyedhaka marang Allah, temah
Panjenengané bakal nyelaki kowé.
Tanganmu padha resikana, hé para wong
dosa lan sucèkna atimu, hé wong kang
atiné mangro!
9 Padha rumangsaa cilaka, padha
prihatina lan nangisa; guyumu salinana
tangis, sarta kabungahanmu salinana
prihatin.
10 Esorna badanmu ana ing ngarsané
Pangéran, sarta Panjenengané bakal
ngluhuraké kowé.
11 Para Sadulur, kowé aja padha
mitenah siji marang sijiné! Sapa baé
kang mitenah utawa ngadili saduluré
tunggal pracaya, iku nacad lan ngadili
angger-angger, sarta menawa kowé
ngadili angger-angger, dadiné kowé
dudu kang nglakoni angger-angger,
nanging dadi hakimé.
12 Mung ana siji kang yasa angger-
angger sarta kang jumeneng Hakim,

yaiku Panjenengané kang kwaos
nylametaké sarta numpes. Nanging
kowé iku sapa, déné arep ngadili
pepadhamu?
13 Dadi saikiné, hé kowé kang padha
duwé ujar mangkéné, "Dina iki utawa
sésuk aku arep mangkat menyang kutha
anu, sarta arep manggon ing kono
setaun lawasé, laku dagang sarta olèh
bathi",
14 mangka kowé padha ora sumurup
apa kang bakal kelakon ing dina sésuk.
Apa ta tegesé uripmu iku? Uripmu iku
padha karo uwab, katon mung sadhéla
banjur sirna.
15 Sing bener kowé kudu ngucap
mangkéné, "Menawa Pangéran
marengaké, aku bakal urip lan tumindak
mangkéné lan mangkono."
16 Nanging saiki kowé ngegungaké
umukmu. Sarta sarupané gumunggung
kang mangkono iku salah.
17 Dadi sing sapa ngerti bab panggawé
becik, mangka ora nglakoni, iku dosa.
5 1 Mulané saiki, hé para wong sugih,
padha nangisa sarta sesambata
marga tekané kasangsaran kang bakal
nempuh kowé!

2 Kasugihanmu wis bobrok sarta
sandhanganmu wis dipangan renget.
3 Mas sarta pérakmu kapangan timbrah
lan timbrahé bakal dadi paseksi tumrap
kowé kabèh, sarta bakal memangsa
dagingmu kayadéné geni. Kowé wis
numpuk bandha ing dina-dina wekasan
iki.
4 Sanyatané wis kaprungu pasambat
sora, marga opahing buruh kang wis
ngenèni pametuné tegalanmu koktahan,
sarta wis kapireng déning Pangéran
ing sakèhing tumitah pangresulané
wong-wong kang padha ngenèni
panènanmu.
5 Kowé wis urip mukti-wibawa lan
mubra-mubru ing donya, sarta kowé wis
nyeneng-nyenengaké atimu ngarepaké
dina panyembelèhan.
6 Kowé wis ngukum wong bener, malah
kokpatèni lan iku ora bisa nglawan kowé.
7 Kang iku para Sadulur, padha
disabar nganti tumeka rawuhé Gusti!
Satemené wong tani iku nganti-anti
pametuning buminé kang akèh ajiné
sarta disrantèkaké, nganti tekané udan
mangsa rontog lan udan mangsa semi.

8 Kowé uga padha disabar, santosakna
atimu, amarga rawuhé Gusti wis cedhak!
9 Para Sadulur, kowé aja padha
nggresah sarta luput-linuputaké, supaya
kowé aja nganti nampa paukuman.
Satemené Hakim wus jumeneng ing
ngarep lawang.
10 Para Sadulur, padha nulada
kasangsaran sarta kasabarané para nabi,
kang wis medharaké pangandika atas
asmané Pangéran.
11 Satemené kita padha nyebut rahayu
tumrap wong-wong kang padha sabar-
mantep iku; kowé wis padha krungu
bab sabar-mantepé Ayub, sarta wis
padha sumurup apa kang ing wekasané
kacawisaké déning Pangéran tumrap
panjenengané, amarga Pangéran iku
maha-asih sarta maha-welas.
12 Nanging kang perlu dhéwé para
Sadulurku, poma kowé aja padha
sumpah demi swarga utawa demi bumi
utawa demi apa baé liyané. Menawa iya,
kandhaa iya, menawa ora, kandhaa ora,
supaya kowé ora kena ing paukuman.
13 Menawa ana panunggalanmu kang
nandhang sangsara, ndedongaa!

Menawa ana kang seneng atiné,
ngidunga!
14 Menawa ana panunggalanmu
kang lara, ngaturana para pinituwané
pasamuwan, supaya padha ndongakaké
sarta ngusapi nganggo lenga wong mau
atas asmané Gusti.
15 Pandonga kang metu saka pracaya
bakal nylametaké wong lara, lan Gusti
bakal nangèkaké wong iku; déné
menawa wong mau wis gawé dosa,
dosané iku bakal diapura.
16 Marga saka iku kowé padha
akon-ingakonana dosamu sarta donga-
dinongakna supaya kowé padha waras.
Pandongané wong bener, iku gedhé
dayané lan ana wohé.
17 Élia iku manungsa lumrah kaya kita,
sarta panjenengané wis ndedonga kanthi
temen-temen, supaya aja ana udan,
sarta ing bumi iya ora ana udan nganti
telung taun nem sasi lawasé.
18 Panjenengané banjur ndedonga
manèh sarta langit banjur ngesokaké
udan lan bumi banjur metokaké woh.
19 Para Sadulurku, menawa ana
panunggalanmu kang nyimpang saka

kayektèn sarta ana wong kang njalari
mratobaté,
[20] padha sumurupa, sapa kang
ndadèkaké wong dosa mratobat saka
dalané kang nasar, iku bakal ngentasaké
nyawané wong iku saka ing pati sarta
nutupi dosa akèh.

1 Petrus

1 [1] Saka Pétrus rasulé Yésus Kristus,
marang kang padha neneka kang
sumebar ana ing Pontus, Galatia,
Kapadokia, Asia-Cilik lan Bitinia,
[2] yaiku para kang pinilih miturut
rancanganing Allah, Rama kita sarta
kang kasucèkaké déning Roh, supaya
padha mbangun turut marang Yésus
Kristus lan nampa ciprataning rahé.
Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saya
lubèra ana ing kowé.
[3] Pinujia Allah Ramané Gusti kita Yésus
Kristus, kang marga saka gunging
sih-palimirmané wis nglairaké kita
manèh lantaran wunguné Yésus Kristus
saka ing antarané wong mati, tumuju
marang urip kang kebak pangarep-arep
[4] supaya kita padha nampa warisan
kang ora bisa sirna, ora cacad sarta
ora bisa alum, kang kasimpen ana ing
swarga kanggo kowé kabèh.
[5] Yaiku, kowé kang padha kareksa
déning pangwaosing Allah lantaran
pracayamu, sajroné kowé padha

nganti-anti marang karahayon kang wis
cumawis bakal kawedharaké ing dina
wekasaning jaman.
6 Padha bungah-bungaha tumrap
prakara iku, sanadyan ing wektu iki
kowé isih padha kudu prihatin kanggo
sawatara mangsa, marga saka anané
godha-rencana warna-warna.
7 Kabèh iku mau pamrihé supaya tetéla
murnining pangandelmu -- kang ajiné
luwih banget katimbang ajiné emas
kang bisa rusak, kang kauji murniné
srana geni -- satemah kowé padha
nampa pangalembana sarta kamulyan
lan kaurmatan, bésuk ing dinané Yésus
Kristus mbabaraké sarirané.
8 Sanadyan kowé durung tau weruh
dhéwé Panjenengané, nanging padha
koktresnani. Kowé pracaya marang
Panjenengané, sanadyan saiki ora padha
nyipati dhéwé. Padha sukarenaa kanthi
kabungahan kang mulya lan kang ora
bisa kaucapaké,
9 amarga kowé wis padha bisa nggayuh
tujuané pracayamu, yaiku kaslametaning
nyawamu.
10 Iya kaslametan iku kang wis dititi-
priksa sarta diteliti déning para nabi

kang wis padha meca bab sih-rahmat
kang kacawisaké marang kowé.
11 Déné para nabi iku padha niti-priksa:
Kapan wektuné lan kepriyé kang
kakersakaké déning Rohé Kristus,
kang ana ing batiné, yaiku Roh kang
sadurungé paring paseksi bab sakèhing
kasangsaran kang bakal nempuh marang
Kristus sarta bab sakèhing kamulyan
sawisé iku.
12 Marang para nabi iku wis
kapratélakaké, menawa ora padha
ngladosi sarirané piyambak, nanging
ngladèni kowé kanthi samubarang
kang saiki wis kawartakaké marang
kowé déning wong-wong, kang padha
nggelaraké Injil marang kowé kabèh,
marga saka pakaryané Roh Suci kang
kautus saka ing swarga, yaiku prakara-
prakara kang kepéngin disumurupi
déning para malaékat.
13 Mulané, cawisna akal-budimu sarta
padha diwaspada, apadéné sakèhing
pangarep-arepmu dhasarna ing sih-
rahmat kang kaparingaké marang kowé
ing waktu Yésus Kristus mbabaraké
sarirané.

14 Uripmu dikaya bocah kang mbangun
turut, aja nuruti hawa-napsu kang
ngwasani kowé nalika kowé isih padha
bodho.
15 Nanging kowé padha dadia suci
ing sajroning uripmu, kayadéné
Panjenengané kang suci, kang wis
nimbali kowé,
16 sabab ana tulisan mangkéné: Sira
padha dadia suci, jalaran Ingsun iki suci.
17 Sarta menawa kowé padha nyebut
Panjenengané Rama, yaiku kang ngadili
wong kabèh manut panggawéné tanpa
pilih-kasih, uripmu dikanthi wedi-asih
sajroné kowé mondhok ing donya iki.
18 Sabab kowé mangerti, menawa wis
padha katebus saka kalakuanmu kang
tanpa guna, kang kokwarisi saka para
leluhurmu iku, ora sarana barang kang
bisa sirna, uga ora kalawan salaka utawa
emas,
19 nanging sarana getih kang aji banget,
yaiku rahé Kristus kang padha kaya
getihing cempé kang tanpa cacad lan
tanpa blentong.
20 Panjenengané iku wis pinilih
sadurungé jagat katitahaké, nanging
marga saka kowé, Panjenengané

mbabaraké sarirané, ing jaman
wekasan.
[21] Marga saka Panjenengané, kowé
padha pracaya marang Allah kang
wis mungokaké Panjenengané saka
ing antarané wong mati sarta kang
wis maringi kamulyan marang
Panjenengané, satemah pracayamu lan
pangarep-arepmu tumuju marang Allah.
[22] Sarèhné kowé wis nucèkaké
nyawamu sarana pambangunturut
marang kayektèn, satemah padha bisa
nindakaké katresnaning pasaduluran
kang tulus-éklas, mulané padha
tumemena anggonmu tresna-tinresnan
kanthi gumolonging atimu.
[23] Jalaran kowé wis padha kalairaké
manèh ora saka wiji kang bisa sirna,
nanging saka wiji kang langgeng,
lantaran pangandikaning Allah kang
gesang lan kang langgeng.
[24] Sabab, "Sakèhing manungsa iku
kaya suket sarta kaluhurané kabèh iku
kaya kembangé, suketé dadi garing, lan
kembangé padha gogrog,
[25] nanging pangandikané Pangéran
iku tetep ing salawas-lawasé."

Iya pangandika iku Injil kang wis
kawartakaké marang kowé.
2 [1] Marga saka iku, sakèhing piala
sarta sarupané apus-apus, sakèhing
lamis, drengki, apadéné pitenah padha
buwangen.
[2] Dikaya bayi kang mentas lair, kang
tansah kepéngin marang susu kang
murni lan kang rohani, supaya marga
saka iku padha tuwuh lan antuk
kaslametan,
[3] menawa kowé wus padha ngrasakaké
tenanan yèn Allah iku becik.
[4] Padha sowana Panjenengané, watu
kang urip iku, kang pancèn ditampik
déning manungsa, nanging kang pinilih
lan kinurmatan ana ing ngarsaning Allah.
[5] Sarta karebèn kowé iya padha
kapigunakaké kayadéné watu urip
kanggo mbangun padaleman kasukman
tumrap kaimaman kang suci, kanggo
nyaosaké pisungsung rohani, kang
marga Yésus Kristus njalari keparengé
Allah.
[6] Sabab ing Kitab Suci wis katulis,
mangkéné, "Sajatiné, Ingsun wis
masang watu ana ing Sion, iya iku
watu pojokan kang pinilih lan aji, déné

sapa wong kang kumandel marang
Panjenengané, ora bakal kawirangaké."
7 Mulané, tumraping kowé kang
pracaya, Panjenengané iku aji banget,
nanging tumrap kang padha ora pracaya,
"Watu kang ditampik déning para tukang
bangunan, iku wis dadi watu pojokan,
apadéné iya wis dadi watu patanggoran
lan watu sandhungan."
8 Anggoné padha kasandhung iku
marga ora mbangun turut marang
pangandikané Allah; sarta wong-wong
iku pancèn iya wis kacadhangaké tumrap
bab iku.
9 Balik kowé iku bangsa kang pinilih,
kaimaman kang ngrajani, bangsa
kang suci, umat kagungané Allah
pribadi, supaya kowé padha martakaké
pakaryan-pakaryan agung kang
katindakaké déning Panjenengané,
kang wis nimbali kowé metu saka
pepeteng marang pepadhangé kang
ngéram-éramaké.
10 Kowé, kang mauné dudu umaté
Allah, nanging saiki wis dadi umaté,
kang mauné ora padha kawelasan,
nanging saiki wis nampa piwelas.

11 Hé, para Sadulur kang kinasih, aku
pitutur marang kowé, supaya kayadéné
wong kang mondhok lan wong neneka,
padha ngedohana sakèhing pepénginané
daging kang padha nglawan nyawamu.
12 Dibecik uripmu ana ing satengahé
bangsa-bangsa kang ora wanuh marang
Allah, supaya menawa kowé dipitenah
nindakaké kadurjanan, wong-wong iku
padha meruhi panggawému kang becik,
satemah ngluhuraké Allah ing dina nalika
Panjenengané ngrawuhi wong-wong
mau.
13 Marga saka karsané Pangéran, padha
sumuyuda marang sakèhing pangwasa
kang katetepaké manut tatananing
manungsa, dadia marang raja kang
mengku pangwasa kang dhuwur dhéwé,
14 apadéné para pangwasa sangisoré
kang kadhawuhan ngukum wong kang
nindakaké piala sarta ngurmati wong
kang tumindak becik.
15 Sabab, kang dadi karsané Allah,
yaiku supaya sarana panggawé becik,
kowé mbungkem wong bodho kang
cethèk kawruhé.
16 Uripa kayadéné wong mardika,
aja kaya wong kang nylèwèngaké

kamardikan iku kanggo nutupi pialané,
nanging uripa kayadéné abdining Allah.
17 Padha ngajènana wong kabèh, padha
nresnanana sadulur-sadulurmu kang
tunggal pracaya. Duwéa rasa wedi-asih
marang Allah, ngurmatana raja!
18 Hé, kowé para abdi; padha sumuyuda
kanthi pakéring marang bendaramu, ora
mung marang kang becik lan grapyak
baé, nanging uga marang kang kereng.
19 Jalaran iku mujudaké sih-rahmat,
menawa ana wong kang rumangsa
kakersakaké déning Allah nandhang
sangsara, kang ora samesthiné
kasandhang.
20 Sabab, menawa kowé digebugi
marga pokalmu kang dosa, apa iku kena
diarani pangalembana? Nanging menawa
kowé tumindak kang becik sarta marga
saka iku kowé nandhang sangsara, iku
sih-rahmat ana ing ngarsané Allah.
21 Jalaran iya tumrap kang mangkono
iku anggonmu katimbalan, marga Yésus
Kristus iya wis nandhang sangsara
kanggo kowé sarta wis nilari tuladha
marang kowé, supaya kowé uga
tumindak kaya Panjenengané.

22 Panjenengané iku ora damel dosa,
sarta saka ing tutuké ora ana kang cidra.
23 Nalika Panjenengané dipisuhi, ora
males misuh; nalika nandhang sangsara
ora ngancam, nanging sumarah marang
Panjenengané kang ngadili kanthi adil.
24 Panjenengané piyambak wis
ngrembat dosa kita ing sarirané ana
ing kayu salib, supaya kita kang wis
mati tumraping dosa, padha urip
tumrap prakara kang bener. Marga saka
bilur-biluré kowé wis padha kawarasaké.
25 Awitdéné biyèn kowé padha kaya
wedhus kang kesasar, nanging saiki
wis padha bali marang Pangon sarta
Pamomonging nyawamu.

3 1 Mangkono uga kowé para wong
wadon, padha sumuyuda marang
somahmu, supaya menawa ana wong
lanang kang padha ora pracaya
marang Pangandika, sanadyan tanpa
pitembungan padha dadia pracaya
déning tingkah-lakuné kang wadon,
2 samangsa padha nyawang uripé kang
suci sarta mursid iku.
3 Kang dadi pepaèsmu aja tata-lair,
yaiku sarana nglabang rambut, nganggo

mas-masan utawa kanthi panganggo
kang sarwa éndah,
4 nanging pepaèsmu iku
kamanungsaning batinmu kang
ora katon, kang ora bisa rusak, kang
asalé saka roh kang lembah-manah,
tentrem, kang aji banget ana ing
paningalé Allah.
5 Déné iya kaya mangkono iku, patrapé
para wong wadon suci biyèn anggoné
manganggo, yaiku wong wadon kang
pangarep-arepé marang Allah sarta
padha sumuyud marang somahé,
6 padha kaya Sara anggoné mituhu
marang Abraham sarta nyebut
panjenengané iku bendarané. Déné
kowé iku padha dadi putrané, angger
kowé tumindak becik sarta ora wedi ing
pangancam.
7 Samono uga kowé, para wong
lanang, uripa kanthi wicaksana karo
somahmu, kang klebu golongan kang
ringkih! Padha ajènana kayadéné kanca
tunggal warising sih-rahmat, yaiku
kauripan, supaya pandongamu aja
nganti kaalang-alangan.
8 Wasana kowé kabèh padha disaiyeg
saéka-praya, tunggal rasa, nresnani

para Sadulur tunggal pracaya, ambek-
welasan, sarta andhap-asor.
9 Aja males piala kanthi piala, utawa
pepisuh kanthi pepisuh, nanging
kosok-baliné, kowé padha mberkahana,
amarga iya kanggo kang mangkono
iku anggonmu padha katimbalan, yaiku
supaya padha olèh berkah. Sabab,
10 "Sing sapa arep nresnani urip
sarta ngalami dina-dina kang becik,
kudu mekak ilaté saka kang ala, sarta
lambéné saka pitembungan kang kebak
apus-apus.
11 Wong iku kudu ngedohi piala sarta
nglakoni kabecikan; kudu ngupaya
katentreman sarta ngudi supaya bisa
nggayuh prakara iku.
12 Jalaran tingalé Pangéran iku tumuju
marang para wong kang bener, sarta
talingané nilingaké marang pasambating
wong-wong kang nyuwun pitulungan,
nanging wedanané Pangéran iku nglawan
marang wong kang padha nindakaké
piala."
13 Sarta sapa ta kang bakal nindakaké
piala marang kowé, menawa kowé
sregep gawé becik?

14 Nanging sanadyan kowé kudu
nandhang sangsara marga saka laku
bener, kowé bakal rahayu. Mulané iku aja
wedi marang apa kang padha diwedèni
wong-wong mau, sarta aja nganti giris.
15 Nanging padha nucèkna Kristus
kayadéné Pangéran ana ing sajroning
atimu! Sarta tansah padha sumadhiyaa
awèh panjawab marang saben wong
kang njaluk katrangan marang kowé bab
pangarep-arep kang ana ing kowé, mung
baé dikalawan alus lan andhap-asor,
16 sarta kanthi nurani kang suci, supaya
wong kang padha mitenah marang kowé,
marga tumindakmu kang becik ana ing
Kristus, iku padha kawirangan marga
saka pitenahé.
17 Jalaran luwih becik nandhang
sangsara marga tumindak becik,
menawa iku dikarsakaké déning Allah,
katimbang nandhang sangsara marga
tumindak ala.
18 Sabab Yésus Kristus uga wis
nglampahi séda sapisan marga dosa
kita kabèh, Panjenengané kang tanpa
kaluputan, séda kanggo wong-wong
kang padha duwé kaluputan, supaya
kita padha bisa kasowanaké marang

ngarsaning Allah: Panjenengané kang
tata-kamanungsan wis kasédanan,
nanging kagesangaké mungguh ing Roh,
19 sarta ing sajroning Roh iku uga,
Panjenengané paring pangandika
marang para roh kang ana ing
pakunjaran,
20 yaiku marang roh-rohé para wong
kang ing biyèn nalika jamané Nuh padha
ora mbangun-turut marang Allah, nalika
Allah tetep ngentosi kalawan sabar, ing
kalané Nuh lagi yasa prau, lan mung
wong sathithik, yaiku wong wolu, kang
kaslametaké saka ing banjir.
21 Samono uga kowé saiki iya padha
kaslametaké kalawan ibarating lelakon
mau, yaiku baptis -- kang ora ateges
ngresiki reregeding badan, nanging
minangka panyuwun marang Allah
supaya kaparingan nurani kang becik --
marga saka wunguné Yésus Kristus,
22 kang sumengka menyang swarga,
lenggah ing satengené Allah, sawisé
sakèhing malaékat, pangwasa
sarta kakuwatan ditelukaké marang
Panjenengané.

4 1 Dadi, sarèhné Yésus Kristus
wis nglampahi sangsara cara

kadagingan, mulané kowé uga kudu
sikep gegaman arupa pikiran kang kaya
mangkono -- amarga sapa kang wis
nandhang sangsara cara kadagingan iku
wis marèni anggoné nglakoni dosa --
2 supaya waktu kang isih ana, aja
kokanggo nuruti pepénginaning
manungsa, nanging nuruta marang
karsaning Allah.
3 Jalaran wis cukup suwéné waktu kang
kokgunakaké kanggo nindakaké apa
kang disenengi déning bangsa-bangsa
kang ora wanuh marang Allah. Kowé
wis padha urip nuruti sawarnané hawa-
napsu, pepénginan, endem-endeman,
andra-wina, pésta ombèn-ombènan,
sarta nyembah brahala kang ora
diparengaké.
4 Marga saka iku wong-wong padha
gumun déné kowé kok ora mèlu
bebarengan karo wong-wong iku njegur
ing blethokaning pamblasar iku uga,
temahan kowé banjur dipitenah.
5 Nanging wong-wong iku kudu
padha ngaturaké panjawab marang
Panjenengané kang wis siyaga ngadili
wong urip lan wong mati.

6 Awit iya karana iku, Injil kawartakaké
marang wong-wong mati uga, supaya
padha kayadéné manungsa kabèh, diadili
cara kadagingané, nanging mungguh ing
roh bisa urip, manut karsaning Allah.
7 Kawusanané samubarang kabèh wus
cedhak. Marga saka iku dibisa ngerèh
awakmu sarta diwaspada, supaya kowé
padha bisa ndedonga.
8 Nanging kang prelu dhéwé: Padha
tumemena anggonmu tresna-tinresnan,
jalaran katresnan iku nutupi dosa kang
akèh banget.
9 Padha senenga awèh pondhokan
tanpa panggrundel.
10 Padha ladèn-linadènana, miturut
peparing kang wis ditampani
déning saben wong, kayadéné
juru-pangruktining sih-rahmaté Allah
kang becik.
11 Menawa ana wong kang pitutur,
iku dikaya wong kang nglantaraké
pangandikaning Allah; menawa ana
wong kang leladi, iku katindakna kanthi
kakuwatan peparingé Allah, supaya Allah
kaluhurna ing samubarang marga saka
Yésus Kristus. Panjenengané iku kang

kagungan kamulyan sarta pangwaos
langgeng salawas-lawasé! Amin.
12 Para Sadulur kang kinasih, aja
padha gumun marang urubing geni
panyiksa kang nempuh kowé minangka
pandadaran, kaya-kaya ana bab kang
ora lumrah tumama ing kowé.
13 Malah padha bungaha, cocog karo
panduman kang koktampa saka ing
sangsarané Kristus, supaya kowé
uga kepareng bungah sarta sukarena
bésuk samangsa Panjenengané mbabar
kamulyané.
14 Rahayu kowé, menawa kowé padha
diwewada marga saka asmané Kristus,
amarga Rohing kamulyan yaiku Rohé
Allah dumunung ana ing kowé.
15 Aja ana panunggalanmu kang kudu
nandhang sangsara marga matèni wong,
utawa dadi maling, utawa nindakaké
piala, utawa ngisruhi urusané wong liya.
16 Nanging menawa nandhang sangsara
marga dadi wong Kristen, iku aja isin,
malah ngluhurna Allah atas asmané
Kristus.
17 Jalaran saiki wis tekan titi-mangsané
pangadilan bakal kawiwitan saka umaté
Allah. Menawa pangadilan iku kawiwitan

saka kita, kepriyé bakal kawusanané
wong kang padha ora pracaya marang
Injiling Allah?
18 Sarta menawa wong bener iku baé
mèh ora kaslametaké, banjur kepriyé
bakal kadadéané wong duraka lan wong
dosa iku?
19 Mulané, para kang nandhang
sangsara marga saka karsaning Allah,
iku padha pasraha marang Panjenengané
kang nitahaké, iya kang setya tuhu,
kalawan tansah nindakaké kabecikan.
5 1 Para pinituwa kang ana ing
antaramu iku dakpituturi, -- amarga
aku iki dadi kanca pinituwa sarta seksi
sangsarané Kristus, kang iya bakal olèh
panduman kamulyan kang bésuk bakal
kawedharaké --:
2 Pepanthan méndané Allah kang
ana ing kowé iku engonen, aja marga
kapeksa, nanging kalawan legawaning
ati kang laras karo karsaning Allah, sarta
aja marga saka mburu kauntungan,
nanging marga wajibing leladi.
3 Kowé aja tumindak kaya-kaya
arep ngwasani wong-wong kang
dipracayakaké marang kowé, nanging
dadia tuladha tumrap pepanthan iku.

4 Bésuk menawa Pangon Agung rawuh,
kowé bakal padha nampani makuthaning
kamulyan kang ora bisa rusak.
5 Samono uga kowé, hé para nom-
noman, padha mituruta marang para
wong tuwa, sarta siji lan sijiné dipadha
andhap-asor, amarga, "Allah nglawan
marang wong kang kumalungkung,
nanging paring sih-rahmat marang wong
kang andhap-asor."
6 Kang iku padha ngasorna awakmu
ing sangisoring astané Pangéran kang
rosa, supaya kowé padha linuhuraké ing
wektu kang wus katemtokaké.
7 Sakèhing sumelangmu pasrahna
marang Panjenengané, sabab
Panjenengané kang ngrimati kowé
kabèh.
8 Padha diwaras ing budi sarta
diprayitna, jalaran mungsuhmu Iblis
iku, klinteran kaya singa nggero-nggero
nggolèki manungsa kang kena dimangsa.
9 Tanggulangana kalawan pracaya kang
bakuh, jalaran kowé padha mangerti
menawa sadulurmu tunggal pracaya
ing saindenging jagat, kabèh iya padha
ketaman ing sangsara kaya mangkono.

10 Déné Allah sumbering sakèhé sih-
rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh
ana ing Kristus marang kamulyané
kang langgeng, bakal nyampurnakaké,
neguhaké, nyantosakaké sarta
ngukuhaké kowé, sawusé kowé padha
nandhang sangsara sawatara mangsa.
11 Iya Panjenengané iku kang kagungan
pangwasa langgeng salawas-lawasé!
Amin.
12 Anggonku nulis cekak marang
kowé iki lantaran Silwanus, kang
dakanggep sadulur tunggal pangandel
kang kena dipracaya, prelu mituturi
sarta ngyakinaké kowé, menawa iki
sih-rahmat kang temenanan saka Allah.
Mulané padha ngadega kang jejeg ana
ing sajroné sih-rahmat iku mau!
13 Salam marang kowé kabèh, saka
sadulurmu kang pinilih ing Babilon lan
uga Markus, anakku.
14 Padha salam-salamana kanthi
pangambung kang suci. Tentrem-rahayu
anaa ing kowé kabèh kang padha ana
ing patunggilané Kristus. Amin.

2 Petrus

1 [1] Saka Simon Pétrus, abdi sarta
rasulé Yésus Kristus, marang
para kang nunggal karo aku kabèh,
padha kaparingan pracaya marga saka
kaadilaning Allah sarta Pamarta kita
Yésus Kristus.
[2] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu
nglubèrana kowé, marga saka
anggonmu padha wanuh marang Allah
sarta marang Yésus, Gusti kita.
[3] Marga saka pangwaosing kaallahané,
kita wis padha kaparingan samubarang
kang perlu kanggo urip kang mursid,
sarana anggon kita wanuh marang
Panjenengané kang wis nimbali kita
marga saka pangwaosé kang mulya lan
ngéram-éramaké.
[4] Kanthi patrap kang mangkono iku
Panjenengané wis maringi kita prasetya-
prasetya kang adi sarta pinunjul,
supaya sarana iku kowé padha kepareng
ndhèrèk ing sajroné kodrat kaallahan
lan uwal saka dayaning hawa-napsu
kadonyan kang nyirnakaké donya.

5 Iya marga saka iku kowé padha
kudu kanthi temenan anggonmu
mbudidaya nambahaké kautaman
marang pracayamu lan kawruh marang
kautaman,
6 tuwin pangerèhing dhiri marang
kawruh, katekunan marang pangerèhing
dhiri, kamursidan marang katekunan,
7 nresnani para Sadulur marang
kamursidan, lan tresna marang para
Sadulur kawuwuhan tresna marang
wong kabèh.
8 Jalaran menawa kowé padha
kadunungan iku mau kabèh nganti lubèr,
kowé mesthi bakal dadi mempeng ing
panggawé sarta kasembadan anggonmu
wanuh marang Yésus Kristus, Gusti kita.
9 Nanging sing sapa ora kadunungan
iku mau kabèh, bakal dadi wuta sarta
cethèk panemuné, jalaran lali menawa
dosa-dosané kang mbiyèn wis kabirat.
10 Mulané para Sadulur, tansah
mbudidayaa kanthi temenan supaya
saya kukuh anggonmu padha tinimbalan
lan pinilih iku. Jalaran menawa kowé
nglakoni kang mangkono, kowé bakal
padha ora tau kesandhung.

11 Kanthi mangkono, kowé bakal
kaparingan sakèhing wewenang kanggo
lumebu ing Kraton kang langgeng, yaiku
Kratoné Gusti lan Pamarta kita Yésus
Kristus.
12 Mulané aku tansah kepéngin
ngélingaké kowé marang bab iku mau
kabèh, sanadyan kowé iya wis padha
mangerti sarta santosa ing sajroné
kayektèn kang wus koktampani.
13 Sadurungé aku ngrucat kémahing
badanku iki, dakanggep dadi
kuwajibanku, anggonku tansah
ngélingaké kowé tumrap iku mau kabèh.
14 Jalaran aku mangerti, menawa
aku bakal énggal ngrucat kémahing
badanku iki, kayadéné kang wis
kapangandikakaké marang aku déning
Yésus Kristus, Gusti kita.
15 Nanging aku bakal mbudidaya,
supaya saungkurku kowé uga tansah
padha ngéling-éling marang prakara iku
mau kabèh.
16 Jalaran anggonku padha ngandhani
kowé bab pangwaos lan bakal rawuhé
Gusti kita, Yésus Kristus kang jumeneng
raja iku, ora marga ngandel marang
dongèngé wong kang ngayawara,

nanging aku kabèh iki padha dadi seksi
kang nyipati dhéwé bab kaluhurané.
17 Awit Panjenengané tampa kaurmatan
lan kamulyan saka Allah Sang Rama,
nalika swanten saka Kang Mahaluhur
nedhaki Panjenengané, Pangandikané,
"Iki Putraningsun kang sunkasihi, kang
ndadèkaké keparenging galihingsun."
18 Aku dhéwé padha krungu swara iku
mau tumurun saka swarga, nalika aku
padha ndhèrèk Panjenengané ana ing
gunung kang suci.
19 Marga saka iku aku kabèh padha saya
kasantosakaké déning pangandika kang
wis kawedharaké déning para nabi. Saiba
beciké, menawa kowé padha nggatèkaké
bab iku, kayadéné nggatèkaké diyan
kang madhangi panggonan kang peteng,
nganti gagat raina sarta jumedhulé
lintang panjer ésuk kang sumunar ana
ing sajroning atimu.
20 Déné kang prelu dhéwé kang
kudu koksumurupi, yaiku menawa
pameca-pameca ing Kitab Suci iku ora
kena ditafsiraké sakarepé dhéwé,
21 jalaran ora tau ana pameca kang
metu saka karepé manungsa, nanging
marga kabereg déning Roh Suci, wong-

wong padha guneman atas asmaning
Allah.

2 [1] Kayadéné dhèk biyèn ing antarané
umaté Allah ana kang ngaku-aku
nabi, mangkono uga ing antaramu
iya bakal ana guru-guru palsu, kang
padha nylundupaké piwulang-piwulang
panasaran kang nuntun marang
karusakan, malah bakal padha nyélaki
Kang Kuwaos, kang wis nebus wong-
wong mau lan marga saka iku bakal
njalari karusakané dhéwé.
[2] Bakal akèh wong kang niru
pratingkahé wong-wong iku kang
dikwasani hawa-napsu, sarta marga
saka pokal-gawéné iku Marganing
Kayektèn bakal dicecamah.
[3] Sarta marga saka srakahé, guru-guru
palsu iku bakal padha ngudi golèk
kauntungan saka kowé kabèh kanthi
dongèng-dongèngé kang ngayawara.
Nanging paukuman tumrap tumindaké
iku wus katetepaké lan karusakané bakal
ora kacandhet.
[4] Jalaran Allah ora ngéman marang
para malaékat kang padha gawé dosa,
mulané dicemplungaké ing naraka,
padha diranté, ing kono ana ing

sajroné pepeteng nganti tekan dinaning
pangadilan;
5 Allah uga ora ngéman jagating jaman
kuna; Panjenengané mung milujengaké
Nuh kang martakaké kayektèn iku, karo
wong pitu liyané, nalika ndhatengaké
banjir patopan tumrap jagaté para wong
mblasar;
6 Allah ngukum kutha Sodom lan
Gomora sarta nyirnakaké kalawan geni,
minangka pepéling marang wong kang
ing tembé uripé padha mblasar,
7 nanging Panjenengané milujengaké
Lot, kang mursid, kang tansah sangsara
déning tingkah lakuné wong-wong
kang padha ora mreduli marang
angger-angger lan mung tansah nuruti
hawa-napsuné baé,
8 -- jalaran wong mursid iki manggon
ing satengahé wong-wong mau sarta
ing sadina-dina krungu lan weruh
pratingkah-pratingkahé kang ala iku,
satemah atiné kang mursid iku kaya
kasiksa --
9 dadi tetéla, menawa Pangéran pirsa
carané ngentasaké wong mursid saka
ing godha-rencana sarta nyadhangaké

para wong duraka iku kasiksa ing dina
pangadilan,
10 luwih manèh wong kang padha
ngumbar hawa-napsuné, kang
ndadèkaké awaké jember sarta
nyenyamah pangrèhé Allah. Wong-wong
iku padha kumawani sarta gumunggung,
nganti tanpa rikuh-pakéwuh nyenyamah
marang para titah kang luhur,
11 mangka para malaékat dhéwé,
sanadyan luwih peng-pengan sarta luwih
kwasa katimbang wong-wong iku, ora
nggunakaké pitembungan panyenyamah
menawa nggugat wong-wong mau ana
ing ngarsaning Allah.
12 Nanging wong-wong iku padha baé
karo kéwan kang tanpa budi, kang
tinitahaké dadi kéwan kang mung
dicekel sarta dipatèni. Wong-wong iku
padha nyenyamah marang kang ora
dimangretèni, temahan marga saka
panggawéné kang duraka, bakal padha
nemoni karusakané dhéwé kaya kéwan
alasan,
13 sarta bakal ngalami nasib ala
minangka opahing durakané. Nguja
kasenengan ing wayah awan kaanggep
sawijining kanikmatan. Padha dadi

jejember lan blentong, kang mendem
ing sajroning hawa napsuné, samangsa
padha mangan lan ngombé bebarengan
karo kowé kabèh.
14 Mripaté kebak napsu cabul, ora
bosen-bosen anggoné gawé dosa. Wong-
wong iku padha mbujuki wong-wong
kang ringkih atiné. Wateké wis kulina
srakah. Pancèn wong kang padha kena
ing ipat-ipat!
15 Sarehné wis padha ninggal dalan
kang bener, mulané padha kesasar,
banjur ngetutaké lakuné Biléam anaké
Béor kang seneng tampa opah tumrap
panggawé-panggawé ala.
16 Nanging Biléam kawelèhaké kalawan
keras marga saka tumindaké kang
ala iku, jalaran kuldi momotan kang
bisu, bisa guneman nganggo basaning
manungsa, sarta nyegah tumindaké nabi
kang ora bener iku.
17 Guru-guru palsu iku kaya sumber
kang asat, kaya méga kang kabuncang
ing prahara; wong-wong iku wis padha
kacawisan panggonan ana ing pepeteng
kang nggegirisi banget.
18 Jalaran wong-wong mau padha
ngucapaké tetembungan kang

muluk-muluk nanging kothong, sarta
migunakaké napsu cabul kanggo
mbujuki wong-wong kang lagi baé uwal
saka ing para wong kang kesasar uripé.
19 Padha njanjèni kamardikan marang
wong liya, mangka awaké dhéwé padha
dadi baturing karusakan. Jalaran sing
sapa katelukaké déning wong, iku iya
dadi baturé wong iku.
20 Sabab menawa wong-wong mau
marga saka anggoné wis wanuh marang
Gusti sarta Juru-wilujeng kita Yésus
Kristus, wis padha ngoncati jejemberé
donya, mangka banjur kasrimped manèh
ing kono, wekasané kaanané luwih ala
katimbang sadurungé.
21 Jalaran saka iku, tumraping wong-
wong mau luwih becik menawa padha
ora tau mangretèni marganing kayektèn,
katimbang mangertèni, nanging banjur
nyingkur saka pepakon suci kang wis
kadhawuhaké marang wong-wong mau.
22 Kaanané wong-wong iku cocog
karo uniné paribasan kang bener iki,
mangkéné, "Asu mbalèni utah-utahané,
sarta babi kang wis diguyang bali manèh
menyang ing blethokané."

3 [1] Para Sadulur kang kinasih, layang
iki wis kang kapindho, kang daktulis
marang kowé. Ana ing layang sakaroné
iku, aku mbudidaya nenangi pangertèn
kang murni srana pepéling-pepéling,
[2] supaya kowé padha éling marang
pangandika kang biyèn wis kadhawuhaké
déning para nabi kang suci, sarta marang
dhawuhé Gusti lan Juru-wilujeng,
lantaran para rasulmu marang kowé
kabèh.
[3] Kang prelu banget kudu
kokmangertèni, yaiku menawa ing
dina-dina wekasan bakal ana para wong
kang teka memoyoki, yaiku wong kang
lakuné padha nuruti hawa-napsuné,
[4] sarta kang padha duwé uni mangkéné,
"Endi prasetya bakal rawuhé iku? Jalaran
wis wiwit nalika ngajalé para leluhur
kita, samubarang kabèh ajeg baé kaya
nalika katitahaké."
[5] Wong-wong iku njarag ora gelem
ngerti, menawa marga saka sabdaning
Allah wiwit biyèn mula wus ana langit
lan uga ana bumi, kang dumadiné saka
banyu sarta sarana banyu.

6 Sarta marga saka banyu iku bumi kala
samana wis sirna, kelem déning banjir
patopan.
7 Nanging déning pangandika iku mau
uga, langit lan bumi kang saiki bakal
kaobong ing geni, déné saiki isih kareksa
nganti ing dina pangadilan lan tumpesé
para wong mblasar.
8 Mung baé para Sadulur kang kinasih,
prakara siji iki ora kena kok lalèkaké,
yaiku yèn ing ngatasé Pangéran sadina
iku prasasat sèwu taun, sarta sèwu taun
iku prasasat sadina.
9 Pangéran ora rendhet anggoné
netepi prasetyané, sanadyan ana
sawenèhing wong kang ngarani rendhet.
Panjenengané nyabari kowé, sabab
karsané aja nganti ana wong kang nemu
bilai, nanging supaya wong kabèh padha
mbalik sarta mratobat.
10 Déné dina rawuhé Gusti iku tekané
kaya patrapé maling; ing dina iku langit
bakal sirna kanthi swara gumuruh
nggegirisi sarta pérang-pérangané bakal
lebur kobong, apadéné bumi lan kabèh
kang ana ing kono bakal sirna.
11 Mulané menawa samubarang
kabèh iki bakal lebur kanthi patrap

mangkono iku, saiba gedhéné kasucèn
lan kamursidan kang kudu kok udi ing
uripmu,
12 ing sajroné kowé padha nganti-anti
sarta nyengkakaké tekané dinané Allah.
Ing dina iku langit bakal lebur déning
geni sarta pérang-pérangané luluh
marga urubé.
13 Nanging cocog karo prasetyané, kita
padha nganti-anti marang langit anyar
sarta bumi anyar kang kadunungan
kayektèn.
14 Mulané para Sadulur kinasih, sajroné
kowé padha nganti-anti marang iku
mau, padha mbudidayaa supaya tinemu
tanpa cacad sarta tanpa blentong ana
ing ngarsané kalawan tentrem-rahayu.
15 Sarta kasabarané Gusti kita iku
anggepen minangka wewengan tumrap
kowé kabèh kanggo olèh karahayon,
iya kaya kang wis katulis déning Paulus
sadulur kita kang kinasih marang kowé,
miturut kawicaksanan kang kaparingaké
marang panjenengané.
16 Prakara iku katindakaké ana ing
layangé kabèh, nalika ngrembug
prakara-prakara iki. Ing sajroning
layang-layangé iku ana bab-bab kang

angel dipahami, satemah wong-wong
kang ora ngerti sarta ora kukuh imané,
njungkir-balikaké prakara iku mau,
njalari karusakané dhéwé, padha kaya
kang katindakaké tumrap tulisan-tulisan
liyané.
17 Nanging kowé kabèh, para Sadulur
kang kinasih, sadurungé wus padha
mangerti prakara iku. Mulané padha
diwaspada, supaya aja nganti kasèrèt
ing panasaré wong-wong kang ora
ngerti pepakon, sarta aja kélangan
gondhèlanmu kang kukuh.
18 Malah padha mundhak-mundhaka ing
sih-rahmat sarta ing pangertèn marang
Gusti lan Juru-wilujeng kita, Yésus
Kristus. Panjenengané kang sayogya
sinaosan kamulyan ing samengko nganti
tumeka ing salawas-lawasé.

1 Yohanes

1 [1] Apa kang wis ana ing wiwitan mula,
kang wis padha dakrungu, kang wis
padha dakdeleng kalawan mripatku,
kang wis padha dakwaspadakaké, sarta
kang wis padha dakgrayang kalawan
tanganku bab Sabdaning urip -- iya iku
kang padha daktulis marang kowé.
[2] Urip iku wis kababar lan wis padha
dakdeleng, sarta saiki aku kabèh padha
dadi seksi lan martakaké marang
kowé kabèh bab urip langgeng kang
dumunung ana ing Sang Rama lan kang
wis kalairaké marang aku kabèh.
[3] Apa kang wis padha dakdeleng lan
dakrungu iku mau iya dakwartakaké
marang kowé kabèh, supaya kowé
uga padha bisa tetunggalan karo aku
kabèh. Lan tetunggalanku kabèh iku,
tetunggalan karo Sang Rama lan Sang
Putra, Yésus Kristus.
[4] Iku mau kabèh padha daktulis marang
kowé, supaya kabungahanku dadi
sampurna.

5 Anadéné iki pawarta kang wis padha
dakrungu saka Panjenengané lan
dakwartakaké marang kowé kabèh:
Allah iku pepadhang lan Panjenengané
ora kadunungan pepeteng babar pisan.
6 Saupama kita padha ngaku
tetunggalan karo Panjenengané, mangka
urip kita padha ana ing sajroning
pepeteng, dadi kita padha goroh lan ora
padha nindakaké apa kang bener.
7 Nanging menawa urip kita padha
ana ing sajroning pepadhang kayadéné
Panjenengané iya ana ing pepadhang,
dadi kita siji lan sijiné padha tetunggalan,
sarta rahé Yésus, ingkang Putra iku,
nucèkaké kita kabèh saka sakèhé dosa.
8 Saupama kita padha ngaku ora duwé
dosa, dadi kita padha ngapusi awak
kita dhéwé lan padha ora kadunungan
kayektèn.
9 Menawa kita padha ngakoni dosa kita,
Panjenengané iku setya tuhu lan adil,
temah bakal ngapura sakèhé dosa kita,
sarta nucèkaké kita saka sakèhing piala.
10 Saupama kita padha ngaku ora
gawé dosa, dadi kita padha nganggep
Panjenengané dora, sarta pangandikané
ora dumunung ana ing kita.

2 [1] Anak-anakku, prakara iki daktulis
marang kowé supaya kowé aja padha
gawé dosa. Éwadéné menawa ana kang
gawé dosa, kita padha duwé Pantara ana
ing ngarsané Sang Rama, yaiku: Yésus
Kristus kang adil.
[2] Iya Panjenengané iku kang dadi
pangruwat tumrap sakèhé dosa kita lan
ora mung kanggo dosa kita baé, nanging
uga kanggo dosané wong sajagat kabèh.
[3] Déné titikané menawa kita padha
wanuh marang Allah yaiku menawa kita
padha netepi pepakèné.
[4] Sapa kang ngucap, "Aku wanuh
Panjenengané," mangka ora netepi
pepakèné, iku wong goroh lan ora
kadunungan kayektèn.
[5] Ananging sapa baé kang netepi
pangandikané, iku kang sanyata
kadunungan sihing Allah kang
sampurna; iya iku margané anggon
kita padha sumurup, yèn kita padha
dumunung ana ing Panjenengané.
[6] Sapa kang ngucap yèn nunggil karo
Panjenengané, uripé wajib kaya sugengé
Kristus.
[7] Para Sadulur kinasih, kang daktulis
marang kowé iki dudu pepakon anyar,

nanging pepakon lawas kang wis ana ing
kowé wiwit wiwitan mula. Pepakon kang
lawas iku yaiku pangandika kang wis
padha kokrungu.
8 Éwasamono kang daktulis marang
kowé iku, uga pepakon anyar, kang
sanyata ana ing Panjenengané lan ana
ing kowé, amarga pepeteng iku lagi sirna
lan pepadhang kang sejati wis sumunar.
9 Sing sapa ngucap yèn dumunung
ana ing pepadhang, nanging sengit
marang saduluré tunggal pracaya, iku
isih dumunung ana ing pepeteng nganti
sapréné.
10 Sing sapa tresna marang saduluré
tunggal pracaya, iku kang lestari ana ing
pepadhang, sarta ora dadi sandhungan.
11 Nanging sing sapa sengit marang
saduluré tunggal pracaya, iku dumunung
ana ing pepeteng, sarta urip ana ing
pepeteng. Wong iku ora weruh menyang
ngendi parané, amarga pepeteng mau
wis gawé picaking mripaté.
12 Hé, anak-anak, aku nulis marang
kowé, awit dosamu wis padha kaapura
marga saka asmané.
13 Hé, para bapa, aku nulis marang
kowé, amarga kowé wis padha wanuh

marang Panjenengané kang ing wiwitan
mula wis ana. Hé, para wong anom, aku
nulis marang kowé, amarga kowé wis
padha ngalahaké piala.
14 Hé, anak-anak, aku nulis marang
kowé, amarga kowé wis padha wanuh
marang Sang Rama. Aku nulis marang
kowé, hé, para bapa, amarga kowé
padha wanuh marang Panjenengané,
kang ing kala purwa wis ana. Aku nulis
marang kowé, hé, para wong anom,
amarga kowé padha santosa, sarta
pangandikané Allah dumunung ana ing
kowé lan kowé wis padha ngalahaké
piala.
15 Kowé kabèh aja padha nresnani
donya lan samubarang kang ana ing
kono. Menawa wong nresnani donya, iku
ora kadunungan katresnan marang Sang
Rama.
16 Sabab samubarang kang ana ing
donya, yaiku pepénginané daging lan
pepénginané mripat tuwin angkuhing
urip, iku pinangkané ora saka Sang
Rama, nanging saka ing donya.
17 Lan donya iki dalah pepénginané
lagi sirna, nanging sapa wong kang

nglakoni karsané Allah iku tetep urip ing
salawas-lawasé.
18 Anak-anakku, saiki-iki jaman kang
wekasan. Lan kaya kang wis padha
kokrungu yèn antikristus bakal teka,
samengko iya wis akèh antikristus kang
padha jumedhul. Kang mangkono iku
dadi pratandha yèn saiki-iki jaman kang
wekasan temenan.
19 Pancèn asalé antikristus iku saka ing
antara kita, nanging sanyatané padha
dudu panunggalan kita; awit saupama
temen-temen dadi panunggalan kita,
mesthi tetep padha nunggal karo kita.
Nanging iku kelakon mangkono, supaya
tetéla yèn wong-wong iku kabèh dudu
panunggalan kita.
20 Balik kowé iku wis padha kajebadan
déning Kang Suci lan marga saka
mangkono kowé dadi padha mangerti.
21 Aku nulis marang kowé iku ora
marga kowé padha ora sumurup marang
kayektèn, nanging iya marga kowé
padha sumurup marang bab iku, lan
uga marga kowé padha sumurup yèn
sakèhing goroh iku ora ana kang asalé
saka kayektèn.

22 Sapa ta si pangawak goroh iku? Apa
dudu kang nyélaki yèn Yésus iku Kristus?
Iku antikristus, yaiku kang nyélaki
marang Sang Rama lan Sang Putra.
23 Amarga sapa baé kang nyélaki Sang
Putra iku iya ora nduwèni Sang Rama.
Sapa baé kang ngakoni Sang Putra, iya
nduwèni Sang Rama.
24 Mungguh ing kowé kabèh, apa kang
wis padha kokrungu wiwit wiwitan mula,
iku tetepa dumunung ana ing kowé.
Menawa apa kang wis kokrungu wiwit
wiwitan mula iku tetep dumunung ana
ing kowé, kowé iya bakal padha tetep
ana ing Sang Putra lan ana ing Sang
Rama.
25 Anadéné prasetya kang wis
kaprasetyakaké déning Panjenengané
piyambak marang kita, yaiku urip
langgeng.
26 Kabèh kang daktulis marang kowé
iku mau, yaiku bab wong-wong kang
sumedya nasaraké kowé.
27 Sabab jebadan kang wis padha
koktampani saka Panjenengané iku
tetep ana ing kowé. Marga saka iku
kowé padha ora prelu diwulang déning
wong liya. Nanging kayadéné jebadan

saka Panjenengané iku mulang marang
kowé bab samubarang -- lan piwulangé
iku nyata, ora goroh -- sarta kayadéné
anggoné Panjenengané biyèn wis mulang
marang kowé, mangkono uga kowé
padha tetepa ana ing Panjenengané.
28 Ing samengko, anak-anakku, padha
tetepa ana ing Kristus, supaya samangsa
Panjenengané ngatingal, kita padha
kanthi tatag lan ora usah isin ana ing
ngarsané bésuk ing dina rawuhé.
29 Menawa kowé padha sumurup
yèn Panjenengané iku leres, kowé iya
padha mangertia yèn saben wong kang
nglakoni apa kang bener, iku lairé saka
Panjenengané.
3 1 Mangertia, iba gedhéné katresnan
kang kaparingaké déning Sang Rama
marang kita, nganti kita padha kasebut
para putraning Allah, lan kita pancèn
para putraning Allah. Mulané jagat ora
wanuh marang kita, amarga jagat iku
ora wanuh marang Panjenengané.
2 Para Sadulurku kang kinasih, saiki kita
padha dadi putraning Allah, ananging
durung cetha kepriyé kaanan kita ing
tembé. Nanging kita padha sumurup,
samangsa Kristus ngatingal, kita bakal

dadi padha karo Panjenengané, amarga
kita bakal padha ndeleng kaananing
Panjenengané ing sanyatané.
3 Saben wong kang duwé pangarep-
arep mangkono marang Panjenengané,
wong iku nucèkaké awak kayadéné
Panjenengané iku suci.
4 Saben wong kang nglakoni dosa,
iku uga nerak angger-anggeré Allah,
sabab dosa iku panerak tumrap
angger-anggering Allah.
5 Lan kowé padha sumurup yèn
anggoné Panjenengané wis rawuh,
iku prelu mbirat sakèhing dosa, sarta
Panjenengané iku ora kadunungan dosa.
6 Saben wong kang tetep ana ing
Panjenengané, iku ora gawé dosa
manèh; saben wong kang tetep gawé
dosa, iku ora tau weruh lan ora tau
wanuh marang Panjenengané.
7 Anak-anakku, kowé aja gelem
disasaraké déning sapa baé. Sapa
kang nindakaké apa kang bener iku
kadunungan kayektèn, padha kaya
Kristus iku leres.
8 Sapa kang tetep nindakaké dosa, iku
asalé saka Iblis, sabab Iblis anggoné
gawé dosa wus wiwit wiwitan mula.

Déné rawuhé Putraning Allah iku supaya
nglebur sakèhing panggawéné Iblis.
9 Saben wong kang lairé saka Allah,
iku tansah ora nglakoni dosa; amarga
wijining ka-Allahan tetep ana ing batiné,
lan ora bisa tansah nglakoni dosa,
amarga lairé saka ing Allah.
10 Iki titikané para putraning Allah lan
para anaké Iblis; sapa baé kang ora
nindakaké apa kang bener iku asalé ora
saka Allah, mangkono uga kang ora
tresna marang saduluré tunggal pracaya.
11 Sabab iya iki pawarta kang wis padha
kokrungu saka wiwitan mula, yaiku
supaya kita padha tresna-tinresnan.
12 Aja kaya Kain, kang asalé saka si
jahat sarta matèni adhiné. Apa sababé
anggoné matèni iku? Amarga sakèhing
panggawéné ala, lan panggawéning
adhiné becik.
13 Para Sadulur, aja padha gumun
menawa jagat padha sengit marang
kowé.
14 Kita padha sumurup, yèn kita wis
padha pindhah saka ing pati marang
urip, yaiku marga kita padha tresna
marang para Sadulur kita tunggal

pracaya. Sapa wong kang ora nresnani,
iku tetep dumunung ana ing pati.
15 Saben wong kang sengit marang
saduluré tunggal pracaya iku ateges
matèni saduluré mau. Lan kowé padha
sumurup, menawa wong sing seneng
matèni iku ora kadunungan urip
langgeng.
16 Sarana iki anggon kita nyumurupi
katresnané Kristus, yaiku: Panjenengané
wis masrahaké nyawané kanggo kita;
dadi kita iya padha duwé kuwajiban
masrahaké nyawa kita kanggo sadulur-
sadulur kita tunggal pracaya.
17 Sapa sing uripé ing donya kalubèran,
mangka weruh saduluré tunggal
pracaya kacingkrangan, éwadéné nutup
lawanging atiné tumrap saduluré mau,
kepriyé bisané kasebut yèn katresnaning
Allah tetep dumunung ing wong iku?
18 Anak-anakku, anggon kita padha
tresna aja kalawan tembung utawa ilat,
nanging sarana panggawé sarta ing
sajroning kayektèn.
19 Mangkono iku anggon kita padha
nyumurupi, yèn asal kita iku saka ing
kayektèn lan bisa nentremaké ati kita
ana ing ngarsané Allah,

[20] samangsa ati kita melèhaké kita.
Sabab kaagungané Allah iku ngluwihi ati
kita sarta Panjenengané ngawuningani
samubarang.
[21] Para Sadulurku kang kinasih,
menawa ati kita ora melèhaké kita, dadi
kita padha kanthi teguh ing pracaya
sowan ing ngarsané Allah,
[22] lan apa baé kang padha kita suwun,
bakal kaparingaké marang kita, amarga
kita padha netepi sakèhing pepakoné
sarta nglakoni apa kang ndadèkaké
keparengé.
[23] Anadéné pepakoné iya iku, supaya
kita padha pracaya marang asmané
Yésus Kristus, Kang Putra, lan supaya
padha tresna-tinresnan cundhuk karo
pepakon kang kadhawuhaké déning
Panjenengané marang kita.
[24] Sapa kang netepi sakèhing pepakoné,
iku dumunung ana ing Allah, lan Allah
ing wong iku. Déné anggon kita padha
sumurup yèn Allah dumunung ana ing
kita iku sarana Roh kang wis kaparingaké
marang kita.

4 [1] Para Sadulurku kang kinasih, aja
padha pracaya marang sadhéngah
roh, nanging roh-roh iku tlitinen, apa

asalé saka Allah; amarga akèh nabi
palsu kang jumedhul lan ndlajahi sajagat
kabèh.
2 Anggonmu padha ngerti yèn iku
Rohing Allah, mangkéné: Saben roh
kang ngakoni menawa Yésus Kristus wis
rawuh dadi manungsa, iku asalé saka
Allah.
3 Lan saben roh kang ora ngakoni
Yésus, iku asalé ora saka Allah. Roh
iku rohing antikristus, kang wis padha
kokrungu wartané yèn bakal teka, lan
samengko wis ana ing jagat.
4 Anak-anakku, kowé kabèh iku asalé
saka Allah lan wis padha ngalahaké
para nabi palsu iku; sabab Roh kang
dumunung ana ing kowé iku ngungkuli
roh kang dumunung ana ing jagat.
5 Wong-wong iku asalé saka jagat,
mulané kang padha diucapaké iku iya
prakara-prakara kadonyan, lan jagat
ngrungokaké.
6 Kita iki asalé saka Allah; sapa
kang wanuh marang Allah, iku padha
ngrungokaké marang kita. Wong kang
asalé ora saka Allah iku ora ngrungokaké
marang kita. Kaya mangkono titikané
Rohing kayektèn karo rohing panasaran.

7 Para Sadulur kang kinasih, payo
kita padha tresna-tinresnan, amarga
katresnan iku asalé saka Allah, lan saben
wong kang nindakaké katresnan, iku
lairé saka Allah lan wanuh karo Allah.
8 Sapa kang ora nindakaké katresnan,
iku ora wanuh karo Allah, sabab Allah
iku katresnan.
9 Katresnané Allah iku kababaraké ing
antara kita, yaiku Allah wis ngutus Kang
Putra ontang-anting ngrawuhi jagat
supaya kita padha urip marga déning
Panjenengané.
10 Katresnan iku mangkéné: Dudu kita
kang wis padha tresna marang Allah,
nanging Allah kang wis nresnani kita
lan wis ngutus Kang Putra minangka
pangruwating dosa kita.
11 Para Sadulur kang kinasih, sarèhné
nganti samono anggoné Allah nresnani
kita, mulané kita iki iya padha kuwajiban
tresna-tinresnan.
12 Ora ana wong kang tau ndeleng
marang Allah. Menawa kita padha
tresna-tinresnan, Allah tetep dumunung
ana ing kita, lan katresnané iku
sampurna ana ing kita.

13 Kaya mangkono anggon kita padha
sumurup yèn kita tetep ana ing
Panjenengané, lan Panjenengané ana
ing kita, amarga Panjenengané wus
maringaké Rohé marang kita.
14 Lan aku kabèh wis padha ndeleng lan
neksèni yèn Sang Rama wis ngutus Sang
Putra dadi Pamartaning jagat.
15 Sapa kang ngakoni yèn Yésus iku
Putrané Allah, Allah tetep ana ing wong
iku, lan wong iku ana ing Allah.
16 Kita iki wis padha nyumurupi lan
pracaya marang katresnané Allah
marang kita. Allah iku katresnan,
lan sapa kang tetep dumunung ing
katresnan, iku tetep ana ing Allah, lan
Allah ana ing wong iku.
17 Katresnané Allah iku sampurna ana
ing kita, yaiku menawa kita padha tatag
ing pracaya ing dina pangadilan, awit
kayadéné Panjenengané, kita uga ana
ing donya kéné.
18 Sajroning katresnan ora ana rasa
wedi, katresnan kang sampurna iku
malah mbéngkas rasa wedi, amarga
wedi iku ngandhut paukuman, lan wong
kang wedi iku ora sampurna katresnané.

19 Anggon kita padha tresna iku,
amarga Allah wis luwih dhisik nresnani
kita.
20 Menawa ana wong kang muni, "Aku
tresna marang Allah," nanging sengit
marang saduluré, iku wong goroh. Awit
sapa kang ora tresna marang saduluré
kang katon, mokal bisa nresnani Allah
kang ora katon.
21 Iki dhawuh timbalan saka
Panjenengané: Sapa kang tresna
marang Allah, iku iya kudu nresnani
saduluré.
5 1 Saben wong kang pracaya menawa
Yésus iku Kristus, iku lairé saka
ing Allah, lan saben wong kang tresna
marang kang mutrakaké, iku iya tresna
marang kang diputrakaké Panjenengané.
2 Anggon kita mangerti yèn kita padha
nresnani para putraning Allah, yaiku
menawa kita padha tresna marang Allah
sarta netepi pepakoné.
3 Amarga iya iki katresnan marang
Allah, yaiku yèn kita padha netepi
pepakoné. Pepakon-pepakoné iku ora
abot,
4 amarga kabèh kang lair saka Allah
iku ngalahaké jagat. Lan iki kaunggulan

kang ngalahaké jagat, yaiku: pracaya
kita.
5 Sapa ta kang ngalahaké jagat, kajaba
wong kang pracaya menawa Yésus iku
Putrané Allah?
6 Iki Panjenengané kang rawuhé sarana
banyu lan getih, yaiku Yésus Kristus,
ora mung kalawan banyu baé, nanging
kalawan banyu lan getih. Déné Roh iku
kang paring paseksi, amarga Roh iku
kayektèn.
7 Awit ana telu kang padha paring
paseksi [ana ing swarga: Rama, Sang
Sabda lan Roh Suci; sarta kateluné iku
siji.
8 Lan ana telu kang dadi seksi ana ing
bumi]: Roh lan banyu sarta getih lan
kateluné iku siji.
9 Kita padha nganggep marang
paseksiné manungsa, ananging
paseksiné Allah iku ngluwihi. Amarga iki
paseksiné Allah, yaiku: Panjenengané
aneksèni mungguhing Kang Putra.
10 Sing sapa pracaya marang Putraning
Allah, iku nduwèni paseksi mangkono
ana ing batiné; sing sapa kang ora
pracaya marang Allah, iku nganggep
Panjenengané dora, amarga ora ngandel

marang paseksi kang wis kaparingaké
Allah mungguhing Kang Putra.
11 Anadéné paseksiné yaiku: Allah wus
maringaké urip kang langgeng, lan urip
iku dumunung ana ing Sang Putra.
12 Sapa kang nduwèni Sang Putra, iku
nduwèni urip. Sapa kang ora nduwèni
Putraning Allah, iku ora nduwèni urip.
13 Kabèh iku mau daktulis marang
kowé, supaya kowé kang padha pracaya
marang asmané Putraning Allah, padha
sumurupa yèn kowé kabèh iku padha
nduwèni urip langgeng.
14 Anggon kita tatag ing pracaya marang
Panjenengané, jalaran Panjenengané
mesthi nyembadani pandonga kita,
samangsa kita nyuwun apa-apa marang
Panjenengané, kang nyondhongi ing
karsané.
15 Lan menawa kita padha sumurup
yèn Panjenengané nyembadani apa baé,
kang kita suwun, dadiné kita padha
sumurup uga, yèn kita wis tampa apa
kang kita suwun marang Panjenengané.
16 Menawa ana wong kang weruh
saduluré tunggal pracaya nglakoni dosa,
yaiku dosa kang ora nekakaké pati, iku
ndedongaa marang Gusti Allah, temah

Panjenengané bakal maringi urip marang
wong iku, yaiku kang padha gawé dosa
kang ora nekakaké pati. Ana dosa kang
nekakaké pati: Yèn tumrap iku, aku ora
akon ndongakaké.
17 Sakèhing piala iku dosa, nanging ana
dosa kang ora nekakaké pati.
18 Kita sumurup, yèn saben wong
kang lair saka Allah iku ora gawé
dosa, nanging kaayoman déning
Panjenengané, kang miyos saka ing
Allah, temah si pangawak dursila ora
bisa nggepok wong mau.
19 Kita sumurup, yèn asal kita saka
ing Allah, lan sajagat kabèh kawengku
déning pangawak dursila.
20 Nanging kita padha sumurup, yèn
Putraning Allah wis rawuh sarta wis
maringi pangertèn marang kita, supaya
kita wanuh marang Kang Sejati; lan kita
dumunung ana ing Kang Sejati, ana ing
patunggilané Kang Putra Yésus Kristus.
Panjenengané iku Allah Kang Sejati lan
gesang kang langgeng.
21 Anak-anakku, padha diwaspada
marang sakèhé brahala.

2 Yohanes

1 [1] Saka aku pinituwa, marang
Ibu kang pinilih lan anak-anaké
kang padha daktresnani ing sajroning
kayektèn. Ora mung aku baé kang
nresnani kowé kabèh, nanging dalah
sakèhing wong kang wis padha ngawruhi
kayektèn,
[2] marga saka kayektèn kang tetep
dumunung ana ing kita lan bakal nunggal
karo kita nganti salawas-lawasé.
[3] Sih-palimirma, rahmat lan tentrem-
rahayu saka Allah Sang Rama lan saka
Yésus Kristus, Putrané Sang Rama, bakal
nunggal klawan kita sajroning kayektèn
lan katresnan.
[4] Aku bungah banget déné nyumurupi,
menawa ana anak-anakmu sawatara
kang padha urip ing sajroning kayektèn,
cundhuk karo pepakon kang wis kita
tampani saka Sang Rama.
[5] Lan samengko panjalukku marang
kowé, ibu, -- aja kok anggep aku nulis
pepakon anyar kanggo kowé, nanging
kang daktulis iki miturut pepakon kang

wis kita duwèni wiwit wiwitan mula --
supaya kita padha tresna-tinresnan.
6 Déné katresnan iku, kita kudu urip
manut pepakoné. Lan pepakon iku,
yaiku supaya kowé padha urip sajroning
katresnan, kaya anggonmu wis padha
krungu saka wiwitan mula.
7 Awit wis akèh juru panasaran kang
padha jumedhul lan ndlajahi salumahing
bumi, kang ora ngakoni menawa Yésus
Kristus wis rawuh dadi manungsa. Iku si
juru panasaran lan antikristus.
8 Padha diwaspada, supaya kowé aja
nganti padha kélangan apa kang wis
padha dakgarap, satemah anggonmu
padha nampa ganjaranmu sampurna.
9 Saben wong kang nyimpang lan ora
dumunung ana ing piwulangé Kristus, iku
ora nduwèni Allah. Sing sapa dumunung
ana ing piwulang iku, nduwèni Sang
Rama lan Sang Putra pisan.
10 Menawa kowé padha katekan wong
kang ora ngemban piwulang iku, aja
koktampa ana ing omahmu, lan aja
kokuluki salam.
11 Sabab sapa kang nguluki salam wong
iku, kalépétan panggawéné kang ala.

12 Sanadyan akèh kang kudu daktulis
marang kowé, aku ora gelem nulis
nganggo kertas lan mangsi, nanging
pangarep-arepku bakal teka dhéwé,
banjur rerembugan adu-arep karo kowé
kabèh, supaya kabungahan kita bisa
sampurna.
13 Salam marang kowé kabèh saka
anak-anaké sadulurmu wadon kang
pinilih.

3 Yohanes

1 [1] Saka aku pinituwa, marang Gayus
kang kinasih, kang daktresnani ing
sajroning kayektèn.
[2] Sadulurku kang kinasih, pandongaku
muga-muga kowé padha becik ing
sabarang prakara lan ginanjara bagas-
kuwarasan, semono uga nyawamu.
[3] Awit aku bungah banget, nalika ana
sadulur sawatara teka, awèh paseksi ing
bab anggonmu padha urip ing sajroning
kayektèn, sabab uripmu pancèn iya
mangkono.
[4] Tumraping aku, ora ana kabungahan
kang gedhéné ngluwihi kabungahanku
samangsa aku krungu, menawa
anak-anakku padha urip sajroning
kayektèn.
[5] Sadulurku kang kinasih, kowé
tumindak ngetrepi anggonmu dadi wong
pracaya, samangsa kowé nindakaké
samubarang kanggo para Sadulur
tunggal pracaya, sanadyan iku padha
wong bangsa liya.

6 Wong-wong iku ana ing sangarepé
pasamuwan wis padha awèh paseksi
bab katresnanmu. Becik temenan
panggawému, menawa padha
kokbiyantu kanggo mbacutaké
lakuné, kanthi patrap kang ndadèkaké
keparengé Allah.
7 Awit anggoné padha lelungan iku
marga saka asmané, tanpa nampani
apa-apa saka wong-wong kang ora
wanuh marang Allah.
8 Kita padha kuwajiban nampa wong-
wong kang kaya mangkono iku, supaya
kita padha dadi kanca tunggal gawé
tumrap apa kang bener.
9 Aku wis nulis sathithik marang
pasamuwan, nanging Diotrèfès, kang
kepéngin dadi pangarep ana ing
pasamuwan, iku ora gelem ngakoni
marang aku.
10 Mulané, bésuk samangsa aku
teka bakal dakélingaké kang dadi
panggawéné, sabab wis ngundhat-
undhat nganggo tembung kasar marang
aku kabèh; lan ora trima mangkono
baé, malah wong mau ora mung emoh
nampani para Saduluré tunggal pracaya
kang teka baé, nanging sapa kang

arep nampa wong-wong mau padha
dipenggak, sarta disébrataké saka
pasamuwan.
11 Sadulurku kang kinasih, aja nulad
marang kang ala, nanging nulada kang
becik. Sapa kang gawé becik, iku asalé
saka Allah, nanging sapa kang gawé
piala, iku ora tau weruh marang Allah.
12 Mungguh Démétrius wis diseksèni
becik déning wong kabèh, malah
kaseksènan déning kayektèn dhéwé.
Lan manèh aku kabèh iya padha awèh
paseksi becik tumrap wong iku, lan kowé
sumurup, yèn paseksiku iku nyata.
13 Akèh prakara kang kudu daktulis
marang kowé, nanging aku ora gelem
nulis marang kowé nganggo mangsi lan
pèn.
14 Pangarep-arepku énggal bakal
nemoni kowé, lan rerembugan adu-arep.
(1-15) Tentrem-rahayu anaa ing kowé!
Salam saka para mitramu. Salamku
marang para mitra siji-siji.

Yudas

1 [1] Saka Yudas, abdiné Yésus Kristus
sarta saduluré Yakobus, marang
para kang katimbalan, kang kinasih ana
ing Allah Sang Rama sarta kang padha
sinengker kagem Yésus Kristus.
[2] Sih-rahmat, tentrem-rahayu, apadéné
sih-katresnan nglubèrana kowé kabèh.
[3] Para Sadulur kang kinasih, sajroné
aku mbudidaya kanthi temenan nulis
layang marang kowé bab karahayon kita
kabèh, aku rumangsa kadereng nulis iki
lan mituturi kowé, supaya padha tetepa
anggonmu ngudi mbélani pangandel
kang wis kaparingaké marang para suci.
[4] Amarga ana sawenèhing wong kang
wis nusup ing satengahmu, yaiku wong
kang wis suwé padha pinesthèkaké
bakal kaukum: para wong duraka kang
migunakaké sih-rahmaté Allah kita
kanggo ngumbar hawa-napsu, sarta
kang nyélaki marang Pangwasa Tunggal
lan Gusti kita, Yésus Kristus.
[5] Nanging sanadyan kowé wis padha
mangerti iku mau kabèh sarta ora

mangu-mangu manèh, aku kepéngin
ngélingaké kowé, menawa Gusti iku
pancèn ngentasaké umat kagungané
saka tanah Mesir, nanging sabanjuré
numpes kang padha ora pracaya.
6 Mangkono uga, para malaékat kang
ora padha manut marang wates-
watesing pangwasané, temah ninggal
papan padunungané, bakal katahan
kanthi blenggu kang langgeng ana ing
pepeteng, nganti tekaning pangadilan
ing dina gedhé,
7 iya kaya kang mangkono, Sodom
lan Gomora sarta kutha-kutha ing
sakubengé, kang kanthi cara kang
padha, nindakaké laku jina, sarta padha
mburu kamareman kang ora lumrah,
wus padha kasiksa ing geni langgeng,
minangka pepéling tumrap manungsa
kabèh.
8 Ewadéné, para juru ngimpi uga padha
njemberaké badané lan ngrèmèhaké
pangwasaning Allah sarta anyenyamah
marang sakèhing kamulyan ing swarga.
9 Malah Mikhaèl, panggedhéning
para malaékat, nalika padu karo Iblis
bab layoné Musa, ora wani ngadili
Iblis iku nganggo tembung-tembung

panyenyamah, nanging mung ngucap
mangkéné, "Kowé muga didukani déning
Gusti."
10 Ananging wong-wong iku padha
nyenyamah samubarang kang ora
padha dimangertèni lan apa kang padha
dimangertèni kaya patrapé kéwan kang
tanpa budi, malah iku kang njalari
karusakané.
11 Bilai wong-wong iku, sabab padha
mèlu mlaku ing dalan kang katempuh
déning Kain lan marga mburu opah,
njegur ing panasarané Biléam, temah
padha tumpes, marga anggoné mbaléla
kayadéné Korah.
12 Wong iku padha dadi rereged ana ing
bujananing katresnanmu, jalaran tanpa
nduwèni rasa isin ngentèk-entèkaké
sarta mung mentingaké awaké dhéwé.
Wong iku padha kaya méga kang tanpa
banyu, kang kabur katut ing angin;
prasasat wit-witan kang ora metokaké
woh ing mangsa gogrog godhongé, kaya
wit-witan kang rungkat sarta mati babar
pisan.
13 Prasasat ombaking sagara kang
nggegirisi, kang ngumplukaké
kanisthané dhéwé, padha kaya lintang-

lintang kang ngumbara, kang wis
kacawisan panggonan ana ing jagating
pepeteng langgeng salawasé.
14 Hénokh, turun kang kapitu saka
Adam, uga wis meca wong-wong
iku, surasané, "Lah Gusti rawuh
ginarebeg déning para suci abdiné kang
maèwu-èwu cacahé,
15 karsa nindakaké pangadilan tumrap
wong kabèh, sarta matrapi paukuman
marang sakèhing pratingkah mblasar
kang padha dilakoni, sarta jalaran saka
sakèhing tembung kang nistha, kang
diucapaké déning para wong dosa kang
mblasar iku marang Gusti."
16 Iku wong kang padha grundelan lan
ora nrima ing pepesthèn, urip nuruti
hawa-napsu, nanging cangkemé padha
ngucapaké tembung-tembung kang
ngayawara, ngonggrong wong, supaya
olèh kauntungan.
17 Nanging kowé iku, para Sadulur
kinasih, padha élinga marang pangandika
kang biyèn wis kawedharaké marang
kowé kabèh déning para rasulé Gusti
kita, Yésus Kristus.
18 Jalaran kowé wis padha
dipangandikani, "Mbésuk ngarepaké

jaman wekasan bakal ana juru
pamoyok, kang lakuné padha ngumbar
hawa-napsuné kang mblasar."
19 Wong-wong iku kang padha njalari
cecongkrahan, manungsa kadonyan
kang ora kadunungan Roh Suci.
20 Nanging kowé, para Sadulur kinasih,
padha mbanguna awakmu dhéwé,
kanthi kadhasarana pracayamu kang
suci linuwih, sarta ndedongaa ana ing
patunggilané Roh Suci.
21 Awakmu padha reksanen kanthi
patrap mangkono iku, ana ing sajroning
sihé Allah, kalawan nganti-anti marang
sih-rahmaté Gusti kita, Yésus Kristus,
tumuju ing urip langgeng.
22 Wong-wong kang atiné isih mangu-
mangu padha welasana.
23 Wong iku padha entasna sarana
karebut saka ing geni. Nanging
télakna welas-asihmu kanthi rasa wedi
marang wong-wong liyané uga, sarta
padha sengita marang sandhangané
wong-wong kang kajemberaké déning
pepénginan-pepénginaning dosa.
24 Kagem Panjenengané kang kwasa
ngreksa marang kowé kabèh, supaya
padha ora kesandhung sarta mrenahaké

kowé kalawan tanpa cacad lan kanthi
kebak kabungahan ana ing ngarsaning
kamulyané.
25 Allah kang mung siji, Pamarta kita,
marga déning Yésus Kristus, Gusti kita,
iku kang sayogya sinaosan kamulyan,
kaluhuran, kasantosan sarta pangwaos,
sadurungé dumadining jaman, saiki
sarta nganti ing salawasé. Amin.

Wahyu

1 [1] Iki wahyuné Yésus Kristus, kang
kaparingaké déning Allah marang
Panjenengané, supaya katedahaké
marang para abdiné bab apa kang
pinasthi bakal énggal kelakon.
Panjenengané wus medharaké bab
iku marang Yohanes abdiné, lantaran
malaékat utusané.
[2] Yohanes wus neksèni bab
pangandikané Allah lan bab paseksi kang
kaparingaké déning Yésus Kristus, yaiku
samubarang kang wus kadeleng.
[3] Rahayu wong kang macakaké lan
para wong kang padha ngrungokaké
pamedhar wangsit iki sarta kang netepi
apa kang katulis ing kono, awit waktuné
wus cedhak.
[4] Saka Yohanes marang pasamuwan
pepitu kang ana ing Asia-Cilik: Sih-
rahmat lan tentrem-rahayu anaa ing
kowé kabèh, saka Panjenengané, kang
ana lan kang wis ana sarta kang bakal
rawuh, apadéné saka roh pepitu kang
padha ana ing ngarsaning dhamparé,

5 sarta manèh saka Yésus Kristus, Seksi
kang setya, kang dhisik dhéwé wungu
saka ing antarané wong mati lan kang
ngwaosi para raja ing bumi iki. Kagem
Panjenengané, kang ngasihi kita lan
kang wis mbirat dosa kita kalawan rahé,
--
6 lan kang wis ndadèkaké kita sawijining
kraton, lan imam-imam sumaos
marang Allah, ingkang Rama, -- iya
kagem Panjenengané iku kamulyan lan
pangwasa nganti ing salawas-lawasé.
Amin.
7 Kawruhana, Panjenengané rawuh
nitih méga lan saben mripat bakal
ndeleng Panjenengané, dalah wong
kang wis padha njojoh Panjenengané.
Sakèhing bangsa ing bumi bakal nangisi
Panjenengané. Iya, Amin.
8 "Ingsun iki Alfa lan Oméga,
Pangandikané Gusti Allah kang ana, lan
kang wus ana, sarta kang bakal rawuh,
kang Mahakwasa."
9 Aku, Yohanes, sadulur sarta
panunggalanmu sajroning kasusahan,
ing sajroning Kraton sarta kanthi mantep
nganti-anti marang Yésus, lagi ana ing
pulo kang aran Patmos marga saka

pangandikané Allah lan paseksi kang
kaparingaké déning Yésus.
10 Mbeneri ing dinané Gusti, aku
kalimputan ing Roh lan aku krungu
swara kang sora ana ing mburiku, kaya
uniné kalasangka,
11 pangandikané, "Apa kang sira
deleng, iku tulisen ana ing kitab lan
kirimna marang pasamuwan pepitu iki:
Marang Éfesus, marang Smirna, marang
Pèrgamus, marang Tiatira, marang
Sardis, marang Filadèlfia lan marang
Laodikia."
12 Aku tumuli nolèh arep meruhi swara
kang ngandikani aku iku. Lan sawisé aku
nolèh, aku weruh ana cagak padamaran
mas pitu.
13 Sarta ing tengah-tengahé cagak
padamaran pitu mau ana kang madha
rupa karo Putraning Manungsa, ngagem
jubah kang dawané nganti klangsrah
tekan sampéyané, lan jajané apaningset
emas.
14 Mustaka lan rékmané putih kaya wulu
wedhus gèmbèl, memplaké kaya salju
lan tingalé kaya urubing geni.

15 Sampéyané kaya tembaga
mengangah ana sajroning prapèn;
swarané kaya kumrosaking banjir gedhé.
16 Astané kang tengen ngasta lintang
pitu sarta tutuké ngedalaké pedhang
kang landhep kiwa-tengen, wedanané
sumunar kaya srengéngé kang padhang
sumilak.
17 Nalika aku weruh Panjenengané, aku
nuli sujud ana ing ngarsaning sampéyané
kaya wong mati; nanging aku banjur
ditumpangi astané kang tengen, sarta
dingandikani, "Aja wedi! Ingsun iki Kang
Wiwitan lan Kang Wekasan,
18 lan Kang Gesang, Ingsun wus séda,
nanging delengen, Ingsun gesang nganti
salawas-lawasé lan Ingsun ngasta
sakèhing kunciné pati lan kratoning pati.
19 Marga saka iku tulisen apa kang
wis sira deleng, iya kang kelakon ing
samengko tuwin kang bakal kelakon ing
tembé.
20 Mungguh wadiné lintang pitu kang
sira deleng ana ing astaningsun tengen
lan cagak padamaran emas pitu iku
mangkéné: Lintang pitu iku malaékaté
pasamuwan pepitu lan cagak padamaran
emas pitu iku pasamuwan pepitu."

2 [1] "Sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Éfesus: Iki
pangandikané kang ngasta lintang
pepitu ing astané tengen lan kang tindak
ing antarané cagak padamaran mas
pepitu iku.
[2] Ingsun pirsa sakèhing panggawénira,
iya marang rekasanira iya marang
kaantepanira. Ingsun pirsa, menawa
sira ora bisa nyabari para wong duraka,
lan menawa sira wus nliti wong-wong
kang ngaku-aku rasul, mangka ing
sanyatané dudu, menawa sira wis
meruhi wong-wong iku tukang goroh.
[3] Sira tetep sabar sarta nandhang
sangsara marga saka asmaningsun; lan
sira ora tau krasa sayah.
[4] Sanadyan mangkono sira Ingsun
cacad, marga sira wis ninggal
katresnanira kang kawitan.
[5] Mulané sira élinga sapira jeroné
anggonira wis keplorod! Padha
mratobata sarta nglakonana kaya
panggawénira kang sakawit. Menawa
ora mangkono, Ingsun mesthi bakal
ngrawuhi sira, sarta Ingsun bakal
mundhut cagak padamaranira saka ing
panggonané, menawa sira ora mratobat.

6 Nanging iki kang dumunung ing sira,
yaiku sira sengit marang tumindaking
wong-wongé Nikolaus, kang uga Ingsun
sengiti.
7 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang kapangandikakaké déning
Roh marang pasamuwan-pasamuwan.
Sing sapa unggul, iku bakal sunparingi
mangan wohing wit panguripan kang ana
ing Taman Firdaus kagungané Allah."
8 "Sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Smirna: Iki
pangandikané Kang Wiwitan sarta
Kang Wekasan, kang wus séda lan
gesang manèh:
9 Ingsun pirsa kasusahanira lan
kamlaratanira, -- ananging sira sugih --
apadéné pitenahé wong kang ngaku-aku
wong Yahudi, mangka sanyatané
dudu; kosok-baliné wong-wong iku
panunggalané Iblis.
10 Sira aja wedi marang sadhéngah
kasangsaran kang kudu sira sangga!
Satemené Iblis bakal nglebokaké wong
sawatara panunggalanira marang
pakunjaran, supaya sira nampa pacoban
sarta sira bakal ketaman kasusahan
sapuluh dina lawasé. Sira disetya tuhu

nganti tumeka ing pati, lan sira bakal
sunganjar makuthaning kauripan.
11 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang dipangandikakaké déning Roh
marang pasamuwan-pasamuwan: Sing
sapa unggul, iku ora bakal nandhang
sangsara déning pati kang kapindho."
12 "Sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Pèrgamus: Iki
pangandikané kang ngasta pedhang
landhep kiwa-tengen:
13 Ingsun pirsa ana ing ngendi
pamanggonira, iya iku panggonan
dhamparé Iblis; éwadéné sira ngugemi
asmaningsun, sarta ora nyélaki
pracayanira marang Ingsun, uga ora ing
nalika jamané Antipas, seksiningsun,
kang setya marang Ingsun kang dipatèni
ana ing ngarepira, ing panggonané Iblis.
14 Ananging sira, ana sawatara kang
suncacad; ing antaranira ana sawatara
kang padha ngugemi piwulangé
Biléam, kang ngajani Balak supaya
njlomprongaké wong Israèl, supaya
padha mangana sesajèné brahala sarta
laku-jina.

15 Mangkono uga ing antaranira ana
kang padha ngugemi piwulangé para
panganuté Nikolaus.
16 Marga saka iku sira mratobata!
Menawa ora mangkono, Ingsun bakal
énggal ngrawuhi sira sarta Ingsun bakal
nempuh perang marang wong-wong
mau kalawan pedhang kang ana ing
tutukingsun iki.
17 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang dadi pangandikané Roh
marang pasamuwan-pasamuwan: Sapa
kang unggul, bakal sunparingi mangan
manna kang piningit; sarta sunganjar
watu putih, kang ing ndhuwuré katulisan
jeneng anyar, kang ora kawruhan ing
wong, kajaba kang nampani iku."
18 "Sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Tiatira: Iki pangandikané
putraning Allah, kang tingalé kaya
urubing geni lan sampéyané kaya
tembaga:
19 Ingsun pirsa sakèhing panggawénira:
iya katresnanira, iya pracayanira,
apadéné pangabdinira lan kaantepanira.
Ingsun pirsa, menawa panggawénira
kang wekasan iku ngluwihi kang wiwitan.

20 Nanging sira suncacad, amarga sira
ngumbar Izébèl, wong wadon kang
ngaku-aku nabi, memulang lan nasaraké
para abdiningsun supaya laku-cabul lan
mangan sesajèné brahala.
21 Ingsun wus paring waktu marang
wong mau supaya mratobat, nanging
ora gelem mratobat saka anggoné
laku-cabul.
22 Wruhanira, wong iku bakal
sungluntungaké ing paturon,
sundadèkaké lara lan para kang
laku-jina karo wong mau bakal
suntempuhaké ing sangsara gedhé,
menawa padha ora mratobat saka
pratingkahé wong wadon iku.
23 Apadéné anak-anaké bakal
suntumpes. Satemah sakèhé
pasamuwan bakal padha mangerti yèn
Ingsun iki kang nliti pikiran lan atining
manungsa. Sarta Ingsun bakal males
marang sawiji-wijiné panunggalanira
miturut sapanggawénira.
24 Nanging sira, iya iku wong-wong
liyané kang ana ing Tiatira, kang ora
ngugemi piwulang iku, lan kang ora
nyinau wewadining Iblis, kayadené
anggoné ngarani, iku sundhawuhi,

mangkéné: Ingsun ora karsa ngetrapi
momotan liyané marang sira.
25 Nanging apa kang sira duwèni iku
kukuhana nganti sarawuhingsun.
26 Déné sapa kang unggul lan nindakaké
pakaryaningsun nganti tumeka ing
wekasan, iku bakal sunganjar pangwasa
mengku para bangsa,
27 lan iku bakal padha dirèh klawan
teken wesi; wong-wong iku bakal
karemuk kaya grabah, -- padha kaya
pangwasa kang Ingsun tampèni saka
Ramaningsun --
28 apadéné bakal sunganjar lintang
panjer ésuk.
29 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang dadi pangandikané Roh marang
pasamuwan-pasamuwan."

3 1 "Sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Sardis: Iki
pangandikaning Panjenengané, kang
kagungan Rohé Allah pepitu lan lintang
pepitu iku: Ingsun pirsa sakèhing
panggawénira; sira kaaranan urip,
mangka satemené mati!
2 Sira tangia, lan nyantosakna apa kang
isih kari kang wis ngarepaké mati, awit
panggawénira iku ora ana siji-sijia kang

sunpanggih sampurna ana ing ngarsané
Allahingsun.
[3] Awit saka iku sira élinga, kepriyé
anggonira nampani lan krungu; iku
tetepana lan mratobata! Awit menawa
sira ora jumaga, Ingsun bakal ngrawuhi
sira kaya maling, sarta sira ora bakal
mangerti wayah apa anggoningsun
ngrawuhi sira.
[4] Nanging ing Sardis kono uga ana
wong sawatara kang ora ngregedi
sandhangané; wong-wong iku bakal
ndhèrèk ing satindakingsun kalawan
manganggo putih, marga padha
sembada.
[5] Sapa kang unggul, iku bakal dienggoni
sandhangan putih kaya mangkono;
Ingsun bakal ora mbusak jenengé saka
ing buku kauripan, nanging ingsun
bakal ngakeni jenengé ana ing ngarsané
Ramaningsun lan ing ngarepé para
malaékaté.
[6] Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang dadi pangandikané Roh marang
pasamuwan-pasamuwan."
[7] "Sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Filadèlfia: Iki
pangandikané Kang Suci, Kang

Sanyata, kang ngasta kunciné Daud;
samangsa Panjenengané ngengakaké,
ora ana kang bisa nutup, samangsa
Panjenengané nutup, ora ana kang bisa
ngengakaké.
8 Ingsun pirsa sakèhing panggawénira:
Wruhanira, sira wis sunwengani lawang
kang ora bisa kainebaké déning wong.
Ingsun pirsa menawa kakuwatanira
ora sapiraa, nanging sira netepi
pangandikaningsun sarta ora nyélaki
asmaningsun.
9 Wruhanira, wong sawatara saka
panunggalané Iblis, yaiku kang padha
ngaku-aku Yahudi, mangka sajatiné
dudu, nanging goroh, iku bakal
sunpasrahaké marang sira. Sanyatané
Ingsun nekakaké wong-wong iku,
supaya padha sumungkem sujud ana ing
ngareping sikilira sarta padha mangerti,
yèn Ingsun ngasihi sira.
10 Amarga sira wis netepi
pangandikaningsun, supaya kalawan
sabar mantep nganti-anti marang
Ingsun, mulané Ingsun iya bakal
ngreksa sira ing dina pacoban kang
bakal nekani ing sajagat kabèh kanggo

nliti wong-wong kang padha manggon
ing bumi.
11 Ingsun bakal énggal rawuh.
Kukuhana, apa kang sira duwèni, supaya
aja ana wong kang ngrebut makuthanira.
12 Sapa kang unggul, iku bakal
sundadèkaké saka-guru ana ing
Padaleman Suciné Allahingsun, lan bakal
ora metu manèh saka kono; karodéné
bakal suntulisi asmané Allahingsun,
jenengé kuthané Allahingsun, yaiku
Yérusalèm anyar, kang tumurun
saka swarga saka Allahingsun, sarta
asmaningsun kang anyar.
13 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang dadi pangandikané Roh marang
pasamuwan-pasamuwan."
14 "Lan sira nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing Laodikia: Iki
pangandikané Sang Amin, Seksi
kang setya tuhu lan sanyata, wiwitané
titahing Allah:
15 Ingsun pirsa sakèhing panggawénira:
sira iku ora adhem lan ora panas. Saiba
beciké saupama sira adhem utawa
panas.
16 Kang iku sarèhné sira iku manget-
manget, ora adhem lan ora panas,

mulané Ingsun bakal nglepèh sira saka
ing tutukingsun.
17 Sarèhné sira duwé ujar: Aku iki sugih
lan aku wis ngudi kasugihan sarta ora
kekurangan apa-apa, apa manèh marga
sira ora mangerti, yèn sira iku mlarat lan
memelas, wuta lan kawudan,
18 mulané Ingsun ndhawuhi sira, supaya
sira tuku mas kang binesot ing geni
marang Ingsun, supaya sira dadi sugih;
lan uga sandhangan putih, supaya
sira anggo, temah aja nganti katon
anggonmu wuda, kang ngisin-isini;
apadéné lenga kanggo mblonyohi
mripatira, supaya sira bisa ndeleng.
19 Sapa wong kang sunkasihi, iku
sunwelèhaké lan sunpatrapi; marga saka
iku, sing tumemen lan mratobata!
20 Wruhanira, Ingsun jumeneng ana
ngarep lawang sarta thothok-thothok;
menawa ana wong kang krungu
swaraningsun lan mbukakaké lawang,
Ingsun bakal lumebet manggihi wong
iku lan kembul bujana bareng wong iku
lan wong iku karo Ingsun.
21 Sapa kang unggul, iku bakal
sunlenggahaké bareng karo Ingsun ana
ing dhamparingsun, kayadéné Ingsun

uga wis unggul lan banjur lenggah
bareng Ramaningsun ana ing dhamparé.
22 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna
apa kang dadi pangandikané Roh marang
pasamuwan-pasamuwan."

4 1 Sawisé mangkono aku weruh:
Lah sanyata, lawanging swarga ana
kang menga sarta ana swara kang wis
dakrungu biyèn, ngandikani aku kaya
swarané kalasangka, mangkéné, "Sira
munggaha mréné bakal suntedahi apa
kang sawisé iki pinasthi kelakon."
2 Sanalika iku aku kalimputan ing Roh,
lah ing swarga ana dhampar, lan ana
kang lenggah ing dhampar iku.
3 Panjenengané kang lenggah ing
dhampar iku sawangané kaya sesotya
yaspis lan sardis; lan ing sakubengé
dhampar ana kluwungé kang katon
sumunar kaya jamrud.
4 Anadéné ing sakubengé dhampar
mau ana dhamparé patlikur linenggahan
déning pinituwa patlikur, padha ngagem
ageman putih sarta ngagem makutha
emas.
5 Saka ing dhampar mau ana kilaté
kang metu lan swara gludhug kang
gumleger, lan ing ngarepé dhampar ana

obor pitu kang padha murub: yaiku Rohé
Allah pepitu.
6 Karodéné ing ngarepé dhampar ana
sagara kaca kristal; ing satengahé
dhampar lan ing sakubengé ana makluk
papat padha kebak mripat ana ing
ngarep lan ing buri.
7 Déné makluk mau kang kapisan kaya
singa, kang kapindho kaya pedhèt,
kang katelu iku rainé kaya manungsa,
lan kang kapaté kaya manuk garudha
mabur.
8 Makluk papat mau siji-sijiné ana
swiwiné enem, ing sisih njaba lan
njeroné padha kebak mripat, lan
rina-wengi tanpa lèrèn anggoné ngucap
mangkéné, "Suci, suci, suci, Gusti Allah
ingkang Mahakwaos, ingkang rumiyin
wonten, ingkang samangké wonten,
saha ingkang badhé rawuh."
9 Saben-saben makluk mau padha
ngunjukaké pamuji lan pakurmatan
tuwin puji sokur marang Panjenengané
kang lenggah ing dhampar lan kang
gesang langgeng ing salawas-lawasé,
10 para pinituwa patlikur mau banjur
padha sumungkem ana ing ngarsané
kang lenggah ing dhampar iku, sarta

manembah marang Panjenengané kang
gesang ing salawas-lawasé. Sarta padha
nyèlèhaké makuthané ana ing sangarepé
dhampar iku kalawan munjuk,
11 "Dhuh Gusti saha Allah kawula,
Paduka ingkang sayogi tampi pamuji
saha pakurmatan sarta pangwaos.
Amargi Paduka sampun nitahaken
samukawis; sarta amargi saking karsa
Paduka, samukawis punika wonten lan
tinitahaken."

5 1 Aku tumuli sumurup kitab gulungan
ana ing astané tengen Panjenengané
kang lenggah ing dhampar mau, kang
katulisan ing njero lan ing njaba lan
disègel nganggo sègel pitu.
2 Aku weruh malaékat kang prakosa
nguwuh-uwuh klawan swara sora, "Sapa
kang pantes ngudhari gulungan kitab iku
sarta mbukaki sègelé?"
3 Nanging ing swarga lan ing bumi
tuwin sangisoring bumi, ora ana kang
bisa ngudhari gulungan kitab mau sarta
ndeleng sisih njeroné.
4 Aku banjur nangis kelara-lara, amarga
ora ana wong sijia baé kang dianggep
pantes ngudhari gulungan kitab iku
utawa ndeleng sisih njeroné.

5 Banjur ana salah sijiné pinituwa kang
ngandika marang aku, "Kowé aja nangis!
Delengen, singa kang saka trah Yéhuda,
yaiku sogolané Daud, kang wis unggul,
temah Panjenengané bisa ngudhari
gulungan kitab iku sarta mbukaki sègelé
pitu."
6 Aku banjur ndeleng ing satengahé
dhampar lan makluk papat iku tuwin
ing satengahé para pinituwa mau ana
Cempé jumeneng katoné kaya wis
kasembelèh, singaté pitu lan tingalé
pitu: yaiku Rohé Allah pepitu kang
kautus menyang salumahing bumi.
7 Panjenengané iku banjur nyelak
sarta nampani gulungan kitab mau
saka astané tengen Panjenengané kang
pinarak ing dhampar.
8 Nalika Panjenengané mundhut
gulungan kitab mau, makluk papat lan
pinituwa patlikur iku nuli sungkem ana
ing ngarsané Cempé iku, karo padha
nyekel clempung lan bokor emas, isi
dupa kebak; yaiku pandongané para
suci.
9 Sarta padha ngidungaké kidung anyar,
tembungé, "Paduka sembada nampèni
gulungan kitab punika sarta mbikaki

sègelipun; amargi Paduka sampun
kasembelèh lan sarana rah Paduka,
Paduka sampun nebus tiyang-tiyang
saking saben taler saha basa tuwin umat
miwah bangsa kagem Allah.
10 Sarta Paduka ndadosaken tiyang-
tiyang punika satunggaling kraton lan
imam-imam kagem Allah kita, sarta
sami badhé ngerèh dados raja wonten
ing bumi."
11 Aku tumuli ndeleng lan krungu
swarané malaékat akèh ing sakubenging
dhampar, lan makluk-makluk tuwin para
pinituwa; cacahé pirang-pirang atus èwu
lan pirang-pirang yuta,
12 pangucapé kalawan swara sora,
"Sang Cempé ingkang sampun kapragat
punika sembada nampèni pangwaos, lan
kasugihan, sarta kawicaksanan, saha
kakiyatan, tuwin kaurmatan, miwah
kamulyan lan pangalembana."
13 Aku banjur krungu sakèhing makluk
kang ana ing swarga lan ing bumi tuwin
sangisoring bumi, sarta ing sagara,
apadéné kang urip ing njeroné, padha
ngucap: "Pangalembana lan kaurmatan,
tuwin kamulyan sarta pangwaos kagem
Panjenenganipun ingkang lenggah ing

dhampar saha Sang Cempé, ngantos
salami-laminipun!"
14 Makluk papat iku padha ngucap,
"Amin!" Sarta para pinituwa mau padha
sujud lan manembah.

6 1 Aku banjur ndeleng Cempé iku
mbikak sègel kang kapisan saka
sègel pitu mau, lan aku krungu makluk
papat kang kapisan iku ngucap, swarané
kaya gludhug, "Mara delengen!"
2 Tumuli aku ndeleng: Lah, ana jaran
putih, kang nunggang nyekel panah lan
kaparingan ganjaran makutha. Wong iku
tumuli maju kaya wong kang wis unggul
supaya ngrebut kaunggulan.
3 Nalika Cempé mau mbikak sègel kang
kapindho, aku krungu makluk kang
kapindho ngucap, "Mara delengen!"
4 Tumuli ana jaran liyané maju, ulesé
abang mbranang, sarta kang nunggang
kaparingan pangwasa mundhut tentrem-
rahayu saka ing bumi, supaya wong
padha patèn-pinatèn, lan uga kaparingan
pedhang gedhé.
5 Nalika Cempé iku mbikak segel
kang katelu aku krungu makluk kang
katelu ngucap, "Mara delengen!" Nuli

aku weruh: lah, ana jaran ireng, kang
nunggang nyekel timbangan.
6 Aku krungu ana swara ing tengah-
tengahé makluk papat iku tembungé,
"Gandum sataker sadinar, lan sair telung
taker sadinar. Ananging aja ngrusak
lenga lan anggur iku."
7 Nalika Cempé mau mbikak sègel kang
kapat, aku krungu makluk kang kapat
ngucap, "Mara delengen!"
8 Tumuli aku weruh: Lah ana jaran
ijo-kuning siji, sarta kang nunggang
jenengé Pati, lan dietutaké déning
teleng-palimenganing pati. Lan iku
padha kaparingan pangwasa matèni
isining jagat saprapat srana pedhang,
pailan sarta pageblug, apadéné srana
kéwan-kéwan galak ing bumi.
9 Nalika Cempé iku mbikak sègel kalima,
aku nuli weruh sangisoré misbyah ana
nyawané wong-wong kang wis dipatèni
marga saka pangandikané Allah lan
marga saka paseksiné.
10 Nyawa-nyawa mau padha nguwuh-
uwuh klawan swara sora, "Ngantos
pinten dangunipun malih, dhuh Pangéran
Ingkang Mahakwaos, ingkang suci sarta
leres, anggèn Paduka mboten ngadili

saha malesaken rah kawula dhateng
tiyang ingkang manggèn wonten ing
bumi?"
11 Tumuli padha kaparingan jubah
putih, sarta kadhawuhan, supaya lerem
sawatara mangsa manèh nganti tumeka
saganeping cacahé para kanca-leladi lan
sadulur-saduluré tunggal pracaya, kang
iya bakal dipatèni, kaya wong-wong
mau.
12 Aku nuli weruh, Cempé mau mbikak
sègel kang kanem, sanalika ana lindhu
kang nggegirisi lan srengéngé dadi
peteng kaya kanthong wulu ireng sarta
rembulan dadi abang mbranang kaya
getih.
13 Lan lintang-lintang ing langit padha
rontog ing bumi, kaya wohing anjir
kang isih mentah padha rontog, nalika
katempuh ing angin gedhé.
14 Langit tumuli nglunthung kaya
gulungan kitab sarta sakèhing gunung
lan pulo padha ngalih saka panggonané.
15 Para raja ing bumi lan para
panggedhé sarta para prawira, lan
para wong sugih sarta wong-wong
kang kwasa, lan sakèhing batur sarta
wong mardika padha ndhelik ana ing

guwa-guwa lan ing antarané watu-watu
karang ing gunung.
16 Iku mau kabèh padha kandha
marang gunung-gunung lan marang
watu karang, "Aku padha jugrugana lan
dhelikna saka ngarsaning Panjenengané,
kang lenggah ing dhampar, sarta saka
bebenduné Cempé iku."
17 Sabab wis tekan waktuné dina agung,
yaiku dinaning bebendu, sarta sapa kang
kuwagang nadhahi?
7 1 Sawisé iku aku weruh malaékat
papat jumeneng ana ing kéblat-
papat, padha nyandhet anginé bumi,
supaya aja ana angin niyup menyang
dharatan utawa menyang sagara tuwin
menyang wit-witan.
2 Sarta aku ndeleng malaékat liyané
njedhul saka panggonan plethèking
srengéngé. Panjenengané ngasta cap
kagungané Allah kang gesang, lan banjur
nywara kanthi sora marang malaékat
papat kang padha kaparingan kuwajiban
ngrusak bumi lan sagara,
3 pangandikané, "Aja ngrusak bumi
lan sagara utawa wit-witan sadurungé
aku ngecapi para abdiné Allahku ing
bathuké!"

4 Aku krungu yèn cacahé kang padha
kaecapan iku: Saka panunggalané taler
Banisraèl kabèh kang kaecapan ana
satus patang puluh papat èwu.
5 Saka taler Yéhuda kang kaecapan
rolas èwu, saka taler Rubèn rolas èwu,
taler Gad rolas èwu,
6 taler Asyèr rolas èwu, taler Naftali
rolas èwu, taler Manasyé rolas èwu,
7 saka taler Siméon rolas èwu, taler
Lèwi rolas èwu, taler Isakhar rolas èwu,
8 saka taler Zébulon rolas èwu, taler
Yusuf rolas èwu, taler Bènyamin rolas
èwu.
9 Sawisé mangkono aku weruh: Lah ana
golonganing wong akèh kang cacahé
tanpa wilangan, saka sakèhing bangsa
lan taler tuwin umat sarta basa, ngadeg
ana ing sangarepé dhampar lan ing
ngarsané Cempé, padha nganggo jubah
putih lan nyekel godhong palem.
10 Iku padha nywara kalawan sora,
"Karahayon konjuk ing Allah kawula
ingkang lenggah ing dhampar saha ing
ngarsanipun Sang Cempé!"
11 Lan sakèhing malaékat padha
jumeneng ing sakubenging dhampar
lan para pinituwa tuwin makluk papat

iku, sarta padha sujud ana ing ngarepé
dhampar lan manembah marang Allah,
12 klawan munjuk, "Amin! Sakathahing
puji lan kamulyan, sarta kawicaksanan
tuwin panuwun, saha kaurmatan miwah
pangwaos saha kasantosan konjuk ing
Allah kita langgeng salami-laminipun!
Amin!"
13 Tumuli ing antarané para pinituwa
mau ana kang ndangu marang aku,
"Sapa kang padha nganggo jubah putih
iku lan pinangkané saka ngendi?"
14 Atur wangsulanku, "Bapa, punika
panjenengan ingkang uninga." Pinituwa
mau banjur ngandika marang aku, "Iku
para kang luwar saka ing sangsara
gedhé sarta wus padha ngumbah jubahé
nganti putih sarana rahé Cempé iku.
15 Mulané padha ngadeg ana ing
ngarsané dhamparing Allah lan padha
ngladosi Panjenengané rina-wengi ana
ing Padaleman Suciné. Panjenengané
kang lenggah ing dhampar iku bakal
masang tarub minangka pangaubané,
16 sarta ora bakal padha ngelih lan
ngelak manèh, tuwin bakal ora kena
dayaning srengéngé utawa panas kang
sumelèt.

17 Amarga bakal padha diengon déning
Cempé mau sarta diirid menyang tuking
banyu kauripan. Déné Allah bakal
ngusapi sakèhing eluh saka ing mripaté."

8 1 Bareng Sang Cempé iku mbikak
sègel kang kapitu, ing swarga banjur
sidhem-premanem watara satengah jam
suwéné.
2 Tumuli aku weruh malaékat pitu kang
marak ing ngarsaning Allah, padha
kaparingan kalasangka pitu.
3 Banjur ana malaékat liyané kang
nungka lan jumeneng cedhak misbyah
kalawan ngasta padupan mas. Nuli
padha kaparingan dupa akèh supaya
dianggo sesaosan bebarengan karo
pandongané para suci ana ing misbyah
mas kang ana ing ngarepé dhampar iku.
4 Kukusé dupa kumelun awor karo
pandongané para suci iku saka ing
astané malaékat mau marang ing
ngarsané Allah.
5 Malaékat mau tumuli mundhut
padupan mas iku, diisèni geni saka
misbyah, lan iku banjur diuncalaké
ing bumi. Nuli ana swara gumlegering
gludhug bebarengan karo bledhèg sarta
lindhu.

6 Malaékat pepitu kang ngasta
kalasangka pitu mau banjur padha
cecawis arep ngungelaké kalasangkané.
7 Malaékat kang kapisan banjur
ngungelaké kalasangkané, nuli ana
udan ès, lan geni, campur getih; lan
kabèh mau kauncalaké menyang bumi;
temah saprateloné bumi lan saprateloné
wit-witan kobong sarta sakèhé sesuketan
ijo padha geseng.
8 Malaékat kang kapindho nuli
ngungelaké kalasangkané banjur ana
rerupan saèmper gunung gedhé kang
murub, kaceguraké ing sagara. Temah
saprateloné sagara iku dadi getih,
9 lan makluk ing sagara kang duwé
nyawa saprateloné padha mati tuwin
saprateloné prau-prau padha tumpes.
10 Malaékat kang katelu nuli ngungelaké
kalasangkané, banjur ana lintang gedhé
tiba saka langit, murub kaya obor,
sarta nibani saprateloné kali-kali lan
etuk-etuking banyu.
11 Anadéné lintang mau jenengé
Apsintus. Satemah saprateloné sakèhing
banyu dadi pait, njalari akèh wong kang
padha mati marga saka banyu mau, awit
wus dadi pait.

12 Malaékat kang kapat banjur
ngungelaké kalasangkané, nuli
saprateloné srengéngé lan saprateloné
rembulan tuwin saprateloné lintang-
lintang katempuh, temah saprateloné
iku kabèh padha dadi peteng, lan
saprateloné rina ora padhang, sarta
wenginé iya mangkono uga.
13 Aku banjur weruh, lan krungu ana
manuk garudha mabur dhuwur ing langit
lan ngucap kanthi swara sora, "Bilai,
bilai, bilai wong kang manggon ana ing
bumi, awit saka swara kalasangkané
malaékat telu liyané, kang isih bakal
ngungelaké kalasangkané."
9 1 Malaékat kang kalima tumuli
ngungelaké kalasangkané, aku
banjur weruh ana lintang kang tiba ing
bumi saka langit, sarta lintang mau
kaparingan kunciné lawanging teleng
palimenganing pati.
2 Lawanging teleng palimenganing pati
mau nuli kabukak, banjur ana pega
kumelun saka ing teleng iku kaya pegané
pawon gedhé, temahan srengéngé lan
awang-awang padha dadi peteng déning
pegané teleng mau.

3 Saka ing pega iku metu walangé
akèh padha neba ing bumi lan padha
kaparingan daya kayadéné dayané
kalajengking ing bumi.
4 Lan padha kadhawuhan, supaya aja
padha ngrusak suket-suket ing bumi,
utawa marang sadhéngaha thethukulan
lan wit-witan, kajaba mung marang
manungsa kang ing bathuké ora ana
capé Allah.
5 Walang-walang mau ora diparengaké
matèni manungsa, ananging mung
nyiksa baé lawasé limang sasi, lan
anggoné nyiksa iku kaya panyiksané
kalajengking, samasa ngentup wong.
6 Ing mangsa iku wong-wong bakal
ngupaya pati, nanging ora bisa, lan
padha kepéngin mati, ananging padha
kaoncatan déning pati.
7 Anadéné rupané walang-walang
iku mau kaya jaran kang samekta
ing perang, ing endhasé ana kang
saèmper makutha emas, rainé kaya
rainé manungsa,
8 lan rambuté kaya rambuté wong
wadon, lan untuné kaya untuné singa,
9 lan dhadhané kaya nganggo keré
wesi, kumrasaking swiwiné kaya

gumrubyuging kréta-kréta kang digèrèd
jaran akèh, kang padha mlayu menyang
paprangan.
10 Buntuté kaya kalajengking, lan uga
ana entupé, déné buntuté iku gunané
kanggo milara manungsa lawasé limang
sasi.
11 Kang dadi rajané iya iku malaékat
teleng palimenganing pati, jenengé ing
basa Ibrani Abadon, lan ing basa Yunani
Apolion.
12 Kasangsaran kang kapisan wis kliwat.
Saiki isih ana kasangsaran loro kang
bakal nekani.
13 Malaékat kang kanem tumuli
ngungelaké kalasangkané, aku banjur
krungu swara kang metu saka sungu
papat ing misbyah mas kang ana ing
ngarsané Allah,
14 kang dhawuh marang malaékat kang
kanem kang ngasta kalasangka mau
mangkéné, "Malaékat papat kang padha
kabanda ana ing sacedhaké bengawan
Éfrat iku uculana."
15 Malaékat papat kang padha
kacawisaké ngentèni jam, dina, sasi lan
taun kang wus pinanci iku nuli diuculi,

supaya padha matèni saprateloné umat
manungsa.
16 Lan cacahé wadyabala jaranan iku
rongatus yuta; aku ngerti pira cacahé.
17 Mungguh jaran-jarané lan kang
padha nunggangi ana ing wahyu iki
katoné mangkéné: Padha nganggo keré,
warnané abang kaya geni lan biru tuwin
kuning walirang; endhasé jaran mèmper
kaya endhasing singa, tuwin cangkemé
ngetokaké geni, lan pega sarta welirang.
18 Saprateloné umat manungsa padha
dipatèni déning wewelak telu iku, yaiku
geni, lan pega tuwin welirang kang
padha metu saka ing cangkemé.
19 Awitdéné pangwasané jaran-jaran
mau dumunung ana ing cangkemé
lan buntuté; amarga buntuté iku kaya
ula; padha ana endhasé, iku kanggo
nekakaké karusakan.
20 Ananging wong-wong liyané kang
ora mati marga saka wewelak iku mau,
padha ora mratobat saka panggawéning
tangané: Padha ora marèni anggoné
padha nyembah roh-roh reged lan
brahala-brahala emas, pérak, tembaga,
watu lan kayu kang ora bisa ndeleng,
krungu utawa lumaku.

21 Lan wong-wong iku padha ora
mratobat saka anggoné mematèni,
nenung, laku-jina, lan nyenyolong.

10 1 Aku tumuli weruh malaékat
liyané kang prakosa tumedhak
saka swarga, asingep méga, lan ing
sandhuwuring mustakané ana kluwungé,
wedanané kaya srengéngé, sampéyané
kaya tugu geni.
2 Astané ngasta gulungan kitab cilik
bukakan. Sampéyané kang tengen
tumapak ing sagara, lan kang kiwa ing
dharatan.
3 Malaékat mau nguwuh kalawan swara
sora kaya panggeroning singa. Sawusé
nguwuh, gludhug pitu banjur padha
nyuwara.
4 Lan sawusé gludhug pitu mau padha
ngucap, aku banjur arep nyatheti,
nanging aku nuli krungu swara saka
swarga kang ngandika, "Apa kang
diucapaké déning gludhug pitu iku mau
sira sègela, aja sira tulis!"
5 Malaékat kang dakdeleng jumeneng
ana ing sagara lan ing dharatan mau,
tumuli ngangkat astané tengen marang
langit,

6 sarta banjur supaos demi
Panjenengané kang gesang langgeng
salawas-lawasé, kang wis nitahaké langit
saisiné, lan bumi saisiné, tuwin sagara
saisiné, "Ora bakal kaundur manèh!
7 Nanging samangsa unining
kalasangkané malaékat kang kapitu
keprungu, yaiku menawa malaékat
iku ngungelaké kalasangkané, bakal
kayektènan kekeraning Allah, kaya kang
wus kawartosaké marang para abdiné,
yaiku para nabi."
8 Swara kang wis dakrungu saka ing
langit mau, nuli ngandika manèh marang
aku mangkéné, "Mangkata, jupuken
kitab bukakan kang ana ing tangané
malaékat, kang jumeneng ana ing
sagara lan ing dharatan iku."
9 Aku banjur marani malaékat mau
sarta nyuwun, supaya gulungan kitab
iku kaparingna marang aku. Dhawuhé
marang aku, "Tampanana lan panganen;
iki bakal marakaké wetengmu pait,
nanging ana ing cangkemmu rasané legi
kaya madu."
10 Aku tumuli njupuk kitabé saka astané
malaékat mau, banjur dakpangan: ana
ing cangkemku rasané legi kaya madu,

nanging sawisé dakpangan, wetengku
krasa pait.
11 Aku nuli dingandikani, mangkéné,
"Kowé kudu medhar wangsit manèh
marang para bangsa lan umat tuwin
basa sarta para raja."

11 1 Aku tumuli kaparingan glagah,
kaya piranti ngukur, kanthi
pangandika, mangkéné, "Sira ngadega
lan ukuren Padaleman Suciné Allah lan
misbyah dalah wong-wong kang padha
manembah ana ing kono iku.
2 Mung plataran sajabané Padaleman
Suci iku aja sira ukur, marga iku wis
kapasrahaké marang bangsa-bangsa
liya kang bakal padha ngidak-idak Kutha
Suci lawasé patang puluh loro sasi.
3 Ingsun bakal ndhawuhi saksiningsun
loro supaya padha medhar wangsit
klawan manganggo bagor, lawasé sèwu
rong atus sawidak dina."
4 Yaiku wit zaitun loro apadéné
padamaran loro kang ana ing ngarsané
Gustining jagat Rat.
5 Menawa ana wong kang arep milara,
bakal ana geni metu saka cangkemé
memangsa satruné kabèh. Lan menawa

ana wong kang arep milara, wong iku
mesthi mati kanthi patrap mangkono.
6 Seksi loro mau padha duwé pangwasa
ngancing langit, supaya ora ana udan
sajroné padha medhar wangsit; lan
padha duwé pangwasa ing ngatasé
sakèhing banyu bisa kadadèkaké getih;
sarta nggebug bumi kalawan sarupaning
wewelak sawayah-wayah miturut
sakarepé.
7 Samangsa wis rampung anggoné
padha nglairaké paseksiné, nuli kéwan
kang njedhul saka teleng bakal nempuh
perang marang seksi-seksi mau, sarta
bakal padha dikalahaké lan dipatèni.
8 Layoné bakal gilang-gilang ana ing
lurunging kutha gedhé, kang sacara
kasukman kaaranan Sodom lan Mesir,
iya ing panggonané Gustiné kasalib.
9 Wong-wong saka panunggalané para
bangsa lan taler tuwin basa sarta umat,
padha ndeleng layoné lawasé telu
satengah dina lan wong-wong iku ora
ngolèhaké layoné dikubur.
10 Wong-wong kang padha manggon
ing bumi padha bungah awit saka kang
wis tilar iku lan padha pésta apadéné
padha kirim-kiriman bebungah, amarga

nabi loro iku mau padha dadi siksa
tumrap wong kabèh kang manggon ana
ing bumi.
11 Sawusé telu satengah dina tumuli
rohing kauripan saka Allah manjing ing
layon-layon mau, temahan banjur padha
gesang, agawé banget girisé wong kang
padha weruh.
12 Nabi loro mau nuli padha mireng
swara kang sora saka swarga
mangandikani, "Padha munggaha
mréné!" Banjur padha munggah
menyang ing swarga, katutupan méga,
kadeleng déning para satruné.
13 Ing nalika iku ana lindhu gedhé lan
saprasapuluhé kutha iku jugrug, lan
wong pitung èwu padha mati déning
lindhu iku; lan wong-wong liyané padha
giris banget, banjur padha ngluhuraké
Allah kang ana ing swarga.
14 Wewelak kang kapindho wis liwat;
lah kasusul wewelak kang katelu.
15 Malaékat kang kapitu tumuli
ngungelaké kalasangkané, lan ing
swarga kaprungu swara sora muni,
mangkéné, "Papréntahan ing donya
iku kaasta déning Pangéran kita lan
Panjenengané kang jinebadan, sarta

Panjenengané bakal jumeneng Raja
langgeng ing salawas-lawasé."
16 Para pinituwa patlikur, kang padha
linggih ing dhampar ana ing ngarsané
Allah, padha sujud lan sumungkem
marang Allah,
17 sarta munjuk, "Kawula sami saos
sokur dhumateng Paduka, dhuh
Pangéran, Allah Ingkang Mahakawasa,
Ingkang Wonten, saha ingkang kala
rumiyin wonten, amargi Paduka sampun
ngagem pangwaos Paduka ingkang
agung saha sampun wiwit jumeneng
Raja.
18 Para bangsa sampun sami nepsu,
nanging bebendu Paduka sampun
katingal sarta sampun dumugi
wekdalipun para tiyang pejah dipun adili
tuwin Paduka paring ganjaran dhateng
para abdi Paduka, para nabi kaliyan para
suci saha para ingkang sami ajrih-asih
dhumateng asma Paduka, dhateng para
kawula alit kaliyan para pangageng,
sarta badhé nglebur soksintena ingkang
sami ngrisak bumi."
19 Padaleman Suciné Allah kang ana ing
swarga nuli binuka lan pethi prajanjiané
katon ana ing Padaleman Suci iku,

banjur ana kilat lan swara gumlegering
gludhug apadéné lindhu lan udan ès
kang deres banget.

12 1 Tumuli ana pratandha gedhé
katon ana ing langit: Ana wanita
asingeb srengéngé, lan rembulan ana
ing sangandhaping samparané sarta
ngagem makutha lintang rolas ana ing
mustakané.
2 Wanita mau lagi nggarbini sarta
sajroné sesambat nyakiti arep babaran
iku njerit marga kraos sakit.
3 Nuli ing langit katon ana pratandha
liyané: Lah ana naga gedhé abang
mbranang, endhasé pitu, lan ana
sunguné sepuluh, sarta ing endhasé ana
makutha pitu.
4 Pethité nyèrèd saprateloné lintang-
lintang ing langit, banjur ditibakaké
ing bumi. Naga mau mapan ana ing
ngarsané wanita kang arep babaran
iku, sedyané arep nguntal Putrané,
samangsa wis miyos.
5 Wanita mau banjur mbabar Putra
kakung, kang bakal ngengèn para
bangsa kalawan gada wesi; dumadakan
Putra mau karebat lan kaplajengaké

menyang ngarsané Allah lan ing
dhamparé.
6 Wanita mau mlajeng menyang
ara-ara samun, ing panggonan kang wis
dicawisaké déning Allah, supaya dirimati
ana ing kono lawasé sèwu rong atus
sawidak dina.
7 Ing swarga nuli ana paprangan.
Mikhaèl lan para malaékaté padha
perang nglawan naga mau, sarta naga
iku kabantu déning para malaékaté,
8 nanging naga lan malaékaté padha
kasoran; temah padha ora diparengaké
manggon ana ing swarga.
9 Naga gedhé, si ula kang saka jaman
wiwitan, kang karan Iblis utawa Sétan,
kang nasaraké saisining jagat, iku
kauncalaké ing bumi, bareng karo para
malaékaté.
10 Aku nuli krungu swara kang
sora ana ing swarga, mangkéné,
"Samengko karahayon lan pangwaos
tuwin papréntahaning Allah kita, lan
pangwaosing Panjenengané kang
Jinebadan, wis kababar, marga kang
ndakwa sadulur-sadulur tunggal
pracaya, kang rina-wengi nggugat

ana ing ngarsaning Allah kita, iku wis
kauncalaké mangisor.
11 Lan anggoné ngalahaké sarana
rahé Sang Cempé, lan sarana tembung
paseksiné. Sabab padha ora ngéman
marang nyawané dhéwé nganti tumeka
ing pati.
12 Mulané padha suka-renaa, hé swarga
lan hé sira kabèh kang padha ngenggoni,
bilai kowé, hé bumi lan sagara! marga
Iblis wis ngudhuni sira, kalawan nepsu
banget, marga sumurup, menawa
waktuné mung kari sadhéla."
13 Nalikané naga mau éling, yèn wis
kauncalaké menyang bumi banjur
ngoyak wanita kang wis mbabar Putra
kakung mau.
14 Wanita mau tumuli kaparingan
swiwi garudha gedhé sapasang, supaya
mabur menyang panggonané, iya iku
ing ara-ara samun, ing kono wanita iku
diopèni, adoh saka papané ula, lawasé
samangsa lan rong mangsa lan satengah
mangsa.
15 Ula mau banjur nyemburaké banyu
dadi kaya kali saka ing cangkemé,
kaeneraké marang wanita mau, supaya
kéntir.

16 Nanging wanita iku ditulungi déning
bumi. Bumi iku ngangapaké cangkemé,
lan nguntal kali kang disemburaké saka
cangkemé naga mau.
17 Naga mau nuli nepsu banget marang
wanita iku, banjur lunga merangi turuné
liyané, kang padha netepi pepakoning
Allah lan ngantepi paseksiné Yésus,

13 1 (12-18) naga mau banjur
ngadhang ana ing pinggir
sagara. (13-1) Aku banjur weruh ana
kéwan kang nggegirisi njedhul saka
sajroning sagara, sunguné sepuluh lan
endhasé pitu; ing pucuking sunguné ana
makuthané sepuluh, lan ing endhasé
katulisan jeneng-jeneng panyenyamah.
2 Kéwan kang dakdeleng iku rupané
kaya macan tutul, sikilé kaya sikil
bruwang lan cangkemé kaya cangkem
singa. Naga mau banjur mènèhaké
kakuwatané lan dhampar tuwin
pangwasané kang gedhé marang kéwan
iku.
3 Aku nuli ndeleng endhasé kang siji iku
kaya ana tatuné kang mbebayani tumrap
uripé, nanging tatuné kang mbebayani
iku wis mari. Wong-wong sajagat padha
kaéraman, banjur ngetut buri kéwan iku.

4 Wong-wong iku padha nyembah
marang naga mau, awit wis mènèhaké
pangwasané marang kéwan iku. Déné
wong-wong mau padha nyembah
marang kéwan iku, sarta pangucapé,
"Sapa kang madhani kéwan iki? Lan
sapa kang bisa nandhingi perangé?"
5 Kéwan iku kaparingan cangkem, kang
kebak gumunggung lan panyenyamah;
sarta uga kaparingan pangwasa nglakoni
mangkono iku lawasé patang puluh loro
sasi.
6 Kéwan iku nuli ngangapaké cangkemé
sarta nyenyamah marang Allah, iya
nyenyamah marang asmané lan
padalemané sarta marang kabèh kang
padha manggon ana ing swarga.
7 Sarta manèh diparengaké nempuh
perang lan ngalahaké para suci; tuwin
kaparingan pangwasa tumrap saben
taler lan umat tuwin basa sarta bangsa.
8 Lan sakèhing wong kang manggon
ing bumi bakal padha nyembah marang
kéwan iku, yaiku saben wong kang
jenengé wiwit nalika dumadiné jagat ora
katulis ing buku kauripan kagungané
Cempé kang wis kasembelèh.
9 Sapa kang duwé kuping, ngrungokna!

10 Sapa kang pinasthi ditawan, iku bakal
ditawan; sapa kang pinasthi dipatèni
sarana pedhang, iku bakal dipatèni
sarana pedhang. Kang prelu ing kéné
yaiku sabar-mantep lan pracayané para
suci.
11 Aku tumuli weruh kéwan liyané
njedhul saka sajroning bumi, sunguné
loro kaya cempé lan calathuné kaya
naga.
12 Sakèhing pangwasané kéwan kang
kapisan iku katindakaké déning kéwan
liyané mau ana ing sangarepé. Iku
marakaké bumi lan sakèhé kang
ngenggoni padha nyembah marang
kéwan kang kapisan, kang wis waras
tatuné kang mbebayani mau.
13 Sarta manèh kéwan mau nganakaké
pratandha-pratandha kang nggegirisi,
malah nganti ngudhunaké geni saka
langit menyang bumi ana ing ngarepé
wong kabèh.
14 Kéwan iku nasaraké wong-wong kang
manggon ing bumi sarana pratandha-
pratandha, kang wis diwènèhaké supaya
ditindakaké ana ing ngarepé kéwan
kang kapisan mau. Wong-wong kang
manggon ing bumi dikongkon gawé reca

déning kéwan mau, kanggo ngurmati
kéwan kang ketaton déning pedhang,
nanging kang isih tetep urip iku.
15 Apamanèh kéwan iku dikwasakaké
nganjingi nyawa marang reca iku mau,
satemah reca kéwan iku uga bisa
calathu, sarta njalari saben wong kang
ora nyembah marang reca kéwan mau
dipatèni.
16 Kéwan kang kapindho mau marakaké
wong kabèh, gedhé utawa cilik, sugih
utawa mlarat, mardika utawa batur,
padha diwènèhi tenger ana ing tangané
tengen utawa ing bathuké,
17 sarta ora ana wong bisa tetuku utawa
dodolan kajaba mung kang kanggonan
tenger mau, yaiku jenengé kéwan mau
utawa angka pétunganing jenengé.
18 Kang prelu ing kéné yaiku
kawicaksanan; sapa kang wicaksana iku
ngétunga wilangané kéwan iku, awit iku
wilangané manungsa, yaiku nem atus
sawidak enem.

14 1 Aku tumuli weruh: Satemené
Sang Cempé jumeneng ana ing
gunung Sion, kaayap déning wong
satus patang puluh papat èwu, kang ing

bathuké padha tinengeran asmané lan
asmané Kang Rama.
2 Aku banjur krungu swara saka
langit kaya kumrosaking banjir lan
kaya gumlegeré gludhug. Swara kang
dakrungu iku kaya swaraning clempung
kang lagi padha kaunèkaké déning para
panylempung.
3 Iku padha ngidungaké kidung anyar
ana ing sangareping dhampar lan ing
sangareping makluk papat tuwin para
pinituwa iku, lan ora ana wong kang bisa
nyinau kidung mau, kajaba mung wong
satus patang puluh papat èwu kang wis
padha katebus saka ing bumi.
4 Yaiku wong-wong kang ora padha
njemberaké awaké karo wong wadon,
amarga padha murni kaya prawan. Iku
kang padha ndhèrèkaké Sang Cempé ing
satindak-tindaké. Wong-wong iku padha
katebus saka ing antarané manungsa
minangka kurban wiwitan sumaos
marang Allah lan marang Sang Cempé.
5 Ana ing cangkemé ora tinemu cidra;
wong iku padha tanpa cacad.
6 Aku tumuli weruh malaékat liyané
mabur ing awang-awang ngasta kabar
kabingahan kang langgeng supaya

diwartakaké marang wong kang
padha manggon ing bumi lan marang
sadhéngah bangsa lan taler tuwin basa
sarta umat,
7 sarta pangandikané klawan swara
kang sora, "Padha wedi-asiha marang
Allah lan ngluhurna Panjenengané, awit
wis tekan wektuning pangadilané, sarta
padha nyembaha marang Panjenengané
kang wis nitahaké langit lan bumi tuwin
sagara apadéné sakèhé sumbering
banyu."
8 Banjur ana malaékat liyané manèh,
malaékat kapindho, nusul lan ngandika,
"Wus ambruk, Babél wis ambruk, kutha
kang gedhé iku, kang wis ngendemi
sakèhé para bangsa kalawan angguring
hawa-napsu laku cabul."
9 Tumuli ana malaékat liya, kang katelu
nusul, pangandikane kanthi swara sora,
"Menawa ana wong kang nyembah
marang kéwan lan marang recané iku,
tuwin nampani tenger ana ing bathuké
utawa ing tangané,
10 iku bakal ngombé anggur bebenduné
Allah, kang wis kasadhiyakaké tanpa
campuran ana ing tuwung dedukané;
sarta bakal kasiksa kalawan geni lan

walirang ana ing ngarepé para malaékat
suci lan ing ngarsané Sang Cempé.
11 Anadéné asepé geni paniksa iku
kumelun ing salawas-lawasé, lan
paniksané tanpa lèrèn rina-wengi, yaiku
kang padha nyembah marang kéwan lan
recané iku, mangkono uga sapa kang
nampani tengering jenengé."
12 Kang prelu ing kéné yaiku sabar-
mantepé para suci, kang padha ngantepi
pepakoning Allah lan pracaya marang
Yésus.
13 Aku tumuli krungu swara saka swarga
kang ngandika, "Tulisen: Rahayu para
wong kang mati lan matiné ana ing
patunggilané Gusti, wiwit ing samengko."
"Pancèn mangkono," pangandikané Roh,
"Supaya padha aso saka rekasané, awit
sakèhing panggawéné padha mbarengi
lakuné."
14 Aku banjur weruh: Satemené, ana
méga putih, lan ing méga mau ana
kang lenggah kaya Putrané Manungsa,
mustakané ngagem makutha emas lan
astané ngasta arit landhep.
15 Tumuli ana malaékat liyané
medal saka Padaleman Suci; sarta
munjuk kalawan swara sora marang

Panjenengané kang lenggah ing méga
mau, "Mugi Paduka ngempakaken
arit Paduka sarta ngenènana, amargi
sampun dumugi mangsanipun ngenèni;
awit panènan ing bumi sampun sepuh."
16 Panjenengané kang lenggah ing
méga mau banjur ngempakaké arité ing
bumi, sarta bumi nuli kaenénan.
17 Tumuli ana malaékat liyané medal
saka Padaleman Suci kang ana ing
swarga; iku uga ngasta arit landhep.
18 Lan ana malaékat liyané manèh
kang ngwaosi geni medal saka ing
misbyah; iku banjur nywara kalawan
sora marang malaékat kang nyepeng
arit landhep mau, "Aritmu kang landhep
iku empakna, lan dhompolané wohé wit
anggur ing bumi undhuhana, awit wohé
wus padha mateng."
19 Malaékat mau nuli ngempakaké
arité ing bumi sarta ngundhuhi wohé
wit anggur ing bumi lan diuncalaké ing
bak-pamipitan gedhé, yaiku bebenduné
Allah.
20 Wohé wit anggur mau tumuli dipipit
ana ing sanjabaning kutha, lan saka ing
pamipitan iku ana getih mili, kang nganti

tekan kendhalining jaran, lan adohé
kurang luwih 300 km.

15 [1] Aku tumuli weruh pratandha
liyané ana ing langit kang gedhé
lan élok: ana malaékat pitu padha ngasta
wewelak pitu kang pungkasan, awit iku
kang mungkasi bebenduné Allah.
[2] Aku banjur weruh rerupan kaya sagara
kaca campur geni, sarta wong-wong
kang wis unggul anggoné perang karo
kéwan iku dalah recané, sarta cacah
pétungané jenengé, padha ngadeg ana
ing pinggiring sagara kaca mau. Sarta
iku padha nyekel clempungé Allah.
[3] Wong-wong iku padha ngidungaké
kidungé Musa, abdiné Allah, lan kidungé
Sang Cempé, uniné, "Agung saha élok
pakaryan Paduka, dhuh Pangéran, Allah
ingkang Mahakwaos! Adil saha leres
sadaya margi Paduka, dhuh Rajanipun
sadaya bangsa!
[4] Dhuh Pangéran, sinten ingkang
mboten ajrih, saha mboten ngluhuraken
asma Paduka? Awit namung Paduka
piyambak ingkang suci; amargi
sakathahipun bangsa sami badhé
sowan sarta nyembah sujud dhumateng

Paduka, sabab sampun tetéla leresing
sadaya pangadilan Paduka."
5 Sawusé mangkono aku tumuli weruh
Padaleman Suci -- Tarubing Paseksi --
ing swarga, binuka.
6 Malaékat pitu kang ngasta wewelak
pitu mau, padha medal saka Padaleman
Suci, ngagem mori alus putih resik tuwin
gumilap lan jajané apaningset emas.
7 Makluk siji ing antarané makluk papat
mau tumuli ngulungaké bokor emas
pitu marang malaékat pitu mau, kabèh
kebak isi bebenduning Allah kang gesang
langgeng ing salawas-lawasé.
8 Padaleman Suci mau nuli kebak pega
awit saka kaluhurané lan pangwaosing
Allah, sarta ora ana wong siji-sijia kang
bisa lumebu ing Padaleman Suci iku,
sadurungé wewelak pitu kang kaasta
déning malaékat pitu mau rampung.

16 1 Aku tumuli krungu swara sora
saka Padaleman Suci dhawuh
marang malaékat pitu mau mangkéné,
"Padha lungaa, bokor pitu kang isi
bebenduning Allah iku padha suntakana
ing bumi."
2 Malaékat kang kapisan banjur tindak
lan nyuntak bokoré menyang bumi;

banjur tuwuh memala wudun ngureng
lan mbebayani banget tumrap wong
kabèh kang padha nganggo tengeré
kéwan mau lan kang sujud nyembah
marang recané.
3 Malaékat kang kapindho nyuntak
bokoré ing sagara; banyuné banjur dadi
getih, kaya getihé wong mati, temahan
isining segara kang mawa nyawa padha
mati kabèh.
4 Malaékat kang katelu nyuntak bokoré
ing kali-kali lan etuking banyu, satemah
banyuné dadi getih.
5 Aku banjur krungu malaékat kang
ngwaosi banyu iku munjuk, "Paduka
punika adil, Paduka ingkang wonten
sarta ingkang kala rumiyin sampun
wonten, Paduka ingkang suci, ingkang
sampun ndhawahi paukuman punika.
6 Amargi tiyang-tiyang punika sampun
sami ngwutahaken rahipun para suci
lan para nabi, Paduka inggih sampun
ngombèni rah dhateng tiyang-tiyang
punika; makaten punika sampun
samesthinipun tumrap tiyang-tiyang
punika!"
7 Apadéné aku krungu misbyah ngucap
mangkéné, "Dhuh Pangéran, Allah,

Ingkang Mahakwaos, leres lan adil
sadaya pangadilan Paduka punika."
8 Malaékat kang kapat nyuntak bokoré
menyang srengéngé, lan iku nuli
kaparingan pangwasa mbrangas wong
kalawan geni.
9 Satemah wong padha gosong déning
panasing geni kang sumelèt, banjur
padha nyenyamah marang asmaning
Allah, kang ngwaosi wewelak-wewelak
iku mau, sarta padha ora mratobat
supaya ngluhuraké marang Allah.
10 Malaékat kang kalima nyuntak
bokoré menyang dhamparé kéwan iku,
satemah kratoné iku dadi peteng, sarta
wong-wong padha nggeget ilaté dhéwé
marga saka kelaran,
11 lan banjur padha nyenyamah marang
Allah ing swarga marga saka kelaran lan
marga saka wuduné, nanging padha ora
mratobat saka panggawéné iku.
12 Malaékat kang kanem nyuntak
bokoré menyang bengawan Éfrat,
satemah banyuné dadi asat, murih
cumawis dalané para raja kang rawuh
saka wilayah wétan.
13 Aku banjur weruh saka cangkemé
naga lan cangkemé kéwan tuwin saka

ing cangkemé nabi palsu iku ana roh
najis telu padha metu kaya kodhok.
14 Yaiku roh-rohing sétan kang
nganakaké mukjijat-mukjijat, kang
padha lunga nggolèki raja-raja
saindenging jagat, padha diklumpukaké
diajak perang ing dina kang agung, yaiku
dinané Allah Kang Mahakwaos.
15 "Wruhanira, Ingsun rawuh kaya
maling. Rahayu, wong kang jumaga lan
kang ngrumat sandhangané, supaya
anggoné lumaku aja nganti kalawan
wuda lan aja katon kawirangané."
16 Tumuli padha kaklumpukaké ana ing
panggonan, kang ing basa Ibrani aran
Harmagédon.
17 Malaékat kang kapitu nyuntak
bokoré menyang awang-awang. Saka
Padaleman Suciné banjur kaprungu
swara kang sora saka ing dhampar iku,
pangandikané, "Wis kelakon."
18 Tumuli ana thathit cumlèrèt lan
gludhug gumleger, sarta ana lindhu
gedhé kang salawasé bumi dienggoni
manungsa durung tau kelakon. Kaya
mangkono lindhu iku nggegirisi banget.
19 Satemah kutha kang gedhé iku pecah
dadi telu lan kutha-kuthané para bangsa

kang padha ora wanuh marang Allah
padha jugrug. Allah banjur kèngetan
marang Babél kang gedhé iku, nuli
kaparingan tuwung kang isi anggur
bebenduning dukané kebak.
20 Sakèhé pulo banjur padha musna, lan
gunung-gunung wis padha ora tinemu
manèh.
21 Sarta ana udan ès gedhé, saben
prongkol boboté sa-talènta, tiba saka
langit nibani wong-wong, satemah
wong-wong padha nyenyamah marang
Allah marga saka wewelak udan ès iku,
amarga wewelak iku mau nggegirisi
banget.

17 1 Salah sijiné malaékat pitu kang
ngasta bokor pitu iku mau, rawuh
sarta ngandika marang aku, "Mrénéa,
aku bakal nuduhaké marang kowé
paukumané sundel gedhé, kang lungguh
ana ing papan kang akèh banyuné.
2 Para raja ing bumi padha tumindak
cabul karo sundel mau, lan para wong
kang manggon ing bumi wis padha
mendem déning angguring bédhangé."
3 Ing sajroning roh aku digawa menyang
ara-ara samun. Aku weruh ana wanita
nunggang kéwan abang sulak wungu,

kang awaké kebak tulisan jeneng-jeneng
panyenyamah. Kéwan iku endhasé pitu
lan sunguné sapuluh.
4 Déné wanita mau manganggo sarwa
wungu lan jingga, sarta nganggo
rerenggan emas, sesotya lan mutiyara,
sarta ing tangané nyekel tuwung emas
kang kebak sakèhing barang najis lan
jejembering laku cabul.
5 Lan ing bathuké tinulisan jeneng,
sawijining wewadi, "Babél gedhé
baboning para sundel lan sakèhing
panggawé nistha ing bumi."
6 Anadéné aku weruh wanita mau
mendem marga ngombé getihé para
suci lan para seksiné Yésus. Aku gumun
banget nalika ndeleng iku mau.
7 Malaékat mau tumuli ngandika
marang aku, "Yagéné kowé gumun?
Kowé dakkandhani wewadiné wanita
lan wewadiné kéwan tunggangané kang
endhasé pitu lan sunguné sapuluh iku.
8 Kéwan kang kokdeleng iku mauné
ana, nanging saiki ora ana, lan bakal
njedhul saka ing teleng palimenganing
pati, sarta bakal ngalami rusak. Anadéné
para kang manggon ana ing bumi, kang
jenengé ora tinulis ing buku kauripan

wiwit jagat tinalesan, iku bakal padha
kaéraman, samangsa padha weruh
kéwan iku, déné mauné ana saiki ora
ana, mangka bakal ana manèh.
9 Kang prelu ing kéné yaiku budi kang
wicaksana: endhas pitu iku ngibarati
gunung pitu kang dilungguhi déning
wanita mau.
10 Karodéné uga ngibarati raja pitu;
kang lima wus padha ambruk, kang
siji saiki ana, sijiné durung teka, déné
samangsa wis teka, iku mung sawatara
mangsa.
11 Anadéné kéwan kang mauné ana,
saiki ora ana, iku dhéwé dadi raja kang
kawolu lan iya tunggalé kang pitu iku,
sarta bakal ngalami rusak.
12 Déné sungu sapuluh kang kokdeleng
iku raja sapuluh kang durung wiwit
mréntah, nanging bakal padha nampani
pangwasaning raja suwéné sajam,
bebarengan karo kéwan mau.
13 Iku padha sarujuk, masrahaké
kasektèn lan pangwasané marang kéwan
iku.
14 Kabèh mau bakal padha nempuh
perang nglawan Sang Cempé. Nanging
bakal padha dikalahaké déning Sang

Cempé, amarga Panjenengané iku
Gustiné para gusti lan Rajané para raja.
Wong-wong kang padha nunggal karo
Panjenengané iya bakal unggul, yaiku
kang padha katimbalan sarta kang
padha pinilih apadéné kang setya."
15 Malaékat mau tumuli ngandika
marang aku, "Sakèhing banyu kang
kokdeleng, kang dilungguhi déning
sundel iku ngibarati para bangsa lan
rakyat akèh tuwin umat apadéné basa.
16 Déné sungu sapuluh kang kokdeleng
lan kéwan iku bakal padha sengit marang
sundel iku, kang bakal ditinggal ijèn lan
kawudan sarta dipangan dagingé, banjur
kaobong sarana geni.
17 Amarga atiné wis dipadhangi déning
Allah supaya nglakoni kang dadi karsané
kanthi tunggal sedya, apadéné supaya
masrahaké papréntahané marang kéwan
iku, nganti tumeka pangandikané Allah
kabèh wis katetepan.
18 Déné wanita kang kokdeleng iku,
yaiku kutha gedhé kang ngerèh para
raja ing bumi."

18 1 Sawisé mangkono, aku weruh
malaékat liyané tumedhak
saka swarga. Malaékat mau kagungan

pangwaos gedhé sarta bumi dadi
padhang marga saka kamulyané.
2 Malaékat mau nguwuh-uwuh kalawan
swara sora, "Wis ambruk, Babél wis
ambruk, kutha gedhé iku. Lan wis dadi
padunungané roh-roh jahat lan papan
pandhelikané sakèhing roh najis, tuwin
papan pandhelikané sarupaning kéwan
kang najis lan kang sinengitan,
3 awit sakèhé para bangsa wis padha
ngombé anggur hawa-napsuné kang
cabul, sarta para raja ing bumi padha
laku-jina karo Babél, tuwin para sudagar
ing bumi wis padha dadi sugih marga
saka nguja hawa-napsuné."
4 Aku tumuli krungu swara liyané,
saka swarga, kang ngandika, "Hé,
umatingsun, padha sumingkira saka
kutha iku, supaya sira aja nganti
kalèpètan ing dosané, lan aja nganti
mèlu kena ing wewelak-wewelaké.
5 Amarga dosa-dosané wis tumpuk-
undhung kongsi sundhul ing langit, lan
Allah wis ngèngeti sakèhing pialané.
6 Walesen kaya kang dadi pamalesé
marang sira, lan tikelana loro pamalesmu
tumrap panggawéné, tuwungé kang
kanggo nyampur iku isènana tikel loro.

7 Siksanen lan gawénen prihatin,
timbang karo anggoné wis ngrasakaké
kaluhuran lan kamuktèn. Sabab osiking
atiné mangkéné: Aku lungguh ing
dhampar kaya raja, aku dudu randha,
lan aku ora bakal ngalami prihatin.
8 Mulané sakèhing wewelaké bakal
nekani bareng sadina, yaiku pageblug
lan prihatin tuwin pailan; sarta bakal
kaobong ing geni, amarga Gusti Allah,
kang ngadili iku kwaos."
9 Para raja ing bumi, kang padha laku
bédhang lan urip mukti karo wanita mau,
samangsa padha ndeleng asepé geni
kang ngobong Babél iku, bakal padha
nangisi lan nggrantesaké.
10 Para raja mau bakal padha ngadeg
ana ing kadohan, awit saka wediné
marang panyiksané, lan bakal ngucap,
"Cilaka, cilaka kowé, hé kutha gedhé
Babél, hé kutha kang santosa, sabab
paukumanmu wis kelakon mung ing
sajroné sajam baé!"
11 Para sudagar ing bumi padha nangisi
lan sesambat, marga wis ora ana kang
tuku dagangané,
12 yaiku dagangan arupa emas lan
pérak, sesotya lan mutiyara, mori alus

lan kain sutra wungu lan kain jingga,
barang warna-warna saka kayu wangi,
dandanan warna-warna saka gadhing,
saka kayu kang larang, saka prunggu,
wesi lan marmer,
13 manis-jangan lan bumbu-bumbu,
lenga wangi, blendok mur lan menyan,
anggur lan lenga, glepung alus lan
gandum, sapi lan wedhus, jaran lan
kréta, batur lan malah nyawané wong.
14 Iku kabèh bakal padha ngucap,
"Sarupaning pepénginané atimu iku wis
musna; samubarang kang gumebyar lan
éndah iku wis sirna saka ing ngarepmu,
ora bakal ketemu manèh."
15 Wong kang dedagangan barang-
barang iku mau, kang wis dadi sugih
marga saka iku, bakal padha ngadeg ana
ing kadohan awit saka wediné marang
anggoné kasiksa, sarta padha nangis lan
sesambat,
16 pangucapé, "Cilaka, cilaka kutha
gedhé, kang manganggo mori alus,
tuwin kain wungu lan jingga, sarta
nganggo rerenggan emas, lan sesotya
tuwin mutiyara iku, amarga sajroné
sajam baé kasugihan kang samono iku
wus lebur."

17 Saben jurumudhi lan para kang
lelayaran, tuwin para punggawa kapal
lan sakèhé wong kang panguripané ana
ing sagara, padha ngadoh,
18 lan padha weruh asepé geni kang
ngobong, banjur nguwuh-uwuh,
pangucapé, "Kutha endi kang madhani
kutha gedhé iki?"
19 Banjur padha nguwur-uwuraké lebu
ing sirahé, sarta nywara sora kalawan
nangis lan sesambat pangucapé, "Cilaka,
cilaka kutha gedhé, kang njalari sakèhé
wong kang padha duwé kapal ana ing
sagara, wus dadi sugih déning dagangan
kang larang, amarga kutha iku wus lebur
ing sajroné sajam baé.
20 Padha bungaha marga saka iku, hé
swarga, lan para suci, para rasul sarta
para nabi, sabab Allah wus ndhawahaké
paukuman marang kutha iku marga saka
kowé kabèh."
21 Tumuli ana malaékat kang prakosa,
ngangkat watu kang gedhéné sawatu
panggilingan, banjur kajeguraké ing
sagara, pangandikané, "Iya kaya
mangkono iku kutha gedhé Babél, bakal
kauncalaké sarosané mangisor, lan
banjur ora bakal tinemu manèh.

22 Swarané clempung sarta para
pasindhèn, tuwin swaraning suling
apadéné kalasangka, bakal ora keprungu
manèh ana ing antaramu, lan wis bakal
ora ana wong kang olah sarupaning
kagunan kang tinemu ana ing antaramu,
sarta swarané panggilingan bakal ora
kaprungu manèh ana ing antaramu.
23 Padhanging lampu bakal ora
madhangi kowé manèh, lan swarané
pengantèn lanang lan wadon bakal
ora keprungu manèh ing kowé. Awit
sudagar-sudagarmu iku mauné padha
dadi panggedhéné bumi, lan marga
saka tenungmu sakèhing bangsa padha
disasaraké."
24 Ing kutha iku tinemu rahé para nabi
lan para suci, apadéné getihé sakèhing
wong, kang padha kapatènan ana ing
bumi.

19 1 Sawisé iku aku krungu swara
sora kaya swarané wong golongan
gedhé ana ing swarga, pangucapé,
"Haléluya! Karahayon lan kamulyan
sarta pangwaos punika wonten ing Allah
kita,
2 awit leres lan adil sakathahing
pangadilanipun, amargi

Panjenenganipun sampun ngadili
sundel ageng punika, ingkang ngrisak
bumi sarana lampah-cabulipun; sarta
Panjenenganipun punika ingkang
sampun malesaken rahing para
abdinipun dhateng wanita punika."
3 Tumuli padha ngucap kang kaping
pindhoné, "Haléluya! Inggih, asepipun
punika kumelun langgeng ing salami-
laminipun."
4 Para pinituwa patlikur lan makluk
papat iku banjur padha sujud lan
nyembah ing ngarsané Allah kang
lenggah ing dhampar, sarta munjuk,
"Amin, Haléluya!"
5 Tumuli keprungu swara saka dhampar
iku, "Padha saosa puji marang Allah kita,
hé para abdi kabèh, sira kang padha
wedi-asih marang Panjenengané, kang
cilik lan kang gedhé!"
6 Aku banjur krungu kaya swarané wong
golongan gedhé, kaya kumrosaking
banjir lan kaya swarané gludhug kang
gumuruh, tembungé, "Haléluya! Amarga
Pangéran, Allah kita, Kang Mahakwaos,
wis jumeneng raja.
7 Payo kita padha sumyak-
sumyak asukarena, lan ngluhuraké

Panjenengané! Amarga wis tekan ing
dina palakramané Sang Cempé, lan
pangantèn putri wis rumanti.
8 Pangantèné putri kaparingan
pangageman mori alus kang putih
resik gumilap!" (Mori alus iku ngibarati
kautamané para suci.)
9 Aku tumuli dingandikani mangkéné,
"Nulisa: Rahayu wong kang tinimbalan
marang bujana palakramané Sang
Cempé." Sarta aku dingandikani
manèh, "Iki sabda kang satuhu, iya
pangandikané Allah."
10 Aku banjur sujud nyungkemi
sampéyané kang ngandika mau, nanging
tumuli dingandikani, "Aja mangkono!
Aku iki abdi, padha kaya kowé lan
para Sadulurmu, kang padha nduwèni
paseksiné Yésus. Sujuda marang Allah!
Awit paseksi bab Yésus iku rohing
pameca."
11 Aku banjur weruh swarga menga:
Satemené, ana jaran putih; déné asmané
kang nitihi, "Sang Setya-tuhu lan Sang
Sanyata." Panjenengané nindakaké
pangadilan lan paprangan kalawan adil.
12 Tingalé kaya urubing geni lan
mustakané ngagem makutha akèh, sarta

Panjenengané ngagem seratan asma
kang ora kasumurupan ing wong, kajaba
mung Panjenengané piyambak.
13 Pangagemané jubah kang wis
kacelup ing getih, sarta asmané kasebut,
"Sabdaning Allah."
14 Kabèh wadya-bala ing swarga
padha ndhèrèkaké tindaké; lan padha
nunggang jaran putih sarta manganggo
mori alus kang putih memplak.
15 Saka ing tutuké metu pedhang kang
landhep, kang bakal disabetaké marang
sakèhing bangsa. Panjenengané kang
bakal ngengèn kalawan gada wesi lan
bakal meres anggur ana ing pamipitan
anggur, yaiku bebendu dedukaning
Allah, Kang Mahakwaos.
16 Ana ing jubahé, lan wentisé tinulisan
asma, "Rajané para raja lan Gustiné para
gusti."
17 Aku tumuli weruh malaékat jumeneng
ana ing srengéngé, sarta nguwuh klawan
swara sora marang sakèhing manuk
kang mabur ana ing awang-awang,
dhawuhé, "Mrénéa, padha nglumpuka
ing bujanané Allah, bujana kang gedhé,
18 padha mangana dagingé para raja,
lan dagingé para sénapati perang sarta

dagingé para kang kwasa, apadéné
dagingé jaran lan kang padha nunggangi
sarta dagingé sarupaning wong kang
mardika lan batur tukon, kang cilik lan
kang gedhé."
19 Aku tumuli weruh kéwan iku lan
para raja ing bumi sawadya-balané
padha nglumpuk arep nglawan perang
marang Panjenengané Kang Nitih jaran
iku sawadya-balané.
20 Kéwan iku banjur dicepeng, bareng
karo para nabi palsu, kang wis nindakaké
mukjijat ana ing ngarepé, kagawé
nasaraké wong kang wis padha nampani
tenger saka kéwan iku lan padha
nyembah recané. Sakaroné padha
kacemplungaké urip-uripan ing sagara
geni welirang kang murub ngalad-alad.
21 Déné wong-wong liyané padha
dipatèni déning Panjenengané Kang
Nitih jaran, sarana pedhang, kang metu
saka ing tutuké; sakèhing manuk banjur
padha wareg mangan dagingé.

20 1 Aku tumuli weruh ana malaékat
tumedhak saka swarga ngasta
kunci teleng-palimenganing pati lan
ranté gedhé ing astané;

2 malaékat mau nyepeng naga, si ula
kang saka jaman wiwitan, yaiku Iblis
utawa Sétan. Nuli diranté sèwu taun
lawasé,
3 banjur diuncalaké menyang teleng-
palimenganing pati, nuli katutup lan
ing sandhuwuré disègel, supaya Iblis
utawa Sétan iku aja nasaraké para umat
manèh, sadurungé ganep sèwu taun
mau; sawusé mangkono bakal kaeculaké
sawatara mangsa.
4 Aku banjur weruh dhampar-dhampar
lan kang padha nglenggahi; sarta padha
diampili pangwaos kanggo ngadili. Aku
uga weruh nyawané wong-wong kang
wis katigas guluné marga saka paseksiné
bab Yésus lan marga saka pangandikané
Allah; kang ora padha nyembah kéwan
iku dalah recané, sarta kang ora nampani
tenger ana ing bathuké lan ing tangané,
iku kabèh padha urip manèh lan ndhèrèk
ngratoni, bareng karo Kristus lawasé
sèwu taun.
5 Nanging wong-wong mati liyané iku
ora padha urip manèh sadurungé genep
sèwu taun mau. Iku patangèn kang
kapisan.

6 Rahayu lan suci wong kang kaparingan
panduman ing patangèn kang kapisan
iku. Wong iku padha ora kawasésa
manèh déning pati kang kapindho,
nanging bakal padha dadi imamé Allah
lan Kristus, sarta bakal ndhèrèk ngratoni
bareng karo Panjenengané nganti sèwu
taun lawasé.
7 Sawisé genep sèwu taun iku mau,
Iblis tumuli bakal kaeculaké saka ing
pakunjaran,
8 sarta bakal metu nasaraké para
bangsa kang ana ing kéblat-papat, yaiku
Gog lan Magog, padha dikerigaké kaajak
maju perang, cacahé kaya wedhi ing
sagara.
9 Tumuli padha ambyuk mratani
saindenging jagat, sarta ngepung
pasanggrahané para balané wong suci
lan kutha kang kinasih iku. Nanging
banjur ana geni tumurun saka langit,
memangsa wong-wong mau,
10 déné Iblis, kang nasaraké wong-wong
mau, nuli kacemplungaké ing sagara
geni welirang, yaiku panggonané kéwan
lan nabi palsu mau, lan iku bakal padha
kasiksa rina-wengi ing salawas-lawasé.

11 Aku banjur weruh dhampar gedhé
putih lan Panjenengané, kang lenggah
ing kono. Bumi lan langit padha sirna
saka ngarsané lan wis ora ketemu
manèh dunungé.
12 Aku tumuli weruh wong mati, gedhé
cilik, padha ana ing ngarep dhampar
iku. Kabèh kitab banjur padha kabukak
lan ana kitab liyané kang uga kabukak,
yaiku kitab kauripan. Wong-wong
mati mau tumuli padha diadili miturut
panggawéné adhedhasar apa kang
katulis ing kitab-kitab mau.
13 Sagara banjur masrahaké wong-wong
mati kang ana ing jeroné, apadéné pati
lan kratoné pati iku padha masrahaké
wong-wong mati kang ana ing kono,
sarta iku kabèh padha diadili miturut
panggawéné dhéwé-dhéwé.
14 Pati lan kratoning pati banjur padha
kajeguraké ing sagara geni. Iku pati
kang kapindho: Sagara geni.
15 Saben wong kang jenengé ora
katulis ana ing kitab kauripan mau, iku
kajeguraké ing sagara geni.

21 1 Aku tumuli weruh langit anyar
lan bumi anyar, awit langit kang

kapisan lan bumi kang kapisan wis sirna,
lan sagara uga wis ora ana manèh.
2 Lan aku uga weruh kutha suci,
Yérusalèm kang anyar, tumurun saka ing
swarga, saka ing Allah, kang kacawisaké
kaya pangantèn putri kang dipaèsi
lumadi marang kakungé.
3 Aku banjur krungu swara sora
kang ngandika saka ing dhampar iku,
"Delengen, tarubing Allah ana ing
tengahing manungsa, lan Panjenengané
bakal dedalem ana ing antarané
manungsa. Iku bakal padha dadi umaté,
lan Allah piyambak bakal nunggil sarta
dadi Allahé.
4 Panjenengané bakal ngusapi sakèhé
luh saka ing mripaté, lan bakal ora
ana pati manèh; sedhih lan pasambat
apadéné kasusahan iya wis ora ana
manèh; amarga samubarang kang lawas
wis padha kapungkur."
5 Panjenengané kang lenggah ing
dhampar banjur ngandika, "Delengen,
samubarang kabèh sundadèkaké anyar!"
Pangandikané manèh, "Sira nulisa,
awit pangandika iki kena diprecaya lan
bener."

6 Sarta aku dipangandikani manèh,
mangkéné, "Samubarang kabèh wis
kelakon. Ingsun iki Alfa lan Oméga, Kang
Wiwitan lan Kang Pungkasan. Wong kang
ngelak bakal Sunparingi ngombé kanthi
lalahanan saka tuking banyu kauripan.
7 Sing sapa unggul, bakal tampa iki
kabèh, sarta Ingsun bakal dadi Allahé,
lan iku bakal dadi putraningsun.
8 Nanging para wong kang jirih,
kang padha ora pracaya, kang padha
tumindak nistha, kang gawéné padha
mematèni, sundel-sundel, kang padha
olah panenungan, kang padha nyembah
brahala, lan sakèhing para-cidra, iku
padha olèh pandumané ana ing sagara
geni welirang kang murub ngalad-alad;
yaiku pati kang kapindho."
9 Malaékat panunggalané malaékat pitu
kang ngasta bokor pitu isi kebak wewelak
pitu kang wekasan iku banjur rawuh,
panjenengané nuli ngandikani aku,
"Mrénéa, kowé daktuduhi pangantèn
putri, garwané Sang Cempé."
10 Tumuli, ing sajroning roh, aku
diasta panjenengané menyang gunung
kang gedhé lan dhuwur, aku ditedahi

kutha kang suci, yaiku Yèrusalèm kang
tumurun saka swarga, saka Allah.
11 Kutha iku kebak kamulyané Allah lan
cahyané kaya sesotya kang adi linuwih,
kaya sesotya yaspis, bening saèmper
kristal.
12 Bètèngé gedhé lan dhuwur, ana
gapurané rolas; lan ing sandhuwuré
gapura-gapura mau ana malaékaté
rolas, sarta ana tulisan jenengé taler
Israèl rolas.
13 Ing sisih wétan ana gapurané telu,
ing sisih lor telu, ing sisih kidul telu, ing
sisih kulon telu.
14 Ing bètèngé kutha iku ana tetales-
watu rolas, ing kono ana tulisan asmané
para rasulé Sang Cempé cacahé rolas.
15 Malaékat kang ngandikani aku iku
ngasta piranti ngukur saka emas, kagem
ngukur kutha iku, sarta gapurané lan
bètèngé.
16 Kutha iku wanguné pesagi, dawané
padha karo ambané. Déné anggoné
ngukur kutha iku ngagem piranti ngukur
mau: kurang luwih rong èwu patang atus
kilometer; dawané lan ambané sarta
dhuwuré iku padha.

17 Bètèngé uga diukur tinemu kurang
luwih sewidak meter, manut ukurané
manungsa, kang iya dadi ukurané
malaékat.
18 Bètèng iku kabangun saka sesotya
yaspis; lan kuthané iku saka emas tulèn,
kaya kaca murni.
19 Tetalesé bètèng kutha padha
rinengga ing sesotya adi manéka-warna.
Tetalesé kang kapisan iku yaspis, kang
kapindho nilam, kang katelu mirah, kang
kapat jamrud,
20 kang kalima sardonik, kang kanem
sardis, kang kapitu retna cempaka, kang
kawolu beril, kang kasanga krisolit, kang
kasepuluh krisopas, kang kasewelas
lazuardi, lan kang karolas kecubung.
21 Gapurané rolas iku arupa mutiyara
rolas; saben gapura wujud mutiyara siji,
lan dalan-dalané kutha iku saka emas
tulèn, kaya kaca kang bening.
22 Ing kono aku ora weruh Padaleman
Suci; amarga Allah, Pangéran kang
Mahakwaos iku Padaleman Suciné,
mangkono uga Sang Cempé.
23 Kutha iku ora mbutuhaké padhanging
srengéngé lan rembulan, amarga

kamulyané Allah kang madhangi lan
Sang Cempé kang dadi damaré.
24 Para bangsa bakal padha lumaku ana
ing pepadhangé sarta para raja ing bumi
padha ngaturaké kamulyané marang
Panjenengané;
25 gapurané bakal ora kainebaké ing
sadina muput, awit ing kono bakal ora
ana wengi manèh.
26 Karodéné kamulyan lan kaurmatané
para bangsa uga bakal kagawa
kasaosaké marang Panjenengané.
27 Nanging sabarang kang najis bakal
ora bisa mlebu mrono, utawa wong
kang nindakaké panggawé nistha utawa
cidra; kejaba mung wong-wong kang
jenengé padha katulis ing kitab kauripan
kagungané Sang Cempé.
22 1 Aku tumuli dituduhi kali
banyuning kauripan, kang bening
kaya kristal, kang mili metu saka ing
dhamparé Allah lan dhamparé Sang
Cempé.
2 Ing satengahé dalaning kutha iku,
yaiku ing sakiwa-tengené bengawan, ana
wit kauripan kang metokaké woh ping
rolas, saben sasi sapisan; lan godhongé

wit iku mau dianggo maluyakaké para
bangsa.
3 Ing kana bakal ora ana laknat manèh.
Dhamparé Allah lan Sang Cempé bakal
ana ing tengahé, lan para abdiné bakal
padha ngabekti marang Panjenengané,
4 lan bakal padha nyawang pasuryané
sarta bakal katulisan asmané ing
bathuké.
5 Ing kana bakal ora ana manèh
wayah bengi, sarta ora mbutuhaké
padhanging damar utawa padhanging
srengéngé, amarga Pangéran Allah bakal
madhangi, sarta wong-wong mau bakal
padha mréntah dadi raja langgeng ing
salawas-lawasé.
6 Aku tumuli dingandikani mangkéné,
"Pangandika iku mau satuhu lan nyata,
sarta Pangéran, Allah kang paring roh
marang para nabi, wis ngutus malaékaté
supaya nuduhaké marang para abdiné
apa kang pinasthi énggal kelakon."
7 "Satemené Ingsun bakal énggal
rawuh. Rahayu wong kang netepi
pangandika pamecané kitab iki!"
8 Anadéné aku, Yohanes, kang wis
ndeleng lan krungu prakara iku mau
kabèh. Sawusé krungu lan ndeleng,

aku nuli sumungkem ing sampéyané
malaékat, kang wus nedahaké iku mau
kabèh marang aku, prelu sujud.
9 Nanging pangandikané marang
aku, "Aja mangkono! Amarga aku iki
abdi, padha kaya kowé lan sadulur-
sadulurmu tunggal pracaya, para nabi,
sarta sakèhing kang padha netepi
pangandikané kitab iki. Sujuda marang
Allah!"
10 Aku tumuli dingandikani manèh,
"Pangandika pawedhar-wangsité kitab iki
aja sira sègel, awit wektuné wus cedhak.
11 Sing sapa gawé duraka, terusna
gawé duraka, sing sapa jember, terusna
njemberaké awak; lan sing sapa laku
bener, terusna laku bener; sing sapa
suci, terusna nucèkaké awaké!"
12 "Satemené Ingsun bakal énggal
rawuh, sarta ngasta ganjaraningsun,
kagawé males marang saben wong
miturut sapanggawéné.
13 Ingsun iki Alfa lan Oméga, Kang
Murwani lan Kang Mungkasi, Kang
Wiwitan lan Kang Pungkasan.
14 Rahayu wong kang padha ngumbah
sandhangané. Iku kang bakal padha
duwé wewenang tumrap kauripan,

lan lumebu ing kutha, liwat gapura-
gapurané.
15 Nanging asu lan para juru-tenung,
tuwin para sundel, wong kang gawé
pati, lan kang padha nyembah brahala,
sarta saben wong kang dhemen lan
nglakoni para-cidra, iku padha ana ing
sanjabaning kutha.
16 Ingsun, Yésus, wis ngutus
malaékatingsun supaya gawé paseksi
tumrap iku kabèh marang sira kanggo
pasamuwan-pasamuwan. Ingsun iki
sogolan, yaiku trahé Dawud, lintang
panjer ésuk kang mancorong."
17 Roh lan pangantèn putri padha
nyebut, "Paduka mugi rawuh!" Lan sapa
kang krungu, iku munjuka, "Paduka
mugi rawuh!" Lan sapa kang ngelak,
nyedhaka lan sapa kang gelem, njupuka
banyu kauripan kanthi lelahanan.
18 Aku awèh paseksi marang saben
wong kang ngrungokaké pawedhar-
wangsité pangandika ing kitab iki,
"Menawa ana wong kang muwuhi
apa-apa ing pangandika iki, Allah bakal
muwuhi wewelak marang wong iku,
padha kaya kang katulis ing kitab iki.

19 Lan menawa ana wong kang ngurangi
pangandikané kitab pamedhar-wangsit
iki, Allah bakal mundhut pandumané
saka ing wit kauripan lan saka ing kutha
suci, kaya kang katulis ana ing kitab iki."
20 Panjenengané kang nglairaké paseksi
iku mau kabèh ngandika mangkéné,
"Iya, Ingsun énggal rawuh!" Amin,
inggih Gusti Yésus, Paduka mugi rawuh!
21 Sih-rahmaté Gusti Yésus nunggila ing
kowé kabèh! Amin.

Bahasa Jawa

==========

Alkitab Bahasa Jawa

The New Testament in Javanese Formal Translation

© 2006 Lembaga Alkitab Indonesia

Bible texts are from Javanese Audio Drama by

Faith Comes by Hearing.

HOSANNA FAITH COMES BY HEARING

Javanese N2JAV/NRF

(P) 2006 Hosanna

http://www.faithcomesbyhearing.com